# ПАЩТЫХЬХЭМ Я ТХЫЛЪХЭР



# Пащтыхьхэм
## я тхылъхэр

# ПАЩТЫХЬХЭМ
# Я ТХЫЛЪХЭР

ФIыцIагъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ институт
Мэзкуу, 2025

# Пащтыхьхэм я тхылъхэр

Зэзыдзэкlар Табыщ Муратщ

Филологие редакторыр ХьэцIыкIу Раещ

ФIыцIагъэ ЛъапIэм щыщу адыгэбзэкIэ зэрадзэкIа тхылъхэм я е-жыпхъэхэмрэ аудиощапхъэхэмрэ фэ къыщывгъуэтыфынущ ФIыцIагъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ институтым и сайтым ibt.org.ru/ru/media?id=KBD

ISBN 978-5-93943-366-2 © Институт перевода Библии, 2025

# ХЭЗЫГЪЭГЪУАЗЭ

Ныбжьэгъу лъапIэ!

ФIыцIагъэ ЛъапIэм щыщу «Пащтыхьхэм я тхылъхэр» уи пащхьэ илъщ.

ФIыцIагъэ ЛъапIэр илъэс миным къриубыдэу журт куэдым ятха пасэрей тхылъхэм я зэужьщ. Адыгэхэр ТэурэткIэ, бегъымбархэм я тхылъкIэ, ЗабуркIэ, ИнджылкIэ зэджахэр ФIыцIагъэ ЛъапIэм щыщщ. Ахэр зытеухуар Тхьэм цIыхум къыхуиIэ щытыкIэрщ, зытепсэлъыхьри и къэгъэщIыгъэ псори Езым деж къезышэлIэж гъуэгу захуэм тегъэувэ, фIымрэ захуагъэмрэ щытепщэ дуней еншэ ухуа зэрыхъунум и хэкIыпIэхэрщ. ФIыцIагъэ ЛъапIэми а гуращэ къабзэр зэрызащIэр Хьисэ бегъымбарым и гъащIэмрэ и псэр зэрита щIыкIэмрэ IэтащхьэIулIэж зыхуэхъуж журтхэм я тхыдэмкIэ нахуэу икIи Iупщ Iу къегъэлъагъуэ.

Зи гугъу тщIы тхыгъэжьхэм ныбжьышхуэ яIэ пэтми, я мыхьэнэр нэхъ мащIэ хъуакъым. Зыщыщ лъэпкъымрэ зэрахьэ фIэщхъуныгъэмрэ емылъытауэ, цIыхухэр абыхэм дихьэхыу нобэми йоджэ, итым зыщагъэгъуазэ, пщIэ хуащI, Iущыгъи къыхах.

«Пащтыхьхэм я тхылъхэр» IыхьиплIу зэхэлъ тхыдэ зэужьщ. Абы фIэщыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр иIэу урихьэлIэнущ. Урыс зэдзэкIыгъэхэм узыщыхуэзэр а IыхьиплIыр Пащтыхьхэм я тхылъиплIу къэзыщтэ хабзэрщ. Журтхэр Пащтыхьхэм я 1-2-нэ тхылъитIым «Щамел и тхылъкIэ», 3-4-нэ тхылъхэм «Пащтыхьхэм я тхылъкIэ» йоджэ. Ахэр псори журтхэм я тхыдэм къыщыхъуа Iуэхугъуэшхуэхэм топсэлъыхь. Тхылъхэм

къаӀуэтэж къэхъугъэхэр ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ XI – VI лӀэщӀыгъуэхэм екӀуэкӀащ. Ар журтхэм, е, абы щыгъуэ зэрыжаӀэу щытам хуэдэу, исрэӀилхэм, пащтыхьхэр щаӀэу щыта далэм хуозэ. Абы къыхэкӀыу дэри тхылъхэм «Пащтыхьхэм я тхылъкӀэ» еджэныр игъуэу къэтлъытащ.

Зи гугъу тщӀы тхылъхэр топсэлъыхь лӀакъуэ пщыкӀутӀым я зэгухьэныгъэу къежьа ИсрэӀилыр къэралыгъуэ лъэщ зэрыхъуам. Дызэрыщыгъуазэщи, Даутрэ абы и къуэ Сэлмэнрэ я тетыгъуэращ ИсрэӀилым зыщиужьар. Пащтыхь унафэр зэадэзэкъуитӀым щаӀэщӀэлъаращ ИсрэӀилым и гъунапкъэхэр щызэлъыӀукӀуэтар, ину зыщиубгъуар, Ерусэлими Тхьэм и Унэр щыдагъэувар. Ауэ Даутрэ Сэлмэнрэ, сыт хуэдиз фӀагъ ябгъэдэмылъами, Тхьэм и пащхьэ гуэныхь щалэжьащ, зыуэ щыт пащтыхьыгъуэр гъащӀэ кӀэщӀ хъуныр къызыхэкӀари аращ. Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ X лӀэщӀыгъуэм къэралыгъуэр тӀууэ зэгуэкӀащ: ИсрэӀил цӀэр къызыхуэна ищхъэрэ пащтыхьыгъуэрэ ЕхьудейкӀэ зэджэ ипщэ пащтыхьыгъуэу. ИсрэӀил пащтыхьхэр занщӀэу гъуэгу пхэнжым теуващ, Тхьэ пэжым щхьэщэ хуэщӀыным къыдэкӀуэу, нэгъуэщӀ тхьэхэми хуэпщылӀ хъуащ. КуэдкӀэ нэхъыфӀакъым Ехьудейм и пащтыхьхэм я Ӏуэхур; закъуэтӀакъуэщ абыхэм Тхьэм и хьэкъыр игъэзащӀэу къахэкӀар. ПащтыхьыгъуитӀми я тхыдэр гуӀэгъуэкӀэ иухащ. ИсрэӀилыр Ащурей пащтыхьыгъуэм ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 722 гъэм къизэуащ, и цӀыхури зэрыщыту гъэр зэтрищӀащ. Ехьудейр Бабылей пащтыхьыгъуэм ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 586 гъэм зыӀэщӀилъхьащ, цӀыхубэри гъэрыпӀэм иригъэуващ.

Пащтыхьхэм я тхылъиплӀым ИсрэӀилым нэхъ пасэу къыщыхъуа Ӏуэхугъуэхэр тегъэщӀапӀэ зэращӀым щӀэх-щӀэхыурэ ущыхуозэ. ИсрэӀилхэр Екъуб и къуэ пщыкӀутӀым къатепщӀыкӀыжащ. Екъуб и щӀэблэр илъэс куэдкӀэ пщылӀыпӀэм иту Мысырым щыӀащ. Ауэ Тхьэм ахэр зыхэт бэлыхьым къыхишащ, Мусэ я пашэуи Мысырым къришыжащ. ИсрэӀилхэр увыгъэ ящӀауэ пшахъуэщӀым здитым, Тхьэм ахэр къыхуриджащ я зэхущытыкӀэхэр хабзэ хэхам трагъэувэну. Тхьэм исрэӀилхэм

псалъэ быдэ яритащ сыт щыгъуи ящIыгъуну, щIыгу къаритыну, иригъэфIэкIуэну. ИсрэIилхэми Тхьэр къагъэгугъащ гъунэгъу лъэпкъхэм я тхьэхэм хуэмыпщылIыну, Езым фIэкIа зыми щхьэщэ хуамыщIыну, и Хабзэм тету псэуну. Тхьэр дапщэщи ита псалъэм хуэпэжащ: Хьэнэней щIыгум щыпсэу лъэпкъхэр ирихури ар исрэIилхэм къаритащ. Ауэ исрэIилхэр я псалъэм зэкъым икIи тIэукъым зэребэкъуар. Тхьэм ахэр зэикI IэщIыб ищIакъым, ауэ ялэжь гуэныхьхэм щхьэкIэ игъэпшынэну пIалъэ кIыхькIэ бийм я IэмыщIэм ирилъхьэрт, бэлыхьыр яригъэшэчырт. Мис а лъэхъэнэ хьэлъэхэм Тхьэм Щамел бегъымбарыр исрэIилхэм къахуегъакIуэ. Уи пащхьэ илъ тхылъыр къызэрыщIидзэри абы теухуа хъыбархэращ.

Пащтыхьхэм я тхылъиплIым блэкIа къэхъугъэхэр къэтхуаIуэтэжын къудейракъым пщэрылъ зыщащIыжыр. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, абыхэм ИсрэIилым и Iуэхур гуIэгъуэшхуэкIэ щIиухам и щхьэусыгъуэхэри къыдгурагъаIуэ. Тхьэм къыхиха лъэпкъым и ней щIыщыхуар сыт? Абы исрэIилхэр я щIыгум щIрихуар сыт? ТхылъиплIым къагъэув упщIэхэм я жэуапыр нахуэщ: исрэIилхэм, псом хуэмыдэу абыхэм я гъуазэхэм, я адэжьхэм Тхьэм иращIылIа зэгурыIуэныгъэр зэпымычу къызэрызэпаудырт апхуэдиз нэщIэбжьэр къызыхэкIар. Абыхэм Тхьэм гущыкI зыхуищIа хабзэхэр зэрахьэрт, къэзыухъуреихь лъэпкъхэм я тхьэнэпцIхэм щхьэщэ хуащIырт.

Тхылъхэм зи гугъу ящI языныкъуэ цIыхухэм я цIэр КъурIэным къыщыкIуащ, адыгэхэми я хамэу щыткъым. Даутрэ Сэлмэнрэ къищынэмыщIауэ, тхылъхэм фыщрихьэлIэнущ Иляс бегъымбарымрэ Iэлисэхь бегъымбарымрэ ятеухуа хъыбархэм. Пащтыхьхэм я тхылъиплIыр щызэддзэкIым, адыгэхэм нэхъыбэрэ зэхаха цIэхэм я IукIэр зэрыщытым хуэдэу къэдгъэнащ. Псалъэм щхьэкIэ, журтыбзэкIэ тха тхылъхэм къыхэщ «Щэуал» цIэм ди зэдзэкIыгъэм узэрыщрихьэлIэнур «ТIалутI» жиIэущ – апхуэдэущ ар КъурIэнми къызэрыщыкIуэр. НэгъуэщIыцIэхэм я пасэрей журт IукIэр зэрытхъумэнум иужь дитащ, ауэ, адыгэбзэм

къыщидгъэтIасэм, ахэр тхылъеджэм дежкIэ тынш зэрыхъунуми дыхущIэкъуащ.

Тхылъхэм ехьэлIа нэгъуэщI зы Iуэхугъуэми и гугъу дымыщIу хъунукъым. Хьэрфышхуэ защIэкIэ тхауэ ди зэдзэкIыгъэм узыщрихьэлIэ «ТХЬЭ» псалъэм къигъэлъагъуэр журтыбзэ текстхэм хьэрфиплIу зэхэту къыщыкIуэ «ЙХВХ» псалъэращ. Тхьэм Муси исрэIилхэми закъызэрыригъэцIыхуауэ щытар а цIэмкIэщ. Езы псалъэр «щыIэн» мыхьэнэр зиIэ пасэрей журт псалъэм къытекIыу къыщIэкIынущ. И IукIэ дыдэр нахуэу щымытми, щIэныгъэлэжьхэм ар «Яхве» къэпсэлъыкIэм нэхъ пэблагъэу хуагъэфащэ.

«Пащтыхьхэм я тхылъхэр» лъэпкъ куэдым я бзэкIэ зэдзэкIауэ щыIэщ. Ахэр кIахэ адыгэбзэкIэ 2002, 2009 гъэхэм къыдэкIауэ щытащ. Къэбэрдей-шэрджэсыбзэкIэ дунейм къыщытехьэр иджыщ.

«Пащтыхьхэм я тхылъхэр» зытеухуамрэ къыщыIэта Iуэхугъуэхэмрэ нэхъ гурыIуэгъуэ хъун папщIэ тхылъым и кIэм тхылъаджэр зэрыгъуэзэн тхыгъэ зыбжанэ щызэкIэлъытхьащ. Абыхэм къызэщIаубыдэ картэ зэмылIэужьыгъуэхэр, сурэтхэр, Ехьудей хэкумрэ ИсрэIил щIыналъэмрэ я пащтыхьхэм я цIэгъэлъагъуэр, тхылъиплIым къыщыкIуэ лIыхъужь нэхъыщхьэхэм я цIэгъэлъагъуэр, фIэщыгъэхэм я псалъалъэр, псалъэ гурыIуэгъуейхэм я псалъэгъэнахуэ кIэщIыр. ПсалъалъитIми хиубыда псалъэхэр текстым дамыгъэ хэхакIэ къыщыхэгъэщхьэхукIащ. Мыхэр тхылъаджэм щхьэпэ икIи гъэщIэгъуэн ящыхъуну дыщогугъ.

АдыгэбзэкIэ еджэхэм ФIыцIагъэ ЛъапIэм щыщ тхылъхэр а бзэмкIэ ябгъэдэтлъхьэныр ди гуапэщ. Тхылъыр зэдзэкIыным, щIэджыкIакIуэм деж нэхьэсыным зи гуащIэрэ зи лэжьыгъэрэ хэзылъхьа зэдзэкIакIуэхэм, щIэныгъэлэжьхэм, упщIэжакIуэхэм тхьэгъэпсэу яхуэфащэщ икIи фIыщIэ ин яхудощI.

*ФIыцIагъэ ЛъапIэр зэдзэкIынымкIэ институт*

# Пащтыхьхэм я япэ тхылъыр

## Пэублэ псалъэ

Пащтыхьхэм я япэ икIи етIуанэ тхылъхэм журт хабзэр «Щамел и тхылъкIэ» йоджэ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуащ тхылъым и ублапIэм бегъымбарыр дунейм къызэрытехьамрэ илэжьа Iуэхугъуэхэмрэ ехьэлIа хъыбархэр къызэрыщиIуатэр, исрэIилхэм я гъащIэм щиубыд увыпIэшхуэм и гугъу зэрыщищIыр. Тхылъым щызэкIэлъыхьа къэхъугъэхэр къыщыхъуар ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ XI лIэщIыгъуэм и кIэхэрщ, зытеухуари ИсрэIилыр лIакъуэ псэукIэм къыхэкIыу пащтыхьыгъуэм зэрыхуэкIуа щIыкIэрщ.

Япэ Iыхьэхэм (1-7) къызэрыхэщщи, а лъэхъэнэр исрэIилхэм дежкIэ къызэрымыкIуэу хьэлъэу щытащ: абыхэм бийхэр щIэчэ имыIэу къатеуэрт, псом хуэмыдэу филистейхэр пыIэртэкъым; тхьэпщыгъэм и пщIэр къехуэхат; езы исрэIилхэри Тхьэм пэжыжьэ хъуат. Мис а далэм ирихьэлIэу Тхьэм Щамел бегъымбарыну къриджащ. Тхьэм къыбгъэдэкI унафэхэр цIыхухэм ялъэзыгъэIэсын хуейри, ахэр игъэгъуазэу яхэтын хьэкъ зиIэ хъуари Щамелт.

Апхуэдэу щыт пэтми, тхылъым куцI хуэхъур Щамелкъым, атIэ ИсрэIилым и япэ пащтыхьхэрщ. Пащтыхь ямыIэнкIэ Iэмал имыIэу цIыхубэм къыщыпаубыдым, Щамел ТIалутI и щхьэм дагъэ щихуэри пащтыхьыгъэм хуигъэнэхуащ. КъыкIэлъыкIуэ Iыхьэхэм (8-15) пащтыхьыгъуэр зэрызэфIэувам щытопсэлъыхь, исрэIилхэм гужьгъэжь къыхузиIэ лъэпкъхэм иращIылIэ зауэхэм я хъыбарыр къыщеIуатэ. АрщхьэкIэ ИсрэIилым и япэ пащтыхь ТIалутI Тхьэм къыхуищIа унафэхэр къызэпеуд, арыххэуи, Абы и ней зыщрегъа-

хуэ. ТIалутI и пIэкIэ Тхьэм пащтыхьыщIэ къыхех – ар Даутщ. ДяпэкIэ ИсрэIилым и тхыдэр зэрыщыту зэпхауэ щытынури аращ.

Ауэ Даут пащтыхь тахътэм занщIэу дэкIуеякъым. Абы япэщIыкIэ ТIалутI деж къулыкъу щищIащ. ИужькIэ щтапIэ ихьэжын хуей хъури, зыкъомрэ зигъэпщкIуурэ екIуэкIащ (16–30). Тхьэм Даут пащтыхьыгъэм хуигъэнэхуа пэтми, абы лъыгъажэрэ лъэщыгъэкIэ тахътэр иубыдын идакъым, зэгуэр Тхьэм къыхихыу тетыгъуэр зритыгъа ТIалутI и гъащIэ Iыхьэр щиухынум пэплъэмэ, нэхъыфIу къилъытащ. Япэ тхылъыр ТIалутIрэ и къуэхэмрэ зауэм зэрыхэкIуэда хъыбар гуузымкIэ еух (31).

## ЯПЭ IЫХЬЭ

### *Елъкъан и унагъуэр*

**1** [1] ЕфрэIим бгылъэхэм ит Арэмэтам[a] жылэм ЕлъкъанкIэ еджэу
зылI гуэр щыпсэуащ. Ар езыр Зуф и щIэблэм ящыщт. Елъкъан
Ерыхьэм и къуэт. Ерыхьэм Елэхъу и къуэт. Елэхъу Тэхъу и къуэт.
Тэхъу зи къуэри ЕфрэIим[b] къытепщIыкIыжахэм ящыщ Зуфт.
[2] Елъкъан щхьэгъуситI иIащ. Зым и цIэр Хъанэт, адрейм и цIэр
Фэнанэт. Фэнанэ бын иIэт, Хъанэр фыз мылъхуэт.
[3] ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмытым• и щхьэр хуигъэ-
щхъыу къурмэни хуищIын щхьэкIэ, Елъкъан зы илъэс блимыгъэ-
кIыу щыпсэу жылэм дэкIырти, Шылэу[c] кIуэрт. Iилэ[d] и къуитIырт –
Хьэпанрэ Панхэсрэт – абдеж ТХЬЭМ• тхьэпщ• хьэкъыр езыту

---

[a] **1:1** Тхылъым узыщрихьэлIэ «Арэмэхь» щIыпIэцIэм и зы къэпсэлъыкIэ лIэужьыгъуэщ.

[b] **1:1** Исуф и къуэ етIуанэщ, исрэIил лъэпкъым и лIакъуэ пщыкIутIым ящыщу ефрэIимхэр къызытепщIыкIыжар аращ (еплъ УблапIэ 41:50-52).

[c] **1:3** Шылэу къалэр абы щыгъуэ исрэIилхэм я дин зэхуэсыпIэу, тхьэлъэIупIэу щытащ. Тхьэмрэ цIыхубэмрэ я зэIущIапIэу ялъытэ Шэтыр ЛъапIэр здэщыIэри мыбдежт.

[d] **1:3** Зи гугъу ищIыр тхьэпщ пашэу Шылэу щыIа Iилэщ. Тхылъым къызэрыхэщымкIэ, ИсрэIилым пащтыхьыр къыхамых ипэ, ар илъэс тIощIитI хуэдизкIэ ИсрэIил хэгъэгум и гъуазэу щытащ. Еплъ 4:18.

щыIэр. [4] Елъкъан къурмэн ищIыху къэси, и щхьэгъусэ Фэнанэрэ
абы къилъхуа и къуэхэмрэ ипхъухэмрэ къурмэныпхъэм щыщ Iыхьэ
яритырт. [5] Ауэ Хъанэ сыт щыгъуи Iыхьит I хухихырт. Бын къы-
щIэхъуэну абы насып ТХЬЭМ иримыта пэтми, Елъкъан ар фIыуэ
илъагъурт. [6] ТХЬЭМ Хъанэ лъхугъэ зэрыримытам къыхэкIыу,
и тIуанэм ар тегушхуэгъуафIэ ищIауэ хьэзабыр иригъэшэчырт, и гуи
хигъэщI зэпытт. [7] Апхуэдэурэ илъэсхэр кIуащ. Хъанэ ТХЬЭМ
и Унэ кIуэху къэс, и тIуанэм нэхъри щIишапэт*, мыдрейри гъым-
рэ бжэмрэ зи хэкIтэкъым, шхэ жыхуаIэри иIэжтэкъым. [8] «Сыт,
Хъанэ, ущIэгъыр? Сыт ущIэмышхэр? Сыт апхуэдизу уи гур зы-
гъур? ЩIалипщI къыпщIэхъуатэми, уэркIэ сынэхъ лъапIэнтэкъэ
сэ?» – жиIэурэ Елъкъани абы едэхащIэрт.

## *Хъанэ Тхьэм зэрелъэIуар*

[9] Зэгуэрым, Шылэу щыIэу ешха-ефа нэужь, Хъанэ Iэнэм пэ-
рыкIыжри, тхьэ елъэIуну ежьащ. ТХЬЭМ и Унэ щIыхьэпIэм деж
Iилэ тхьэпщ дадэр щыст. [10] Зи щхьэр зи жагъуэ Хъанэ гущIыхьэу
гъыурэ тхьэ елъэIурт. [11] «Уэ ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩIэ ЩIэ-
мыт, си гущIэлъапсэм зезыгъэгъазэ гукъеуэр сщхьэщыпхрэ уи
нэфI къысщыпхуатэмэ, уигу сыкъэкIыжрэ зы къуэ къызэптатэмэ,
игъащIэ псокIэ пхуэлэжьэну уэстынт, и щхьэфэми жан зи цIэ зэикI
лъэIэсынтэкъым[a]», – жиIэурэ нет ищIырт.

[12] Хъанэ ТХЬЭМ елъэIухункIэ абы и Iупэ пIэжьажьэхэм Iилэ
кIэлъыплъу щысащ. [13] Хъанэ игукIэ тхьэ елъэIурт, и Iупэхэр игъэ-
хъублаблэ щхьэкIэ, и макъ зэхэпхыртэкъым[b]. Iилэ ар ефауэ къы-
фIэщIри, [14] егиящ: «Уи чэфыр зэ мыхъуми зэ птеуну? Зыпкъры-
гъэкIыж, зиунагъуэрэ!» – жиIэри.

[15] «Хьэуэ, нэхъыжь махуэ хъун, – иритащ абы жэуап Хъанэ, –
фадэ ткIуэпс сIухуакъым. Си гущIэр мафIэм къресыкI. Сигу илъыр

---

*a* 1:11 Зи тхьэлъэIур къызэхъулIэм нузыр ищIу щытащ. КъекIуэкI хабзэм щхьэ-
щыкIыу и къуэр пIалъэкIэ мыхъуу игъащIэ псокIэ Тхьэм къыхуигъэнэну Хъанэ
нузыр ещI.

*b* 1:13 Пасэрей лъэпкъхэр макъкIэт тхьэ зэрелъэIур. Хъанэ щэхуу тхьэ зэрелъэIур
къемызэгъыу Iилэ къыщIилъытар ращ.

ТХЬЭМ хузоIуатэ. 16 СыцIыхубз напэншэу къызыщумыгъэхъу.
Гурыгъузу сызыхьымрэ гухэщIыгъуэу сызыщIэзыIулIэмрэ къыхэ-
кIыу тхьэ селъэIуауэ аращ».

17 «Гъуэгу махуэ Тхьэм утригъэувэ, уи гур гъэIэси гъэзэж! УзыщIэ-
лъэIуари ИсрэIилым и Тхьэ насып пхуищI!» – ехъуэхъуащ Iилэ Хъанэ.

18 «Уи нэфI къысщыхуэ!» – пидзыжащ Хъанэ Iилэ и хъуэхъум.
Абы иужь и гъуэгу теувэжри я увыIэпIэм игъэзэжащ. Гупсэхугъуэ
зыгъуэта Хъанэ шхынми хэIэбащ, и нэгуми нэщхъеягъуэ гуэри
йумылъэгъуэж хъуащ.

19 КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым Елъкъан и унагъуэм жьыуэ
заужьщ, ТХЬЭМ иджыри зэ щхьэщэ хуащIри я деж, Арэмэхь,
ягъэзэжащ.

## *Щамел дунейм къызэрытехьар*

Абы иужь Елъкъанрэ Хъанэрэ зэбгъэдыхьащ. ТХЬЭМИ
и нэфI абы ящыхуащ.

20 Хъанэ уэндэгъу хъури, щIалэ къыхуэхъуащ. ЩIалэ цIыкIу-
ми цIэуэ Щамел[a] фIищащ. «ТХЬЭМ селъэIуати, сызыщIэлъэIуар
къысхуищIащ», – жиIэрт Хъанэ.

21 ЕтIанэгъэм, Елъкъан и унагъуэр и гъусэу ТХЬЭМ къурмэн
хуащIыну гъуэгу щытехьэм, 22 Хъанэ ядэкIуакъым. «Сабийм бы-
дзыр щыщигъэтыжкIэ, сэр-сэрурэ ар Шылэу сшэнщи ТХЬЭМ
и пащхьэ исшэнщ. Ар игъащIэкIэ абы щыпсэуну къэзгъэнэнущ», –
жриIащ Хъанэ и лIым.

23 «Узэрыхуейуэ щIы, – арэзы дэхъуащ абы Елъкъан. – Къанэ,
сабийри ирикъухукIэ быдз егъафэ. ТХЬЭМ иухар ирехъу!» Быдз
щыгъэтыгъуэ хъуху, сабийм и гъусэу Хъанэ и унэ исыжащ.

24 ЩIалэ цIыкIур и бгъэм къызэрыщIихыу ТХЬЭМ и Унэу
Шылэу дэтым ишащ, илъэсищ зытекIа зы танэ[b], зы хьэжыгъэ къэп
цIыкIу[c], санэр иту зы фэнд къыздищтэри. 25 Танэр фIригъэбзри,

[a] 1:20 Журт. «Шемуел». «Тхьэм и цIэ» жиIэу аращ къикIыр. Щамелымрэ «щIэ-
лъэIун» мыхьэнэ зиIэ «шааль» глагол псалъэмрэ щызэхуэхьа хъуащ мыбдеж.

[b] 1:24 Е: «гуууищ».

[c] 1:24 Журт. «ефа». Литр тIощIрэ тIурэ хуэдиз хъунущ.

Хъанэ щIалэ цIыкIур Iилэ хуишащ. 26 «Жьыщхьэ махуэ ухъуи,
тхьэмадэ! КъэпщIэжу щытмэ, уи пащхьэ иту ТХЬЭМ елъэIуа
цIыхубзыр сэращ[a]. 27 СызыщIэлъэIугъауэ щытар мы щIалэрати,
ТХЬЭМ си лъэIур къысхуищIащ. 28 Иджы ар Абы и Iэмыщ Iэ
изолъхьэ. ИгъащIэ псокIэ ТХЬЭМ хуэлэжьэнуи къыхузогъанэ!» –
жриIащ Хъанэ тхьэпщ дадэм бгъэдыхьэри.

Абы иужь ТХЬЭМ щхьэщэ хуащIащ[b].

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Хъанэ и щытхъу уэрэдыр*

**2** 1 Тхьэм зыхуигъазэурэ Хъанэ жиIащ:

«Дэзгъуэтащ гуфIэгъуэ мыухыжыр ТХЬЭМ,
къызэрымыкIуэу лъагэу сиIэтащ.
Си жагъуэгъур щIэнэкIалъэ хъуащ,
къысщищIащ си щыIэныгъэр псынщIэ.
2 ЩымыIэ ТХЬЭМ хуэдэу лъапIэ,
Абы пэхъуни зы щымыIэ,
укъуэувэнкIэ хуэди къэмыхъуа!

3 ЗыкъыффIэщIыжу куэд жывмыIэ,
дэпсэлъеинри щывгъэт!
ТХЬЭМ имыщIэ щэху щымыIэ,
цIыху цIыкIум ищIэ псори зэпешачэ.

4 Лыхъужьхэм я шабзэкъухэр зэфIощIыкI,
зи гуащIэ* мащIэхэр нэхъ лъэщи мэхъу.
5 Зи ныбэ изу щытахэм я шхын Iыхьэр къалэжьыжыну йожьэ,

[a] 1:26 Журтхэр зэфIэту тхьэ елъэIуу щытащ.
[b] 1:28 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытххэм я нэхъыбэм къыщыкIуэр «щхьэщэ хуищIащ» псалъэращ, а Iуэхугъуэр хъулъхугъэм къызэрыбгъэдэкIыр езы бзэм и кIуэцIкIэ щызекIуэ хабзэм ипкъ иткIэ къигъэлъагъуэу.

ныбэ лажьэм зэрихуахэми яӀуэтэж.
Фыз мылъхуэу ялъытам щӀалибл къилъхуащ,
бын куэд къызыщӀэхъуари щхьэ закъуэу къонэ.

6 ТХЬЭМ дунеижьыр зым ирегъэбгынэри, зым псэр Ӏуегъащӏэри къегъэщӀ,
хьэдрыхэ лъахэр зым ирегъэлъагъури, зыр дунейм кӀуэ гъуэгум къытрешэ.
7 ТХЬЭМ зыр тхьэмыщкӀэ ещӀри, зым хъугъуэфӀыгъуэхэр ирет,
Абы зы цӀыхур егъэлъахъшэри зы цӀыхур лъагэуи еӀэт.

8 ТхьэмыщкӀапӀэм итыр къизызышыжри,
зимыӀэм я щхьэр зыӀэтыжри Арщ,
тетыгъуэ зиӀэхэм яхегъэувэ ахэр,
жьантӀэр яхуэзыгъэфащэри Аращ.

ЩыӀэныгъэм и къежьапӀэр ТХЬЭРЩ,
дызытет дунейр зыухуэжари Арщ.
9 Къыхуэпэжхэм Ар я щхьэщыжакӀуэщ,
бзаджащӀэхэр кӀыфӀыгъэ мыкӀуэдыжым хешэ,
къарууэ яӀэми сытыр и щхьэпэж?!
10 ТХЬЭМ ӀэщӀэкӀуэдэнущ пэщӀэувэр,
уафэгъуагъуэ гуиихкӀэ къажьэхэлыдэнущ,
зэрыдунейуэ ТХЬЭМ жэуапми иришэлӀэнущ.

ТХЬЭМ езым къыхиха[a] пащтыхьыр ину иӀэтынущ,
и гуащӀи хигъэхъуэнущ».

11 ТХЬЭМ хуэлэжьэн щхьэкӀэ и къуэр Ӏилэ тхьэпщ дадэм деж къигъанэри, Елъкъан Арэмэхь игъэзэжащ.

---

[a] 2:10 Журт. «машиах» – «дагъэ зыщыхуа» жыхуиӀэщ. Тхьэм къигъэлъэгъуа исрэӀил пащтыхьхэм я щхьэфэм дагъэ щахуэрт.

### Iилэ и къуэхэм я бзаджэщIагъэр

[12] Iилэ и къуэхэр цIыху мыхъумыщIэт. Ахэр ТХЬЭМИ фIэлIы-
кIыртэкъым, [13] цIыхубэм и пащхьэ жэуап щIахь тхьэпщ хьэкъри
аркъудей хъымпIар ящIыртэкъым. Зыгуэрым къурмэн щищIкIэ, лым
и вэгъуэм ирихьэлIэу гуахъуэр иIыгъыу тхьэпщхэм я Iуэхутхьэбзащ|Iэр
къэсырт. [14] Лыр щывэ лэгъупым ар абыкIэ хэIэбэрт, къыпыхьэ псори
иштэрти ихьырт. Шылэу къакIуэ исрэIил псоми я къурмэныпхъэм
арат а тхьэпщхэм иращIэр. [15] Абы щыфIэкIыжу, щэр ямыгъэс щIыкIэ[a]
Iуэхутхьэбзащ|Iэр къэсырти, къурмэн зыщIым пиубыдырт: «Тхьэпщым
езым игъэжьэжыну лы къызэт. Лы гъэвар пIихынукъыми, цIынэущ
къызэрызэптынур!» – жиIэурэ. [16] «ЯпэщIыкIэ щэр ирегъэгъэси, итIанэ
узыхуейр къащтэ», – жаIэу къурмэн зыщIхэм ямыдэу щыжраIэкIэ, –
«Хьэуэ, къащтэ иджыпсту, армыхъумэ лIыгъэкIэ птесхынущ», – жи-
Iэу иувыкIырти, Iуэхутхьэбзащ|Iэм пиубыдырт. [17] Гуэныхьу а щIалэхэм[b]
къахьар ТХЬЭМ и пащхьэ къызэрымыкIуэу щыинт, сыт щхьэкIэ
жыпIэмэ ТХЬЭМ и цIэкIэ ящI къурмэным абыхэм нэмыплъ иратырт.
[18] Щамели ТХЬЭМ хуэлажьэрт. ЩIалэщIэ дыдэ пэтми, абы чэ-
тэным* къыхэщIыкIа тхьэпщ кIэпхыныр• зыIуилъхьакIэт. [19] Илъэс
къурмэныр ящIыну и адэ-анэр къыщыкIуэкIэ, щыгъын щIыIутелъ
цIыкIу и анэм Щамел хуидырти къыхуздихьырт. [20] «ТХЬЭМ хуэ-
лэжьэну къэвгъэна щIалэм и пIэ иувэну мы уи щхьэгъусэм иджыри
бынхэр ТХЬЭМ дыуигъэгъуэт!» – ехъуэхъу зэпытт Iилэ Елъкъан-
рэ и щхьэгъусэмрэ. Абы иужь ахэр я унэ къэкIуэжырт. [21] ТХЬЭМ
и нэфIри Хъанэ къыщыхуащ: щIалищрэ хъыджэбзитIрэ къилъху-
жащ. Щамели ТХЬЭМ и нэIэ щIэту къэхъурт.
[22] Зи ныбжьыр хэкIуэта Iилэ и къуэхэм исрэIил лъэпкъым кIэ-
лъызэрахьэ лейм и хъыбарри, Шэтыр ЛъапIэм• деж Iут бзылъху-
гъэхэм хабзэншагъэ зэрыкIэлъызэрахьэри зэхихыжырт. [23] «Мы
влэжьыр сыт? – ящIэгие зэпытт абыхэм Iилэ. – Фи бзаджэщIагъэр
яхуэмыухыу цIыхуцIэ зиIэм яIуатэ. [24] Мыр мыхъун Iуэхущ, си

*a* **2:15** Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, къурмэн ящI Iэщым и щэр Тхьэм ейщ, абы тхьэпщхэр хэIэбэ хъунутэкъым.

*b* **2:17** Iилэ и къуэхэрами, абыхэм я Iуэхутхьэбзащ|Iэхэрами гурыIуэгъуэ дыдэу щыткъым мыбдеж зи гугъу ищIыр.

щIалэхэ! ТХЬЭМ и лъэпкъым кърихьэкI хъыбархэр щIагъуэкъым.
25 Зыр зым екъуэншэкIмэ, ар ТХЬЭМ зэхигъэкIынщ, ауэ Абы
хуэмыфащэ езыпэса цIыхум и Iуэхур хэт зэхихын?»
Адэм и гиер щIалэхэм ауи кърадзакъым. ТХЬЭМ хьэдэгъуэ-
шэр* абыхэм ятригъэпсакIэт. 26 Щамелри ТХЬЭМРЭ цIыхухэмрэ
къыхуэарэзыуэ къэхъурт.

### *Iилэ и щхьэ къикIуэнур Тхьэм и лIыкIуэм къызэрыжриIар*

27 Тхьэм и цIыху гуэр Iилэ деж къакIуэри къыжриIащ: «Мыращ
ТХЬЭМ къиIуэхур: „Мысыр фирхьэуным деж пщылIыпIэм щитым
уи адэжьхэм[a] закъезгъэщIэгъатэкъэ? 28 ИсрэIил[b] и быным ящыщу
уи лъэпкъратэкъэ тхьэпщ хьэкъыр къызритыну къыхэсхыгъар?
Си къурмэнщIыпIэм къекIуэлIэну, мэ дахэ къызыпих мыстхъэхэр*
схуигъэсыну, кIэпхыныр ибг щIипхэу си пащхьэ итыну уи лъэпкъ-
ратэкъэ тхьэпщ унэу згъэнэхуэгъар? Абы щыфIэкIыжу, исрэIил-
хэм ящI тыхьхэм щыщ Iыхьи уи адэжьхэм яхухэсхыгъатэкъэ?
29 Сыт иджы си Унэм къpахьэлIэну унафэ зытесщIа къурмэнымрэ
тыхьхэмрэ нэмыплъ щIефтыр? Сыт къызыхэкIыр Сэр нэхърэ уи
щIалэхэр нэхъ бгъэлъэпIэныр? Сыт си лъэпкъыу исрэIилхэм къыс-
хуагъэфэща тыхьхэм щыщ Iыхьэ нэхъыфIхэм фыщIеIэбыр?“
30 Аращ ИсрэIилым и ТХЬЭМ щIыжиIэр: „Тхьэпщ хьэкъыр къызи-
ту игъащIэкIэ си пащхьэ имыкIыу уи лъэпкъыр къызэрысхуэлэжьэнум-
кIэ псалъэ естыгъат“. Ауэ ТХЬЭМ иджы жиIэр мыращ: „Ирекъутэж а
унафэр! Сэ пщIэ къысхуэзыщIырщ пщIэ зыхуэсщIыжынур, ауэ схуэмы-
фащэ къызэзыпэсыр гъуэгу мыгъуэ теувауэ аращ. 31 Уэри уи щIэблэри
лъэрыщIыкI щысщIын зэмани къэкIуэнущ, уи унагъуэ щыщу зы цIыху
закъуи и жьы хъугъуэ нэзгъэсынукъым. 32 Тхьэпщ хьэкъыр щепхьэкI си
Унэ ЛъапIэм мыгъуагъэр щIэплъэгъуэнущ.[c] ИсрэIилыр ефIэкIуэнущ,

[a] 2:27 Зи гугъу ищIыр Мусэ и къуэш Хьэрунрэ абы и унагъуэмрэщ.

[b] 2:28 Ибрэхьим и къуэ Исхьэкъ и къуэ Екъуб Тхьэм къыфIищауэ щыта цIэщ (Убла-пIэ 32:29). Абы къытепщIыкIыжахэм исрэIил лъэпкъкIэ еджэ щIэхъуари аращ.

[c] 2:32 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым.

ауэ къыпщIэхъуэнухэр я жьы хъугъуэ нэзгъэсынукъым. [33] Фэ
фщыщу зы цIыху закъуэщ къурмэн щащI щIыпIэм къыIузнэнур, абыи
ар къыщIыбгъэдэзнэнур хущIэбгъэкI нэпсым уи нэр щIисыкIыу икIи
гукъеуэм ухэмыкIыу узгъэпсэун щхьэкIэщ. ЩIэблэу къыпщIэхъуэ-
нум щыщу зы цIыхуи я жьы хъугъуэ нэзгъэсынукъым. [34] Уи къуи-
тIым – Хьэпанрэ Панхэсрэ – я щхьэ кърикIуэнур си псалъэхэр зэры-
пэжымкIэ щыхьэт ирехъу: тIури зы махуэм дунейм ехыжынущ. [35] Си
унафэм текI зимыIэ тхьэпщ пэжри[a] къэзгъэувынущ. Абы и лъабжьэр
згъэбыдэнурэ, пащтыхьу къыхэсхынухэм сыт щыгъуи пэжу бгъэдэ-
згъэтынущ. [36] Мис абы щыгъуэ фэ фщыщу псэууэ къанэр къэкIуэнщ
абы деж, щхьэщэ хуищIынщи дыжьын ахъшэрэ щIакхъуэ тыкъыррэ
щхьэкIэ елъэIунщ: ‘Шхын Iус схуэхъун мащIэ тIэкIур къризлэжьыну
тхьэпщым ищIэ Iуэхухэм щыщ гуэр къызэт!’ жиIэу“».

## ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэм Щамел зыкъызэрыхуэзэIуихар*

**3** [1] Зи ныбжьыщIэгъуэ хъуа Щамел Iилэ и унафэ щIэту ТХЬЭМ
хуэлажьэрт. А лъэхъэнэм ТХЬЭМ и псалъэр цIыхум зэзэмы-
зэ дыдэ фIэкIа къалъэIэсыжыртэкъым, уэхьий* къащыхуэкIуэри
закъуэтIакъуэххэт.

[2] Зи нэхэм щIагъуэ дыдэу ямылъагъуж Iилэ зы жэщ гуэрым гъуэ-
лъыжауэ и пIэм илът. [3] Уэздыгъэми[b] кIуэсэн иуха щIыкIэтэкъым.
Щамели ТХЬЭМ и Унэм, Пхъуантэ ЛъапIэр• зыщIэтым деж,
щIэлът. [4] Абы хэту ТХЬЭР Щамел къеджащ.

«СыкъокIуэ!» – жиIэри щIалэ цIыкIур асыхьэту къыщылъэтщ,
[5] Iилэ бгъэдэлъадэри еупщIащ: «СынодаIуэри! Щхьэ укъызэджа?»

---

*a* **2:35** Зи гугъу ищIыр, уегупсыс зэрыхъунумкIэ, Сэлмэн тхьэпщ пашэу игъэ-
увыгъа Садыкъщ.

*b* **3:3** Журт. «Тхьэм хуагъаблэ уэздыгъэ». Зытепсэлъыхьыр Тхьэм и Унэм хэт
ЛъапIэщыр пызыгъэщхьэхукI Iупхъуэм и пащхьэ ирагъэувэу щыта уэзды-
гъэрщ. Ар пщыхьэщхьэ къэс хагъанэрти, нэху щыху ягъаблэрт.

Ауэ Iилэ: «Хьэуэ, сынoджакъым, кIуэжи гъуэлъи жей!» – щы-
жиIэм, Щамел игъэзэжри гъуэлъыжащ.
6 ТХЬЭР аргуэрым «Щамел!» жиIэри къэджащ. Щамел гуэрыр
къэтэджщ, Iилэ деж къакIуэри еупщIащ: «Сынодаlуэ! Сытыт укъы-
щIызэджар?»
«А си щIалэ, – жиIащ Iилэ, – сыноджакъым, кIуэжи, гъуэлъи жей!»
7 ТХЬЭМ абы ипэ зэикI Щамел зыкъыхузэIуихатэкъым, ТХЬЭМ
и псалъэри абы иджыри къыхуэкIуа щIыкIэтэкъым.
8 ТХЬЭР ещанэу къыщыджэм, Щамел аргуэру къэтэджри Iилэ
деж къэкIуащ: «СынодаIуэри! Щхьэ укъызэджа?»
Абдежым Iилэ къыгурыIуащ щIалэ цIыкIум къеджэр зэры-
ТХЬЭР. 9 Абы иужь Iилэ Щамел иущияш: «КIуэи гъуэлъыж! Ауэ
иджыри зэ къаджэмэ, „Си ТХЬЭ, сынодаIуэ!“ жыIэ». Щамел
игъэзэжри гъуэлъыжащ.
10 Абы хэту ТХЬЭР щIалэ цIыкIум къыбгъэдыхьэри, ипэхэм
хуэдэу, къеджащ: «Щамел! Щамел!»
«ЖыIэ, сынодаIуэ!» – пэджэжащ Щамел макъым.
11 «ИсрэIилыр Сэ зы гузэвэгъуэ хэздзэнущи, абы и хъыбарыр
зэхэзыхым гуIэгъуэр къыщIэзэрыхьынущ, – жриIащ ТХЬЭМ
Щамел. – 12 Iилэ и унагъуэм тесIуэгъа си псалъэхэр къанэ щымыIэу
згъэзэщIэнущ. 13 Гуэныхьу къахьам пэкIуэу и унагъуэр игъащIэкIэ
зыхэмыкIыжын бэлыхьлажьэ зэрыхэздзэнур жесIат абы. и къуэхэм
схуэмыфащэ къызэрызапэсыр ищIэ пэтми[a], Iилэ ахэр къыжьэди-
къуакъым. 14 КъурмэнкIи тыхькIи Iилэ и лъэпкъым бгъэдэлъ къуан-
шагъэр зэикI зэрыхуэмыпшыныжынур быдэу жызоIэ».
15 Щамел пщэдджыжь пщIондэ хэлъри, итIанэ ТХЬЭМ и Унэм
и бжэхэр къыIуихащ. Уэхьий къыхуэкIуам и гугъур Iилэ ириIуэтэ-
лIэжыну щыщтэрти, 16 «Щамел, си щIалэ!» – жиIэри, езым ар
ириджащ:
«СынодаIуэ!» – жиIэри Щамели Iилэ бгъэдыхьащ.
17 «Сыт Абы къыбжиIар? – щIэупщIащ Iилэ. – Зыри сщумы-
бзыщI. КъыбжиIам щыщ зыгуэр бущэхумэ, Тхьэм и ней

[a] 3:13 Е: «И къуэхэм си нейр зэрызэщагъахуэр ищIэ пэтми».

къыпщыхуэ!» [18] Щамел зыри фӀимыущэхуу псори хуиӀуэтэжащ
Ӏилэ. «ТХЬЭРАЩ хуитыр псоми!» – жиӀащ Ӏилэ.
[19] Щамел ТХЬЭМ и нэӀэ щӀэту къэхъурт. ТХЬЭМ и псалъэу
абы къыхуэкӀуэхэри зы къэмынэу пэж хъурт. [20] Зэры-ИсрэӀил
хэгъэгуу* – ищхъэрэкӀэ Дан щегъэжьауэ ипщэкӀэ Бэрщабэ щы-
щӀэкӀыжу – Щамел ТХЬЭМ и бегъымбар щыпкъэу зэрыщытыр
цӀыху цӀыкӀум зэлъащӀысащ. [21] ТХЬЭМ Шылэу зыкъыщигъэ-
нахуэрт, Абы и псалъэхэр Щамел къыщыхуехри абдежт.

## ЕПЛӀАНЭ ӀЫХЬЭ

4 [1] Щамел и псалъэ зэры-ИсрэӀилу къедэӀурт.

### *Фылистейхэм Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапӀэр зэраӀэщӀыхьар*

ИсрэӀилхэмрэ фылистейхэмрэ• зэзэуэну зэпэщӀэуващ. ИсрэӀил-
хэр Абэнэзэр деж щигъуэлъыкӀащ, фылистейхэр Афэкъ деж
къыщыувыӀащ. [2] Фылистейхэм я дзэр ИсрэӀилым къыпэуври а
зауэзэрылӀым исрэӀилхэр къыщыхагъэщӀащ, зэуапӀэми я цӀыху
миниплӀ хуэдиз къыщаукӀащ.
[3] Дзэр щигъуэлъыкӀа щӀыпӀэм зауэлӀхэм къыщагъэзэжым,
исрэӀил тхьэмадэхэр зэхэупщӀыхьыжащ: «Сыт щхьэкӀэ ТХЬЭМ
фылистейхэм даӀэщӀилъхьа? – жаӀэри. – Апхуэдэу щыхъуакӀэ,
Пхъуантэ ЛъапӀэр Шылэу къидывгъэш – ТХЬЭР гъусэ къыт-
хуэхъунщи, бийм дыщихъумэнщ».
[4] Арати, цӀыху зыбжанэ ягъакӀуэри, Пхъуантэ ЛъапӀэр, ТХЬЭ-
УЭ зи Лъэщагъым ЩӀэ ЩӀэмытым и тахътэр зыщхьэщыт дама-
бгъуэхэр• зытетыр[a], Шылэу кърырагъэшащ. Пхъуантэр къэзыхь-
хэм я гъусэу Ӏилэ и къуитӀри – Хьэпанрэ Панхэсрэ – кӀуащ.

---

[a] 4:4 Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапӀэм дамэ зытет уафэгу псэущхьэхэм я теплъэр зиӀэ дыщэ пкъыгъуитӀ тещӀыхьат. ДамабгъуэкӀэ зэджэ а псэущхьэхэм я дамэ зэхуакухэр Тхьэм и щӀыгу тахътэу къалъытэу щытащ. Тхьэм и щыӀэныгъэр исрэӀилхэм нахуэ щащищӀу щытар абдежщ.

[5] Пхъуантэ ЛъапIэр дзэр щигъуэлъыкIа щIыпIэм къыщрахьэ-
лIэм, исрэIилхэм къаIэта кIий-гуо макъышхуэм и джэрпэджэжым
щIылъэр дэгызащ. [6] А макъышхуэр фылистейхэм щызэхахым:
«Сыт макъ исрэIилхэм я увыIэпIэмкIэ къиIукIыр?» – жаIэурэ зэ-
хэупщIыхьыжащ.

Пхъуантэ ЛъапIэр исрэIилхэм я дзэр щигъуэлъыкIа щIыпIэм
къызэрырахьэлIар къыщащIэм, [7] фылистейхэр хуабжьу къэгузэващ.
«Ахэр щигъуэлъыкIа щIыпIэм деж я тхьэр къэкIуауэ ращ, – жа-
Iэрт абыхэм. – Сыту тхьэмыщкIагъэшхуэ мы дызыIууар! Мы-
пхуэдэ гуэри зи ди нэгу щIэкIатэкъым. [8] Дыунэхъужащ! Хэт а тхьэ
лъэщхэм дащызыхъумэнур? А тхьэхэракъэ-тIэ къум нэщIым ит
мысырхэр бэлыхь мыухыжхэм хэзыдзауэ щытыгъар? [9] Быдагъэ
зыхэфлъхьэ, фылистейхэ! Лыгъэ къызыхэвгъахуэ, а исрэIилхэр
пщылIыпIэ зэридгъэуvауэ щытам хуэдэу дэри пщылIыпIэ драмы-
шэн щхьэкIэ! Лыгъэ къызэхэвгъэхуи фезауэ абыхэм!»

[10] Фылистейхэр ебгъэрыкIуэри хэщIыныгъэшхуэ ирату исрэIил-
хэр зэхакъутащ. ИсрэIилхэр икIуэтурэ щхьэж и унэ зэбгрыжыжащ.
ИсрэIил лъэсыдзэм щыщу цIыху мин щэщI а зауэзэрылIым хэ-
кIуэдащ. [11] Пхъуантэ ЛъапIэри бийм яIэрыхьащ, Iилэ и къуитIри –
Хьэпанрэ Панхэсрэ – а зауэм укIыгъэ щыхъуащ.

### *Iилэ дунейм зэрехыжар*

[12] А махуэ дыдэм Бенамин и лIакъуэм щыщ гуэрым зэуа-
пIэр къибгынэщ, къыщIэпхъуэжри, Шылэу къигъэзэжащ. Абы
и щыгъынхэр зэхэчэтхъат, и щхьэфэми сабэр къыхэщэщт[a]. [13] Ар
къыщысам, Iилэ гъуэгум ириплъэу къалэ дыхьэпIэм пэмыжы-
жьэу[b] гъуэгубгъум деж щыт тетIысхьэпIэм тест, Тхьэм и Пхъуантэ
ЛъапIэм щхьэкIэ гузавэу. Лыр къалэм дыхьэу къихьа хъыба-
рыр щиIуэтэжым, къалэдэсхэм я гуIэ макъым зэуэ зыкъиIэтащ.

---

[a] 4:12 КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэуа лъэпкъхэм гуауэ къащылъэIэскIэ,
я щыгъын щIыIутелъхэр зэхачатхъэрэ щыгъын къурэхэр къызыщатIагъэу,
сабэр, ятIэр е сахуэр я щхьэм драпхъейрэ ину гъуэгрэ бжэуэ хабзэ яхэлъащ.

[b] 4:13 Мы псалъэхэр 18-нэ едзыгъуэм къыхэтхри, текстым къиIуатэр зэпыщIа
хъун щхьэкIэ, мыбдеж хэдгъэуващ.

[14-15] Гъуэг макъыр щызэхихым, Іилэ щІэупщІащ: «Сыт а макъышхуэр зищІысыр?» – жиІэри.

Зи ныбжьыр илъэс бгъущІрэ ирэ ирикъуа, зи нэхэр икІуэсыкІауэ щІагъуэу зымылъагъуж Іилэ деж Бенамин и лІакъуэм щыщ лІыр къэпІэщІащ. [16] ЛІыми Іилэ жриІащ: «Иджыпсту зэуапІэм сыкъыІукІауэ аращ, си щхьэр къыІусхри сыкъыщІэпхъуащ».

«Сыт къэхъуар, си щІалэ?» – еупщІащ абы Іилэ.

[17] Хъыбарыхьым Іуэхур къызэрекІуэкІар къиІуэтэжащ: «Филистейхэм исрэІилхэр кърахужьэжащ, дзэми хэщІыныгъэшхуэ игъуэтащ. Уи щІалитІыр – Хьэпанрэ Панхэсрэ – щыІэжкъым, Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапІэри бийм ІэщІыхьащ».

[18] Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапІэм и гугъу щищІым, Іилэ зытес тетІысхьэпІэм щхьэпрыхури щІыбкІэ техуащ. Жьыгъэм хьэлъэ ищІа Іилэ и пщэгурыгъыр зэриудри, абы илІыкІащ. Илъэс тІощІитІкІэ ИсрэІил хэгъэгум и гъуазэу щытат Іилэ.

[19] Іилэ и нысэр, Панхэс и щхьэгъусэр, уэндэгъут, куэд дэмыкІыуи зэфІэкІын хуейт. Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапІэр бийм зэрыІэщІыхьар, и тхьэмадэмрэ и щхьэгъусэмрэ зэрыщымыІэжыр щызэхихым, лъхугъэр къытелъадэри сабий къыхуэхъуащ. [20] И псэ еджэу здытелъым, къыщхьэщыт цІыхубзхэр еущиеурэ: «УмыгумэщІ, щІалэщ къыпхуэхъуар», – жраІэрт. Ауэ абы жэуапи къитыжакъым, зыми и Іуэхуи зрихуэжакъым.

[21] «Зи лъапІэныгъэр къытхуэзыгъэфащэ зэпыт Тхьэм дибгынащ», – жиІэурэ Панхэс и щхьэгъусэм щІалэ цІыкІум Ехьэбэд[a] цІэуэ фІищащ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапІэр бийм ІэщІыхьат, езыми и тхьэмадэмрэ и щхьэгъусэмрэ щыІэжтэкъым. [22] «Тхьэм ИсрэІилым кърихa лъапІэныгъэр фІэкІуэдащ, – цІыхубзым къытригъэзэжурэ жиІэ зэпытт. – Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапІэр абы ІэщІахащ».

---

[a] **4:21** «Ехьэбэд» цІэм «ЩІыхьыр зыфІэкІуэда» е «Дэнэ щыІэж щІыхьыр?» жиІэу аращ къикІыр.

## ЕТХУАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапIэм фылистейхэм бэлыхьлажьэр къазэрыхуихьар*

**5** [1] Фылистейхэм Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапIэр зыIэщIаубыдэри,
Абэнэзэр кърашри Ашдэд къашащ. [2] Пхъуантэр Дэджуан[a]
зи цIэ я тхьэм и унэм щIахьэри и мывэскъарым бгъэдагъэуващ.
[3] ЕтIуанэ пщэдджыжьым жьыуэ къыщызэщIэтаджэм, ТХЬЭМ
и Пхъуантэ ЛъапIэм и пащхьэ Дэджуан и мывэскъарыр хэIуба-
уэ илъу ашдэддэсхэр кърихьэлIащ. Мывэскъарыр къаIэтыжри
зыдэщытам деж ягъэувыжащ. [4] КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьми
ТХЬЭМ и Пхъуантэ ЛъапIэм и пащхьэ Дэджуан хэIубауэ илъу
цIыхухэр кърихьэлIащ. Абы и щхьэмрэ и Iэхэмрэ къыгуэкъуты-
кIауэ бжэщхьэIум телът, псоууэ къэнар ипкъ закъуэрат. [5] Нобэр
къыздэсым Дэджуан и унэу Ашдэд дэтым и бжэщхьэIум темыувэу
абы и тхьэпщхэмрэ щIыхьэхэмрэ щIебакъуэр ащ.
[6] ТХЬЭМ и нейр Ашдэд жылэмрэ абы и Iэгъуэблагъэм щы-
псэухэмрэ ящыхуащ. ТХЬЭМ абыхэм я щIыфэр зэщIигъэбагэ-
ри бэлыхьлажьэм хидзащ. [7] Къэхъур щалъагъум, ашдэддэсхэр
тхьэусыхащ: «ИсрэIилым и Тхьэм и нейр дэрэ ди тхьэ Дэджуан-
рэ къытщыхуащ, Абы и Пхъуантэр ди деж къыщынэнкIэ Iэмал
иIэкъым», – жаIэри. [8] Фылистеипщхэр зэхуашэсри цIыхухэр
щIэупщIащ: «ИсрэIилым и Тхьэм и Пхъуантэм сыт етщIэ-
нур?» – жаIэри.
«Пхъуантэр Джат ирырешэ», – жаIэри къыхалъхьащ. Зэ-
чэнджэщыжхэри, Тхьэм и Пхъуантэр Джат къалэ ирагъэшащ.
[9] Ауэ ар Джат зэрынэсу ТХЬЭМ и губжьыр а къалэм лъэIэ-
сащ, дэсхэр шынагъуэшхуэм хидзэу. ТХЬЭМ къалэдэсхэм,
ини цIыкIуи, я щIыфэр зэхигъэбэгащ. [10] Абы иужь кIэщIу Тхьэм
и Пхъуантэр Джат къыдрагъэшыжри, Акурэн къалэ ирагъэшащ.

---

[a] **5:2** КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэуа лъэпкъ куэдым Дэджуан тхьэуэ ялъытэу, щхьэщэ хуащIу ижь лъандэрэ къэгъуэгурыкIуащ. Хьэнэней фIэщхъуныгъэм зэрыхэтымкIэ, БэIэл и адэр Дэджуанщ. Фылистейхэм я тхьэ пажэу щытари ащ.

Пхъуантэр Акурэн щыдахьэм, жылэм хьэргъэшыргъэшхуэ къа-
Iэтащ: «ИсрэIилым и Тхьэм и Пхъуантэр къыщIытхурагъэшар ди
лъапсэмрэ ди лъэпкъымрэ ягъэкIуэдын щхьэкIэщ!» – жаIэу. [11] Абы-
хэми фылистеипщхэр къызэхуашэсри паубыдащ: «Пхъуантэр ди
щIыгум ифшыж. Зэрылъэпкъыу демыкIуэдылIэ щIыкIэ, мыр къы-
здифша щIыпIэм фшэж!» Ажалыр къалэм тепщэ щыхъуат, гузэвэ-
гъуэшхуэт Тхьэм и губжьу абыхэм къалъэIэсар. [12] Псэууэ къелам
и щIыфэр зэщIэбэгат, къалэдэсхэм я гуIэ макъми уафэгум нэсу зиIэтат.

## ЕХАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапIэм и щIыпIэ къызэригъэзэжар*

**6** [1] ТХЬЭМ и Пхъуантэ ЛъапIэр фылистей щIыналъэм мазибл
щыIауэ, [2] тхьэпщхэмрэ тхьэгурымагъуэхэмрэ къызэхуашэсри:
«Сыт Пхъуантэм етщIэнур? Къыджефlэ, дауэ ар къыздраша щIы-
пIэм зэрынэдгъэсыжынур?» – жаIэри цIыхубэр щIэупщIащ.
[3] «ИсрэIилым и Тхьэм и Пхъуантэр къыздраха щIыпIэм евгъэ-
хьыжыну фыхуеймэ, тыгъэ хуэвмыщIауэ евмыгъэшэж, – къаты-
жащ абыхэм жэуап. – Iэмал имыIэу гъэзэкIуэж тыхьи хуэфщI.
ИтIанэщ фи узыр щыфщхьэщыкIынури, и губжь мыужьыхыжыр
къыщIыфлъэIэсар щызэхэфщIыкIынури».
[4] «ГъэзэкIуэж тыхьу сыт Абы хуэтщI хъунур?» – щIэупщIащ
фылистейхэр.
«Фылистеипщхэм я пэбжу узыфэ къывэуэлIам и теплъэр къы-
зытещ дыщэ пкъыгъуитхурэ дзыгъуэшхуэ теплъэ зиIэ дыщэ пкъы-
гъуитхурэ евгъэщI. Дауэ щымытми, фэрэ фипщхэмрэ къыфтеха
гузэвэгъуэр зыщ. [5] Узыфэ къывэуэлIамрэ хэгъэгум Iисрафиблыр
къизылъхьэ дзыгъуэшхуэхэмрэ я теплъэхэр фщIыи, апхуэдэ щIы-
кIэкIэ ИсрэIилым и Тхьэм пщIэ хуэфщI. ПщIэну щыткъым, фэри,
фи тхьэхэми, хэгъэгуми къыфтехуа Абы и губжьыр ужьыхыжынкIи
мэхъу. [6] Мысырхэмрэ фирхьэунымрэ нэхъей, ерыщу сыт фыщIиувы-
кIын хуейр? Тхьэм абыхэм гуащIэу защригъэцIыхужым, исрэIилхэр

хуит ящӀыжу зыутӀыпщыжар ахэратэкъэ?[a] 7 Аращи, гущӀэрэ бжьыр
зи пщэ лъэмыӀэса зи щыпэлъхуэ жэмыщӀитӀрэ къэвгъэхьэзыр.
Жэмхэр гум щӀэфщӀэ, шкӀэхэр щӀэвдзыжи, шкӀэщым ивубыдэж.
8 ТХЬЭМ и Пхъуантэ ЛъапӀэр гум ивгъэувэ, гъэзэкӀуэж тыхь
фщӀы дыщэ пкъыгъуэхэр пхъуантэ щхьэхуэ ифлъхьи, абы бгъу-
рывгъэувэж. Гъуэгу тевгъэувэ, 9 ауэ фыкӀэлъыплъ. ЗыгуэркӀэ
Пхъуантэр къыздраша щӀыналъэмкӀэ, БэтшэмэшкӀэ[b], гу зэщӀэщӀам
иунэтӀмэ, мы гузэвэгъуэшхуэр къытхуэзыхьар исрэӀилхэм я Тхьэ-
ращ. Ауэ нэгъуэщӀ щӀыпӀэкӀэ игъазэу щытмэ, Абы и губжьыр
къызэрытлъэмыӀэсар къэтщӀэнущ, ди щхьэ кърикӀуа псори зэры-
мыщӀэкӀэ къызэрытщыщӀари нахуэ хъунущ».
10 Аращ ящӀари. ЖэмыщӀитӀыр къаубыдри гум щӀащӀащ, шкӀэхэр
щӀадзыжри шкӀэщым ираубыдэжащ. 11 ТХЬЭМ и Пхъуантэ Лъа-
пӀэр гум ирагъэувэри, дзыгъуэшхуэ теплъэ зиӀэ дыщэ пкъыгъуэхэмрэ
къайуэлӀа узым и теплъэр къызытещ пкъыгъуэхэмрэ зыдэлъ пхъуан-
тэри абы бгъурагъэувэжащ. 12 Жэмхэм Бэтшэмэш хуэкӀуэ гъуэгумкӀэ
яунэтӀащ. А гъуэгуми темыкӀыу кӀуащ, кӀуэхункӀи зэпымыуүэ бууащ,
ижьырабгъукӀи сэмэгурабгъукӀи дадзыхакъым. Фылистеипщхэри
Бэтшэмэш гъунапкъэм нэсыхукӀэ абыхэм я ужь имыкӀыу кӀэлъыкӀуащ.
13 Бэтшэмэш щыщ цӀыхухэм гуэдзыр къахыжу губгъуэм итт.
Къаплъэу Тхьэм и Пхъуантэр къыщалъагъум, хуабжьу къэгуфӀащ.
14-15 Гур къакӀуэурэ Бэтшэмэш щыщ Йушэ и щӀыгум къэсри, абы
ит зы мывэшхуэ гуэрым деж къыщыувыӀащ. Лэбийхэм• ТХЬЭМ
и Пхъуантэ ЛъапӀэмрэ дыщэ пкъыгъуэхэр зыдэлъ пхъуантэмрэ
гум кърахри, мывэшхуэм трагъэуващ. ЦӀыхухэм гур пхъэгъэсыну
зэхакъутэри, жэмыщӀэхэр тыхь гъэсын ТХЬЭМ хуащӀащ. А ма-
хуэ дыдэм Бэтшэмэш щыпсэу цӀыхухэми ТХЬЭМ и цӀэкӀэ тыхь
гъэсынхэри, нэгъуэщӀ къурмэнхэри ящӀащ. 16 А псор фылистей
пщитхум я нэгу щӀэкӀри, а махуэ дыдэм Акурэн ягъэзэжащ.

---

a 6:6 ИсрэӀилхэм я тхыдэм щыщ Ӏуэхугъуэу МысырикӀыж 7-12-нэ Ӏыхьэхэм къыщы-
Ӏуэтаращ мыбдеж зи гугъу ищӀыр. А лъэхъэнэм исрэӀилхэр иджыри пщылӀыпӀэм
итт. Тхьэм и унафэм еувалӀэу исрэӀилхэр иутӀыпщыжын щимыдэм, гузэвэгъуэ зы-
бжанэ фирхьэуным и нэгу щӀигъэкӀащ. А псом иужькӀэщ абы ахэр хуит щащӀыжар.

b 6:9 Фылистей щӀыналъэм и гъунапкъэм пэблагъэу ИсрэӀилым и щӀыгум ит къалэщ.

[17] КъайуэлӀа узым и теплъэр къызытещ дыщэ пкъыгъуэхэр
Ашдэд, Джазэ, Ашкъэлэн, Джат, Акурэн къалэхэм дэсхэм я цӀэкӀэ
ТХЬЭМ хуащӀа гъэзэкӀуэж тыхьт. [18] Дзыгъуэшхуэхэм я теплъэр
къэзыгъэлъагъуэ дыщэ пкъыгъуэхэр фылистей пщитхум я къалэ-
хэм – быдапӀэкӀэ къэщӀыхьарэ жылагъуэ къедзахэр зиӀэжхэм –
я пэбжт. ТХЬЭМ и Пхъуантэ ЛъапӀэр зытрагъэува мывэшхуэр
нобэр къыздэсым Бэтшэмэш щыщ Йушэ и щӀыгум итщ.

[19] Пхъуантэ ЛъапӀэм зэрыдэплъам щхьэкӀэ Бэтшэмэш щыщ
цӀыху блыщӀ[a] ТХЬЭМ игъэкӀуэдат. ТХЬЭМ къаридза удыным
цӀыхуцӀэ зиӀэр щызэщӀигъэпыхьэм, [20] бэтшэмэшдэсхэр щӀэупщӀащ:
«Хэт ТХЬЭМ, Тхьэ ЛъапӀэм, и пащхьэ ихьэн зылъэкӀынур?
Пхъуантэр зыхедгъэшыжу хэт деж здедгъэшэнур?»

[21] Абы тету бэтшэмэшдэсхэм Къэрэтэрам лӀыкӀуэ ягъэкӀуащ:
«ТХЬЭМ и Пхъуантэ ЛъапӀэр фылистейхэм кърагъэхьыжащи,
фыкъакӀуи, ар фхьы», – жаӀэри.

## ЕБЛАНЭ ӀЫХЬЭ

**7** [1] Къэрэтэрамдэсхэр Пхъуантэ ЛъапӀэм къыкӀэлъыкӀуэри я
деж яхьащ. Ар лъагапӀэм тет Абынэдэб и унэм кърахьэлӀащ.
Абынэдэб и къуэ Елизар траӀуэри, Пхъуантэр ихъумэну хуагъэ-
фэщащ.

### *ИсрэӀилым и дзэзешэ щыпкъэу Щамел зыкъызэригъэлъэгъуар*

[2] Пхъуантэ ЛъапӀэр Къэрэтэрам къызэрахьрэ зэман кӀыхь
кӀуащ – илъэс тӀощӀ дэкӀащ. Я щхьэ крикӀуа нэщӀэбжьэм ири-
гуӀэ-ирипыхьэу исрэӀил цӀыхухэм ТХЬЭМ и нэфӀыр къалъыхъуэу
екӀуэкӀащ. [3] «ТХЬЭМ гурэ псэкӀэ зыхуэвгъэзэжыр пэжмэ, – япи-
убыдащ Щамел исрэӀил цӀыхубэм, – хамэ лъэпкъхэм я тхьэхэмрэ
Аштэрэтрэ• я мывэскъархэр зыщӀэвдзыж, ТХЬЭМ и ӀэмыщӀэ
зифлъхьи а Зы Закъуэм фыхуэлажьэ, фаӀэщӀихынщ итӀанэ Абы

[a] **6:19** Е: «цӀыху 50 070».

фылистейхэм». [4] Арати, исрэIилхэм БэIэлрэ• Аштэрэтрэ я мывэ-
скъархэр щадзыжри, ТХЬЭ закъуэм зыхуагъэзэжащ.

[5] «ЗэрыисрэIил жылэу Мызпэхь фыкъыщызэхуэс, фэр щхьэ-
кIэ тхьэ селъэIунущи», – къыхилъхьащ абы иужькIэ Щамел.
[6] Мызпэхь къекIуэлIахэми псыр кърагъахъуэурэ ТХЬЭМ и па-
щхьэ щракIутыжырт[a]. «ТХЬЭМ и пащхьэ гуэныхьышхуэхэр щы-
длэжьащ», – жаIэурэ цIыхухэр а махуэми нэщIащ. Мызпэхь жылэм
Щамел гъуазэ нэсу зыкъыщигъэлъэгъуащ.

[7] ИсрэIилхэр Мызпэхь къызэрыщызэхуэсам и хъыбарыр фылис-
тейхэм щахэIуэм, япщхэр ИсрэIилым къытеуэну къежьащ. Ар къы-
щащIэм, исрэIилхэр къэгузэващ. [8] «Фылистейхэм дащихъумэну
ТХЬЭМ зэпымыууэ тхуелъэIу!» – зыхуагъэзащ цIыхубэм Щамел
лъэIукIэ. [9] И анэ иджыри къыщIамыча зы щынэщIэ Щамел ТХЬЭМ
тыхь гъэсын хуищIащ. Щамел ИсрэIилым щхьэкIэ ину тхьэ елъэIуащ,
и тхьэлъэIури ТХЬЭМ зэхихащ. [10] Тыхь гъэсыныр иджыри Щамел
ищIу бгъэдэтт, къатеуэн хуэдизу фылистейхэр ИсрэIилым гъунэгъу
къыщыхуэхъуам. Асыхьэтым ТХЬЭМ апхуэдизкIэ уафэгъуагъуэ
гуиихкIэ зыкъызэкъуихати, шынэ бзаджэм иубыда фылистейхэр
зыкъэщIэжыгъуэ имыхуэу исрэIилхэм зэтракъутащ. [11] Мызпэхь къы-
щежьэри, Бэткъарэ и Iэгъуэблагъэхэм нэсу икIи щыфIэкIыжу исрэIил
зауэлIхэм фылистейхэр зэтраукIэурэ я ужьым ирикIуащ.

[12] Къищтэщ Щамел зы мыви, Мызпэхьрэ Шанрэ я зэхуакум
щигъэтIылъащ: «Мы щIыпIэм нэс ТХЬЭР къыддэIэпыкъуурэ ды-
къэкIуащ[b]», – жиIэри. Аращ абдежым Абэнэзэр[c] жаIэу щIыфIащар.

[13] Фылистейхэр зэхакъута нэужь, исрэIилхэм я щIыналъэ афIэ-
кIа къихьэжакъым. ТХЬЭМИ, Щамел псэууху, ищIа унафэм
фылистейхэр иригъэбэкъуакъым. [14] Акурэнрэ Джатрэ я зэхуаку
жылэу итри абыхэм щIыналъэу къедзари, фылистейхэм исрэIилхэм

---

a **7:6** Мы IуэхущIафэм къикI дыдэр IупщIкъым, нэгъуэщI щIыпIэхэми ущрихьэ-лIэркъым. ЦIыхухэм я гур Тхьэм зэрыхуитхьэщIыкIам, тобэ къызэрахьыжым и нэщэнэу хуэбгъэфащэ хъунущ.

b **7:12** Е: «Иджыри къыздэсым ТХЬЭР къыддэIэпыкъуащ».

c **7:12** Пасэрей журтыбзэкIэ «ДэIэпэкъуныгъэм и мывэ» жиIэу аращ къикIыр щIыпIэцIэм.

къытрахыгъауэ щытахэр, ИсрэIилым и IэмыщIэ къихьэжащ. Ар
къэгъэнауэ, исрэIилхэмрэ амэрейхэмрэ[a] мамырыгъэ зращIылIащ.
15 Дунейм ехыжыху Щамел ИсрэIилым и гъуазэу щытащ.
16 Илъэс IэджэкIэ зэм БэтIэл, зэм Джылджэл, зэм Мызпэхь кIуэу-
рэ Щамел исрэIил лъэпкъым яхуэхеящIащ*. 17 Ауэ абы сыт щыгъуи
Арэмэхь, и унэр здэщыIэм, къигъэзэжырт, абдежи абы исрэIилхэм
хей щахуищIэрт. Абдежщ абы ТХЬЭМ и къурмэнщIыпIэр щищIари.

## ЕЯНЭ IЫХЬЭ

### *ИсрэIилыр пащтыхь зэрыщIэлъэIуар*

**8** 1 Жьы щыхъум, Щамел и къуэхэр ИсрэIилым гъуазэ яхуи-
щIащ. 2 Нэхъыжьым и цIэр ЙоIилт, нэхъыщIэм зэреджэр
Абийт. Бэрщабэт ахэр гъуазэу здэщыIэри. 3 Ауэ щIалэхэр я адэм
ещхь хъуакъым. Мылъкум зыдрагъэхьэхырт, Iулъхьэ къыIахырт,
захуагъэм тету хей ящIэртэкъым.
4 Абы хэту исрэIил тхьэмадэхэр зэхуэсри, Щамел деж Арэмэхь
къэкIуащ. 5 «Жьы ухъуащ, – жраIащ абыхэм Щамел, – уи къуэхэми
щапхъэ птрахакъым. Апхуэдэу щыхъуакIэ, адрей лъэпкъхэм деж зэ-
рыщекIуэкIым ещхьу, дэри гъуазэ тхуэхъуну пащтыхь къытхуэгъуэт».
6 «Пащтыхь къытхуэгъуэт» зэрыжаIар Щамел и гуапэ хъуа-
къым. Тхьэ щелъэIуми, 7 «ЩIэдэIу цIыхухэм къыбжаIэм, – къыпэ-
джэжащ абы ТХЬЭР. – Уэракъым абыхэм зи щIыб зыхуагъэзар,
пащтыхьу къысхуэмейуэ Сэращ лъэныкъуэ ирагъэзар. 8 Мысырым
къыщисшыжа махуэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым апхуэдэущ
ахэр зэрызекIуэр, IэщIыб сащIрэ нэгъуэщI тхьэхэм хуэпщылIу,
аращ уэри къыуащIэр. 9 ЩIэдэIу къыбжаIэм, ауэ пащтыхь яIэ
щыхъукIэ, абы и хуитыныгъэхэр зыхуэдэнури быдэу ягурыгъаIуэ».
10 ТХЬЭМ и псалъэхэр пащтыхь щIэлъэIу цIыхубэм Щамел
ялъигъэIэсыжащ. 11 «Гъуазэ фщIыну фызыхуэпабгъэ пащты-
хьым ищIэнур мыращ: къывэмыупщIыххэу фи щIалэхэр хишурэ

[a] **7:14** ИсрэIилым и щIыдэлъху лъэпкъыжьхэращ зи гугъу ищIыр.

и хьэкуэстыгухэр* къезыхуэкI дзэм яхигъэувэнущ, шуудзэми хишэ-
нущ, езыми зыгуэрхэр шу гъусэ ищIынущ. [12] Языныкъуэхэр минхэм
я унафэщIу игъэувынущ, нэгъуэщIхэри щэ ныкъуэхэм я Iэщхьэтету*
игъэнэхуэнущ. Зыгуэрхэм и щIыр хуавэрэ гъавэр къыхурахьэлIэ-
жыну япиубыдынущ, къинэмыщIхэми зауэлI Iэщэ-фащэмрэ хьэкуэ-
стыгу Iэмэпсымэхэмрэ ягъэхьэзырыну яхуигъэувынущ. [13] Мэ дахэ
къызыпих дыхухэр щIахуну, хуэпщэфIэну, щIакхъуэ хуагъэжьэну
фипхъухэри фхишынущ. [14] Фи гъавэ щIапIэхэр, жызумщIыпIэхэр,
зейтункIыпIэхэр фIихынурэ и блыгущIэтхэм яритынущ. [15] Гуэдзрэ
жызуму къефхьэлIэжым и Iыхьэ пщIанэр хихыурэ и къулыкъу-
щIэхэмрэ блыгущIэтхэмрэ яритынущ. [16] Фи унэIутхэмрэ унэIут
цIыхубзхэмрэ, лъэпкъыфIэ защIэу зэхэт фи Iэщ пIащэхэр[a], шыдхэр
и щхьэ Iуэхухэм щхьэкIэ фIэщIихынущ. [17] Мэл-бжэну фиIэм и Iыхьэ
пщIанэр фтрихынурэ, фэ езыхэри абы и пщылI фыхъунущ. [18] А псом
натIэкIэ фыщеуалIэкIэ, фэр-фэру хэфха пащтыхьым фыкъыIэщIи-
хыжыну ТХЬЭМ фетхьэусыхылIэнущ, ауэ фызэхихыжынукъым».
[19] Щамел жиIахэр цIыхубэм ауи я тхьэкIумэ ирагъэхьэну хуея-
къым. «Хьэуэ! – ядакъым абыхэм. – Гъуазэ тхуэхъуну пащтыхь
дыхуейщ. [20] ИтIанэщ дэ адрей лъэпкъхэм ещхь дыщыхъунур; па-
щтыхьыр гъуазэу диIэнущ, дзэпщи тхуэхъунущ».
[21] ЦIыхубэм я псалъэ щIэдэIури, Щамел ар ТХЬЭМ и пащхьэ
иджыри зэ щыжиIэжащ. [22] «ЗэрафIэфIым хуэдэу пащтыхьыр
яхутегъэувэ», – тригъэгушхуащ ар ТХЬЭМИ. Абы иужь щхьэж
и жылэ кIуэжыну хуиту Щамел исрэIилхэр иутIыпщыжащ.

## ЕБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

### *ТIалутIрэ Щамелрэ зэрызэхуэзар*

9 [1] КIыщкIэ еджэу Бенамин и лIакъуэм щыщу зы лIы бэлыхь
гуэр щыIащ. Ар АбрэIил и къуэт, АбрэIил Зырур и къуэт.
Зырур Быхъурэт и къуэт. Быхъурэтыр езыр Бенамин и лIакъуэм

[a] 8:16 Е: «фи щIалэхэм ящыщу нэхъ жанхэмрэ».

щыщ Афэхь и къуэт. 2 КIыщи ТIалутI[a] и цIэу къуэ иIэт. Нэхъ дахэ
исрэIилхэм яхэткъым жыпIэну щIалэ зэкIужт ар, и лъэпкъэгъухэм
нэхърэ зы щхьэ хуэдизкIи нэхъ лъагэт.

3 Зэгуэрым, КIыщ и шыдыбзхэр щыфIэкIуэдым, и къуэм унафэ
хуищIащ унэIутхэм ящыщ зы гъусэ ищIу абыхэм я лъыхъуакIуэ ежьэ-
ну. 4 Лъыхъуэурэ ЕфрэIим бгылъэ щIыпIэхэр къызэранэкIри, Шалыш
хэгъэгуми ихьащ, ауэ зыри ягъуэтакъым. ШэIэлым хэкури щIапщыты-
кIа щхьэкIэ, абдежи шыдыбзхэм я лъэужьым теувэфакъым. Бенамин
щIыналъэри къызэхакIухьа щхьэкIэ, абыи зыри щагъуэтакъым.

5 «Еуи, дыгъэгъэзэж, – жриIащ ТIалутI и гъусэ унэIутым, Зуф
щIыгум щынэсым, – армыхъумэ ди адэм шыдыбзхэри имыIуэхужу,
дэр щхьэкIэ гузавэу щIидзэнщ».

6 Ауэ унэIутым идакъым: «Мы къалэм Тхьэм и цIыху гуэр дэсщ.
Абы пщIэшхуэ иIэщ, сыт жимыIэми, псори къохъу. Еуи, дыгъакIуэ
абы деж. ПщIэну щыткъым, зы гъуэгу гуэр дигъэлъагъункIи мэхъу».

7 «Абы деж дыкIуэмэ, сыт IэщIэтлъхьэнур? – зрилъэфыхьащ
ТIалутI. – Шхын гуэри ди хъуржынхэм ярылъыжкъым. Дрихуэ-
упсэу еттыну зыгуэри тIэщIэлъкъым. Сыт диIэр?»

8 «Еплъыт-тIэ мы сэ къэзгъуэтам, – жиIащ унэIутым. – Зы шэ-
кIэлым и плIанэ[b] хуэдиз сIыгъщ. Ар еттынщ а Тхьэм и цIыхуми,
дигъэлъагъунщ абы итIанэ здэдунэтIыну лъэныкъуэр».

9-10 «Хъунщ, – хъуащ арэзы ТIалутI. – ДыгъакIуэ!» Арати, абы-
хэм Тхьэм и цIыхур щыпсэу къалэмкIэ яунэтIащ.

БегъымбаркIэ нобэ зэджэхэм нэхъапэм усэрэжкIэ еджэу щыты-
гъащ. Iуэху гуэркIэ Тхьэм еупщIыну ИсрэIилым ис цIыхухэр ще-
жьэкIэ, «Усэрэжым деж дывгъакIуэ», – жаIэу щIыщытари аращ.

11 ЛъагапIэм тет къалэм екIуалIэрэ пэт, псыхьэ кIуэ хъыджэбз-
хэм яхуэзэри щIэупщIащ: «Дэсу пIэрэ нобэ къалэм усэрэжыр?»

12 «Дэсщ, – жаIащ абыхэм. – Фи япэкIэ иту макIуэ ар. Къа-
лэм къыдыхьэжа къудейуэ аращи, фепIэщIэкI. ТхьэлъэIупIэм
деж нобэ къурмэн щащIыну цIыхур щызэхуэскъэ-тIэ, абы хэтыну

[a] 9:2 Журт. «Шаул». Адыгэ дин хъыбархэм ар дыдэм «ТIалутI» жиIэу ущрохьэ-
лIэ. А цIэращ КъурIэным къыщыкIуэри.

[b] 9:8 Граммищ хуэдиз хъунущ.

къэкIуэжащ. 13 Къалэм фызэрыдыхьэу къэвгъуэтынущ ар. Фе-
ужьэрэкI, тхьэлъэIупIэм• емыкIуалIэ щIыкIэ зыхуэвгъазэ. ЦIыху-
хэм шхэн яублэнукъым ар нэмысауэ, екIуэлIахэр къурмэныпхъэ
ерыскъым щеIэбынури, Тхьэм и цIыхур абы техъуэхъухьмэщ. Фы-
кIуэ, гугъуще фыдемыхьу къэвгъуэтынущ ар фэ».
14 ЩIалитIыр къалэм щыдыхьэм, тхьэлъэIупIэмкIэ кIуэ Щамел
абыхэм я гъуэгупэ къихуащ.
15 ТIалутI къэкIуэным зы махуэ иIэжу ТХЬЭМ Щамел къы-
жриIат: 16 «Пщэдей, мы сыхьэт дыдэм, Бенамин щIыналъэм щыщу
зы цIыху гуэр уи деж къэзгъэкIуэнущ. Аращ ИсрэIилым и гъуазэ
пщIыуэ дагъэр зи щхьэфэ щыпхуэнур•. Аращ си лъэпкъыр фылис-
тейхэм къаIэщIэзыхынур. Си лъэпкъым тхьэусыхафэу игъэшыр
къыслъэIэсащи, сыпэджэжынущ».
17 Щамел ТIалутI зэрыIуплъэу, ар хэтми абы занщIэу ТХЬЭМ
къригъэщIащ: «Мыращ зи гугъу пхуэсщIар. Мыращ си лъэпкъым
гъуазэ хуэхъунур».
18 ТIалутI къалэ дыхьэпIэм щынэсым, Щамел бгъэдыхьэри усэ-
рэжым и унэр здэщытыр къригъэлъагъуну елъэIуащ.
19 «Усэрэжыр сэращ, – жиIащ Щамел. – Иувэ си япи, тхьэ-
лъэIупIэм некIуалIэ. Нобэ укъыздэшхэнщи, пщэдей пщэдджыжь
узутIыпщыжынщ. УзыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэми дрипсэлъэнщ.
20 Махуищ ипэ пфIэкIуэда шыдыбзхэм щхьэкIи умыгузавэ, ахэр
къыкъуэкIыжакIэщ. ИсрэIилым и хъуэпсапIэ псори зыхуэгъэзар
хэт?[a] Уэрэ уи адэ и унэ исхэмрэкъэ-тIэ?»
21 «ИсрэIилым щынэхъ цIыкIу дыдэ Бенамин и лIакъуэракъэ
сыкъызыхэкIар, – игъэщIэгъуащ ТIалутI, – а лIакъуэм щыщу
нэхъ зыхамылъытэ унагъуэракъэ сызыщыщри? Сыт апхуэдэхэр
къыщIызжепIэр?»
22 Щамел ТIалутIрэ абы и унэIутымрэ тхьэлъэIу ерыскъыхэр щашх
унэм щIишэри, цIыху щэщI хуэдиз хъун къызэхуэсахэм я жьантIапщэ
дишэри игъэтIысащ. 23 «Лы Iыхьэ уэстар къэхь! – жриIащ Щамел
пщафIэм. – ЕбгъэтIылъэкIыну унафэ щIыпхуэсщIаращ зи гугъу

[a] 9:20 Е: «ИсрэIилым фIыгъуэу илъыр зыIэщIэлъыр хэт?»

сщIыр». 24 ПщафIэм кIэбдзыр къихьри[a], ТIалутI и пащхьэ кърилъхьащ. Щамели щIалэм ар жриIащ: «Мыр уэр щхьэкIэ дгъэтIылъат. ХьэщIэхэр къызэхуэмыс ипэ пхухэтхауэ аращ[b], ар уи Iыхьэщи, шхы». Апхуэдэ щIыкIэкIэ а махуэм ТIалутI Щамел шэджагъуашхэ дищIащ.

25 ТхьэлъэIупIэм къыбгъэдэкIыжу къалэм къыщагъэзэжым, Щамел и унащхьэм деж ТIалутI куэдрэ щыдэуэршэрыжащ[c].
26 ПшэкIэплъыр къищIу щыхуежьэм, унащхьэм щыжея ТIалутI Щамел егуоуащ: «Зыгъэхьэзыр, узгъэкIуэтэжынущ!» – жиIэри. ЩIалэм зиужьри Щамел и гъусэу унэм къыщIэкIащ.

27 Къалэ гъунэм къыщысым, Щамел ТIалутI зыхуигъэзэри: «Уи унэIутыр ди япэ иту кIуэну жеIи, уэ тIэкIу зыIэжьэ, Тхьэм къыпхуигъэфэщам ущызгъэгъуэзэнущ», – жриIащ.

## ЕПЩIАНЭ IЫХЬЭ

### *Щамел ТIалутI пащтыхьыгъуэм зэрыхуигъэнэхуар*

10 1 Абы иужь Щамел дагъалъэр къищтэри ТIалутI и щхьэфэм дагъэр щихуащ, ба хуищIри жриIащ: «ТХЬЭМ и лъэпкъым гъуазэ ухуищIащ уэ. 2 Нобэ уздэкIуэжым, Бенамин щIыналъэм и гъунапкъэм Iут Дзэлдзэхь ущынэскIэ, Рэхьилэ и кхъащхьэм пэмыжыжьэу лIитI уащыхуэзэнущ. „Узылъыхъуэ шыдыбзхэр къыкъуэкIыжащ. Иджы ахэр имыIуэхужу ‘Си щIалэ и щхьэ къэрикIуар сыт?’ жиIэурэ уи адэр мэгузавэ“ къыбжаIэнущ абыхэм.

3 А щIыпIэм ублэкIынщи, Таур жыгейр здэщытым нэс укIуэнщ. Тхьэр ягъэлъэпIэну БэтIэл кIуэуэ лIищ абдеж къыщыпIущIэнущ: зым чыцIищ, етIуанэм щIакхъуищ, ещанэми санэ фэнд яIыгъынущ.

a 9:24 Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, а Iыхьэр зылъысыр тхьэпщхэращ.
b 9:24 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым.
c 9:25 Е: «къыщагъэзэжым, ТIалутI и пIэр унащхьэм щыхуащIыжри, жеину ягъэгъуэлъащ».

4 Абыхэм фIэхъус къыуахынурэ щIакхъуитI къыпхуашиинущ, уэри
ар абыхэм къеIыпхынущ.
5 Абы иужь фылистеидзэм щыщ зы пакIэ* зыдэс Джыбэхь къа-
лэ[a] укIуэнущ. Къалэм гъунэгъу ущыхуэхъукIэ, пшынэдыкъуакъуэ,
пшынэкъуаншэ, фэнтIырпIэ, бжьамий макъамэхэр щIэту Тхьэм
и псалъэхэр зыIуатэ бегъымбар гуп[b] тхьэлъэIупIэм къыздехыжым уа-
хуэзэнущ. 6 Абдежым ТХЬЭМ и Псэм узэщIищтэнурэ, уэри абыхэм
я гъусэу Тхьэм и псалъэхэр пIуатэу щIэбдзэнущ. Нэгъуэщl цIыхуи
ухъунущ. 7 А псор уи нэгу щIэкIа нэужь, адэкIэ уи гум къыбжиIэр
щIэ – Тхьэм сытри къыбдигъэхъунущ. 8 ИтIанэ Джылджэл укIуэ-
нущ, си нэхъапи унэсынущ. Тыхь гъэсынхэмрэ зэфIыж къурмэнхэм-
рэ сщIын щхьэкIэ фIэкIыпIэ имыIэу сыкъэкIуэнущ абы, ауэ сыкъэсу
адэкIэ пщIэн хуейр бжесIэн хуэдэу махуиблкIэ къыщыспэплъэ».

## ТIалутI пащтыхь зэрыхъуар

9 И щIыб къигъазэу Щамел къыщыбгъэдэкIыжым, Тхьэм
ТIалутI нэгъуэщI цIыху ищIащ, къыжраIа псори нахуэ хъуащ.
10 ТIалутIрэ и унэIутымрэ Джыбэхь къыщысым, абыхэм я гъуэгу-
пэм бегъымбар гуп къыихуащ. Тхьэм и Псэм ТIалутI зэщIищтэри,
Тхьэм и псалъэхэр иIуатэу щIидзащ. 11 Абыхэм я гъусэу Тхьэм
и псалъэхэр ТIалутIи иIуатэу щызэхахым, къэзыцIыху-къэзыщIэ-
хэм: «КIыщ и къуэм сыт къыщыщIар? ТIалутIи бегъымбар хъуауэ
ара?» – жаIэурэ зэупщIыжу хуежьащ.
12 А щIыпIэм щыпсэу лIы гуэр къэпсэлъащ: «Сыт, адрейхэр
къызыхэкIар лъэпкъыфIу ара?»[c] – жиIэри. Апхуэдэ щIыкIэкIэ
«ТIалутIи бегъымбархэм яшыщ?» псэлъафэр къежьащ.

---

a 10:5 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэр «Тхьэм и Iуащхьэ» жиIэу къызэрыкI «Джыбэхь Елохим» щIыпIэцIэращ. ТIалутI и адэжь хэкур абдежт здэщыIэр.

b 10:5 Тхьэм къыбгъэдэкI унафэ пыухыкIахэр цIыхум ялъэзыгъэIэсу, бегъымбарыгъэ нахуэ зезыхьэу щыта, псалъэм папщIэ, Мусэрэ Илясрэ яхуэбгъадэ хъуну къыщIэкIынкъым мы бегъымбар гупыр. Тхьэм и Псэм зэщIищтэрэ щхьэхуимыту техъыкI дин лэжьакIуэ гупу щытагъэнущ мыхэр.

c 10:12 Журт. «Хэт хъуну адрейхэм я адэр?» Мы псалъэхэм къарыкI дыдэм теухуауэ щIэныгъэлэжьхэм зыгуэрым траубыдауэ щыткъым.

13 Тхьэм и псалъэхэр Іуэтэн зэригъэувыІэу, ТІалутІ тхьэлъэІу-
пІэм дэкІащ.
14 «Дэнэ фыздэщыІар иджыри къэс?» – еупщІащ ТІалутІрэ
и унэІутымрэ ТІалутІ и адэ къуэшыр.
«Шыдыбзхэм я лъыхъуакІуэ дыщыІащ, – жаІащ абыхэм, – ауэ
зэрыдмыгъуэтынур къыщыдгурыІуэм, Щамел деж дыкІуащ».
15 «Сыт-тІэ Щамел къывжиІар, къызжеІэжыт!» – щІэупщІащ
адэ къуэшыр.
16 «Шыдыбзхэр къызэрыкъуэкІыжар къыджиІащ», – иритащ
абы жэуап ТІалутІ. Ауэ пащтыхьыгъэм ехьэлІауэ Щамел къыжри-
Іахэм ТІалутІ ирипсэлъакъым.
17 Щамел исрэІилхэр ТХЬЭМ и пащхьэ Мызпэхь къыщызэхуи-
шэсри 18 яжриІащ: «Мыращ ИсрэІилым и ТХЬЭМ къыфхуиІуэхур:
„ИсрэІилыр Мысырым фыкъизышыжар, абы и бжьыр фтезыхыжар,
фызыгъэпщылІа пащтыхьыгъуэхэм факъыІэщІэзыхыжар Сэращ“.
19 Ауэ тхьэмыщкІагъэмрэ хьэзабымрэ фщхьэщызых фи Тхьэр иджы
ІэщІыб фщІащ. „Гъуазэ тхуэхъуну пащтыхь тхутегъэувэ!“ жыфІэри
фиувыкІащ. Апхуэдэу щыхъуакІэ, щхьэж зыщыщ лІакъуэрэ къызы-
хэкІа лъэпкъкІэ фызэхэкІи, ТХЬЭМ и пащхьэ фиувэ».
20 Щамел исрэІил лІакъуэхэм я цІэр зырызурэ кърриІуэурэ,
Бенамин и лІакъуэр пхъэидзэм къикІащ. 21 Бенамин и лІакъуэм
щыщхэр лъэпкъ-лъэпкъкІэрэ щызэхидзым, МытІырэ и лъэпкъым
техуащ. ИкІэм-икІэжым, МытІырэ и лъэпкъым щыщхэм зырызыххэу
я цІэр къыщриІуэм, КІыщ и къуэ ТІалутІ пхъэидзэм къикІащ. Ауэ
ар къыщалъыхъуэм ягъуэтакъым. 22 Апхуэдэу щыхъум ТХЬЭМ
иджыри зэ зыхуагъэзащ: «Къыхэпхар къекІуэлІакъэ?»[a] – жаІэри.
ТХЬЭМИ жэуап къаритащ: «КъекІуэлІащ, выгухэм деж зыще-
гъэпщкІу!» – жиІэри.
23 КІэлъагъажэу къыщашэм, цІыхухэми къыщыхагъэувэм, псом
нэхърэ зы щхьэ хуэдизкІэ нэхъ лъагэу къыщІэкІащ. 24 Щамел
къызэхуэсахэм захуигъазэри: «Флъагъурэ ТХЬЭМ къыхихар
зыхуэдэр? Зэрылъэпкъыу абы пэхъун къыфхэткъым!» – жиІащ.

---

[a] 10:22 Е: «Мыбы иджыри зыгуэр къекІуэлІэн хуей?»

Зэрыгъэгуоуащ итӀанэ цӀыху цӀыкӀур: «ИугъащӀэ пащты-
хьым!» – жаӀэурэ.
25 Абы иужькӀэ пащтыхьым унафэрэ хуитыныгъэу ӀэщӀэлъыр
зыхуэдэм Щамел цӀыхубэр щигъэгъуэзащ. Абы ахэр итхщ, тхылъ
ищӀри, ТХЬЭМ и пащхьэ ирилъхьащ. ИтӀанэщ Щамел цӀыхухэр
щхьэж и унэ кӀуэжыну хуиту щызэбгриутӀыпщыкӀыжар.
26 ТӀалутӀи и унэ, Джыбэхь щыӀэм, игъэзэжащ, ТХЬЭР зи
гущӀэ лъапсэм лъэӀэса щӀалэ хахуэ зыбжанэ и гъусэу. 27 АрщхьэкӀэ
зыгуэрхэм «Дауэ абы дэ дыкъызэрихъумэнур?» – жаӀэри зыкъра-
сащ. Абыхэм ТӀалутӀ нэмыплъ иратащ, фӀыщӀэтыни къыхуахьа-
къым. Ауэ ТӀалутӀ абы псалъэ зи цӀэ къыхигъэкӀакъым.[a]

## ЕПЩЫКӀУЗАНЭ ӀЫХЬЭ

### *ТӀалутӀ Абэш къалэр къызэрыригъэлар*

11 1 Амонеипщ Нэхъыш и дзэр щӀыгъуу ДжылыӀэдейм ит
Абэш къалэм къекӀуалӀэри къитӀысыхьащ. Абэшдэсхэми
къыхуаӀуэхуащ: «ЗэгурыӀуэныгъэ зэдгъэщӀылӀи, уи унафэ дыны-
щӀэувэнщ», – жаӀэри.
2 АрщхьэкӀэ Нэхъыш япиубыдащ: «ЗэгурыӀуэныгъэ щывэ-
сщӀылӀэнур фэ фщыщу дэтхэнэми и нэ ижьыр исщӀу зэры-ИсрэӀил
хэгъэгуу и напэр тесхмэщ», – жиӀэри[b].

---

a 10:27 Кумран бгъуэнщӀагъым къыщагъуэтыжа пасэрей Ӏэрытххэм ящыщ зым мыбдеж мыпхуэдэ зы пычыгъуэ къыщыхьащ: «Амонеипщ Нэхъыш гущӀэгъу зи цӀэ имыщӀэу джадхэмрэ рэбилхэмрэ [Ӏурдын псыежэхым и адрыщӀкӀэ щетӀысэха исрэӀил лӀакъуэхэм] лей ярихырт. Я нэ ижьыр ирищӀырти, щхьэхуимытуи иӀыгът. Ӏурдын псыежэхым и адрыщӀкӀэ щыпсэу исрэӀил лъэпкъым щыщу амонеипщ Нэхъыш зы цӀыху къигъэнатэкъым зи нэ ижьыр иримыщӀа. Ауэ ДжылыӀэдейм ит Абэш къалэ амонейхэм яӀэщӀэкӀыу щтапӀэ ихьэжауэ цӀыху минибл щыӀэт».

b 11:2 Гъэр къащӀа бийр гъэикӀэн гухэлькӀэ ныкъуэдыкъуагъэ гуэр ехыныр – нэр ира-щӀынри хэту – хабзэу пасэрей лъэпкъхэм яхэлъащ. Нэ ижьыр зэрыращӀым биймрэ лъэр зэрыщӀихым и мызакъуэу, и зэуэкӀэри иригъэкӀакӀуэрт. Псалъэм щхьэкӀэ, зауэлӀхэм я нэхъыбэм мэӀум нэ сэмэгур зэхуищӀу Ӏэ сэмэгукӀэ зэраӀыгъым къы-хэкӀыу, зи нэ ижьыр иращӀам зыпэщӀэувэ бийр тэрэзу къыхуэлъэгъунутэкъым.

3 «Махуибл пIалъэ къыдэт, – жраIащ абы абэш тхьэмадэхэм, –
ИсрэIилым и дэнэ къуапи ди лIыкIуэхэр тIуэхуфын хуэдэу. Мы
псэзэпылъхьэпIэм* дыкъизышын къыкъуэмыкIмэ, зыкъэттынщ».
4 ТIалутI зыдэс Джыбэхь къалэм лIыкIуэхэр къэсу къэхъуам
и гугъур цIыхубэм щыхуаIуатэм, зэщIэгъуагэу хуежьащ. 5 Выхэм я
ужь иту губгъуэм къикIыж ТIалутI абы къыщрихьэлIэм: «Сыт къэ-
хъуар? ЦIыху цIыкIур щхьэ зэщIэпыхьэрэ?» – жиIэри щIэупщIащ.
Абэш лIыкIуэхэм къахьа хъыбарым ар абдежым щагъэгъуэзащ.
6 Хъыбарыр ТIалутI щызэхихым, Тхьэм и Псэм зэщIищтэри,
хуабжьу губжьащ. 7 ВитIыр иубыдщ, пкъырыпкъыу зэпкъриудри,
ИсрэIилым и дэнэ къуапи лIыкIуэхэм щызэбгригъэхащ: «Мы ви-
тIым я щхьэ кърикIуаращ ТIалутIрэ Щамелрэ я ужь къимыувэм
явхэм къащыщIынур!» – жиIэри.
ТХЬЭМ къарищIэнкIэ хъунум и шынагъэр цIыхуцIэ зиIэм
зыхащIати, зылI и быну псоми зыкъызэдаIэтащ. 8 Бэзэч нэсу ахэр
ТIалутI щригъэувэкIым, ИсрэIилым щыщхэр цIыхухъу мин щищ,
Ехьудейм щыщхэр цIыхухъу мин щэщI ирикъуу къыщIэкIащ. 9 ЛIы-
кIуэхэми къызэхуэсахэм хъыбар хуагъэхьащ: «ДжылыIэдейм ит
Абэш къалэм и цIыхухэм яжефIэж: „Пщэдей дыгъэм и къызэщIэ-
плъэгъуэм ирихьэлIэу псэзэпылъхьэпIэу фызэрытым фыкъизышы-
нухэр къэсынущ“ жыфIи».
Хъыбарыр лIыкIуэхэм щахьыжым, абэшдэсхэм ягу къызэры-
гъуэтыжри, 10 амонейхэм хуаIуэхуащ: «Пщэдей зыкъэттынущи,
фыфIэигъуэр къыдэфщIэну фыхуитщ», – жаIэри.
11 Пщэдджыжь нэхулъэр къызэкIэщIимытхъ щIыкIэ ТIалутI
и цIыхухэр дзэ пакIищу зэхидзащ. Пщэдджыжь пасэу амоней-
хэр щитIысыкIа щIыпIэм уащхъуэдэмыщхъуэу теуэри, шэджагъуэ
пщIондэ зэтраукIащ. Псэууэ къела тIэкIури зырыз-зырызурэ зэ-
кIэщIэжыжащ.
12 «„ТIалутI ди пащтыхьынура?“ жаIэу къэуvауэ щытахэр хэт? –
зыкъыхуагъэзащ абы иужь цIыхухэм Щамел. – Къыдэгъэлъагъу
ахэр, я псэр напIэзыпIэм хэтхынущ».
13 «Нобэ ТХЬЭМ ИсрэIилыр къыщригъэла махуэщи, – яхуида-
къым ар ТIалутI абыхэм, – зым и псэ дгъэнынукъым».

[14] «Джылджэл дыкӀуэнщи, – къыхилъхьащ абы адэкӀэ Щамел, –
пащтыхьыгъэм и лъабжьэр абдеж иджыри зэ щыдгъэбыдэжынщ».
[15] ЦӀыхуцӀэ зиӀэр Джылджэл кӀуэри, ТХЬЭР я щыхьэту ТӀалутӀ
пащтыхьыгъуэм трагъэуващ. Абдеж абыхэм ТХЬЭМ зэфӀыж
къурмэнхэри хуащӀащ, а махуэри ТӀалутӀрэ исрэӀил цӀыхубэмрэ
зэгъусэу ину зэдагъэмэхуэщӀащ.

## ЕПЩЫКIУТIАНЭ IЫХЬЭ

### *Щамел и джэпсалъэр*

**12** [1] Щамел ИсрэӀилым и цӀыхубэм джэпсалъэкӀэ захуи-
гъэзащ: «Фи лъэӀур згъэзэщӀащ, пащтыхьри фхутезгъэ-
уващ. [2] Иджы фи гъуазэр – пащтыхьщ. Сэ жьы сыхъуащ, си
щхьэри къетхъухащ; си щӀалэхэри къыфхэтщ. Си щӀалэгъуэм ще-
гъэжьауэ нобэр къыздэсым срывигъуэзащ. [3] Иджыри, сыкъызэры-
флъагъущи, фи пащхьэ ситщ! ТХЬЭРИ щыхьэту, Абы пащтыхьу
къыхихами зэхихыу къуаншагъэ къыздэзылъэгъуам жыфӀэ. Хэт ив
стхьэкъуа? Хэт и шыд тесха? Хэт къэзгъэпцӀа? Хэт си ягъэ екӀа?
И лажьэр сыущэхуу хэт Ӏулъхьэ къеӀысха? Къуаншагъэ скӀэрылъ-
мэ, жыфӀэ – къэсщтар фэстыжынущ!»
[4] «ДыкъэбгъэпцӀакъым, уи ягъи къыдэкӀакъым, – жаӀащ абы-
хэм. – Зыгуэрми зыгуэри къеӀыпхакъым».
[5] «Фи хьэкъ стемылъу зэрыжыфӀэмкӀэ, – япидзыжащ абыхэм
Щамел, – ТХЬЭРИ пащтыхьри щыхьэт ирехъу».
«Ирехъу щыхьэт!» – арэзы хъуащ къызэхуэсахэр.
[6] «АтӀэ, зэвгъащӀэ, – къыпищащ и псалъэм Щамел, – Мусэрэ
Хьэрунрэ къыфхуэзыгъэкӀуа, фи адэжьхэр Мысырым къизышыжа
ТХЬЭР щыхьэтщ. [7] Иджы, фыкъызэхуэси, фыкъеувэкӀ. Фэрэ фи
адэжьхэмрэ Абы къыфхуищӀа псори фигу къэзгъэкӀыжурэ сыны-
вэдэуэнущ.
[8] Екъуб• Мысырым кӀуэуэ зыкъом дэкӀыжа нэужь, – къигъэ-
кӀыжащ адэкӀэ цӀыхухэм ягу Щамел, – ТХЬЭР къадэӀэпыкъуну
табущхьэщкӀэ елъэӀуу хуежьащ гузэвэгъуэ ихуа абы и щӀэблэр.

ИтIанэ ТХЬЭМ Мусэрэ Хьэрунрэ къахуигъакIуэщ, абыхэм фи
адэжьхэр Мысырым кърашыжри, мы хэкум кърагъэтIысхьащ.
9 Арщхьэкlэ фыкъэзылъхуахэм ТХЬЭР, я Тхьэр, яIэщIэхужащ.
Аращ ахэр хьэзурыдзэм[a] и дзэзешэ Щэщэр и Iэмыщlэ щIрилъхьар,
зэпымычу зауэ къезыщIылIэ фылистейхэмрэ мэуабей пащтыхьымрэ
я бжьыми щыщIигъэувар. 10 Яхуэмышэчыж щыхъум фи адэжьхэр
табущхьэщкIэ ТХЬЭМ елъэIуу щIадзащ: „Гуэныхьышхуэ длэ-
жьащ. IэщIыб утщIри, БэIэлрэ Аштэрэтрэ дахуэпщылIу щIэддзащ.
ДынолъэIу, дакъыIэщIэхыж ди бийхэми, Уэ дыпхуэжыIэщIэнщ“
жаIэурэ. 11 Абы иужь ЕрубэIэл[b], Бэдан[c], Етыхь, Щамел сымэ
ТХЬЭМ къигъакIуэри, шынагъуэ жыхуаIэр фымыщIэу фыпсэун
щхьэкIэ фыкъэзыухъуреихьа фи бийхэм факъыIэщIихащ.

12 Ауэ амонеипщ Нэхъыш къывэзэуэну къызэрежьар къы-
щыфщIэм, фи пащтыхьыр ТХЬЭР ара пэтми, „пащтыхь гъуазэ
дыхуейщ“ жыфIэри зыкъифсащ. 13 Мыращ фэ езыхэм къыфщхьэ-
щытыну фыхуейуэ къыхэфха икIи фызыщIэлъэIуа пащтыхьыр:
аращ ТХЬЭМ гъуазэ фхуищIыр. 14 ТХЬЭМ фыфIэлIыкIмэ,
фыхуэлажьэмэ, фыхуэжыIэщIэмэ, унафэу къыфхуищIым зыпэ-
щIэвмысэмэ, фэри пащтыхьу фи унафэ зыщIынури ТХЬЭМ, фи
Тхьэм, и гъуэгу фрикIуэмэ, фехъулIащ! 15 Ауэ ТХЬЭМ и жиIэм
фемыдаIуэу и унафэм фебакъуэмэ, фи адэжьхэм ярищIар къыви-
щIэнущ, и неи къыфщыхуэнущ.

16 Иджы, фыкъэуви фыкъаплъэ, ТХЬЭМ иджыпсту фи нэгу
щIигъэкIынущ зы Iуэхугъуэшхуэ! 17 Гуэдз Iухыжыгъуэкъэ иджыпс-
ту? Ауэ ТХЬЭМ селъэIунущ уафэгъуагъуэ щIэту уэшх кърыгъэ-
шхыну[d]. КъывгурыIуэжынщ мис итIанэ пащтыхь фыщыщIэлъэIум
ТХЬЭМ и пащхьэ къыщыфхьа гуэныхьыр зыхуэдэр».

---

a 12:9 Зи гугъу ищIыр ХьэзуркIэ еджэу ИсрэIил хэгъэгум и ищхъэрэ лъэны-
къуэмкIэ щыIа пасэрей щыхьэрыжьым и дзэрщ.

b 12:11 Хьидуан зэреджэу щыта нэгъуэщI зы цIэщ (еплъ Гъуазэхэр 7:1).

c 12:11 Е: «Бэракъ».

d 12:17 Дунейр гъущэпсыщэу щрихьэлIэ гъатхэ кIасэу е гъэмахуэ пасэут гуэдзыр
щыIуахыжу щытар. Уафэгъуагъуэ зыщIэт уэшхри, къыхэгъэщын хуейщ, зэзэ-
мызэ дыдэт гъавэ хыжыгъуэм деж къыщешхыу щытар.

[18] Щамел ТХЬЭМ зыхуигъазэри, а махуэ дыдэм ТХЬЭМ
уафэгъуагъуэ щIэту уэшх къригъэшхащ. ЦIыхуцIэ зиIэм ТХЬЭМ-
РЭ Щамелрэ я шынагъэр хуабжьу зыхащIащ. [19] «Уа, Щамел, –
къэгузэващ цIыхухэр, – ТХЬЭМ, уи Тхьэм, тхуелъэIу ажалым
дыщихъумэну. Пащтыхь дыщIэлъэIури, дбгъэдэлъ гуэныхьхэм
иджыри зы къахэдгъэхъуащ».
[20] «Фымышынэ, – игъэсабырыжащ цIыхур Щамел. – Влэжьар
бзаджагъэщ, ауэ сыт мыхъуами, ТХЬЭМ фыкъыпэщIэмыкIуэт,
гурэ псэкIэ фыхуэлажьэ. [21] Тхьэм фыкъыбгъэдэкIыу щхьэпагъ
гуэри къыфхуэзымыхьыну тхьэнэпцIхэм зыдевмыгъэхьэх. Абы-
хэм фIы зыпылъ зи цIэ къыфхуащIэнукъым, шынагъуэ къыщыф-
лъэIэсам дежи къывдэIэпыкъуфынукъым – ахэр зыри ищIыскъым.
[22] И цIэ лъапIэм и хьэтыркIэ ТХЬЭМ IэщIыб ищIынукъым
и лъэпкъыр – Абы иухат и лъэпкъыу фыщытынуи, фыкъыхихащ.
[23] Сэри ТХЬЭМ и пащхьэ гуэныхь щысхуэлэжьынукъым фэр
щхьэкIэ тхьэ елъэIуныр зэпызгъэууэ. Гъуэгу захуэм, гъуэгу пэжым
фызэрытетынум дяпэкIи фыхуэзущиинущ. [24] ТХЬЭМ фыфIэлIыкI
къудей, щыпкъагъэ кIэлъызефхьэ, гурэ псэкIэ фыхуэлажьэ. Зыщы-
вмыгъэгъупщэ фэр щхьэкIэ Абы илэжьа Iуэхугъуэшхуэхэр. [25] Ауэ
адэкIэ бзаджэ щIэныр щывмыгъэтмэ, зэрыжылэу, пащтыхьри зэ-
рывигъусэу, дунеижьым фыщызэбгрипхъынущ».

## ЕПЩЫКIУЩАНЭ IЫХЬЭ

### *Щамел ТIалутI зэрегияр*

**13** [1] ТIалутI илъэс щэщI и ныбжьт пащтыхь щыхъуам щыгъуэ,
илъэс тIощIитIрэ тIукIи ИсрэIилым унафэр щыIэщIэлъащ[a].
[2] ТIалутI ИсрэIилым щыщу цIыху минищ къыхишри и дзэм хи-
гъэхьащ. Адрейхэр щхьэж и унэ иутIыпщыжащ. ЗауэлI минитIыр

[a] **13:1** ТIалутI и ныбжьымрэ пащтыхь унафэр зэрыIэщIэлъар зыхуэдизымрэ те-
ухуауэ пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытххэм наIуэу зыри къыхэщкъым. Едзы-
гъуэр пасэрей алыджыбзэкIэ тха IэрытххэмрэФIыцIагъэ ЛъапIэм и щIыпIэ
зэхуэмыдэхэм ущрихьэлIэ тегъэщIапIэхэмрэ гъуазэ тщIыурэ зэддзэкIащ.

езым щIыгъуу Мыхьмэс къалэм дэсащ, БэтIэл бгылъэми исащ,
мин къэнар – езым и къуэ Йонэтан и гъусэу Бенамин щIыналъэм
хиубыдэ Джыбэхь къалэ щыIащ.
3 Джыбэхь къалэм дэс фылистей дзэ пакIэм Йонэтан теуэри зэ-
хикъутащ. Къэхъуар езы фылистейхэм дежи нэсащ. Абы иужькIэ
хэкум и дэнэ къуапи исрэIилу щыпсэум къэхъуар яригъащIэу гъуо-
хэр ягъэджэну ТIалутI унафэ ищIащ. 4 Арыххэуи, ТIалутI фылистей
дзэ пакIэр зэрызэхикъутами, абы къыхэкIыу бийм къыхуаIэ хъуа
гужьгъэжь бзаджэми я хъыбарыр зэры-ИсрэIилу зэлъащIысащ.
ЦIыхубэри ТIалутI деж Джылджэл къыщызэхуэсащ.
5 Фылистейхэр ИсрэIилым къезэуэну щызэхуэсым хьэкуэстыгу
мин щэщI, шу миних ирикъурт, я зауэлIхэри пшахъуэм и пэбжт. Ахэр
Бэтэун и къуэкIыпIэмкIэ пэIудзауэ щыт Мыхьмэс къалэ къакIуэри
щигъуэлъыкIащ. 6 ИсрэIилхэм къащIэзэрыхьа шынагъуэр щалъагъум,
ирагъэкIуэти щыхъум, бгъуэнщIагъхэмрэ къуэгъэнапIэхэмрэ зыща-
гъэпщкIуащ, къыр зэхуакухэм, щIы щIагъхэмрэ псыкъуий жэщIахэм-
рэ щетIысэхащ. 7 Iурдын псыежэхым зэпрыкIыу Джад щIыналъэми
ДжылыIэдей хэкуми щтапIэ ихьэжаи исрэIилхэм къахэкIащ.
ТIалутI Джылджэл къыдэнащ. Абы щIыгъуу къэна зауэлIхэр
шынэм зэщIиIулIауэ иIыгът. 8 Щамел пIалъэу игъэувам ежьэу
ТIалутI махуиблкIэ зэщIэдэIукIащ, ауэ ар зи Джылджэл къыщы-
мыкIуэххэм, дзэр зэбгрыжыжу хуежьащ. 9 «Тыхь гъэсынхэмрэ
зэфIыж къурмэнхэмрэ сщIынущи, – ищIащ унафэ ТIалутI апхуэдэу
щыхъум, – зыхуэныкъуэну псори къысхуэфхь». И закъуэуи тыхь
гъэсынхэр ищIащ.
10 Къурмэн щIыныр зэфIигъэкIа къудейуэ Щамел къэсащ. ФIэ-
хъус ирихыну ТIалутI щыпежьэм, 11 «ПщIа мыгъуэр сыт уэ?» –
жиIэри къегиящ ар Щамел.
«Дзэр зэбгрыжыжу щыслъагъум, бгъэува пIалъэми укъыщы-
мысым, фылистейхэри Мыхьмэс къыщызэхуэсу щыхуежьэм,
12 „Фылистеидзэр куэд дэмыкIыу Джылджэл къэсынурэ къыспэ-
щIэувэнущ, сэ иджыри къыздэсым ТХЬЭР щIэгъэкъуэн къыт-
хуэхъуну тхьэ селъэIуагъэххэкъым“ жысIэри сегупсысащ. Тыхь
гъэсынхэр сщIыну сыщIытегушхуар ащ», – жиIащ ТIалутI.

13 «Iуэхум акъылкIэщIыгъэкIэ ухыхьащ, – хуилъащ абы
Щамел. – ТХЬЭМ, уи Тхьэм, къыпхуищIа унафэм уебэкъуащ:
зыпшыIатэмэ, уи пащтыхьыгъуэм и лъабжьэр игъащIэкIэ игъэбы-
дэнут. 14 Иджы абы ихьыжын щыIэкъым. Зыхуейм хуэдэ цIыху
ТХЬЭМ къигъуэтагъэххэщ, аращ и лъэпкъым гъуазэ хуищIынури:
уэ ТХЬЭМ къыпхуигъэувa унафэр бгъэзэщIакъым».
15 Абы иужь Щамел Джылджэл икIри Бенамин щIыналъэм
хиубыдэ Джыбэхь къалэ кIуащ.[a] ТIалутI и гъусэхэр къыщилъытэ-
жым, цIыху щих хъууэ къыщIэкIащ.

## Зэрызэуэн Iэщэ-фащэ зимыIэ ИсрэIилыр

16 ТIалутIи, абы и къуэ Йонэтани, зауэлI ящIыгъухэри Бенамин
щIыналъэм хиубыдэ Джыбэхь къалэ къыщыувыIащ, фылистейхэр
Мыхьмэс щигъуэлъыкIащ. 17 Теуэ къащIыну фылистеидзэм дзэ
пакIищ къыхэкIащ. Зым ШуIэл щIыналъэм ит IуфыркIэ иунэтIащ,
18 адрейм БэтхъуранкIэ кIуэ гъуэгур къыхихащ, ещанэм ЗэбуIимкIэ
зэджэ къуэм къеуалIэ гъунапкъэщIымкIэ, пшахъуэщI лъэныкъуэм-
кIэ, ягъэзащ[b].
19 А лъэхъэнэм зэры-ИсрэIил хэгъэгуу зы гъукIэ закъуэ нэхъ
мыхъуми исакъым: исрэIилхэм джатэрэ бжырэ зыщIыфын фылис-
тейхэм къыщIагъэхъуэнутэкъым. 20 Абы щхьэкIэ я вабдзэхэр, фIанэ-
хэр, уэщхэр, гъубжэхэр ирагъэлъыну фылистейхэм деж кIуэн хуей
хъурт. 21 Вабдзэ, фIанэ хуэдэхэр зэралъыр шэкIэл щанитIт, уэщхэмрэ
гъущIыч папцIэхэмрэ ирагъэлъын щхьэкIэ зы шэкIэлым и щанэр
щIатынут.[c] 22 Аращ зауэр щаублэ махуэм, ТIалутIрэ Йонэтанрэ хэ-
гъэкIауэ, зауэлIхэм ящыщу зыми джатэ е бжы щIимыIыгъар.

---

a 13:15 Е, пасэрей алыджыбзэкIэ тха Iэрытххэм зэритымкIэ, «Абы иужь Щамел Джылджэл къибгынэри, и гъуэгу теувэжащ. Къэнахэр ТIалутI и ужь иту биидзэм пежьащ. Ахэр Джылджэл къикIри, Бенамин щIыналъэм хиубыдэ Джыбэхь кIуащ».

b 13:18 Апхуэдэ щIыкIэкIэ, фылистеидзэр зэбгрыкIри, ищхъэрэкIи, къухьэпIэм-кIи, къуэкIыпIэмкIи яунэтIащ.

c 13:21 Е: «Вабдзэ, фIанэ, гуахъуэ, уэщ, гъущIыч папцIэ хуэдэхэр ебгъэлъыным шэкIэл щанитI хуэзэрт». ШэкIэл щанитIыр дыжьын граммий хуэдиз хъунущ.

### *Йонэтан зэрихьа лIыгъэр*

[23] Абы хэту фылистеидзэм щыщ зы гупышхуэ Мыхьмэс къуэ-
ладжэм къекIуэлIащ.

## ЕПЩЫКIУПЛIАНЭ IЫХЬЭ

**14** [1] «Дегъауи, – жриIащ зы махуэ гуэрым ТIалутI и къуэ Йо-
нэтан и пшэрыхь щIалэщIэм, – фылистеидзэм щыщ гупы-
шхуэу модрыщIым игъуэлъыкIам я деж дыгъакIуэ». Йонэтан мурад
ищIахэр и адэм щибзыщIащ.
[2] Абы щыгъуэ ТIалутI Джыбэхь къалэм и Iэгъуэблагъэм ит
Мэджырун жылэм щыIэт, нары* жыг щIагъым деж щыст, цIыху
щих хуэдиз щIыгъуу. [3] Тхьэпщ кIэпхыныр зыIулъ Ахъияи яхэтт
абыхэм. Ар Ехьэбэд и къуэш Ахътуб и къуэт. Ахътуб Панхэс
и къуэт, Панхэси ТХЬЭМ и тхьэпщу Шылэу щыщ Iилэ и къуэт.
Йонэтан дзэм зэрыхэкIуэсыкIам зыми гу лъитакъым.
[4] Фылистеидзэм щыщ гупышхуэм Йонэтан зэрекIуэлIэну и
гугъа зэпрыкIыпIэм къыр лъагитI къыщхьэщытт: зыр Бэсыст,
адрейр – Сэнэхьт[a]. [5] Зыр ищхъэрэкIэ, МыхьмэскIэ, адрейри ипщэ-
кIэ, Джыбэхь къалэкIэ, къыщылъагъуэрт.
[6] «НакIуэ, дегъэкIуалIэ мо сунэтмыщIыжьхэм я плъыр пщыIэм, –
жриIащ Йонэтан и пшэрыхь щIалэщIэм. – ПщIэну щыткъым,
ТХЬЭМ ди насып ятригъэкIуэнкIи мэхъу. МащIэ дыхъукIи, куэд
дыхъукIи, Ар къыддэIэпыкъуну иухамэ, къыдащIэфын щыIэкъым».
[7] «Уи гум къызэрыбжиIэм хуэдэу щIы, – арэзы хъуащ пшэрыхь
щIалэр. – Сэ суридамэгъущ. Iуэхум дауэ ухэплъэми, ар сэ бдэс-
Iыгъынущ».
[8] «АтIэ, – жиIащ Йонэтан, – абы щыгъуэ дызэпрыкIынщ мобы-
хэм дежи, закъедгъэлъагъунщ. [9] „Мо дыкъэкIуэтэху зэ фыкъы-
тпэплъэ!“ къыджаIэу щытмэ, ди пIэ дикIынкъым, гъунэгъуи
захуэтщIынкъым. [10] Ауэ „ФыкъакIуэ, фыкъыдэкIуей!“ жаIэмэ,

---

a **14:4** «Бэсыс» псалъэм «цIу, лыд» е «шэдылъэ», «Сэнэхь» псалъэми «папцIэ,
банэ» жиIэу аращ къикIыр.

дыдэкIынщ къырым; ТХЬЭМ фылистейхэр ди Iэ къызэрырилъхьамкIэ ар нэщэнэ тхуэхъунщ».

11 Абы иужь фылистейхэм къалъэгъун хуэдэу тIури къэуващ. «Фыплъэт! – зэрыгъэкIиящ фылистейхэр. – ИсрэIилхэр зыщагъэпщкIуа гъуэмбхэм къикIыу хуежьащ». 12 «Мо фыкъыдэкIуей,
зыгуэр фэдгъэлъагъунущ!» – жаIэри, плъыр пщыIэм тесхэр Йонэтанрэ и пшэрыхь щIалэмрэ къегуоуащ.

«Къиувэ си ужьым, – тригъэгушхуащ и пшэрыхь щIалэр Йонэтан. – Кърилъхьащ ахэр ТХЬЭМ ИсрэIилым и Iэ».

13 Йонэтани абы и ужьым ит пшэрыхь щIалэри, къыр дзакIэхэм зыкIэращIэурэ, щыгум нэс дэпщеящ. Зэрыдэпщейуи, фылистейхэм ящыщу къыпэщIэхуэр Йонэтан ириудым, пшэрыхь щIалэм ахэр иукIыурэ яхэлъэщыхьащ.
14 Зэ илъыгъуэкIэ Йонэтанрэ и гъусэмрэ зы махуэкIэ витIым явэ губгъуэм и ныкъуэ хуэдиз хъу а щIыпIэм цIыху тIощIым нэс иraукIыхьащ.

15 Арыххэуи, дзэр щигъуэлъыкIа щIыпIэм щыIэхэри, губгъуэм итхэри, плъыр пщыIэм тесхэри, теуэ къэзыщI дзэ гупым хэтхэри зэрыгъэгужьеящ. Абы хэту щIыри къэгызащ. ЗдэкIуэнури здэжэнури ямыщIэжу псори гузэвэгъуэшхуэм хэхуащ[a].

### ***Фылистейхэр къызэрыхагъэщIар***

16 Бенамин щIыналъэм хиубыдэ Джыбэхь къалэм щыIэ ТIалутI и плъырхэм къалъэгъуащ биидзэр щхьэж и занщIэкIэ зэрызэбгрыжыр.
17 «Дзэм фыхэплъи, – ищIащ унафэ ТIалутI а хъыбарыр щызэхихым, – къэтыр хэтми къафщIэ». ЗэрыжиIам хуэдэу ящIри, Йонэтанрэ абы и пшэрыхь щIалэмрэ къэту къыщIэкIащ.

18 «Пхъуантэ ЛъапIэр къэхь», – жриIащ ТIалутI Ахъия, ищIэн хуейхэмкIэ Тхьэм зыхуигъэзэн гухэлъыр иIэу. (А махуэм Пхъуантэ ЛъапIэр исрэIилхэм деж щыIэт.)[b]
19 ТIалутI тхьэпщым епсэлъэхункIэ, фылистейхэм я лъэныкъуэкIэ къыщыхъея зэрызехьэр

---

a 14:15 Е: «А гузэвэгъуэшхуэр къэзыхьар Тхьэрт».

b 14:18 Языныкъуэ пасэрей Iэрытххэм «Пхъуантэ ЛъапIэ»-м и пIэкIэ мыбдеж узыщрихьэлIэр «тхьэпщ кIэпхын» псалъэращ.

нэхъри къызэщIэплъэу хуежьащ. Ар щилъагъум, «Хъунщ, хъунщ,
сыхуэныкъуэжкъым!» – жиIэри, ТIалутI тхьэпщыр къигъэувыIащ.
20 ТIалутIрэ и дзэмрэ зэуэ зыкъаIэтри, фылистейхэм ебгъэры-
кIуэу щIадзащ. Зэрыгъэгужьеярэ зым зыр джатэкIэ иукIыжу
къарихьэлIащ ахэр фылистейхэм. 21 Фылистейхэм яхыхьэжу, абы-
хэм я дзэр щигъуэлъыкIа щIыпIэм щыIа исрэIилхэми ТIалутIрэ
Йонэтанрэ деж къагъэзэжащ. 22 Фылистейхэр зэрыщIэпхъуэжыр
щызэхахым, ЕфрэIим бгылъэхэм зыщызыгъэпщкIугъа исрэIилхэри
зауэм къыхыхьэри, бийм ебгъэрыкIуэу хуежьащ. 23 Апхуэдэ щIы-
кIэкIэ а махуэм ТХЬЭМ ИсрэIилыр къихъумащ, езы зауэзэрылIыр
Бэтэун нэсыхукIэ екIуэкIащ.

## *ТIалутI и тхьэрыIуэм къррикIуар*

24 А махуэм исрэIилхэм хьэлъэу ятелът: «Бийм хуэфащэр езгъэ-
гъуэтыхункIэ фэ фщыщу пшапэ зэхэмыуауэ дзэкъэгъуэ зыIузы-
лъхьэм Тхьэм и нейр къыщыхуэ!» – жиIэу тхьэрыIуэкIэ ТIалутI
зэрипхар. ЗауэлIхэми зы хьэдзэ зыIуалъхьакъым.
25 Дзэр мэзым щыхыхьэм, фощIэжыр щыкуэд хуейм хуэзащ.
26 Мэзым хыхьахэм фощIэж бэвыр ялъагъуурт, арщхьэкIэ гыбзэр къа-
техуэнкIэ шынэрти, зыми фом щыщ зыIуагъэхуакъым. 27 ЦIыхубэр
тхьэрыIуэкIэ и адэм зэрипхам щымыгъуазэ Йонэтан закъуэ IэщIэлъ
башыр ишийри, безым хигъэуащ. Фор и жьэ щыхуихьым, къару
нэхъ игъуэтыжащ. 28 Арыххэуи, зауэлIхэм ящыщ зы къэпсалъэри
жриIащ Йонэтан: «Уи адэм тхьэлъанэ быдэ дигъэщIащ, „Тхьэм
и нэлатыр тихуэ нобэ шхэм!“ жиIэри. ЦIыхухэри къарууншэ хъуащ».
29 «Ди адэм цIыхубэм лей ирихащ, – жиIащ Йонэтан. – Фе-
плъыт, фом щыщ тIэкIу зэрысIухуэу къару згъуэтыжащ. 30 Сытым
хуэдэуи фIы хъунт, бийм къыIэщIэтха къуентхъ* гъуэмылэм щыщ
гуэр ди цIыхухэм яIухуатэмэ! ХэщIыныгъэ нэхъыбэ еттынтэкъэ
итIанэ фылистейхэм?»
31 Мыхьмэс щегъэжьауэ Айалон нэсыхукIэ фылистейхэр хагъа-
щIэурэ кIуа исрэIилхэр а махуэм хуабжьу ешаелIат. 32 Къуентхъыу
къызэхуахьэсам зрадзри, Iэщ цIыкIуи, Iэщ пIащи, шкIэи къамыгъанэу
къытрадзэурэ фIагъэжащ, лъыр къазэрыпыжыуи яшхыу хуежьащ.

33 «Лъыр зыщIэмыкIа лыр яшхыурэ ТХЬЭМ и пащхьэ цIыхухэм
гуэныхь щалэжь», – жиIэри зыгуэрым ТIалутI хъыбар иригъэщIащ.
«Бзаджагъэ влэжьащ, – ящIэгуоуащ ТIалутI цIыхухэм. – ИкIэ-
щIыпIэкIэ зы мывэшхуэ къэвгъажэ си деж». 34 «ЦIыхум фахыхьи, –
ищIащ абы унафэ, – дэтхэнэми и выр е и мэлыр къихуу мыбдеж
щыфIибзу щишхыну яжефIэ. ТХЬЭМ и жагъуэр зыхэлъыр фы-
мылэжь, зиунагъуэрэ, лъы зыщIэт лыр фшхыуэ!»
А жэщым дэтхэнэ зыми и выр а мывэшхуэм деж къришалIэурэ
щыфIибзащ. 35 ТIалутI ТХЬЭМ и цIэкIэ къурмэнщIыпIэ япэ дыдэу
апхуэдэ щIыкIэкIэ игъэуvауэ щытащ.
36 «ДакIэлъевгъажьэ фылистейхэм жэщми, – захуигъэзащ абы
цIыхубэм, – нэхулъэм зыкъызэщIичыху дывгъэхъунщIи, къанэ
щымыIэу дывгъэукI».
«ЗэрыпфIэигъуэм хуэдэу щIы!» – къыпэджэжащ абы мыдрей-
хэри арэзыуэ.
АрщхьэкIэ «Тхьэм иухар зыхуэдэр япэщIыкIэ къэдвгъащIэ!» –
жиIэри идакъым тхьэпщым.
37 «Фылистейхэм я ужь сихьэ хъуну? – зыхуигъэзащ ТIалутI
Тхьэм. – ИсрэIилым и Iэмыщ1э къиплъхьэрэ ахэр?» Тхьэм а махуэм
абы зыкъригъэщIакъым.
38 «Дзэзешэхэр зы къэмынэу фыкъызэхуэси, – къыхилъхьащ
абы иужь ТIалутI, – гуэныхьу нобэ къахьар зыхуэдэр къэщIэд-
вгъэгъэщ. 39 ИсрэIилыр кIуэдыпIэ къизышыж ТХЬЭМ и цIэкIэ
соIуэ, къуаншагъэр зыбгъэдэлъыр си къуэ Йонэтан дыдэу щытми,
абы кIэ етын хуэмеймэ». Зыгуэрми зы псалъэ къыжьэдэкIакъым.
40 «Фэ зы лъэныкъуэкIуэ фыкъэув, – яхуищIащ унафэ ТIалутI
исрэIилхэм, – сэрэ си щIалэмрэ зы лъэныкъуэкIэ дыкъэувынщ».
«ЗэрыпфIэигъуэм хуэдэу щIы!» – къыпэджэжащ абы цIыхухэр.
41 «Жэуап пэж къызэт!» – жиIэри ТIалутI ТХЬЭМ, ИсрэIи-
лым и Тхьэм, елъэIуащ[a]. Пхъэидзэ щащIым, ТIалутIрэ Йонэтанрэ

---

[a] 14:41 Пасэрей алыджыбзэкIэ тха Iэрытххэм текстыр нэхъ кIыхьу къыщыхьащ: «ТIалутI тхьэ елъэIуащ: „Уэ ди ТХЬЭ, ИсрэIилым и Тхьэ, сыт щхьэкIэ жэуап нобэ къызумытарэ? Мы къэхъуар зи лажьэр сэрамэ е си къуэ Йонэтанмэ, уэ ди ТХЬЭ, ИсрэIилым и Тхьэ, уримыр къигъэкI, ауэ къуаншагъэр зытелъыр

я кIэныр кърахри, цIыхухэр зэкIэ хей* хъуащ. [42] «Сэрэ Йонэтанрэ
ди цIэкIэ иджы пхъэидзэ фщIы», – ищIащ унафэ ТIалутI. Арати,
кIэн кърахар Йонэтан ейуэ къыщIэкIащ.
[43] «ПщIар зищIысыр сыт, къэIуатэ», – жиIэри ТIалутI Йонэтан
хигъэзыхьащ.

«Башыпэм тез хъун фо тIэкIу сшхауэ аращ, – къитащ жэуапыр
Йонэтан. – Абы щхьэкIэ си псэр бгъэныну?»
[44] «ТХЬЭМ и ней къысщыхуэ, Йонэтан, – жиIащ ТIалутI, –
псэууэ усIэщIэкIмэ!»
[45] АрщхьэкIэ цIыхум ар ямыдэу ТIалутI пэуващ: «Йонэтанкъэ
ИсрэIилым текIуэныгъэр къыхуэзыхьар? Сыт ар лIэн щIыхуейр?
Ар хъункIэ Iэмал зимыIэщ! ТХЬЭМ и цIэкIэ доIуэ, и зы щхьэц
налъи хэмыхун абы. Тхьэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъущ, зиунагъуэ-
рэ, ар нобэ зэрызекIуар». Апхуэдэу Йонэтан цIыхухэм кърагъэлри,
ажалым къыIэщIахащ.
[46] ТIалутI фылистейхэм я ужьым щикIыжым, абыхэми я щIыпIэ
ягъэзэжащ.

## *ТIалутI текIуэныгъэ къихьахэр*

[47] ИсрэIилым и тетыгъуэр щигъэбыда нэужьи, ТIалутI къэзы-
ухъуреихь и бийхэм езауэ зэпыту къекIуэкIащ: Мэуабеи, Амонеи,
Едумеи, Зубэхь[a] и пащтыхьхэми, фылистейхэми. ДэнэкIэ зи-
мыгъэзами, текIуэныгъэр къихьырт. [48] Къэмылэнджэжу зауэурэ
амэлычхэр зэтрикъутащ, ИсрэIилри хъунщIакIуэхэм къаIэщIихащ.

## *ТIалутI и унагъуэр*

[49] Йонэтан, Ашуй, Мелэчшу жари ТIалутI къуищ иIащ. Ипхъу
нэхъыжьым зэреджэр Мэрабт, нэхъыщIэри Мэхъалт. [50] И щхьэ-
гъусэм и цIэр Ахэнымт, ар Ахъиймэз ипхъут. ТIалутI и дзэм

исрэIилу уи лъэпкърамэ, тумимыр къигъэкI“». Уримрэ тумимкIэ зэджэ кIэн лъапIэхэр тхьэпщ кIэпхыным дыщэ лэрыпскIэ епха бгъэIулъым кърахырти ядзырт, Тхьэм и унафэр зыхуэдэр абыкIэ къащIэн щхьэкIэ.

a **14:47** Щам щIыналъэм и щIыгум хыхьэу ИсрэIил хэгъэгум и ищхъэрэ гъунапкъэхэм къыIусу щыта, къэрал гъэпсыкIэ зиIэ къалэхэм языхэзщ.

и тетыр Ныр и къуэ Аунирт. Ныр ТIалутI и адэ къуэшт. 51 ТIалутI
и адэ КIыщрэ Аунир и адэ Ныррэ АбрэIил и къуэт.
52 ТIалутI и гъащIэ псор фылистейхэм езауэ зэпыту ихьащ.
ЦIыху лъэщрэ лIыгъэ зыхэлъу къыхуэзэ дэтхэнэри и дзэм къу-
лыкъу щищIэну дапщэщи хигъэхьэрт.

## ЕПЩЫКIУТХУАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэм ТIалутI зэрибгынар*

15 1 Щамел ТIалутI зыхуигъазэри жриIащ: «И лъэпкъым
урипащтыхьыну ТХЬЭМ укъыщыхихым дагъэр уи щхьэ-
фэм щихуэну къигъэкIуэгъар сэрат. КъедаIуэ-тIэ иджы ТХЬЭМ
и псалъэм. 2 Мыращ ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмытым
къиIуэхур: „Мысыр къикIыж исрэIилхэм амэлычхэр къазэрыпэщIэ-
увэгъар сигу къэкIыжащ. 3 КIуэи зэтеукIэ ахэр! Я лъапсэ псэ зыIут
къыумынэ, мылъкуу ябгъэдэлъри гъэкIуэд![a] Уащымысхь, къыумы-
гъанэ псэууэ цIыхухъуи цIыхубзи, сабии быдзафи, Iэщ пIащи Iэщ
цIыкIуи, махъши шыди“».
4 ТIалутIи дзэр Телым къыщызэхуишэсащ – лъэсыдзэр зауэлI
мин щитI зэрыгъэхъурт. Ехьуд и лIакъуэм щыщ зауэлIхэри минипщI
ирикъуащ. 5 Дзэр амэлычхэм я къалэм къекIуалIэри, псы жапIэ
игъуэщыкIам деж къыщытIысащ. 6 ТIалутI къэнейхэми хъыбар яритащ:
«Амэлычхэм фадэмыкIуэдын хуэдэу, факъыхэкIи, лъэныкъуэ зевгъэз.
Мысырым къикIыж исрэIилхэм гущIэгъу яхуэзыщIыгъауэ щытар
фэращ!» Амэлычхэм къахэкIри, къэнейхэм лъэныкъуэ зрагъэзащ.
7 Хьэуийлэхь щегъэжьауэ Мысыр гъунапкъэм пэмыжыжьэу
щыIэ Шурей пшахъуэщIым нэсыхукIэ я зэхуакум амэлычу щыпсэум
ТIалутI ятеуэри зэхикъутащ. 8 Амэлычхэм я пащтыхь Аджадж гъэр
къищIри, и лъэпкъым щыщу зы цIыху къимыгъанэу джатэщхьэрыкIуэ

a 15:3 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым «къэгъазэ имыIэу цIыхур е хьэпшыпыр зэрыщыту Тхьэм тыхь хуэщIын» мыхьэнэр зиIэ псалъэращ мыбдеж щытыр. Тыхьыр къанэ щымыIэу Тхьэм хуэгъэкIуэдын зэрыхуейр псалъэм къегъэлъагъуэ. Апхуэдэу еплъ 15:8, 9, 15, 18, 20, 21.

ищӀащ. 9 ТӀалутӀрэ и зауэлӀхэмрэ Аджаджыр псэууэ къагъэнащ. ЕӀусакъым Ӏэщ цӀыкӀу лъэпкъыфӀи, Ӏэщ пӀащэ лъэпкъыфӀи, танэ гъэшхаи, щынэ пшэри – уасэ иӀэщ зыхужыпӀэн ягъэкӀуэдыну зыри хуеякъым. Ӏэщ къарууншэхэмрэ гурымыхьхэмрэщ зэтраукӀар.

10-11 «ТӀалутӀ пащтыхьу къызэрыхэсхам сыхущӀегъуэжащ, – къылъэӀэсащ ТХЬЭМ и псалъэр Щамел. – И щӀыб къысхуигъэзащ абы, си унафэри игъэзэщӀакъым». Щамели игу хуабжьу хэщӀащ, жэщ псор ТХЬЭМ хуэгъэза тхьэлъэӀум хэтуи ирихащ.

12 Нэхущнэгъыр къыщищӀым Щамел зиужьри, ТӀалутӀ хуэзэну къежьащ, арщхьэкӀэ ар Къармэл къалэм зэрыкӀуари абдеж езым и цӀэкӀэ мывэсын зыхуригъэгъэувыжу Джылджэл зэрежьари къыжраӀащ.

13 Щамел щыкӀэлъэщӀыхьэм, ТӀалутӀ абы фӀэхъус ирихри жриӀащ: «ТХЬЭМ и нэфӀ къыпщыхуэ! ЗгъэзэщӀащ ТХЬЭМ и унафэр».

14 «АтӀэ, Ӏэщ цӀыкӀум я гъуэ макъ зэхэсхыр сыт зищӀысыр абы щыгъуэм? Ӏэщ пӀащэу зэщӀэбууэр сыт?» – пиупщӀащ Щамел.

15 «Ахэр зауэлӀхэм амэлычхэм къытрахащ, – зиухеижу хуежьащ ТӀалутӀ. – ТХЬЭМ, уи Тхьэм, къурмэн хуэтщӀын щхьэкӀэ, Ӏэщ цӀыкӀу лъэпкъыфӀэхэмрэ Ӏэщ пӀащэ лъэпкъыфӀэхэмрэ дымыукӀыу къэдгъэнащ. Адрей псор зы къэмынэу дгъэкӀуэдащ».

16 «УвыӀэ! – зэпиудащ ТӀалутӀ и псалъэр Щамел. – КъедаӀуэ-тӀэ ныжэбэ кӀуам ТХЬЭМ къызжиӀам!»

«ЖыӀэ!» – зиущэхуащ ТӀалутӀ.

17 «Зэгуэр зыпфӀэцӀыкӀуу узэплъыжауэ щытами, – кърегъэжьащ Щамел и псалъэр, – ИсрэӀилым лӀакъуэу исым я Ӏэщхьэтету узыгъэувар ТХЬЭРАТЭКЪЭ? 18 „КӀуэи, къанэ щымыӀэу мы лъэпкъ бзаджащӀэр – амэлычхэр – зэтеукӀэ, ящыщ къэмынэжыху езауэ!“ – жиӀэу пщэрылъ пщищӀри ТХЬЭМ уригъэжьатэкъэ? 19 Сыт ТХЬЭМ ущӀемыдэӀуар? Сыт щхьэкӀэ къуентхъым зебдза? ТХЬЭМ имыдэн бзаджагъэри щхьэ блэжьа?»

20 «Себэкъуакъым сэ ТХЬЭМ и псалъэ, – зиухеижырт ТӀалутӀ, – унафэу къысхуищӀари згъэзэщӀащ. Амэлычхэм ящыщу зы цӀыху псэууэ къэзгъэнакъым, я пащтыхь Аджаджи гъэр къэсщӀащ. 21 ТХЬЭМ, уи Тхьэм, и цӀэкӀэ Джылджэл къурмэн щащӀын

щхьэкӀэщ зауэлӀхэми ягъэкӀуэдын хуей къуентхъым Ӏэщ цӀыкӀуми
Ӏэщ пӀащэми щыщу нэхъыфӀыӀуэр къыщӀыхахар».
22 «ТХЬЭМ и псалъэм уедэӀуэным нэхърэ, – идакъым Щамел, –
тыхь гъэсынхэмрэ къурмэнхэмрэ Абы дежкӀэ нэхъапэу къыпфӀэщӀрэ? УдэӀуэныр нэхъыфӀщ къурмэным нэхърэ, унафэм утетыныр нэхъ игъуэщ тӀым и щэм нэхърэ. 23 Сыти жыӀэ, жыӀэмыщӀэр
хъуэнщэныгъэ зыхэлъым зыкӀи къыкӀэрыхуркъым, пагагъэри тхьэнэпцӀым хуэпщылӀыным пэлъытащ. ТХЬЭМ и псалъэр ӀэщӀыб зэрыпщӀам щхьэкӀэ, Езыми уи пащтыхьыгъэ и щӀыб къыхуигъэзащ».
24 «Гуэныхь злэжьащ, – щӀегъуэжащ ТӀалутӀ ар зэрызэхихыу. –
ТХЬЭМ къысхуищӀа унафэхэм себэкъуащ, уэ сызыхуэбущияхэми
седэӀуакъым. ЦӀыху цӀыкӀум сащышынэри, жаӀэр къэсщтащ. 25 СынолъэӀу, си гуэныхьыр къысхуэгъэгъуи, ТХЬЭМ щхьэщэ хуэсщӀын
хуэдэу, си гъусэу нэгъэзэж».
26 «Сэ згъэзэжынукъым уи гъусэу, – идакъым Щамел. –
ТХЬЭМ и псалъэр ӀэщӀыб зэрыпщӀам щхьэкӀэ, Езыми уи пащтыхьыгъэ и щӀыб къыхуигъэзащ!»
27 ӀукӀыжыну зыкъыщигъазэм, ТӀалутӀ пхъуэри, Щамел и щыгъын
щӀыӀутелъым и кӀэкъуащӀэр щиубыдым, хэтхъащ. 28 «ТХЬЭМ пащтыхьыгъуэу ИсрэӀилым къыщыуитар нобэ пӀэщӀитхъри, – жиӀащ
Щамел, – уэр нэхърэ нэхъыфӀ гуэрым ӀэщӀилъхьащ. 29 Зи щытхъур ин
ИсрэӀилым и Тхьэм мыпэж жиӀэркъым, жиӀами хущӀегъуэжыркъым.
ЦӀыху цӀыкӀум ящыщкъым Ар, зиунагъуэрэ, и псалъэ текӀыжыну».
30 «Гуэныхь злэжьащ, – жиӀащ ТӀалутӀ. – Ауэ, сынолъэӀу,
тхьэмадэхэмрэ ИсрэӀилымрэ я пащхьэ сыщумыгъэикӀэу си гъусэу
нэгъэзэж, ТХЬЭМ, уи Тхьэм, щхьэщэ щыхуэсщӀынущ абдеж».
31 Щамел и гъусэу игъэзэжри, ТӀалутӀ ТХЬЭМ щхьэщэ хуищӀащ.
32 «Амэлычхэм я пащтыхь Аджадж къысхуэфшэ!» – ищӀащ абы
иужь унафэ Щамел.
«Ажалым и дыджыр зблахащ» жыхуиӀэ щӀыкӀэу Аджадж
игурэ и щхьэрэ зэтелъу къыбгъэдыхьащ абы[a]. 33 АрщхьэкӀэ

[a] 15:32 Е: «„Ажалым и дыджыр зблэхауэ пӀэрэ?“ жиӀэу егупсысурэ Аджадж кӀэзызу къыбгъэдыхьащ абы».

Щамел абы жриIащ: «Анэхэм я бынхэр джатэщхьэрыкIуэ зэ-
рыпщIам хуэдэу, уи анэри бынынשэ хъуа цIыхубзхэм ящыщ
ирехъу!» Абдеж Щамел ТХЬЭМ и пащхьэ Аджадж Джылджэл
щызэхиупщIэтащ.

34 Абы иужькIэ Щамел Арэмэхь игъэзэжащ, ТIалутIи Джыбэхь
дэт и унэм кIуэжащ. 35 Щамел абы фIэкIа ТIалутI IущIэжакъым,
псэухуи абы и щхьэ кърикIуар игъеящ. ИсрэIилым и пащтыхьу
ТIалутI зэригъэувам ТХЬЭРИ хущIегъуэжат.

## ЕПЩЫКIУХАНЭ IЫХЬЭ

### *Щамел Даут и щхьэфэм дагъэ зэрыщихуар*

16 1 «Куэдрэ уринэщхъеину иджыри ТIалутI и Iуэхум? Къы-
IэщIэсхыжащ абы ИсрэIилым и пащтыхьыгъэ IэщIэслъхьэ-
гъар, – жриIащ ТХЬЭМ Щамел. – Дагъалъэм дагъэр из щIыи,
гъуэгу техьэ. Бэтлахьым щыщ Ашэй деж узогъакIуэ. Абы и щIалэ-
хэм ящыщ Сэ пащтыхь хъуну къыхэсхар».

2 «Дауэ абы сызэрыкIуэнур? – къэуIэбжьащ Щамел. – ТIалутI
ар зэхихмэ, сыIэщIэукIэнущ».

«Зы танэ здэхуи, – жиIащ ТХЬЭМ, – „ТХЬЭМ къурмэн
хуэсщIыну сыкъэкIуащ“ жыIэ. 3 Къегъэблагъэ къурмэным Ашэй,
адэкIэ пщIэнур Сэ къозгъэщIэнщ. Къозгъэлъагъунуми и щхьэфэ
дагъэр щыпхуэн хуей хъунущ».

4 ТХЬЭМ зэрыжиIам хуэдэу Щамел ищIащ. Бэтлахьым къы-
щысым, къалэ тхьэмадэхэр абы къыпыкъуэкIри, гузэвапэурэ къе-
упщIащ: «ГухэлъыфI уиIэу укъытхуэкIуа?»

5 «НтIэ, нтIэ, гухэлъыфIщ сиIэр, – игъэсабырыжащ ахэр
Щамел. – ТХЬЭМ и цIэкIэ къурмэн сщIыну аращ сыкъыщIэкIуар.
Хабзэм тету зывгъэкъабзи, къурмэным дызэдевгъэкIуалIэ». Ашэй-
рэ и къуэхэмрэ заригъэгъэкъабзэри, къурмэным кърихэблэгъащ.

6 КъурмэнщIыпIэм къыщекIуалIэм, Щамел Ашэй и къуэ
нэхъыжь Елэб къилъэгъуащ. ЩыIуплъэми, «Дауи, ТХЬЭМ
къыхихар мырагъэнщ» жиIэри егупсысащ.

[7] «Уемыплъ Елэб и теплъэмрэ и лъагагъымрэ, – ІэщІиудащ
Щамел и гупсысэр ТХЬЭМ. – Ар къызыпызгъэхуащ. Сэ сызэры-
хэплъэр цІыхум хуэдэукъым. ЦІыхур теплъэм еплъмэ, ТХЬЭР
гум йоплъэ».

[8] ИтІанэ Ашэй и къуэ етІуанэр, Абынэдэб, къриджэри Щамел
бгъэдишащ. Арщхьэкlэ «ТХЬЭМ къыхихари мыракъым» жиІэри,
ари Щамел идакъым. [9] Абы иужь Ашэй и къуэ ещанэр, Щамэ,
Щамел и пащхьэ иришащ, ауэ Щамел ари идакъым: «ТХЬЭМ
къыхихар мыракъым». [10] Апхуэдэххэурэ Ашэй и къуиблыр Щамел
бгъэдишэурэ иригъэлъэгъуащ, ауэ Щамел языхэзри идакъым:
«Мыбыхэм ящыщ гуэри ТХЬЭМ къыхихакъым», – жиІэри.
[11] «Уи щІалэхэр псори уи гъусэ?» – еупщІащ иужьым Щамел
Ашэй.

«НэхъыщІэ дыдэр къэтщ, – жиІащ Ашэй, – абы мэлхэр егъэхъу».

«КІэлъыгъакІуи, къегъэшэж-тІэ, – иукъуэдиящ Щамел. – Ар
къэмыкІуауэ тІыс диІэкъым».

[12] Ашэй щІалэм кІэлъигъакІуэри къригъэшэжащ. Ар щІалэ нэкІу
тхъуэплът, нэ дахэрэ теплъэ екІурэ иІэу. «Мыращ ар, – къригъэ-
щІащ Щамел и пащхьэ итыр хэтми ТХЬЭМ, – бгъэдыхьи и щхьэ-
фэм дагъэр щыхуэ».

[13] Дагъэлъэр къиштэри, зэшхэр зэрыщыту, Щамел Даут и щхьэ-
фэм дагъэр щихуащ. Абдежым щегъэжьауэ ТХЬЭМ и Псэр Даут
къылъэІэс зэпыту хуежьащ. Щамели Арэмэхь игъэзэжащ.

## *Даут ТІалутІ къулыкъу хуищІэну къызэрыкІуар*

[14] ТХЬЭМ и Псэм ТІалутІ къибгынэри, жин бзаджэм иригъэ-
убыдащ.

[15] «Тхьэм жин бзаджэм уригъэубыдащ, – жраІащ ТІалутІ
и блыгущІэтхэм. [16] – Пшынэдыкъуакъуэ еуэ гуэр къыпхуагъуэты-
ну унафэ пщІыркъэ, зиусхьэн? Жин бзаджэм укъыщыхигъэзыхьым
деж ар пхуеуэмэ, гупсэхугъуэ бгъуэтыжынщ».

[17] «Къысхуэвгъуэти къысхуэфшэ-тІэ пшынэдыкъуакъуэ еуэ
гуэр», – ищІащ абы щыгъуэм унафэ ТІалутІ.

[18] И унэIутхэм ящыщ зым жиIащ: «Бэтлахьым щыщ Ашэй
и къуэр пшынэдыкъуакъуэ фIыуэ зэреуэм сыщыгъуазэщ. Езыри
лIыхъущ, зауэлI хахуэщ, жьабзэ дахэ Iурылъщ икIи бжьыфIэщ.
ТХЬЭРИ и гъусэщ».
[19] «Мэлхэр зыгъэхъу уи къуэ Даут си деж къэгъакIуэ», – жиIэри
ТIалутI Ашэй деж лIыкIуэхэр иIуэхуащ. [20] Ашэй щIакхъуэр зэрылъ
нэдыр шыд уанэм кIэрищIэщ, чыцIрэ санэ фэндрэ къыщIигъужри,
Даут ТIалутI деж иутIыпщащ.
[21] Даут ТIалутI деж къакIуэри, къулыкъу хуищIэу хуежьащ.
ТIалутI хуабжьу фIыуэ илъэгъуащ Даут, арыххэуи, и пшэрыхь щIалэ-
хэм ящыщ хъуащ. [22] «Арэзы сыкъищIащ Даут, – жригъэIащ ТIалутI
Ашэй деж игъэкIуа лIыкIуэм, – хъунумэ, къэгъанэ ар си деж».
[23] ТХЬЭМ къыбгъэдэкI жин бзаджэм ТIалутI къихэгъэзыхьыху
къэскIэ, Даут пшынэдыкъуакъуэр къищтэрти, еуэрт. Абы ТIалутIи
гупсэхугъуэ дигъуэтыжырти, жин бзаджэм къиутIыпщыжырт.

## ЕПЩЫКIУБЛАНЭ IЫХЬЭ

### *ДжалутI бэнакIуэр*

**17** [1] Фылистейхэр къежьэри, Ехьудей хэкум ит Сэхэу жылэм
дзэр щызэрагъэуIуащ. Афэсдамим пэмыжыжьэуи, Сэхэурэ
АзкIыхьрэ я зэхуакум, щигъуэлъыкIащ. [2] ТIалутIрэ исрэIилхэмрэ
къызэхуэсщ, Елэхь тафэм деж щигъуэлъыкIри, фылистейхэм къа-
пэуващ. [3] Я зэхуакур щIыIэпсу фылистейхэр зы лъэныкъуэмкIэ
къит Iуащхьэм къытеуващ, исрэIилхэри мыдрей лъэныкъуэмкIэ
къэуващ.
[4] Джат щыщу ДжалутI зи цIэ бэнакIуэр фылистеидзэм къахэувы-
кIащ. IэфракIихрэ ныкъуэрэ[a] хуэдиз хъууэ лъагэт ар. [5] Абы гъуаплъэ
таж щхьэрыгът, шэкIэл минитху[b] зи хьэлъагъ гъуаплъэ афэ джанэр
щыгът, [6] и лъакъуэхэм гъуаплъэ лъащхьэтедэхэр телът, и щIыбкIэ

[a] 17:4 Метрищ хуэдиз хъунущ.
[b] 17:5 Килограмм тIощIищ хуэдиз хъунущ.

гъуаплъэм къыхаха джатэкIэщIри[a] къыкъуэщт. 7 И бжыкIри* цеи-
щэ пкъом хуэдэу гъумыщIэт, и гъущI бжыщхьэми шэкIэл щих[b]
и хьэлъагът. МэIузехьэ* щIалэри ДжалутI ипэ иту кIуэрт.

8 ДжалутI къызэтеувыIэри исрэIилхэм къахэгуоуащ: «Сыт фы-
къыщIежьар? Фызэзэуэнур хэт? Сэ сыфылистейкъэ, фэ ТIалутI
фрипщылI къудейуэ аракъэ?! Зы цIыху хэфхи, си деж къевгъэх.
9 СыкъыхигъащIэрэ сиукIмэ, фи пщылI дыхъунщ, ауэ сытекIуэ-
рэ ар хэзгъащIэмэ, ди пщылI фыхъунщи, фыкъытхуэлэжьэнщ.
10 Хэт фэ фщыщу къысщымышынэу къыспэувыфынур? Зы цIыху
къыхэфх!» – исрэIилхэм яшIэнакIэу яридзащ фылистей зауэлIым.
11 ТIалутIи зэры-ИсрэIилуи фылистей зауэлIым жиIам гущтэ яри-
гъэщIащ, хуабжьуи игъэшынащ.

### *Даут исрэIилхэм я дзэ пщыIэм зэрытехьар*

12 Даут и адэр ефрат лъэпкъым къыхэкIа Ашэйт. Ар Ехьудей хэкум
ит Бэтлахьым къалэм щыщт. Ашэй щIалий иIащ. ТIалутI и зэманым
Ашэй и ныбжьыр фIыуэ хэкIуэтауэ апхуэдэт[c]. 13 Ашэй и къуэ нэхъы-
жьищыр ТIалутI и дзэм хэту зауэм кIуат: нэхъыжьым и цIэр Елэбт,
къыкIэлъыкIуэр – Абынэдэбт, ещанэр – Щамэт. 14 Зэшхэм Даут
я нэхъыщIэ дыдэт. Ашэй и щIалэ нэхъыжьищыр ТIалутI и гъусэу за-
уэм дэкI зэпытт. 15 Даути, и адэм и мэлхэр игъэхъун щхьэкIэ, пIалъэ-
пIалъэкIэрэ ТIалутI и деж къикIыжырти, Бэтлахьым къигъэзэжырт.

16 Фылистей зауэлIыр махуэ тIощIитIкIэ пщэдджыжьми пщы-
хьэщхьэми дзэм къахэувыкIыурэ къэджат, исрэIилхэм ящыщ гуэр
къыпэувыну къыхуриджэу.

17 Ашэй и къуэ Даут зыхуигъазэри жриIащ: «Мы гуэдз гъэлы-
гъуамрэ[d] щIакхъуипщIымрэ къащти, дзэр щигъуэлъыкIа щIыпIэм
щыIэ уи къуэшхэм деж епIэщIэкI. 18 Абы кхъуей хьэлипщI щIыгъу-
жи, уи къуэшхэр зыхэт дзэ пакIэм и унафэщIым хуэхь. Уи къуэшхэм

a 17:6 Е: «бжы кIэщIри».
b 17:7 Килограммибл хуэдиз хъунущ.
c 17:12 Е: «Ашэй пщIэшхуэ зыхуащI тхьэмадэхэм ящыщт».
d 17:17 Журт. «Зы ефа хуэдиз гуэдз гъэлыгъуамрэ». Ар литр тIощIрэ тIурэ хуэ-
диз хъунущ.

я Iуэху зыIутыр зэгъащIи, я хъыбар гуэр къысхуэхьыж». [19] ТIалутI
и дзэм хэту зэшхэр Елэхь тафэм фылистейхэм езауэу щыIэт.
[20] Пщэдджыжь пасэу зиужьщ, хъушэр нэгъуэщI мэлыхъуэм къы-
хуигъанэщ, и хьэлъэр къиштэри, Ашэй унафэ къызэрыхуищIам тету,
Даут гъуэгу теуващ. Дзэр щигъуэлъыкIа щIыпIэм ар нэса-нэмысат,
маржэ жаIэу къызэфIэувэу щарихьэлIам. [21] ИсрэIилымрэ фылистей-
хэмрэ сатыру екIуэкIыу зэпэуващ. [22] Даут и хьэлъэр хъумакIуэм къы-
хуигъанэри, и къуэшхэм фIэхъус ярихыну дзэ сатырхэм хэлъэдащ.

## *Даутрэ ДжалутIрэ*

[23] Ар абыхэм епсалъэу здэщытым, Джат щыщ ДжалутI бэна-
кIуэр сатыр-сатыру иувыкIа фылистеидзэм къыхэувыкIащ. А зэ-
рыгуоу хабзэм хуэдэу къыщыджэм, Даут ар зэхихащ. [24] ДжалутI
зылъэгъуа исрэIилхэр шынагъэшхуэм зэщIиIулIауэ зэуапIэм
къыIукIыу хуежьащ. [25] «Фылистеидзэм мо къахэкIуэтар флъагъу-
рэ? – жаIэрт абыхэм. – ИсрэIилым къыщIэнэкIэн щхьэкIэщ ар
къыщIыхэкIыр. Ар зыукIым пащтыхьым дуней хъугъуэфIыгъуэр
иритынущ. Абы ищIыIужкIэ ипхъури щхьэгъусэу иритынущ, и уна-
гъуэми хьэкъулэ* зи цIэ темылъу ИсрэIилым щигъэпсэунущ».
[26] «Мы фылистейр зыукIыу ИсрэIилым и щIыхьыр къыдэзы-
хыжым сыту пIэрэ хуащIэнур? – еупщIащ Даут и гъунэгъуу къы-
щыт цIыхухэм. – Щымышынэу абы пэувын Тхьэ Закъуэм и дзэм
къыхишын хуэдизу мы фылистей сунэтмыщIыжьыр сытым щыщ?»
[27] НэхъапэIуэкIэ къапсэлъа псори щIэрыщIэу къыжраIэжри, мы-
ри дыщIагъужащ: «Мор зыукIым аращ къыпэплъэр!»
[28] Даут цIыхухэм яхэпсэлъыхьу щызэхихым, и къуэш нэхъыжь
Елэб абы щIэгубжьащ: «Сыт мыбы укъыщIэкIуар? Къумым щы-
хъуакIуэ уи мэл тIэкIум къыпэрыбнари хэт? ЗыкъызэрыпфIэщIыжар
сымыщIэу уимыгугъэ, уи гум фIы зэримылъми фIыуэ сыщыгъуазэщ.
Зауэм укъыхэплъэн къудей щхьэкIэщ укъыщIэкIуар уэ мыбы!»
[29] «Сыт сэ сщIар? – икIуэтакъым Даут. – СыщIэупщIэжи мы-
хъуну ара?» [30] Даут и щIыбыр и къуэшым хуигъазэри, нэгъуэщI
гуэрым епсалъэу хуежьащ, ар зыщIэупщIэ псоми дэтхэнэми къра-
тыжыр а зы жэуапрат.

[31] Даут и псалъэхэр ТIалутI деж щынагъэсым, ар и деж кърి-
гъэшащ. [32] «Ди пащтыхь, а фылистей мыгъуэжьым щхьэкIэ фигу
фымыгъэкIуэд, сыкIуэнщи, сезэуэнщ абы», – жриIащ Даут абы.
[33] «А фылистейм упэщIэувэу уезэуэн плъэкIынкъым, – идакъым
ТIалутI. – УщIалэIуэщ иджыри. Мобы щIалэ дыдэу Iэщэр къиштащ».
[34] «Ди адэм и хъушэр щызгъэхъум, зэзэмызэ аслъэныр е мыщэр
къещакIуэу мэл щыхадыгъукI къэхъурт. [35] Сэри сыкIэлъеуэрт абыи,
зездзырти, мэлыр и жьэм къыжьэдэстхъыжырти, къезгъэлырт.
Ауэ езым зыкъызидзмэ, и тхыцIафэ субыдырт, сеуэрти, слIырт.
[36] Аслъэни мыщи слIащ. Мы фылистей сунэтмыщIыжьми ещIэ-
нур ращ – ар зыпэщIэувар Тхьэуэ Закъуэм и дзэрщ. [37] ТХЬЭМ
мыщэмрэ аслъэнымрэ сащыщихъумакIэ, мы фылистейми сыщи-
хъумэнщ».
«КIуэ-тIэ! – хъуащ арэзы ТIалутI. – ТХЬЭР гъусэ пхухъу!»
[38] Езым и Iэщэ-фащэхэмкIэ ТIалутI Даут ихуэпащ. Афэ джанэр
щитIагъэри, гъуаплъэ тажри щхьэритIэгъэжащ. [39] Iэщэ-фащэм я
щIыIукIэ Даут джатэр зыкIэрилъхьэжри, апхуэдэ щыгъыныгъуэм
емысар абы тIэкIу тезэкIухьащ.
«Схузыщыгъэгъыфынукъым мыхэр, сесакъым», – жиIэри, Даут
зауэлI фащэр зыщихыжащ. [40] И башыр къиштэжщ, псы жапIэ
игъущыкIам мывэ джафитху къыхихри, и мэлыхъуэ нэдым ири-
лъхьащ. Мывэдзыр* иIыгъыу езыр ДжалутI гъунэгъуу къекIуэлIащ.
[41] ДжалутIи, и мэIур къезыхьэкI щIалэр ипэ иту, Даут и лъэны-
къуэкIэ къежьащ. [42] Даутыр ныбжьыщIэу, нэкIу тхъуэплъ дахэу
къыщыIуплъэм, ауан ищIу къеплъащ. [43] «СлIожь, хьэ сыхъуа, баш
пIыгъыу укъыспежьэну?» – къыхуилъащ ар Даут. АфIэкIа нэхъ
хэмылъу фылистейр и тхьэхэмкIэ Даут къебгащ. [44] «КъэкIуатэт
мыдэ, – жиIащ зигъэлIыхъулIыбжьу ДжалутI, – уи хьэдэр къуалэ-
бзумрэ хьэкIэкхъуэкIэмрэ яхуэздзынурэ езгъэшхыжынущ!»
[45] «Уэ джатэрэ бжыкIэ укъысхуокIуэ, – жриIащ Даут фылис-
тейм, – сэ ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмыту, ИсрэIилым
и дзэм и Тхьэу, бгъэикIам и цIэкIэ сыкъыпхуокIуэ. [46] Нобэ ТХЬЭМ
си IэмыщIэ укърилъхьэнущ, узукIынурэ, уи щхьэр фIэсхынущ.
Фылистей зауэлIхэм я хьэдэр къуалэбзумрэ хьэкIэкхъуэкIэмрэ нобэ

езытынури сэращ. КъащӀэнщ итӀанэ зэрыдунейуэ ИсрэӀилым Тхьэ
зэриӀэр! 47 КъащӀэнщ итӀанэ мыбдеж къыщызэхуэсахэм ТХЬЭМ
и лъэпкъыр джатэрэ бжыкӀэ къызэримыхъумэр, сыту жыпӀэмэ мы
зауэр зи зауэр ТХЬЭРАЩ, Абы зы къэмынэу ди Ӏэмыщӏэ фы-
кърилъхьэнущ».

48 ДжалутӀ уэн хьисэпкӀэ къыщежьэм, Даут абы и лъэныкъуэкӀэ
щӀэпхъуащ. 49 Нэдым иӀэбэщ, мывэр крихри, мывэдзымкӀэ уэри,
ДжалутӀ и натӀэ къупщхьэм техуащ. Мывэм зи натӀэ къупщхьэр
пхрихуа фылистейр и гущӀыӀур егъэзыхауэ укӀурияш.

50 Мис апхуэдэу, джатэ Ӏэпщэ зи цӀэ имыубыду, мывэрэ мывэдз-
кӀэ Даут ДжалутӀ хигъэщӀащ.

51 Даут абы бгъэдэлъадэщ, щхьэщыувэри, езы фылистейм и джа-
тэр джатапӀэм крихри иукӀащ. ЗэриукӀыуи и щхьэр къыфӀихащ.

Я бэнакӀуэр къызэраукӀар щалъагъум, фылистейхэр щӀэпхъуэ-
жащ. 52 ИсрэӀилымрэ Ехьудеймрэ щыщ зауэлӀхэм зрачри, кӀий-гуо
защӀэкӀэ фылистеидзэр Джатрэ Акурэнрэ я дыхьэпӀэхэм нэсыху-
кӀэ[a] яхуащ. Джатрэ Акурэнрэ хуэкӀуэ ШэӀэраим гъуэгум и бгъуи-
тӀым фылистеидзэм хэта зауэлӀхэм я хьэдэр тепхъауэ телът. 53 Къы-
щагъэзэжым, исрэӀилхэм биидзэр зытеса пщыӀэри яхъунщӀащ.
54 Даут фылистей ДжалутӀ и щхьэр Ерусэлим къихьащ, Ӏэщэу абы
иӀыгъари езым и шэтырым щигъэтӀылъащ.

### *Даут ТӀалутӀ деж къызэрашар*

55 Даут ДжалутӀ хуэкӀуэу щилъагъум, ТӀалутӀ дзэр зезышэ
Аунир еупщӀащ: «Хэт и къуэ, Аунир, мы щӀалэр?»

«СщӀэкъым, щхьэузыхь сызыхуэхъун пащтыхь!» – жиӀащ Аунир.

56 «А щӀалэр зи къуэр хэтми къащӀэ!» – ищӀащ пащтыхьым
унафэ.

57 ДжалутӀ иукӀыу Даут къыщигъэзэжым, фылистейм и щхьэр
зэриӀыгъыу Аунир ар ТӀалутӀ деж ишащ.

58 «Хэт урикъуэ, щӀалэ?» – еупщӀащ абы ТӀалутӀ.

«Бэтлахьым щыщ Ашэй срикъуэщ», – итыжащ жэуап Даут.

---

[a] 17:52 Е: «сэтеймрэ Акурэн и дыхьэпӀэмрэ нэсыхукӀэ».

## ЕПЩЫКIУИЯНЭ IЫХЬЭ

### *ТIалутI Даут зэрефыгъуар*

**18** [1] Даутрэ ТIалутIрэ я псалъэмакъым иужь, Йонэтан и гур
Даут кIэрыпщIащ, и псэм хэлъми химыхыну фIыуэ илъэ-
гъуащ. [2] А махуэм щегъэжьауэ ТIалутI Даут зриубыдылIэри, и адэ
и уни игъэкIуэжакъым. [3] Йонэтан Даут апхуэдизкIэ гурэ псэкIэ фIы-
уэ илъэгъуати, игъащIэкIэ игъэпэжыну Iуагъэ* дищIащ. [4] И щыгъын
щIыIутелъыр Йонэтан зыщихри, и Iэщэ-фащэр, джатэри, шабзэри,
бгырыпхри зэрыхэту, Даут иритащ.

[5] Дэнэ щIыпIэ имыIуэхуами, пщэрылъ къыщащIар екIурэ-ещхьу
зэрызэфIихым къыхэкIыу, ТIалутI дзэр зэрыщыту Даут и IэмыщIэ
ирилъхьащ. Ар зауэлIхэми дзэзешэхэми я гуапэ хъуащ.

[6] Даут ДжалутI кIэ иритауэ, дзэри унэм къыздэкIуэжым, къалэ-
хэм къыдэкIыурэ цIыхубзхэр пащтыхь ТIалутI уэрэдрэ къафэкIэ,
фэнтIырпIэрэ пхъэцIычкIэ[a] гуфIэу къыпежажьэрт. [7] «ТIалутI мин-
хэм текIуамэ, Даут минипщIхэр хигъэщIащ» псалъэхэр уэрэдым
хэлъу жаIэурэ цIыхубзхэр къафэрт.

[8] И гум ешыкъылIащ ар ТIалутI, хуабжьуи иригубжьащ. «Ми-
нипщIхэр Даут иратри, – зишхыхьыжырт абы, – сэ къызапэсар
минхэращ. Сыт ар пащтыхьыгъуэм нэмыщI зыщыщIэжыр?» [9] Аб-
деж щригъажьэри, ТIалутI Даут гурыщхъуэ хуищIу, еплъакIуэу
щIидзащ.

[10] КъыкIэлъыкIуэ махуэм Тхьэм къыбгъэдэкI жин бзаджэм
ТIалутI къыхигъэзыхь хъуащ. Даут, зэрихабзэу, унэм къайгъэ-
шы щIэхъухьа ТIалутI пшынэдыкъуакъуэм хуеуэрт. ТIалутI бжыр
иIыгъти, [11] идзащ ар, Даут блынджабэм кIэриIулIэн и гугъэу.
ТIалутI тIэуней апхуэдэу ищIэну хэтати, тIэуми Даут абы зыпы-
Iуидзащ.

[12] ТХЬЭМ къибгынэу Даут гъусэ зэрыхуэхъуам щхьэкIэ,
ТIалутI абы щышынэ хъуащ. [13] ТIалутI Даут зыпыIуигъэкIуэтри,

---

*a* **18:6** Мыбдеж фIэкIа мы Iэмэпсымэм и цIэм нэгъуэщI щIыпIэ ущрихьэлIэркъым.
Ар зищIыс дыдэмкIэ щIэныгъэлIхэм зыгуэрым траубыдауэ щыткъым.

нэрыбгэ* мин хъу зауэлІхэм я унафэщІу игъэуващ. Даути ахэр зауэм
Іуишэ хъуащ. 14 ТХЬЭР и гъусэти, псори къехъулІэрт. 15 ТІалутІ
илъагъурт Даут сытми ехъулІэу зэрыщытри, щышынэ хъуащ.
16 Ауэ дзэр зезышэ Даут зэры-ИсрэІилуи зэры-Ехьудейуи фІыуэ
ялъэгъуащ.

## ТІалутІ и пхъур Даут къызэришар

17 Зэгуэрым ТІалутІ Даут жриІащ: «Мыр сипхъу нэхъыжь Мэ-
рабщ. Ар щхьэгъусэу узот, ауэ лІыгъэ зепхьэу си дзэм узэрыхэтым
хуэдэу иджыри хэт, ТХЬЭМ и зауэхэри егъэкІуэкІ». Ар жиІэри
игукІэ егупсысыжащ ТІалутІ: «ТесшэщІэнкъым абы си Іэ. ИраукІ
ар фылистейхэм!»
18 «Пащтыхьым и малъхъэ сыхъун хуэдизу сыхэт сэ? Ди унагъуи,
ди лъэпкъи ИсрэІилым дыкъызэрыщащІэ щыІэкъым», – жиІащ
Даут къэпсалъэри. 19 АрщхьэкІэ Мэраб Даут щишэн хуей пІалъэр
къыщысым, ТІалутІ ар Махуэл щыщ АдрэІил щхьэгъусэу иратащ.
20 Абы хэту ТІалутІ ипхъу етІуанэм – Мэхъал – Даут фІыуэ
илъэгъуащ. Ар ТІалутІ щыжраІэм, щымыгуфІыкІыу къэнакъым.
21 «Мэхъал абы естмэ, – егупсысащ ар, – тІасхъапІэ хуэхъунщ.
Мис итІанэ яІэщІэкІуэдэнщ ар фылистейхэм». «Си малъхъэ ухъу-
ну ухуеймэ, – жриІащ ТІалутІ Даут, – иджыри зы Іэмал уиІэщ».
22 Абы иужькІэ ТІалутІ и блыгущІэтхэр зэхуишэсри, унафэ яхуи-
щІащ Даут щэхуу епсэлъылІэу пащтыхьыр зэрыхуэарэзыр, и цІыху-
хэм фІыуэ зэралъагъур жраІэну, малъхъэ хуэхъунуи трагъэгушхуэну.
23 «Пащтыхь малъхъэу ущытыныр псынщІэ фи гугъэ? Сыбей-
къым, сыкъызыхэкІари унагъуэ къызэрыгуэкІщ», – япидзыжащ
Даут, ТІалутІ и псалъэхэр абы щыжраІэм.
24 ТІалутІи, Даут жиІар блыгущІэтхэм щызэхрагъэхыжым,
25 яригъэІуэхуащ: «Уасэу фылистей цІыхуищэм я пкъыпыупщІыгъэ
нэхъыбэ сыхуейкъым, силъ щІэжаи хъунщ», – жиІэри. (Фылис-
тейхэм я ІэкІэ Даут гъэкІуэда зэрыхъунурат ТІалутІ зэгупсысыр.)
26 Пащтыхь блыгущІэтхэм а псалъэхэр щыжраІэжым, Даут
ТІалутІ и малъхъэ хъуныр имыжагъуэ хъуащ. ПІалъэу къраухылІар
имыкІ щІыкІэ, 27 Даут, и зауэлІхэр и гъусэу, кІуэри фылистей цІыху

щитI иукIащ. Уасэу къыхуагъэувa пкъыпыупщIыгъэхэри къихьри
пащтыхьым и пащхьэ кърилъхьащ. Арыххэуи, ТIалутI ипхъу Мэ-
хъал Даут щхьэгъусэу иритащ.
28 ТХЬЭР Даут зэригъусэр, ипхъу Мэхъали ар фIыуэ зэри-
лъагъур къыщыгурыIуэм, 29 ТIалутI нэхъри абы щышынэ хъуащ,
дунейм ехыжыхункIи ар абы и бий кIэуфIыцIуи щытащ.
30 Фылистей дзэзешэхэми зауэм зи щIачэххэртэкъым, ежьэ
къэси Даут текIуэныгъэ нэхъыбэ къихьырт, ТIалутI и дзэм и уна-
фэщI дэтхэнэми нэхърэ. Даут и щытхъуцIи жыжьэ Iуащ.

## ЕПЩЫКIУБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

### *ТIалутI Даут иукIыну зэрыхэтар*

**19** 1 Йонэтани и блыгущIэтхэми Даут яукIыну ТIалутI унафэ
яхуищIащ. АрщхьэкIэ Йонэтан Даут фIыуэ илъагъурти,
2 хъыбар иритащ: «Ди адэ ТIалутI узэригъэкIуэдэн Iэмалхэр къе-
улъэпхъэщ. Пщэдей пщэдджыжь зыхуэсакъыж, губгъуэм зыщы-
гъэпщкIуи, зы щIыпIэ деж къуэс. 3 А зыщыбгъэпщкIуа щIыпIэм
пэмыжыжьэу ди адэмрэ сэрэ дыкъыдэкIынущ. Уи гугъу хуэсщIы-
нущ, къызжиIахэми иужькIэ ущызгъэгъуэзэжынщ».
4 КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым, Йонэтан и адэ ТIалутI ще-
псалъэм, Даут и дахэ фIэкIа жиIакъым: «Уимыхьэ Даут и ужь
IейкIэ, уигу щIебгъэн зи цIэ къыпкIэлъызэрихьакъым абы, уифI
зыхэлъ защIэщ ищIэри. 5 Дзэм къыхэувыкIыу фылистей бэнакIуэ
ДжалутI щыпэувами, и псэ еблэжакъым. ТХЬЭМ зэры-ИсрэIилу
текIуэныгъэшхуэр къахуихьат: ар щыплъагъум, уэри угушхуэгъат.
Щхьэусыгъуэ лъэпкъ уимыIэу лажьи хъати зимыIэ цIыхум екIэ
и ужь ущIихьар сыт?»
6 «ТХЬЭМ и цIэкIэ соIуэ, – ищIащ тхьэлъанэ ТIалутI, Йонэтан
и жыIэм едаIуэри, – Даут и псэм абы фIэкIа семыIэнкIэ!»
7 Йонэтан Даут къриджэри, псалъэмакъ екIуэкIар хуиIуэтэжащ.
Абы ар ТIалутI деж къишэжри, ипэм зэрыщытам хуэдэу, къулыкъу
хуищIэу щIидзэжащ.

[8] Аргуэру зауэр къэхъеящ. Даути фылистейхэм езэуэну ежьащ.
Апхуэдизкlэ яхэлъэщыхьати, бийр щlигъэlэжащ.
[9] ТlалутI гуэрыр ТХЬЭМ къыбгъэдэкI жин бзаджэм къыхигъэ-
зыхь хъуащ. Бжыр lэщlэлъу щlэст ар унэм. Пшынэдыкъуакъуэм
хуеуэу абдеж щыст Даути. [10] Бжыр идзу Даут блынджабэм хиlулlэну
ТlалутI хэта щхьэкlэ, техуакъым: модрейм зыпыlуидзри, бжыр блын-
джабэм хэlулlа хъуащ. И псэ тешыныхь Даут а жэщым щlэпхъуэжащ.
[11] Даут щыпсэу унэм ТlалутI и цlыхухэр игъэкlуащ, яригъэ-
убыду пщэдджыжьым яригъэукlын хуэдэу. Ауэ Мэхъал, Даут
и щхьэгъусэм, абы хъыбар иритащ: «Ныщхьэбэ ущlэмыпхъуэжмэ,
пщэдей уаукlынущ», – жиlэри. [12] Мэхъал щхьэгъубжэмкlэ Даут
дигъэкlуэсыкlри, ар яlэщlэкlащ. [13] Мэхъал абы иужь нысхъа-
пэр[а] къищтэщ, Даут и гъуэлъыпlэм ирилъхьэри, и щхьэр бжэныц
хъагъэкlэ щlиуфащ.
[14] Даут яубыдыну ТlалутI цlыхухэр къыщигъакlуэм, Мэхъал ар
сымаджэу яжриlащ.
[15] «Сукlынущи, пlэм зэрыхэлъу къысхуэфхь!» – игъэкlуащ
аргуэрым ТlалутI и цlыхухэр Даут деж. [16] Ауэ абыхэм зи щхьэр
бжэныц хъагъэкlэ щlэуфа нысхъапэу гъуэлъыпlэм илъым фlэкlа
зыри ягъуэтакъым.
[17] «Сыкъэщlэбгъэпцlар сыт? – егияц ТlалутI и пхъум. – Щхьэ
си бийр бутlыпщу сlэщlэбгъэкlа?»
«„Сутlыпщ е узукlынущ!“ жиlэри сигъэшынати, сэри схуэубыда-
къым», – пидзыжащ Мэхъал и адэм.
[18] Даут щlэпхъуэжа нэужь, Щамел деж Арэмэхь къэкlуэри,
ТlалутI кърищlа псори зы къэмынэу хуиlуэтэжащ. Даутрэ Щамел-
рэ зэгъусэу Нэуат къакlуэри къыщыувыlащ. [19] «Даут Арэмэхь щыщ
щlыпlэу Нэуат щыlэщ», – жаlэри, ТlалутI бзэгу хуахьащ. [20] Даут
яригъэубыдын хьисэпкlэ абы цlыху игъэкlуащ. Арщхьэкlэ Щамел

[a] 19:13 Журт. «терафим». Тхьэ пэлъытэу зэрахьэу щыта цlыху теплъэ зиlэ пкъы-
гъуэхэм араш зэреджэр. И пащхьэ тхьэ щелъэlуу унэм щызэрахьэу щытащ.
Мыбдеж зи гугъу ищl нысхъапэр, уегупсыс зэрыхъунумкlэ, цlыкlу дыдэкъым.
Фlыцlагъэ Лъапlэм зыбжанэрэ ущрохьэлlэ нысхъапэхэм я гугъум, къызэры-
хэщри Тхьэм имыгъэдахэ lуэхугъуэущ.

я пашэу Тхьэм и псалъэхэр зыIуатэ бегъымбар гуп къащыхуэзэм,
ТIалутI и цIыхухэми Тхьэм и Псэр къалъэIэсри, Тхьэм и псалъэхэр
яIуатэу хуежьащ. 21 ТIалутI ар щыжраIэжым, иджыри зы гуп игъэ-
кIуащ, абыхэми Тхьэм и псалъэхэр яIуатэу хъуащ. ТIалутI ещанэуи
зы гуп игъэкIуащ, арщхьэкIэ абыхэми Тхьэм и псалъэхэр яIуатэу
щIадзащ. 22 ИкIэм-икIэжым, езы ТIалутI и щхьэкIэ Арэмэхь къе-
жьэри, Сэку дэт псыIыгъыпIэ абрагъуэм къекIуэлIащ. «Дэнэ щыIэ
Щамелрэ Даутрэ?» – щIэупщIащ ТIалутI.

«ТIури Нэуат щыIэщ», – къыжриIащ абы зыгуэрым.

23 ТIалутI НэуаткIэ иунэтIащ. Ауэ ар дыдэми Тхьэм и Псэр
къылъэIэсри, Нэуат нэсыхукIэ Тхьэм и псалъэхэр иIуатэурэ кIуащ.
24 И щыгъынхэр зыщихри, абы Щамел и пащхьэм Тхьэм и псалъэхэр
щиIуатэу хуежьащ. А махуэми къыкIэлъыкIуэ жэщми ар пцIанэу щы-
лъащ. «ТIалутIи бегъымбархэм ящыщ?» псэлъафэр зытеIукIари аращ.

## ЕТIОЩIАНЭ IЫХЬЭ

### *Даутрэ Йонэтанрэ я зэныбжьэгъугъэр*

**20** 1 Даут Нэуат жылэр къигбгынэри Йонэтан деж къэкIуащ.
«Сыт си лажьэр? Дэнэ деж мысагъэ щызлэжьар? – хуэ-
тхьэусыхащ Даут абы. – Си ажал лъыхъуэну сыткIэ уи адэ се-
къуэншэкIа?»

2 «Хьэуэ! – идакъым Йонэтан. – УлIэнукъым! Сыщимыгъэ-
гъуазэу ди адэм зы Iуэхуи кърихьэжьэркъым. Зи гугъу пщIыр сыт
щхьэкIэ сщибзыщIын? Ущоуэ!»

3 «Гурэ псэкIэ укъызэрысхуэгъэзам уи адэр фIы дыдэу щы-
гъуазэщи, – жиIащ и фIэщу Даут, – мы Iуэхур пщебзыщI; ещIэ уи
жагъуэ фIыцIэ зэрыхъунур. ТХЬЭМ и цIэкIи уэ уи цIэкIи соIуэ,
ажалымрэ сэрэ ди зэхуакум зы лъэбакъуэ закъуэ фIэкIа нэхъ имы-
лъыж».

4 «Узыхуей псори пхуэсщIэнщ!» – къигъэгугъащ Йонэтан Даут.

5 «Пщэдей мазэщIэ тхьэлъэIущ•, – жиIащ Даут. – Пащтыхьым
и гъусэу зы Iэнэ сытIысын хуейщ. ПщэдеймыщкIэ пщIондэ, пшапэ

зэхэуэгъуэр си пIалъэу, хуит сыщIи губгъуэм зыщызгъэгъэпщкIу.
[6] Сыкъызэрытым уи адэм гу лъитэмэ, илъэс къуурмэн тыхьыр зэ-
рылъэпкъыу ящIырти, я деж, Бэтлахьым, нэхъ псынщIэу згъэ-
кIуэжыну къызэлъэIуащ, жыIэ. [7] „Ерэхъу!“ жиIэмэ, шынагъэ зыри
сиIэкъым. Ауэ къэгубжьмэ, сэ стеухуауэ абы игу фIы зэримылъыр
уи фIэщ щIы! [8] ТХЬЭМ и пащхьэ къэрар щыпщIащ игъащIэкIэ
дызэрыгъэпэжыну, иджы си хьэтыр къэлъагъу! Лажьэ сиIэмэ,
къызэуи сыукI! Ауэ уи адэм деж сумышэ къудей!»
[9] «Сыт мы жыпIэр! – жиIащ Йонэтан. – Ди адэ игу бзаджагъэ
гуэр уэркIэ илъу гурыщхъуэ сщIытэмэ, ар сыущэхун пфIэщIу арат?»
[10] «Уи адэ ткIийуэ къопсэлъэжмэ, – гузэващ Даут, – хэт хъыбар
сэзыгъэщIэжынур?»
[11] «НакIуэ, – жиIащ Йонэтан, – дыдэгъэкI губгъуэм». ЩIа-
литIри зэгъусэу губгъуэм дэкIащ. [12] «ТХЬЭР, ИсрэIилым
и Тхьэр, си щыхьэтщ! – жриIащ быдэу Йонэтан Даут. – Пщэ-
дей е пщэдеймыщкIэ иджыпсту хуэдэм ехъулIэу ди адэм сепсэ-
лъылIэнщи, игу илъыр къезгъэIуэтэнщ. Ар къыпхуэфIу щытмэ,
къыпхуэзмыIуэхуу, уэзмыгъащIэу хъун? [13] Ауэ ди адэм гухэлъ
бзаджэр къыпхуищIар пэжмэ, ТХЬЭМ и ней къысщыхуэ хъыбар
уэзмытмэ, пэрыуэгъу сыпхуэмыхъуу узмыутIыпщыжмэ. ТХЬЭР
ди адэм зэригъусам хуэдэу, уэри гъусэ пхуэхъуну сыпхуолъэIуэ!
[14] Сыпсэуну къысхуиухамэ, ТХЬЭМ къытхуищI хьэтырым
хуэдэ уэри къысхуэщI! [15] СыщымыIэжми, си унагъуэм уи щIыб
хуумыгъазэ зэикI – ТХЬЭМ кIуэдыкIейр уи жагъуэгъухэм къа-
хуигъакIуэу щытми».
[16] Апхуэдэ щIыкIэкIэ Йонэтан Даутрэ абы и щIэблэмрэ Iуагъэ
ядищIащ: «Псалъэу къызэфтам фытекIмэ, ТХЬЭМ фи хьэкъ фы-
хуигъэзэжынщ!»[a] – жиIэри. [17] КъыхуиIэ фIылъагъуныгъэм и цIэкIэ
Йонэтан Даут иджыри зэ тхьэ иригъэIуащ; езым ар и псэм хэлъми,
химыхыну фIыщэу илъагъурт.
[18] «Пщэдей мазэщIэ тхьэлъэIущ, – пищащ адэкIэ и псалъэм
Йонэтан. – Уи тIысыпIэр зэрынэщIымкIэ узэрыщымыIэм гу

[a] 20:16 Е: «ИрырешалIэ ТХЬЭМ уи бийхэр жэуап ткIыбжьым!»

лъатэнущ. 19 ПщэдеймыщкIэ хуэдэм а зыщыбгъэпщкIугъауэ
щыта щIыпIэм гъэзэжи, мывэ зэтелъхэм деж[a] къыщыспэплъэ.
20 Нэщанэ сеуэм ещхьу а лъэныкъуэмкIэ шабзищ нэзутIыпщынущ.
21 Абы иужькIэ шабзэхэр къысхуигъуэтыжыну зы щIалэ цIыкIу
никIэлъызгъэжэнущ. „Шабзэхэр уи щIыбкIэ щылъщи, къащти
къэхьыж!“ – жесIэмэ, къыкъуэкI. ТХЬЭМ и цIэкIэ соIуэ, шына-
гъэ щымыIэ, умыгузавэ. 22 Ауэ „Шабзэхэр уи япэкIэ щылъщ!“ –
жысIэу щIалэ цIыкIум жесIэмэ, уи щхьэр Iух, ТХЬЭМ лъэныкъуэ
зэрызебгъэзын хуейр къыуегъащIэ. 23 Тхьэлъанэ щIызэхуэтщIа
Iуэхури зыщумыгъэгъупщэ – ТХЬЭР уэрэ сэрэ игъащIэкIэ ди
щыхьэт нахуэщ».

24 Даут губгъуэм зыщигъэпщкIуащ. МазэщIэ тхьэлъэIур щa-
ублэм, пащтыхьыр Iэнэм пэрытIысхьащ. 25 Пащтыхьыр, зэрихабзэу,
блыным кIэрыт тIысыпIэм деж щетIысэхащ. Йонэтани абы и гупэ
къитIысхьащ[b]. Аунир ТIалутI бгъурытIысхьащ, Даут и тIысыпIэр
нэщIу къэнащ. 26 «Къабзагъэр зыгъэкIуэд щхьэусыгъуэ гуэр[c] иIэу
къыщIэкIынщ Даут», – егупсысащ ТIалутI а махуэм зыри жимыIэу.
27 КъыкIэлъыкIуэ махуэм, мазэщIэ тхьэлъэIум и етIуанэ махуэм,
Даут и тIысыпIэ гуэрыр нэщIу къыщIэкIащ. «Ашэй и къуэр дыгъуа-
сэ Iэнэм къыщIыддэмытIысар сыт? – щIэупщIащ ТIалутI Йонэтан
зыхуигъазэри. – Ноби къэлъагъуэкъыми?»

28-29 «Даут Бэтлахьым кIуэжыну хуейуэ хуабжьу къызэлъэIуат.
„Ди лъэпкъым къурмэн къалэм щащIынущи, си къуэшым абы
зыкърезгъэхьэлIэну унафэ къысхуищIащ. Зыгуэр къысхуэ-
пщIэххэнумэ, си къуэшхэр слъагъуну сутIыпщ“ щыжиIэм, хуит
сщIащ. Аращ ар пащтыхь Iэнэм къыщIримыхьэлIар», – жриIащ
Йонэтан и адэм.

30 «А зинэкIэ къалъхуа! – щIэгубжьащ ТIалутI Йонэтан. – Уэ-
ри уи напэтехыу, укъэзылъхуа уи анэми и напэтехыу уэрэ Ашэй

a 20:19 Е: «Азэл и мывэхэм деж».
b 20:25 Е: «Йонэтани абы и гупэкIэ къэуващ».
c 20:26 Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, мазэщIэ тхьэлъэIум къекIуалIэ дэтхэнэ зыри IэпкълъэпкъкIэ къабзэу щытын хуейщ. Къабзагъэр зыгъэкIуэд щхьэусыгъуэ зыбжани щыIащ.

и къуэмрэ фызэрызэрыгъэIущам сыщымыгъуазэ уфIэщIрэ? 31 Ашэй
и къуэр псэ Iуту мы дунейм тетыху уэри уи пащтыхьыгъуэми къэ-
кIуэн зи цIэ фиIэкъым! КIэлъыгъакIуи, къысхуегъашэ: дымыукIыу
хъунукъым ар!»
32 «УмыукIынкIэ Iэмал имыIэу сыт ар абы къызэрилэжьар? – пэ-
уващ Йонэтан и адэм. – Сыт абы ищIар?» 33 ТIалутI жэталэ хъури,
ар иукIын хьисэп иIэу бжыр идзащ. Абдежщ Йонэтан къыщыгуры-
Iуэпар и адэм Даут иукIыну мурад фIыцIэхэр зэрызэрихъэр.
34 Йонэтан губжьым зэIуридзэсыкIыу Iэнэм къыпэрыкIыжащ.
ТIалутI Даут кIэлъызэрихьэ напэншагъэм и гур игъуу Йонэтан а
махуэм шхакъым.
35 Даут зэрыгурыIуам тету, пщэдджыжьым Йонэтан, щIалэ
цIыкIу гуэр щIыгъуу, губгъуэм къыдэкIащ. 36 «ЩIэпхъуи, – жриIащ
абы щIалэ цIыкIум, – шабзэу сутIыпщыр къэлъыхъуэж!» ЩIалэ
цIыкIур щыщIэпхъуэм, абы щхьэщыкIыу шабзэри иутIыпщащ.
37 ЩIалэ цIыкIур шабзэр щехуэха щIыпIэм щынэсым, «Шабзэр уи
япэкIэкъэ здэщылъыр?» жиIэри Йонэтан абы кIэлъыгуоуащ. 38 «Уе-
пIэщIэкIкъэ! – кIэлъыкIияц иужьми. – ПсынщIэу! УкъэмыувыIэ!»
ЩIалэ цIыкIуми шабзэр къиштэжри, и зиусхьэным къыхуихьы-
жащ. 39 (Абы гурыщхъуэ зыри ищIакъым, езы Йонэтанрэ Даутрэт
Iуэхур зыIутым щыгъуазэр.) 40 Йонэтан Iэщэр щIалэ цIыкIум къа-
лэм ихьыжыну иритри иутIыпщыжащ.
41 ЩIалэ цIыкIур зэрыIукIыжу мывэ зэтелъхэм я къуагъ[a] Даут
къыкъуэкIри, лъэгуажьэмыщхьэ зригъауэри, щэней щIым нэсу Йо-
нэтан щхьэщэ хуищIащ. Абы иужькIэ IэплIэ зрашэкIри, тIури гъащ,
ауэ Даут нэхъ игу хэщIыу гъырт.
42 «Сыхьэт махуэ Тхьэм утригъэувэ! – жриIащ Йонэтан Даут
зыхуигъазэри. – „ТХЬЭР уэрэ сэрэ, уи щIэблэмрэ си щIэблэмрэ
ди щыхьэт нахуэщ игъащIэкIэ!“ жытIэри, дызэрыгъэныбжьэгъу-
ну тхьэ зэхуэтIуатэкъэ». 43 Арыххэуи, Даут IукIыжащ, Йонэтани
къалэм игъэзэжащ[b].

a 20:41 Е: «ипщэ лъэныкъуэмкIэ».
b 20:43 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым мы псалъэухамкIэ 21-нэ Iыхьэр къерегъажьэ.

## ТIОЩIРЭ ЕЗАНЭ IЫХЬЭ

### *Даутрэ Ахъымелэч тхьэпщымрэ*

**21** [1] Нэб къалэ дэс Ахъымелэч[a] тхьэпщым деж Даут кIуащ.
«Щхьэ уи закъуэ? Сыт ущIэгъусэншэр?» – къеупщIащ ар
къыщилъагъум къэгузэва Ахъымелэч.

[2] «Пащтыхьым си пщэ зы Iуэху кърилъхьащи, сыщIиIуэхуам
ехьэлIауэ зыми зыри къезмыгъэщIэну унафэ сиIэщ, – жриIащ Даут
тхьэпщым. – ДыщызэIущIэжын хуэдэу си цIыхухэр зэдухылIа
щIыпIэм згъэкIуащ. [3] Пшхы хъуну сыт уиIэ? ЩIакхъуитху е нэ-
гъуэщI зыгуэр щыIэмэ, къызэт!»

[4] «Уэстыну щIакхъуэ къызэрыгуэкI сиIэкъым, – жиIащ
тхьэпщым, – щыIэр щIакхъуэ лъапIэщ. Ауэ ари щостынур уи цIыху-
хэр бзылъхугъэ бгъэдэмыхьауэ къабзэу щытмэщ».

[5] «Уи фIэщ щIы, – жиIащ Даут, – цIыхубз дабгъэдэмыхьакIэ,
гъуэгу дытетщ. Си гъусэхэм япкъри къабзэщ. Нобэ дыкъыщIежьа
щхьэусыгъуэр щыгъэтауэ, Iуэху къызэрыкIуэкIэ щаIуэхум дежи
ахэр сыт щыгъуи къабзэщ».

[6] ТХЬЭМ и пащхьэ щызэтралъхьэ хабзэ щIакхъуэ лъапIэр
тхьэпщым щIакхъуэщIэкIэ зэрихъуэкIат. Нэгъуэщ зэримыIэм къы-
хэкIыу, а щIакхъуэ лъапIэм щыщ тхьэпщым Даут иритащ[b].

[7] (ТIалутI и цIыхухэм ящыщ зы ТХЬЭМ хуэлэжьэну абдеж къэнат.
Ар ТIалутI и Iэхъуэ нэхъыжьу едумей лъэпкъым щыщ ДэIэгут.)

[8] «Бжы е джатэ уиIэнкIэ хъуну пIэрэ? – еупщIащ Даут Ахъы-
мелэч. – Пащтыхь унафэм сепIэщIэкIри, джати Iэщи къэзмыщтэу
сыкъежьащ».

[9] «Елэхь тафэм щыбукIа ДжалутI и джатэр мыбы щыIэщ. Мес
ар, щыгъыным кIуэцIышыхьауэ тхьэпщ кIэпхыным адэкIэ щылъщ.

---

a **21:1** Iилэ и къуэрылъхум и къуэщ Ахъымелэч.

b **21:6** Щэбэт къэс Шэтыр ЛъапIэм щIакхъуэ пщыкIутI щызэтралъхьэ хабзэт. Ахэр зи пIэ иралъхьэ щIакхъуэхэр зи шхыныгъуэри тхьэпщхэрат (еплъ Лэбийхэр 24:5-9). Ауэ гузэвэгъуэ хэхуахэм дэIэпыкъун щхьэкIэ, къекIуэкI хабзэм йобакъуэри, Ахъымэлэч а щIакхъуэхэр Даутрэ и зауэлIхэмрэ яшхыну ирет.

Къащтэ ар, ухуеймэ. Абы фIэкIа нэгъуэщI джатэ мыбы щыIэкъым», – жиIащ тхьэпщым.

«НэхъыфI сылъыхъуэркъым, – щыгуфIыкIащ абы Даут, – къызэт ар!»

### *Даут фылистей пащтыхьым деж щтапIэ зэрихьэжар*

[10] ТIалутI нэхъ пэжыжьэ зыхуищI фIэигъуэу Даут а махуэ дыдэм
ежьэри, Джат[a] къалэм и пащтыхь Ахъыш деж кIуащ. [11] «Мыр
Дауткъэ? Модрей хэкум и пащтыхьракъэ? – хуэбзэгуфIэрт и блы-
гущIэтхэр Ахъыш. – „ТIалутI минхэм текIуамэ, Даут минипщIхэр
хигъэщIащ“ жаIэу къафэурэ уэрэд зыхуаусар мыракъэ?»
[12] А псалъэхэр Даут и гум итIысхьащ, Джат къалэм и пащтыхь
Ахъыши хуабжьу щышынащ. [13] Абы Iулафэ зытригъауэри, къалэ
дыхьэпIэм зыгуэрхэр иритхъэу, и Iупсхэр къызэIуригъэжрэ и жьа-
кIэмкIэ къригъэжэхыу зэрыщымыту зарыгъэлъагъуу хуежьащ.
[14] «Мыр зыхуэдэр флъагъуркъэ? Делэщ мыр! Сыт ар си деж
къыщIэфшар? – жиIэри, яхэгуэуащ Ахъыш и блыгущIэтхэм. –
[15] Мыр къысхуэфшауэ и делагъэхэр си пащхьэ Iэмал имыIэу щи-
гъэлъэгъуэн хуейуэ мащIэ зи акъыл зэкIуэкIауэ сиIэр? Мы цIыхур
си унэ къыщIыхьапхъэт?»

## ТIОЩIРЭ ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут дзэ зэрызэригъэпэщар*

[22] [1] Даут Джат къалэ къыдэкIри, Адулам пэмыжыжьэу
щыIэ бгъуэнщIагъым зыщигъэпщкIуащ. А хъыбарыр Даут
и къуэшхэмрэ и Iыхьлыхэмрэ щызэхахым, абы деж къекIуэлIэжащ.
[2] Дэкъузахэри, щIыхуэ зытелъхэри, зигу зэщыуахэри Даут деж
къакIуэу хуежьащ, ауэрэ ар абыхэм я гъуази хъуащ. Куэд дэмыкIыу
цIыху щиплI хуэдиз зэрыгъэхъуащ.

---

a 21:10 Фылистей къалэхэм языхэзщ.

[3] А щIыпIэри Даут къибгынэри, Мэуабей щIыналъэм[a] хыхьэ
Мызпэхь кIуащ. «Тхьэм си натIэ къритхар зэхэкIыхункIэ, – зы-
хуигъэзащ абы мэуабей пащтыхьым, – ди адэ-ди анэр уи деж сху-
щыбгъэIэну сынолъэIу». [4] Даут щтапIэ исыхункIэ, ахэр мэуабей
пащтыхьым къыхуигъанэри, абы деж щыIащ.
[5] Арщхьэкlэ Даут щтапIэ икIыжу Ехьудей хэкум кIуэну Джад
бегъымбарым[b] къыжриIащ. Даути, гъуэгу техьэри, Хъэрэт мэзым
нэс къэкIуащ.

## *ТIалутI Нэб тхьэпщхэр зэрызэтриукIар*

[6] Даутрэ и гъусэхэмрэ къызэрысам и хъыбарыр ТIалутI лъэIэсащ.
Джыбэхь къалэм пэмыжыжьэу щыт Iуащхьэ щыгум тет жалгъэн
жыгым и жьауэм бжыр IэщIэлъу щIэст абы щыгъуэ зи блыгущIэт-
хэр къызэувэкIа ТIалутI.
[7] «Мыдэ фыкъызэдаIуэт зэ, бенамин щIалэхэр! – захуигъэзащ
ТIалутI абыхэм. – Ашэй и къуэм гъавэ щIапIэхэмрэ жызум хадэ-
хэмрэ къывитын фыфIэщIрэ? ЗауэлI минхэмрэ щэхэмрэ я Iэщхьэ-
тету фигъэувын фи гугъэрэ?[c] [8] Си нэщIыбагъкIэ фызэрыгъэIущу
Ашэй и къуэр игъащIэкIэ игъэныбжьэгъуну си къуэм тхьэ щыхуи-
Iуэм, зыми зыри къыщIызжевмыIар ара? Игу къысщIэгъуу си къуэм
си унэIутыр къызэрысщигъэIейр сыту зыгуэрым къызэвмыгъэщIа-
рэ? Нобэ къызэрыспэщIэувэр фолъагъупэ...»
[9] Едумей лъэпкъым щыщ ДэIэгу, ТIалутI и блыгущIэтхэм я
гъусэу щытти, къэпсалъэри жиIащ: «Ашэй и къуэр Ахьтуб и къуэ
Ахъымелэч деж Нэб къалэ къызэрыкIуар си нэкIэ слъэгъуащ.
[10] Даут адэкIэ ищIапхъэр зригъэщIэну Ахъымелэч ТХЬЭМ

---

*a* **22:3** Даут и анэпIащэ Аруфэт Мэуабей щIыналъэм щыщт.

*b* **22:5** Джад бегъымбарым япэу дыщыхуэзэр мыбдежщ. Даут хуэщыпкъэу, пащтыхь хъуа нэужьи упщIэж ирихьэлIэу, сыт ищIыскIи зыщIигъакъуэу къекIуэкIа цIыхущ ар. Даут и пащтыхьыгъуэм хъугъэщIагъэу къыщекIуэкIар зытхыжахэм ящыщщ Джад бегъымбарри. Еплъ 2 Пащт. 24:11-25.

*c* **22:7** Даут къызыхэкIар Ехьуд и лIакъуэрат, ТIалутI Бенамин и щIэблэм щыщт. и пащтыхьыгъуэм и лъабжьэр игъэбыдэн щхьэкIэ, ТIалутI бенаминхэм нэхъ яхуегъэзэкIауэ зэрыщытар мыбдеж наIуэ щохъу.

зыхуигъэзащ, гъуэмыли иритащ, фылистей зауэлI ДжалутI и джатэри IэщIилъхьащ».

[11] Ахъымелэчи, абы и унагъуэ щыщу Нэб къалэ тхьэпщу дэсхэми пащтыхьым якIэлъигъакIуэри, къанэ щымыIэу и деж къыригъэшэлIащ. [12] «УкъэдаIуэрэ, Ахътуб и къуэ?» – еупщIащ ТIалутI Ахъымелэч.

«СынодаIуэ, си зиусхьэн!» – къитыжащ жэуап мыдрейми.

[13] «Сыт уэрэ Ашэй и къуэмрэ си нэщIыбагъкIэ фыщIызэрыгъэIущар?! – егиящ абы ТIалутI. – Гъуэмыли Iэщи ептри, ищIэн хуейхэмкIи Тхьэм зыхуэбгъэзащ. Нахуэ зэрыхъуащи, иджыпсту зэрищIым хуэдэу, зыкъыспэщIисэу къыспэтIысын щхьэкIэщ...»

[14] «Уи цIыхухэм ящыщу хэт уэ нэхъ къыпхуэщыпкъэр, ар мыДаутмэ? – пикIуэтакъым пащтыхьым Ахъымелэч. – Ар уи малъхъэкъэ, уи щхьэхъумэхэм я Iэщхьэтеткъэ, уи унэ исхэм пщIэшхуэ хуащIкъэ? [15] Абы и натIэ къритхам теухуауэ Тхьэм зыщыхуэзгъэзар иджы уфIэщIрэ? Дауи, иджыкъым! Сэри си унагъуэм исхэри бзаджагъэ дымылэжьамкIэ думыгъэмысэ*. Зи гугъу пщIым теухуауэ зыри сщIэркъым».

[16] «Уэри, Ахъымелэч, уи унагъуэ исхэми хьэдэгъуэшэр къыфтегъэпсагъэххэщ», – пиупщIащ пащтыхьым. [17] «Мы тхьэпщхэр Даут деж еутэкIащи, зы къэмынэу фукI, – яхуищIащ пащтыхьым къыщхьэщыт и щхьэхъумэхэм унафэ. – Ар зэрыщIэпхъуэжар ящIэ пэтми, хъыбар къызатакъым».

АрщхьэкIэ ТIалутI и гъусэхэм ТХЬЭМ и тхьэпщхэм Iэ тезышэщIэн къахэкIакъым.

[18] Апхуэдэу щыхъум, тхьэпщхэм кIэ яритыну пащтыхьым едумей лъэпкъым щыщ ДэIэгу унафэ хуищIащ.

ДэIэгуи тхьэпщхэр зы къэмынэу зэтриукIащ. А махуэм абы чэтэн кIэпхыныр зыIулъ тхьэпщ тIощIиплIрэ тхум я псэ игъэнат. [19] Нэб къалэр, тхьэпщ жылэр, абы иужькIэ джатэщхьэщIэкI ищIри, цIыхухъуи цIыхубзи, сабии быдзафи, выи, шыди, мэли къимыгъанэу зэтриукIащ.

[20] Ахъымелэч и къуэхэм ящыщ зыр, Абэтар, псэууэ яIэщIэкIри, Даут деж къыщIэпхъуащ. [21] ТХЬЭМ и тхьэпщхэр ТIалутI зэрызэтриукIар жриIэжащ. [22] «Едумей лъэпкъым щыщ ДэIэгу абы

щыслъэгъуат, – гуIэжащ Даут, – ТIалутI бзэгу зэрыхуихьыжынури си псэм ищIат. Уи адэ и унагъуэр хьэкъыншэу зэрыкIуэдам си лажьэ хэлъщ. [23] Къанэ си деж икIи умышынэ, уи псэм ещэр си псэм лъыхъуэу аращ. Си деж ущыIэху, уэркIэ шынагъуэ зи цIэ щыIэкъым».

## ТIОЩIРЭ ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут ЧэIил къалэр биим зэрыщихъумар*

23 [1] Фылистейхэр ЧэIил къалэм теуауэ къызэразэум, хьэмхэр
зэрахъунщIэм и хъыбарыр Даут зэхихащ. [2] «Сыт сщIэнур?
Сатеуэн хуей?» – жиIэри Даут ТХЬЭМ зыхуигъэзащ.

Бийм ебгъэрыкIуэу ЧэIил къалэр къаIэщIихыжын зэрыхуейр
ТХЬЭМ абы къригъэщIащ.

[3] АрщхьэкIэ Даут и гъусэхэм ар ядакъым. «Мыбдеж, Ехьудей
хэкум дызэрыщыIэу, шынагъэр тщхьэщытщ, ЧэIилкIэ дежьэу фы-
листеидзэм дызэребгъэрыкIуэнур дауэ?» – жаIэри.

[4] Даут иджыри зэ ТХЬЭМ зыщыхуигъазэм, ЧэIилкIэ кIуэн зэ-
рыхуейри фылистейхэр и Iэ къызэрырилъхьэри къыжриIащ.

[5] Абы иужькIэ Даут, и цIыхухэр и гъусэу, ЧэIилкIэ ежьэри, бийм
зауэ ирищIылIащ, и Iэщхэри ихуащ. Фылистейхэм удын бзаджэр
яридзри, чэIилдэсхэри къригъэлащ.

[6] (Ахъымелэч и къуэ Абэтар Даут деж ЧэIил къыщыщIэпхъуэ-
жым, тхьэпщ кIэпхыныр къыздихьыгъат.)

[7] Даут ЧэIил къалэ зэрыщыIэм и хъыбарыр ТIалутI деж нагъэ-
сащ. «Тхьэм ар си Iэ кърилъхьащ, – къэнэжэгужащ ТIалутI. – Зи
дыхьэпIэхэр бжэIулъэкIэ ягъэбыдэж къалэм езыр къакIуэри, хьэшым
хуэдэу зриубыдэжащ!» [8] ЧэIил къалэм ебгъэрыкIуэу Даутрэ и гъусэ-
хэмрэ абы диубыдэн и хьисэпу, ТIалутI жылэр зауэм хузэщIиIэтащ.

[9] ТIалутI къыхуищIа гухэлъ фIыцIэр Даут къыщищIэм, тхьэпщ
Абэтар тхьэпщ кIэпхыныр къыхуихьыну жриIащ. [10] «Ди ТХЬЭ,
ИсрэIилым и Тхьэ, – зыхуигъэзащ Даут Тхьэм, – сэ срищхьэ-
усыгъуэу ТIалутI ЧэIил къалэм къекIуалIэу зэтрикъутэну зэри-
гуращэр зэхызох. [11] ЧэIилдэсхэм абы и IэмыщIэ сралъхьэну?

А зэрызэхэсхам хуэдэу ТIалутI къалэм къекIуэлIэну? Ди ТХЬЭ, ИсрэIилым и Тхьэ, сынолъэIу, зыкъэзгъащIэ!»
«КъекIуэлIэнущ!» – зыкъригъэщIащ ТХЬЭМ Даут.
[12] «Сэрэ си гъусэхэмрэ чэIилдэсхэм ТIалутI дратыну?» – щIэупщIащ аргуэру Даут.
Зэратынури ТХЬЭМ Даут къригъэщIащ.
[13] Арати, Даутрэ цIыху щих хуэдиз хъун и гъусэхэмрэ ЧэIил къыдэкIыжри, щхьэегъэзыпIэ лъыхъуэу щIыпIэ куэд къызэхакIухьащ. Даут ЧэIил зэрибгынар ТIалутI щыжраIэм, зекIуэр къызэтригъэувыIащ.

## *ТIалутI Даут и ужьыр къызэрырихуэкIар*

[14] Даут Зиф пшахъуэщIым ит бгылъэ щIыпIэхэм зыщигъэпщкIурт. ТIалутIи махуэл дихыртэкъым Даут и ужьыр имыхуу, арщхьэкIэ Тхьэм ар абы щихъумэрт.
[15] Даут Хъуэрэш щыIэт, Зиф пшахъуэщIым и щIыпIэхэм ящыщ зым, ТIалутI ар иукIыну къызэрилъыхъуэр къыщищIам. [16] ТIалутI и къуэ Йонэтани Хъуэрэш къакIуэри, Тхьэм щыгугъын зэрыхуеймкIэ Даут и фIэщхъуныгъэр нэхъри игъэбыдащ. [17] «Умыгухэ, – жиIащ абы. – Сыт мыхъуми, ди адэм и Iэ уэ къыплъэIэсынкъым. Уэращ ИсрэIилым и пащтыхь хъунур, уи яужькIэ етIуанэ цIыхуу щытынури сэращ. Хэбгъэзыхьмэ, абы ди адэ ТIалутIи фIы дыдэу щыгъуазэщ».
[18] ИтIанэ айтIум ТХЬЭМ и пащхьэ Iуагъэ щызэдащIащ. Абы иужькIэ Йонэтан и унэ кIуэжащ, Даути Хъуэрэш къинащ.
[19] Зиф къалэм щыщ гуэрхэр ТIалутI деж Джыбэхь къакIуэри жраIащ: «Даут Хъуэрэш бгылъэ щIыпIэм ит ХьэкIылэ Iуащхьэм, Ешимун пшахъуэщIым ипщэIуэкIэ, зыщегъэпщкIу. [20] Уэ ущыхуей дыдэм къакIуэ, къотшэлIэныр дэ ди Iуэхущ».
[21] «ФыкъызэрысхуэсакъыIм щхьэкIэ ТХЬЭМ и нэфI къыфщыхуэ! – ехъуэхъуащ абыхэм ТIалутI. – [22] ФыкIуэ, иджыри зэ фызыщIэплъыкIыж! Даут дэнэ деж щызэхэзекIуэми, хэт илъэгъуами къысхуэфщIэ! Ар Iэмалшы бзаджэу зэхызох. [23] КъулъшэуапIэ* ищI щIыпIэхэр къанэ щымыIэу къэзвгъащIи, хъыбар пэжыр къысхуэфхьи фыкъэкIуэж! ИтIанэ сынывдежьэнщи, ар мы щIыпIэхэм

щыIэххэмэ, зэры-Ехьудей хэкуу щIэспщытыкIа папщIэ, къэзмы-
гъуэтауэ сыувыIэнкъым».

[24] Ахэр гъуэгу теувэжхэри, ТIалутI и нэхъапэ Зиф нэсахэщ.
Даутрэ и гъусэхэмрэ абы щыгъуэ Мэуан пшахъуэщIым, Ешимун
ипщэIуэкIэ, щыIэт. [25] ТIалутIрэ и цIыхухэмрэ и ужьыр зэрахур Даут
зэхихащ. Мэуан пшахъуэщIыр имыбгынэу абы ит къуршым ихьэ-
жащ. Ар ТIалутI щызэхихым, Мэуан пшахъуэщIымкIэ иунэтIри,
Даут кIэлъежьащ.

[26] Къуршым и зы лъэныкъуэмкIэ ТIалутI къекIуэкIырт, Даут-
рэ и цIыхухэмрэ я гъуэгур адрей лъэныкъуэмкIэ щыхагъэщIырт.
ТIалутI зэрыIэщIэкIыным Даут хуепIэщIэкIыу кIуэрт, ТIалутIрэ
абы и цIыхухэмрэ Даутрэ и гъусэхэмрэ Iэрыубыд ящIын гугъэр
яIэу я хъуреягъкIэ къапекIуэкIырт. [27] Абы хэту ТIалутI деж къэса
лIыкIуэм фылистейхэр я щIыгум къызэриуар, Iэмалыншэу игъэзэ-
жын зэрыхуейр къыжриIащ. [28] ТIалутI Даут и ужьым икIын хуей
хъури, фылистейхэм езэуэну игъэзэжащ. Аращ а щIыпIэм нобэр
къыздэсым «Зэбгъэдэзыш КъуршкIэ»[a] щIеджэр.

## ТIОЩIРЭ ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут ТIалутI имыукIыу къызэригъэнар*

**24** [1] Даут а щIыпIэри къибгынэри, Ангъэдий бгылъэ екIуэлIэ-
гъуейхэр къулъшэуапIэ ищIащ.

[2] Фылистейхэр ирихужьэжу ТIалутI пхъэражэ къыщикIыжым,
Ангъэдий пшахъуэщIым Даут зэрыщыIэр жраIащ. [3] ИсрэIилым я
нэхъ зауэлI пхъашэу исым щыщу нэрыбгэ миниш гъусэ къищIщ,
Даутрэ и гъуэгуэгъухэмрэ я лъыхъуакIуэ ТIалутI къежьэри, Бжэн
Iэлхэм я КъуршкIэ зэджэм нэс къэкIуащ.

[4] Гъуэгу гъунэм Iут мывэ чэтхэм блэкIри, гъуэдыдж гуэр щыIэти,
щIыб икIыну ТIалутI абы щIыхьащ. Гъуэдыдж пхащIэми Даутрэ
и гъусэхэмрэ ист.

[a] **23:28** Журт. «Села Хамаклекот».

[5] «„Узыхуейр епщӀэну ухуиту уи бийр уи Ӏэмыщӏэ ислъхьэнущ“
жиӀэу ТХЬЭМ къыщӀыбжиӀар нобэ хуэдэ зы махуэкъэ!» – жа-
Ӏэурэ цӀыхухэр Даут къеӀущащэу щӀадзащ. Даути ТӀалутӀ щэху
цӀыкӀуу екӀуэщалӀэри, и щыгъын щӀыӀутелъым щэкӀ кӀапэ тӀэкӀу
къыпигъэжащ.
[6] Ауэ асыхьэтуи апхуэдэу зэрищӀам Даут хущӀегъуэжащ. [7] «Си
зиусхьэным екӀэ иужь сихьэну е си Ӏэр абы тесшэщӀэну ТХЬЭМ
жимыӀэ! – идакъым Даут. – А зиунагъуэрэ, ар Езы ТХЬЭМ къы-
хиха пащтыхьщ!» [8] А псалъэхэмкӀэ Даут и гъусэхэр игъэӀэсэщ аби,
ТӀалутӀ яригъэубыдакъым.
АпщӀондэхукӀэ ТӀалутӀ бгъуэнщӀагъым къыщӀэкӀыжри и гъуэгу
теувэжащ. [9] Даути кӀэщӀу бгъуэнщӀагъым къыкӀэлъыщӀэкӀри,
ТӀалутӀ кӀэлъыджащ: «Зиусхьэну си пащтыхь!» – жиӀэри. ТӀалутӀ
къыщызэплъэкӀым, пщӀэ зэрыхуищӀыр иригъэлъагъуу щӀым нэсу
Даут абы щхьэщэ хуищӀащ.
[10] «Гухьэ-гужь* пхузиӀэу жызыӀэхэм сыт ущӀедаӀуэр? – еупщӀащ
Даут ТӀалутӀ. – [11] ТХЬЭМ бгъуэнщӀагъым укъыщызэрысӀэщӀи-
лъхьэгъар иджыпсту уи нитӀкӀэ плъэгъуащ. УзукӀын хуейуи сы-
къагъэдаӀуэрт, ауэ сыноӀусакъым, ТХЬЭМ къыхиха зиусхьэну
си пащтыхьым си Ӏэ тесшэщӀэнукъым, жысӀэри. [12] Плъагъурэ, ди
адэ, уи щыгъын щӀыӀутелъым щыщ щэкӀ чэсэчщ мы сӀыгъыр! Уи
щыгъынык1эм щыщ къыгуэзгъэжа щхьэкӀэ, узукӀакъым. Уи фӀэщ
сыщӀи, зыгурыгъаӀуэ, Ӏуэху щӀэпхъаджэ зэрызмылэжьари зызэрып-
пэщӀэзмысари. Уи пащхьэ мысагъэ гуэри щызмылэжьа пэтми, си
псэр бгъэныну укъызощакӀуэ. [13] Уэрэ сэрэ хэт захуэми, ТХЬЭМ
зэхигъэкӀынщ! Бэлыхьу сызыхэбгъэтар ТХЬЭМ уигъэпшыны-
жынщ, ауэ, сыт мыхъуами, си Ӏэ ныптеслъхьэнукъым. [14] Пасэрейхэм
я жыӀауэ „бзаджэрщ бзаджэ къэзылъхур“, ауэ сэ си лажьэ уэзгъэ-
кӀынукъым. [15] Уэ ИсрэӀилым урипащтыхькъэ? Хэт узэзауэр? Хэт
зи ужь уитыр? Хьэ псэхэлӀэра? Бжьыдзэра? [16] Уэрэ сэрэ ди Ӏуэхур
ТХЬЭМ хузогъэтӀылъри, зэхрырегъэкӀ! Ирелъагъу си Ӏуэху зы-
тетри, сыпщрехъумэ! Сиухеижынущ Абы, уэ ппэӀэщӀи сищӀынущ!»
[17] «Даут, си щӀалэ, уэра ар зи макъыр?» – жиӀэщ ТӀалутӀи, зэ-
щыджэу къэгъащ. [18] «Уэ унэхъ захуащӀэщ сэр нэхърэ, – жиӀащ

абы. – Сыт хуэдиз бзаджагъэ пкIэлъызезмыхьами, дахэу укъыс-
пыкъуэкIащ. [19] ТХЬЭМ уи Iэмыщ[?]Iэ срилъхьарэ пэт, сыбукIы-
фыну щытарэ пэт, фIыкIэ укъызэрыскIэлъызекIуар иджыпсту
къызжепIэжащ. [20] Хэт зи бий къызыIэщIыхьауэ фIырыфIкIэ
зыутIыпщыжыр? Нобэ къысхуэпщIа фIым фIы ТХЬЭМ пигъэ-
кIуэж! [21] Хьэкъыпсэу кIэ сощIэ, пащтыхь ухъунущ, ИсрэIил пащты-
хьыгъуэр нэхъ лъэщи пщIынущ. [22] АтIэ, си щIэблэр зэрызэтумы-
укIэнумкIэ, си цIэри ди адэ и унэ исхэм зэраIэщIумыгъэхунумкIэ
тхьэ къысхуэIуэ».

[23] Даути ТIалутI тхьэлъанэ хуищIащ. Абы иужькIэ ТIалутI и унэ
игъэзэжащ, Даутрэ и цIыхухэмрэ я къулъшэуапIэ екIуэлIэжащ.

## ТIОЩIРЭ ЕТХУАНЭ IЫХЬЭ

### *Нэбэл Даут зэригъэикIар*

**25** [1] Щамел дунейм щехыжым, зэры-ИсрэIилу къызэхуэсри,
хьэдагъэшхуэ иращIэкIыжащ. Арэмэхь дэт и унэм пэмы-
жыжьэуи щыщIалъхьэжащ. Абы хэту Даути зэрыс щIыпIэр ибгы-
нэри, Пэран пшахъуэщIым кIуащ.

[2-3] Хьэлэб и щIэблэм щыщу хуабжьу хуэщIауэ псэууэ зылI
Мэуан дэсащ. Абы Къармэл къалэм и Iэгъуэблагъэхэм щIышхуэ
щиIэт, мэл минищрэ бжэн минрэ зэрихуэрт. ЛIым и цIэр Нэбэлт,
и щхьэгъусэм зэреджэри Абиджэлт. Ар бзылъхугъэ къабзэт икIи
губзыгъэт, ауэ лIыр цIыху бзаджэт, щэнкIэщIт. Нэбэл Къармэл
цыщ кIуауэ щыIэт.

[4] Нэбэл цыщ зэриIэм и хъыбарыр пшахъуэщIым ис Даут зэхи-
хащ. [5] Даут щIалипщI Нэбэл деж иутIыпщащ: «Къармэл фыкIуи,
си цIэкIэ фIэхъус-сэлам Нэбэл ефх. [6] „Бэрэ ущэ апщий!“ жыфIи,
и унагъуэр ехъулIэну, и мылъкури махуэ хъуну фехъуэхъу. [7] „Цыщ
узэриIэр зэхэтхащ“, жыфIэ. „Уи мэлыхъуэхэр къыщытхуэзам я
жагъуэ тщIакъым, Къармэл щыIэхункIи хэщIыныгъэ гуэри ягъуэ-
такъым. [8] ЖытIэр зэрыпэжым уи цIыхухэр щыхьэт техъуэфынущ,
еупщI абыхэм. Иджы, хъунумэ, ди хьэтыр къэлъагъу. Нобэ цыщ

ефэ уиIэщ, пхуэзэфIэкIынум хуэдизкIэ ди цIыхухэмрэ уи щIалэу
Даутрэ уакъыхуэупсэну дынолъэIу“, жыфIи зыхуэвгъазэ». [9] Лы-
кIуэхэр Нэбэл деж къакIуэщ, Даут и псалъэхэр жраIэри, къариты-
жыну жэуапым пэплъэу къэувыжащ.

[10] Арщхьэк Iэ Даут иIуэхуахэм Нэбэл захригъэхар ахэр аркъудей
зыпэмыплъа жэуапщ: «Хэт ар езыр, а Даутыр? Хэт Ашэй и къуэ-
кIэ фызэджэр? Я зиусхьэнхэм къаIэщIэкIрэ щIэпхъуэж пщылIхэр
иджы куэд хъуащ. [11] Цыщым яхуэзгъэхьэзыра лыри, шхынри, псы-
ри дэнэкIэ къыкъуэхуами сымыщIэхэм дауэ зэрестынур?»

[12] Даут и цIыхухэм зыкъагъазэри къежьэжащ. Къэсыжхэри,
сыт къарипэсами псалъэ дэмыхуу Даут хуаIуэтэжащ. [13] «Iэщэр
къафщтэ!» – ищIащ унафэ Даут. Псоми я Iэщэр къызыпалъхьащ,
Даути и джатэр къызыгуилъхьащ. Здэщыс щIыпIэм цIыху щитIыр
хъумакIуэу къыщанэри, нэрыбгэ щиплIыр Даут и ужь иту ежьащ.

### *Абиджэл лъыгъажэр къызэрызэтригъэувыIар*

[14] «ПщIэрэ къэхъуар? – хуиIуэтэжащ унэIутхэм ящыщ зым
къэхъуа псори Нэбэл и щхьэгъусэ Абиджэл. – Даут и лIыкIуэхэр
пшахъуэщIым къригъэкIри, ди зиусхьэным деж фIэхъус-сэлам
кърахыну къигъэкIуати, мыдрейр губжьыкIейуэ къызэщIэнэ-
ри яхуэмыфащэ ярипэсащ. [15] Ахэр хуабжьу къытхуэфIащ, ди
жагъуи ящIакъым, ахэр ди гъунэгъуу губгъуэм дитыхункIи зыри
тфIэкIуэдакъым. [16] Дапэмыжыжьэу Iэщыр щыдгъэхъурти, жэщи
махуи я нэIэ къыттетащ, дахъумащ. [17] Абы егупсыси пщIэнур
пщIэжынщ, армыхъумэ ди зиусхьэнри и унагъуэри зыхэмыкIы-
жын бэлыхь хэхуэнщ. Нэбэл гужь зиIэ цIыхущи, уIурыIэбэнкIэ
зы Iэмал хуэбгъуэтыркъым».

[18] Абиджэл епIэщIэкIыу щIакхъуэ щитI, санэ фэндитI, мэл гъэ-
жьаитху[a], гуэдз гъэлыгъуауэ пщалъитху[b], жызум гъэгъуауэ блэ-
рищэ, ахъуэ* благъэ щитI къигъэхьэзырри, шыдхэм ятрилъхьащ.
[19] «Си япэ фиту фыкIуэ, – яжриIащ Абиджэл унэIутхэм. – Фи

[a] 25:18 Е: «мэл зэIыхагъащIитху».
[b] 25:18 Хуэгъэфэщауэ литр щэщIрэ блырэ хуэдиз хъунущ.

ужьым ситурэ сэ сынэкӀуэнщ». Зы псалъэкӀи Абиджэл Нэбэл зы-
кърригъэщӀакъым.
[20] Абиджэл шыдым тесу бгы лъагъуэмкӀэ къех пэтрэ, Даутрэ
абы и цӀыхухэмрэ зэгъусэу къакӀуэу къарихьэлӀащ. [21] «А лӀым
и мылъкум хэщӀ имыӀэу пшахъуэщӀым зэрыщыхуэсхъумар хьэ-
улей хъуащ, – къакӀуэрт и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжурэ Даут. –
БзаджэкӀэ къыспыкъуэкӀыжащ. [22] Пщэдджыжь пщӀондэ Нэбэл
и унэӀутхэми и унэкъуэщ цӀыхухъухэми ящыщу зы лъхудий псэууэ
къэзгъанэу щытмэ, Тхьэм и нейр къысщыхуэ[a]!»
[23] Даут къыщилъагъум, Абиджэл занщӀэу шыдым къелъэри,
щӀы щхьэфэм натӀэкӀэ лъэӀэсу лъэгуажьэмыщхьэу зыхуригъэуащ.
[24] «Лажьэр зытехуэр си закъуэщ, зиусхьэн! – зэкӀэлъигъэпӀэщӀащ
Абиджэл, Даут зыхуигъэщхъри. – Хъуну щытмэ, псалъэ къызэти,
жысӀэм къедаӀуэ. [25] Зиусхьэн, акъыл зи цӀэ зимыӀэ Нэбэл хъатэ-
шхуэ умыщӀ. И цӀэм ещхьщ и щхьэри – былымым хуэдэщ[b]. Сэ
стеухуауэ жыпӀэмэ, уи фӀэщ сыщӀ, лӀыкӀуэ къэпщӀахэм напафэкӀэ
сатемыплъа. [26] ТХЬЭМ и цӀэкӀи уэ уи цӀэкӀи соӀуэ, зиусхьэн, лъы
гъэжэным ТХЬЭМ пэӀэщӀэ ухуищӀащ. Нэбэл и щхьэ кърикӀуэнур
уи бийхэми гухьэ-гужь къыпхузиӀэ псоми къащрещӀ! [27] Мы къы-
пхуэсхьа тыгъэр, зиусхьэн, уи цӀыхухэм ятегуашэ. [28] СынолъэӀу
зэрымыщӀэкӀэ къысӀэщӀэщӀар къысхуэбгъэгъуну! Узыхуэзауэр
ТХЬЭМ и Ӏуэхущи, зиусхьэн, Абы уи лъабжьэр игъэбыдэнущ.
Упсэуху кӀэ бзаджагъэ зи цӀэ уигу къимыхьэу ущыӀэ! [29] Уи псэм
екӀэ лъыхъуэу зыгуэр къыкъуэкӀыу щытми, зиусхьэн, уи гъащӀэр
ТХЬЭМ, уи Тхьэм, и анэмэтщ. МывэкӀэ яхэуа фӀэкӀа умы-
щӀэу Абы уи бийхэр зэтриукӀэнущ. [30] ФӀыгъуэу узэригъэгугъар
ТХЬЭМ къыббгъэдилъхьэу ИсрэӀилыр уи ӀэмыщӀэ къыщрилъхьэ-
кӀи, зиусхьэн, [31] узыгъэнэщхъеини щыӀэнукъым, пщӀэ имыӀэу лъы
бгъажэу уилъ зэрыпщӀэжам ущӀыхущӀегъуэжын щхьэусыгъуи
уиӀэнукъым. ТХЬЭМ фӀым ущригъэхъулӀэкӀи, зиусхьэн, солъэӀу,
уигу сыкъэгъэкӀыж».

*a* **25:22** Е: «Тхьэм и нейр си бийхэм къащыхуэ».

*b* **25:25** «Акъылыншэ», «цӀыхугъэ зимыӀэ», «Ӏэдэбыншэ» жиӀэу араш къикӀыр «Нэбэл» цӀэм.

[32] «ФIыщIэри щытхъури зейр нобэ укъысхуэзыхьа ИсрэIилым
и ТХЬЭРЩ! – къэгушхуэжащ Даут. – [33] Лъы гъэжэным сыщи-
хъумэу силъ сщIэжыным пэIэщIэ сыхуэзыщIа уэрэ уи акъылым-
рэ Тхьэм и нэфI къыфщыхуэ! [34] Си деж укъемылъэпсынщIэуатэ-
мэ, уи фIэщ сыщI, си зэран уэзымыгъэкIа ИсрэIилым и ТХЬЭМ
и цIэкIэ соIуэ, пшэкIэплъ къэщIыгъуэ пщIондэ Нэбэл и унэм ису
зы хъулъхугъи псэууэ къиэмынэнут». [35] Абиджэл къыхуихьа-
хэр къыIрихри, Даут абы итIанэ жриIащ: «КIуэ, гъэзэж уи унэ,
зы щхьэкIи укъыхэмыщтыкI. Уи хьэтыр слъэгъуащ, уи лъэIуи
згъэзэщIэнщ».

## *Абиджэл Даут и щхьэгъусэ зэрыхъуа щIыкIэр*

[36] Абиджэл къыздигъэзэжам, пащтыхь ефэ-ешхэ ищIу Нэбэл
унэм щIэсу кърихьэлIэжащ. Хуабжьу гукъыдэжышхуэ иIэт абы,
къызэрымыкIуэуи чэфт. Нэхулъэр къызэкIэщIичыхункIэ Абиджэл
абы зыри жриIакъым. [37] Пщэдджыжьым, Нэбэл чэфыр щыпкъры-
кIым, хъугъэщIагъэ псори къанэ щымыIэу хуиIуэтэжащ. Къэхъуар
щызэхихым, лIым и гур иубыдри, зэщIиIулIащ. [38] МахуипщI нэхъ
дэмыкIыуи Нэбэл и псэр ТХЬЭМ хихащ.
[39] «ЩхьэкIуэр къызэзыха Нэбэл хуэфащэр езыгъэгъуэтыжа
ТХЬЭМ щытхъур ейщ! – жиIащ Нэбэл зэрылIам и хъыбарыр
зылъэIэса Даут. – Iуэху бзаджэм сыщихъумэри, и бзаджэщIагъэ
езы Нэбэл трикъутэжащ».
Абы иужькIэ Даут Абиджэл лIыкIуэ хуищIащ, къыдэкIуэну
елъэIуу. [40] Даут щхьэгъусэу хуашэн щхьэкIэ, Къармэл къызэры-
кIуар лIыкIуэхэми Абиджэл жраIащ.
[41] «Сыхьэзырщ зиусхьэным сыт ищIыскIи сыхуэжыIэщIэну», –
япежьащ къыкIэлъыкIуахэм Абиджэл, щIым нэсу щхьэщэ яхуищI-
ри. [42] ЩIэхыу зыкъигъэхьэзырщ, шыдым тетIысхьэри, и унэIут
цIыхубзитху щIыгъуу, лIыкIуэхэм я ужь иту, Даут деж къакIуэри
щхьэгъусэ хуэхъуащ.
[43] Арыххэуи, Даут щхьэгъуситI – абырэ ИзрэIэл щыщ Ахэ-
нымрэ – иIэ хъуащ. [44] ТIалутI ипхъу Мэхъал Даут къытрихыжри,
Джэлым щыщ ЛэIиш и къуэ ПэлътэIил щхьэгъусэу иритыжакIэт.

## ТIОЩIРЭ ЕХАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут ТIалутI иджыри зэ псэууэ къызэригъэнар*

26 [1] Зиф къалэм щыщ гуэрхэр ТIалутI деж Джыбэхь къакIуэ-
ри, ХьэкIылэ Iуащхьэм, Ешимун пшахъуэщIым къыщхьэ-
щытым, Даут зызэрыщигъэпщкIур жраIащ.
[2] ИсрэIилым я нэхъ зауэлI пхъашэу исым щыщу нэрыбгэ ми-
нищ гъусэ къищIри, ТIалутI Зиф пшахъуэщIым Даут къыщилъы-
хъуэну къэкIуащ. [3] ХьэкIылэ Iуащхьэм блэкI гъуэгум и гъунэгъуу
ТIалутI и дзэр игъуэлъыкIащ. Даути пшахъуэщIым итт. ТIалутI
и ужьыр къихуу къызэрыкIэлъыкIуар абы зэхихащ. [4] ТIасхъэ-
щIэххэри щиутIыпщым, ТIалутI къызэрыкIуам и хъыбар пэжыр
къыхуахьащ.
[5] Даут къежьэри, ТIалутI щигъуэлъыкIа щIыпIэм къекIуэлIащ.
ТIалутIрэ дзэр зезышэ Ныр и къуэ Аунирррэ зэрыгъуэлъыжар Даут
къилъэгъуащ. Дзэ пщыIэм и курыкупсэм хуэзэу ТIалутI зыщи-
гъэзэгъат, езы дзэри абы и хъуреягъкIэ къегъуэлъэкIат. [6] «Хэт си
гъусэу ТIалутI зытес дзэ пщыIэм нэкIуэнур?» – жиIэри, еупщIащ
Даут хьет лъэпкъым щыщ Ахъымелэчрэ Дзыру и къуэу Йоуаб
и къуэш Абишейрэ.
«Сэ сынэкIуэнщ уи гъусэу!» – къеувэлIащ абы Абишей.
[7] Даутрэ Абишейрэ дзэ пщыIэм жэщым къытехьащ. Къыздыте-
хьам и бжыр и щхьагъ щыхэIуауэ ТIалутI зэрыжейр къалъэгъуащ.
Аунирррэ зауэлIхэмрэ абы и хъуреягъкIэ къегъуэлъэкIауэ щылът.
[8] «Уи жагъуэгъур Тхьэм уи IэмыщIэ нобэ кърилъхьащ, – еIущэ-
щащ Абишей Даут. – Хуит сыщIи, зэ уэгъуэкIэ бжыщхьэеIулI
сыгъэщI мыр. ЕтIуанэ уэгъуи сыхуеинукъым».
[9] «Хьэуэ, умыукI. Зы бэлыхьлажьэ гуэр и щхьэ крикIуэнкIэ
мышынэу ТХЬЭМ пащтыхьу къыхихам хэт сыт ирикуфын? –
идакъым Даут Абишей жиIэр. [10] – ТХЬЭМ и цIэкIэ соIуэ, ар Абы
зэригъэкIуэдыжынур мыпэжым. Е игъуэр къэсынурэ лIэнущ,
е зауэм хэкIуэдэнущ. [11] ТХЬЭМ къыхиха цIыхур сIэщIэкIуэдэным
сыщихъумэ! И пIэщхьагъым деж щыт бжымрэ псыр зэрыт кхъуэ-
щынымрэ къэдгъащти дыIугъэкIыж!»

[12] Даут ТIалутI и бжымрэ псыр зэрыт кхъуэщынымрэ къищтэщ
аби, абдеж къыIукIыжащ. Псори ТХЬЭМ къахуигъэкIуа жей
Iувым хэтт: зыми зыри къилъэгъуакъым, зыми зыри къищIакъым
икIи зыри къэушакъым.
[13] Дзэ пщыIэм къытекIыжри, фIыуэ пэIудза Iуащхьэ лъагэ
гуэрым и щыгум Даут къытеуващ. [14] «Аунир, сызэхэпхрэ?» – жиIэ-
ри дзэми Ныр и къуэ Аунири зэхахыу Даут къэгуоуащ.
«Ухэт уэ? Хэт ухъуну? – пидзыжащ абы Аунир. – Сыт пащты-
хьыр щIэбгъэбырсырыр?»
[15] «УлIкъэ уэ? Зэры-ИсрэIил хэгъэгуу къащти, уэ ппэхъуну
зыгуэр ис? Сыт уи зиусхьэну пащтыхьым ущIыхуэмысакъыр?
Ар иукIыну къызэрыкIэлъыкIуаIам ущыгъуазэ? [16] Хъуакъым а уэ
пщIар! ТХЬЭМ и цIэкIэ соIуэ, Абы къыхиха зиусхьэну пащты-
хьым фызэрыхуэмысэкъам щхьэкIэ укI фхуэмыфащэм! Зыплъы-
хьыт! Дэнэ щыIэ пащтыхьым и щхьагъ ита бжымрэ псыр зэрыт
кхъуэщынымрэ?»
[17] «Дауту си щIалэ, – жиIащ ТIалутI, Даут и макъыр къицIыхуж-
ри, – уэра зи макъ зэхэсхыр?»
«НтIэ, сэращ, си макъщ зэхэпхыри, зиусхьэну си пащтыхь!» –
иритыжащ абы жэуап Даут. – [18] «Сыт щхьэкIэ, зиусхьэн, зэхэзе-
хуэн сыпщIа? Сыт си лажьэр? Сыт хуэдэ бзаджэнаджагъэ зесхьар?
[19] КъедаIуэ-тIэ бжесIэнум, зиусхьэну си пащтыхь. Уи губжьыр
къысхуэзыхьар ТХЬЭР арамэ, Абы и цIэкIэ къурмэн сщIынщ.
Ауэ ди зэхуаку къыдыхьар цIыхухэрамэ, ТХЬЭМ и ней абыхэм
ящыхуэ! ТХЬЭМ къытхуигъэфэща щIыгум щыщу къыслъысыр
щысIэщIахкIэ, хамэтхьэхэм сахуэпщылIыну срагъэзу аращ. [20] Щре-
мыжэ силъ ТХЬЭР и лъэпкъым щыпэIэщIэ щIыналъэм! Хьэ
бжьыдзэ лъеяуэ ямылъытэм сыхуэдэщ сэ, ИсрэIилым и пащты-
хьыр си ужьым щхьэ ит? Шылэджэдым хуэдэу къуакIэбгыкIэхэм
сыкъыщрихуэкIыу си ужьыр щхьэ ихурэ?»
[21] «Уи гуэныхь къэсхьащ, Даут! – жиIащ ТIалутI. – Къэгъэзэж,
си щIалэ! ЛъапIэныгъэ епхри, ныжэбэ си псэ бгъэнакъым. Нобэ
иужькIэ си зэран уэзгъэкIыжынкъым. АкъылыншагъэкIэ сызе-
кIуэри, щыуагъэшхуэ сIэщIэкIащ».

[22] «Мыр уи бжыращ, – иридзыжащ абы Даут. – Уи зауэлI щIалэхэм ящыщ зы къэгъакIуи кърещтэж. [23] Хэти и щыпкъагъэрэ пэжыгъэрэ теухуауэ ТХЬЭР къетэжынщ. Нобэ ТХЬЭМ си Iэ укърилъхьат, арщхьэкIэ Абы къыхиха цIыхум си ягъэ езгъэкIакъым. [24] Уи псэм лъапIэныгъэ зэресхам хуэдэу, сысейми ТХЬЭР къыхуресакъ, сыт хуэдэ тхьэмыщкIагъэми пэIэщIэ сыхурещI!»

[25] «Даут, си щIалэ, Тхьэм и нэфI къыпщыхуэ! – жиIащ ТIалутI. – Iуэхушхуэ куэд бгъэхъэнущ уэ икIи, шэч хэмылъу, уефIэкIуэнущ».

Абы иужькIэ Даут и гъуэгу техьэжащ, ТIалутIи и унэ игъэзэжащ.

## ТIОЩIРЭ ЕБЛАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут фылистейхэм я деж щтапIэ зэрихьэжар*

27 [1] «Гувами-щIэхами зэгуэрым ТIалутI секIуэдылIэнущ, – егупсысыжащ езыр-езырурэ Даут. – СэркIэ нэхъыфIыр фылистейхэм я деж щтапIэ сихьэжынырщ. ТIалутI си ужь икIыжынщи, Исрэилым сыкъыщилъыхъуэжынкъым, сэри сыIэщIэкIа хъунщ».

[2] Арати, цIыху щих и гъусэу Даут ежьэри, Джат къалэм и пащтыхьым деж екIуэлIащ. Мэхъу и къуэ АхъышкIэ зэджэрат ар.
[3] Даутрэ и цIыхухэмрэ Ахъыш деж Джат къыщыувыIащ. Дэтхэнэми и унагъуэр щIыгъут, езы Даути и щхьэгъуситIыр – ИзрэIэл щыщ Ахэнымрэ Къармэл щыщ Нэбэл и щхьэгъусэу щыта Абиджэлрэ – и гъусэт. [4] Даут Джат щтапIэ зэрихьэжам и хъыбарыр ТIалутI щызэхихым, ар абы иужь икIыжащ.

[5] «Уи нэфI къысщыхуар пэжмэ, – зыхуигъэзащ зы махуэ гуэрым Даут Ахъыш, – уи жылэхэм языхэзым псэупIэ щызгъэщI. КъекIукъым узыдэс пащтыхь щыхьэрым сэри сыдэсынир», – жиIэри.

[6] А махуэ дыдэми Ахъыш абы Зычлъэгу къалэр къритащ. (Абдеж щегъэжьауэ Зычлъэгу Ехьудей пащтыхьхэм яйуэ къогъуэгурыкIуэ.) [7] Даут фылистеищIым илъэсрэ мазиплIрэ щыпсэуащ.

[8] Даутрэ и цIыхухэмрэ ежьэурэ джэшурейхэм, джырзейхэм, амэлычхэм ятеуэрт. (Шурейрэ Мысырымрэ нэсыхукIэ щIыгуу илъыр яIэщIэлъу ижь лъандэрэ мы лъэпкъхэр щыпсэухэрт.) [9] Теуэ

къищI къэси Даут а хэгъэгухэр зэрипхъуэрт, цIыхухъуи цIыхубзи
къимыгъанэу зэтриукIэрт, я Iэщ цIыкIуи, Iэщ пIащи, шыди, махъши,
щыгъыни къатрихырт. А псом иужькIэ Ахъыш деж къигъэзэжырт.
[10] «Мызыгъуэгум фызытеуар дэнэ щIыпIэ?» – жиIэу Ахъыш щы-
щIэупщIэкIэ, Даути «Ехьудей хэкум и ипщэ щIыналъэм, ерэхьмэл-
хэмрэ къэнейхэмрэ щыпсэу щIыпIэхэм, датеуащ[a]», – жиIэрти, жэуап
иритыжырт. [11] Гъэру зыри Джат къалэ къыдимышэн щхьэкIэ, Даут
цIыхухъуи цIыхубзи псэ зыIут къимыгъанэу игъэкIуэдырт. «Мыращ
Даут къыдищIар!» – жаIэнщи, даIуэтыжынщ, жиIэу арат ар зэрегу-
псысыр. Апхуэдэущ Даут фылистеищIым зэрисар. [12] «КъызыхэкIа
исрэIил лъэпкъым ар дунейм тралъагъуэ хъуркъыми, – егупсысырт
Ахъыши, – игъащIэкIэ гурэ псэкIэ къызбгъэдэту си деж щыIэнущ».
Апхуэдэурэ Ахъыш и дзыхьыр Даут нэхъри иригъэз хъуащ.

## ТIОЩIРЭ ЕЯНЭ IЫХЬЭ

**28** [1] ИсрэIилым зауэ иращIылIэну фылистейхэм дзэр зэхуашэ-
сырт. «Уэри уи цIыхухэри зауэм фыныздэкIуэн хуейщ!» –
жиIащ Ахъыш Даут зыхуигъазэри.

[2] «Хъунщ! – еувэлIащ Ахъыш и псалъэм Даут. – Сэри си лIыгъэ
къихьыр зыхуэдизыр уи нэгу щIэзгъэкIынщ».

«ДызэгурыIуащ! ИгъащIэкIэ узищхьэхъумэну пхузогъэфащэ», –
къыпигъэхъуэжащ Ахъыши.

### *ТIалутI Iэзэм деж зэрыкIуар*

[3] Щамел дунейм ехыжат, зэрыисрэIил лъэпкъыу ягъеижри,
щалъхуа Арэмэхь къалэм щыщIалъхьэжат. Хьэдэхэр къэзыгъэ-
псалъи удыгъэ зезыхьи ТIалутI хэкум ирихуат[b].

[4] Фылистеидзэми зызэщIигъэуIуэщ аби, къежьэри Шунэм
пэмыжыжьэу игъуэлъыкIащ. ТIалутIи ИсрэIил хэгъэгум цIыхуу

---

[a] **27:10** Ахъыш дзыхь зыхуригъэщIын щхьэкIэ, Даут исрэIилхэмрэ абыхэм я лъэ-
ныкъуэгъухэмрэ ятеуэу къыщигъэхъурт фылистеипщым.

[b] **28:3** КъэхъункъэщIэнур къащIэу жызыIэхэри, удыгъэ зезыхьэхэри, хьэдэхэр
къэзыгъэпсалъэхэри Тэурэт Хабзэм аркъудей имыдэу нэлат ярех.

исыр къызэхуишэсри, ДжэлбаIытхым пэгъунэгъуу къыщыувыIащ.
5 Фылистеидзэр къыщилъагъум, ТIалутI къэгужьейри, шынэ къи-
щтащ. 6 ИщIэнумкIэ ТХЬЭМ зыхуигъэза щхьэкIэ, пщIыхьэпIэкIи
зыкъригъэлъэгъуакъым, урим• иригъэдза щхьэкIи, зыри къыхуи-
кIакъым, бегъымбархэми зыри къапихыфакъым. 7 Апхуэдэу щы-
хъум, хьэдэр къигъэпсалъэу Iэзэгъуэ-Iэзэпэ зыхэлъ цIыхубз гуэр
къыхуагъуэтыну ТIалутI и чэнджэщэгъухэм унафэ яхуищIащ.

«Андор зы цIыхубз Iэзэ дэсщ», – къыжраIащ абыхэм ТIалутI.

8 КъамыцIыхун щхьэкIэ ТIалутI и щыгъынхэр зэщихщ, нэгъуэщI
щыгъыныгъуэкIэ зихуапэри, нэрыбгитI и гъусэу жэщым ежьэри, а
цIыхубзым деж кIуащ. «Хьэдэр къысхуэгъэпсалъэ, – зыхуигъэзащ
ТIалутI абы лъэIукIэ. – Зи цIэ къыпхуисIуэнури къысхуеджэ».

9 АрщхьэкIэ цIыхубзым идакъым: «ТIалутI ищIа унафэм, дауи,
ущыгъуазэщ уэ. Хьэдэхэр къэзыгъэпсалъи удыгъэ зезыхьи Хэкум
ирихуащ абы. Иджы сыт сэ си псэр джэгупIэ сыбгъэщIыну иужь
ущIитыр?»

10 «ТХЬЭМ и цIэкIэ соIуэ, мыбы ехьэлIауэ зыри уи щхьэ къри-
мыкIуэнкIэ», – ищIащ тхьэлъанэ ТIалутI.

11 «Хэт къыезджэнур?» – щIэупщIащ итIанэ цIыхубзыр.

«Щамелт сызэпсэлъэнур», – пидзыжащ абы ТIалутI.

12 Бзылъхугъэм Щамел къыщилъагъум, ину кIийщ аби, ТIалутI
жриIащ: «СыкъэбгъэпцIащ! Уэращ ТIалутIыр езыр!»

13 «Умышынэ зым щхьэкIи! – игъэсабырыжащ ар пащтыхьым. –
Сыт плъагъур?»

«ЩIым къыщIэкI хьэдэпсэр солъагъу», – жиIащ цIыхубзым.

14 «Сыт и шыфэлIыфэ?» – еупщIащ итIанэ абы пащтыхьыр.

«ЩIым зы лIыжь къыщIокI, щыгъын щIыIутелъ щыгъыу», –
жиIащ цIыхубзым. Ар зэры-Щамелыр абдеж ТIалутI къыгурыIуэ-
ри, зигъэщхъри щхьэщэ хуищIащ.

15 «СыщIэбгъэпIейтейр сыт? УкъыщIызэджари сыт?» – къэгиящ
Щамел ТIалутI.

«Гузэвэгъуэшхуэ сыхэтщ, – къиIуэтащ и гуныкъуэгъуэр ТIалутI, –
фылистейхэм зауэ къызащIылIауэ къызобгъэрыкIуэ. Тхьэм
и щIыб къысхуигъэзащи, и бегъымбархэмкIи пщIыхьэпIэхэмкIи

зыкъызигъащIэркъым. СщIэн хуеймкIэ сыноупщIыну аращ сы-
къыщIоджар».
[16] «Сыт-тIэ иджы сэ укъыщIызэупщIыжыр ТХЬЭМ и щIыб
къыпхуигъэзамэ, жагъуэгъуу укъилъытамэ? – жиIащ Щамел. –
[17] Къысхуигъэк Iуауэ щытыгъа и псалъэм тетыжу аращ ТХЬЭР:
пащтыхьыгъуэр къыпIэщIитхъри нэгъуэщIым и Iэ ирилъхьащ.
Ар Даутщ. [18] ТХЬЭМ къыбжиIам уедаIуэу и губжьыр амэлыч-
хэм зэратумыкъутам щхьэкIэщ нобэ мыр уи щхьэ къыщIрикIуэр.
[19] ТХЬЭМ ИсрэIилри уэри фылистейхэм я Iэ фрилъхьэнущ, уэрэ
уи щIалэхэмрэ пщэдей нэхъ фIэмыкIыу хьэдрыхэ дыщызэрихьэлIэ-
жынущ. ИсрэIилым и дзэри ТХЬЭМ фылистейхэм яIэщIилъхьэ-
нущ».
[20] Щамел къыжриIам ТIалутI апхуэдизкIэ игъэгужьеяти, и лъэр
щIихри, зэуэзэпсэу укIурияш: зы жэщ – зы махуэ лъандэрэ хьэдзэ
зыIумыхуа лIым и гуащIэр а хъыбарым хурикъуакъым.
[21] ТIалутI зэхихар гущIыхьэ зэрыщыхъуар бзылъхугъэм къи-
лъэгъуащ. Ар абы къыбгъэдыхьэри къыжриIащ: «Псэзэпылъхьэ-
пIэм сибгъэувэри, жыпIэм седэIуащ, унафэу къысхуэпщIари згъэ-
зэщIащ. [22] СынолъэIу, иджы жысIэм къедаIуи, щIакхъуэ бзыгъэ нэхъ
мыхъуми уэстынщи, ар шхы. Гъуэгу утеувэжмэ, зыгуэр пхуэхъунщ».
[23] «Хьэуэ, – идакъым ТIалутI, – сышхэнукъым». АрщхьэкIэ
цIыхубзым и лъэныкъуэ хъууэ и гъусэхэм ТIалутI хагъэзыхьу щы-
хуежьэм, къыжраIэм едэIуащ. ЗыкъиIэтыжри, пIэм тетIысхьащ.
[24] ЦIыхубзым танэ гъэшха иIэти, ар псынщIэу фIигъэжащ. Хьэ-
жыгъэр къигъэхьэзырщ, тхьэвыр ипщри, щIакхъуэ мыкIумыпщыр
игъэжьащ. [25] Ерыскъыр ТIалутIрэ и гъусэхэмрэ къахутригъэувэри
игъэшхащ. А жэщ дыдэми заIэтри ежьэжащ.

## ТIОЩIРЭ ЕБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

### *Фылистейхэм Даут къызэрызэхахуар*

**29** [1] ИзрэIэл пэмыжыжьэу къыщыщIэж псынащхьэм деж
исрэIилхэр къыщызэхуэсат. Фылистейхэми я дзэр зы

къэмынэу Афэкъ кърашэлIат. 2 Щхьэж и дзэр и гъусэу[a] фылистейхэм япщхэр къакIуэрт, Даутрэ и цIыхухэмрэ, Ахъыши я гъусэу, абыхэм я ужьым итт. 3 «Мы исрэIилхэм сыт мыбдеж щащIэр?» – жаIэурэ фылистей дзэпщхэр щIэупщIэу хуежьащ.

«Мыр Даутщ, ИсрэIилым и пащтыхь ТIалутI и Iуэхузехьэхэм языхэзу щытащ. Илъэсым щIигъуащ ТIалутI ибгынэу си деж къызэрыкIуэри, и Iей зи цIэ слъэгъуакъым», – яритащ абыхэм жэуап Ахъыш.

4 АрщхьэкIэ фылистей дзэпщхэр Ахъыш къыщIэгубжьэри хуадакъым: «Егъэгъэзэж мыбыи, псэупIэу хухэпха щIыпIэм ирекIуэж! Ди гъусэу зауэм нэкIуэнкIэ Iэмал иIэкъым. ЗэуапIэм дыщыIухьэкIэ, къытпэщIэувэжыныр зыхуэIуа щыIэкъым. И зиусхьэным и дзыхьыр сыткIэ зыхуригъэщIыжын абы? Ди зауэлIхэм я щхьэ харигъэлъхьэнумкIэщ, дауи. 5 „ТIалутI минхэм текIуамэ, Даут минипщIхэр хигъэщIащ“ жаIэу къафэурэ уэрэд зыхуауса Даутыр мыракъэ?»

6 «ТХЬЭМ и цIэкIэ соIуэ, укъысхуэщыпкъэщ, – жриIащ Ахъыш Даут. – Си дзэм ухэту зэуапIэм дызэдыIухьатэмэ, сэркIи гуапэт. Си деж укъыщыкIуа махуэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым мыхъун гуэри бдэслъэгъуакъым, ауэ мобыхэм уражагъуэщ. 7 Умыгъэгубжь фылистеипщхэр, гъэзэжи, дахэкIэ кIуэжи нэхъыфIщ!»

8 «Сыт си лажьэр? – къэгумащIэ хуэдэу зищIащ Даут. – Уи деж сыкъызэрыкIуэрэ нобэр къыздэсым мыхъуну зыгуэр злэжьа? Сыт, зиусхьэну си пащтыхь, уи бийхэм сезэуэну сыкIуэ щIэмыхъур?»

9 «СэркIэ, – жиIащ Ахъыш, – фIы дыдэ нэхъ лажьэ уиIэкъым, узэрыслъагъури Тхьэм къыбгъэдэкIа и мелыIычущ, ауэ фылистей дзэпщхэм я гъусэу зауэм укIуэ мыхъуну яукъудиящи, ядэкъым.
10 Аращи, уэри уи зиусхьэн ТIалутI и Iуэхузехьэу щытауэ пщIыгъуxэми пщэдджыжь жьыуэ зыкъэвужь. Нэху фыкъызэрекIыу вгъэзэжын хуейщ».

11 Пщэдджыжьым Даутрэ и цIыхухэмрэ жьыуэ заIэтри, фылистей щIыналъэм ягъэзэжащ. Езы фылистейхэм ИзрэIэлкIэ яунэтIащ.

[a] 29:2 Журт. «я зауэлI минхэмрэ щэхэмрэ я гъусэу».

## ЕЩЭЩIАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут амэлычхэр зэрыхигъэщIар*

**30** 1 Даутрэ и цIыхухэмрэ Зычлъэгу щынэсыжар ещанэ махуэ-
рат. Амэлычхэр Нэджэб щIыналъэм[a] теуэри, Зычлъэгу
къалэри яубыдат. Жылэр зэрапхъуэри, ягъэсат; 2 укIыгъэ зыри
къыхэмыкIыу, бзылъхугъи жылэм дэси зы къамыгъанэу гъэру
дашри дэкIыжат.

3 Даутрэ и цIыхухэмрэ Зычлъэгу къыщысыжам, къалэр мафIэ-
сым хэкIуэдауэ, я щхьэгъусэхэмрэ я бынхэмрэ гъэру дашауэ къри-
хьэлIэжащ. 4 Ар гущIыхьэ зыщыхъуа Даути, и гъусэхэри зэщIэ-
пыхьэу хуежьащ, я къарур иухыхункIи гъащ. 5 Гъэру яубыдахэм
Даут и щхьэгъуситIри – ИзрэIэл щыщ Ахэнымрэ Къармэл щыщ
Нэбэл и щхьэгъусэу щыта Абиджэлрэ – яхэтт. 6 Быным я щхьэ
кърикIуам къигъэлыба зауэлIхэм мывэкIэ къеуэу яукIыну мурад
къызэрыхуащIам Даут хуабжьу къигъэгузэващ. Ауэ Даут къыщы-
щIар ТХЬЭМ, и Тхьэм, бгъэдилъхьэри, Абы хуиIэ фIэщхъуныгъэм
къару къызэхригъэлъхьэжащ.

7 Абы хэту Даут Абэтар-тхьэпщым, Ахъымелэч и къуэм, тхьэпщ
кIэпхыныр къыхуихьыну жриIащ. Абэтар тхьэпщ кIэпхыныр къы-
щыхуихьым, 8 Даут ТХЬЭМ зыхуигъэзащ: «Мы хъунщIакIуэ
гупым я ужь сиувэу сыкIуэн хуей? СакIэлъэщIыхьэну?» – жиIэри.
«Я ужь иувэ, – къритащ абы жэуап ТХЬЭМ. – УакIэлъэщIы-
хьэнущ, гъэру яубыдахэри щхьэхуит къэпщIыжынущ».

9 ЦIыху щих и гъусэу Даут къежьэри, Бесор псыхъуэм нэс къэ-
кIуащ. 10 АрщхьэкIэ абы ящыщу цIыху щитIым нэсыр ешыщати,
абдеж къыщанэри, Даутрэ адрей цIыху щиплIымрэ адэкIэ пхъэращ.

11 КIуэ пэтрэ зауэлIхэм губгъуэм иту зы мысыр щIалэ гуэр къапэ-
щIэхуащ. Ар Даут деж къашащ. Ирагъашхэщ, ирагъафэри, 12 ахъуэ
гъэгъуа блэррэ жызум гъэгъуа благъитIрэ иратащ. Жэщищ-махуищкIэ
щIакхъуэ тыкъыри псы ткIуэпси зыIумыхуар щышхэм, къэнэхъыжащ.

---

[a] **30:1** Ехьудей хэкумрэ Фылистей щIыналъэмрэ я ипщэ лъэныкъуэм илъ пша-
хъуэщIым апхуэдэу йоджэ.

[13] «Хэт урипщылI? Дэнэ укъикIрэ?» – жиIэри, Даут абы еупщIащ.

«Мысырым сыщыщщ, – жиIащ лIым, – амэлыч гуэрым срипщылIт. Махуищ ипэ сымаджэ сыщыхъум, си зиусхьэным сыкъыхыфIидзащ. [14] Нэджэб датеуат: къэрэтейхэр, ехьудейхэр, Хьэлэб и щIэблэм щыщхэр зыдэс жылэхэр зэрытпхъуат, Зычлъэгу къалэми мафIэ еддзри дгъэсат».

[15] «СепшэлIэфын а дзэр здэщыIэм?» – тригъэчыныхьащ Даут.

«СумыукIыну, си зиусхьэным сумытыжыну Тхьэм и цIэмкIэ тхьэлъанэ къысхуэпщIмэ, уесшэлIэнщ», – къритащ адрейми Даут жэуап.

[16] Арати, мобы Даут амэлычхэм я деж къришэлIащ. Ахэр а щIыпIэм щызэбгрыпхъарэ ефэ-ешхэу, филистеищIымрэ Ехьудеймрэ къуентхъышхуэ къырахар ягъэмэхуэщIу апхуэдэт. [17] Даут абыхэм яхэлъадэщ аби, нэхулъэм зыкъыщызэкIэщIитхъым иригъажьэри[a], къыкIэлъыкIуэ пщыхьэщхьэ пщIондэ езэуащ. Махъшэм зрадзу щIэпхъуэжа щIалэ щиплIым щыфIэкIауэ, ящыщу зы цIыху псэууэ къелакъым. [18] Амэлычхэм зэрапхъуар зы къэмынэу Даут къиугъуеижащ, и щхьэгъуситIри щхьэхуит къищIыжащ. [19] Зыми зыри фIэкIуэдакъым – цIыкIуи, ини, къуэи, пхъуи, мылъкуи. Щхьэж ейр Даут яритыжащ. [20] Iэщ пIащэрэ Iэщ цIыкIуу къатрихари цIыхухэм я былымым япэ иту къахуащ, «мыр Даут и къуентхъщ» жаIэурэ.

## *Даут къуентхъыр зэригуэшар*

[21] Пхъэрым хэту адэкIэ мыкIуэфу Бесор псыхъуэм деж къыщина цIыху щитIым деж Даут къекIуэлIэжащ. Къэсыжахэм ахэр къапежэжьащ. Даут гъунэгъу абыхэм къащыхуэхъум псоми фIэхъус ярихащ. [22] АрщхьэкIэ Даут и ужьым иту пхъэрым кIуа мыхъумыщIэ зыбжанэ къэуври жаIащ: «Мыхэр ныддэкIуакъым, абы къыхэкIыу ди къуентхъым щыщ гуэркIи дадэгуэшэнукъым. Щхьэж и щхьэгъусэрэ и бынрэ хрырешыжи, зрырегъэхь!»

[23] «Хьэуэ, си къуэшхэ! – идакъым Даут. – ТХЬЭМ къыдитам апхуэдэ унафэ тедывмыгъэщIыхь. Ар къытщхьэщыжри, биидзэ

---

*a* **30:17** Е: «пшапэ зэхэуэгъуэм иригъажьэри».

къытпэщIэувар ди Iэ кърилъхьащ. [24] Хэт фэ жыфIэр зыдэнур? Зэуа-
пIэм Iухьам къылъыс Iыхьэм хуэдиз пщыIэм хъумакIуэу къытедна-
хэми ялъысын хуейщ!» [25] Абдеж щегъэжьауэ Даут а унафэр узэба-
къуэ мыхъун хабзэу игъэувауэ нобэр къыздэсым апхуэдэу йокIуэкI.

[26] Даут Зычлъэгу къыщысыжым, къуентхъым щыщ зы IыхьэфI
хихри, цIыхугъэ къезыха ехьудей тхьэмадэхэм яхуригъэшащ: «Мыр
ТХЬЭМ и бийхэм къатетха къуентхъым щыщщи, фIыщIэгуапэ
тын фхузощI», – жиIэри. [27] Къуентхъыр иригъэшащ БэтIэл, Нэ-
джэб хыхьэ АрмэтI, Йатыр, [28] Арэр, Сифмэт, Аштэм, [29] Аркъалэ,
ерэхьмэлхэмрэ къэнейхэмрэ я къалэхэм, [30] Хъуэрымэхь, Борэшан,
Атэхь, [31] Хьэуран, езы Даутрэ и цIыхухэмрэ къыщыщIидза нэ-
гъуэщI щIыпIэ Iэджэми.

## ЩЭЩIРЭ ЕЗАНЭ IЫХЬЭ

### *ТIалутI зауэм зэрыхэкIуэдар*

**31** [1] Фылистейхэр ИсрэIилым ебгъэрыкIуэу щIадзэщ, исрэIил-
хэр ирагъэкIуэту хуежьэри, ДжэлбаIытхым и Iэхэлъахэм
щызэтракъутащ. [2] Бийр ТIалутIрэ и къуэхэмрэ якIэлъэщIыхьэри,
Йонэтани, Абынэдэби, Мелэчшуи яукIащ. [3] ТIалутI и хъуреягъым
зауэ гуащIэр къыщызэщIэплъащ. Фылистей шабзауэхэм ар я нэ
плъэгъуэм щIэхуэри хьэлъэу яуIащ.

[4] «Мы сунэтмыщIыжьхэр къэсу джэгупIэ сащIу самыукIыж щIыкIэ
уи джатэр къихи сылI», – хуищIащ унафэ ТIалутI и пшэрыхь щIалэм.
Ауэ щIалэ гужьеяр тегушхуакъым пащтыхьыр иукIыну. Апхуэдэу
щыхъум, ТIалутI и джатэр къиштэри абы зытридзэжащ. [5] ТIалутI
зэрылIар зылъэгъуа пшэрыхь щIалэм езыми и джатэм зытридзэж-
ри зиукIыжащ. [6] Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ ТIалутIи, и къуищри,
и пшэрыхь щIалэри, цIыхуу ягъусари а махуэм зауэм хэкIуэдащ.

[7] ИсрэIилыдзэр зэрызэбгрыжари ТIалутIрэ и къуищымрэ зэры-
хэкIуэдари къыщащIэм, тафэм и адрей лъэныкъуэмрэ Iурдыныпсым
и адрыщIымрэ щыпсэу исрэIилхэм я къалэхэр ябгынэри щтапIэ
ихьэжащ. Фылистейхэми а къалэхэр яубыдащ.

8 ЕтIуанэ махуэм, фылистейхэр хьэдэ хъунщIэ къыщыхыхьэм,
ДжэлбаIытх щыгум щыкIуэдыжа ТIалутIрэ и къуищымрэ я хьэдэ-
хэр къыщагъуэтащ. 9 ТIалутI и щхьэр паупщIщ, и Iэщэ-фащэр
къыпахри, фылистей щIыналъэм и дэнэ къуапи лIыкIуэхэр зэ-
бграутIыпщыкIащ, я тхьэнэпцIхэр зыщIэт унэхэмрэ цIыхухэмрэ
а хъыбарыр лъагъэIэсын папщIэ. 10 ТIалутI и Iэщэ-фащэр Аштэ-
рэт и тхьэлъэIупIэ унэм къыщыфIадзэри, и хьэдэр Бэтшан къалэ
дыхьэпIэм деж кIэраIулIащ.

11 ДжылыIэдейм ит Абэш къалэм дэсхэм ТIалутI и хьэда-
щхьэм фылистейхэм ираха лейр щызэхахым, 12 лIы хахуэу дэсым
зыкъаIэтщ, жэщ псокIэ къакIуэри, Бэтшан щыпалъа ТIалутIрэ
и къуищымрэ я хьэдэхэр къыпахыжащ. Абэш къагъэзэжри, абы-
хэм я хьэдэр абдеж щагъэсыжащ. 13 Абы иужь хьэдэ къупщхьэхэр
зэхуахьэсыжри, Абэш щыIэ жалгъэн жыгышхуэм и щIагъым щы-
щIалъхьэжащ, езыхэри махуиблкIэ нэщIащ.

# Пащтыхьхэм я етIуанэ тхылъыр

## Пэублэ псалъэ

Пащтыхьхэм я япэ тхылъыр зытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэм къыпащэ етIуанэ тхылъым къыщыкIуэ хъыбархэм. Ахэр зэрыщыту исрэIил пащтыхь Даут и тетыгъуэм теухуащ. Даут тахътэм щыдэкIуеяр ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ илъэс 1000 дежщ.

Ауэ ар япэщIыкIэ зи пащтыхьу щытар езыр къызыхэкIа ехьудейхэращ. НэхъапэкIэ пащтыхьыгъуэр зыIэщIэлъа ТIалутI зыщыщ бенаминхэм Даут пащтыхьу къалъытэни, адрей исрэIил лIакъуэхэри абы и унафэм щIэувэни ядакъым (1-4). Зауэ-банэ кIыхьхэм яужькIэ ахэр псори Даут и тепщэныгъэм еувэлIащ, езыми ИсрэIил пащтыхьыгъуэм и лъабжьэр игъэбыдэу хуежьащ (5-10).

Даут и лъэхъэнэм исрэIилхэм я къэкIуэнур куэдкIэ зыубзыхуа IуэхугъуэшхуитI къыщыхъуащ. Зыр – Даут Ерусэлим къызэризэуарщ. Къалэр ИсрэIилым и щыхьэр хъуащ. Ерусэлим ноби лъапIэныгъэр зрат къалэщ, ар ди нобэхэми зэрыдунейуэ я плъапIэщ. ЕтIуанэр – Тхьэм Даут и щIэблэм фIэкIа, пащтыхь тахътэм нэгъуэщI зэрыдэмыкIуеинумкIэ къызэригъэгугъарщ. Даут къытепщIыкIыжахэм ящыщт ИсрэIилым и тахътэм дэкIуеифынур.

Апхуэдэу щыт пэтми, тхылъым и етIуанэ Iыхьэм (11–20, 24) Даут илэжьа гуэныхьхэмрэ къемыхъулIа Iуэхугъуэхэмрэ я гугъу щещI, и унагъуэмрэ хэгъэгумрэ зыIууа насыпыншагъэхэр абыхэм къызэрашари щхьэихауэ щыжеIэ. Пащтыхь тахътэм

дэкIуеинум и Iуэхум зэрепхам къыхэкIыу, Даутрэ и къуэхэмрэ я зэхущытыкIэхэм тхылъым гулъытэ хэха щегъуэт.

Къыщыхъуар наIуэ дыдэу щымытми, тхылъым Даут и пащтыхьыгъуэм щекIуэкIа нэгъуэщI къэхъукъащIэхэми я гугъу щыщIащ (21-24).

Абы къищынэмыщIауэ, «исрэIил» лъэпкъыцIэр тхылъым и кIуэцIкIэ мыхьэнэ зэмыщхьхэр иIэу къызэрыщыкIуэр къыхэгъэщын хуейщ. Зэм ар исрэIил лIакъуэ пщыкIутIым е, нэгъуэщIу жыпIэмэ, зэрылъэпкъыу, ехьэлIауэ къокIуэ, зэми зи гугъу ищIыр, ехьудейхэр хэмыту, ищхъэрэ лIакъуэхэрщ.

## ЯПЭ IЫХЬЭ

### *ТIалутI зэрыщымыIэжыр Даут къызэрищIар*

1 [1] ТIалутI дунейм ехыжа нэужь, Даут, амэлычхэр зэхикъутэри,
Зычлъэгу къигъэзэжащ. Махуитl хуэдиз абдеж дэсауэ, [2] еща-
нэ махуэм, ТIалутI и дзэр здитIысыкIауэ щыта щIыпIэм къикIри,
и щыгъыныр зэхэчэтхъарэ и щхьэм сабэр къыхэщэщу зы щIалэ гуэр
къыхуэкIуащ. Даут деж къэсщ, лъэгуажьэмыщхьэу зыхуридзыхри,
щIым нэс щхьэщэ хуищIащ.

[3] «Дэнэ укъыздикIыр?» – еупщIащ абы Даут.

«ИсрэIилыдзэр щызауэ щIыпIэм си щхьэр къыIусхри сыкъыIукIащ», – жиIащ щIалэм.

[4] «Сыт къэхъуар? – еупщIащ абы Даут. – КъэпIуатэркъэ!»

«Дзэр зэбгрыжыжащ, – жиIащ щIалэм, – зауэлIхэм ящыщ куэдыр укIыгъэ хъуащ. ТIалутIи, абы и къуэ Йонэтани щыIэжкъым».

[5] «Дэнэ къыщыпщIар ТIалутIрэ Йонэтанрэ зэрыщымыIэжыр?» – еупщIащ Даут къэщхьэкIуа щIалэм.

[6] «ДжэлбаI бгыщхьэм зэрымыщIэкIэ сыщыдэкIым, – кърегъэжьащ и хъыбарыр щыхьэкIуэм, – мыджэлэн щхьэкIэ и бжыр зыпэщIэзыгъэкъуа ТIалутI си нэр техуащ, абы гъунэгъу хуэхъу биймы и хьэкуэстыгухэмрэ* шуудзэмрэ къэслъэгъуащ.

[7] КъызэплъэкIыу сыкъыщилъагъум, къызэджати, сыбгъэдыхьэри
хуэсщIэфынумкIэ сеупщIащ. [8] Сызыщыщым къыщыщIэупщIэм,
амэлычхэм сакъызэрыхэкIар жесIащ. [9] Ар щызэхихым, секIуэталIэу
сукIыну тригъэчыныхьащ: „Ауэ укъасщIэу си псэр пыт къудейщ,
мы сызыхэт гузэвэгъуэм кIэ ет". [10] Сэри сыбгъэдыхьэри сукIащ[a].
Апхуэдиз уIэгъэ телъым ар къызэремылынур фIыуэ къызгурыIуат.
Пащтыхь таж щхьэрыгъар къыщхьэрысхщ, и Iэпщэм илъа Iэ-
пщэхъури къисхри къыпхуэсхьыжащ».

[11] Абдежым Дауги и гъусэхэми я щыгъынхэр зэхачатхъэу хуе-
жьащ. [12] Хьэдагъэшхуэр яублэри, гъащ, бжащ, ТIалутIрэ абы
и къуэ Йонэтанрэ, ТХЬЭМ• и дзэм, джатэщхьэщIэкI ящIа исрэIил
зауэлIхэм я цIэкIэ жэщ хъуху я Iури ягъэгъуащ.

[13] Абы иужь хъыбарыр къыхуэзыхьам зыщыщымкIэ Даут
еупщIащ. «Хэхэсу къэкIуа амэлычым срикъуэщ», – жиIащ щIалэм.

[14] «ТХЬЭМ къыхихам уи Iэр умышынэу дауэ тепшэщIэ-
фа?» – щIэгубжьащ абы Даут. [15] Асыхьэтым и цIыхухэм ящыщ
зы къриджэри, хъыбар щхьэкIуэр къыхуэзыхьа щIалэр иукIы-
ну унафэ хуищIащ. КъыжраIам тету, еуэри абы амэлычыр
иукIащ. [16] «ТХЬЭМ къыхихар сукIащ, щыжыпIа меданым, –
кIэлъидзыжащ яукIам Даут, – уи хьэдэгъуэшэр* уэр-уэрурэ
зытебгъэпсэжат».

## *Даут ТIалутIрэ Йонэтанрэ зэригъеяр*

[17] Даут игъеижащ ТIалутIрэ абы и къуэ Йонэтанрэ гъыбзэ
гущIыхьэкIэ, [18] Йашар и тхылъым[b] ит «Шабзэм и уэрэдыр» Ехьу-
дейм цIыхуу щыпсэум ирагъэщIэну унафэ ищIащ.

*a* **1:10** Амэлычым ТIалутI и иужьрей дакъикъэхэм теухуауэ жиIэр 1 Пащт. 31:3-5 деж къыщыкIуэ хъыбарым къыщхьэщокI. Лым пэж жиIэми, Даут и пащхьэ фIыщIэ къыщихьын щхьэкIэ, зауэм хэкIуэда ТIалутI и пащтыхь тажымрэ Iэпщэхъумрэ къыпщIыхихыу къыхуихьами, зэIубз дыдэкъым.

*b* **1:18** «Йашар и тхылъ»-кIэ зэджэр ди деж къэсакъым, ауэ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, пасэрей журт усыгъэр щызэхуэхьэса тхылъу щытагъэнущ. «Йашар» псалъэм «цIыху захуэ», «цIыху нэс» жиIэу аращ къикIыр.

19 А-а, ИсрэӀил, уи щытхъузехьэхэр уи бгыщхьэхэм икӀуэдэжа
мыгъуи,
уи лӀыхъужь мыгъуэхэр епсыхыжыпай!

20 А-а, щывмыӀуатэ абы и гугъур Джат,
фыщримыпсалъэ мыгъуэ Ашкъэлэн и уэрамхэми,
фымыгъэгуфӀэ фылистей• хъыджэбзхэр,
а-а, сунэтмыщӀыжьхэм япхъухэм девмыгъэщӀ ауан!

21 А-а, ДжэлбаӀ бгыщхьэ мыгъуэхэм,
а-а, уэсэпси къыфтремыхэ, уэшхи къыфтремышхэж,
фи губгъуэхэри ухъу гъавэншэ!
Уэ лӀыхъужьхэм я мэӀу мыгъуэр щагъэпудащ абдеж,
а-а, ТӀалутӀ и мэӀу* мыгъуэм хэти дагъэ щихуэжын!
22 Къэхъуакъым Йонэтан и шабзэм щыхимыгъэщӀа,
а-а, бий лъэщхэр щримыгъэпсыхи щымыӀа,
ТӀалутӀ и джатэ мыгъуэри зэикӀ пщӀэншэу къримыхт...
23 А-а, ТӀалутӀи Йонэтани зымылъагъурэ зымылъытэрэ щымыӀэт,
а-а, дунеягъэкӀи хьэдрыхэкӀи зэкӀэрымыхут.
А-а, бгъэ мыгъуэм нэхърэ нэхъ псынщӀэт ахэр,
а-а, аслъэн мыгъуэм нэхъри нэхъ лъэщт.

24 А-а, ИсрэӀилым бзылъхугъэу исым ТӀалутӀ вгъейркъэ,
а-а, щыгъын плъыжь зыкъизыхкӀэ фызыхуапэу щытам
щхьэкӀэ фыбжэркъэ,
а-а, дыщэхэкӀкӀэ фи бостейхэр зыгъэщӀэращӀэу щыта
мыгъуэм фыхуэпыхьэркъэ...

25 А-а, лӀыхъужь мыгъуэхэр зэуапӀэм фыщепсыхыжыпай!
А-а, ИсрэӀил, уи бгыщхьэ мыгъуэхэрай Йонэтан щыкӀуэдыжар...

26 А-а, Йонэтан, сыбогъэгуӀапэри, си къуэш,
узыхэслъхьэ щыӀэ мыгъуэтэкъыми.
А-а, фӀылъагъуныгъэу къысхуиӀар сыту къабзэт,

бзылъхугъэ гурыщIэми сыту егуэщIэкIрэт.

27 А-а, лIыхъужь мыгъуэхэр епсыхыжыпай,
IэщэфI мыгъуэхэм фыдэкIуэдыжыпай!

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут Ехьудейм и пащтыхь зэрыхъуар*

2 1 Зы тэлай дэкIауэ Даут ТХЬЭМ зыхуигъазэри еупщIащ:
«Сыт сщIэнур? Ехьудей къалэхэм ящыщ гуэрым сыIэпхъуэж
хъуну?»
«Хъунущ!» – зыкъригъэщIащ абы ТХЬЭМ.
«ДэнэкIэ згъазэмэ нэхъыфI?» – щIэупщIащ Даут.
«Хъэуран кIуэ», – жиIащ ТХЬЭМ.
2 И щхьэгъуситIыр – ИзрэIэл щыщ Ахэнымрэ Къармэл щыщ
Нэбэл и щхьэгъусэу щыта Абиджэлрэ – зыщIигъури, Даут Хъэу-
ран ежьащ. 3 Апхуэдэу абы къыдежьащ и цIыхухэри, щхьэж и
унагъуэр щIыгъуу. Ахэр Хъэуранрэ абы и Iэгъуэблагъэм ит жылэ-
хэмрэ дэтIысхьащ. 4 Ехьудей тхьэмадэхэр Хъэуран къыщызэхуэсщ,
Даут и щхьэфэм дагъэр щихуэри•, Ехьудей хэкум и пащтыхьыну
ягъэнэхуащ.

ДжылыIэдейм ит Абэш къалэм дэсхэм ТIалутI и хьэдащхьэм
хуэфащэ пщIэ зэрыхуащIыжар Даут къыщищIэм, 5 абыхэм лIы-
кIуэ яхуищIащ: «ТХЬЭМ и нэфIыр къыфщыхуэ, – ехъуэхъуащ
ар абэшдэсхэм, – пщIэ хуэфщIу фи зиусхьэн ТIалутI зэрыщIэ-
флъхьэжам щхьэкIэ! 6 ТХЬЭМ и гущIэгъум фыхимын, пэжкIи
къывбгъэдрырет, апхуэдэ пщIэ ТIалутI зэрыхуэфщIыжам сэри фIы
пэзгъэкIуэжынщ. 7 ТIалутI, фи зиусхьэныр, дунейм ехыжащ, ауэ фэ
быдагъэ зыхэвгъэлъ, лIыгъэ къызыхэвгъахуэ! Зи щхьэфэм дагъэр
щахуэу Ехьудейм и пащтыхьыну ягъэнэхуар сэращ».

### *Ишбошэт ИсрэIилым и пащтыхь зэрыхъуар*

[8] Абы хэту Ныр и къуэ Аунир, ТIалутI и дзэпщу щытам, ТIалутI
и къуэ Ишбошэт къришажьэри, МэхъунэIим къалэ къэкIуащ. [9] Аб-
деж ар ДжылыIэдейми, Ашурейми, ИзрэIэли, ЕфрэIим лъахэми,
Бенамин щIыналъэми, кIэщIу жыпIэмэ, зэры-ИсрэIил хэгъэгуу*,
я пащтыхьу щигъэнэхуащ.
[10] ТIалутI и къуэ Ишбошэт пащтыхьу щагъэувам, и ныбжьыр
илъэс тIощIитIым итт, пащтыхьыгъуэри илъэситI хуэдиз IэщIэлъащ.
Ауэ Ехьуд и лIакъуэр Даут и лъэныкъуэгъу хъуащ. [11] Ехьудейм
и пащтыхьу Даут Хъэуран илъэсиблрэ мазихкIэ дэсащ.

### *ЕхьудеймрэИсрэIилымрэ зэш зауэр зэраублар*

[12] Ныр и къуэ Аунир, ТIалутI и къуэ Ишбошэт и цIыхухэм
я гъусэу, МэхъунэIим къыдэкIыжри, Джэбэн къэкIуащ. [13] Дзы-
ру и къуэ Йоуаби, Даут и зауэлIхэр щIыгъуу къежьэри, Джэбэн
псыIыгъыпIэм деж къащыпэтIысащ. Зы гупыр зы нэпкъым къы-
щыуващ, адрейри – адрей нэпкъым щиувыкIащ.
[14] «ЩIалэ зыбжанэ къыхрекIи, – къыхилъхьащ абдежым
Аунир, – ди пащхьэ щызэрезауэ». Йоуаби абыкIэ арэзы хъуащ.
[15] Арати, лъэныкъуитIымкIи щIалэ зыбжанэ къахэкIри, зэпэ-
щIэуващ. Бенаминхэм къахэувыкIри цIыху пщыкIутI ТIалутI и
къуэ Ишбошэт и лъэныкъуэу къэуващ, Даути цIыху пщыкIутI
къыкъуэуващ. [16] ПэщIэщIэгъу зэхуэхъуахэр зэжьэхыхьэщ, я щхьэр
зэрыфIэубыдыкIщ, джатэкIэщIкIэ зым и джабэ зыр хэпыджэж-
ри, зэрыукIащ. Джэбэн Iэхэлъахэм ит а щIыпIэм «ДжатэкIэщI
губгъуэкIэ»[a] щIеджэр ращ.
[17] А махуэм хуабжьу зауэ гуащIэ* екIуэкIащ, Даут и цIыхухэм
Аунирррэ исрэIилыдзэмрэ зэхакъутащ.
[18] Дзыру и къуищри – Йоуаб, Абишей, Асэхьил сымэ[b] – а за-
уэм хэтащ. АсэхьилкIэ зэджэр езыр къум бжэным хуэдэу жэрт.
[19] Ар Аунир кIэлъыщIэпхъуэри, ижькIи сэмэгукIи димыдзыхыу, и

---

*a* **2:16** Журт. «Хъелкъат Хьэцурим».
*b* **2:18** Дзырур Даут и шыпхъут, апхуэдэ щIыкIэкIэ Йоуаб, Абишей, Асэхьил сымэ Даут и шыпхъурылъху мэхъу.

ужьыр ихуу хуежьащ. 20 Здэжэм Аунир къызэплъэкIри: «Уэра ар, Асэхьил?» – жиIэри къеупщIащ.

«НтIэ, сэращ!» – пидзыжащ абы Асэхьил.

21 «ЕплъэкIыт ижьымкIэ, плъэт сэмэгумкIи, – еущие хуэдэу жриIащ абы Аунир, – мо зауэлIхэм ящыщ гуэр Iэрыубыд щIыи, Iэщэфащэу пылъыр къыпых». Арщхьэкlэ Асэхьил абы и ужь икIыну игу аркъудеи къэкIакъым. 22 «Иджыри зэ бжызоIэ, – тригъэчыныхьащ Аунир, – си ужь икI, армыхъумэ узукIын хуей хъунущ. Сыт жысIэу итIанэ уи къуэш нэхъыжь Йоуаб сызэрыIуплъэнур?»

23 Ауэ Асэхьил Аунир и ужь икIакъым. Апхуэдэу щыхъум, Аунир и бжыкIыр* къызэщIидзщ, и ныбэм пхрыкIрэ и тхыцIэмкIэ къыхэкIыжу Асэхьил кIуэцIихуэщ аби, зэшэзэпIэу абдежым щиукIащ. Асэхьил къызэфIэщIэу и псэр щыхэкIа щIыпIэм, хэт блэмыкIми, къыщызэтеувыIэу щытащ.

24 Йоуабрэ Абишейрэ кIэлъежьащ Аунир. Джэбэн пшахъуэщIым ущыхуэкIуэкIэ, Джахъ пэмыжыжьэу ит Амэхь Iуащхьэм ахэр щынэсам, дыгъэр етIысэхакIэт. 25 Бенаминхэр[a] Аунир къуэувэщ, зызэщIагъэуIуэри, нэгъуэщI зы Iуащхьэ щыгум зыщагъэбыдащ. 26 Къегуоуащ Аунир Йоуаб: «ИгъащIэкIэ дызэрыукIыу екIуэкIыну? И кIэм кърикIуэнур зэрытхьэмыщкIагъэр къыбгурымыIуэу ара? Я къуэшхэр кърамыхуэкIыну уи цIыхухэм унафэ яхуэпщIын щхьэкIэ, сыт хуэдиз пIалъэ дэкIын хуейр?»

27 «Тхьэм и цIэкIэ соIуэ, – пидзыжащ абы Йоуаб, – ар къызжумыIатэмэ, зауэлIхэм я къуэшхэр иджыри нэху щыху кърахуэкIынутэм[b]». 28 Йоуаб гъуор игъаджэри зауэлIхэр къызэтригъэувыIащ. Абдежым ахэр исрэIилхэм я ужь икIыжащ, зауэри ягъэувыIащ.

29 Жэщренэм Ауниррэ и цIыхухэмрэ Iурдын губгъуэкIэ кIуащ, Iурдыныпсым зэпрыкIри, шэджагъуэ пщIондэ гъуэгу тетауэ[c], Мэхънэlим екIуэлIэжащ. 30 Йоуаби, Аунир и ужь икIыжри, игъэзэжащ. ЗауэлIхэр къызэхуишэсыжу къыщилъытэжым, Асэхьил нэмыщI иджыри цIыху

a 2:25 ТIалутIи Ишбошэти лIакъуэкIэ бенаминхэм ящыщт.

b 2:27 Е: «нэхъ пасэу къызжепIатэмэ, зауэлIхэм я къуэшхэм я ужьыр хуныр пщэдджыжьым щагъэтынутэм».

c 2:29 Е: «зэры-Битрон хэкуу зэпаупщIри» е «къуэладжэм дэкIри».

пщыкIубгъу къэту къыщIэкIащ. [31] Бенаминхэмрэ Аунир и цIыхухэмрэ
ящыщу Даут и зауэлIхэм яукIар къыщалъытэжым, цIыху щищрэ тIо-
щIищрэ хъурт. [32] Асэхьил и адэр зыщIэлъ кхъэлэгъунэм щыщIалъхьэ-
жащ. Кхъэлэгъунэр Бэтлахьымт здэщыIэр. Йоуабрэ и цIыхухэмрэ
жэщ псом гъуэгу тетауэ, пщэдджыжьым Хъэуран нэсыжащ.

## ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

3 [1] ТIалутIрэ Даутрэ я лъэныкъуэгъухэр куэдрэ зэзэуащ. Даут
и лъэщагъым кIуэ пэтми хэхъуэрт, ТIалутI и лъэныкъуэр
зыIыгъхэм я гуащIэр нэхъ мащIэ хъурт.

### *Даут и къуэхэр*

[2] Даут мы щIалэхэр Хъэуран къыщыхуэхъуащ:
и щыпэлъхуу Амнун, ИзрэIэл щыщ Ахэным къилъхуауэ;
[3] етIуанэу дунейм къытехьащ Хьилэб, Къармэл щыщ Нэбэл
и щхьэгъусэу щыта Абиджэл къилъхуауэ;
ещанэу – Абишэлам, джэшуреипщ Тэлмей ипхъу МэIэху къи-
лъхуауэ;
[4] еплIанэу – Адоней, Хъэджэт къилъхуауэ;
етхуанэу – Щэфатей, АбитIал къилъхуауэ;
[5] еханэу – IитрэIэм, Даут и щхьэгъусэ Аджлэхь къилъхуауэ.
Мыхэр псори Даут Хъэуран къыщыхуэхъуащ.

### *Аунир Даут и лъэныкъуэ зэрыхъуар*

[6] ТIалутIрэ Даутрэ я лъэныкъуэгъухэр зэпэщIэту екIуэкIыху,
ТIалутI и цIэр зыIэтхэм я пащхьэ Аунир и лъэкIыныгъэм кIуэ пэтми
зыщиубгъурт. [7] ТIалутI къыщIэна и жэщгъуэлъ цIыхубзхэм ящыщт
Iэяхь ипхъу Арзибэхь. Зэгуэрым Ишбошэт Аунир еупщIащ: «Си адэ
къыщIэна жэщгъуэлъ цIыхубзым деж ущIэкIуэр сыт?» – жиIэри.
[8] Ишбошэт къыжриIам Аунир хуабжьу къызэщIигъэплъащ.
«Зэрахуэу кърахуэкI хьэм сыхуэдэ? ЕхьудеймкIэ сеутэкIа? ТIалутI
и цIэми, и унагъуэми, и ныбжьэгъухэми нобэр къыздэсым сахуэ-
пэжкъэ? Уэри Даут уIэщIэслъхьа? Иджы щIэпхъаджэ сщIэуэ

жыпIэу зы хъыджэбзыжь цIыкIу щхьэкIэ сыщIэбгъэмысэр* сыт?
9 АтIэ, Тхьэм и нейр къысщыхуэ, ТХЬЭМ Даут щIигъэгугъар
сэ хуэзмыщIэмэ, 10 ТIалутI и щIэблэм пащтыхьыгъэр IэщIэсхыу,
ИсрэIилымрэ Ехьудеймрэ – ищхъэрэкIэ Дан щегъэжьауэ ипщэкIэ
Бэрщабэ щыщIэкIыжу – щытепщэ ар сымыщIмэ». 11 Ишбошэт ап-
хуэдизкIэ Аунир щышынати, пидзыжынIауи тегушхуакъым.

12 Абы иужькIэ Аунир Даут деж лIыкIуэхэр иутIыпщащ. «Мы
щIыгур хэт ей хъуну? – иригъэупщIащ ахэр Даут. – Iуагъэ*
зэдэдгъэщIи, мис итIанэ зэры-ИсрэIил хэгъэгуу уи лъэныкъуэ
къэщIынымкIэ гъусэ сыпхуэхъунщ».

13 «Хъунщ, – хъуащ арэзы Даут, – Iуагъэ бдэсщIынщ, ауэ зы
Iуэхугъуэ ныппэзубыдынущ: ТIалутI ипхъу Мэхъал къысхуумы-
шэжынумэ, укъэмыкIуэ си деж».

14 Ар дыдэр Даут ТIалутI и къуэ Ишбошэт деж иIуэхуа лIыкIуэхэ-
ми япэригъэубыдащ: «Фылистей цIыхуищэм я пкъыпыупщIыгъэхэр
уасэу зыщIэста си щхьэгъусэ Мэхъал къызэтыж», – жиIэри.

15 Ишбошэт унафэ ищIри, бзылъхугъэр ЛэIиш и къуэ ПэлътэIил
къытрахыжащ. 16 Къызытрахыжар абыхэм я ужь имыкIыу Бэхурым
нэс гъуэгур зи кIыхьагъым гъуэгыу къакIэлъыкIуащ. Ауэ Аунир
абы унафэ ткIий хуищIри, иригъэгъэзэжащ.

17 Абы иужькIэ Аунир исрэIил тхьэмадэхэм упщIэж ярихьэлIащ*:
«Фэ сыт щыгъуи фыхуеящ Даут пащтыхьу къыфщхьэщытыну. 18 Мис
иджы, игъуэ фихуащи, тевгъэувэ! „ИсрэIил къытекIа си лъэпкъыр гурэ
псэкIэ къызбгъэдэт Даут и IэкIэ фылистейхэми и бий псоми къаIэщIэ-
схыжынущ“ жиIэу ТХЬЭР аракъэ псалъэ быдэкIэ Даут зыгъэгугъар?»

19 Аунир и щхьэкIэ бенаминхэм деж кIуэри епсэлъащ. ИтIанэщ
ар Даут деж Хъэуран щыкIуар ИсрэIил цIыхубэми Бенамин и лIа-
къуэми игъуэу къалъытэр жриIэну.

20 ЦIыху тIощI и гъусэу Аунир Хъэуран къыщыкIуэм, Даут
абыхэм ефэ-ешхэ яхуищIащ. 21 «Зиусхьэну си пащтыхь, –
зыхуигъэзащ Аунир Даут, – хуит сыщIи зэры-ИсрэIилу уи деж
къыщызэхуэзгъэшэс, къызэрыпкъуэтымкIэ тхьэлъанэ къыпхуа-
щIын щхьэкIэ. ИтIанэ уэри узэрыхуейм хуэдэу псоми я унафэр
пщIынт». Даут Аунир иутIыпщыжри, ар мамыру ежьэжащ.

## *Аунир зэраукIар*

[22] Теуэ къэзыщIа Даут и цIыхухэмрэ Йоуабрэ абы ирихьэлIэу
къэсыжащ, къуентхъышхуэ* къыздахьри. Даут Аунир иутIыпщы-
жакIэт, Хъэуран къызэринэкIауэ ар мамыру кIуэжырт. [23] Йоуабрэ
зауэлIхэмрэ къыщагъэзэжым, Ныр и къуэ Аунир пащтыхьым деж
къызэрыкIуари, ар мамыру зэриутIыпщыжари хуаIуэтэжащ.
[24] Ар щызэхихым, Йоуаб пащтыхьым деж кIуэри егиящ: «ПщIар
сыт, зиунагъуэрэ? Аунир езыр и щхьэкIэ уи деж къэкIуауэ, дауэ зэ-
рыбутIыпщыжар? [25] Ныр и къуэ Аунир зыхуэдэр пщIэжыртэкъэ?
Укъигъапцlэу уи щэхур зригъэщIэн, уи тIасхъэр щIихын щхьэкIэщ
ар къыщIэкIуар».
[26] Йоуаб, Даут деж къыщIэкIыжа нэужь, Аунир лIыкIуэ-
хэр кIэлъиутIыпщащ. Абыхэм Сирэхь псыкъуийм нэса Аунир
къырагъэгъэзащ. Ауэ а псом Даут щыгъуэзакъым. [27] Аунир Хъэу-
ран къыщигъэзэжым, Iуэху гуэркIэ епсэлъылIэн хуэдэу, Йоуаб
ар къалэ дыхьэпIэм и къуагъ гуэрым къуишащ. Абдеж Йоуаб, и
къуэш Асэхьил илъ ищIэжу, абы и ныбэм джатэкIэ хэпыджэри
иукIащ.
[28] Къэхъуар Даут щызэхихым, щхьэкIуэ щыхъуащ: «Ныр и
къуэ Аунир илъ ягъэжам сэри си пащтыхьыгъуэми ди ягъэ зэры-
хэмылъыр ТХЬЭМ ещIэ. [29] Лажьэр Йоуабрэ абы и унагъуэмрэ
ятихуи, фтыIупс бзаджэмрэ* фаджэ узымрэ яфыкIыу[a], щIакъуэ
башым зытрагъащIэу[b], джатэм хигъащIэу, шхын ямыгъуэту
къигъанэ!»
[30] Джэбэн деж щекIуэкIа зауэм Аунир Асэхьил и псэр
зэрыщигъэнарат Йоуабрэ абы и къуэш Абишейрэ ар щIаукIар.
[31] «Фи щIыIутелъхэр зэхэфчатхъэ, щыгъын къурэхэр
зыщыфтIагъи, Аунир вгъей!» – яхуищIащ Даут унафэ Йоуабрэ
абы и гъуса зауэлIхэмрэ. Езы пащтыхь Даут кхъаблэм и ужь
иту кIуащ. [32] Аунир Хъэуран щыщIалъхьэжащ. И кхъащхьэм
щхьэщыту пащтыхьым ар гущIыхьэу игъеижащ, дзэм хэтхэри

[a] 3:29 Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, апхуэдэ цIыхухэм къабзагъэ ябгъэдэмылъу къалъытэрт. Еплъ Лэбийхэр 13-15.

[b] 3:29 Е: «цыкIуэкIыр игъэджэрэзу». Бзылъхугъэ Iуэху ищIэу къэнэн, жыхуиIэщ.

зы къэмынэу зэщIигъэпыхьащ. [33] Пащтыхьым Аунир зэригъеяр
мыпхуэдэущ:

«А-а, Аунир, апхуэдэу лIэкIейуэ улIэну пхуэфащэ мыгъуэт уэ?
[34] Уи Iэ мыгъуэхэр игъащIэм япхатэкъым,
уи лъэ мыгъуэхэми лъэхъу ярылъатэкъым,
а-а, бзаджащIэ мыгъуэмэ яIэщIэкIуадэм ещхьу,
сыту кIуэдыкIейуэ укIуэда...»

ЦIыхубэр абы нэхъ иныжу игъэпыхьащ.
[35] А махуэ дыдэм цIыхухэр Даут деж къакIуэри, шхэну къе-
лъэIуащ, арщхьэкIэ абы ар аркъудей идакъым: «Дыгъэр къуэ-
мыхьауэ щIакхъуэ е нэгъуэщI зыгуэр си жьэ хуэсхьмэ, Тхьэм
и нейр къысщыхуэ», – жиIэри тхьэ иIуащ. [36] Даут ищIэ псори
гунэс зэращыхъум хуэдэу, а псалъэхэр зэхэзыхахэм ари гуапэ
ящымыхъуу къэнакъым. [37] Ныр и къуэ Аунир пащтыхьым зэре-
мыкIуэдылIар апхуэдэ щIыкIэкIэ дзэм хэтхэми, ИсрэIил хэгъэгум
щыпсэухэми а махуэм къащIащ. [38] «ЗэвгъащIэ, – яжриIащ Даут
и цIыхухэм, – нобэ ИсрэIилым фIэкIуэдар дзэпщт, нэгъэсауи лIыт!
[39] Пащтыхьыгъэр къысхуагъэфащэу си щхьэфэм дагъэр щахуами,
иджыри си гуащIэр мащIэщ. Мы Дзыру и къуэхэр къызолъэщэкI.
Е зыщIэр ем ТХЬЭМ хуигъэзэж!»

## ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ

### *Ишбошэт зэраукIар*

**4** [1] Ныр и къуэ Аунир Хъэуран зэрыщаукIам и хъыбарыр ТIалутI
и къуэ Ишбошэт щызэхихым, и лъэр щIэхуащ, зэры-ИсрэIилуи
гузэвэгъуэм зэщIиубыдащ. [2] ТIалутI и къуэ Ишбошэт цIыхуитI
иIащ, теуэтещхьэ къэзыщI гупыр ирашажьэу. Зым и цIэр Бэ-
Iэнэт, адрейм и цIэри Архьэбт. Ахэр зи къуэри Бэурэт къалэ дэса
Армунт. Ар езыр Бенамин и лIакъуэм ящыщт. Бэурэт Бенамин
щIыналъэм хиубыдэу ялъытэ, [3] абы дэсахэм ар ябгынэу ДжытэIим
зэрыщIэпхъуэж лъандэрэ. ХэхэсыцIэр яIэу нобэр къыздэсам ахэр
ДжытэIим щопсэу.

[4] ТӀалутӀ къытекӀахэм яцыщу иджыри зы щӀалэ щыӀащ. Ар зи
лъакъуитӀыр ещӀэкъуауэу лъашэ Йонэтан и къуэрат. ТӀалутӀрэ Йо-
нэтанрэ я хъыбар гуауэр ИзрэӀэл къыщиӀукӀам илъэситху ныбжьым
итт ар. ЩӀалэ цӀыкӀур дэгызэ гужьеям ипхъуатэри щӀэпхъуат.
Щхьэхьу здэжэм, сабийр цӀыхубзым ӀэщӀэхури, и лъакъуэхэм удын
ягъуэтат. А щӀалэм и цӀэр Мэфбошэтт.
[5] Бэурэт щыщ Армун и къуитӀыр – Архьэбрэ БэӀэнэрэ – Ишбо-
шэт деж къежьащ. ЗэшитӀыр къыщысам махуэр хуабейт, Ишбо-
шэти шэджагъуэ жейм хэту зигъэпсэхурт. [6-7] Гуэдз къыщӀахын
хуэдэу зэкъуэшитӀыр унэм щӀыхьэщ[a], и лэгъунэм жейуэ щӀэлъ
Ишбошэт щхьэщыхьэри, джатэр и ныбэм кӀуэцӀахуэри яукӀащ,
итӀанэ и щхьэр паупщӀащ. Ишбошэт и щхьэр яӀыгъыу, Архьэбрэ
БэӀэнэрэ жэщ псом Ӏурдын губгъуэкӀэ къэкӀуащ. [8] Ар Даут деж
Хъэуран къахьри, хуэбзэгуфӀэу жраӀащ: «Мыр уи псэм ещэу щыта
уи бий ТӀалутӀ и къуэ Ишбошэт и щхьэращ. Нобэ ТХЬЭМ уилъ
ищӀэжри, ТӀалутӀи абы и щӀэблэми яхуэфащэр яригъэгъуэтыжащ».
[9] АрщхьэкӀэ Бэурэт щыщ Армун и къуитӀым – Архьэбрэ
БэӀэнэрэ – Даут захригъэхар ахэр зыпэмыплъащ: «Сыт хуэдэ
гузэвэгъуэми сыкъыӀэщӀэзых ТХЬЭМ и цӀэкӀэ соӀуэри, [10] „ТӀалутӀ
щыӀэжкъым“ жиӀэу хъыбар къысхуэзыхьауэ щытам сигъэгуфӀэ
къыфӀэщӀат, арщхьэкӀэ субыдри, Зычлъэгу деж и псэр щызгъэнауэ
щытащ. Апхуэдэ хъыбар къысхуэзыхьам гуфӀапщӀэу арат естар.
[11] Иджы фэ лӀыукӀитӀыр цӀыху хейм* и унэ фыщӀыхьэу и пӀэм
зэрыхэвукӀыхьар къыфщӀэкӀуэну, хьэкъыншэу вгъэжа лъыр фы-
мыпшыныну, мы щӀылъэми фыщызекӀуэну къыфщыхъуу ара?»
[12] И зауэлӀхэм унафэ яхуищӀри, Даут ахэр иригъэукӀащ, я Ӏэ-я
лъэхэр пригъэупщӀри, я хьэдэхэр Хъэуран псыӀыгъыпӀэм деж щы-
палъащ. Ишбошэт и щхьэм Хъэуран щыщӀалъхьэжа Аунир и кхъэр
иужьрей егъэзыпӀэ хуэхъуащ.

---

a **4:6-7** Пасэрей журтыбзэкӀэ тха Ӏэрытхым къыщыкӀуэ псалъэхэм къарыкӀыр гурыӀуэгъуэ дыдэкъым. Пасэрей алыджыбзэкӀэ тха Ӏэрытххэм мыбдеж къыщыкӀуэр нэгъуэщӀ текстщ: «Гуэдзыр зыхидзу щыс бжэхъумэ цӀыхубзыр къещхьэукъуэхыу жейм щыхилъасэм, зэкъуэшитӀыр абы щэхуу блэкӀри, унэм щӀыхьащ».

## ЕТХУАНЭ ІЫХЬЭ

### *Даут ИсрэІилымрэ Ехьудеймрэ я пащтыхь зэрыхъуар*

5 [1] ИсрэІил лІакъуэхэм ящыщу хьэІусыпэ зрат зыри къэмынэу
Даут деж Хъэуран къакІуэри къыжраІащ: «Уэрэ дэрэ дызэ-
щыщщ, тщІэтри зылъщ. [2] Уеблэмэ, ТІалутІ ди пащтыхьу щыщы-
тами, уэращ исрэІилыдзэр зэуапІэм Іузышэу щытар. Мэлыхъуэм
Іэхъушэр зеригъэхъум ещхьу, уэри исрэІил лъэпкъым узэрыщхьэ-
щытынур ТХЬЭМ къыбжиІэгъат».
[3] Хъэуран къэкІуа исрэІил тхьэмадэхэм ТХЬЭМ и пащхьэм
иту тхьэлъанэ ящІащ Даут зэрыкъуэтынумкІэ, ИсрэІилым зэри-
пащтыхьым и щыхьэту дагъэр и щхьэфэм щахуащ.
[4] Даут и ныбжьыр илъэс щэщІым итт пащтыхь тахътэм щыдэ-
кІуеям, пащтыхьыгъуэри илъэс тІощІитІкІэ ІэщІэлъащ. [5] Хъэуран
дэсу илъэсиблрэ мазихкІэ абы Ехьудейм и унафэр ищІащ, Ерусэлим
дэсу илъэс щэщІрэ щыкІэ ИсрэІилми Ехьудейми я пащтыхьу щытащ.

### *Даут Ерусэлим къызэрищтар*

[6] И дзэр и гъусэу пащтыхьыр Ерусэлим къекІуалІэри, абы дэс
еусейхэм[a] япэтІысащ. Еусейхэми Даут къалэм дэмыхьэфыну къа-
фІэщІырти, къыщІэнакІэрт: «Мы къалэм уи лъапэ щыплъэщІыну-
къым, уеблэмэ нэфхэри лъашэхэри къыппэщІэувэнущ», – жаІэурэ.
[7] АрщхьэкІэ Даут Зиуан быдапІэр, нэхъ иужьыІуэкІэ Даут и
КъалэкІэ зэджэ хъуар, къафІищтащ.
[8] «Фэ фщыщу еусейхэр хэзыгъэщІэну хуейхэр, – захуигъэзащ Даут
и дзэм хэтхэм, – щІы щІагъым пхрыша псы жапІэмкІэ къалэм дрехьи,
апхуэдизу сыкъэзылъагъу мыхьу „нэфхэмрэ лъашэхэмрэ“ яхрехьэ»[b].
Аращ «Нэфымрэ лъашэмрэ Тхьэм и Унэм щІыхьэнукъым[c]» щІыжаІар.

---

[a] 5:6 Нун и къуэ Йушэ Хьэнэней щІыгур къыщиззэум, исрэІилхэм абы яхуимыхуа хьэнэней лъэпкъыжьщ еусейхэр. Еплъ Йушэ 15:63.

[b] 5:8 Пасэрей журтыбзэкІэ тха Іэрытхым къыщыкІуэ псалъэхэм къарыкІыр гурыІуэгъуэ дыдэкъым.

[c] 5:8 Е: «пащтыхь сэрейм дыхьэнукъым».

[9] БыдапIэр къищта нэужь, пащтыхьыр абы дэтIысхьащ, Даут
и КъалэкIэ еджи хъуащ. Даут быдапIэм и хъуреягъыр мывэ
лъабжьэкIэ къищIыхьри, къалэ къригъэтIысэкIащ.[a] [10] ТХЬЭУЭ
зи Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмытыр• и гъусэти, Даут кIуэтэху нэхъ
лъэщи нэхъ лъэрызехьи хъурт.

[11] Сур• пащтыхь Хъурам Даут деж лIыкIуэхэр къигъэкIуащ,
уэздыгъей ентIырхэр* къыхуригъэшащ, пхъащIэхэмрэ унащIэ-
хэмрэ къыхуигъэсри, пащтыхь сэрейр хуэзэтригъэлъхьащ. [12] Мис
абы щыгъуэ Даут хьэкъыу пхыкIащ ТХЬЭМ ар ИсрэIилым и па-
щтыхьу зэригъэувари и пащтыхьыгъуэр Езым и лъэпкъым щхьэкIэ
зэрыхиIэтыкIари.

[13] Хъэуран къыдэкIыжу Ерусэлим къэкIуа нэужь, Даут
иджыри щхьэгъусэхэри къишащ, жэщгъуэлъ бзылъхугъэхэри
зригъэгъуэтащ, къуэхэри пхъухэри къыщIэхъуащ. [14] Ерусэлим
къыщыхуэхъуа и бынхэм мыращ я цIэр: Щамэу, Шубаб, Нэтан,
Сэлмэн, [15] Ибэхьар, Елэшу, Нэфэдж, Йафие, [16] Елэщам, ЕлэIэд,
Елэфэлэт.

## *Даут фылистейхэм зэратекIуар*

[17] ИсрэIилым и пащтыхьу Даут ягъэнахуэу и щхьэфэм дагъэр
зэрыщахуар фылистейхэм щызэхахым, ахэр абы и лъыхъуакIуэ
къызэрехьэжьащ. Хъыбарыр къыщылъэIэсым, Даут быдапIэм
игъэзэжащ. [18] Фылистейхэр АрэфэкIэ зэджэ къуэм къекIуалIэри,
абдеж щигъуэлъыкIащ.

[19] «Фылистейхэм сезэуэн хуей? – жиIэри Даут ТХЬЭМ
зыхуигъэзащ. – Къиплъхьэну ахэр си IэмыщIэ?» Езэуэн зэры-
хуейри фIэкIыпIэ имыIэу фылистейхэр и Iэ къызэрырилъхьэнури
ТХЬЭМ Даут къригъэщIащ. [20] Даут БэIэлбэрэзимкIэ иунэтIри,
бийр абдеж щызэхикъутащ. «Псым нэри пэри ихьу къызэры-
пхритхъым хуэдэу, ТХЬЭМ си бийми ятрикъутащ», – жиIащ
Даут абы иужькIэ. А щIыпIэм БэIэлбэрэзимкIэ[b] щIеджари аращ.

---

[a] **5:9** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым.

[b] **5:20** «БэIэлбэрэзим» жиIэмэ, «Тепщэм щызэтрекъутэ» жиIэу аращ.

[21] Фылистейхэм къыздрахьэкI я скъархэр къагъанэри щIэпхъуэ-
жащ, Даут и цIыхухэм ахэр къызэщIакъуэжри Iуахащ.
[22] Ауэ фылистейхэр аргуэру къежьэри, Арэфэкъуэ деж щIэрыщIэу
щигъуэлъыкIащ. [23] Даут ищIэнумкIэ ТХЬЭМ зыщыхуигъазэм,
Абы зыкъригъэщIащ: «ГупэхуэкIуэу уатемыуэ, къапекIуэкIи, я
щIыбагъкIэ, мэкIуащей жыгхэмкIэ укъикIыу, ятеуэ. [24] Лъэбакъуэ
макъым ещхьу жыгыщхьэхэм я Iэуэлъауэр зэрызэхэпхыу, зыкъэIэти
ебгъэрыкIуэ – фылистеидзэр зэтезыкъутэну ТХЬЭР уи япэ иты-
нущ». [25] ТХЬЭМ къыхуищIа унафэр Даут игъэзэщIащ, Джыбэхь
щегъэжьауэ Джэзэр нэсыхукIи фылистейхэр хигъащIэурэ ирикIуащ.

## ЕХАНЭ IЫХЬЭ

### *Пхъуантэ ЛъапIэр Даут Ерусэлим къызэришар*

**6** [1] ИсрэIил хэгъэгум зауэлI пхъашэу цIыху мин щэщI къыхишри,
Даут дзэ зригъэуIуащ. [2] Ар зыщIигъури, Пхъуантэ ЛъапIэр*,
ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмытым и тахътэр зыщхьэ-
щыт дамабгъуэхэр* зытетыр[a], Ехьудей хэкум ит БэIэлэхь[b] къалэ
къришыжыну ежьащ. [3] ЛъагапIэм тет Абынэдэб и унэм Пхъуантэ
ЛъапIэр кърахщ, гущIэм ирагъэувэри, кърашэжьащ. Къезышэжьа-
ри Абынэдэб и къуитIырщ – Iузэрэ Ахъыуэрэ. [4] Гум ипэ иту къа-
кIуэр Ахъыуэт. [5] Даути исрэIилхэри гуфIэгъуэшхуэм зэщIиIыгъэу
ТХЬЭМ и пащхьэ уэрэдхэр щыжаIэрэ къыщыфэу къакIуэрт,
пшынэдыкъуакъуэмрэ пшынэкъуаншэмрэ еуэу, фэнтIырпIэм теуэу,
пхъэцIычымрэ дзыргъ-дзыргъымрэ ягъэжьычэу къыкIуэцIрыкIырт.
[6] Нэкун и хьэмым къыщысым, выхэр лъэпэрапэу ирагъэ-
бгъунлъэкIа Пхъуантэ ЛъапIэмкIэ Iузэ Iэбэри, гум къимыхун
щхьэкIэ, ар и пIэ иригъэувэжащ. [7] Абы зэреIусам щхьэкIэ ТХЬЭМ

---

*a* **6:2** Пхъуантэ ЛъапIэм дамэ зытет уафэгу псэущхьэхэм я теплъэр зиIэ дыщэ пкъыгъуитI тещIыхьат. ДамабгъуэкIэ зэджэ а псэущхьэхэм я дамэ зэхуакухэр Тхьэм и щIыгу тахътэу къалъытэу щытащ. Тхьэм и щыIэныгъэр исрэIилхэм нахуэ щащищIу щытар абдежщ.

*b* **6:2** Къэрэтэрам нэгъуэщIу зэреджэ фIэщыгъэщ.

и губжьыр Iузэ къытрикъутащ[a]. ЛIыр асыхьэту абдеж щыукIурий-
ри, и псэр хэкIащ. 8 Даут и жагъуащэ хъуащ ТХЬЭМ и губжьыр
Iузэ зэрытрикъутар. Аращ а щIыпIэм нобэр къыздэсым БэрэзIу-
зэкIэ[b] щIеджэр.

9 ТХЬЭМ и шынагъэр Даут гуащIэу зыхищIэри: «Дауэ-тIэ сэ
мы Пхъуантэ ЛъапIэр зэрысхъумэнур?» – жиIащ. 10 Пащтыхьыр
хуейтэкъым Пхъуантэ ЛъапIэр езым деж, Даут и КъалэкIэ зэджэм,
ишэну. Къалэм дримыгъашэу Пхъуантэ ЛъапIэр Джат щыщ Iэбэ-
дэдум и унэ щригъэгъэуващ. 11 Пхъуантэ ЛъапIэр Iэбэдэдум и унэ
мазищкIэ итати, и унагъуи и мылъкуи ТХЬЭМ и нэфIыр ящыхуащ.

12 «ТХЬЭМ и нэфIыр Пхъуантэ ЛъапIэм и фIыщIэкIэ Iэбэдэдум
и унагъуэм щыхуащ», – жраIащ Даут.

Дуней гуфIэгъуэр зэрихьэу пащтыхьыр кIэлъыкIуэри, Пхъуантэ
ЛъапIэр езыр зыдэс Даут и Къалэм къиишащ. 13 Ар зыхьхэм лъэ-
бакъуиих щачым[c], Даут зы гуурэ танэ гъэшхарэ ТХЬЭМ къурмэн
хуищIащ. 14 Чэтэным* къыхэщIыкIа тхьэпщ кIэпхыныр• зыIулъ
Даут ТХЬЭМ и пащхьэ зэрифIэщкIэ дэлъей-къелъыхыу къыщы-
фэрт. 15 Апхуэдэххэурэ, гуфIэгъуэ гуо макъхэмрэ тIыбжьэхэм я джэ
макъымрэ хэту, Даутрэ исрэIилхэмрэ Пхъуантэ ЛъапIэр Ерусэлим
къашащ.

16 Пхъуантэ ЛъапIэр Даут и Къалэм къыщыдашэм, ТIалутI
ипхъу Мэхъал щхьэгъубжэм къыдэплъри, ТХЬЭМ и пащхьэ дэ-
лъей-къелъыхыу къыщыфэ пащтыхьыр къилъэгъуащ, игукIи абы
нэмыплъ иритащ.

17 Пхъуантэ ЛъапIэр Даут абы щхьэкIэ игъэува шэтырым
щIахьащ, тыхь гъэсынхэмрэ зэфIыж къурмэнхэмрэ ТХЬЭМ
абдежи щыхуищIащ. 18 Къурмэн щIыныр зэрызэфIэкIыу, Даут
ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмытым елъэIуащ и нэфIыр
цIыху цIыкIум къащыхуэну. 19 Абы иужькIэ исрэIилхэм хэн зи цIэ

a 6:7 Пхъуантэ ЛъапIэр ИсрэIилым и Тхьэм и щIылъэ тахътэу къалъытэрт. Ар зэрызепхьэну, абы узэрыкIэлъыплъыну унафэ ткIийхэр Тэурэт Хабзэм къыщыкIуауэ итщ. IэкIэ уеIусэныр а унафэхэм аркъудей ядэртэкъым.

b 6:8 «БэрэзIузэ» жиIэмэ, «Iузэ щызэтракъута» жиIэу ращ.

c 6:13 Е: «Ар зыхьхэм лъэбакъуиих яч къэсыхукIэ».

къахэмыкIыу – цIыхухъуи цIыхубзи – дэтхэнэми Даут жьэгурыжьэ
щIакхъуэ, чыцIыбжьэ хьэлывэ[a], жызум гъэгъуа блэр зырыз
яхуигуэшащ. А псор зэфIэкIри, цIыхур щхьэж и унэ зэбгрыкIыжащ.
[20] Унэм къэкIуэжу бынунагъуэм фIэхъус ярихыну Даут щахыхьэм,
ТIалутI ипхъу Мэхъал абы къыпежьэри, къыщIэнакIэу
жиIащ: «ЦIыху укIытэншэ гуэр нэхъей, уи блыгущIэтхэм я унэIут
цIыхубзхэм я пащхьэ зыщыптIэщIу, ИсрэIилым и пащтыхьыр сыту
гъэщIэгъуэну укъэлъэгъуа нобэ...»
[21] «Уи адэм нэхъри абы и унагъуэм нэхъри нэхъ къищтэу ИсрэIилым
сripaщтыхьыну сыкъыхэзыха ТХЬЭМ и пащхьэращ апхуэдэу
зыщысщIар, армыхъумэ абыхэм я пащхьэракъым, – жиIащ Даут. –
ДяпэкIи Абы и пащхьэ икIи сыщыдэлъеинущ, икIи сыкъыщелъыхынущ.
[22] ДяпэкIи Абы и пащхьэ нэхъри зыщызгъэцIыкIунущ
икIи зыщызгъэлъэхъшэнущ. А зи гугъу пщIы унэIут цIыхубзхэми
къысхуащI пщIэм нэхъ ину зиIэтурэ кIуэнущ».
[23] ТIалутI ипхъу Мэхъал зэикI бын къыщIэхъуакъым.

## ЕБЛАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэм Даут къызэригъэгугъар*

**7** [1] Даут пащтыхь сэрейм щыдэс, къэзыухъуреихь и бийхэми
къамыгъэгузавэу ТХЬЭМ псэхугъуэ къыщрита зы махуэ
гуэр [2] и гурыгъузхэр Нэтан бегъымбарым хуиIуэтащ: «Уэздыгъеймкъыхэщ
IыкIа сэрейм сэ сыщопсэу, Пхъуантэ ЛъапIэр шэтырым
щIэтщ», – жиIэри.
[3] «Уигу илъыр щIэ, – пидзыжащ пащтыхьым Нэтан, – уэ
ТХЬЭР пщIыгъущ».
[4] АрщхьэкIэ а жэщ дыдэм Нэтан ТХЬЭМ и псалъэр къыхуэкIуащ:
[5] «Си жыIэщIэ Даут деж кIуэи жеIэ: „Мыращ ТХЬЭМ
къиIуэхур: ‘Си унапIэр уэракъым зыгъэувынур. [6] ИсрэIилхэр

---

[a] **6:19** Е: «лы гъэжьа Iыхьэ».

Мысырым къыщисшыжа махуэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым
унапIэ сиIэкъым. Шэтырым сыщIэту сакъыдекIуэкIырт, зы
щIыпIэм сикIым, адрейм сыкIуэу сакъыдэгъуэгурыкIуэрт абы-
хэм. 7 Я гъусэу дэнэ щIыпIэ сымыкIуами, си лъэпкъым гъуазэу
хуэсщIахэм ящыщу дэтхэнэра уэздыгъейм къыхэщIыкIа унапIэ
схуищIыну зыпэзубыдар?'"
8 Аращи, си жыIэщIэ Даут жеIэ: „Мыращ ТХЬЭУЭ зи
Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмытым къиIуэхур: 'Си лъэпкъым и лIы-
щхьэ ухъун щхьэкIэ, мэл Iэхъушэу узыпэрытам Сэракъэ укъы-
пэрызышар? 9 Дэнэ умыкIуами, сыпщIыгъуащ, уи бийхэм псоми
лъапсэрыхыр къахуэзгъэкIуащ. Зи цIэ дунейм щызэлъащIыса
цIыхушхуэхэм хуэдэу, уэри уи цIэр жыжьэ згъэIуащ. 10-11 Си
лъэпкъыу ИсрэIил къытекIар зы щIыпIэ щызгъэзэгъащ, аб-
деж и лъапсэр щызгъэбыдащ, шынагъи имыIэжу и псэуныгъэр
зэтес сщIащ. Мы щIыгум си лъэпкъыр къихьэу гъуазэхэр
зэрыщхьэщызгъэувэрэ бзаджащIэхэм я ягъэ къекI зэпытщ.
Ауэ иджы апхуэдэу щытыжынукъым. АфIэкIа уи бийхэм
укъагъэгузэвэжынукъым, псэхугъуи уэстынущ.
Уи лъабжьэр зэрызгъэбыдэнури бжызоIэ: 12 уи пIалъэр
къэсу уи адэжьхэм я пащхьэ ущихьэжкIэ, уипкъ къикIа-
рaщ пащтыхь тахътэм дэзгъэкIуеинур, згъэбыдэнури абы
и пащтыхьыгъуэращ. 13 Щхьэщэ къыщысхуащIыну унэр
схуэзыгъэувынур арaщ, игъащIэкIэ щызгъэIэнур абы и па-
щтыхь тахътэращ. 14 Сыхуэхъунущ Сэ абы адэ, езыри къуэ
схуэхъунущ. Гуэныхь къыщихькIи, фэлъыр ихыгъуэкIэ
сыузэхужынущ, цIыхум зэращIым ещхьуи, хуэфащэ хьэ-
къыр езгъэгъуэтыжынущ, 15 ауэ, уэр щхьэкIэ IэщIыб сщIа
ТIалутI хуэдэу, абы зыпыIуздзынукъым, си фIылъагъуныгъи
щызгъэщIэнукъым. 16 Уи лъэпкъымрэ уи пащтыхьыгъуэмрэ
зэрыуэзэрыбг хъунукъым, уи тахътэри дунейр щыIэху зэщы-
къуэнукъым!'"»
17 Нэтан зэхихамрэ и нэгу щIэкIа пщIыхь нахуэмрэ зы дэмыхуу
Даут хуиIуэтэжащ.

## *Даут Тхьэм зэрелъэӀуар*

[18] Даут ар щызэхихым, Шэтырым кӀуэщ, ТХЬЭМ и пащхьэм
щетӀысэхри жиӀащ:
«Сыхэт сэ, ТХЬЭУЭ Тепщэныгъэ ЗиӀэ, сыкъызыхэкӀа
унагъуэри сытым щыщ, апхуэдизу сыпӀэтыну? [19] Ари уфӀэ-
мащӀэу, ди ТХЬЭ, къысщӀэхъуэну щӀэблэм и гугъури къыс-
хубощӀ. Уэ ди ТХЬЭ, сыцӀыху цӀыкӀу къудейуэ аращ, дауэрэ
къысхузэӀупхрэ а псор?[a]
[20] СурижыӀэщӀэщ, уэ ди ТХЬЭУ Тепщэныгъэ ЗиӀэ, жы-
пӀами сыт хэслъхьэжыфын? Сыкъыболъагъу, сызыхуэдэр
бощӀэ! [21] Уи псалъэмрэ игъуэу къэплъытэмрэ щхьэкӀэщ а
Ӏуэхугъуэшхуэхэр псори къыщӀысхузэӀупхар.
[22] И хьэкъыпӀэкӀэ у-ЛъапӀэу Лъагэщ Уэ, ди ТХЬЭ! Уэр
хуэдэ къэмыхъуа, Уэр нэмыщӀи нэгъуэщӀ тхьэ щымыӀэ. Ап-
хуэдэ зыгуэрми и гугъу ящӀу зэхэдмыха! [23] Тету пӀэрэ мы
щӀыгум цӀыху лъэпкъ гуэр, уи лъэпкъыу ИсрэӀил къытекӀам
хуэдэ, уи жылэ пщӀын щхьэкӀэ узыхуэкӀуа, уи цӀэ лъапӀэр
къащӀэжын щхьэкӀэ мысырхэм къахэпшыжу зи щхьэ пщэху-
жа, нэгъуэщӀ лъэпкъхэмрэ абыхэм я тхьэхэмрэ зэбгрыпхуу
уи лъэкӀыныгъэмрэ шынагъэмрэ нэрылъагъу зыщыпщӀа?
[24] ИсрэӀилыр игъащӀэкӀэ пкъуэмыхужыну уи лъэпкъ пщӀащ,
Уэри, ди ТХЬЭ, Тхьэ абы ухуэхъуащ!
[25] Уэ ди ТХЬЭ, сэрэ си щӀэблэмрэ къыдэхьэлӀауэ жыпӀар
игъащӀэкӀэ иремыкъутэж! Сыкъызэрыбгъэгугъар гъэзащӀэ!
[26] Мис итӀанэ дунейр щыӀэху „ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩӀэ
ЩӀэмытыр – ИсрэӀилым и Тхьэщ“ жаӀэу уи цӀэр лъэпӀэнущ.
Си щӀэблэми и лъабжьэр уи пащхьэ щыбыдэнущ.
[27] Уэ ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩӀэ ЩӀэмыт, ИсрэӀи-
лым и Тхьэ, си лъабжьэр бгъэбыдэну зэрыжыпӀаращ мы
лъэӀур ныпхуэзгъэзэну сыщӀытегушхуар. [28] Уа, ТХЬЭУЭ
Тепщэныгъэ ЗиӀэ! И хьэкъыпӀэкӀэ, Уэ у-Тхьэшхуэщ, уи

---

*a* **7:19** Пасэрей журтыбзэкӀэ тха Ӏэрытхым къыщыкӀуэ псалъэхэм къарыкӀыр гурыӀуэгъуэ дыдэкъым.

псалъэхэри щыпкъэщ, къызэбгъэщIари хъыбарыфIщ. [29] Аращи,
си щIэблэм уи нэфI къыщыхуи, игъащIэкIэ уи нэIи къытегъэт!
Уэ у-ТХЬЭЩ, жыпIащи, дунейр щыIэху си щIэблэм уи нэфIыр
ялъэIэс зэпыту щытынущ».

## ЕЯНЭ IЫХЬЭ

### *Даут и текIуэныгъэхэр*

8 [1] Тэлай дэкIауэ Даут фылистейхэм ятеуэщ, игъэIэсэри, МытIыджIэмэр къаIэщIихащ.

[2] Мэуабейхэри зэхикъутащ Даут. Гъэр къищIахэр щIым
игъэгъуэлъщ, кIапсэтедзэ ищIри, тедзэгъуиш къэс тIум къиубыдыр
иукIащ, ещанэр псэууэ къигъэнащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ мэуабейхэр
Даут къигъэIурыщIащ, хьэкъули* ятрилъхьащ.

[3] Абы къищынэмыщIауэ, Даут Зубэхь къалэм[a] и пащтыхь
Архъуб и къуэ Хьэдадэзэр и дзэри зэхикъутащ. Фэрат псыежэхым
къедза щIыгухэм щиIа и тепщэныгъэр щызэфIигъэувэжыну къежьауэ арат Хьэдадэзэр. [4] Даут абы щыгъуэм гъэр къищIат шу
минрэ щиблрэ, лъэсыдзэм хэту зауэлI мин тIощI. Хьэкуэстыгушхэм
ящыщу щэ хуэдиз къигъанэри, адрейхэм я хуэр зэпиупщIыгъат.

[5] Щам щыпсэу арэмейхэр Зубэхь къалэм и пащтыхь Хьэдадэзэр
зыщIагъэкъуэну къежьат, арщхьэкIэ ахэри Даут хигъэщIащ –
я дзэм щыщу цIыху мин тIощIрэ тIум я щхьэр а зауэм халъхьащ. [6] Абы иужькIэ Даут арэмейхэр щыпсэу Щам щIыналъэм дзэр игъакIуэри иригъэзэгъащ. Абдеж щыпсэу арэмейхэр
къигъэIурыщIащ, хьэкъули ятрилъхьащ. Даут дэнэ щIыпIэ щымызэуами, ТХЬЭМ текIуэныгъэр къригъэхьырт.

[7] Хьэдадэзэр IурыщIэ къищIа нэужь, абы и Iэщэзехьэхэм яIыгъа
дыщэ мэIухэр Даут Ерусэлим къихьащ. [8] Даут Хьэдадэзэр и къалэхэм ящыщу Бэтэхьрэ Бэрэтейрэ гъуаплъэ куэди къыдишащ.

---

[a] 8:3 Щам щIыналъэм и щIыгум хыхьэу ИсрэIил хэгъэгум и ищхъэрэ гъунапкъэхэм къыIусу щыта, къэрал гъэпсыкIэ зиIэ къалэхэм языхэзщ.

9-10 Мызэ-мытІэу къеззэуа Хьэдадэзэр и дзэр Даут зэрызэ-
хикъутар ХьэматІ къалэм и пащтыхь ТэІу зэхихащ. ТэІу и къуэ
Йорам лІыкІуэу Даут деж игъэкІуащ, и фІэхъусымрэ хъуэхъумрэ
иригъэхьри. ЩыкІуэми, Йорам дыжьыным, дыщэм, гъуаплъэм
къыхэщІыкІа хъугъуэфІыгъуэ куэд здригъэшащ.
11-12 Даут а тыгъэхэри, къизэуа лъэпкъхэм – арэмейхэми[a],
мэуабейхэми, амонейхэми, фылистейхэми, амэлычхэми – я деж
къриха дыжьынри дыщэри ТХЬЭМ хуигъэфэщащ. Зубэхь къа-
лэм и пащтыхь Хьэдадэзэр къытрихыу, къуентхъыу кърихьэлІа
фІыгъуэбэхэри абы яхэлът.
13 Даут и цІэр нэхъри жыжьэ игъэІуащ Шыгъупкъэ лъахэкІэ зэ-
джэм цІыху мин пщыкІуий хъу едумеидзэм[b] лъыкІпсыкІыр зэрахи-
лъхьам. 14 Даут Едумей щІыналъэм дзэр игъакІуэри иригъэзэгъащ,
езы едумейхэри къигъэдэІуащ. Дэнэ щІыпІэ ар щымызэуами,
ТХЬЭМ текІуэныгъэр къригъэхьырт.

## *Даут и блыгущІэтхэр*

15 Даут зэры-ИсрэІил хэгъэгуу я пащтыхьт, цІыхубэм хеящІэ*
яхуэхъурт, захуагъэм тету сыт хуэдэ Іуэхури зэблихырт. 16 Дзы-
ру и къуэ Йоуаб дзэпщт, Іэхьлуд и къуэ Йощэфат тхыдэтхыжт,
17 Ахътуб и къуэ Садыкърэ Абэтар и къуэ Ахъымелэчрэ[c] тхьэпщт•.
Сэрэхь тхакІуэ пашэт. 18 Йодай и къуэ Бэнэхь къэрэтейхэмрэ пэлъ-
тейхэмрэ[d] ящхьэщытт, Даут и къуэхэми тхьэпщ хьэкъыр ирахьэ-
кІырт[e].

---

a 8:11-12 Язынықъуэ Іэрытххэм «едумейхэми» жиІэу ущрохьэлІэ.

b 8:13 Е: «арэмеидзэм».

c 8:17 НэгъуэщІ щІыпІэхэм деж Абэтар Ахъымелэч и къуэу жиІэу урохьэлІэ. Дэтхэнэр дэтхэнэм и къуэми нахуэ дыдэкъым.

d 8:18 Къэрэтейхэмрэ пэлътейхэмрэ хамэщІ къикІа лъэпкъщ, пащтыхьым и щхьэхъумэхэм яящыщу щытагъэнкІи хъунущ.

e 8:18 Е: «Даут и къуэхэри упщІэжэгъу пашэт».

## ЕБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

### *Даутрэ Мэфбошэтрэ*

9 1 Зы махуэ гуэрым Даут и блыгущIэтхэм еупщIащ: «Йонэтан и
хьэтыркIэ гулъытэ хуэсщI хъуну ТIалутI и щIэблэм щыщу хэту
пIэрэ къэнар?» – жиIэри.
2 ТIалутI и унэ ЗибэкIэ еджэу Iуэгутет исащ. Ар Даут къыхуа-
шащ. «Уэра Зибэ жыхуаIэр?» – щIэупщIащ пащтыхьыр. ЛIыри
зэры-Зибэм щыхьэт техъуащ. 3 «ТIалутI и унагъуэм щыщ гуэр
щыIэжмэ, къызжеIэ, Тхьэм и хьэтыркIэ гулъытэ хуэсщIынущи», –
зыхуигъэзащ абы Даут.
«НтIэ, Йонэтан и къуэхэм ящыщ зы къэнауэ щыIэщ. Ар зи
лъакъуитIри ещIэкъуауэу лъашэ щIалэращ», – жриIащ лIым Даут.
4 ЩIалэр здэщыIэмкIэ пащтыхьыр щыщIэупщIэм, Лодэбар зэры-
дэсыр, АмрэIил и къуэ Мэхьир деж зэрыщыпсэур Зибэ жиIащ.
5 Даут кIэлъигъакIуэри, щIалэр Лодэбар къалэ дэс АмрэIил и къуэ
Мэхьир и унэ къырыригъэшыжащ. 6 ТIалутI и къуэ Йонэтан и къуэ
Мэфбошэт Даут и пащхьэ ихьэщ, лъэгуажьэмыщхьэ зригъауэри
щхьэщэ хуищIащ. «Уэра ар, Мэфбошэтыр?» – жиIэу Даут абы ще-
упщIым, – «Сэращ, зиусхьэн!» – пидзыжащ Мэфбошэти.
7 «Умышынэ, – игъэсабыращ Даут щIалэр, – уи адэу Йонэтан
тхьэмыщкIэм и хьэтыркIэ си нэIэ птезгъэтынущ, уи адэшхуэ
ТIалутI иIыгъа и щIыгухэри псори си псалъэкIэ узотыж. Сыт
щыгъуи си Iэни укъэзгъэтIысынущ, сшхыри пшхынущ».
8 Мэфбошэт иджыри зэ Даут щхьэщэ хуищIри, игъэщIагъуэу
жиIащ: «Хьэ псэхэлIэм сыхуэдэщ, сыт къызыхэпхар апхуэдэ
гулъытэ къысхуэпщIыныр?»
9 Пащтыхьым Зибэ къриджэри, унафэ хуищIащ: «ТIалутIи абы
и унагъуэми мылъкуу яIар уи зиусхьэным и къуэрылъхум изотыж.
10 Уэри, уи бынхэми, уи пщылIхэми дяпэкIэ Мэфбошэт и щIыр
хузефхьэнущ, ишхын иIэн хуэдэуи, и гъавэр къефхьэлIэнущ. Езы
Мэфбошэт, уи зиусхьэным и къуэрылъхур, дяпэкIэ си Iэнэ къэтIы-
сынущ, сшхыри ишхынущ». (Зибэ езым къуэ пщыкIутхурэ пщылI
тIощIрэ иIэт.)

[11] «Уи унафэр, зиусхьэну си пащтыхь, къызыхуэтыншэу
згъэзэщIэнщ», – еувэлIащ Зибэ Даут жиIам. Даут и къуэхэм хуэ-
дэу, Мэфбошэти пащтыхь Iэнэм тIыс, яшхыр ядиших хъуащ.
[12] Мэфбошэт Мыхъэ и цIэу къуэ цIыкIу иIащ. Зибэ и унагъуэ исхэм
псоми Мэфбошэт и унэ Iуэхухэр хузэрахьэ хъуащ. [13] Езы Мэфбошэт
Ерусэлим сыт щыгъуи щыпсэуащ, пащтыхь Iэнэми дапщэщи тIысу,
ишхыр ядишхыу къекIуэкIащ. И лъакъуитIри ещIэкъуауэу лъашэт ар.

## ЕПЩIАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут амонейхэмрэ арэмейхэмрэ зэратекIуар*

**10** [1] Тэлай дэкIри, амонеипщыр дунейм ехыжащ, пщы тахътэми
абы и къуэ Хьэнун дэкIуеящ. [2] «И адэ Нэхъыш къысхуищIа
пщIэм хуэдэ[a] и къуэ Хьэнун хуэсщIыжынущ», – жиIэри егупсысащ
Даут. Дунейм ехыжа и адэм щхьэкIэ хуэгузэвэну пащтыхьым
щыгъуакIуэхэр Хьэнун деж иутIыпщащ.
Даут и лIыкIуэхэр Амоней щIыналъэм щихьэм, [3] амоней дзэпщ-
хэр Хьэнун еупщIащ: «Уи адэ тхьэмыщкIэм Iулыдж къыхуищIу
арауэ уи фIэщ хъурэ Даут щыгъуакIуэхэр къыщIыпхуигъэкIуар?
ФIэщхъугъуейщ! Ахэр ди къалэм къыщIыдыхьар зыщаплъыхьу, и
тIасхъэр щIахыу, иужькIэ къащтэн щхьэкIэщ – нэгъуэщIкъым Даут
и лIыкIуэхэр къызытригъэкIухьар!» [4] Хьэнун Даут и лIыкIуэхэр
яригъэубыдри я жьакIэ щIылъэныкъуэр тригъэупсыкIащ, я бгым
къэсу я щыгъыныкIэр пригъэупщIри къиутIыпщыжащ.
[5] Къэхъуа емыкIум и хъыбарыр Даут щылъагъэIэсым, зи напэ
трахыу ягъэикIахэм шухэр япригъэжэжьащ. «Фи жьакIэр зэщIы-
хьэжыхункIэ Йэрыхъуэ къалэ фыдэс, итIанэ къэвгъэзэж!» – унафэ
яхуищIащ пащтыхьым абыхэм.
[6] Амонейхэм, Даут гужьгъэжь къазэрыхуиIэр къащыгурыIуэм,
лIыкIуэхэр зэбграгъэкIри, пщIэкIэ къадэзэуэну Бэтархъубрэ

[a] **10:2** Нэхъыш Даут хуищIа пщIэм и гугъур ФIыцIагъэ ЛъапIэм зыщIыпIэ дежи ущрихьэлIэркъым. 1 Пащт. 11 Нэхъыш къызэрыхэщыр исрэIилхэм я бий кIэуфIыцIущ.

Зубэхьрэ щыщ арэмей лъэсыдзэу цIыху мин тIощI, МэIэху къалэм
щыщу зауэлI мин, я пащтыхьыр я Iэтащхьэу, Туб щыщуи цIыху мин
пщыкIутI къраджащ[a]. 7 Ар Даут щызэхихым, зауэлI нэхъыфIхэр
зыхэт дзэ гупхэр и гъусэу Йоуаб иригъэжьащ. 8 Амонейхэм я дзэр
къыдэкIри сатыру къалэ дыхьэпIэм деж щиувыкIащ. Бэтархъубрэ
Зубэхьрэ къикIа арэмеидзэмрэ Тубрэ МэIэхурэ щыщ зауэлIхэмрэ
щхьэхуэу губгъуэ нэщIым деж къыщыуващ.
9 Йоуаб и гупэкIи и щIыбкIи къебгъэрыкIуэ биидзэм зэрезэуэн
хуейр къыщилъагъум, ИсрэIилым и зауэлI нэхъ пхъашэхэр къыхишри,
арэмейхэм япэщIигъэуващ. 10 Къэна зауэлIхэр и къуэш Абишей и уна-
фэм щIигъэувэри, амонейхэм яхуигъэзащ. 11 «Арэмейхэр къыстегуплIэ
щыхъукIэ, – жриIащ Йоуаб и къуэшым, – укъыздеIэнщ, амонейхэм
ухагъащIэ хъумэ, сэ сыныбдеIэнщ. 12 Уигу умыгъэкIуэд, ди лъэпкърэ
ТХЬЭМ къыдита ди жылэхэмрэ папщIэ къикIуэт дымыщIэу ды-
зэуэнщ! ТХЬЭМ нэхъыфIу къилъытэр къытхурегъэфащэ!»
13 Йоуабрэ и зауэлIхэмрэ зауэр щаублэм, арэмейхэр щIэIэжащ.
14 Ахэр зэрыщIэпхъуэжыр зылъэгъуа амонейхэри икIуэту хуе-
жьащ, Абишей и дзэм зыщахъумэу я къалэм дэлъэдэжащ. Йоуаби,
амонейхэм я ужь икIыжри, Ерусэлим къигъэзэжащ.
15 Я дзэр исрэIилхэм зэрызэхакъутар арэмейхэм къащыгурыIуэм,
къэнам зэкъуэувэжыну траухуащ. 16 Хьэдадэзэр лIыкIуэ яхуищI-
ри, Фэрат псыежэхым адрыщIкIэ щыпсэу арэмейхэр къриджащ.
АдрыщI арэмейхэри, Хьэдадэзэр и дзэпщ Шубакъ я пашэу къе-
жьэри, Хьэламэ жылэм къекIуэлIащ.
17 А хъыбарыр Даут деж щынэсым, зэры-ИсрэIилу зэхуишэсщ,
Iурдыныпсым зэпрыкIри, ХьэламэкIэ кIуащ. Арэмейхэр Даут къы-
пэщIэувэри зауэр яублащ. 18 ИсрэIилыдзэм арэмейхэр ирагъэкIуэт
хъуащ. ЩIэпхъуэжу хуежьа арэмейхэм я хьэкуэстыгузехуэ щи-
блым, шу мин тIощIитIым Даут кIэ яритащ, я дзэпщ Шубакъи
хигъэщIащ. Шубакъ и псэр абдеж щыхэкIащ. 19 Хьэдадэзэр и жьа-
уэм щIэта пщыхэм, зэрызэтракъутар къащыгурыIуэм, ИсрэIилым

[a] **10:6** Бэтархъуб, Зубэхь, МэIэху, Туб – ИсрэIил пащтыхьыгъуэм и ищхъэрэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыса, къэрал гъэпсыкIэ зиIа къалэ цIыкIу защIэщ. Ахэр зытеса щIыгур иджырей Щам щIыналъэм хеубыдэ.

зэгурыIуэныгъэ къращIылIэри, я Iэмыщ Iэ зыкъралъхьащ. Абы иужькIэ арэмейхэр амонейхэм ядэIэпыкъуну тегушхуэжакъым.

## ЕПЩЫКIУЗАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут IэщIэщIа щIэпхъаджэр*

**11** [1] Гъатхэм, пащтыхьхэр зауэм щыдэкI хабзэ зы лъэхъэнэ ирихьэлIэу, Даут и блыгущIэтхэмрэ ИсрэIилым Iэщэ зыIыгъыфыну
исхэмрэ Йоуаб гъусэ хуищIри, зэуапIэм Iуигъэхьащ. ИсрэIилыдзэми
амонейхэм хэщIыныгъэшхуэ иратащ, я щыхьэр Арбэхьри къатIысыхьащ. Езы Даут Ерусэлим къыдэнауэ дэст абы щыгъуэм.
[2] Зэгуэрым, пщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, Даут зыхэлъ пIэм
къыхэкIри пащтыхь сэрейм и щхьэм дэкIащ. Абдеж ирикIукIыу
здытетым, къеплъыхри зызыгъэпскI бзылъхугъэр къилъэгъуащ.
Нэр пIэпихыу дахащэт ар. [3] Зи хэтыр къащIэну щигъакIуэм, ЕлэIэм ипхъу, хьет лъэпкъым щыщ Iурей и щхьэгъусэ Бэтщабэр ару
зэрыщытыр къыжраIащ.
[4] Даут бзылъхугъэм кIэлъигъакIуэри и деж къригъэшащ. А жэщым Даут абы дэгъуэлъащ (бзылъхугъэм и мазэкIэ-мазащхьэр
зэтеувэжри, зигъэкъэбзэжа къудейт[a]). Бзылъхугъэр иужькIэ и
унэ кIуэжащ. [5] Бэтщабэ уэндэгъу зэрыхъуар къыщищIэм, и Iуэху
зыIутыр жриIэну Даут деж игъэкIуащ.
[6] Апхуэдэу щыхъум, Даут Йоуаб хуиIуэхуащ хьет лъэпкъым
щыщ Iурей къыхуиутIыпщыну. Йоуабми ар Даут деж къигъэкIуащ.
[7] Iурей пащтыхьым деж къыщысым, ар Йоуаб и Iуэху зытетымкIэ,
дзэм и щытыкIэмкIэ, зауэр зэрекIуэкIымкIэ къыпкърыупщIыхьащ.
[8] Абы иужькIэ лIыр и унэ кIуэжу зигъэпсэхуну Даут иутIыпщыжащ.
Iурей пащтыхь сэрейм къызэрыдэкIыжу Iэнэ узэда кIэлъахьащ. Ар
къызыбгъэдэкIыр Даутт. [9] АрщхьэкIэ Iурей и унэ кIуэжакъым, и зиусхьэным и IуэхущIэхэм жэщыр щрах сэрей дыхьэпIэм деж къыщынащ.

---

*a* **11:4** Бэтщабэ и мазэкIэ-мазащхьэр зэтеувэжу зэрызигъэкъэбзэжа къудейм къыхэкIыу, сабийр зэуапIэм Iут Iурей зэрыхэмыкIар ар зыщIыхухэм дежкIэ нахуэт.

**10** Iурей и унэ зэрымыкIуэжар Даут щыжраIэжым, ар лIым
еупщIащ: «Гъуэгуанэ жыжьэ къызэпыпчатэкъэ уэ? Сыт унэм ущIэ-
мыкIуэжыр?» – жиIэри.

**11** «Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапIэр шэтырым щIэтщ, ИсрэIилми
Ехьудейми я дзэр губгъуэм итщ. Си зиусхьэн Йоуаби уи зауэлIхэ-
ми я жэщхэр абдеж щрах, сэ дауэрэ унэм сыкIуэжу сефэн, сешхэн,
си щхьэгъусэми сыдэгъуэлъын? Уи псэмкIэ тхьэ соIуэ, сэ апхуэдэ
схуэмыщIэн!» – пидзыжащ абы пащтыхьым.

**12** «Хъунщ-тIэ, – хъуащ арэзы Даут, – иджыри зы махуэкIэ къа-
нэ, пщэдей узутIыпщыжынщ». Iурей Ерусэлим къанэри, иджыри
зы махуэкIэ дэсащ. **13** Даут и Iэнэ Iурей иригъэблагъэри, зэдешхащ,
зэдефащ. Пащтыхьым лIыр зимыщIэж хъуху иригъэфат, арщхьэкIэ
и унэ мыкIуэжу, и жеипэр щрихыну абы и зиусхьэным и IуэхущIэхэр
здэщыIэ сэрей дыхьэпIэм аргуэру игъэзэжащ.

**14** Пщэдджыжьым Даут Iурей иутIыпщыжащ, Йоуаб иритыжын
хуей тхьэмпэтхылъыр иIыгъыу. **15** «Зауэм и гуащIапIэм Iувгъыхьи, –
итхырт Даут, – фэ фыкъыIукI, ар абдеж щыхэкIуэдэн хуэдэу».

**16** Йоуаб къалэр къыщиплъыхьым, къапэщIэувэнухэр дэнэ деж
нэхъ гуащIэу къыщезэуэнуми зригъэщIати, абыкIэ Iурей игъэкIуащ.
**17** Къалэдэсхэр Йоуаб къезэуэну къыщыдэкIым, Даут и зауэлIхэм
ящыщ зыбжанэ абдежым щыхэкIуэдащ. Хьет лъэпкъым щыщ Iуреи
абдеж укIыгъэ щыхъуащ.

**18** Зауэр зэрекIуэкIам и хъыбарыр Йоуаб Даут щыхуригъэхьым,
**19** шу лIыкIуэр игъэIущащ: **20** «Iуэхур къызэрекIуэкIа псом па-
щтыхьыр щыгъуазэ щыхуэпщIкIэ, губжьым къызэщIигъаплъэу
къоупщIынкIэ хъунущ: „Къалэм апхуэдизу щхьэ гъунэгъуу фекIуэ-
лIа? Абдеж къызэреухынур фымыщIэу арат? **21** Тэбэз деж апхуэ-
дэукъэ-тIэ зэрыщыкIуэдар ЕрубэIэл[a] и къуэ Абимелэч? ЦIыхубз
гуэрым щхьэл мывэр къриутIыпщхьэхри щиукIат ар![b] Сыт, зо,
къалэм апхуэдизу гъунэгъуу фыщIекIуэлIар?“ жиIэу. Апхуэдэу

---

*a* **11:21** Журт. «Ерубешет». Хьидуан зэреджэу щыта «ЕрубэIэл» цIэм и зы къэ-
псэлъыкIэщ. Еплъ Гъуазэхэр 6:32.

*b* **11:21** Тэбэз деж щекIуэкIа зауэм и хъыбарыр Гъуазэхэм я тхылъым къыщы-
бгъуэтынущ: 9:50-54.

къыптрикъузэ щыхъукӀэ, жеӀэ, хьет лъэпкъым щыщ зауэлӀ Iуреи а
зауэм зэрыхэкIуэдар».
22 Шу лIыкIуэр къежьэри, Даут деж къэкIуащ, Йоуаб зыхуи-
ущиями щыщ димыгъэхуу пащтыхьым жриIэжащ. 23 «А къалэм
и щыжакIуэхэр я псэ емыблэжу зэуащ, – пищащ шу лIыкIуэм и
псалъэм, – губгъуэм нэси драгъэкIуэтат. АрщхьэкIэ зэуэ дакъыхэ-
лъадэри, къалэ дыхьэпIэм нэс тхужащ. 24 Мывэхъунэм* тет шабза-
уэхэр къеухыу хуежьэри, уи зауэлIхэм ящыщ гуэрхэри хэкIуэдащ.
Хьет лъэпкъым щыщ уи зауэлI Iуреи абдежщ щыхэкIуэдар».
25 ЛIыкIуэр Даут иутIыпщыжащ, Йоуаб зыгъэгушхуэн псалъэ
иригъэхьри: «Къэхъуам уримынэщхъей! Зауэм щаIэт Iэщэм зэхэдз
иIэкъым, хэти техуэфынущ. Нэхъ гуащIэу ебгъэрыкIуи, къалэр их!»
26 Iурей зэрыщымыIэжыр и щхьэгъусэм щызэхихым, игъеижащ.
27 Щыгъуэ пIалъэр щикIым, Даут абы кIэлъыигъакIуэри, и сэрейм
кърригъэшащ. ЦIыхубзыр пащтыхьым щхьэгъусэ хуэхъуащ, къуэи
къыхуилъхуащ.
АрщхьэкIэ Даут IэщIэщIа щIэпхъаджэр ТХЬЭМ иштакъым.

## ЕПЩЫКIУТIАНЭ IЫХЬЭ

### *Нэтан бегъымбарым Даут зэригъэмысар*

12 1 ТХЬЭМ Нэтан бегъымбарыр Даут деж иIуэхуащ. КъакIуэ-
ри, пащтыхьыр зы гъэсэпэтхыдэ иригъэдэIуащ. «Зы къалэ
гуэрым, – кърригъэжьащ бегъымбарым, – лIитI щыпсэурт, зыр бейуэ,
адрейр тхьэмыщкIэу. 2 ХуэщIауэ псэу лIым Iэщ пIащэми Iэщ цIыкIуми
хъушэ иIэт, 3 тхьэмыщкIэм къищэхуу къигъэхъуа щынэ цIыкIу закъуэм
щыфIэкIауэ, иIэ щыIэтэкъым. Ари лIым и бынунэм хэсу къэхъуат, и Iэгу
ишхыкIыу, и фалъэ ифыкIыу, и бгъафэми телъу игъэжейуэ. ЖыпIэнура-
щи, бын Iыхьэ хуэхъуат. 4 Зэгуэрым а лIы бейм деж зы гъуэгурыкIуэ къе-
кIуэлIащ, арщхьэкIэ и хьэщIэнышым щIэфыгъужри, хуэмыщIауэ псэу
и гъунэгъум и щынэр къиубыдри, хьэщIэм ишхыну хуигъэхьэзыращ».
5 Асыхьэту Даут а лIым къыхуэгубжьри, Нэтан бегъымбарым
жриIащ: «ТХЬЭМ и цIэкIэ соIуэ, апхуэдэу зыщIа лIым и псэр

хэхын хуэмеймэ! [6] ГущIэгъу зи цIэ хэмылъ апхуэдэу зыщIам, щынэр
хуэдиплIкIэ ипшыныжынуи къытохуэм абы!»
[7] «Ар уэращ! – пиупщIащ Нэтан бегъымбарым, – Мыращ
ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, къиIуэхур: „ИсрэIилым и пащтыхьу
укъыхэзыхари ТIалутI укъыIэщIэзыхыжыгъари Сэращ. [8] Абы
и унэри уэстат, и щхьэгъусэхэри уи бгъафэм щIэзгъэгъуэлъхьат,
ИсрэIилри Ехьудейри уи IэмыщIэ ислъхьат. А псор пфIэмащIэ
хъумэ, нэхъыби уэстынут, адэкIи къыпхухэзгъэхъуэнут. [9] Сыт-тIэ
иджы си унафэр хъатэ пэмыхьэ пщIыуэ бзаджагъэ щIэблэжьар?
Iурей джатэщIэгъэкI ебгъэщIри, и щхьэгъусэр къэпшэжащ.
Уэращ ар амонейхэм езыгъэукIар! [10] Сызэбусыгъуэджэу Iурей и
щхьэгъусэр къызэрыпшэжам щхьэкIэ, уи щIэблэр лъыгъажэм
зэикI хэкIынукъым. [11] Уи унагъуэ кIуэцI къикIыу бэлыхьлажьаер
къыпхуэзгъэкIуэнущ. Уи щхьэгъусэхэр нэгъуэщIым естынущ, ахэр
абы махуэ шэджагъуэшхуэм зэрызэришэри уи нэгу щIэзгъэкIынущ.
[12] Уэ щэхуу блэжьар Сэ нахуэу, махуэ шэджагъуэшхуэу, зэры-
ИсрэIилу езгъэлъагъунущ“».
[13] Абдежым Даут къэгумащIэри, ТХЬЭМ и пащхьэ гуэныхь
къызэрыщихьар Нэтан бегъымбарым жриIащ. «Пхуигъэгъуащ уи
гуэныхьыр ТХЬЭМ! – жриIащ абы бегъымбарым. – Уэ улIэну-
къым! [14] Ауэ уэ ТХЬЭМ нэмыплъ ептащи[a], къыпхуалъхуну щIалэ
цIыкIур лIэжынущ».

## *Бэтщабэ Даут къыхуилъхуа и къуэр зэрылIэжар*

[15] Абы иужькIэ Нэтан бегъымбарым и унэ игъэзэжащ, Iурей и
щхьэгъусэу щытам Даут къыхуилъхуа щIалэ цIыкIум ТХЬЭМ
узыфэ бзаджэ къыхуигъакIуэри, сымаджэ хъуащ.
[16] Даут, къыхуэхъуа щIалэ цIыкIум щхьэкIэ Тхьэм елъэIу
зэпытт, нэщI ист, щIым хэIубауэ щылъу жэщхэр игъакIуэрт.
[17] КъызэфIагъэувэжыну и блыгущIэтхэр къыхуэкIуа щхьэкIэ, къа-
хуэувыжакъым икIи яхуэшхакъым.

[a] 12:14 Е: «ТХЬЭР и бийхэм зэрагъэикIэн щхьэусыгъуэ ирокъу а пщIари».

18 Ебланэ махуэм щIалэ цIыкIум и псэр хэкIащ. Арщхьэк Iэ
шынагъэ яIэти, ар зэрыщымыIэжыр Даут жраIэну и блыгущIэтхэм
иракуртэкъым. «ЩIалэ цIыкIур щыпсэум щыгъуэ дапщэрэ демы-
псэлъами, дызэхихыртэкъым. Иджы зэрылIар дауэ зэрыжетIэнур?
Зыгуэр зрищIэжынкIэ шынагъуэщ», – гуитIщхьитIт псори.
19 И блыгущIэтхэр зэрызэIущащэм Даут гу щылъитэм, и къуэр
зэрыщымыIэжыр къыгурыIуащ. «Сыт, лIэжауэ ара сабийр?» – щIэ-
упщIащ Даут. Абыхэми сабийр дунейм зэрехыжар жаIащ.
20 Ар щызэхихым, Даут зыкъиIэтыжри зигъэкъэбзэжащ,
мэ дахэ къызыпих дагъэхэр зыщихуэри, и щыгъынхэр зэбли-
хъуащ. Абы иужькIэ Даут ТХЬЭМ щхьэщэ хуищIыну Шэтырым
кIуащ. Къигъэзэжри, ягъэшхэну унафэ ищIащ, къыхузэтрагъэувa
ерыскъыми хэIэбащ.
21 «ЩIалэ цIыкIур псэуху унэщIащ, упыхьащ, – еупщIащ абы и
блыгущIэтхэр, – зэрыщымыIэжыр къыщыпщIэм, укъэтэджыжри
ухэшхэжащ, ар дауэ къызэрыдгурыIуэнур?»
22 «Ар псэуху, – жиIащ Даут, – сыщIэнэщIари сыщIэгъари
ТХЬЭМ гущIэгъу къысхуищIу псэууэ къысхуигъэнэну пIэрэ,
жысIэу сыгугъэрти аращ. 23 Иджы ар щыIэжкъым, сэри сыт щхьэ-
кIэ сынэщIыжын? Апхуэдэу абы къысхуегъэгъэзэжын? Сэ зэм-зэм
сыкIуэжынущ абы деж, ауэ езым си деж къигъэзэжынукъым».

## *Сэлмэн къызэралъхуар*

24 И щхьэгъусэ Бэтщабэ деж кIуэри, Даут дахэ жриIащ, жэщми
щIыгъуащ. ЦIыхубзыр уэндэгъу хъури, и пIалъэм щIалэ къилъхуащ.
Сабийм Сэлмэн фIащащ. ТХЬЭМ ар фIыуэ илъэгъуати, 25 Нэтан
бегъымбарыр абы деж къигъакIуэри, Едидэхь[a] цIэр фIригъэщащ.

## *Даут Арбэхь къалэр къызэрищтар*

26 Абы хэту Йоуаб нэхъ гуащIэу Арбэхь, амонейхэм я щыхьэрым,
ебгъэрыкIуэу хуежьэри, пащтыхь быдапIэр[b] къищтащ. 27 Йоуаб

a 12:25 «Едидэхь» жиIэмэ, «ТХЬЭМ фIыуэ илъэгъуа» жиIэу аращ.

b 12:26 Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, зи гугъу ищIыр Арбэхь къалэм екIуалIэ псы гъуэгур зыхъумэ быдапIэрщ. Ар къэщIыхьат, IэщэкIи яхъумэрт.

Даут деж шу лIыкIуэхэр иутIыпщащ хъыбар иратыну: «Арбэхь
себгъэрыкIуэри я псы кIуапIэр субыдащ. **28** Уи гъусэу къэнахэр
къешажьи, къалэр къызэрыпщтэнум хуэдэу абы пэтIысахэм деж
къепIэщIэкI. Армыхъумэ, къалэм сыдыхьэмэ, текIуэныгъэм и
щIыхьыр си деж къахьынущ», – жиIэри.
**29** Даут дзэр зыщIигъуущ, Арбэхь ебгъэрыкIуэри къиштащ.
**30** Амонеипщым[a] щхьэрыгъа дыщэ тажыр къыщхьэрахри, Даут
щхьэратIэгъащ. Дыщэ тажым тIэлат[b] хуэдиз и хьэлъагът, мывэ
лъапIэхэмкIи гъэщIэрэщIат. Даут нэгъуэщI фIыгъуэби къалэм
къуентхъыу къыдишащ. **31** Пащтыхьым цIыхуу къалэм дэсыр
къыдишщ, пхъэх, гъущI хьэфIанэ, уэщ яIэщIилъхьэри, чырбыш
ягъэжьэну пэригъэуващ. Адрей амоней къалэу къиштахэм гъэру
къришахэми а хьэлъэр Даут ятрилъхьащ. Абы иужькIэ пащтыхьым,
дзэр и гъусэу, Ерусэлим игъэзэжащ.

## ЕПЩЫКIУЩАНЭ IЫХЬЭ

### *Амнун Тэмарэ лей зэрырихар*

**13** **1** Тэлай дэкIри, къэхъуар мыращ. Даут зыпхъу дахэ иIэт, Тэ-
марэкIэ еджэу. Ар Абишэлам и анэ къилъхуауэ и шыпхъут.
Амнун, Даут и нэгъуэщI зы къуэр, егуэкIуащ абы. **2** Тэмарэ къызэры-
дихьэхынур къыхуэмыщIэу ар щхьэ уназэ хъуат. Уеблэмэ, апхуэдизу
зэрегупсысми щIэсымэджыхьыжат. Тэмарэ и хъыджэбзыгъуэти,
зэрыбгъэдыхьэну щIыкIэр къыхуэмыгъуэту гугъу ехьт ар.
**3** Амнун ныбжьэгъу иIэт, ЙонэдэбкIэ еджэу. Ар Даут и къуэш
Щамэ и къуэт. Хьилэшы бзаджэт а Йонэдэбыр езыр. **4** «Сыт мы-
пхуэдизу, пащтыхь щауэ, уи гур зыгъур? – еупщIащ абы Йонэ-
дэб. – КъызжепIэркъэ!»
«АдэкIэ си шыпхъу Тэмарэ, Абишэлам и анэ къилъхуам,
сегуэкIуащ», – жиIащ Амнун.

---

a **12:30** Е: «Мылкъум и мывэскъарым». Мылкъум амонейхэм ялъытэу щыта тхьэщ.
b **12:30** Зы тIэлатыр килограмм щэщIрэ плIым нэблагъэ хъунущ.

5 «ПIэм хэгъуалъхьи, – игъэIущащ ар Йонэдэб, – сымаджэ нэпцI зыщI.
Уи адэр щIэупщIакIуэ къыщыпхуэкIуэкIи, „си шыпхъу Тэмарэ кърекIуи,
сыплъэмэ слъагъуу схурепщафIэ, и IэкIи срегъашхэ“ жыIи елъэIу».
6 Амнун пIэм хэгъуалъхьэри, сымаджэ нэпцI зищIащ, пащтыхьри
щIэупщIакIуэ къыхуэкIуащ. «Си шыпхъу Тэмарэ кърекIуи, – жри-
Iащ Амнун и адэм, – сыплъэмэ слъагъуу хьэлыгъуитI схурегъажьэ,
срегъашхэ».
7 Даути Тэмарэ пащтыхь щауэм деж игъэкIуащ: «Уи дэлъху Ам-
нун деж кIуэи хуэпщафIэ», – жиIэри. 8 Тэмарэ Амнун и унэ кIуащ.
Ар пIэм хэлът. ЩIалэр къаплъэмэ илъагъуу, Тэмарэ тхьэвыр ипщщ,
ихури хьэлыгъур игъэжьащ. 9 Тебэр къыбгъэдигъэувва щхьэкIэ, Ам-
нун шхэн идакъым. Унэм щIэтхэр щIэкIыну унафэ ищIри, 10 Амнун
хъыджэбзым зыхуигъэзащ: «Хьэлыгъухэр лэгъунэм нысхуэхьи, уи
IэкIэ сыгъэшх», – жиIэри. Тэмарэ хьэлыгъухэр къищтэри, и дэлъху
Амнун и лэгъунэм ихьащ. 11 Шхыныр и пащхьэ щригъэувэм, щIа-
лэр пхъуэри, хъыджэбзыр иубыдащ. «Къэгъуэлъ, си шыпхъу, си
гупэ», – жиIэу Амнун Тэмарэ хигъэзыхь хъуащ.
12 «Хьэуэ, си дэлъху, – лъэIуащ хъыджэбзыр, ар имыдэу, – си
напэр тумых, апхуэдэ хьэдэгъуэдахэ ИсрэIилым щалэжькъым.
Мы бзаджагъэр къыскIэлъызумыхьэ! 13 Егупсыс, мы напэтехыр
къызэпщIэмэ, дэнэ сыздэкIуэнур? Уэри зэры-ИсрэIилу бзаджэ-
наджэу уахэIуэнкъэ? СынолъэIу, пащтыхьым епсалъэ, абы хьэуэ
къыхимыгъэкIыу сыкъыуитынщ». 14 АрщхьэкIэ Амнун абы емы-
даIуэу, лIыгъэкIэ жьэхыхьэри лей ирихащ.
15 Абы иужь пащтыхь щауэм хъыджэбзым гущыкI хуищIащ.
АпхуэдизкIэ лъагъумыхъуныгъэ ин хуиIэ хъуати, гурыщIэ гуэри
имыIэххам я лейт. «Тэджи, зызумыгъэлъагъуу щIэкI!» – щIэгуоуащ
Амнун хъыджэбзым.
16 «Хьэуэ, – гузэсэжырт Тэмарэ, – къызэпха икIагъэм нэхърэ
нэхъ Iеижщ ар!»
АрщхьэкIэ Амнун абы жиIэм едэIуэн идакъым, 17 и унэIут щIа-
лэр къриджэри, унафэ хуищIащ: «Мыр щIэшыжи, бжэр и щIыбкIэ
къэгъэбыдэж!» 18 УнэIут щIалэм хъыджэбзыр унэм къыщIишыжри,
бжэр и щIыбкIэ игъэбыдэжащ. Хъыджэбздэс пащтыхьыпхъухэм

а лъэхъэнэм зыщатIагъэу щыта бостей лъапIэм хуэдэт Тэмарэ абы
щыгъуэм щыгъыр. 19 Хъыджэбзым сахуэр и щхьэм дрипхъейри, и бостей
лъапIэр зэхичэтхъащ. И щхьэр фIиубыдыкIри, гъуэгрэ бжэуэ ежьащ.
20 И дэлъху Абишэлам Тэмарэ еупщIащ: «Уи дэлъху Амнун мыр
къозыщIар?.. Ауэ зэкIэ зыми зыри жумыIэ... Ар уи дэлъхущ... Уэри
уи гур умыухыж!» – жиIэри. КъыщIэкIи къыщIэплъи имыIэу Тэ-
марэ и дэлъху Абишэлам и унэр псэупIэ хуэхъуащ.
21 Къэхъуар Даут щызэхихым, хуабжьу къэгубжьащ[a]. 22 ЕкIи
фIыкIи Абишэлам зыкъригъэщIакъым Амнун, ауэ и шыпхъу Тэ-
марэ и напэр зэрытрихам щхьэкIэ гужьгъэжь хуищIащ.

## *Абишэлам и шыпхъум илъ зэрищIэжар*

23 Абы иужь, илъэситI дэкIауэ, ЕфрэIим пэгъунэгъуу щыс
БэIэлхьэзур къалэм щиIэ цыщым Абишэлам и къуэшхэр псори
ирегъэблэгъащ. 24 Пащтыхьым деж кIуэри елъэIуащ ар: «Цыщ
ефэ сиIэщи, кхъыIэ, уэри уи Iуэхузехьэри си гъусэу фынакIуэ абы».
25 АрщхьэкIэ пащтыхьым идакъым. «Хьэуэ, си щIалэ, – жиIащ
Даут, – дэ абы дынакIуэмэ, дыптехьэлъэну аращ». Сыт хуэдизрэ
емылъэIуами, Абишэлам пащтыхьыр къыхутегъэхьакъым, и Iуэхур
къыдэхъуну къехъуэхъури, къиутIыпщыжащ.
26 «АтIэ, апхуэдэу щыхъуакIэ, – жиIащ Абишэлам, – си къуэш
Амнун ди гъусэу нэгъакIуэ».
«Ари сыт ныщIэкIуэн хуейр?» – щIэупщIащ Даут. 27 Дауэ
имыщIми, Абишэлам Даут къытригъэхьэри, Амнуни адрей и къуэ-
хэри и гъусэу здишащ[b].
28 «Амнун санэм ефэу нэжэгужэ ищIа нэужь, „Феуэ!“ зэрывжесIэу
фукI, – яжриIат Абишэлам и гъусэ щIалэхэм. – Фымышынэ! Сэращ
а унафэр фхуэзыщIыр. Фымыдзыхэ, лIыгъэ къызэкъуэфх!» 29 Аби-
шэлам унафэ къазэрыхуищIам хуэдэуи ящIащ и гъусэ щIалэхэм.

---

a 13:21 Языныкъуэ пасэрей Iэрытххэм мыбдеж мыпхуэдэ псалъэхэр щIагъуауэ урихьэлIэнущ: «ауэ Амнун хуэфащэ тезырыр трилъхьакъым. Даут ар и пэлъхут, фIыуэ илъагъурт».

b 13:27 Языныкъуэ пасэрей Iэрытххэм мыбдеж мыпхуэдэ псалъэхэр щIагъуауэ урихьэлIэнущ: «пащтыхь ефэ-ешхи ищIащ».

Асыхьэтым пащтыхь щауэхэр зы цIыху къэмынэу къыщылъэтыжщ,
щхьэж и къыдырым тетIысхьэжри, я щхьэр Iуахащ.
[30] Ахэр иджыри гъуэгу тетт, и къуэхэм ящыщ гуэри къэмынэу
Абишэлам иукIа хуэдэу Даут хъыбар щылъэIэсам. [31] Пащтыхьым
и щыгъыныр зэхичатхъэри, щIым зытридзащ, абдеж къеувэкIауэ
щыт и Iуэхузехьэхэми псоми я щыгъыныр зэхачэтхъащ.
[32] Ауэ Даут и къуэш Щамэ и къуэ Йонэдэб пащтыхьыр
игъэIэсащ: «Хьэуэ, зиусхьэн, уимыгугъэ пащтыхь щауэхэр зы къэ-
мынэу Абишэлам иукIауэ. Абы зи псэ игъэнар Амнун и закъуэщ.
И шыпхъу Тэмарэ и напэр щытриха махуэ лъандэрэ Абишэлам Ам-
нун гужьгъэжь хуиIэщ. [33] Уи къуэхэр псори Абишэлам зэтриукIауэ
уи гугъэу зумыухыж, зиусхьэн, щымыIэжыр Амнун и закъуэщ».
[34] Абишэлам щIэпхъуэжащ. ПлъырыпIэм ит щIалэм бгы джабэ
лъагъуэмкIэ[a] къехыу къакIуэ цIыхухэр къилъэгъуащ. [35] «Мес, –
жриIащ Йонэдэб Даут, – пащтыхь щауэхэри къэсыжащ, псори а
зэрыбжесIам тетщ». [36] Ар жиIэн имыух щIыкIэ пащтыхь щауэхэр
къэсри, гъы-бжэ макъышхуэм зыкърагъэIэтащ. Даути абы и Iуэху-
зехьэхэри я макъ къызэрихькIэ зэщIэпыхьэу хуежьащ.
[37] Абишэлам джэшуреипщ Амхьуд и къуэ Тэлмей[b] деж зыщи-
гъэпщкIуащ. Даут махуэл щIагъуэ дихакъым Амнун щхьэкIэ нэпс
щыщIимыгъэкIа. [38] Джэшурей хэкум щтапIэ ихьэжа Абишэлам къикI
имыIэу абы илъэсищкIэ щыпсэуащ. [39] Даут АмнункIэ и гум илъ гуауэр
мащIэ-мащIэурэ Iэсэу хуежьащ, Абишэлам деж и псэри еIэ хъуащ.

## ЕПЩЫКIУПЛIАНЭ IЫХЬЭ

### *Абишэлам Ерусэлим къызэригъэзэжар*

**14** [1] Даут зэпымычу Абишэлам зэрыщIэгупсысым Дзы-
ру и къуэ Йоуаб гу лъитащ. [2] Абы хэту Йоуаб ТIакъуэ
щыщу зы бзылъхугъэ Iущ гуэрым деж игъакIуэри кърегъэшащ.

---

[a] 13:34 Е: «БэтхъуранкIэ кIуэ бгы джабэ лъагъуэмкIэ».
[b] 13:37 Джэшуреипщ Амхьуд и къуэ Тэлмей Абишэлам и анэмкIэ и адэшхуэт.

«СынолъэӀу, – зыхуигъэзащ абы Йоуаб, – ущыгъуэ хуэдэу зыщӀи,
щыгъуащэ джанэр зыщытӀагъэ, мэ дахэ къызыпих дагъи зыщумы-
хуэ – куэд лъандэрэ зи Ӏыхьлы зыгъеиж цӀыхубзу зыкъэгъэлъагъуэ.
3 Пащтыхьым деж кӀуэи, хуэпӀуэтэнум къедэӀуэну жеӀэ». Апхуэдэу
Йоуаб пащтыхьым жриӀэн хуейхэм цӀыхубзыр хуиущиящ.
4 ТӀакъуэ щыщ цӀыхубзыр пащтыхьым деж кӀуэщ, лъэгуа-
жьэмыщхьэ зыхуригъэуаури, щхьэщэ хуищӀащ. «Уа, пащтыхь, –
жиӀащ цӀыхубзым Даут зыхуигъазэри, – сыкъегъэл!» 5 Къэхъуам
пащтыхьыр щыщӀэупщӀэм, цӀыхубзым и щхьэгъусэр щхьэщы-
укӀуриикӀыу фызабэу къызэрынар жриӀащ. 6 «ЩӀалитӀ сиӀэт, зи-
усхьэн, – пищащ и псалъэм цӀыхубзым, – арщхьэкӀэ зэгурымыӀуэ
хъуащ. Зэгуэрым, Ӏэжьэгъу здэщымыӀэ губгъуэм дэкӀщ щӀалитӀри,
зэзауэри, зым зыр иукӀащ. 7 Иджы зэрылъэпкъыу нэрыгъ сащӀа-
уэ, зиусхьэн, псэхупӀэ къызаткъым, зи къуэшыр зыукӀыжа щӀалэр
къыдэт, ищӀам пэкӀуэу и псэр дгъэнынущ, жаӀэри. Уи мылъкур
къызыхуэбгъэнэн а зым фӀэкӀа къэпщӀэмынэми, дукӀынущ, жаӀэ-
ри псэ гузэвэгъуэм сыхагъэтщ. Иужьрей гугъапӀэу сиӀэм апхуэдэу
сыхагъэкӀыжынущ, си щхьэгъусэм и цӀи и лъхугъи дунейм къыте-
мынэжу кӀуэдынущ».
8 «КӀуэж унэм, – жриӀащ абы пащтыхьым, – сэ уи Ӏуэхум унафэ
тесщӀыхьынщ».
9 АрщхьэкӀэ ТӀакъуэ щыщ цӀыхубзым Даут жриӀащ: «Зиусхьэн,
уэрэ уи цӀэмрэ лажьэ зыри фиӀэкъым, лажьэр сэрэ си унагъуэмрэ
къыттырехуэ»[a].
10 «Зыгуэр къонықъуэкъуу хуежьэмэ, – жриӀащ абы пащты-
хьым, – си деж къашэ, си Ӏуэхущ абы итӀанэ уи гугъу къищӀыжмэ».
11 «Арамэ, зиусхьэн, илъ ищӀэжыну жызыӀэм зрихьэ лейр
зэримыгъэбэгъуэнумкӀэ, си щӀалэми кӀуэдыкӀейр къызэры-
хуамыгъэкӀуэнумкӀэ, – икӀуэтакъым цӀыхубзыр, – сынолъэӀу
ТХЬЭМ, уи Тхьэм, и цӀэкӀэ псалъэ къызэптыну».

[a] 14:9 Тэурэт Хабзэм ипкъ иткӀэ, цӀыху зыукӀам абы пэкӀуэ тезырыр телъхьэн хуейщ. Даут гурыӀуэгъуэ дыдэу щымыт и жэуапыр цӀыхубзым къызэрыщыхъуар ар и Ӏуэхум къыхэӀэбэн шынэу, цӀыху зыукӀам къыщыжмэ, къуаншэ зэрыхъунум щыщтэу арагъэнущ.

«ТХЬЭМ и цІэкІэ соІуэ, – жиІащ пащтыхьым, – уи щІалэ и зы щхьэц налъи хэмыхун».

[12] «Хуит сыпщІмэ, зиусхьэн, – пищащ цІыхубзым, – иджыри зыгуэр бжесІэнут». ЦІыхубзыр псэлъэну пащтыхьым хуит ищІащ.
[13] «АтІэ, – сакъыпэурэ къыпигъэхъуащ абы адэкІэ, – сыт сэ къызащІэну жыхуаІэр Тхьэм и лъэпкъым епщІэну ущІыхэтыр? Уи псалъэхэм уагъэмысэж, сыту жыпІэмэ уэри епхужьа уи быныр зэпшэлІэжкъым.
[14] Псори дылІэжынущ! Из пхуэмыщІыжыну псы икІутам дыхуэдэщ дэ. Ауэ Тхьэм цІыхум и псэр игъэнкъым, ирахужьахэр зэрызэрашэлІэжынум и Іэмалхэращ Абы къыхихыр. [15] Сэри, зиусхьэн, бжесІэну сыкъызытекІухьар ращ – си Іыхьлыхэм сагъэшынэ. Пащтыхьым си Іуэхур бгъэдэслъхьэмэ, пщІэну щыткъым, и псалъэ къыхилъхьэнкІи хъунщ, жысІэри сегупсысащ. [16] Ар арэзы хъунщи, сэрэ си щІалэмрэ Тхьэм къыдита мы щІыгум дрихуну ди ужь къихьам дыщихъумэнщ, жысІащ. [17] Уи псалъэхэм, зиусхьэн, гупсэхугъуэ къызэрызатынур си фІэщ хъурт. Тхьэм къыбгъэдэкІа мелыІычым ухуэдэщ, ери фІыри зэхыбогъэкІ. ТХЬЭР, уи Тхьэр, сыт щыгъуи уи гъусэу щрет!»

[18] «ЗыгуэркІэ сыноупщІынущи, – зыхуигъэзащ пащтыхьым цІыхубзым, – къысщумыбзыщІу къызжеІэ».

«КъызэупщІ, зиусхьэну си пащтыхь!» – жиІащ цІыхубзым.

[19] «Мы-Йоуабу пІэрэ уэ мы псом ухуэзыгъэІущар?» – еупщІащ абы Даут.

«Уи псэмкІэ тхьэ соІуэ, зиусхьэну си пащтыхь, – жиІащ ТІакъуэ къикІа бзылъхугъэм, – жыпІэм зыми ижьи сэмэгуи зыхуимыщІыфын. Пэжщ ар, уи дзэпщ Йоуабщ унафэ къысхуищІу мы псом сыхуэзыгъэІущар. [20] Къэхъуам нэгъуэщІынэкІэ уригъэплъынути ращ Йоуаб апхуэдэу щІищІар, ауэ, си зиусхьэн, Тхьэм къыбгъэдэкІа мелыІычым хуэдэу уэ уІущщ, ИсрэІилым щыхъу-щыщІэ псоми ущыгъуазэщ».

[21] «Хъунщ, зэрыжыпІэм хуэдэу сщІынщ, – жриІащ Даут Йоуаб къриджэри. – КІуэ, къешэлІэж си щІалэ Абишэлам!»

[22] Йоуаб пащтыхьым лъэгуажьэмыщхьэ зыхуригъэуэщ, щхьэщэ хуищІри, жриІащ: «Тхьэм и нэфІыр къыпщыхуэ! Иджы, зиусхьэну си пащтыхь, хьэкъыу спхыкІащ уи нэфІ къызэрысщыхуар – си лъэІур бгъэзэщІащ».

[23] Йоуаб Джэшурей хэкум кIуэщ, абы Абишэлам кърищыжри,
Ерусэлим къишэжащ. [24] «И унэ ирекIуэж, – ищIащ пащтыхьым
унафэ, – си пащхьэ къремыхьэ!» Абишэлам и унэ кIуэжащ, пащты-
хьым и нэгуи зыщIигъахуэртэкъым.

## *Абишэлам Даут зэрекIужар*

[25] Абишэлам хуэдэу щIалэ къабзи, апхуэдэу цIэрыIуи зэры-
ИсрэIилу истэкъым. И щхьэщыгум щегъэжьауэ и лъэдакъэпэм
щыщIэкIыжу щыщIагъэ зи цIэ имыIэу зэкIужт ар. [26] Щхьэцы-
шхуэ телъым и щхьэр кърищэхырти, ар Абишэлам илъэсым зэ
щIригъащэрт. Щхьэцу трагщыкIар пащтыхь шэчалъэхэмкIэ ща-
шэчыжкIи, шэкIэл щитI[a] мынэхъ мащIэ къишэчырт. [27] Абишэлам
щIалищрэ ТэмарэкIэ еджэу зы хъыджэбзрэ къыщIэхъуащ. Тэмарэ
хъыджэбз дахэ дыдэ къищIыкIат.

[28] Абишэлам Ерусэлим зэрыдэсрэ илъэситIым нэблэгъат, ауэ
и адэ и нэгу иплъэну игъуэ зи ихуакъым. [29] Зэгуэрым Абишэлам
Йоуаб кIэлъигъэджащ, пащтыхьым деж иIуэхуну. АрщхьэкIэ
Йоуаб пащтыхь щауэм къыхуэкIуэн идакъым. ЕтIуанэуи хуи-
Iуэхуат, ауэ етIуанэ гуэрми къыхуэкIуэн идакъым. [30] Апхуэдэу
щыхъум, езым и щIы Iыхьэм къыбгъурылъ Йоуаб и щIым къытекIа
хьэм мафIэр щIадзэу трагъэсыкIыну унафэ и Iуэхузехьэхэм яхуи-
щIащ. Абишэлам и Iуэхузехьэхэр кIуэри, Йоуаб и щIым къытекIа
хьэм мафIэр щIадзэри, трагъэсыкIащ.

[31] Абы иужьщ Йоуаб Абишэлам деж къыщыкIуар. «Сыт уи
Iуэхузехьэхэм, – еупщIащ ар пащтыхь щауэм къызэщIэплъауэ, – си
хьэсэхэм мафIэр щIадзэу хьэр щIытрагъэсыкIар?»

[32] «Мызэ-мытIэу ныпкIэлъызгъэкIуат. Пащтыхьым деж
узгъакIуэу Джэшурей хэкум сыкъыщIришыжамкIэ уезгъэупщIыну
арат. Абдеж сыкъыщынэжамэ, сэркIэ нэхъыфIт. Пащтыхьыр
слъагъуну сыхуейщ! Мысагъэ збгъэдэлъу щытмэ, среукI!»

[33] Йоуаб пащтыхьым деж кIуэри, псори хуиIуэтэжащ. Даут къы-
жраIахэм едэIуа нэужь, Абишэлам къриджащ. Пащтыхь щауэр Даут

*a* **14:26** КилограммитIым тIэкIу щIигъу хъунущ.

и пащхьэм щихьэм, лъэгуажьэмыщхьэ зыхуригъэуэри, щIым нэсу щхьэщэ хуищIащ. Даути Абишэлам зыбгъэдишэри, ба хуищIащ.

## ЕПЩЫКIУТХУАНЭ IЫХЬЭ

### *Абишэлам пащтыхь тахътэр зэриубыдар*

**15** [1] Абы иужькIэ Абишэлам шыхэр зыщIэщIа хьэкуэстыгу
зригъэпэщащ, абы ипэ иту жэн хуэдэу, зауэлI щэ ныкъуи
гъусэ ищIащ. [2] Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджырти, Абишэлам
къалэ дыхьэпIэм пэмыжыжьэу гъуэгубгъум къыщыувырт. Дауа-
фэ иIэу пащтыхьым деж хэт мыкIуэми, къигъэувыIэрти пкъры-
упщIыхьырт, дэнэ щыщми зригъащIэрт. Гъуэгурык Iуэми лIакъуэ-
кIэ зыщыщыр пащтыхь щауэм жриIэрт. [3] «Уи Iуэхур нахуэщ икIи
захуэщ, – жиIэрт Абишэлам, – ауэ а уздэкIуэ пащтыхьым деж уи
тхьэусыхафэм едэIуэн щыIэкъым. [4] Мы хэгъэгум и хеящIэу сыщы-
татэмэ!.. Ныкъуакъуи ныкъуэкъуэгъу зиIи си деж хэт къэмыкIуэ-
ми, я Iуэхур захуэм тету зэхэзгъэкIынт». [5] Щхьэщэ къыхуащIыну
зыгуэрхэр къыщекIуэталIэкIэ, Абишэлам ахэр иубыдырти, IэплIэ
яришэкIырт, ба яхуищIырт. [6] Пащтыхьым деж дауафэ яIэу кIуэ
исрэIилхэм Абишэлам апхуэдэу закъригъэлъагъурт, ар и щIыкIэуи
цIыхухэр къыдихьэхырт.

[7] Илъэсипл I[a] дэкIа нэужь, Абишэлам пащтыхьым зыхуигъэзащ:
«ТХЬЭМ и пащхьэ щысщIа тхьэлъанэр згъэзэщIэжынущи, хуит
сыщIи Хъэуран сыгъакIуэ. [8] Арэмей хэкум ит Джэшурей сыщыдэ-
сым тхьэлъанэ сщIыгъат „Тхьэм Ерусэлим сигъэгъэзэжмэ, щхьэщэ
хуэсщIынщ“ жысIэри».
[9] «КIуэ! Гъуэгу махуэ!» – хъуащ арэзы Даут. Абишэлами гъуэгу
техьащ.
[10] Абишэлам исрэIил лIакъуэхэм псоми щэхуу лIыкIуэ-
хэр яхуигъакIуэри, и унафэр ялъигъэIэсащ: «Гъуохэр ягъаджэу

---

[a] **15:7** Е: «илъэс тIощIитI».

щызэхэфхкIэ, „Абишэлам пащтыхь Хъэуран щыхъуащ“ жыфIэурэ фыкIий-фыгуо».

[11] Ерусэлим щыщу Абишэлам цIыху щитI здришэжьат. Ахэр
иригъэблэгъауэ арати, Iуэхур зытетми щымыгъуазэу, гурыщхъуэ зи
цIи ямыIэу дежьащ. [12] Къурмэн щищIым, Абишэлам и цIыху Джы-
лэу къалэ игъакIуэри, абы щыпсэу Даут и упщIэжэгъу* Ахъутэфил
къригъэшащ. Щэхуу ирахьэжьа Iуэхум нэхъри зиубгъурт, Абишэ-
лам и лъэныкъуэр зыубыдхэми я бжыгъэм кIуэ пэтми хэхъуэрт.

## *Даут Ерусэлим зэрибгынар*

[13] Хъыбарыхьыр Даут деж къакIуэри, исрэIилхэм я гур Абишэ-
лам дежкIэ гъэза зэрыхъуар жриIащ. [14] Абы хэту Даут и цIыхуу
Ерусэлим къыдэнам яхуиIуэхуащ: «ФеужьэрэкI, щтапIэ димы-
хьэжу хъунукъым. Абишэлам дыIэщIыхьэмэ, псэууэ зы цIыху
дыIэщIэкIынукъым. ИIэ, фепIэщIэкI, къыттеуэмэ, бэлыхьлажьэр
къытхилъхьэнщ, къалэдэсхэри джатэщIэгъэкI ищIынщ».

[15] «Уэ зэрыжыпIэм хуэдэу тщIынщ, зиусхьэну ди пащтыхь», –
къыпэджэжащ абы цIыхухэр.

[16] Даут, и унэ исхэр псори здришажьэри, гъуэгу техьащ, ауэ и
жэщгъуэлъ цIыхубзипщI къигъэнащ, сэрейм кIэлъыплъыну унафэ
яхуищIри. [17] Пащтыхьри, абы лъэсу къыдежьа цIыхухэри, зы тIэкIу-
рэ къэкIуауэ, къалэ гъунэм щыт унэм къыщысым, къыщыувыIащ.
[18] И блыгущIэтхэри, къэрэтейхэри, пэлътейхэри, Джат къикIыу
Даут и гъусэу къэкIуа цIыху щихри пащтыхьым и пащхьэ щыблэ-
кIащ. [19] «Уэ сыт щхьэкIэ унакIуэрэ ди гъусэу? – зыхуигъэзащ Даут
Джат щыщ Iитей. – Ерусэлим гъэзэжи, пащтыхьыщIэм хуэжыIэщIэ.
Уэ хамэщI укъикIащ, уи унэри зэгуэр уагъэбгынэгъат. [20] Укъызэры-
тхыхьэрэ куэд щIакъым, иджыргуэрым уи пIэм укъызоч. Сэ езым
сщIэркъым дэнэкIэ сыунэтIынуми. Гъэзэж, уи Iыхьлыхэри здэшэж.
ТХЬЭМ и гущIэгъум фыхимын, пэжкIи къывбгъэдрырет!»

[21] «Тхьэм и цIэкIи уэ уи цIэкIи соIуэ, зиусхьэну си пащтыхь, – жи-
Iащ Iитей, – сыпсэуми, сылIами, уэ уздэщыIэм сызэрыщыIэнумкIэ».

[22] «НакIуэ-тIэ!» – жиIащ Даут. Абы тету Джат щыщ Iитеи, и
гъусэхэми, абыхэм я бынунагъуэми адэкIэ гъуэгум пащащ.

[23] Ахэр къыздэкIуэм, къахуэзэр ину зэщIэгъуагэрт. Пащтыхьыр
Къидрун псы жапIэ игъуэщыкIам зэпрыкIат, цIыхухэми пшахъуэщI
лъэныкъуэмкIэ яунэтIат, [24] тхьэпщ пашэ Садыкъррэ Пхъуантэ Лъа-
пIэр яIыгъыу абы къыдэкIуэ лэбийхэмрэ• къыщилъэгъуам. Абыхэм
Пхъуантэ ЛъапIэр ягъэуващ, Даут щIыгъу цIыхухэр къалэм дэкIы-
хуи, тхьэпщ Абэтар а щIыпIэм къурмэн щищIащ.
[25] «Пхъуантэ ЛъапIэр къалэм хьыж, – жриIащ Даут тхьэпщ па-
шэ Садыкъ. – Тхьэм иухамэ, къызигъэгъэзэжынщи, ари, Шэтыр
ЛъапIэри• сигъэлъагъужынщ. [26] Ауэ и щIыб къысхуигъэзауэ арамэ,
сэ сыхьэзырщ – фIэигъуэр къызрырещIэ».
[27] «КъызэдаIуи, – нэхъри тригъэчыныхьу зыхуигъэзащ Даут
тхьэпщ пашэм, – къалэм гъэзэж. Уи щIалэу Ахъиймэзи, Абэтар и къуэ
Йонэтани здэшэж. Вгъэзэж тIуми, щIалэхэр зыщIывгъуи! [28] Сэ пша-
хъуэщIым, Iурдыныпс зэпрыкIыпIэм пэмыжыжьэу, зыщысIэжьэнщ,
фи хъыбари абдеж сыщыпэплъэнщ». [29] Абы иужькIэ Пхъуантэ Лъа-
пIэр ирахьэжьэжри, Садыкърэ Абэтаррэ Ерусэлим ягъэзэжащ.
[30] Даут Зейтун IуащхьэмкIэ иунэтIащ. И щхьэр щIэхъумарэ
лъапцIэу абы дэкI Даут гухэщIу гъырт. И гъусэу кIуэхэми псоми я
щхьэр щIэхъумат икIи гъырт. [31] Ахъутэфил Абишэлам зэрыгухьар
Даут щыжраIэм, къыхэгуэукIащ: «Уа, ди ТХЬЭ, Ахъутэфил и
псалъэм акъыл хэмылъу къащыхъуу пщIыну сынолъэIу!» – жиIэри.
[32] Iуащхьэ щыгум дэкIыу Тхьэм щелъэIу щIыпIэм щынэсым,
аркъыхэм ящыщ Хъушей и щыгъыныр зэхэчэтхъарэ, и щхьэм са-
бэр къыхэщэщу къызэрыхуэкIуэр Даут къилъэгъуащ. [33] «Си гъусэу
унакIуэмэ, – еущияш абы Даут, – укъыстехьэлъэнущ. [34] Ауэ къалэм
бгъэзэжу Абишэлам деж укIуэрэ „СурижыIэщIэнущ, пащтыхь.
Уи адэм жиIэр згъэзащIэу щытащ, иджы щегъэжьауэ уэ сури-
жыIэщIэщ“ жепIэмэ, щIэгъэкъуэн укъысхуэхъунущ, Ахъутэфил и
чэнджэщхэр щыжаIам дежи щыбгъэужьыхыжыфынущ. [35] Садыкъ-
тхьэпщри Абэтар-тхьэпщри абдеж уи гъусэу щыIэнущ. Пащтыхь
сэрейм щызэхэпхыну хъыбархэр абыхэм яIэрыгъыхьэ. [36] Садыкъ и
къуэ Ахъиймэзи Абэтар и къуэ Йонэтани щыIэщ абдеж. Абыхэм
яжефIэурэ хъыбархэр къыслъэвгъэIэс». [37] Даут и дзыхьщIэгъу Хъу-
шей Ерусэлим къыщысыжам хуэзэу Абишэлам къалэм дыхьэрт.

## ЕПЩЫКIУХАНЭ IЫХЬЭ

### *Даутрэ Зибэрэ*

**16** [1] Даут Iуащхьэ щыгум къехыжыну къежьа къудейуэ,
Мэфбошэт и Iуэхузехьэ Зибэ къызэрыкIуэр къилъэгъуащ.
ХьэлъафIэу къыдиш шыдитIым щIакхъуэ щитI, жызум гъэгъуауэ
блэрищэ, ахъуэ* блэрищэ, санэ фэнд ятелът.
[2] «Хэт щхьэкIэ мыпхуэдизыр?» – еупщIащ пащтыхьыр Зибэ.
«Шыдхэр пащтыхь щылъхухэр иризекIуэн щхьэкIэщ, – жри-
Iащ абы лIым, – щIакхъуэмрэ пхъэщхьэмыщхьэмрэ – зауэлIхэм
папщIэщ, санэри – фи псыхуэлIэр пшахъуэщIым щивгъэкIын
щхьэкIэщ».
[3] «Уи зиусхьэным и къуэрылъхур дэнэ щыIэ?» – еупщIащ па-
щтыхьыр Зибэ.
«Ерусэлим къыдэнащ. И адэшхуэм иIыгъа пащтыхьыгъуэр
исрэIилхэм къыщратыжыну махуэхэр къэсауэ и гугъэщ».
[4] «Нобэ щыщIэдзауэ, – жиIащ быдагъэ хэлъу Даут, – Мэфбошэт
мылъкуу бгъэдэлъар псори уи IэмыщIэ изолъхьэ!»
Зибэ пащтыхьым фIыщIэ хуищIащ: «Уи нэфI къысщыхуэ, зиус-
хьэну си пащтыхь! Щхьэщэ пхузощI!»

### *Щэмей Даут зэребгар*

[5] Пащтыхьыр Бэхурым щынэсым, ТIалутI и унэкъуэщхэм
ящыщу Джэрай и къуэ Щэмей жыхуаIэр къыIущIащ. Ар къы-
здэкIуэм бгэрт, [6] Даутрэ и блыгущIэтхэмрэ, ахэр къэзыухъуреихь
зауэлIхэмрэ щхьэхъумэхэмрэ щхьэкIи къимыгъанэу, мывэкIэ яхэ-
уэрт. [7] «Зегъэхь адэ! – кIийуэ ебгырт ар пащтыхьым. – Зегъэхь!
ЛIыукI! Напэншэ! [8] Зи пащтыхь тахътэр бубыдыгъа ТIалутI и
унагъуэм я лъыр ТХЬЭМ ищIэжащ, пащтыхьыгъуэри уи къуэ
Абишэлам иритыжащ. Лъым лъакъуащхьэкIэ узэрыхэтращ мы-
пхуэдиз тхьэмыщкIагъэр къыщIыптепсыхар».
[9] Дзыру и къуэ Абишей къызэщIэплъауэ пащтыхьым
зыхуигъэзащ: «Сыт мы хьэ псэхэлIэр мыпхуэдэу щIэпсалъэр, зи-
усхьэну си пащтыхь? НапIэзыпIэм и щхьэр фIэсхынущ!»

[10] АрщхьэкIэ пащтыхьым идакъым: «Дзыру и къуэхэм абы фи
Iуэхуу хэлъыр сыт? Къызэбгыну ТХЬЭМ абы къытрилъхьамэ,
апхуэдэу щIищIэмкIэ хэти егиефын?» [11] ИтIанэ Даут Абишейрэ и
блыгущIэтхэмрэ захуигъазэри яжриIащ: «Сипкъ къикIа си къуэр
сиукIыну къызощэ, бенаминхэм ящыщ лIым сыт узэрыщыгугъынур?
Иужь фикI, ТХЬЭМ къытрилъхьащи, игу пэщыху иребгэ. [12] ПщIэ-
ну щыткъым, сызэрагъэикIэр илъагъумэ, нобэ гыбзафэу къыстрат-
хъуэм и пIэкIэ ТХЬЭМ и нэфI къысщыхуэжынкIи хъунущ».
[13] Даутрэ и гъусэхэмрэ я гъуэгу ирикIуэрт, абы ябгъурыту Щэмеи
Iуащхьэ гъунэмкIэ къадехырт, дунейм тет гыбзафэр пащтыхьым
кIуэцIилъхьэу, мывэр жьэхидзэу, сабэр жьэхипхъэу. [14] Iурдыны-
псым[a] къыщекIуэлIам, псори ешаелIати, загъэпсэхуну абдеж ще-
тIысэхащ.

## *Абишэлам упщIэж ирахъэлIахэр*

[15] Абы ирихьэлIэу Абишэлам, зэры-ИсрэIилу и ужьым иту, Еру-
сэлим дыхьащ. Ахъутэфили абыхэм я гъусэт. [16] Аркъыхэм ящыщ
Хъушей, Даут и дзыхьщIэгъур, Абишэлам деж къакIуэри хъуэ-
хъубзэр щызэкIэлъигъэкIуащ: «ИугъащIэ пащтыхьым! ИугъащIэ
пащтыхьым!» – жиIэурэ.
[17] «Ара уи пэжагъыр здынэсыр? – ехъурджэуащ абы Абишэ-
лам. – Сыт уи ныбжьэгъум ущIримыгъусэр?»
[18] «Хьэуэ, – жиIащ Хъушей, – сэ ТХЬЭМ, мы цIыхубэм,
исрэIилхэм, къыхахаращ зи лъэныкъуэ сIыгъри, сIыгъынури. [19] Хэт
сэ нэгъуэщIу зи жыIэ сызэдэIуэнур? Даут и къуэракъэ? Уи адэм
сызэрыхуэжыIэщIэу щытам хуэдэу уэри уи унафэ сыщIэтынущ».
[20] Абишэлам Ахъутэфил зыхуигъэзащ: «ИIэ, иджы дызэвгъэ-
чэнджэщ, сыт адэкIэ тщIэнур?» – жиIэри.
[21] «СэреЙм кIэлъыплъыну уи адэм къигъэна и жэщгъуэлъ цIы-
хубзхэм я деж щIыхьэ, – жиIащ Ахъутэфил. – Ар исрэIилхэм
щахэIуэкIэ, уи адэрэ уэрэ игъащIэкIэ фызэрызэмыфIыжынур

[a] **16:14** Iурдыныпсым и гугъур мыбдеж къыщыхэщыр пасэрей алыджыбзэкIэ
тха Iэрытххэращ, абы ущрихьэлIэркъым пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытххэм.

къагурыIуэнущ. Къыбгуэувахэри нэхъ гушхуэнщ». 22 Абишэлам
щхьэкIэ сэреищхьэм шэтыр щагъэуври, зэры-ИсрэIилу къыщIэплъу
и адэм и жэщгъуэлъ цIыхубзхэм я деж щIыхьащ.

23 Ахъутэфил жиIэр а лъэхъэнэм Тхьэм жиIам хуэдэу ялъытэр-
ти, чэнджэщакIуэ цIыхухэр къыхуэкIуэрт. Апхуэдэ дыдэу абы и
чэнджэщхэм пщIэ хуащIу щытащ Даути Абишэлами.

## ЕПЩЫКIУБЛАНЭ IЫХЬЭ

### *Ахъутэфилрэ Хъушейрэ я чэнджэщхэр*

17 1 «ЦIыху мин пщыкIутI гъусэ сыгъэщIи, – жриIащ Ахъутэ-
фил Абишэлам, – ныжэбэ Даут и ужь сихьэну хуит сыщI.
2 Ешарэ елIауэ зыщыхуэмыгъэхъеиж гуэр сытеуэнщи, гузэвгъуэ
хэздзэнщ. И дзэр зэбгрыжу, зыщыгугъын имыIэу Даут и за-
къуэ къыщынэкIэ, сеуэнщи сукIынщ. 3 ИтIанэ дзэр зэрыщыту уи
IэмыщIэ къихуэнут: уэ узэщэ зы цIыху закъуэм и псэ бгъэну, дзэр
къызэтебнэну аракъэ-тIэ узыхуейр?[a]» 4 Ахъутэфил къыхилъхьа
гупсысэр Абишэлами исрэIил тхьэмадэхэми ягу ирихьащ.

5 «Фыкъеджэт аркъыхэм ящыщ Хъушей, дедэIуэни абы жиIэ-
нум», – ищIащ абдеж унафэ Абишэлам.

6 Хъушей къыщыкIуэм, Абишэлам абы еупщIащ: «Ахъутэфил
гупсысэ къытхилъхьащи, иджы дызэхоупщIыхьыж: зэрыжиIэм
хуэдэу тщIын, хьэмэрэ дыблэкIын, жыдоIэри. Уэ дауэ уеплърэ?»

7 «Мызыгъуэгум, – жиIащ Хъушей, – Ахъутэфил къыуихьэ-
лIа псалъэр щIагъуэкъым. 8 ФIы дыдэу зэрыпщIэщи, уи адэри,
абы и цIыхухэри къанэ щымыIэу зауэлI пхъашэщ. Ахэр иджыпсту
губжьым къызэщIигъэплъащ – зи акъушхэр зытраха мыщэбзым
хуэдэщ псори. Абы ущыфIэкIыжым, уи адэр зауэ Iуэхухэм хуэ-
Iэижь цIыхущ; и гъусэхэр щIыгъуу жэщыр зы щIыпIэм щрихы-
нукъым. 9 Иджы дыдэхэм зы мащэ е нэгъуэщI зы щIыпIэ гуэрым

[a] 17:3 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр
гурыIуэгъуэ дыдэкъым.

зыщегъэпщкIу абы. Зэхэуэ къыхэкIрэ уи цIыхухэр абы хэкIуадэмэ,
„Абишэлам и дзэр зэхакъутащ“ жаIэнурэ, хъыбарыр зэбгрыкIынущ.
[10] Мис абы щыгъуэм аслъэныгу кIуэцIылъ хуэдэу пхъашэ зауэлIхэ-
ри къэдзыхэнущ. Зэры-ИсрэIилу щыгъуазэщ уи адэр зэрызауэлI
лъэщым, и цIыхухэри зэрыхахуэм. [11] ЖысIэнум ухуеящи, мыращ си
псалъэр: ищхъэрэкIэ Дан щегъэжьауэ ипщэкIэ Бэрщабэ щыщIэкIы-
жу ИсрэIилым исыр, хы Iуфэм Iулъ пшахъуэм и пэбж хъур, къызэ-
хуэшэси, уэ езым ахэр зэуапIэм Iушэ. [12] Дэнэ зыщимыгъэпщкIуами,
Даут дэ къэдгъуэтынщ. Уэсэпсыр щIым зэрытехэм ещхьу, дыкъимы-
щIэу дытеуэнщи, езыри дукIынщ, и цIыхухэм ящыщу псэууэ зыри
къэдгъэнэнкъым. [13] Къалэ гуэрым зыщигъэпщкIуу щытмэ, къэрэ-
къэш зыпыщIа кIапсэ яIыгъыу исрэIилхэр абдеж кърекIуалIэ – мывэ
сэрейр* дгъэуэнщи, щыщ къыхэднэжынкъым».
[14] Ар щызэхахым, Ахъутэфил жиIам нэхърэ аркъыхэм ящыщ
Хъушей къипсэлъар Абишэлами исрэIил тхьэмадэхэми нэхъ тэрэзу
къалъытащ. Апхуэдэххэу, Ахъутэфил и чэнджэщыр нэхъыфIами,
ТХЬЭМ ар Iэщыб яригъэщIащ, Абишэлам бэлыхь хидзэн щхьэкIэ.

### *Хъушей Даут лIыкIуэхэр зэрыхуигъэкIуар*

[15] Абы иужькIэ Хъушей тхьэпщхэм – Садыкърэ Абэтаррэ –
яхуэзэри, Абишэламрэ исрэIил тхьэмадэхэмрэ Ахъутэфил ярита
чэнджэщри езым къахилъхьари яхуиIуэтэжащ. [16] «Абы къыхэ-
кIыу, – жиIащ Хъушей, – щIэхыу Даут хъыбар Iэрывгъэхьэ жэщкIэ
пшахъуэщIым, Iурдыныпс зэпрыкIыпIэм деж, къыщымынэну, атIэ
адрыщIым зэпрыкIыну! Армыхъумэ пащтыхьри и дзэри кIуэдынкIэ
шынагъуэ щыIэщ».
[17] Йонэтанрэ Ахъиймэзрэ хъыбархэм пэплъэу Аргуэл псына-
щхьэм деж щытт. Къалэм зыкъыщагъэлъагъуэ хъунутэкъыми, аб-
деж зы унэIут цIыхубз гуэр къакIуэурэ хъыбархэм щигъэгъуазэрт,
абыхэми а псор пащтыхьым лъагъэIэсыжырт. [18] Зэгуэрым ахэр зы
щIалэ гуэрым къилъагъури, Абишэлам бзэгу хуихьат. АрщхьэкIэ
мобыхэм псынщIэу заIэтри а щIыпIэр ябгынащ. Ахэр Бэхурым
щыщ цIыху гуэрым деж екIуалIэри, абы и пщIантIэ кIуэцIым дэт
псыкъуийм зыщагъэпщкIуащ. [19] Унэгуащэм пIэтепхъуэр къиштэри,

псыкъуиищхьэм триубгъуащ, зыми зыри къамылъагъун хуэдэу, абы
и гущIыIуми гуэдз тригъэщэщэжащ.
20 Абишэлам и цIыхухэр цIыхубзым деж къакIуэри, Ахъиймэзрэ Йонэтанрэ здэщыIэмкIэ къеупщIащ. «ТIури псы цIыкIум
зэпрыкIащ», – яжриIащ абыхэм цIыхубзым. Абишэлам и цIыхухэр
щIалитIым якIэлъыпхъэра щхьэкIэ, зыри щамыгъуэтым, Ерусэлим
ягъэзэжащ.
21 Ахэр щыIукIыжым, Ахъиймэзрэ Йонэтанрэ псыкъуийм къикIыжри Даут деж кIуащ, къекIуэкIари къанэ щымыIэу жраIэжащ.
«ПсынщIэу псым фызэпрыкIи, адрыщIым фыкIуэ. Ахъутэфил
игу фIы къыфхуилъкъым», – ягъэпIэщIащ абыхэм пащтыхьыр.
22 Даути, гъусэу абы щIыгъухэми заужьри, нэхущнэгъ къэщIыгъуэ
пщIондэ Іурдыныпсым зэпрыкIащ. Нэхущым ирихьэлIэу зы цIыхуи
Іурдыныпсым и мыдрыщIым къыщынатэкъым.
23 И чэнджэщхэр хъатэ пэмыхьэ зэращIар къыщыгурыIуэм, и
шыдым уанэр трилъхьэри, Ахъутэфил къыщыхъуа къалэм, и унэ,
игъэзэжащ. И бынунэм уэсятхэр яхуищIыжри, езым зыфIилъэжащ.
Ахъутэфил и адэжьхэр зыщIэлъ кхъэлэгъунэм щыщIалъхьэжащ.
24 Даут МэхънэIим къыщыувыIащ, абы ирихьэлIэу Абишэлами,
исрэIил зауэлIхэр псори щIыгъуу, Іурдыныпсым и адрыщIым зэпрыкIащ.
25 Йоуаб и пIэкIэ Абишэлам исмэхьилхэм[a] ящыщ Етэр и къуэ
Іэмасэ дзэм ящхьэщигъэуващ. Ар къэзылъхуар Нэхъыш ипхъу
Абиджэлт. Йоуаб и анэ Дзыру Абиджэл и шыпхъут[b].
26 ИсрэIилыдзэмрэ Абишэламрэ ДжылыIэдей щIыгум щигъуэлъыкIащ.
27 Даут МэхънэIим къыщысам, абы къыпежьащ амонейхэм
я щыхьэр Арбэхь щыщ Нэхъыш и къуэ Щобий, Лодэбар щыщ
АмрэIил и къуэ Мэхьир, джылыIэдей къалэ Аргъуэлым щыщ

[a] 17:25 НэгъуэщI пасэрей Іэрытххэм «исрэIилхэм ящыщ» е «изрэIэлхэм ящыщ» жиIэу ущрохьэлIэ.

[b] 17:25 ФIыцIагъэ ЛъапIэм нэгъуэщIыпIэ деж Абиджэлрэ Дзырурэ Даут и шыпхъуу къыщыхощ. Абы къыхэкIыуи, Нэхъыш хэт хъунуми гурыIуэгъуэ дыдэу щыткъым. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ар Ашэй и щхьэгъусэр япэ нэчыхькIэ зыбгъэдэсаращ. Ар пэжмэ, Абиджэлрэ Дзырурэ Даут анэкIэ и шыпхъуу къыщIокI.

Бэрзылаӣ сымэ. 28-29 Абыхэм Даутрэ и гъусэхэмрэ зыхуэныкъуэ-
ну тепIэнщIэлъынхэр, фалъэхэмрэ кхъуэщын хьэкъущыкъухэм-
рэ къыздахьат, шхыныгъуэм щыщу гуэдз, хьэ, хьэжыгъэ, гуэдз
гъэлыгъуа, хьэджэш, губгъуэджэш, фо, кхъуей, кхъуейлъалъэ
хуэдэхэр къыздашат, мэлхэри къыздахуат. «ЗауэлIхэр шхын щхьэ-
кIэ малIэ, ешащ, пшахъуэщIым здитам псыхуэлIэми иубыдащ», –
жаIэрт абыхэм.

## ЕПЩЫКIУИЯНЭ IЫХЬЭ

### *Абишэлам и кIуэдыкIар*

18 1 Даут щIыгъу зауэлIхэм яхэплъэри зэхидзащ, цIыху
мин къэс унафэщIхэр ящхьэщигъэуващ, цIыхуищэ къэси
Iэщхьэтетхэр* яхуигъэнэхуащ. 2 Дзэр Iыхьищу игуэшащ Даут: зым
Йоуаб пашэ яхуищIащ, етIуанэм абы и къуэш Дзыру и къуэ Абишеӣ
ящхьэщигъэуващ, ещанэми Джат щыщ Iитеӣ и Iэтащхьэу игъэуващ.
ЗауэлIхэм я гъусэу езыри зауэм зэрыкIуэнур щажриIэм, 3 дзэм
хэтхэм ар Даут хуадакъым: «Хьэуэ, уэ уныддэкIуэ хъунукъым!
ЗыгуэркIэ дыкърагъэкIуэтрэ дыкъыщIэпхъуэжын хъуми, ар зыми
къыфIэIуэхунукъым. Уеблэмэ, дзэм и ныкъуэр а зауэм хэкIуадэ-
ми, къызыфIэIуэхун щыIэнукъым. Уэ уи закъуэ цIыху минипщIым
упэлъытащ. Дэс къалэм, укъыдэмыкI, абыкIэ нэхъ щхьэпэ укъыт-
хуэхъунущ», – жаIэри.
4 «Хъунщ, – еувэлIащ абыхэм къыжраIам Даут, – зэрыжыфIэм
хуэдэу сщIынщ».
Арати, цIыхуищэ хъу дзэ пакIэхэмрэ* мину зэхэт дзэ гупхэмрэ
пащтыхьым къыблэкIыху, Даут абыхэм къахэплъэу мывэ сэ-
реӣм деж щытащ. 5 «СыволъэIу, си щIалэм, Абишэлам, фещэ-
бэкI», – ятрикъузэу жиIащ пащтыхьым, Йоуаб, Абишеӣ, Iитеӣ сымэ
захуигъазэри. Абишэлам теухуауэ пащтыхьым дзэпщхэм яхуищIа
унафэр дзэм хэтхэм псоми зэхахащ.
6 Даут и дзэр щIыпIэ нэщI гуэрым щиувыкIри, Абишэлам гъусэ
хуэхъуа исрэIилхэм япэщIэуващ. Зауэр ЕфрэIим мэзым щаублащ.

[7] Абишэлам кърищэжьа исрэIилыдзэм Даут и зауэлIхэр текIуащ.
А махуэм зауэм куэдым я щхьэр халъхьащ – цIыху мин тIощI
хэкIуэдат абы. [8] Зауэм а Iэхэлъахэм зыщиубгъуат, джатэм ихьам
нэхърэ а махуэм мэзым псэуэ щынар нэхъыбэт.
[9] Абишэлам Даут и цIыхухэм зэрымыщIэкIэ къапэщIэхуащ.
Къыдырым тесу здэкIуэм, зи къудамэбэхэр кърищэх жыгеишхуэ
щIагъым щыщIэкIым, Абишэлам и щхьэцыр а къудамэхэм хэнащ.
Къыдырыр щIэкIуэсыкIри, и лъакъуэхэр щIым къэмысу Абишэлам
щхьэцыкIэкIэ жыгейм фIэщIауэ къэнащ.
[10] Ар зылъэгъуа гуэр Йоуаб деж кIуэри хъыбар иритащ. [11] «Сыт
жыпIэр?! Плъэгъуамэ, щхьэ уеуэу абдеж щумыукIарэ? Дыжьын
шэкIэлипщIрэ зы зауэлI бгырыпхрэ уэстатэкъэ!» – къыжриIащ
лIым Йоуаб.
[12] «Дыжьын шэкIэл мин къызэптатэми, – жриIащ а лIым
Йоуаб, – пащтыхь щауэм си Iэр тесшэщIэнтэкъым. „Си щIалэу
Абишэлам фыхуэсакъ“ жиIэу уэри, Абишеи, Iитеи пащтыхьым
унафэ къызэрыфхуищIыр псоми зэхэтхакъэ? [13] Мыхъун гуэр
сIэщIэщIатэмэ, сэр-сэру бэлыхь зыхэздзэжынут. Ар пащтыхьым
щыбзыщIа хъунутэкъым, уэри укъысщхьэщыжынутэкъым».
[14] «Уэ птезгъэкIуэдэн зэман сиIэкъым!» – жиIэри Йоуаб абы
хуилъащ. Бжы кIэщIищ къищтэщ Йоуаби, иджыри и псэр пыту
жыгым фIэщIа Абишэлам екIуалIэри и бгъэм хэпыджащ. [15] Йоуаб
и IэщэзехьипщIым Абишэлам къаухъуреихьри яукIащ.
[16] Абы иужь Йоуаб гъуор игъаджэри, исрэIилхэм якIэлъеIэ
дзэм къригъэгъэзащ. Хуеижакъым Йоуаб и цIыхухэр абы фIэкIа
игъэзэуэну.
[17] Абишэлам и хьэдэр мэзым зы мащэ куу гуэрым ирадзэри,
и щIыIум мывэр самэу щызэтракIутэжащ. Пащтыхь щауэм щIыгъуа
исрэIилхэр щхьэж и унэр и занщIэу зэбгрыжыжащ.
[18] Абишэлам псэу щIыкIэ ПащтыхьыкъуэкIэ зэджэ щIыпIэм
мывэсын и цIэкIэ зыхуигъэувыжыгъат, зигу къэкIыжын къуэ зэ-
римыIэр жиIэурэ. А мывэсыным езым и цIэри фIищат. Нобэр къы-
здэсым абы Абишэлам и мывэсынкIэ йоджэ.

### *Абишэлам зэраукIам и хъыбарыр Даут къызэрищIар*

[19] Садыкъ и къуэ Ахъиймэз Йоуаб елъэIуащ: «Хуит сыщIи,
пащтыхьым деж хъыбарыр жэрыгъэкIэ сыгъэхь, жесIэнущ абы и
бийхэм яхуэфащэр ТХЬЭМ зэрыращIар».
[20] Арщхьэкiэ Йоуаб идакъым: «Нобэкъым пащтыхьыр уэ хъыба-
рыфIкIэ щыпхуэгъэгуфIэнур, Ахъиймэз. НэгъуэщI махуи къы-
пхуихуэнщ. Иджыпсту щымыIэж пащтыхь щауэм и хъыбарщ абы
къыпэплъэр». [21] Кушейхэм[a] ящыщ зы щIалэ гуэрым Йоуаб унафэ
хуищIащ пащтыхьым деж кIуэуэ илъэгъуар хуиIуэтэжыну. Йоуаб
щхьэщэ хуищIри, щIалэр жэрыгъэкIэ пащтыхьым деж ежьащ.
[22] Ауэ Садыкъ и къуэ Ахъиймэз иджыри зэ елъэIуащ Йоуаб: «Сыту
щытми, мо кушей щIалэм иужь ситу сэри сыбгъэкIуэну сынолъэIу».
«Уа, си щIалэ, сыт абы ущIэкIуэнур? – хэтт Йоуаб Ахъиймэз
щIригъэгъуэжыну. – Зыми гуфIапщIэ къыуитынукъым а хъыба-
рым папщIэ».
[23] «ТIум щыгъуэми сыкIуэнущ!» – жиIэу Ахъиймэз щи-
укъуэдийм, Йоуаб арэзы хъуащ. Ахъиймэз жэрыжэкIэ Iурдын
губгъуэм кIуэцIрыкI гъуэгур икIури, кушей щIалэми ипэ ищащ.
[24] Даут къалэ дыхьэпIэм и зы плIанэпэ гуэрым деж щыст.
Плъырри дыхьэпIэм щхьэщыт къалэ сэреищхьэм дэкIауэ зи-
плъыхьу тетт. Абы хэту и закъуэу къажэм плъырым и нэр хуэзащ.
[25] Ар ину гуоури, пащтыхьым зыгуэр къызэрыблагъэр иригъэщIащ.
«И закъуэ къакIуэу щытмэ, хъыбарыфIщ къихьыр», – жиIащ Даут.
КъакIуэр кIуэ пэтми къэгъунэгъурт, [26] иджыри нэгъуэщI зыгуэр
къызэрыжэм плъырым гу щылъитам. «Иджыри нэгъуэщI зыгуэр
къожэ, абыи и закъуэщ», – егуоухащ плъырыр къалэ дыхьэпIэм
щыт бжэхъумэм деж.
«Абыи хъыбарыфIщ къихьыр», – игу къэкIащ Даут.
[27] «Сыщымыуэмэ, – жиIащ плъыракIуэм, – япэ иту къажэр
Садыкъ и къуэ Ахъиймэзщ».

---

*a* **18:21** Кушейхэр СуданыщIым и зэхуэдитIымрэ Мысыр щIыналъэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ щIыгухэмрэ зыхыхьэ Куш хэкум щыпсэуа лъэпкъщ.

«Ар цIыхуфIщ, къихьри хъыбарыфIщ», – триубыдэпащ пащтыхьым.
28 «Псори фIыщ!» – жиIащ макъ хэIэтыкIакIэ Ахъиймэз, пащты-
хьым гъунэгъу къыхуэхъури. ЩIым нэсу щхьэщэ хуищIри жриIащ:
«Зиусхьэну си пащтыхьым зыкъыппэщIэзысахэр уи IэмыщIэ къри-
лъхьащи, ТХЬЭМ, уи Тхьэм, фIыщIэри щытхъури ейщ!»
29 «Си щIалэ цIыкIум, Абишэлам, и Iуэхухэр фIыкъэ?» – щIэ-
упщIащ гузавэу Даут.
«Абдеж зэрызехьэшхуэ зэрыщыIэр слъэгъуащ Йоуаб уи деж
сыкъыщигъакIуэм, ауэ къэхъупам сыщыгъуазэкъым», – жиIащ
Ахъиймэз ужьыхыжурэ.
30 «IукIуэти мобдеж зэ ув!» – жиIэри Даут Ахъиймэз иригъэ-
кIуэтэкIащ. Адрейри лъэныкъуэкIэ еувэкIащ.
31 Асыхьэтым Куш щыщ щIалэри къэсащ. «ХъыбарыфIхэр къы-
пхуэсхьащ, зиусхьэну си пащтыхь! – жиIащ абы. – ЗыкъыппэщIэ-
зысахэм псоми уи насып ТХЬЭМ нобэ ятригъэкIуащ!»
32 «Си щIалэ цIыкIум, Абишэлам, и Iуэхухэр фIыкъэ?» – щIэ-
упщIащ Даут.
«А щIалэм и щхьэ кърикIуар, – жиIащ кушей щIалэм, – зиус-
хьэну си пащтыхьым и жагъуэгъу псоми къылърес, бзаджагъэкIэ
иужь къихьэ дэтхэнэми къыщрещI».
33 Пащтыхьыр къаскIэри, дыхьэпIэм щхьэщыт унэмкIэ иунэтIащ.
ЗдэкIуэм, Даут зэщыджэу гъырт. «А, Абишэламу си щIалэ цIыкIу
мыгъуэ! Абишэламу си щIалэ цIыкIу мыгъуэ! Уэ уи пIэкIэ сэ сылIа
мыгъуэтэми нэхъыфIти! А, Абишэламу си щIалэ цIыкIу мыгъуэ! А,
си щIалэ цIыкIу мыгъуэ!» – жиIэурэ и къуэр пащтыхьым игъейрт.

## ЕПЩЫКIУБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

### *Йоуаб Даут зэрегияр*

**19** 1 Пащтыхьым Абишэлам зэригъейр, ар абы зэрыхуэщыгъуэр
Йоуаб жраIащ. 2 Пащтыхьыр и къуэм щхьэкIэ зэры-
нэщхъейр зауэлIхэм щызэхахым, я текIуэныгъэм хьэдагъэу а ма-
хуэм зызэридзэкIащ. 3 ЗэуапIэм къыIукIыу къыщIэпхъуэжахэм я

напэтехыр зэрагъэпщкІум ещхьу, зауэлІхэр унэгъуэджэу къалэм
дыхьэжырт. [4] Пащтыхьыр цІыхум яхыхьэртэкъым, и макъ къы-
зэрихькІи «Си щІалэ цІыкІу мыгъуэу Абишэлам! А си щІалэ цІыкІу
мыгъуэу Абишэлам! Си щІалэ цІыкІу мыгъуэ!» – жиІэурэ пыхьэрт.
[5] Йоуаб пащтыхьым деж кІуэри егияш: «Сыт уи зауэлІ-
хэр щІэбгъэукІытэр? Уэри, уи къуэхэми, уипхъухэми, уи
щхьэгъусэхэмрэ жэщгъуэлъ бзылъхугъэхэмри я псэкъэ абыхэм нобэ
къахъумар? [6] Ауэ, пэжыр арагъэнущи, уэркІэ зи гум лъагъуныгъэ
зи цІэ имылъхэращ фІыуэ плъагъур, фІылъагъуныгъэ къыпхузиІэ-
хэм апхуэдэ гурыщІэ лъэпкъ уахуиІэкъым. Дзэпщхэри абыхэм
я зауэлІхэри зыуи къызэрумыдзэр нобэ хьэкъыу я фІэщ пщІащ. Мы
зауэм дэ псори дыхэкІуадэу, Абишэлам псэууэ къигъэзэжатэмэ,
нэхъ къызэрыпщтэнур къызгурыІуащ.
[7] Тэджи ныщІэкІ! Нахыхьи пэжу къыббгъэдэт цІыхухэм я гур
фІы къэщІыж! ТХЬЭМ и цІэкІэ соІуэ, уныщІэмыкІмэ, зы цІыху
къэмынэу ныжэбэ зэбгрыкІынум. Быдэу уи фІэщ щІы, къэбгъэщІам
и кІуэцІкІэ уи щхьэ кърикІуа тхьэмыщкІагъэ псом нэхърэ ар зэры-
нэхъ Іеинур».
[8] Пащтыхьыр къыщІэкІри, къалэ дыхьэпІэм деж щетІысэхащ. Ар
дзэм щахэІуэм, псори Даут деж къыщызэхуэсащ.

## *Даут Ерусэлим къызэригъэзэжар*

Абишэлам гъусэ хуэхъуа исрэІилхэр щхьэж и унэр и занщІэу
зэбгрыжыжат. [9] Абы иужькІэ исрэІил лІакъуэхэр зэныкъуэкъуу
хуежьащ: «Пащтыхьым ди бийхэм дащихъумами, фылистейхэм
дакъыІэщІихами, езыр и къуэ Абишэлам и ягъэкІэ щтапІэ ихьэжащ.
[10] Ди пащтыхьыну зыхуэдгъэфэща Абишэлами зауэм хэкІуэдащ.
Сыт-тІэ иджы зыри щІыжыдмыІэр? Сыт пащтыхьым дыкъыщІе-
мыджэжыр?»
[11] ИсрэІилхэм яку къыдэхъуа псалъэмакъыр Даути лъэІэсащ.
Хъыбарыр абы тхьэпщхэм, Садыкърэ Абэтаррэ, яхуиІуэхуащ:
«Ехьудей тхьэмадэхэм деж фыкІуи, пащтыхьыр и унэ езыджэж-
хэм зыкъыщІыкІэрагъэхун хуейр жевгъэІэ. [12] „Дызэшкъэ, зы
къупщхьэрэ зылу дыщыткъэ, атІэ щхьэ пащтыхьыр езыджэжхэм

фыкъакIэрыхун хуей?“ жыфIи феупщI. [13] Iэмаси зыхуэвгъази, „Уэ
узикъупщхьэтэкъэ, узилтэкъэ? Йоуаб и пIэкIэ игъащIэкIэ дзэпщу
ущытыну узмыгъэувмэ, ТХЬЭМ и нейр къысщыхуэ!“ жефIэ».
[14] Апхуэдэххэурэ, Даут ехьудейхэр псори къыдихьэхащ. Езыми
и цIыхухэми ягъэзэжыну пащтыхьым къыхуаIуэхуащ.

[15] Пащтыхьым игъэзэжыну гъуэгу техьэри, Iурдыныпсым нэс
къэкIуащ. Ехьудейхэр абы къыпежажьэри, Iурдын псыежэхым зэ-
прашыжын щхьэкIэ, Джылджэл къэкIуащ. [16] Бэхурым щыщ Джэрай
и къуэ Щэмеи, лъэпкъкIэ бенаминхэм къахэкIар, пIащIэ-тхъытхъыу
ехьудейхэм я гъусэу Даут зыIуигъэщIэну кIуащ. [17] Бенаминхэм
ящыщу цIыху мин щIыгъут абы, ТIалутI и Iуэгутет Зиби, абы и
къуэ пщыкIутхури, и унэIут тIощIри яхэтт. Ахэр жэрыгъэкIэ Iурдын
псыежэхым щIэпхъуащ, пащтыхьымрэ [18] и унагъуэмрэ зэпрыкIыпIэм
деж къекIуалIэмэ, къызэпрашыну, сыткIи я фIагъ ирагъэкIыну.

Пащтыхьыр Iурдыныпсым къызэрызэпрыкIыу Джэрай и
къуэ Щэмей абы и пащхьэ зыщридзыхри, [19] жриIащ: «Зиус-
хьэну си пащтыхь, си бзаджэщIагъэр хьэкъ сщумыщI! Ерусэлим
щубгына махуэм пхуэмыфащэ зэроспэсар уигу къыумыгъэкIыж!
Зыщыгъэгъупщэ псори, зиусхьэну си пащтыхь! [20] Си къуаншагъэр
зыдызощIэж, аращ Исуф и щIэблэм[a] щыщу псом япэ, зиусхьэну си
пащтыхь, сыныщIыппежьар».

[21] Дзыру и къуэ Абишей ар щызэхихым, жиIащ: «Апхуэдизу
узыгъэикIа Щэмей и унафэр укIкIэ ямыщIэну ара? Тхьэм къыхиха
пащтыхьым ебгащ ар, зиунагъуэрэ».

[22] «Дзыру и къуэхэм сыт абы фи Iуэхуу хэлъыр? – жиIащ Даут. –
Сыт бзаджэ щIэным иджы сыщIытевгъэгушхуэр? Нобэ хуэдэ ма-
хуэм дауэ ИсрэIилым цIыху зэрыщыбукIынур? Иджыпсту сэ нахуэу
солъагъу щIэрыщIэу ИсрэIил псом я пащтыхь сызэрыхъужар!»
[23] Даут Щэмей зыхуигъазэри, и псэ зэремыIэнумкIэ тхьэ хуиIуащ.

[24] ТIалутI и къуэрылъху Мэфбошэти Даут пежьащ. Пащтыхьыр
щыдэкIа махуэм щегъэжьауэ, лажьи хъати имыIэу къыщигъэзэжам

a 19:20 Мыбдеж зи гугъу ищIыр, уегупсыс зэрыхъунумкIэ, ищхъэрэ исрэIил лIакъуэхэрщ.

нэсыхукIэ, Мэфбошэт и лъэбжьани пиупщIакъым, и пащIэри трищыкIакъым, и щыгъыни ижьыщIакъым.

[25] Мэфбошэт пащтыхьым IущIэну Ерусэлим къикIыу къыщыкIуэм, ар абы еупщIащ: «Сыт си гъусэу уныщIыдэмыкIар, Мэфбошэт?» – жиIэри.

[26] «Зиусхьэну си пащтыхь, – къригъэжьащ Мэфбошэт, – си унэIутым сыкъигъэпцIащ. Сызэрылъашэм къыхэкIыу „шыдым уанэр теслъхьэнщи, абы сытесу пащтыхьым и гъусэу сыкIуэнщ“ жысIат.
[27] АрщхьэкIэ си унэIутым, зиусхьэну си пащтыхь, уи пащхьэ сыщигъэулъиящ. Зиусхьэну си пащтыхь, уэ Тхьэм къыбгъэдэкIа мелыIычым ухуэдэщ, „мыр сфIэзахуэщ“ жыхуэпIэр къызэщIэ! [28] Зиусхьэну си пащтыхь, си адэшхуэм и лъэпкъым щыщ зы къыумыгъанэу лъапсэкIуэдыр къахуэбгъэкIуэфынут, арщхьэкIэ уи Iэнэ сыпэрыбгъэтIысхьащ. Сыт хуэдэ хуитыныгъэ сиIэр сытхьэусыхэну?»

[29] «Хъунщ, ирикъунщ! – зэпиудащ ар Даут. – Сыт мыпхуэдизыр къыщIызжепIэр? Уэрэ Зибэрэ щIыр ныкъуэ-ныкъуэу зэхуэвгуэш – аращ си унафэр».

[30] «Хуеймэ, зэрыщыту ирещтэ! Зиусхьэну си пащтыхьыр псэууэ укъэкIуэжащи, сэркIэ псом нэхъапэр аращ».

[31] ДжылыIэдейм ит Аргъуэлым къалэм къикIри Бэрзылай пащтыхьым деж къэкIуащ, и гъусэу Iурдыныпсым зэпрыкIыу гъуэгутехьэж псалъэ жриIэн щхьэкIэ. [32] Бэрзылай жьы дыдэ хъуат, и ныбжьри илъэс тIощIиплIым нызэрыхьэсат. Езыр хуэщIауэ псэурти, пащтыхьыр МэхънэIим дэсыху, зыхуэныкъуэ псомкIи щIэгъэкъуэн хуэхъуащ. [33] «НакIуэ си гъусэу Ерусэлим, – пиубыдащ абы Даут. – Си нэIэ птету узгъэпсэунщ».

[34] «Сытегушхуэу Ерусэлим сыныбдэкIуэн хуэдэу, – жиIащ Бэрзылай, – куэд къысхуэнэжа сэ сыпсэуну? [35] Илъэс тIощIиплIыр си ныбжьщ. Мы гъащIэм къыщыхъу емрэ фIымрэ схузэхэгъэкIыжыфыну пIэрэ сэ? ЗыхэсщIэжыфыну пIэрэ яшхымрэ ирафымрэ я IэфIыр? ЦIыхухъу уэрэджыIакIуэхэмрэ цIыхубз уэрэджыIакIуэхэмрэ я макъри схузэхэцIыхукIыжыну? Сыт щхьэкIэ, зиусхьэну си пащтыхь, зыптезгъэхьэлъэн хуей? [36] Iурдыныпсым адрыщIкIэ тIэкIу узгъэкIуэтэнщ, ауэ апхуэдизу сыщIэбгъэлъэпIэн

щыӀэкъым. [37] Си унэ хуиту сыгъэкӀуэж, сыщалъхуа жылэжьым
сыщылӀэжыну сыхуейщ, си адэрэ си анэрэ зыщӀэлъ кхъэм сыщы-
щӀалъхьэжыну сыхуейщ. Мис Чымхъан, нрекӀуэ ар уи гъусэу, зи-
усхьэну си пащтыхь, зэрыпфӀэзахуэм хуэдэуи хущыт».

[38] «НрекӀуэ-тӀэ Чымхъан, – хъуащ арэзы Даут, – уэ зэрыпфӀэфӀ
дыдэм хуэдэу сыхущытынущ абы. Уэри, ситкӀэ укъызэмылъэӀуми,
узыхуейр пхуэсщӀэнущ».

[39] Дзэм щыщ зыри къэмынэу Іурдын псыежэхым зэпрыкӀащ.
Пащтыхьри псым къикӀащ. Даут Бэрзылай ебэуэжщ, Тхьэм и нэфӀ
щыхуэну хуэлъаӀуэри и унэ иригъэгъэзэжащ. [40] АдэкӀэ пащтыхьыр
Чымхъан и гъусэу Джылджэл кӀуащ. Ехьудеидзэмрэ исрэӀилхэм я
дзэм и ныкъуэмрэ пащтыхьыр абы нэс ягъэкӀуэтащ.

[41] ИсрэӀилхэр пащтыхьым деж кӀуэри етхьэусыхылӀащ: «Сыт
Ехьудейм щыщ ди къуэшхэм ущӀызыӀэщӀаубыдар, уэри, уи
унагъуэри, гъусэу пщӀыгъуахэри Іурдыныпсым фыкъызэпрашы-
жын хуей щӀэхъуар?»

[42] «Пащтыхьыр ди лӀакъуэ щыщщ, ди Іыхьлыщи ращ, – жраӀащ
ехьудейхэми исрэӀилхэм. – Сыт абы щхьэкӀэ фыщӀэгубжьыр? Пащты-
хьым зыгуэр дигъэшхауэ ара? Хьэмэрэ тыгъэ гуэр къыдитауэ ара?»

[43] «Пащтыхьым теухуауэ фэ къыфтехуэм нэхърэ хуэдипщӀкӀэ
нэхъыбэ дэ къытлъос[a], – ядакъым ехьудейхэм жаӀэр исрэӀилхэм. –
Сыт ди жагъуэ щӀэфщӀыр? Пащтыхьыр къешэлӀэжын зэрыхуейр
дэракъэ япэу къыхэзылъхьар?» АрщхьэкӀэ исрэӀилхэм ехьудейхэр
яхуигъэкӀуэтакъым.

## ЕТӀОЩӀАНЭ ІЫХЬЭ

### *ШэбаӀ Даут зэрыпэщӀэувар*

**20** [1] Бахърий и къуэ ШэбаӀкӀэ еджэу зы цӀыху мыгъуэжь гуэр
а щӀыпӀэм зэрымыщӀэкӀэ щыӀэу къыщӀэкӀащ. Ар бенамин-
хэм ящыщт. Гъуор игъаджэри, езым ину жиӀащ:

[a] 19:43 Ехьудейхэм мыбдеж щапэщӀэтщ ищхъэрэ, е исрэӀил, лӀакъуипщӀыр.

«Даут ди Iыхьэ хэлъкъым,
худиIуэху щыIэкъым Ашэй и къуэм!
Фызэбгрык I ИсрэIилыр, щхьэж и унэ фыкIуэж!»

2 Арати, исрэIилхэм Даут ябгынащ, Бахърий и къуэ ШэбаI иужь
иувэн щхьэкIэ. Ауэ ехьудейхэр пащтыхьым пэжу къыхущIэкIащ,
и гъусэу Iурдыныпсым къыщыщIэдзауэ Ерусэлим нэс къыдэкIуащ.
3 Даут Ерусэлим къыщигъэзэжым, пащтыхь сэрейм кIэ-
лъыплъыну къигъэна жэщгъуэлъ цIыхубзипщIыр унэ щхьэхуэ
щIигъэтIысхьэри, хъумакIуэхэр яригъэувэлIэжащ. Зыщыщ Iэ щы-
мыIэу ахэр абы щIэсащ, ауэ езы пащтыхьыр абыхэм зэик I ялъи-
хьэжакъым. Фызабэм хуэдэу а унэм къыщIэкI ямыIэу, ахэр псэуху
абы щаIыгъащ.
4 «Махуищ пIалъэм кърихубыдэу, – хуищIащ пащтыхьым Iэ-
масэ унафэ, – ехьудейхэр къызэхуэшэс, уэри зыкърегъэхьэлIэ».
5 Ехьудейхэм хъыбар яритыну ежьа Iэмасэ пащтыхьым хуигъэува
пIалъэм къитIэсэфакъым, щIригъэгъуащ.
6 Арати, Даут Абишей жриIащ: «Абишэлам и ягъэу къыдэкIам
нэхърэ нэхъыбэ Бахърий и къуэ ШэбаI къылъыкъуэкIынущ. Си
цIыхухэр гъусэ щIыи абы иужь ихьэ, армыхъумэ быдапIэу къэщIы-
хьа къалэ гуэр къигъуэтынщи, тIэщIэкIынщ».
7 Йоуаб и цIыхухэри, къэрэтейхэмрэ пэлътейхэмри, зауэлI
пхъашэу щыIэхэри – псори зэгъусэу Абишей и унафэм щIэту – Еру-
сэлим къыдэкIри, Бахърий и къуэ ШэбаI кIэлъежьащ.
8 Джэбэн нэсу мывэшхуэ гуэрым щекIуалIэм, абыхэм Iэмасэ къа-
IущIащ. Йоуаб зауэлI фащэ щыгът, джатэр зыфIэщIа бгырыпхыр
щIэпхауэ. Бгъэдыхьэну щежьэм, джатапIэр къыфIэжри, джатэр
и пцIанапIэкIэ къыщIэщащ.
9 «Сыт ухуэдэ, си къуэш?» – жиIэри Йоуаб Iэмасэ еупщIащ.
Йоуаб Iэ ижьымкIэ Iэбэри, Iэмасэ и жьакIэпэр иубыдащ[a], зриша-
лIэу ебэун щхьэкIэ. 10 Абы и Iэм джатэр къызэрыIэщIэхутам Iэмасэ
гу лъитакъым. Йоуаб Iэ сэмэгумкIэ иIыгъ джатэр мобы и ныбэм

---

[a] **20:9** ФIэхъус щызэрахкIэ, зыр зым и жьакIэпэр иубыдрэ зришалIэу ебэуныр гуапагъэ къызэрагъэлъагъуэ хабзэу пасэрей журтхэм яхэлъащ.

хихуэри, и кIуэцIыр къригъэуащ. ЕтIуанэу еуэн хуей хъуакъым,
Iэмасэ абдеж и псэр щыхэкIащ. Йоуабрэ абы и къуэш Абишейрэ
адэкIэ Бахърий и къуэ ШэбаI кIэлъежьащ.
[11] Йоуаб и цIыхухэм ящыщ зы Iэмасэ и хьэдэм щхьэщыхьэри,
жиIащ: «Йоуаб пэжу бгъэдэтыр, Даут гуэтыр Йоуаб и ужь ире-
увэ!» [12] Iэмасэ къыщIэжа лъым хэлъу гъуэгущхьэм телът. БлэкIыу
хъуар къэувыIэурэ зэрыщхьэщыхьэр а лIым къыщилъагъум, хьэдэр
гъуэгум трихри, гъуэгубгъумкIэ илъэфащ, къэмылъэгъуэн щхьэкIэ
щыгъын гуэрхэри тридзащ. [13] Хьэдэр гъуэгум тралъэфа нэужьыщ
Бахърий и къуэ ШэбаI кIэлъыкIуэ Йоуаб и ужь псори щихьэжар.
[14] ИсрэIил лIакъуэхэм я щIыгухэр зэпиупщIри, ШэбаI Абэл-Бэт-
мэIэху къалэ нэсащ. Абы бахърийхэр[a] къыкIэлъыкIуэжри, къалэм
зэгъусэу дыхьащ. [15] Куэд дэмыкIыу Йоуаб и зауэлIхэр къэсри,
Абэл-БэтмэIэху къатIысыхьащ. КIэщIу абыхэм къалэ щIыбым
щIы зэтетхъуэ щащIащ. Мывэ сэрейр ягъэуэну щыхуежьэм, [16] зы
бзылъхугъэ Iущ гуэр ищхьэмкIэ къегуоуэхащ: «ФыкъэдаIуэ! Зэ
фыкъэдаIуэ! Йоуаб фыкъысхуеджэ, моуэ къыIурехьэ, сепсэлъэну
сыхуейщ». [17] Йоуаб къыщыIухьэм, бзылъхугъэр щIэупщIащ: «Уэра
Йоуабыр?» – жиIэри. «Сэращ!» – щыжиIэм, – «БжесIэнум зэ къе-
даIуэ!» – къыхуриджащ ар бзылъхугъэм.
«СынодаIуэ!» – пидзыжащ абы Йоуаби.
[18] «ИгъащIэми „УзыщIэупщIэр Абэл щызэхэгъэкI“ жаIэрт, –
къригъэжьащ бзылъхугъэм, – я Iуэху зэхэзэрыхьари апхуэдэу зэха-
хыжырт. [19] ЗэгурыIуэмрэ пэжыгъэмрэ ИсрэIилым хуэзыхъумэхэм
дащыщщ, уэ ИсрэIилым и къалащхьэхэм ящыщ зыр бгъэкIуэдыну
иужь уитщ. ТХЬЭМ и IэмыщIэ илъ къалэр зэхэпкъутэну сыт уе-
зыхулIар?»
[20] «Хьэуэ! – пиупщIащ Йоуаб. – ЗэхэскъутэнIауи сыхуейкъым,
зыгуэр згъэкIуэдынуи сыхэткъым! [21] Апхуэдэукъым Iуэхур зэры-
щытыр. ЕфрэIим бгылъэхэм къикIа Бахърий и къуэ ШэбаIкIэ зэ-
джэ лIым, пащтыхьым пэувам, и закъуэщ сызыхуейр. Ар къызэфти,
сэри къалэм сыпыIукIуэтыжынущ».

[a] 20:14 Е: «бэрийхэр».

«Абы и щхьэр мывэ сэрейм кърадзыхауэ плъагъунщ», – игъэгугъащ бзылъхугъэм Йоуаб.

22 Бзылъхугъэр къалэдэсхэм яхыхьэри, чэнджэщ Іущ яритащ. Абы и жыІэм тету Бахърий и къуэ ШэбаІ и щхьэр паупщІри, Йоуаб хурадзыхащ. Арыххэуи, Йоуаб гъуор игъаджэри, дзэр къалэм къыІуишыжащ. ЦІыхухэр зэбгрыкІыжри, щхьэж и унэ кІуэжащ, езы Йоуаби пащтыхьым деж Ерусэлим игъэзэжащ.

### *Даут и Іуэхузехьэ пашэхэр*

23 ИсрэІилым и дзэм Йоуаб я пашэт. Йодай и къуэ Бэнэхь къэрэтейхэмрэ пэльтейхэмрэ ящхьэщытт. 24 Адонирэм[a] лэжьыгъэ хьэкъыр зыхьхэм я унафэщІт, Іэхьлуд и къуэ Йощэфат тхыдэтхыжт.
25 ЩэуаІ тхакІуэ пашэт. Садыкърэ Абэтаррэ тхьэпщт. 26 ЙаІирхэм къахэкІа ІирэІ Даут деж тхьэпщ хьэкъыр щигъэзащІэрт.

## ТІОЩІРЭ ЕЗАНЭ ІЫХЬЭ

### *Джэбэнхэм ялъ зэращІэжар*

**21** 1 Зэгуэрым, Даут и пащтыхьыгъуэм, илъэсищ зэкІэлъыкІуэкІэ гъаблэу щытат. Ар къызыхэкІамкІэ Даут ТХЬЭМ щеупщІым, къригъэщІат: «Лажьэр зейр ТІалутІрэ абы и унагъуэмрэщ. Джэбэнхэм ялъ хейр ягъэжауэ щытащ абыхэм», – жиІэри.

2 Джэбэнхэр исрэІилхэм ящыщтэкъым, амэрейхэм къащІэна лъэпкът. ИсрэІилхэм ахэр щыхьэгъу ямыщІыну тхьэлъанэ ящІат[b], арщхьэкІэ ТІалутІ, ИсрэІилымрэ Ехьудеймрэ къащыжу щхьэусыгъуэ ищІри, джэбэнхэр джатэщІэгъэкІ ищІыну хуежьат.

Пащтыхьым джэбэнхэр къриджэри епсэлъылІащ. 3 «Сыт фхуэсщІэфынур? ТХЬЭМ къыхиха лъэпкъым фекІужын щхьэкІэ, сыткІэ мы къуаншагъэр згъэзэкІуэжыну?» – еупщІащ Даут абыхэм.

---

a 20:24 Журт. «Адорам». ФІыцІагъэ ЛъапІэм и щІыпІэ зыбжанэм ущрихьэлІэ «Адонирэм» цІэм и къэпсэлъыкІэ лІэужьыгъуэу къыщІэкІынущ.
b 21:2 Еплъ Йушэ 9:3-27.

[4] «ТIалутIи абы и унагъуэ щыщ гуэрми я дыжьыни дыхуейкъым,
я дыщи къэтлъыхъуэркъым. ИсрэIилым щыщу зы цIыхум и псэ
дгъэнынуи дыхуиткъым», – жаIащ джэбэнхэм.
«Сыт-тIэ фхуэсщIэну фызыхуейр?» – щIэупщIащ пащтыхьыр.
[5] «ИсрэIил хэгъэгум псэупIэ къыщыдимыту дигъэкIуэду, ди
лъапсэр зыгъэгъуущыну хуеям [6] и щIэблэм щыщу цIыхухъуибл къыдэт,
ТХЬЭМ къыхихауэ щыта ТIалутI и къалэм, Джыбэхь деж,
ТХЬЭМ и пащхьэ ахэр щыпытлъэнущ[a]».
«Хъунщ, фэстынщ!» – жиIащ Даут.
[7] Даут ТХЬЭМ и пащхьэ иту Йонэтан дищIауэ щытыгъа тхьэ-
лъанэм и хьэтыркIэ ТIалутI и къуэ Йонэтан и къуэ Мэфбошэт
и гугъу ищIакъым. [8] Пащтыхьым Iэяхь ипхъу Арзибэхь ТIалутI
хуилъхуа и къуитIымрэ, Армунийрэ Мэфбошэтрэ, ТIалутI ипхъу
Мэраб Махуэл щыщ Бэрзылай и къуэ АдрэIил хуигъуэта щIали-
тхумрэ къыхихащ. [9] Даут ахэр джэбэнхэм яритащ, абыхэми блыри
ТХЬЭМ и пащхьэ Iуащхьэм щыпалъащ. Мыр къыщыхъуар гъавэ
хыжыгъуэм и япэ махуэхэрщ, хьэр Iуахыжын щыщIадзарщ.
[10] Щыгъын къурэ гуэр къиштэщ, Iуащхьэм деж щиубгъури, гъавэ
хыжыгъуэм щегъэжьауэ уэшхым къешхын щыщIидзэ махуэхэм
нэсыхукIэ[b], Iэяхь ипхъу Арзибэхь хьэдэхэм ябгъэдэсащ, махуэкIэ
уэгум ит къуалэбзур ящхьэщихуу, жэщкIэ хьэкIэкхъуэкIэм ящи-
хъумэу. [11] ТIалутI и жэщгъуэлъ бзылъхугъэм, Iэяхь ипхъу Арзибэхь,
и хъыбарыр Даут щылъагъэIэсым, [12] абы ДжылыIэдейм ит Абэш
къалэм и тхьэмадэхэм ТIалутIрэ Йонэтанрэ я хьэдэ къупщхьэхэр
къаIрихыжащ. (Фылистейхэм ДжэлбаIытх щыгум щаукIыу Бэтшан
щыпалъэжауэ щыта ТIалутIрэ и къуэхэмрэ я хьэдэхэм къакIэлъы-
кIуэщ, зыми къамыщIэу къыпахыжри, Абэш яхьыжауэ щытат.)
[13] ТIалутIрэ Йонэтанрэ я хьэдэ къупщхьэхэр Даут Абэш къришы-
жащ, адрей блым я хьэдэ къупщхьэхэри зэщIакъуэжащ.

---

a **21:6** Зи гугъу ищI укI лIэужьыгъуэр зыхуэдэр пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым гурыIуэгъуэ дыдэу къыхэщкъым. Ахэр пхъэм кIэраIулIагъэнкIи хъунущ, пкъырыпкъыу зэпкърахагъэнкIи къыщIэкIынущ.

b **21:10** Хьэ Iухыжыгъуэр щыхуэзэр гъатхэм икухэм дежт. Уэшх къешхын щыщIидзэри бжьыхьэ лъэхъэнэрат.

[14] Даут и унафэм тету ТIалутIрэ Йонэтанрэ я хьэдэ къупщхьэ-
хэр Бенамин щIыналъэм щыIэ Зилэ жылэм яшэжащ. Ахэр КIыщ,
ТIалутI и адэм, и кхъэлэгъунэм щыщIалъхьэжащ. Абы иужькIэщ
гъаблэр ящхьэщихыну цIыхубэр зыщIэлъэIухэм Тхьэр пэджэжу,
хэгъэгум гущIэгъу къыщыхуищIар.

### *Даут и зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэр*

[15] Фылистейхэмрэ исрэIилхэмрэ я зэхуакум аргуэрым зауэ къы-
дэхъуащ. Даутрэ и зауэлIхэмрэ а зауэм кIуащ. Фылистейхэм еза-
уэурэ Даут ешат. [16] Арэфэхэм[a] къатехъукIыжа Ишбийбэнэб Даут
екIуэщалIэу иукIыну игу ирилъхьащ. Абы и гъуаплъэ бжыщхьэ къу-
дейм шэкIэл щищ[b] и хьэлъагът, джатэщIи кIэрыщIат. [17] АрщхьэкIэ
Дзыру и къуэ Абишей Даут деж къэсщ, фылистейм теуэри иукIащ.
Абдежым цIыхухэр тхьэлъанэкIэ Даут пэуващ: «Уэ ИсрэIилым
урижьэгущ, абы и мафIэр зэхэмыкIыжу адэкIи блэн щхьэкIэ, афIэ-
кIа ди гъусэу зэуакIуэ укъежьэнукъым», – жаIэри.
[18] Тэлай дэкIри, Гъуэб деж исрэIилхэр фылистейхэм щезэуащ.
Абы щыгъуэ Хъущэхь щыщ Сыбэхей арэфэхэм къатехъукIыжа
Саф иукIат.
[19] Гъуэб и Iэхэлъахэм щекIуэкIа нэгъуэщI зы зэхэуэ гуэрым
Бэтлахьым щыщ ЙаIир и къуэ[c] Елхьэнан Джат щыщ ДжалутI щи-
укIащ[d]. ДжалутI и бжыкI къудейр цеищэ пкъом хуэдэу гъумыщIэт.
[20] Джат деж щекIуэкIащ иджыри нэгъуэщI зы зауэ. И IитIми и
лъакъуитIми Iэпхъуамбэ-лъэпхъуамбэ хырых япыту зылI абрагъуэ
гуэр хэтащ а зауэм. Ари арэфэхэм къатехъукIыжахэм ящыщт.
[21] ИсрэIилым щIэнакIэрти, Даут и къуэш Щамэ и къуэ Йонэтан
еуэри иукIащ ар.
[22] Мы лIиплIыр арэфэхэм къатехъукIыжахэм ящыщу Джат дэ-
сащ, плIыри Даутрэ и цIыхухэмрэ яIэщIэкIуэдэжащ.

---

*a* **21:16** Арэфэхэр я инагъкIэ къыхэщу щыта лъэпкъщ.
*b* **21:16** Килограммищрэ ныкъуэрэ хуэдиз хъунущ.
*c* **21:19** Е: «ЙаIируджэм и къуэ» е «щэкI зэIущакIуэ ЙаIир и къуэ».
*d* **21:19** ФIыцIагъэ ЛъапIэм нэгъуэщIыпIэ деж къызэрыхэщымкIэ, Елхьэнан иукIар ДжалутIкъым, атIэ абы и къуэшращ.

## ТIОЩIРЭ ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут и щытхъу уэрэдыр*

22 [1] Даут и бийхэми ТIалутIи яIэщIэмыкIуадэу ТХЬЭМ
къащыIэщIихыжым, мы уэрэдым хэт псалъэхэр Абы
хуигъазэри жиIащ:

2 Уэ ТХЬЭ – узикъурш хъумакIуэщ,
узибыдапIэщ, щхьэхуитщIыжакIуэщ.
3 Си Тхьэ – къуршым ухуэдэщ,
усхуохъу щхьэегъэзыпIэ.
УзимэIущ, къысщыж къарур Уэращ, узиегъэзыпIэщ.
Узикъуэтэгъущ, узикъегъэлакIуэщ,
бзаджэщIагъэм сащызыхъумэри Уэращ.
4 Щытхъур зыхуэфащэ ТХЬЭМ срилъэIуакIуэщ,
си бийхэм саIэщIэзыхри Аращ.

5 Ажалыр псы уэру къыщIэуащ си хъуреягъкIэ,
срилъэсащ абы и архъуанэм.
6 Хьэдрыхэ лъахэм ихъхэм зыкъызашэкIащ,
сищIащ Iэпхлъэпх ажалым.
7 Гузэвэгъуэм сыщыхэтым ТХЬЭМ зыхуэзгъэзащ,
къисIуащ си Тхьэм и цIэр ину –
и Унэ здыщIэтым зэхихащ Абы си гуIэ макъыр,
лъэIэсащ си джэжыр.

8 ЗэщIэзджызджащ, зэщIэкIэзызащ щIыгур,
уафэщIэсэхэр зэщIэхъеящ,
зэщIэсысащ ахэр – ТХЬЭР губжьащ.
9 Кърихурт Iугъуейр и пэм,
мафIэлыгъейр къыIурихырт,
дэп жьэражьэри къыпылъэлъырт.
10 УафэщIхэр зэгуигъэзри Ар къехащ,
пшагъуэбэр и лъэгум щIэтщ.

11 Тесщ Ар дамабгъуэм, золъатэ,
жьым и дамэхэм тесу мэхуарзэ.
12 КIыфIыпцIэр и тепIэнщ Абы,
псыр зыкIуэцIыз уафэпшэ Iувхэр зришэкIащ.
13 УафэхъуэпскIыу къыполыдыкI и нурыр,
мафIэстхъури уэру къызыхеутхыпщIыкIыр.
14 ТХЬЭР уафэщIхэм уафэгъуагъуэу щодаущ,
Псом Я Нэхъ Лъагэм къегъэIу и макъыр.
15 И шабзэшэхэр иутIыпщри, бийр зэкIэщIихуащ,
щыблэкIэ яхэуэурэ зэбгрихуащ.
16 ТХЬЭМ и губжьым, и пэм къриху гъуэз иным
хы лъащIэхэр зэгуагъэуащ,
дунеишхуэм и лъабжьэхэри къыщIагъэщащ.

17 Зыкъригъэзыхри сипхъуэтащ,
хыдзэ-псыдзэм сыкъыхихыжащ.
18 Си бий лъэщхэм сакъыIэщIихащ Абы,
лъагъумыхъуныгъэ къысхузиIэхэм, къызэлъэщэкIхэм сащи-
хъумащ.
19 Гузэвэгъуэр къысщыщIэзэрыхьа махуэм зыкъыспаIэтат абыхэм,
ауэ ТХЬЭР схуэхъуащ сэ щIэгъэкъуэн.
20 СищIыжащ Абы щхьэхуит-псэхуит,
хъуащ Ар си къегъэлакIуэ, сыту жыпIэмэ игу срохь Абы!

21 Си пэжагъым ифI ТХЬЭМ къызигъэкIыжащ,
фIыуэ сщIам фIыкIэ Ар къетащ,
22 ТХЬЭМ и гъуэгум сытекIакъым сэ,
бзаджагъэ злэжьу си Тхьэр сщIакъым IэщIыб.
23 Абы и псалъэхэр си щапхъэщ,
унафэуи ищIахэр сымыкъутэ.
24 Сыщыдагъуэншэщ Абы и пащхьэ,
гуэныхьми зыщысхъумащ.
25 Си пэжагъым фIы ТХЬЭМ къыпигъэкIуэжащ,
си къабзагъым фIыкIэ Ар къетащ.

26 Къыпхуэпэжым пэжу удызокIуэ,
лей зезымыхьэм лей иумых,
27 цIыху къабзэм къабзэу ухущытщ,
бзаджэми хуэфащэр иботыж.
28 Дэкъузахэм уракъегъэлакIуэщ,
уи зы нэ плъэгъуэкIэ цIыху пагэхэри богъэцIыкIу.
29 Уэ ТХЬЭ, узинэхунэщ,
сызыхэт кIыфIыгъэри схубощI нэху.
30 Узигъусэщи, зэтызокъутэ дзэр,
мывэ сэрейми сыщхьэдох.

31 Тхьэм и гъуэгум иIэкъым щыщIагъэ,
ТХЬЭМ и псалъэр пэжым и пэжыжщ,
щхьэегъэзыпIэ зыщIхэм Ар я мэIущ.
32 Ди ТХЬЭМ нэмыщI щыIэкъым нэгъуэщIытхьэ,
ди къурш хъумакIуэри Аращ.
33 Тхьэр – си хъумакIуэ лъэщщ,
си гъуэгур захуэ зыщIри Аращ.
34 Щыхьыбзым хуэдэу си лъэр щIегъэкI,
лъагапIэхэм лъэ быдэкIэ сыщегъэув.
35 Абы сыхуещI хуэIэижь зэуэкIэм,
сыхуегъасэ гъуаплъэ шабзэхэр сшэщIыфу.
36 Сыкъызыкъуэнэжыну мэIур Уэ къызэптащ,
си тхьэлъэIухэм уапэджэжурэ сыбоIэт[a].
37 Гушхуауэ сыкIуэн папщIэ,
си гъуэгур бгъуэ схубощI.

38 Салъежьащ си бийхэм, сащIыхьащ,
къанэ щымыIэу зэтескъутащ,
къэзгъэзакъым зэтезмыукIэу.
39 СатекIуащ абыхэм, сщIащ джатэщIэгъэкI,

[a] 22:36 Е: «щIэгъэкъуэн укъызэрысхуэхъум сещI нэхъ лъэщ».

ялъэкIынукъым заIэтыжын,
илъщ си пащхьэ ахэр.
40 Зауэм сызэрыхэтын къару къысхэплъхьащ,
къыспэувахэр къысхуэпщIащ IурыщIэ.
41 Си бийхэм я щхьэр щIебгъэхьащ,
сэри жагъуэу сызылъагъухэр згъэкIуэдащ.
42 ДэIэпыкъуэгъу къалъыхъуэу лъаIуэрт ахэр,
арщхьэкIэ къыкъуэкIакъым къезыгъэлын,
зыхуагъэзащ абыхэм гуIэу ТХЬЭМ,
арщхьэкIэ Ари къапэджэжакъым.
43 Къахезгъэхащ абыхэм хьэбэсабэр,
щIыгу ятIэм хуэдэу зэхэсшытIащ, зэхэзубащ.

44 ЗыкъыспэзыIэта си цIыхухэм сащыпхъумащ,
хамэ лъэпкъхэм сахуэпщIащ Уэ пашэ,
зыщыщыр сымыщIа цIыху лъэпкъхэр къысхуэIурыщIэщ.
45 Хамэ лъэпкъхэр къызэубзэ хъуащ,
си хъыбар зэрызэхахыу зыкъат.
46 Я лъэр щIэхуащ,
зыдэс быдапIэхэм къыдокI кIэзызу.

47 ТХЬЭР щыIэщ!
Щытхъуур ейщ си къурш хъумакIуэм!
Си Тхьэм и цIэм нэхъри зреIэт,
си къурш къегъэлакIуэм и щIыхьыр ирехъу нэхъ лъагэ!
48 Тхьэр си лъыщIэжщ,
цIыху лъэпкъхэр кърелъхьэ си IэмыщIэ,
49 си бийхэми сахуещI пэIэщIэ!
КъыспэщIэувахэм я щхьэ сыпщIащ,
гущIэгъу зимыIэ цIыхухэм сащыпхъумащ.
50 Уэ, ТХЬЭ, уи щытхъуур яхуэсIуэтэнущ хамэ лъэпкъхэм,
уи цIэм щIыхь уэрэд хужысIэнущ.
51 Къызыбогъэхь текIуэныгъэшхуэхэр,

пащтыхьу сыкъыхэпхащи, уи хущытыкIэфIыр сэри
си щIэблэми игъащIэкIэ тщIыгъунущ!

## ТIОЩIРЭ ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут и иужьрей псалъэхэр*

**23** [1] Даут и иужьрей псалъэхэр мыращ:

Ашэй и къуэ Дауту, Екъуб• и Тхьэм лъагэу иIэту пащтыхьу къы-
хихам, ИсрэIилым и уэрэдгъуо бзэ IэфIым мыращ жиIэр:

2 ТХЬЭМ и Псэр къыспкъропсэлъыкIыр,
Абы и псалъэрщ си бзэгупэм телъыр.
3 ИсрэIилым и Тхьэм, и къурш хъумакIуэм къызжиIар мыращ:
«Захуагъэм тету цIыхум ящхьэщытыр,
Тхьэм и шынагъэр зыхищIэу пащтыхьыгъуэр зезыхьэр
4 пщэдджыжьым къищI пшэкIэплъым хуэдэщ,
пшэ темылъу къыкъуэкI дыгъэм ещхьщ,
уэшх нэужьым зэпэлыдыжу хуежьэ пщIыпщIым пэлъытащ,
щIым удзыр къыхегъэкIыкI».

5 Тхьэм и нэфIыр си щIэблэм къызэрыщыхуар апхуэдэукъэ?
Сыт ищIыскIи зэпэщу, псомкIи зэкIэлъыкIуэу,
ущыгугъ хъуну, мыукъуэжыну Iуагъэ къыздищIакъэ Абы?
СызыщIэхъуэпс псори къыздигъэхъуу, сытми сыщихъумэр-
къэ Абы?
6 Бзаджэнаджэр зэщхьыр банапцIэ кърачарщ,
лъэныкъуэкIэ Iуадзрэ, IэкIэ зэмыIусэрщ.
7 Абы зэрылъэIэсри гъущIыкIэщ е бжыщ,
абдежми мафIэ щIадзэри щагъэсыж.

### *Даут и зауэлI хахуэхэр*

[8] Мис Даут и зауэлI хахуэхэм я цIэр:

Тэхъукумын и лІакъуэм ящыщ Йошбэшэбэт пащтыхьым и лІыхъусэдзэм[a] я пашэт. Абы и бжыр цІыху щийм яхуигъазэри, ящыщ къэмынэу зы зауэзэрылІ гуэрым щызэтриукІэгъат.
9 Абы къыкІэлъыкІуэр Елизарт. Ар Дуду и къуэт, Дуду зи къуэр Ахъуэхъут. Зауэм зыхуэзыгъэхьэзыр фылистеидзэм «зэ фыкъежьэ» жиІэу Даут ящІэнакІэу къыщыувам щыгъуэ, и гъусаищым языр Елизарт. ИсрэІилыдзэр зэщІэкІуэжами*, 10 Елизар икІуэтатэкъым. И Іэр ундэрабжьэу и Іэпхъуамбэхэр хузэкІэщІэмыхыж, джатэри хуэмыутІыпщыжу и пкъым щыщ хъухункІэ хахуэу зэуат ар. А махуэм ТХЬЭМ исрэІилхэм текІуэныгъэшхуэр къахуихьат. Зауэр увыІа нэужьщ зауэлІхэм Елизар деж къыщагъэзэжар, ари укІыгъэ хъуахэм я Іэщэ-фащэхэр къыпахын щхьэкІэ.
11 Абы иужь къакІуэр Хьэрэр щыщ Агъэ и къуэ Щамэщ. Губгъуэджэшыр зыхэщІа хьэсэхэр здэщыІэ Лэхь губгъуэм фылистей зауэлІхэр къыщызэхуэсу хуежьат. Ахэр къыщалъагъум, исрэІилхэм я щхьэр Іуахащ. 12 Ауэ Щамэ а губгъуэм ику дыдэм иувэри, яхуимыкІуэту ар фылистейхэм ящихъумат икІи ятекІуат. Абдежми ТХЬЭМ исрэІилхэм текІуэныгъэшхуэр къахуихьат.
13 «ПщІищыр» жаІэу зауэлІ нэхъ хъыжьэхэр* зыхэт дзэ гупым щыщ а зауэлІищыр гъавэ хыжыгъуэу Даут зыщІэс Адулам бгъуэнщІагъым къэкІуат. А лъэхъэнэм фылистейхэм я дзэр Арэфэкъуэ деж щитІысыкІауэ ист. 14 Абы щыгъуэ Даут и хэщІапІэр бгъуэнщІагърат, фылистейхэм я дзэр Бэтлахьым дэст. 15 Даут псыхуэлІэм иубыдауэ иІыгъти, нэщхъейуэ жиІащ: «Бэтлахьым дыхьэпІэм деж щыт псыкъуиййм и псым щыщ къысхуихьу хэт мыгъуэм сригъэфэн».
16 Арати, мо зауэлІищыр фылистейхэм я дзэ пщыІэм пхрыкІри, бэтлахьым псыкъуиййм и псым щыщ Даут къыхуахьащ. Ауэ ар абы ефэн имыдэу ТХЬЭМ тыхь хуищІу ирикІутыжри,
17 къыхэгуоукІащ: «Ар сщІэным ТХЬЭМ сыщихъумэ! Я псэ ириджэгужу псыхьэ кІуахэм къахьа псым сефэмэ, ялъ сефэ

[a] 23:8 Е: «зауэлІищым».

хуэдэкъэ?!» – жиIэри. Даут псым ефэн идатэкъым. Мис апхуэдэ
лIыгъэ къалъыкъуэкIырт а зауэлIищым.
18 Дзыру и къуэу Йоуаб и къуэш Абишей лIыхъусэдзэм[a] я Iэщхьэ-
тетт. Бжы къудей нэхъ имыIыгъыу Абишей цIыху щищым езэуат.
Псори зэтриукIа нэужь, мо зауэлIищым хуэдэу, и щытхъур ину
яIуатэ хъуат. 19 «ПщIищым»[b] щыщу Абишей нэхъ цIэрыIуэт, Iэта-
щхьи яхуэхъуат. Ауэ и лIыгъэкIэ мо зауэлIищым ящIыхьэнутэкъым.
20 Къэбдзэл щыщ Йодай и къуэ Бэнэхь щытхъу зиIэ зауэлI
хахуэт, лIыхъужьыгъэ куэди зэрихьат. Мэуабейм щыщ зауэлI лъэ-
рызехьитI[c] хигъэщIэгъуат абы. Абы къыщынэмыщIа уэсыр къыщес
зы махуэ гуэр щIытI куум дыхьэри, абы дэс аслъэныр иукIауэ
щытащ. 21 Мысырым щыщ лIы ящымыгъупщэжыххэри[d] зыукIар
Бэнэхьщ. Мысырым щыщ лIым бжы иIыгът, абы езэуэну пэува
Бэнэхь IэщIэлъыр баш къудейт. КъыIэщIитхъа бжымкIэ и бийр
Бэнэхь иукIыжауэ щытащ. 22 Мис апхуэдэ лIыгъэ-щIыгъэхэр иIэт
Йодай и къуэ Бэнэхь. Мо зауэлIищым хуэдэу, абыи и щытхъу ину
Iуащ. 23 «ПщIищым» ящыщу Бэнэхь зи цIэр жыжьэ Iуа зауэлIт, ауэ
и лIыгъэкIэ мо зауэлIищым ящIыхьэртэкъым. Даут ар и щхьэхъумэ-
хэм я Iэщхьэтету игъэуvауэ щытащ.

24 «ПщIищым» хэтащ:
Йоуаб и къуэш Асэхьил,
Бэтлахьым щыщ Дуду и къуэ Елхьэнан,
25 Хьэрэуд щыщ Щамэрэ ЕлэкIрэ,
26 ПэлъэтI щыщ Хьылэз,
ТIакъуэ щыщ Екъэш и къуэ IирэI,
27 Анэтут щыщ Абэзэр,
Хъущэхь щыщ Мэбуней,
28 Ахъуэхъу щыщ Зэлмэн,
НэтIэуэф щыщ Мэхъэрей,
29 НэтIэуэф щыщ БэIэнэ и къуэ Хьэлэб,

*a* **23:18** Е: «зауэлIищым» е «зауэлI пщIищым».
*b* **23:19** Е: «ЗауэлIищым».
*c* **23:20** Е: «АрэIил и къуитI».
*d* **23:21** Е: «абрагъуэри».

Бенамин щӀыналъэм хыхьэ Джыбэхь къалэ щыщ Арбей и къуэ Ӏитей,
30 Пэртэуэн щыщ Бэнэхь,
ДжэӀэш псыежэххэм я Ӏэхэлъахэм къикӀа[a] Хьидей,
31 Арэбэхь щыщ Абэлбун,
Бэхурым щыщ Азмэуэт,
32-33 ШэӀэлбун щыщ Елэхьыбэ,
Йашэн и къуэхэр,
Хьэрэр щыщ Щамэ и къуэ Йонэтан[b],
Хьэрэр щыщ Шэрэр и къуэ АхъыӀэм,
34 МэӀэху щыщ Ахъысбей и къуэ Елфэлэт,
Джылэу щыщ Ахъутэфил и къуэ ЕлэӀэм,
35 Къармэл щыщ Хъызрей,
Арбэ щыщ ПэӀэрей,
36 Зубэхь щыщ Нэтан и къуэ Иджэл,
Джад щыщ Баний,
37 амоней лъэпкъым щыщ Дзэлыкъу,
Дзыру и къуэ Йоуаб и Ӏэщэзехьэу Бэурэт щыщ Нэхъей,
38 Йатыр щыщ ӀирэӀрэ Гъэрыбрэ,
39 хьет лъэпкъым щыщ Ӏурей сымэ.
Псори зэгъусэу ахэр цӀыху щэщӀрэ блырэ хъурт.

## ТӀОЩӀРЭ ЕПЛӀАНЭ ӀЫХЬЭ

### *Даут жылэр къызэрыхригъэтхыкӀар*

**24** 1 ТХЬЭМ и губжьыр исрэӀилхэм аргуэру къалъэӀэсащ. ТХЬЭМ Даут абыхэм япэщӀигъэувэри, ИсрэӀилымрэ Ехьудеймрэ цӀыхуу исым я бжыгъэр къилъытэн хуейуэ и гум кърилъхьащ.

---

a 23:30 Е: «НэхълэджэӀэш щыщ».
b 23:32-33 Е: «Йонэтан, Хьэрэр щыщ Щамэ».

[2] Арати, пащтыхьым и дзэпщ Йоуаб жриIащ: «Ищхъэрэк Iэ Дан
щегъэжьауэ ипщэкIэ Бэрщабэ щыщIэкIыжу ИсрэIилым лIакъуэу
исыр зэщIэгъэхьи, дапщэ хъуми сщIэн хуэдэу лъэпкъым и цIыху
щхьэ бжыгъэр къэлъытэ[a]».
[3] Арщхьэк Iэ Йоуаб зрилъэфыхьри, пащтыхьым жриIащ:
«ТХЬЭМ, уи Тхьэм, лъэпкъым и цIыху щхьэ бжыгъэр хуэдищэ-
кIэ игъэбагъуи, уи нитIым фIыкIэ илъагъу, ауэ зиусхьэну си пащты-
хьым сыт ар къызыхэпхар?»
[4] Пащтыхьым и унафэр и щIыIу хъури, Йоуабрэ и дзэпщхэмрэ
исрэIилхэм я бжыгъэр къалъытэну ежьащ. [5] Дзэр Iурдыныпсым
зэпрыкIри, Арэр деж, Джад псыхъуэ деж щыт къалэм и ипщэ
лъэныкъуэкIэ, къыщыувыIащ, итIанэ ЙазэркIэ яунэтIащ. [6] Абы
иужькIэ ДжылыIэдейкIэ ягъазэри, Тахътымхъуэш кIуащ. Абы
икIри, ДаниIэн къалэм кIуащ, иужькIэ СаидэкIэ ягъэзащ. [7] ИтIанэ
абыхэм Сур быдапIэмкIэ яунэтIащ, хъыуийхэмрэ хьэнэнейхэмрэ
я къалэхэр къызэхакIухьащ, Ехьудей хэкум и ипщэ лъэныкъуэ-
кIэ щыIэ Бэрщабэ къалэми нэсащ[b]. [8] Хэгъэгур мазибгъурэ махуэ
тIощIкIэ зэщIагъэхьэри, абыхэм Ерусэлим ягъэзэжащ. [9] Жылэ
къыхэтхыкIым и хъыбарыр Йоуаб пащтыхьым щыбгъэдилъхьэм,
Iэщэ къиштэу зэуэфыну ИсрэIилым цIыхухъу мин щий, Ехьудей
хэкуми цIыхухъу мин щитху ису къыщIэкIащ.

### *Тхьэм Даут зэригъэпшынар*

[10] Даут цIыхухэм я бжыгъэр къызэрилъытам хущIегъуэжащ,
ТХЬЭМ зыхуигъазэри жриIащ: «Апхуэдэу щысщIэм,
гуэныхьышхуэ къэсхьащ. СынолъэIу, ТХЬЭ, сщхьэщых си
гуэныхьыр, икъусыкъуэжкIэ акъылыншагъэ зесхьащ».

---

*a* **24:2** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым ит псалъэхэр тIууэ къыбгурыIуэ хъунущ: лъэпкъым и цIыху щхьэ бжыгъэр дзэм къегъэлъытэ жиIэуи, Iэщэ иIыгъыу дзэм хэтыфыну хъуар къэлъытэ жиIэуи.

*b* **24:7** Мы едзыгъуищым ИсрэIилымрэ Ехьудеймрэ я щIыпIэшхуэ къызэщIеубыдэ. Ерусэлим къыдэкIа дзэм къуэкIыпIэмкIэ еунэтIри, ищхъэрэкIэ егъазэ, итIанэ къухьэпIэмкIэ еIуантIэ, кIуэурэ и гъуэгур хэгъэгум и ипщэ лъэныкъуэм ирешалIэри, и гъуэгур абдеж щеух.

[11] КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым, Даут иджыри къэ-
мытэдж щIыкIэ, и усэрэжым, Джад бегъымбарым, ТХЬЭМ
зыкъригъэщIащ: [12] «Даут деж кIуэи, жеIэ: „Мыращ ТХЬЭМ
къиIуэхур: ‘Пшыныж лIэужьыгъуищ ухызогъадэри, пщIэкIыну
узыхуейр къыхэх’“».
[13] Джад бегъымбарыр Даут деж кIуэри псори хуиIуэтэжащ, абы
иужькIэ еупщIащ: «Дэра къыхэпхыр: илъэсиблкIэ хэгъэгум гъаблэ
илъыныр ара, мазищкIэ уи бийхэм защыбгъэпщкIуу уежьэжыныр
ара, хьэмэрэ махуищкIэ узыфэ бзаджэр щIыналъэм къислъхьэныр
ара? Иджы быдэу егупсыси, СыкъэзыгъэкIуам жесIэжынум теухуэ».
[14] «ИкъукIэ Iуэху гугъу сыхэтщ, – жиIащ Даут, – ауэ ТХЬЭМ и
гущIэгъур гъунэншэщ, Абы и IэмыщIэ дихуэмэ нэхъыфIщ. ЦIыхум
сыпэщIэмыхуэмэ, нэгъуэщI сыхуейкъым».
[15] Арати, а пщэдджыжьым щегъэжьауэ, игъэнэхуа пIалъэр
икIыхункIэ, ТХЬЭМ узыфэ бзаджэр ИсрэIилым къыхихьэри,
ищхъэрэкIэ Дан щегъэжьауэ ипщэкIэ Бэрщабэ щыщIэкIыжу цIыху
мин блыщI ихьащ. [16] Ерусэлим дэс цIыхухэр лъэрыщIыкI ищIыну
МелыIычыр щыхуежьэм, цIыхум тхьэмыщкIагъэу къахуихьам
ТХЬЭР хущIегъуэжри, ар къигъэувыIащ: «Хъунщ! Ирикъунщ
ар!» – жиIэри.
ТХЬЭМ и МелыIычыр а меданым еусейхэм ящыщ Арэунэхь
и хьэмым деж щытт. [17] ЦIыхухэм я псэр хэзых МелыIычыр Даут
къыщилъагъум, ТХЬЭМ хуэтхьэусыхащ: «Сэрат гуэныхь къэ-
зыхьари, бзаджагъэ зылэжьари, мы цIыху цIыкIу мыгъуэм сытыр
я лажьэт? Сэрэ си унагъуэмрэ тхуэфащэр къыдэщIэ!» – жиIэри.

### *Даут къурмэн зэрищIар*

[18] А махуэм Джад бегъымбарыр Даут деж къакIуэри, къыжри-
Iащ: «Еусейхэм ящыщ Арэунэхь и хьэмым кIуэи къурмэнщIыпIэ
щыгъэув».
[19] ТХЬЭМ къыхуищIа унафэр Джад бегъымбарым къызэры-
жриIам хуэдэу Даут игъэзэщIащ. [20] Арэунэхь къаплъэу пащтыхьыр
и цIыхухэр и гъусэу къакIуэу щилъагъум, къыпежьэри, щIым натIэ-
кIэ лъэIэсу щхьэщэ хуищIащ.

21 «Зиусхьэну си пащтыхь, – еупщӀащ Арэунэхь Даут, – сыт
щхьэкӀэ укъэкӀуа си деж?»
«Уи хьэмыр къэсщэхуу, – жриӀащ абы Даут, – ТХЬЭМ
къурмэнщӀыпӀэ щыхуэзгъэувыну арат. Мы цӀыху цӀыкӀур зыхь
узыфэ бзаджэр къэувыӀэнут итӀанэ».
22 «Зиусхьэну си пащтыхь, – къыхилъхьащ занщӀэу Арэунэхь, –
узыхуейр къащти къурмэн щӀы. Мыхэр выщ, тыхь гъэсын пщӀы-
нумэ. Мыр щхьэӀуо пхъэбгъущ, мыри бжьыщ, пхъэгъэсын пщӀы
хъунущ – 23 псори узот, пащтыхь! ТХЬЭМ, уи Тхьэм, и нэфӀ къы-
пщыхуэ!» – жиӀэри, Арэунэхь пащтыхьым ехъуэхъуащ.
24 Арщхьэкӏэ пащтыхьым Арэунэхь хуидакъым: «Хьэуэ, фӀэкӀы-
пӀэ имыӀэу я уасэр уэстынущ. Ауэ сытми къысӀэрыхьакӀэ ТХЬЭМ,
си Тхьэм, къурмэн хуэсщӀынукъым», – жиӀэри.
Дыжьын шэкӀэл щэ ныкъуэ иритри, Даут хьэмри выхэри къи-
щэхуащ. 25 Даут абдежым къурмэнщӀыпӀэр щигъэуври, тыхь
гъэсынхэмрэ зэфӀыж къурмэнхэмрэ ТХЬЭМ щыхуищӀащ.
ТХЬЭМ абы и лъэӀур къыхуищӀэри, исрэӀилхэр зэтезыгъалӀэ
узыр ящхьэщихащ.

# Пащтыхьхэм я ещанэ тхылъыр

## Пэублэ псалъэ

Мы тхылъым исрэIилхэм Тхьэм хуаIэ хущытыкIэхэм ехьэлIа хъыбархэм къыпащэ. Абыхэм къызэщIаубыдэ ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ X лIэщIыгъуэм и кум къыщегъэжьауэ IX лIэщIыгъуэм и кум нэс дэлъ далэр. Тхылъыр пащтыхь куэдым ягъэхъамрэ зэрахьа IуэхущIафэхэмрэ топсэлъыхь. Аращ Пащтыхьхэм я ещанэ икIи еплIанэ тхылъхэм журт хабзэр «Пащтыхьхэм я тхылъкIэ» щIеджэри.

Даут пащтыхь унафэр и къуэ Сэлмэн зэрыIэщIилъхьэм и хъыбарымкIэ къызэIуех тхылъыр (1-2). Сэлмэн и IущыгъэкIи, мылъкукIи, тетыгъуэр зэрызэрихьэ щIыкIэкIи и цIэр жыжьэ дыдэ Iуат (3-4, 9-10). Абы и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ Ерусэлим дищIыхьа Тхьэм и Унэр (5-8). Ауэ Сэлмэн, хамэ лъэпкъхэм къахэкIа бзылъхугъэхэр щхьэгъусэу къишэурэ, гъуэгу захуэм тещхьэрыукIащ. Абыхэм я жьауэм щIэхуа пащтыхьым мажусиитхьэхэм къурмэнхэр яхуищIу хуежьащ (11). Сэлмэн дунейм ехыжа нэужь пащтыхьыгъуэр тIууэ ищIыкIыныр къызыхэкIар а гуэныхьырщ. Ипщэ пащтыхьыгъуэр – Ехьудейр – Сэлмэн и къуэ Арбэхьэм къыхуэнащ, ищхъэрэ пащтыхьыгъуэр – ИсрэIилыр – Йорэбэхьэм IэщIыхьащ. Йорэбэхьэм танэ теплъэ зиIэ дыщэ скъархэр игъэуву абыхэм цIыхухэм щхьэщэ хуащIын хуейуэ щапиубыдым, исрэIилхэр нэхъри зэпэжыжьэ хъуащ (12).

АдэкIэ тхылъыр пащтыхьыгъуитIым я тхыдэм шэщIауэ топсэлъыхь (13-22). Тхылъыр зи Iэдакъэ къыщIэкIар пащтыхьхэм щатепсэлъыхькIэ, ахэр Тхьэм пэжу зэрыбгъэдэтыр пщалъэ нэхъыщхьэу къещтэ. Пащтыхьыр Тхьэм гурэ псэкIэ щыбгъэдэтым деж, пащтыхьыгъуэр йофIакIуэ. Ауэ тепщэм мажусиитхьэхэм щхьэщэ щахуищIкIэ, Тхьэм и унафэхэр щимыгъэзащIэкIэ, хэгъэгум и Iуэхухэр йокIакIуэ, ар бэлыхьлэжьаехэм хохуэ.

Пащтыхьхэм къищынэмыщIауэ, тхылъым щIыпIэшхуэ щаубыд бегъымбархэми. Бегъымбархэм Тхьэм и псалъэр цIыхухэм къызэрыхуахьым къыщымыувыIэу, ахэр Тхьэм гъунэгъу къыхуащIыжын щхьэкIэ, екIуэкI Iуэхугъуэхэми жыджэру хыхьэу щытащ. А лъэхъэнэм псэуа бегъымбархэм ящыщу япэу зи цIэ къиIуэн хуейри Илясщ. Къапщтэмэ, пащтыхьхэр аракъым, атIэ Илясщ тхылъым и иужьрей Iыхьэхэм и лIыхъужь нэхъыщхьэу къэлъытэн хуейри.

## ЯПЭ IЫХЬЭ

### *Даут и жьыгъэр*

1 [1] Даут жьы хъуат, и ныбжьри фIыуэ хэкIуэтат. Сыт хуэдиз
щыгъынкIэ зэщIамыкудэми, зыхуэгъэхуабэртэкъым. [2] Арати,
и блыгущIэтхэм жраIащ: «Зиусхьэну ди пащтыхь, Iуэхутхьэбзащ Iэ
пхуэхъуну, и нэIэ къыптригъэтыну ныбжькIэ щIалэу зы хъыджэбз
къегъэгъуэт. Ар уи гупэ бгъэгъуэлъмэ, уэри ухуэбэжынщ».
[3] Абы щхьэкIэ зэры-ИсрэIилу зи теплъэр дахэ хъыджэбз къыщалъыхъуэу хуежьащ. Шунэм къалэ щыщ Абишэхь къагъуэтри,
пащтыхьым къыхуашащ. [4] Хъыджэбзыр нэр пIэпихыу дахэт. Ар
пащтыхьым кIэлъыплъ, абы и нэIэ тригъэт хъуащ. Ауэ Даут абы
зэикI екIуэлIакъым икIи еIусакъым.

## *Адоней пащтыхьыгъуэр иубыдыну зэрыщIэкъуар*

[5] «Сэращ пащтыхь хъунур!» – жиIэурэ дэпсэлъей хъуат Адоней[a].
Ар къэзылъхуар Хъэджэтт. ЗыкъызыфIэщIыжа щIалэм хьэкуэ-
стыгухэмрэ* шыхэмрэ зэригъэпэщащ, щыдэкIкIэ ипэ иту жэну
щхьэхъумэ щэ ныкъуи гъусэ ищIащ. [6] «Сыт апхуэдэу щIэпщIэр?» –
жиIэу Даут зэикI игъэукIытакъым и къуэр. Адоней езыр хуабжьу
щIалэ къекIут. Ар Абишэлам иужькIэт къыщалъхуар.
[7] Адоней Дзыру и къуэ Йоуабрэ[b] Абэтар-тхьэпщымрэ• къигъэ-
дэIуащ, ахэри абы и лъэныкъуэ хъуащ. [8] Ауэ абы Садыкъ-тхьэпщ-
ри, Йодай и къуэ Бэнэхьи[c], Нэтан бегъымбарри, Щэмеи, Ареи,
Даут и зауэлIхэри акъылэгъуи дэIуэгъуи хуэхъуакъым.
[9] Адоней Iэщ цIыкIуи, Iэщ пIащи, шкIэ гъэшхахэри Аргуэл псы-
нащхьэм[d] пэмыжыжьэу щыIэ Зэхъуэлъэт мывэкIэ зэджэ щIыпIэм
деж къурмэн щищIым, и къуэш пащтыхь щауэхэр псори ириджащ,
Ехьудейм щыщ пащтыхь къулыкъущIэхэри къанэ щымыIэу иригъэ-
блэгъащ. [10] Ауэ Адоней Нэтан бегъымбарми, Бэнэхьи, пащтыхьым
и зауэлIхэми, и къуэш Сэлмэни якIэлъыджакъым.

## *Даут пащтыхь тахътэр Сэлмэн зэрыритыжар*

[11] Апхуэдэу щыхъум, Нэтан бегъымбарыр Сэлмэн и анэ Бэт-
щабэ деж кIуэри хэкъузауэ еупщIащ: «Хъэджэт къилъхуа Адоней
пащтыхь зэрыхъуар, ди зиусхьэн Даут абы зыри зэрыхимыщIы-
кIыр зэхыумыхауэ ара? [12] АтIэ хуит сыкъэщI уэри уи къуэ Сэлмэни
фи щхьэр мы Iуэхум къызэрыхэфхынумкIэ чэнджэщ фэстыну.
[13] Иджыпсту занщIэу Даут деж кIуэи игу къэгъэкIыж: „Зиусхьэну

---

[a] **1:5** Адоней Даут и къуэ еплIанэт, Амнун, Хьилэб, Абишэлам сымэ яужькIэ къа-лъхуат (еплъ 2 Пащт. 3:2-5). Амнунрэ Абишэламрэ гуузу кIуэдащ (еплъ 2 Пащт. 13:28-29; 18:15). Хьилэб и щхьэ кърикIуар нахуэкъым, ауэ ар щIалэу дунейм ехы-жауэ хуэбгъэфащэ хъунущ. Даут и къуэ пажэ псэууэ къэнахэм ящыщт Адоней.

[b] **1:7** Йоуаб дзэпщт, Даут и пащтыхьыгъуэм и нэхъыбэм исрэIилыдзэм и унафэ-щIу щытащ. Йоуаб и анэ Дзыру Даут и шыпхъут.

[c] **1:8** Йодай и къуэ Бэнэхь пащтыхьым и щхьэхъумэхэм я унафэщIт. Еплъ 2 Пащт. 8:18; 20:23.

[d] **1:9** Аргуэл псынащхьэр здэщыIэр Ерусэлим къалэм и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэ-ныкъуэмкIэт.

си пащтыхь, уэракъэ тхьэ къысхуэзыIуауэ щытар тахътэм уи ужькIэ дэкIуеинур си къуэ Сэлмэну, жыпIэу? АтIэ, сыт Адоней пащтыхь щIэхъуар?“ жыIи. 14 Пащтыхьым епсэлъэн умыух щIыкIэ, уи ужь ситу сэри сынықщIыхьэнщи, жыпIам щыхьэт сынытехъуэнщ».
15 Арати, Даут зыщIэлъ пэшым Бэтщабэ кIуащ. Шунэм щыщ Абишэхь жьы хъуа Даут щыкIэлъыплъыр абдежт. 16 Бэтщабэ пащтыхьым деж щIыхьэри щхьэщэ хуищIащ, и напIэр къимыIэту и пащхьэ итIысхьащ.
«Сыт укъызытекIухьар?» – еупщIащ абы Даут.
17 «Си зиусхьэн, – къригъэжьащ Бэтщабэ, – „Уи къуэ Сэлмэнщ си ужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеинур“ жыпIэу ТХЬЭМ•, уи Тхьэм, и цIэкIэ псалъэ быдэ къызэптауэ щытыгъат. 18 Иджы, хъуар ащи, пащтыхьыгъуэр Адоней иубыдащ, уэри, зиусхьэну си пащтыхь, абы зыри хэпщIыкIыркъым. 19 Абы Iэщ пIащи, Iэщ цIыкIуи, шкIэ гъэшха бжыгъэншэхэри къурмэн ищIри, пащтыхь щауэхэр псори иригъэблэгъащ, Абэтар-тхьэпщымрэ Йоуаб-дзэпщымрэ ириджащ, ауэ уи жыIэщIэ Сэлмэн хъыбар иритакъым. 20 Зиусхьэну си пащтыхь, уи ужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеинум и цIэр яжриIэну зэры-ИсрэIилу зыпэплъэр уэращ. 21 Армырамэ, зиусхьэну си пащтыхь, уи адэжьхэм я пащхьэ ущихьэж меданым, сэри си къуэ Сэлмэни дагъэмысэнущ*».
22 Бэтщабэ Даут епсалъэу здэщытым, Нэтан бегъымбарыр щIыхьащ. 23 Ар къызэрыкIуар Даут жраIащ. Нэтан бегъымбарыр пащтыхьым и пащхьэ ихьэри, щIым нэсу щхьэщэ хуищIащ.
24 «Зиусхьэну си пащтыхь, – къыхидзащ и псалъэр Нэтан бегъымбарым, – Адоней уи ужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеину жыпIат? 25 Нобэ абы Iэщ пIащи, Iэщ цIыкIуи, шкIэ гъэшха бжыгъэншэхэри къурмэн ищIащ, пащтыхь щауэхэр псори иригъэблэгъащ, дзэпщхэмрэ Абэтар-тхьэпщымрэ ириджащ. Иджыпстуи ахэр: „ИугъащIэ ди пащтыхь Адоней!“ жаIэри ефэ-ешхэ ящIу зэхэсщ. 26 Ауэ уи жыIэщIэу щыт сэри, Садыкъ-тхьэпщри, Йодай и къуэ Бэнэхьи, Сэлмэни драгъэблэгъакъым. 27 Зиусхьэну си пащтыхь, мыр уэ ущыгъуазэу къэхъуар пэж? Арамэ, уи ужькIэ пащтыхь тахътэр зыIэрыхьэнум тепщIыхьа унафэр дэ, уи жыIэщIэхэм, къыджепIатэкъыми-тIэ?»

[28] Абдежым Даут Бэтщабэ къыхураджэжыну унафэ ищІащ.
Бэтщабэ пащтыхьым гъунэгъу зыщыхуищІым, [29] Даут тхьэлъанэ
ищІащ: «Сыт хуэдэ гузэвэгъуэми сыкъыІэщІэзых ТХЬЭМ и цІэ-
кІэ соІуэри, [30] нобэ нэхъ фІэмыкІыу ТХЬЭМ, ИсрэІилым и Тхьэм,
и цІэкІэ тхьэлъанэ сщІар згъэзэщІэнщ: си ужькІэ пащтыхь хъунури
си пІэкІэ тахътэм дэкІуеинури Сэлмэнщ, уи къуэрщ».
[31] «Зиусхьэну си пащтыхь, Тхьэм игъащІэкІэ ущигъэІэ!» – жи-
Іащ Бэтщабэ, щІым нэсу Даут щхьэщэ хуищІри.
[32] «Садыкъ-тхьэпщ, Нэтан бегъымбар, Йодай и къуэ Бэнэхь
сымэ фыкъысхуеджэ», – ищІащ Даут унафэ.
Ахэр къыщыкІуэм, [33] Даут яжриІащ: «Си зауэлІхэр гъусэ фщІы,
си къуэ Сэлмэн пащтыхь къыдырым тевгъэтІысхьи, Джейхун
псынащхьэм[a] фшэ. [34] Абдеж Садыкъ-тхьэпщымрэ Нэтан бегъым-
барымрэ дагъэр абы и щхьэм щыфхуи, ИсрэІилым и пащтыхьу
вгъэнахуэ. Гъуор вгъаджэ, „ИугъащІэ пащтыхь Сэлмэн!“ жыфІэу
ину фыгуо. [35] Абы иужь къэфшэжи, щІалэр си тахътэм дрекІуеи
третІысхьэ. Си пІэкІэ пащтыхьыгъуэр зезыхьэнур Сэлмэнщ. Аращ
ИсрэІилми Ехьудейми я Іэщхьэтету* згъэувыр».
[36] Йодай и къуэ Бэнэхь пащтыхьым ехъуэхъуащ: «Іэмин! Зиусхьэну
си пащтыхьым зэрыжыпІам хуэдэу хъуну ТХЬЭМ жиІэ! [37] ТХЬЭР
Зиусхьэну си пащтыхьым узэригъусам хуэдэу, Сэлмэни гъусэ хурехъу,
уи тахътэр зэриІэтам нэхърэ нэхъ лъагэжу абы и тахътэр иреІэт!»
[38] Арати, Садыкъ-тхьэпщри, Нэтан бегъымбарри, Йодай и къуэ
Бэнэхьи, къэрэтейхэри, пэлътейхэри[b] Сэлмэн деж кІуэщ, ар пащты-
хьым и къыдырым трагъэтІысхьэри, Джейхун псынащхьэм яшащ.
[39] Садыкъ-тхьэпщым Шэтыр ЛъапІэм• къыщІиха бжьэм ит дагъэр
Сэлмэн и щхьэм щихуащ. Абы иужь гъуохэр джащ, цІыху цІыкІу-
ри: «ИугъащІэ пащтыхь Сэлмэн!» жаІэу зэрыгъэкІийуэ хуежьащ.
[40] ЦІыхухэр абы и ужь иуващ, бжьамий епщэу, дуней гуфІэгъуэр
зэрахьэу; я кІий-гуо макъышхуэми щІылъэр дэгызырт.

a 1:33 Джейхун псынащхьэр здэщыІэр Ерусэлим къалэм и ипщэ-къуэкІыпІэ лъэ-
ныкъуэмкІэщ, щІыпІэкІэ зыхуэзэри Къидрун псы жапІэрщ.
b 1:38 Къэрэтейхэмрэ пэлътейхэмрэ хамэщІ къикІа лъэпкъщ, пащтыхьым и щхьэ-
хъумэхэм ящыщу щытагъэнкІи хъунущ.

## *Сэлмэн Адоней гущӀэгъу зэрыхуищӀар*

[41] КӀий-гуо макъышхуэхэр щызэхахам, Адонеи абы иригъэблэгъа
и хьэщӀэхэми я ефэ-ешхэр и кӀэм нэблэгъакӀэт. Гъуом и джэ макъыр
къыщыӀум, Йоуаб щӀэупщӀащ: «Сыт къалэм къыщыхъуауэ щӀызэ-
рызехьэр?» – жиӀэри.
[42] Абы жиӀэр нигъэсатэкъым Абэтар-тхьэпщым и къуэ Йонэтан
къыщысам.
«КъакӀуэ мыдэ! – жиӀащ Адоней. – Уэ уцӀыху захуащӀэщ, шэч
хэмылъу, къэпхьри хъыбарыфӀщ».
[43] «Хьэуэ, хъыбар щӀагъуэкъым! – жиӀащ Йонэтан. – Зиус-
хьэну ди пащтыхь Даут пащтыхьыгъэр Сэлмэн ӀэщӀилъхьащ.
[44] Пащтыхьым ар Садыкъ-тхьэпщым, Нэтан бегъымбарым, Йодай
и къуэ Бэнэхь, къэрэтейхэмрэ пэлътейхэмрэ гъусэ яхуищӀащ, абы-
хэми Сэлмэн пащтыхь къыдырым трагъэтӀысхьэри [45] Джейхун-
кӀэ кӀуащ. Абдеж Садыкъ-тхьэпщымрэ Нэтан бегъымбарымрэ
Сэлмэн и щхьэм дагъэр щахуэри пащтыхьу ягъэнэхуащ. Дуней
гуфӀэгъуэр зэрахьэу абы цӀыхур къикӀыжащ, къалэри бжьэ къэ-
пщӀам хуэдэу зэрызехьэу хуежьащ. Мис а Ӏэуэлъауэ макъхэращ уэ
иджыпсту зэхэпхыр. [46] Абы ищӀыӀужкӀэ, Сэлмэн пащтыхь тахътэм
дэкӀуейри тетӀысхьащ. [47] Пащтыхь блыгущӀэтхэр зиусхьэну ди
пащтыхь Даут деж кӀуэри ехъуэхъуащ: „Уи Тхьэм Сэлмэн и цӀэр
ууейм нэхърэ нэхъ ину ирегъэӀу, и тахътэри ууейм нэхърэ нэхъ
лъагэжу ирeӀэт“ жаӀэри. Пащтыхьми, пӀэм зэрыхэлъым хуэдэу,
щхьэщэ ищӀри, [48] „ТХЬЭМ, ИсрэӀилым и Тхьэм, пащтыхь тахъ-
тэм дэкӀуеинур нобэ си нэгу зэрыщӀигъэкӀам папщӀэ щытхъур
ейщ!“ жиӀэу фӀыщӀэ ищӀащ».
[49] Абдежым Адоней и хьэщӀэхэр шынэ техьэгъуэм иубыдри,
щхьэж и занщӀэр и гъуэгуу зэбгрыжыжащ. [50] Адонеи, Сэлмэн
и шынагъэр зыхищӀэри, жэрыгъэкӀэ кӀуэри къурмэнщӀыпӀэм и
къуапэхэр иубыдащ[a]. [51] А хъыбарыр Сэлмэн кӀэщӀу лъагъэӀэсащ:
«Адоней уи шынагъэр зыхищӀащи, къурмэнщӀыпӀэм и къуапэхэр

---

[a] 1:50 КъурмэнщӀыпӀэм и къуапэхэр зыубыдым уеӀуси уи ягъи ебгъэкӀи мыхъуну къалъытэу щытащ.

иубыдауэ иIыгъщ, „джатэщIэгъэкI симыщIыну Сэлмэн тхьэлъанэ
къысхурещI“ жери иутIыпщын идэкъым».
[52] «ЦIыху захуэу зыкъигъэлъагъуэмэ, – жиIащ Сэлмэн, – и зы щхьэц
налъи хэхунукъым, ауэ хъуагъэщагъэ зэрихьэу хуежьэмэ, кIуэдынущ».
[53] Апхуэдэу жиIэщ, пащтыхьым цIыхухэр къурмэнщIыпIэм
игъакIуэри Адоней къыIуригъэшыжащ. Ар пащтыхьым деж кIуэ-
ри щхьэщэ хуищIащ, Сэлмэни хуит ищIри, и унэ иутIыпщыжащ.

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Даут Сэлмэн иужьрейуэ зэреущияр*

**2** [1] Даут и лIэгъуэр къыщысым, и къуэ Сэлмэн ириджэри, иужь-
рей уэсятхэр хуищIыжащ:
[2] «Си пIалъэр къэсащ, – жиIащ Даут. – Быдагъэрэ лIыгъэрэ
зыхэгъэлъ! [3] ТХЬЭМ, уи Тхьэм, къигъэув зыри къыумыгъанэу
гъэзащIэ. Мусэ итхыжа Хабзэм зэритым хуэдэу, ТХЬЭМ и
гъуэгум удэмыхыу ирикIуэ, ищIа унафэхэм утемыкI, игъэнэхуа
щIапхъэхэми уи щIыб яхуумыгъазэу тет. Мис итIанэ уехъулIэ-
нущ, сыт умыщIэми, дэнэ умыкIуэми уи Iуэхур дэкIынущ.
[4] „Уи щIэблэр си гъуэгум сакъыу ирикIуэмэ, я гумрэ я псэмрэ
щыпкъагъэр хэлъу си пащхьэ итмэ, игъащIэкIэ ИсрэIилым и
тахътэр яIэщIэсхынукъым“ жиIэу ТХЬЭМ сыкъыщIигъэгу-
гъауэ щытахэри зэщIэнущ.
[5] Иджыри зы Iуэху. Дзыру и къуэ Йоуаб къызищIауэ щы-
там ущыгъуазэщ. Си дзэпщитIыр – Ныр и къуэ Ауниррэ Етэр
и къуэ Iэмасэрэ – иукIауэ щытащ[a]. Дунейр щымамырым, за-
уэм щыIэ нэхъей, лъы игъэжащ, абыкIэ зиуцIэпIыжащ. [6] Уи
Iущыгъэ къызэрихьым хуэдэу щIы, ауэ и лIыжьыщхьэ мамыру
хьэдрыхэ умыгъакIуэ.
[7] ДжылыIэдей щыщ Бэрзылай и къуэхэр уи гущIэгъум
хыумын, уи Iэнэм пэрытIысхьэхэм ахэри яхрет. Уи къуэш

[a] 2:5 Еплъ 2 Пащт. 3:26-27; 20:8-10.

Абишэлам зыщысхъумэу щтапIэ сыщихьэжым, ахэращ къакIуэу къыздэIэпыкъуауэ щытар[a].
[8] Иджыри Бэхурым щыщ Джэрай и къуэ Щэмей уиIэщ. Ар езыр лъэпкъкIэ бенаминхэм къахэкIащ. МэхънэIим сыщыкIуэ махуэм бгэкIейуэ къызэбгауэ щыташ Щэмей[b]. Ауэ Iурдыныпсым сыкъыщызэпрыкIыжым къыспежьати, „уи псэ сеIэнукъым!“ жысIэри, ТХЬЭМ и цIэкIэ тхьэлъанэ хуэсщIыгъат[c].
[9] Иджы ар умыгъэпшынэжу къыумыгъанэ. Уэ уцIыху Iущщ, епщIэнур пщIэжынщ. Ауэ и жьыщхьэ лъыр къыпыжу фIэкIа, и ажалкIэ хьэдрыхэ умыгъакIуэ».

## *Даут дунейм зэрехыжар*

[10] И уахътыр къэсри, Даут и адэжьхэм я пащхьэ ихьэжащ, Даут и Къалэми[d] щыщIалъхьэжащ. [11] Илъэс тIощIитIкIэ ИсрэIилым и пащтыхьу щыташ ар – илъэсиблкIэ Хъэуран хэгъэгу* унафэр щызэрихьащ, илъэс щэщIрэ щыкIэ пащтыхьыгъэр иIыгъыу Ерусэлим дэсащ. [12] И адэ Даут зытеса тахътэм дэкIуеяр Сэлмэнщ, хэгъэгури, хабзэ быдэ хэлъу, абы зэрихьащ.

## *Адоней и лIэкIэ хъуар*

[13] Зэгуэрым Хъэджэт къилъхуа Адоней Сэлмэн и анэ Бэтщабэ деж кIуащ. «ФIыкIэ укъысхуэкIуа?» – еупщIащ абы цIыхубзыр.
«НтIэ, сыфIыхуэкIуэщ! – жиIащ Адоней. – [14] Iуэху пхузиIэт». ЩIалэр псэлъэну пащтыхь анэм хуит щищIым, [15] Адоней адэкIэ пищащ: «ЗэрыпщIэщи, пащтыхьыгъуэр сысейуэ къекIуэкIат, зэры-ИсрэIилу къызэрызэплъри пащтыхь хуэдэут. Ауэ псоми зихъуэжащ, пащтыхьыгъуэр си къуэшым IэщIыхьа хъуащ – ар ТХЬЭМ абы къыхуиухат. [16] Иджы зы IуэхукIэ сынолъэIури, мыхъун къыхыумыгъэкI».
«ЖыIэ!» – хуит ищIащ пащтыхь анэм Адоней.

---

*a* **2:7** Еплъ 2 Пащт. 17:27-29; 19:31-39.
*b* **2:8** Еплъ 2 Пащт. 16:5-13. Мыбдеж Даут зи гугъу ищI Щэмейр хэгъэзэрыхьын хуейкъым а цIэ дыдэр зэрихьэу мы тхылъым и 1:8 едзыгъуэм ущыхуэзэ лIым.
*c* **2:8** Еплъ 2 Пащт. 19:15-23.
*d* **2:10** Ерусэлим кIуэцIым дэт быдапIэм арат зэреджэр.

17 «КхъыIэ, – лъэIуащ Адоней, – пащтыхь Сэлмэн схуепсалъэ.
Уэ абы уигъэщIэхъунукъым*, Шунэм щыщ Абишэхь щхьэгъусэу
къызитыну схужеIэ».
18 «Хъунщ, – игъэкIыхьакъым Бэтщабэ, – сыпхуепсэлъэнщ па-
щтыхьым».
19 Бэтщаби Адоней щхьэкIэ епсэлъэну пащтыхьым деж кIуащ.
Пащтыхь анэр щыщIыхьэм, Сэлмэн къыхуэтэджри, щхьэщэ хуи-
щIащ, итIанэ и тахътэм тIысащ. Сэлмэн и анэм щхьэкIи тахътэ
кърагъэхьри, и ижьрабгъумкIэ игъэтIысащ.
20 «Зы лъэIу цIыкIу пхузиIэу сыкъэкIуащ, – жиIащ анэм. – Сы-
къыумыгъэщIэхъу».
«Сыт узыщIэлъэIур, ди анэ, – жиIащ Сэлмэн, – узгъэщIэхъункъым».
21 «Шунэм щыщ Абишэхь уи къуэш Адоней щхьэгъусэу ет», –
елъэIуащ и къуэм Бэтщабэ.
22 «Сыт, си анэ, Шунэм щыщ Абишэхь Адоней естыну ущIэ-
лъаIуэр? – хъуакъым и гуапэ пащтыхь Сэлмэн анэр къызэре-
лъэIур. – АтIэ, пащтыхьыгъуэри естыну къызэлъэIу[a], сыт хуэдэу
щымытми, ар си къуэш нэхъыжьщ! Арамэ, Абэтар-тхьэпщ щхьэкIи
Дзыру и къуэ Йоуаб щхьэкIи къызэлъэIу!»
23 «ТХЬЭМ и нэлатыр къыстихуэ, – пищащ адэкIэ Сэлмэн быдагъэ
хэлъу, – Адоней къыщIызэлъэIуам и гъащIэр трезмыгъэухэмэ. 24 Па-
щтыхьыгъуэм сыхуэзыгъэнахуэу си адэ Даут и тахътэм сыдэзыгъэ-
кIуея, ита псалъэм хуэпэжу си лъабжьэр зыгъэбыда ТХЬЭМ и цIэкIэ
соIуэ Адоней кIэ зэригъуэтынур, ноби зэрыфIэмыкIынур!» 25 Абы тету
Йодай и къуэ Бэнэхь унафэ хуищIри, Адоней иригъэукIащ.

## *Тхьэпщ Абэтар и пшынэкIамрэ дзэпщ Йоуаб и лIэкIэ хъуамрэ*

26 Абы иужькIэ пащтыхьым Абэтар-тхьэпщым унафэ хуищIащ:
«Анэтут щыIэ уи щIапIэм гъэзэж! Уэ пхуэфащэр ажалт. Ауэ ТХЬЭ-
УЭ Тепщэныгъэ ЗиIэм и Пхъуантэ ЛъапIэр• къепхьэкIыу си адэ

a 2:22 Пащтыхь жэщгъуэлъым уегуэкIуэнри убгъэдыхьэнри щIэпхъаджагъэу къалъытэрт, зэреплъри пащтыхьыгъуэм упэщIэуваутэ. Еплъ 2 Пащт. 16:20-22.

Даут узэригъусам щхьэкIэ[a], зыхэта бэлыхь псори дэпшэчу укъызэ-
рыдекIуэкIам папщIэ, нобэкIэ уи псэм сеIэнукъым». 27 Апхуэдэу па-
щтыхьым тхьэпщ хьэкъыр Абэтар Iэщ Iихащ, ТХЬЭМ Iилэ и щIэблэм
теухуауэ Шылэу къыщыхуиIуэхуауэ щыта псалъэри зэщIа хъуащ[b].

28 Абишэлам и лъэныкъуэ мыхъуами, Адоней дежкIэ еутэкIыжауэ
щыта Йоуаб къэхъуа псор щызэхихым, жэрыгъэкIэ Шэтыр ЛъапIэм
кIуэри, къурмэнщIыпIэм и къуапэхэр иубыдащ. 29 Шэтыр ЛъапIэм
Йоуаб щIэпхъуэу зэрыкIуари къурмэнщIыпIэм зэрыбгъэдэтри Сэлмэн
щыжраIэжым, Йодай и къуэ Бэнэхь кIуэуэ, ар иукIыну унафэ хуищIащ.
30 Бэнэхь Шэтыр ЛъапIэм кIуэри, а щIыпIэм къикIыну пащты-
хьым унафэ зэрыхуищIыр жриIащ.

АрщхьэкIэ Йоуаб идакъым: «Хьэуэ, мыбдеж сыщылIэнущ», –
жиIэри. Бэнэхь Iуэхур зыIутыр пащтыхьым деж нигъэсыжащ.
31 Апхуэдэу щыхъум, пащтыхьым унафэ ищIащ: «ЗэрыжиIэм
хуэдэу щIы! УкIи, щIэлъхьэж, хьэкъыншэу Йоуаб игъэжа лъыр сэри
си адэм и унагъуэми ттехыж. 32 Си адэ Даут щымыгъуазэу цIы-
хуитIым ятеуэу зэриукIам, ялъ зэригъэжам папщIэ, ТХЬЭМ абы
хуэфащэр иригъэгъуэтыжынщ. ТIури – ИсрэIилым и дзэпщ Ныр и
къуэ Аунири Ехьудейм и дзэпщ Етэр и къуэ Iэмаси – Йоуаб нэхърэ
нэхъ захуащIэт икIи нэхъыфIт. 33 Абыхэм ялъ игъэжам и хьэкъыр
езыми и щIэблэми игъащIэкIэ ятемыкIыжыну къатрехуэж! Даути,
абы къытекIа щIэблэми, и унагъуэ исхэми, и тахътэми игъащIэкIэ
мыкIуэдыжыну ТХЬЭМ мамырыгъэрэ фIыгъуэрэ къарит!»
34 Йодай и къуэ Бэнэхь игъэзэжри, Йоуаб иукIащ, пшахъуэщIым
щыIэ и щIы кIапэм дежи щыщIилъхьэжащ. 35 Пащтыхьым Йоуаб и
пIэкIэ Йодай и къуэ Бэнэхь дзэпщу ИсрэIилым и дзэм щхьэщигъэ-
уващ, Абэтар и пIэкIэ тхьэпщу Садыкъи игъэнэхуащ.

## *Щэмей и лIэкIэ хъуар*

36 Абы иужькIэ пащтыхьым Щэмей къригъашэри быдэу
жриIащ: «Ерусэлим унэ щыщIи щыпсэу, удэкIыу зыщIыпIи

a 2:26 Еплъ 2 Пащт. 15:23-29.
b 2:27 Еплъ 1 Пащт. 2:27-36.

умыкӀуэ, – жиӀэри. – 37 ЗэгъащӀэ, мыбы удэкӀыу Къидрун псы
жапӀэр щызэпыпча махуэм кӀэ уиӀэнущ, уи кӀуэдыр уэр-уэру къы-
зыхуэпхьыжынуращ».
38 «ЗэрыжыпӀэм хуэдэу ирехъу, зиусхьэну си пащтыхь, – хъуащ
пащтыхьым и псалъэмкӀэ арэзы Щэмей, – уи унафэм сытекӀын-
къым».
Пэжу, Щэмей къыдэкӀ имыӀэу куэдрэ Ерусэлим дэсащ.
39 Зэгуэрым, илъэсищ дэкӀа нэужь, Щэмей и пщылӀитӀ Джат
къалэм и пащтыхь Мэхъу и къуэ Ахъыш[a] деж кӀуэсат. И пщылӀхэр
Джат зэрыщыӀэр Щэмей щыжраӀэм, 40 и шыдым уанэ трилъхьэри,
ахэр къилъыхъуэжыну Ахъыш деж Джат кӀуащ. Щэмей и пщылӀ-
хэр абдеж къыщигъуэтыжри къыздришыжащ.
41 Щэмей Ерусэлим дэкӀыу Джат зэрыкӀуари къызэригъэзэ-
жари Сэлмэн лъагъэӀэсащ. 42 Пащтыхьым Щэмей ириджэри,
пхъашэу жриӀащ: «ТХЬЭМ и цӀэкӀэ тхьэлъанэ уэзгъэщӀатэкъэ,
„Дэнэ щӀыпӀэ умыкӀуэми, мыбы ущыдэкӀа махуэм уи кӀуэдыр
къикӀынущи, ар зэгъащӀэ“ жысӀатэкъэ? „ЗэрыжыпӀэм хуэ-
дэу ирехъу, псори къызгурыӀуащ“ жыпӀатэкъэ абы щыгъуэм?
43 Сыт-тӀэ ТХЬЭМ и пащхьэ щыпта псалъэм ущӀытемытыжар,
пхуэсщӀа унафэри сыт щӀумыгъэзэщӀар?» 44 Пащтыхьым мыри
Щэмей жриӀащ: «Си адэ Даут уи ягъэу ебгъэкӀар зыхуэдэр фӀыуэ
бощӀэж, ар пщымыгъупщауи уигу илъщ. Уи бзаджэщӀагъэ пэ-
кӀуэр ТХЬЭМ уигъэгъуэтыжынщ. 45 Ауэ сэ ТХЬЭМ и нэфӀыр
къысщыхуэнущ, си адэ Даут и тахътэри ТХЬЭМ и пащхьэ игъа-
щӀэкӀэ итынущ».
46 Пащтыхьым Йодай и къуэ Бэнэхь унафэ щыхуищӀым, кӀуэри
Щэмей иукӀащ.
Апхуэдэурэ Сэлмэн бжьыпэр быдэу иубыдащ.

[a] 2:39 Зи гугъу ищӀыр Даут зэгуэр зэкӀуэлӀэжыгъауэ щыта фылистеипщ Мэхъу и къуэ Ахъышми а цӀэ дыдэр зезыхьа абы и къуэрылъхурами нахуэкъым. Еплъ 1 Пащт. 27.

## ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

### *Сэлмэн Тхьэм зэрелъэIуар*

3 1 Сэлмэн Мысырым и пащтыхь фирхьэуным и пхъур щхьэ-
гъусэу къишэри, благъэ зыхуищIащ. Езыр зыдэсыну пащтыхь
сэрейр нагъэсыхункIэ, ТХЬЭМ и Унэр ящIыхункIэ, Ерусэлим
къэращIэкI мывэхъунэхэр* дращIеихункIэ, Сэлмэн абы Даут и Къа-
лэм псэупIэ щыхухихащ.
2 ТХЬЭМ и цIэр щагъэлъапIэ Унэр иджыри зэрынэмысам къыхэ-
кIыу, щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ ягъэува тхьэлъэIупIэхэм• цIыхухэр, ипэхэм
хуэдэу, кIуэурэ къурмэнхэр щащIырт. 3 Сэлмэн, и адэ Даут уэсят
къызэрыхуищIам тету, ТХЬЭР фIыуэ илъагъурт, ауэ абыи къурмэн
щищIри мэ дахэ къызыпих мыстхъэхэр* щигъэсри тхьэлъэIупIэхэрат.
4 Зэгуэрым пащтыхьыр Джэбэн кIуащ къурмэн щищIыну. Тхьэ-
лъэIупIэхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэр здэщыIэр абдежт. Сэлмэн
тыхь гъэсын бжыгъэншэхэр а къурмэнщIыпIэм деж куэд дыдэрэ
щищIыгъат. 5 Джэбэн здэщыIэм, Сэлмэн жэщым ТХЬЭР къы-
хуэкIуащ пщIыхьэпIэм хэту.
«УзыхуеймкIэ къызэлъэIу», – жиIащ Тхьэм.
6 «Си адэ Даут къыпхуэпэжу, къыпхуэщыпкъэу икIи къыпхуэ-
гупцIанэу зэрыщытам къыхэкIыу, гущIэгъушхуэ къыхуэпщIы-
гъат, – зыхуигъэзащ Сэлмэн Тхьэм. – А гущIэгъушхуэми ухущIе-
гъуэжакъым, нобэ и тахътэм дэкIуеяуэ тес къуэри къептащ. 7 Уа,
ТХЬЭ, си Тхьэ, си адэ Даут и пIэкIэ пащтыхьу сытебгъэхьащ.
Ауэ сыщIалащэщи, къыщезгъэжьэнури щызухыжынури сщIэр-
къым. 8 Уэ къыхэпха лъэпкъщ, лъэпкъышхуэщ, къыпхуэмыбжыну
икIи къыпхуэмылъытэну лъэпкъщ сызыхэтыр. 9 Къызэт акъыл, уи
лъэпкъым срищхьэщытыну, емрэ фIымрэ иризэхэзгъэкIыну. Армы-
рамэ, хэт уи лъэпкъ бжыгъэншэм и Iуэху зезыхьэнур?»
10 Сэлмэн апхуэдэ лъэIукIэ зыкъызэрыхуигъэзар ТепщэнычIэ
ЗиIэм гуапэ щыхъуащ. 11 «Мис апхуэдэ лъэIукIэ зыкъысхуэ-
бгъазэу, – жиIащ Тхьэм, – гъащIэ кIыхь, мылъку, уи бийхэм я
псэ жыпIэу узэрымылъэIуам, захуагъэ иризепхьэну зэхэщIыкI
укъызэрыщIэлъэIуам папщIэ, 12 пхуэсщIэнущ уи лъэIур. Пхуэдэ

уи япэкIи щымыIауэ, пхуэдэ уи ужькIи къэмыхъуну зэхэщIыкIрэ
губзыгъагъэрэ узот. 13 Абы къимыдэкIэ, укъызыщIэмылъэIуамкIи
сынотэнущ. Уэстынущ мылъку, уиIэнущ щIыхь, дунейм утетыхуи уэ
пхуэдэ пащтыхьхэм яхэтынукъым. 14 Уи адэ Даут хуэдэу, си гъуэгум
утемыкIыу урикIуэмэ, сщIа унафэхэмрэ згъэнэхуа щIапхъэхэмрэ
бгъэзащIэмэ, гъащIэ кIыхьи уэстынущ».
15 Абдежым Сэлмэн къызэщыури, и нэгу щIэкIар зэрыпщIыхьэ-
пIэр къыгурыIуащ. Ерусэлим кIуэжри, Тепщэныгъэ ЗиIэм и Пхъуан-
тэ ЛъапIэм и пащхьэ иту тыхь гъэсынхэмрэ зэфIыж къурмэнхэмрэ
щищIащ, пащтыхьым и блыгущIэтхэми ефэ-ешхэ яхуищIащ.

### *Сэлмэн цIыхубзитIым я дауафэр зэрызэблигъэкIар*

16 Зэгуэрым пащтыхьым деж къэхьпэ цIыхубзитI кIуэри и пащхьэ
иуващ. 17 «Уа, си зиусхьэн! – жиIащ зым. – Мы цIыхубзымрэ сэрэ
зы унэ дыщопсэу. А унэм дыщIэсурэ, сэ сабий къысхуэхъуащ. 18 Сы-
зэрызэфIэкIрэ махуищ нэхъ дэмыкIауэ, мы цIыхубзри лъхуащ. Дэ-
ращ зэгъусар, нэгъуэщI зыри унэм къыддыщIэсакъым, ди закъуэт.
19 Здэжейм зэрымыщIэкIэ ипIытIри, мы цIыхубзым и къуэр жэщым
лIащ. 20 Сыжейуэ сыздыхэлъым, мыр жэщ някъуэм къэтэджщ, си
къуэр къыскIэщIихри, езым и бгъафэм щIигъэгъуэлъхьащ. Сэ и
къуэ лIар къызбгъуригъэгъуэлъхьащ. 21 Пщэдджыжьым си къуэр
згъэшхэну сыкъыщытэджым, ар лIауэ къыщIэкIащ. Ауэ нэху щы-
уэ сыщеплъыпэм, сабийр сызэримыкIэтIий кIапэр къызгурыIуащ».
22 «Хьэуэ! – къыхэгуоукIащ адрей цIыхубзыр. – Псэур си щIалэ-
ращ, лIар уи къуэращ».

АрщхьэкIэ япэу псэлъа цIыхубзым тригъэчыныхьырт: «Хьэуэ,
лIар уэ уи къуэращ, сысейр псэуращ», – жиIэурэ.

Апхуэдэурэ пащтыхьым и пащхьэ щызэдауэу итащ ахэр.
23 «Зыр мэпсалъэри, „Хьэуэ, си къуэр псэущ, лIар ууейращ“
жи, – къыхилъхьащ и жыIэр пащтыхьым, – адрейри мэпсалъэри,
„Хьэуэ, ууейращ лIар, псэур си къуэращ“ жи».
24 ИтIанэ пащтыхьым джатэ къыхуахьыну унафэ ищIащ.
Джатэр къызэрыхуахьу 25 пащтыхьым: «Сабий псэур тIууэ

зэгуэвупщӀыкӀи, зы никъуэр зы цӀыхубзым ефт, адрей никъуэри
адрейм ефт», – жиӀащ.
26 Зи къуэ псэу цӀыхубзым а псалъэхэм и гущӀэлъапсэм зригъэ-
гъэзащ. И быным гущӀэгъу къыхуилъыхъуэу анэр гуӀэу пащтыхьым
елъэӀуащ: «А си зиусхьэн! Сабийр зэрыпсэууэ мо цӀыхубзым къы-
хуэвгъанэ, ауэ фымыукӀ къудей!» – жиӀэри.
Ауэ адрей цӀыхубзыр къэпсалъэри: «Уэри сэри къытлъремыс!
ЗэгуэвупщӀыкӀ!» – жиӀащ.
27 Абдежым пащтыхьым унафэ ищӀащ: «Сабийм щхьэкӀэ „мо
цӀыхубзым къыхуэвгъанэ, ауэ фымыукӀ къудей!“ жызыӀам щӀалэ
цӀыкӀур ефтыж. ФымыукӀ сабийр, аращ абы и анэр», – жиӀэри.
28 Пащтыхьым дауафэр зэрызэблигъэкӀа щӀыкӀэр зэры-ИсрэӀилу
хэӀуащ. Абыхэм Сэлмэн пщӀэшхуэ къыхуащӀ хъуащ, хей ирищӀэну
Тхьэм абы зэхэщӀыкӀ къызэрыритар нэрылъагъу псоми яшыхъуащ.

## ЕПЛӀАНЭ ӀЫХЬЭ

### *Сэлмэн и блыгущӀэтхэмрэ и Ӏуэхузехьэхэмрэ*

**4** 1 Апхуэдэурэ Сэлмэн зэры-ИсрэӀилу унафэр щызэригъакӀуэрт.
2 Мыхэращ абы Ӏуэхузехьэ пажэу иӀар:

Садыкъ и къуэ Азэрей – тхьэпщт;
3 Щыщэ и къуэхэр – Елхъурыфрэ Ахъиярэ – тхакӀуэт;
Ӏэхьлуд и къуэ Йощэфат – тхыдэтхыжт;
4 Йодай и къуэ Бэнэхь – дзэпщт;
Садыкърэ Абэтаррэ – тхьэпщт;
5 Нэтан и къуэ Азэрей – щӀыналъэ Ӏэщхьэтетхэм я тетыжт;
Нэтан и къуэ Зэбуд – тхьэпщт икӀи пащтыхьым и упщӀэжакӀуэт*;
6 Ахъийшар – пащтыхь сэрейм и кӀэлъыплъакӀуэт;
Ӏэбыдэ и къуэ Адонирэм лэжьыгъэ хьэкъыр зыхьхэм я унафэщӀт.

7 ИсрэӀилым и щӀыналъэхэм унафэр щызэрахьэу Сэлмэн Ӏэщхьэтет
пщыкӀутӀ иӀащ. Абыхэм зэблэкӀыу пащтыхьымрэ сэрейм дэсхэмрэ

щхьэкIэ шхыныпхъэр кърахьэлIэрт. Дэтхэнэми илъэсым щыщу зы мазэ къылъысырт шхыныпхъэр къришэлIэн хуейуэ. [8] Мис абыхэм я цIэр:

Бэнгъур ЕфрэIим бгылъэхэр и Iэ илът.
[9] Бэндэкъэр МэкIэз, ШэIэлбим, Бэтшэмэш, Елэн-Бэтхьэнан къалэхэр и Iэ илът.
[10] Бэнхьэсэд АрубэтI къалэр и IэмыщIэ илът, Сэхэу жылэмрэ Хъыфыр щIыгухэмри IэщIэлът.
[11] Бэнабынэдэб Нэфат-Даур къалэр[a] и Iэ илът (Сэлмэн ипхъу ТIэфэт абы и щхьэгъусэт).
[12] Iэхьлуд и къуэ БэIэнэ ТэIэнэчрэ Мэджыдэрэ, ИзрэIэл ищхъэрэIуэкIэ щыIэ Зэртан пэблагъэ Бэтшан къалэр зэрыщыту, Бэтшан къыщегъэжьауэ Абэл-Мыхуэлэ нэскIэ, уеблэмэ Йокъумам фIэкIыуи и Iэ илът.
[13] Бэнджэбэр ДжылыIэдейм ит АрмэтI къалэр и IэмыщIэ илът. Апхуэдэу абы и IэмыщIэ илът ДжылыIэдейм хиубыдэ, Минащ и щIэблэм яшыщ ЙаIир и къуажэхэр, Бэшан хэгъэгум ит Аргуб щIыналъэр, мывэхъунэ лъагэкIэ къэщIыхьарэ зи дыхьэпIэхэр гъуаплъэ бжэIулъэхэмкIэ ягъэбыдэж къалэшхуэхэр хиубыдэу. Къалэхэр псори зэхэту тIощIищ хъурт.
[14] Iиду и къуэ Ахынэдэб МэхънэIим къалэр и Iэ илът.
[15] Ахъиймэз Нэхуталий щIыналъэр и IэмыщIэ илът (Сэлмэн ипхъу Бэсимэт щхьэгъусэу ишат абы).
[16] Хъушей и къуэ БэIэнэ Ащир щIыналъэри БейлутI къалэри и Iэ илът.
[17] Пэрыуэхъу и къуэ Йощэфат Ищэхъар щIыналъэр и IэмыщIэ илът.
[18] Елэ и къуэ Щэмей Бенамин щIыналъэр и Iэ илът.
[19] Iурий и къуэ Джэбэр ДжылыIэдейр IэщIэлът. Абы амэреипщ Сихъуэн и хэкумрэ Бэшаныпщ Iуэгъу и хэкумрэ и IэмыщIэ илът. Ехьудей хэкуми зы тет щыIащ[b].

---

*a* **4:11** Е: «Даур лъагапIэхэр».
*b* **4:19** Е: «Мы щIыналъэ тетхэм псоми зы Iэщхьэтет яIащ» е «Мы щIыналъэхэм я тет закъуэр Джэбэрт».

## *Сэлмэн и пащтыхьыгъуэм и лъэщагъыр*

[20] Ехьудеймрэ ИсрэIилымрэ я цIыхур хы Iуфэм пшахъуэу Iулъым
хуэдизу куэд дыдэ хъурт. Яшхынрэ ирафынрэ яIэт, тхъэжу псэурт.
[21] Фэрат псыежэхым къыщегъэжьауэ филистейхэм• я щIыгумрэ
Мысырым и гъунапкъэмрэ нэсыжу пащтыхьыгъуэу итыр Сэлмэн
IэщIэлът. Сэлмэн псэуху абыхэм хьэкъулэ* кърату, къулыкъу къы-
хуащIэу екIуэкIащ.
[22] Махуэ къэс Сэлмэн хьэжыгъэ нэхъыфIыIуэу кур щэщI[a], хьэ-
жыгъэ пхъашэу кур тIощIищ[b] къыхуашэрт, [23] Iэщ пIащэ гъэшхауэ
щхьипщI, хъупIэм кърашыжа Iэщ пIащэу щхьэ тIощI, Iэщ цIыкIуу
щхьищэ къыхуахурт, бланэхэр, къум бжэнхэр, мэз бжэнхэр, джэд-
къаз пшэрхэр хэмыту.
[24] Фэрат псыежэхым и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ, ТIифсахь
къыщегъэжьауэ Джазэ нэсыхукIэ щыIэ пщыгъуэхэр Сэлмэн и Iэ
илът, лъэныкъуэ псомкIи къыбгъэдэс и гъунэгъу къэралыгъуэхэми
мамыру ядэпсэурт. [25] Сэлмэн псэууэ дунейм тетыху Ехьудеймрэ
ИсрэIилымрэ шынагъуэ ямыIэу къекIуэкIащ, ищхъэрэкIэ Дан ще-
гъэжьауэ ипщэкIэ Бэрщабэ щыщIэкIыжу цIыхуу исыр щхьэж и
жызумейхэмрэ ахъуэ* жыгхэмрэ я щIагъ щIэсыжу псэуащ.
[26] Хьэкуэстыгуш мин тIощIитIрэ зекIуэш мин пщыкIутIрэ щIэтт
Сэлмэн и шэщхэм.
[27] ЩIыналъэ Iэщхьэтетхэм щхьэж къыщылъыс мазэм ирихьэлIэу
пащтыхьымрэ абы и Iэнэ тIысхэмрэ щхьэкIэ шхыныпхъэр кърахьэ-
лIэрт, щыщIагъэ къызэрымыхъунум дэтхэнэри кIэлъыплъырт. [28] Абы
къищынэмыщIауэ, хьэкуэстыгушхэмрэ адрей шы лъэпкъхэмрэ ира-
гъэшхыну хьэмрэ мэкъумрэ здешэлIапхъэм игъуэм ирашалIэрт.

## *Сэлмэн и Iущыгъэр*

[29] Тхьэм Сэлмэн Iущагъышхуи, акъыл жани, гъуни нэзи зимы-
Iэ щIэныгъэ кууи кърищащ. [30] Сэлмэн и Iущыгъэр КъуэкIыпIэм
щыщ цIыхухэм я Iущыгъэм щхьэпрыкIыжат, Мысыр Iущыгъэми

---

*a* **4:22** Тоннищым щIигъу хъунущ.
*b* **4:22** Тоннихым щIигъу хъунущ.

щхьэдэхат. [31] Хэт нэхъри нэхъ Iущт Сэлмэн, уеблэмэ езрэхь
лъэпкъым къыхэкIа Етэни, Махуэл и къуэхэми – Хьэман, Къал-
куэл, Дардэ сымэ – и щIэныгъэкIэ яфIэкIыжат. Гъунэгъу лъэпкъ-
хэм Сэлмэн и цIэр зэIэпахырт. [32] Гъэсэпэтхыдэ къудейуэ минищ
къыбгъэдэкIащ абы, уэрэду минрэ тхурэ зэхилъхьащ. [33] Ливан
къуршхэм къыщыкI къурш уэздыгъейм щегъэжьауэ блынджабэхэм
къапхрыкIыкI губгъуэдадийм щыщIэкIыжу зыхимыщIыкIрэ зыте-
мыпсэлъыхьрэ щыIэтэкъым. Сэлмэн псэущхьэхэмрэ бзухэмрэ, хьэ-
пщхупщхэмрэ бдзэжьейхэмрэ я щэхухэми щыгъуазэт. [34] Сэлмэн и
псалъэ Iущхэм едэIуэну къакIуэрт и хъыбар зэхэзыха, хамэ лъэпкъ-
хэм къахэкIа цIыхухэр, пащтыхьу дунейм тетым я лIыкIуэхэр.

## ЕТХУАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэм и Унэ щIыным зызэрыхуагъэхьэзырар*

5 [1] И адэ Даут и пIэкIэ Сэлмэн дагъэр и щхьэм зэрыщахуари
тахътэм зэрыдэкIуеяри Сурыпщ• Хъурам зэхихащ. Хъурам
Даут псэуху и ныбжьэгъуат[a], а хъыбарыр щызэхихми, Сэлмэн деж
лIыкIуэхэр къигъэкIуащ. [2] Сэлмэни Хъурам деж иIуэхужащ:
[3] «ЗэрыпщIэщи, дэнэ лъэныкъуэкIи къикIыу зэуакIуэ къакIуэу
щыта лъэпкъхэм я ягъэкIэ, ахэр Тхьэм кърикъутэхыу Iурыщ Iэ
къыхуищIыхункIэ, си адэ Даут ТХЬЭМ, езым и Тхьэм, и цIэкIэ
щытыну и Унэр къыхуегъэжьэфакъым. [4] Ауэ иджы ТХЬЭМ,
си Тхьэм, дэнэкIи гупсэхугъуэ къыщызитащ, бий сиIэкъым,
гузэвэгъуи сыхэткъым. [5] „Си цIэкIэ щытыну Унэр зыщIынур
узытес тахътэм тезгъэтIысхьэну уи къуэращ“ жиIэу ТХЬЭМ
си адэ Даут къызэрыгуригъэIуам тету[b], ТХЬЭМ, си Тхьэм, и
Унэр къезгъэжьэну сыхуейщ. [6] Ливан къуршхэм къыщыкI къурш
уэздыгъейхэр къысхураупщIыкIыну унафэ яхуэщI. Си цIыхухэр
ууейхэм я гъусэу лэжьэнущ, жыхуэпIэм хуэдиз уаси уи цIыхухэм

[a] **5:1** Даут зыдэсыну пащтыхь сэрейр щиухуэм, абы хилъхьэну пхъащхьэр къыхуе-
зыгъэшари и унащIэ Iэзэхэр къыхуэзыгъэкIуари Хъурамщ. Еплъ 2 Пащт. 5:11.
[b] **5:5** Еплъ 2 Пащт. 7:12-13.

ястынущ. Саидейхэм[a] хуэдэу жыг гъэуэным хуэІэижь зэрыдимыІэм ущыгъуазэщ».

[7] Сэлмэн и псалъэхэм Хъурам хуабжьу щыгуфІыкІащ. «ТХЬЭМ фІыщІэр ейщ, мы лъэпкъышхуэм щхьэщытыну Даут апхуэдэ къуэ Іущ къызэрыритам папщІэ!» – жиІащ Хъурам.

[8] «Къысхуэбгъэкіуахэм жаІам седэІуащи, – хуиІуэхужащ Хъурам Сэлмэн, – узыхуей псори пхуэсщІэнщ, къурш уэздыгъеи шыкІуртІымщэхуи* ныпхуезгъэшэнщ. [9] Си цІыхухэм ентІырхэр* Ливан кърезгъэшынщи, хы Іуфэм кърезгъэшэлІэнщ. Ахэр абдеж пхъэзэфІэбдзэу щызэкІэрытпхэнщи, жыхуэпІэ щІыпІэм нэс хымкІэ недгъэшэнщ. Абы къэсмэ, дэ ахэр зэкІэрытхыжынщи, уэ адэкІэ Іупшыжынщ. Ауэ уэри си лъэІур схуэгъэзащІэ – сызыдэс пащтыхь сэрейр шхынып хъэ щумыгъащІэ».

[10] Апхуэдэу Хъурам Сэлмэн зыхуейм хуэдиз къурш уэздыгъейрэ шыкІуртІымщэхурэ хуригъашэу щІидзащ. [11] Езы Сэлмэни Хъурам зыдэс пащтыхь сэрейм гуэдз кур мин тІощІ хуэдиз[b] иригъашэ хъуащ, батІ мин тІощІ хъу[c] зейтун дагъэ къабзэр хэмыту. Апхуэдизыр Сэлмэн Хъурам деж зы илъэс блимыгъэкІыу иригъэшащ.

[12] ТХЬЭМ къызэригъэгугъам тету, Сэлмэн Іущагъышхуэ зэрихьэрт. Сэлмэнрэ Хъурамрэ я зэхуакум зэгурыІуэ илъти, зэфІынуи Іуагъэ* зэдащІащ.

[13] Зэры-ИсрэІилу къыхишри, Сэлмэн лэжьыгъэ хьэкъ яхьыну цІыху мин щэщІ зэригъэуІуащ. [14] Пащтыхьым мазэ къэс зэблэкІыу цІыху минипщІыр ливан къуршхэм жыггъауэ игъакІуэрт. Зы мазэкІэ къэтмэ, мазитІкІэ я унэ щыІэу ищІат. Лэжьыгъэ хьэкъыр зыхьхэм я унафэщІыр Адонирэмт. [15] Абыхэм уащыфІэкІыжым, Сэлмэн хьэлъэзехьэу цІыху мин блыщІ, мывэр къызыщІах бгылъэ щІыпІэхэм

---

[a] 5:6 Саидэр къэрал гъэпсыкІэ зиІа фыныкІей къалэщ, Сур пэмыжыжьэу щысащ. Мыбдеж зи гугъу ищІыр абы щыпсэуа цІыхухэрщ. Зэрылъэпкъыу къызэщІрагъэубыдэу фыныкІейхэм саидейкІэ щеджэ куэдрэ къохъу.

[b] 5:11 Тонн миницым щІигъу хъунущ.

[c] 5:11 Литр мин щиплІрэ тІощІитІрэ нэблагъэ хъунущ. ЗэддзэкІар 2 Тхыдэжьхэр 2:10 къыщыкІуэ бжыгъэхэм тохуэ, нэгъуэщІ пасэрей Іэрытххэми текІыркъым. Пасэрей журтыбзэкІэ тха Іэрытхым мыбдеж къыщыкІуэр мы бжыгъэрщ: кур тІощІ.

щылажьэу мывэхэх мин тIощIиплI иIэт. 16 Абыхэм якIэлъыплъыну,
лэжьыгъэ екIуэкIхэми я нэIэ трагъэтыну Сэлмэн цIыху минищрэ
щищрэ ящхьэщигъэуващ. 17 Пащтыхьым и унафэкIэ абыхэм мывэ-
хэхыпIэм быдэрэ лъэпкъыфIу мывэшхуэхэр къыщIахырт. Джафэу
яIущIа нэужь, а мывэхэр Унэм и лъабжьэм халъхьэнут. 18 Сэлмэнрэ
Хъурамрэ я ухуакIуэхэми Джыбыл[a] къикIа IэщIагъэлIхэми Унэм
халъхьэну пхъащхьэр ягъэхьэзырырт, мывэхэр яупсырт.

## ЕХАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэм и Унэ щIыным Сэлмэн иужь зэрихьар*

6 1 ИсрэIилхэр Мысырым къызэрикIыжрэ илъэс щиплIрэ тIощIи-
плIыр екIуэкIыу, Сэлмэн ИсрэIилым и пащтыхьу зэрытеувэрэ
илъэс еплIанэм хыхьауэ, ЗифкIэ зэджэ етIуанэ мазэм[b] ТХЬЭМ
и Унэр щIын иригъэжьащ.

2 Сэлмэн ТХЬЭМ хуищI Унэм IэфракIэ тIощIищ и кIыхьагът,
и бгъуагъыр IэфракIэ тIощI хъурт, и лъагагъри IэфракIэ щэщIым
нэсырт[c]. 3 ЩIыхьэпIэм къыпыщIыхьа Iужым* и бгъуагъыр Iэфра-
кIэ тIощI[d] ирикъурт, езы Унэм и бгъуагъми хуэфIу хуэкIуэрт. Iужыр
IэфракIипщI[e] хуэдизкIэ щIыхьэпIэм къыбгъэдэкIырт. 4 Унэм хилъхьа
щхьэгъубжэхэм щIыбымкIэ бгъузэу уаIуплъэми, и кIуэцIкIэ бгъуэ
щыхъужырт[f]. 5 Унэм и хъуреягъкIэ, ЩIыпIэ ЛъапIэмрэ ЛъапIэщымрэ
зэрыхэту, къат-къату зэтет пыщIыхьхэр кърищIэкIащ, ахэр пэш щхьэ-
хуэ-щхьэхуэуи зэпиудыжащ. 6 Япэ къатым IэфракIитху и бгъуагът,

---

a 5:18 Джыбылри къэрал гъэпсыкIэ зиIа фыныкIей къалэхэм ящыщщ, Суррэ Саидэрэ я ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щысащ.

b 6:1 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 966 гъэм и гъатхэкум.

c 6:2 И кIыхьагъыр метр щэщIым, и бгъуагъыр метрипщIым, и лъагагъыр метр пщыкIутхум нэблагъэ хъунущ.

d 6:3 МетрипщIым нэблагъэ хъунущ.

e 6:3 Метритхум нэблагъэ хъунущ.

f 6:4 Е: «Унэм хилъхьа щхьэгъубжэхэм гъущIхьар яIулът». Пасэрей журтыбзэ-кIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым.

етIуанэ къатыр IэфракIих хъурт, ещанэ къатри IэфракIиблым нэсырт[a].
Блынджабэр щыдрищIейм пэу иIэу ищIат, пыщIыхьхэр кIэщIэзыIыгъэ
ентIырхэр Тхьэм и Унэм и блыным хэмыхьэн щхьэкIэ.
7 Унэр щащIым халъхьар мывэ хэхыпIэм щаIущIа мывэхэращ,
ар ящIыхукIи уади, уэщи, нэгъуэщI гъущIыкIэ Iэмэпсымэ гуэрми я
макъ абдеж къыщыIуакъым.
8 Япэ къатым и щIыхьэпIэр Унэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэт.
Абы икIырти, дэкIуеипIэм етIуанэ къатым удишырт, ещанэ къатми
апхуэдэу удэкIырт. 9 Апхуэдэурэ Сэлмэн Унэм и щIыныр нигъэса
нэужь, къурш уэздыгъейм къыхаха бгыкъухэр зэпрыууэ унащхьэм
трилъхьащ, пхъэбгъукIи зэщIиIулIэжащ. 10 Унэм ибгъухэмкIэ къы-
декIуэкIыу IэфракIэ тхурытху[b] зи лъагагъ пыщIыхьхэр дрищIеящ.
Ахэри къурш уэздыгъей ентIырхэмкIэ Унэм егъэбыдылIат.
11 Абы хэту ТХЬЭМ Сэлмэн къыжриIащ: 12 «Мис иджы мы
Унэр къебгъэжьауэ бощI. Сэ сщIа унафэхэм утетмэ, згъэнэхуа
щIапхъэхэм уи щIыб яхуумыгъазэмэ, си псалъэхэм ущIэдэIумэ,
ахэр бгъэзащIэмэ, уи адэ Даут Iуагъэу есщIылIауэ щытар уи деж
нэрылъагъу щысщIынущ. 13 ИсрэIилхэм, си лъэпкъым, сахэтынущ
икIи збгынэнукъым».

### *Тхьэм и Унэр къызэрыращIыкIар*

14 Ауэрэ Сэлмэн Тхьэм и Унэм и щIыныр нигъэсащ. 15 Унэ кIуэцI
блынхэр лъэгум къыщегъэжьауэ пкIащхьэм нэсу Сэлмэн къурш уэ-
здыгъей пхъэбгъукIэ кърилIулIэкIащ, езы лъэгуми шыкIуртIымщэху
пхъэбгъухэр ирилъхьащ. 16 Унэм и пхащIэм IэфракIэ тIощI хуэдиз-
кIэ[c] къыбгъэдэкIуэтри, ЛъапIэщыр къыпихукIащ, блын дрищIеяри
лъэгум щегъэжьауэ пкIащхьэм нэсу къурш уэздыгъей пхъэбгъукIэ
кърилIулIэкIыжащ. 17 ЛъапIэщым и гупэ къит ЩIыпIэ ЛъапIэми
IэфракIэ тIощIитI[d] и кIыхьагът. 18 Абы и кIуэцIыр зэрыщыту къурш
уэздыгъеипхъэкIэ зэщIэIулIат, къэбхэмрэ зыкъызэкIуэцIызыха

[a] **6:6** МетритIрэ ныкъуэм, метрищым, метрищрэ ныкъуэм нэблагъэ хъунущ.
[b] **6:10** Метр тIурытIрэ ныкъуэ-ныкъуэм нэблагъэ хъунущ.
[c] **6:16** МетрипщIым нэблагъэ хъунущ.
[d] **6:17** Метр тIощIым нэблагъэ хъунущ.

къэгъагъэхэмрэ къыхэбзыкІыжат. Мывэ зи цІэ къэмылъагъуэу
псоми къурш уэздыгъейр ятебзат.
19 ЛъапІэщыр къыщІыпихукІар Пхъуантэ ЛъапІэр абдеж щІи-
гъэувэн щхьэкІэщ. 20 ЛъапІэщым ІэфракІэ тІощІ и кІыхьагът, и
бгъуагъри ІэфракІэ тІощІ хъурт, и лъагагъми апхуэдиз къикІырт[a].
ЛъапІэщым и блынджабэхэр дыщэзэрылэкІэ щІигъэнащ, и щІы-
хьэпІэ дыдэм деж щыт, мэ дахэ къызыпих мыстхъэхэр щагъэс
тыхьщІыпІэри дыщэ плъыжькІэ къиІулІыхьащ. ТыхьщІыпІэр
къурш уэздыгъейм къыхэщІыкІат[b]. 21 Сэлмэн ЩІыпІэ ЛъапІэм и
кІуэцІри дыщэ къабзэкІэ кърищІыкІащ. ДыщэзэрылэкІэ щІэгъэ-
на ЛъапІэщым и пащхьэми дыщэ тхьэгъукІапсэхэр щришыжащ.
22 Унэр зэрыщыту дыщэ нэскІэ къищІыкІат, ЛъапІэщым и пащхьэ
ит тыхьщІыпІэми дыщэ тебзат.
23 ЛъапІэщ кІуэцІым зейтун жыгым къыхэщІыкІауэ ІэфракІэ
пщІырыпщІ[c] зи лъагагъ дамабгъуитІ[d] иригъэуващ. 24 Дамабгъуэхэм
я дамитІым дэтхэнэми ІэфракІэ тхурытху я кІыхьагът. Зы дамэм и
нэзым къыщегъэжьауэ адрей дамэм и гъунэм нэсыху ІэфракІипщІ
дэлът. 25 ЕтІуанэ дамабгъуэми ІэфракІипщІ и лъагагът, тІури я те-
плъэкІи я инагъкІи зэхуэдэ къабзэт. 26 ДамабгъуитІми ІэфракІэ
пщІырыпщІ я лъагагът. 27 Сэлмэн дамабгъуэхэм я дамэхэр зэ-
кІэщІэхауэ ЛъапІэщ купсэм щигъэуващ. Зым и дамэр зы блыным
лъэІэсырт, адрейм и дамэри адрей блыным нэсырт. Адрей дамитІыр
ЛъапІэщым и кум щызэхуэзэжу зэлъэІэсырт. 28 Сэлмэн дамабгъуэ-
хэм дыщэпсыр ятригъэлъэдэжащ.

---

*a* **6:20** И кІыхьагъри, и бгъуагъри, и лъагагъри метр пщІырыпщІым нэблагъэ хъунущ.

*b* **6:20** Е: «ЛъапІэщым и блынджабэхэр дыщэзэрылэкІэ щІигъэнащ, и щІыхьэпІэ дыдэм деж щыт, мэ дахэ къызыпих мыстхъэхэр щагъэс тыхьщІыпІэри къурш уэздыгъейкІэ къиІулІыхьыжащ».

*c* **6:23** Метритхум нэблагъэ хъунущ.

*d* **6:23** Журт. «керуб». Дамабгъуэхэр уафэгу псэущхьэщ, теплъэкІэ гуиихыу, дамэхэр ятету; мелыІыч лъэпкъыгъуэщ. Ахэр Тхьэм и тахътэм къыбгъэдэмыкІыу жэщи махуи яхъумэу бгъэдэтщ. Тхьэм Іэдэмрэ Хьэуарэ жэнэтым кърихужа нэужь, абы и дыхьэпІэм деж Іуигъэувар дамабгъуэхэращ, гъащІэ жыгым зыри бгъэдэмыхьэу яхъумэн хуэдэу. Еплъ УблапІэ 3:24.

29 Унэм и блынхэми – ЛъапIэщми ЩIыпIэ ЛъапIэми – дама-
бгъуэхэр, чыцIыбжьейхэр*, зыкъызэкIуэцIызыха къэгъагъэхэр
къыхибзыкIат, 30 я лъэгур дыщэзэрылэкIэ щIигъэнат.
31 ЛъапIэщым узэрыщIыхьэну бжэзэIуххэр зейтун жыгым къы-
хэщIыкIат, ахэр зыхэлъ бжэблыпкъхэри пкъыгъуитхуу зэрытт[a].
32 БжэзэIуххэми дамабгъуэхэр, чыцIыбжьейхэр, зыкъызэкIуэцIы-
зыха къэгъагъэхэр къыхибзыкIат. Дамабгъуэхэмрэ чыцIыбжьей-
хэмрэ дыщэпс ятригъэлъэдат. 33 ЩIыпIэ ЛъапIэм хуэкIуэ щIы-
хьэпIэм пкъыгъуиплIу зэрыт бжэблыпкъхэр[b] зейтун жыгым
къыхищIыкIащ, 34 езы бжэзэIуххэр шыкIуртIымщэхум къыхихащ.
Бжэхэр и кIуэцIкIи и щIыбкIи зэIукIыу щытт. 35 Абыхэми дама-
бгъуэхэр, чыцIыбжьейхэр, зыкъызэкIуэцIызыха къэгъагъэхэр
къыхибзыкIри, псоми зэхуэдэу дыщэпсыр ятригъэлъэдэжащ.
36 Мывэ упсахэр щащIэу зэтрилъхьэщ, я гущIыIум къурш уэзды-
гъей бгыкъухэр къытрилъхьэжри, Унэр зыдэт ПщIантIэр мывэ-
хъунэкIэ къихухьыжащ.
37 ТХЬЭМ и Унэм и лъабжьэр щагъэтIылъар Сэлмэн пащтыхь
тахътэм зэрыдэкIуейрэ илъэс еплIанэр щекIуэкIырщ, зиф мазэрщ.
38 Ухуэныгъэхэр щызэфIэкIар Сэлмэн тахътэм зэрыдэкIуейрэ илъэс
епщыкIузанэр щекIуэкIырщ, булкIэ зэджэ еянэ мазэрщ[c]. Унэм
ехьэлIауэ щIапхъэ зыри къэнакъым. Пащтыхьыр абы илъэсиблкIэ
иужь итащ.

## ЕБЛАНЭ IЫХЬЭ

### *Сэлмэн и пащтыхь сэрейр*

7 1 Ауэ Сэлмэн езым и пащтыхь сэрейм и щIыным илъэс пщыкIущ
тригъэкIуэдащ. 2 Ливан мэз сэрейкIэ зэджа уардэ унэм и кIы-
хьагъыр IэфракIищэ, и бгъуагъыр IэфракIэ щэ ныкъуэ, и лъагагъыр

a 6:31 Е: «ахэр зыхэлъ бжэблыпкъхэри къуапитху хъурт».
b 6:33 Е: «бжэблыпкъ къуапиплIхэр».
c 6:38 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 959 гъэм и бжьыхьэку-бжьыхьэкIэ мазэхэм.

ІэфракІэ щэщІ хъурт[a]. Унэм и бгыкъухэр сатыриплІу екІуэкІыу щІэт
пкъощІэсэхэм* кІэщІаІыгъэрт. Ахэри къурш уэздыгъейм къыхэщІы-
кІат. 3 ПкІащхьэри къурш уэздыгъейкІэ къищІыкІат, ар зыщІэУлІа
бгыкъухэри пкъощІэсэхэм кІэщІаІыгъэрт. Бгыкъухэм[b] я бжыгъэр псо-
ри зэгъусэу тІощІитІрэ тхурэ хъурт, сатыр дэкІыгъуэ къэс пщыкІутху-
пщыкІутху хуэзэу. 4 Щхьэгъубжэхэр сатырищу екІуэкІыу хэлът, сатыр
къэс щырыщ зэбгъурыту хэгъэуват[c]. 5 Бжаблэхэми щхьэгъубжэІухэми
бжэблыпкъ икІи щхьэгъубжэблыпкъ къуапиплІхэр хэтт, блынджаби-
тІым сатыр щырыщу хэгъэува щхьэгъубжэхэри зэхуэплъэрт.
6 И кІыхьагъыр ІэфракІэ щэ ныкъуэ хъуурэ, и бгъуагъри ІэфракІэ
щэщІым нэсу[d] Сэлмэн пащтыхь сэрейм ПкъощІэсэ унэ хищІыхьащ.
Абыи щхьэ телъу Іуж къыпищІыхьыжащ. Іужым и щхьэри пкъо-
щІэсэхэм кІэщІаІыгъэрт.
7 Тахътэр щІэту хей щищІэ уни хищІыхьат Сэлмэн пащтыхь
сэрейм, зэреджэри ХеящІэ* унэт. И лъэгум къыщегъэжьауэ пкІа-
щхьэм нэсыжу къурш уэздыгъейкІэ кърищІыкІат.
8 Езыр щыпсэуну унэр а псом я щІыбагъымкІэ щыІэт, пщІантІэ
щхьэхуэ иІэу, и гъэпсыкІэкІи ещхьыркъабзэу щІауэ. Сэлмэн зыщІэс
унэм хуэдэ и щхьэгъусэм, фирхьэуным и пхъум, хуищІат.
9 Апхуэдиз ухуэныгъэр – и лъабжьэм къыщежьэрэ и пкІащхьэм
нэсыжу, и щІыбым къыщыщІидзэрэ пщІантІэшхуэм щиухыжу –
ІущІарэ инагъкІэ зэхуэгъэкІуа мывэ лъапІэхэм къыхэщІыкІат, и
щІыбкІи и кІуэцІкІи къаплъэ мывэ джабэхэм я гущІыІури джафэу
къэупсыхьыжат. 10 Унэ лъабжьэхэм быдэрэ лъэпкъыфІу Іэфра-
кІипщІ[e], ІэфракІий[f] зи инагъ мывэшхуэхэр хилъхьат. 11 ИнагъкІэ

a 7:2 И кІыхьагъыр метр щэ ныкъуэм, и бгъуагъыр метр тІощІрэ тхум, и лъагагъри метр пщыкІутхум нэблагъэ хъунущ.

b 7:3 Е: «пкъощІэсэхэм».

c 7:4 Пасэрей журтыбзэкІэ тха Іэрытхым къыщыкІуэ псалъэхэм къарыкІыр гурыІуэгъуэ дыдэкъым.

d 7:6 И кІыхьагъыр метр тІощІрэ тхум, и бгъуагъыр метр пщыкІутхум нэблагъэ хъунущ.

e 7:10 Метритхум нэблагъэ хъунущ.

f 7:10 МетриплІым нэблагъэ хъунущ.

зэхуэгъэкӀуа, зи щӀыӀур ӀущӀа мывэ лъапӀэхэр абыхэм ятригъэзэ-
гъащ, къурш уэздыгъейм къыхэщӀыкӀа бгыкъухэри ятрилъхьэжащ.
[12] Мывэ упсахэр щащӀэу зэтрилъхьэщ, я гущӀыӀум къурш уэздыгъей
бгыкъухэр къытрилъхьэжри, пщӀантӀэшхуэр къихухьащ. ТХЬЭМ
и Унэмрэ Ӏужымрэ апхуэдэ дыдэуи къэхухьат.

## *ГъуаплъащӀэ Хъурам*

[13] Пащтыхь Сэлмэн Сур щыщ Хъурам[a] иригъэблэгъащ. [14] Ар
нэхуталийхэм ящыщ фызабэ гуэрым и къуэт. И адэр Сур щыщт,
и ӀэщӀагъэкӀэ гъуаплъащӀэт. Хъурам ӀэпщӀэлъапщӀэт, гъуаплъэ
лэжьыгъэхэм я пӀалъи фӀыуэ ищӀэрт. Хъурам пащтыхь Сэлмэн
деж къакӀуэри, и пщэ сыт къыдимылъхьами, къанэ щымыӀэу игъэ-
зэщӀащ.

## *Гъуаплъэ пкъощӀэситӀыр*

[15] Хъурам гъуаплъэм пкъощӀэситӀ къыхигъэжыкӀащ. ТӀуми я
лъагагъыр ӀэфракӀэ пщыкӀуий хъурт, кӀапсэкӀэ къыупщмэ, я хъуреяг-
гъыр ӀэфракӀэ пщыкӀутӀ ирикъунут[b]. [16] ПкъощӀэсэхэм ятригъэувэ-
жын хуэдэу, Хъурам гъуаплъэм щхьэгутеситӀ къыхигъэжыкӀащ.
Дэтхэнэ зыми ӀэфракӀитху[c] и лъагагът. [17] ПкъощӀэситӀри я щхьагъ-
хэм лэрыпс зэхэухуэнахэм къахэщӀыкӀа хъар блырыбл къепхъуха-
хэмкӀэ игъэщӀэрэщӀат. [18] Нары* пыкӀэхэр тӀэу къекӀуэкӀыгъуэ хи-
лъхьэри, щхьэгутеситӀым къеблэблэх хъарыр игъэдэхэжащ. Хъурам
щхьэгутеситӀри зэщхьу ищӀат. [19] Ӏужым деж щыт пкъощӀэситӀым я
щхьэгутесхэм аӀуудзым и теплъэр яӀэт, ӀэфракӀиплӀи я лъагагът[d].
[20] ПкъощӀэситӀым ятригъэувa щхьэгутесхэр зэрыт кумбыгъэхэм,
хъар къепхъухар здэщыӀэм деж, хъурейуэ къекӀуэкӀыу икӀи сатыру
зэтету нары пыкӀэ щитӀ тещӀыхьат. [21] Хъурам пкъощӀэсэхэр Тхьэм
и Унэм къыпыщӀыхьа Ӏужым деж щигъэуващ. ЩӀыхьэпӀэм и ипщэ

[a] 7:13 Сур щыщ Хъурамыр хэбгъэзэрыхь хъунукъым а цӀэ дыдэр зезыхьэу щыта Сур пащтыхь Хъурамым.

[b] 7:15 Я лъагагъкӀэ метрибгъум нэсынущ, я хъуреягъыр метрих ирикъунущ.

[c] 7:16 МетритӀрэ ныкъуэм нэблагъэ хъунущ.

[d] 7:19 МетритӀым нэблагъэ хъунущ.

лъэныкъуэмкIэ щытым Йачын фIищащ, ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ игъэувам БэуазкIэ еджащ[a]. 22 ПкъощIэсэхэм я щхьэгутесхэм аIуу-
дзым и теплъэр яIэу ищIат. Абдеж Хъурам пкъощIэсэхэм елэжьы-
ныр щиухащ.

## Гъуаплъэ псылэгъупышхуэр

23 Абы иужькIэ Хъурам гъуаплъэм псылэгъупышхуэ[b] къыхигъэ-
жыкIащ. Псылэгъупышхуэм и зы гъунэм къыщегъэжьауэ адрей
и гъунэм нэсыху IэфракIипщI дэлът, и лъагагъыр IэфракIитхум
нэсырт. И нэзым и хъуреягъри IэфракIэ щэщI хъурт[c]. 24 Псылэгъу-
пышхуэ нэзым и щIагъымкIэ тIуащIэу къекIуэкIыу къэбым ещхь
пкъыгъуэхэр тетт, IэфракIэ къэси пщIы хуэзэрт. Къэбхэмрэ псы-
лэгъупышхуэмрэ Хъурам зэ гъэжыгъуэу къыхигъэжыкIащ.
25 Псылэгъупышхуэр гуу пщыкIутIым я тхым тетт; абыхэм
ящыщу щыр ищхъэрэкIэ плъэрт, щым я щхьэр къухьэпIэмкIэ гъэзат,
щым я щхьэр ипщэ лъэныкъуэмкIэ IуэнтIат, щыр къуэкIыпIэ лъэ-
ныкъуэм хуэплъэрт. Псылэгъупышхуэр зитх тет гуухэр я пхэщIы-
щхьэкIэ зэхуэгъэзат. 26 Псылэгъупышхуэ джабэхэм Iэгупэ хуэдиз я
Iувагът, и нэзхэри Iэгубжьэ IупщIакIэхэм ещхьт, аIуудз* къэгъэгъам
и теплъэми хуэдэт. Псылэгъупышхуэм псы батI минитI[d] ихуэрт.

## Гъуаплъэ тегъэувапIэхэр

27 Абы къинэмыщIкIэ, Хъурам гъуаплъэм тегъэувапIипщI къыхи-
гъэжыкIащ IэфракIиплI я кIыхьагъыу, плIы я бгъуагъыу, я лъагагъри
IэфракIищым[e] нэсу. 28 ТегъэувапIэхэм я щIыкIэр мыпхуэдэт: дэтхэнэ

---

a 7:21 «Йачын» псалъэм «(Тхьэм) егъэув», «Бэуаз» псалъэм «Ар лъэщщ» жиIэу къыбгурыIуэ хъунущ.

b 7:23 Псыр изу зэрыт мы псылэгъупышхуэм пасэрей журтыбзэкIэ «хы» жаIэу щытащ. Тхьэпщхэм зыщагъэкъэбзэжыр абдежт.

c 7:23 Псылэгъупышхуэм и джабэ зэхуакур метритхум нэблагъэ, и лъагагъыр метритIрэ ныкъуэ, и хъуреягъыр метр пщыкIутху хъунущ.

d 7:26 Литр мин тIощIитIрэ плIым нэблагъэ хъунущ.

e 7:27 И кIыхьагъымрэ и бгъуагъымрэ метр тIурытIым, и лъагагъыр зы метррэ ныкъуэм нэблагъэ хъунущ.

зыми гъуаплъэ зэфӀэбдзэхэм* иту джабэхэр иӀэт, я кӀуэцӀымкӀэ
щызэгъэбыдылӀэжауэ. [29] Джабэхэми зэфӀэбдзэхэми аслъэнхэр,
гуухэр, дамабгъуэхэр• хэщӀыхьат. Аслъэнхэмрэ гуухэмрэ я сурэт-
хэм я щхьэмкӀи я лъабжьэмкӀи тхыпхъэщӀыпхъэхэр хэлът. [30] Тегъэ-
увапӀэ къэс шэрхъиплӀ щӀэтт. Шэрхъхэри шэрхъ гулъэмыжхэри•
гъуаплъэм къыхэщӀыкӀат. ТегъэувапӀэ къэс лэгъуп тетт, дэтхэнэми
щӀэгъэкъуэн плӀырыплӀ яӀэу. ТхыпхъэщӀыпхъэхэр зэрахэлъу щӀэ-
гъэкъуэнхэри гъуаплъэм къыхэгъэжыкӀат. [31] Лэгъупхэр щхьэщы-
бгъэувэ хъууэ тегъэувапӀэхэм я купсэр къихат; ар ӀэфракӀэ хуэдиз
и кууагъыу тегъэувапӀэм къытещт. Купсэр хуэзэпэхъурейуэ щытт,
и бгъуагъри ӀэфракӀэрэ ныкъуэрэ[a] хъурт. Купсэм и хъуреягъкӀэ тхы-
пхъэ зэмылӀэужьыгъуэхэр хэщӀыхьат. Езы тегъэувапӀэхэм я пкъыр
плӀимэт, хъурейтэкъым. [32] Абыхэм шэрхъиплӀ ящӀэтт, шэрхъ гулъэ-
мыжхэри тегъэувапӀэм быдэу егъэбыдылӀат. Дэтхэнэми я лъагагъыр
ӀэфракӀэрэ ныкъуэрэ хъурт. [33] Шэрхъхэм я щӀыкӀэр хьэкуэстыгухэм
ящӀэт шэрхъхэм хуэдэт, я гулъэмыжри, я гулъэгури*, я гудзэри*, я
гупхъэтӀэкӀури* – псори гъуаплъэм къыхэгъэжыкӀат.

[34] ТегъэувапӀэ къэс убыдыпӀэ плӀырыплӀ иӀэт, и къуапэхэм къы-
хэкӀыу. [35] ӀэфракӀэ ныкъуэ зи лъагагъ уэрдыхъу хъурейри тегъэува-
пӀащхьэм къыщхьэщытт. Абы и къуапэхэм къыхэкӀ убыдыпӀэхэри
джабэхэри гъуаплъэм къызэдыхагъэжыкӀат. [36] Хъурам убыдыпӀэ-
хэмрэ уэрдыхъумрэ я щӀыӀум, здэхъум деж, дамабгъуэхэм, аслъэн-
хэм, чыцӀыбжьейхэм я сурэтхэр къыхибзыкӀат, я хъуреягъкӀи тхы-
пхъэщӀыпхъэхэр хилъхьэжат. [37] Апхуэдэурэ абы тегъэувапӀипщӀыр
ищӀащ. Ахэр псори зэщхьу гъэжат, я инагъкӀи я теплъэкӀи зэхуэдэт.

[38] Абы иужькӀэ Хъурам гъуаплъэм лэгъупипщӀ[b] къыхигъэжы-
кӀащ. Лэгъуп къэс батӀ тӀощӀитӀ[c] ихуэрт, ӀэфракӀиплӀи[d] и бгъуагът.
ТегъэувапӀэ къэс зы лэгъуп тригъэувэжащ. [39] ТегъэувапӀитхур
Тхьэм и Унэм и ипщэ лъэныкъуэмкӀэ игъэуващ, адрей тхури и

*a* **7:31** Метр ныкъуэм нэблагъэ хъунущ.

*b* **7:38** 2 Тхыдэжьхэр 4:6 къызэрыхэщымкӀэ, зи гугъу ищӀыр тыхь гъэсын ящӀыну Ӏэщым и пкъыр ятхьэщӀын щхьэкӀэ зралъхьэ лэгъуп лӀэужьыгъуэщ.

*c* **7:38** Литр щийрэ тӀощӀиплӀым нэблагъэ хъунущ.

*d* **7:38** МетритӀым нэблагъэ хъунущ.

ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ игъэуващ. Псылэгъупышхуэр Тхьэм и
Унэм и ипщэ-къуэкIыпIэмкIэ щигъэзэгъащ. 40 А псом ищIыIужкIэ,
Хъурам шыуанхэри, хьэкутхъухэри, лэджэнхэри* ищIащ.

### *Хъурам и гъуаплъэ IэщIагъэхэр*

Абдеж Хъурам зэфIигъэкIащ пащтыхь Сэлмэн и лъэIукIэ
ТХЬЭМ и Унэм ирихьэлIэн хуея лэжьыгъэр псори. Абы ищIащ:

41 пкъощIэситIыр;
фалъэ теплъэ иIэу пкъощIэсхэм къащхьэщигъэувэжа щхьэгутеси-
тIыр;
щхьэгутесхэм къарипхъухыжа хъаритIыр;
42 хъархэр иригъэщIэрэщIэну хилъхьа нары пыкIэ щиплIыр
(щхьэгутеситIым къеблэблэх хъархэм тIуащIэу къекIуэкIыу хэлъ
нары пкъыгъуэхэр);
43 тегъэувапIипщIымрэ абыхэм тет лэгъупипщIымрэ;
44 псылэгъупышхуэмрэ ар зитх тет гуу пщыкIутIымрэ;
45 шыуанхэр, хьэкутхъухэр, лэджэнхэр.

ТХЬЭМ и Унэм щхьэкIэ Хъурам Сэлмэн хуищIа IэщIагъэ-
хэр псори гъуаплъэ гъэзIууам къыхэщIыкIат. 46 Пащтыхьым ахэр
Iурдын губгъуэм, Сэкъуэтрэ Зэртанрэ я зэхуакум, къыщыха-
гъэжыкIыну унафэ ищIат. Гъуаплъэ ткIуари ятIагъуэ жыпхъэхэм
иракIэурэт зэрагъэжри. 47 КуэдыIуэ зэрыхъум къыхэкIыу, ахэр
Сэлмэн ишэчатэкъым. Гъуаплъэм и хьэлъагъыр зэрыхъуу щытари
зыми ищIэркъым.

### *Тхьэм и Унэм щIэт дыщэхэкIхэр*

48 Абыхэм нэмыщI Сэлмэн ТХЬЭМ и Унэм щIэтыну мы хьэкъу-
щыкъухэри ищIащ:

мыстхъэхэр щагъэс дыщэ тыхьщIыпIэр;
щIакхъуэ тыхьхэр щызэтралъхьэ дыщэ Iэнэр;
49 дыщэ плъыжьым къыхэщIыкIа уэздыгъэхэр (ЛъапIэщ щIыхьэ-

пIэм и ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ тхур щытт, и сэмэгурабгъумкIэ адреитхури екIуэкIыу щытт);
дыщэ къэгъагъэхэр, уэздыгъэнэфхэр, Iэдэхэр,
50 фалъэхэр, уэздыгъэку сахуэхэр къызэрыпах лэныстэхэр, лэджэнхэр, Iэгубжьэхэр, мыстхъалъэхэр* – псори дыщэ къабзэм къыхэщIыкIат. ЛъапIэщми ЩIыпIэ ЛъапIэми бжэхэм хэлъ бжэеIулIхэри къызыхэщIыкIар дыщэт.

51 ТХЬЭМ и Унэм и щIыным епха лэжьыгъэр псори щызэфIэкIым, Даут абы триIуауэ щыта гъэтIылъыгъэхэр[a] – дыжьынри, дыщэри, хьэкъущыкъухэри – Сэлмэн хъугъуэфIыгъуэщым щIилъхьащ.

## ЕЯНЭ IЫХЬЭ

### *Пхъуантэ ЛъапIэр Тхьэм и Унэм зэрахьыжар*

8 1 ТХЬЭМ и Пхъуантэ ЛъапIэр Даут и Къалэм, ЗиуанкIэ зэджэм, къыдихыжу къиихьыжын папщIэ[b], Сэлмэн ИсрэIилым
тхьэмадэу исыр – лъэпкъхэм я нэхъыжьхэмрэ лIакъуэхэм я гъуазэхэмрэ – Ерусэлим ириджащ. 2 Арати, исрэIилхэри зыри къэмынэу
пащтыхьым деж ПщыIэтесхэм я махуэщIым ирихьэлIэу къыщызэхуэсащ[c]. Ар къыщыхъуар ЕтэнкIэ зэджэ ебланэ мазэрщ[d].
3 ИсрэIил тхьэмадэхэр къыщысым, тхьэпщхэм Пхъуантэ ЛъапIэр къаIэтащ, 4 ар зыщIэта Шэтыр ЛъапIэри хьэкъущыкъуу

*a* **7:51** Еплъ 2 Пащт. 8:11-12.

*b* **8:1** Даут и КъалэкIэ е ЗиуанкIэ зэджэу щытар Ерусэлим къалэм и хьэблэжьырщ. Даут и тетыгъуэм Пхъуантэ ЛъапIэр Шэтырым щIэту щахъумэр абдежт (еплъ 2 Пащт. 6:12-17). Сэлмэн Пхъуантэ ЛъапIэр здигъэIэпхъуэжа Тхьэм и Унэр Ерусэлим и ищхъэрэ лъэныкъуэрщ, хьэблэщIэрщ здэщыIар.

*c* **8:2** ИсрэIилхэм Iэтауэ ягъэлъапIэ махуэшхуэхэм языхэзщ ПщыIэтесхэм я махуэщIыр. Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, хэгъэгум цIыхухъуу исыр махуиблкIэ зы щIыпIэ щызэхуэсын хуейт.

*d* **8:2** Бжьыхьэпэм ику – бжьыхьэкум икухэрщ.

щIыгъуахэри щыщ къэмынэу ирахьэжьащ. Ахэр тхьэпщхэмрэ
лэбийхэмрэ• яхьырт, [5] пащтыхьымрэ ар къэзыухъуреихьа исрэIил-
хэмрэ Пхъуантэ ЛъапIэм ипэ иту кIуэрт. КIуэхукIи, Iэщ цIыкIурэ
Iэщ пIащэу къурмэн ящIым гъуни нэзи иIэтэкъым.
[6] Тхьэпщхэм Пхъуантэ ЛъапIэр Тхьэм и Унэм хэт ЛъапIэщым
щIахьэри, хуагъэнэхуа щIыпIэм, дамабгъуэхэм я дамэ щIагъым деж,
щагъэуващ. [7] Дамабгъуэхэм я дамэхэр Пхъуантэ ЛъапIэмрэ ар къы-
зэрырахьэкI къурагъхэмрэ щагъэува щIыпIэм щхьэщыубгъуа хъуат.
[8] А къурагъхэр апхуэдизкIэ кIыхьти, я кIэр ЛъапIэщым и гупэ къит
ЩIыпIэ ЛъапIэм укъиплъми, плъагъурт. Ауэ Унэм и щIыбкIэ абы-
хэм гу ялъыптэртэкъым. Нобэр къыздэсми ахэр абдеж зэрыщытщ.
[9] Пхъуантэ ЛъапIэм Мусэ дилъхьауэ щытыгъа мывэскъащитIым•
нэмыщI зыри дэлътэкъым. Мусэ ахэр абы щыдилъхьар исрэIилхэр
Мысырым къикIыжа нэужьт, ТХЬЭМ Хъурыб Iуащхьэ[a] деж абы-
хэм Iуагъэр щадищIам щыгъуэт.
[10] Тхьэпщхэр ТХЬЭМ и Унэм къикIыжа нэужь, абы пшэр щIэз
хъуащ. [11] ТХЬЭМ и фIыщIэмрэ щытхъумрэ зыхэт а пшэм Унэм
зыкъызэрыщиIэтам къыхэкIыу, тхьэпщхэм я лъэр щIэщIэу, зыри
яхуэмыщIэжу хъуат. [12] Абдежым Сэлмэн къэпсалъэри жиIащ: «Уэ
ди ТХЬЭ, пшэ фIыцIэм узэрыхэтынур жыпIэгъат. [13] Мы Уардэ
Унэр Уэ пхуэзухуащ, щытынущ ар игъащIэкIэ уи псэупIэу».

### *Сэлмэн и джэпсалъэр*

[14] ЗэрыисрэIил жылэу абдеж щызэхэтти, пащтыхьым и гупэр
абыхэм къахуигъазэри, Тхьэм и нэфIыр къащыхуэну яхуэлъэIуащ.
[15] Абы иужькIэ жиIащ:

«ФIыщIэри щытхъури зейр си адэ Даут къызэригъэгугъахэр нобэ зыгъэзэщIэжа ТХЬЭРЩ, ИсрэIилым и Тхьэрщ! Арат жызыIауэ щытар: [16] „Си лъэпкъыр Мысырым къыщисшыжа махуэ лъандэрэ си цIэм щхьэкIэ Унэ яухуэну исрэIил лIакъуэхэр щыпсэу къалэхэм ящыщ гуэрми сыхэдакъым. Ауэ си лъэпкъым, ИсрэIил и щIэблэм, и Iэщхьэтет хъуну Даут къыхэсхащ“.

[a] 8:9 СэнаI Iуащхьэ нэгъуэщIу зэреджэ фIэщыгъэщ.

[17] Си адэми игу ирилъхьат ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, и
цIэкIэ Унэ ищIыну. [18] АрщхьэкIэ ТХЬЭМ си адэ Даут хуида-
къым: „Си цIэм щхьэкIэ Унэ пщIыну уигу иплъхьащ, ар икIи
гухэлъыфIу пщIащ уэ. [19] Ауэ уэракъым Сэ Унэ схуэзыщIынур.
Уипкъ къикIа, уилъ зыщIэт уи къуэращ си цIэм щхьэкIэ щы-
тыну Унэр зыщIынур“.
[20] ТХЬЭМ и псалъэр игъэпэжащ. Си адэ Даут и пIэм си-
уващ, ИсрэIилым и тахътэу абы къыщIэнами, ТХЬЭМ зэры-
жиIам хуэдэу, сытесщ. Сэращ ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм,
и цIэкIэ щытыну Унэр зыщIари. [21] Ди адэжьхэр Мысырым
къыщришыжым, ТХЬЭМ абыхэм ядищIа Iуагъэр зытет мывэ-
скъащхэр Пхъуантэ ЛъапIэм зэрыдэлъщ, ар здэщытыну щIы-
пIэри абдеж щызгъэхьэзыращ».

## *Тхьэм и Унэр къыщызэIуахым Сэлмэн тхьэ зэрелъэIуар*

[22] Абдежым, исрэIилхэм я пащхьэ здитым, Сэлмэн ТХЬЭМ и
къурмэнщIыпIэм бгъэдэувэщ, и Iэхэр уафэмкIэ дриIэтейри, [23] тхьэ
елъэIуащ:
«Уэ ди ТХЬЭ, ИсрэIилым и Тхьэ, уэ пхуэдэтхьэ уафэщI-
хэми иткъым, щIылъэми теткъым! Iуагъэу пщIам ухуэпэжщ,
гурэ псэкIэ къыббгъэдэту уи гъуэгум ирикIуэхэми гущIэгъу
яхубощI. [24] Уи жыIэщIэу щыта си адэу Даут зэрыбгъэгугъахэр
бгъэзэщIащ. Уэрат ар жызыIари, нобэ нахуэ пщIащ.
[25] „Уэ укъызэрызэдэIуам хуэдэу, уи щIэблэр си жыIэм те-
мыкIыу тетмэ, си гъуэгуми сакъыу ирикIуэмэ, ИсрэIилым и
тахътэр игъащIэкIэ яIэщIэсхынукъым“ жыпIэри, уи жыIэщIэу
псэуа си адэ Даут псалъэ ептауэ щытащи, ди ТХЬЭ, ИсрэIи-
лым и Тхьэ, гъэзащIэ ар иджы. [26] Ирехъу, ИсрэIилым и Тхьэ,
уи жыIэщIэу псэуа си адэ Даут ептауэ щыта псалъэр нахуэ!
[27] Ауэ, пэж дыдэу, щыпсэуну пIэрэ Тхьэр мы щIыгум? Уэ
уафэщIхэри, уафэщIхэм я уафэгухэри пхурикъунукъым, дауэ
мы сщIа Унэм узэрыщIэхуэнур? [28] Апхуэдэу щыт пэтми, су-
рижыIэщIэщ, уи гущIэгъум сыщIолъэIу, ТХЬЭ, си Тхьэ!

СурижыIэщIэщ сэ, зэхэх си джэ макъыр, нобэ уи пащхьэ ситу
згъэш си тхьэлъэIуми ублэмыдэIукI. [29] Мы Унэм, уи цIэр зэп-
хауэ щытыну жыхуэпIа мы щIыпIэм, жэщи махуи уи нэIэ те-
гъэт. СурижыIэщIэщ, си гупэр мы щIыпIэм щыхуэзгъазэкIэ,
згъэшыну си тхьэлъэIухэр зэхэх. [30] Сэри, ИсрэIил и щIэблэу уи
лъэпкъми ди гупэр мы щIыпIэм къыщыхуэдгъазэкIэ, дгъэшыну
ди тхьэлъэIухэр къызэхэх. УздэщыIэ щIыпIэм, уздит уафэщI-
хэм, щызэхэхи, гущIэгъу къытхуэщI.

[31] Зыгуэрым и ягъэ нэгъуэщI цIыхум екIрэ, абы ар тхьэры-
Iуэм иришалIэмэ, мори къакIуэрэ зэрыхеймкIэ* уи къурмэн-
щIыпIэм деж тхьэ щиIуэу щытмэ, [32] уафэщIхэм уздитым ахэр
къыщызэхэпхыу щхьэж и хьэкъ хуэбгъэзэну сынолъэIу. ЯхуэщI
айтIум я хьэкумыр, мысэм ищIар и щхьэм тегъэхуэж, и захуа-
гъэр къэбгъэнахуэу, къуаншагъэ зыбгъэдэмылъри хей щIыж.

[33] Уи пащхьэ къыщихьа гуэныхьым къыхэкIыу, ИсрэIил и
щIэблэ уи лъэпкъыр бийм къыхигъащIэмэ, щIегъуэжрэ уи цIэр
къуэтэгъу ищIыжмэ, зыкъыпхуигъэзэжрэ и тхьэлъэIухэр мы
Унэм щыпхуигъэшу хуежьэжмэ, [34] уафэщIхэм уздитым ИсрэIил
и щIэблэ уи лъэпкъыр зэхэпхыу къыхуэбгъэгъуну, и адэжьхэм
яхуэбгъэфэщауэ щыта щIыгум ипшэжыну сынолъэIу.

[35] Уи пащхьэ къыщихьа гуэныхьым къыхэкIыу, уэгъу хъумэ,
щIегъуэжрэ мы щIыпIэм зыкъыхуигъазэу къыпхуэлъаIуэмэ, уи
цIэр къуэтэгъу ищIыжрэ и хьэкъ зэребгъэувэлIам щхьэкIэ тобэ
къихьыжмэ, [36] уафэщIхэм уздитым уи Iумэтым ит*, ИсрэIил
и щIэблэ уи лъэпкъыр зэхэпхыу къыхуэбгъэгъуну сынолъэIу.
ЗэрыкIуэн хуей гъуэгу захуэр къыхуэгъэнахуэ абы, унейуэ
къепта щIыгуми уэшх къыщыхуегъэшх.

[37] ЩIыгур гъаблэм щиубыдын, псэ зыIутыр уз зэрыцIалэм
лъэрыщIыкI щищIын, жьыгъуркIыр зепщэу къыщыкъуэун,
къэкIыгъэр гъуэтэрыгъум щызэригъэкIуэкIын, мацIэр зэужьу
къыщызэрыкъуэхын, ди къалэхэр бийм къыщитIысыхьын зэ-
манхэр къэкIуэнкIэ хъунущ. Къэхъуар сыт хуэдэ гузэвэгъуэ-
уи щрет, къежьар сыт хуэдэ узыфэуи ирехъу, [38] уи лъэпкъыу
ИсрэIил и щIэблэм щыщу хэт гуауэм игъэдзыхэу мы УнэмкIэ

зыкъимыгъазэми, сыт хуэдэ тхьэлъэIухэр къыббгъэдимы-
лъхьэми, сыт хуэдэ лъэIуфэхэр къыуимыхьэлIэми, [39] уздэщыIэ
щIыпIэм, уздит уафэщIхэм ахэр зэхэпхыу уакъыпэджэжыну
сынолъэIу. Къыхуэгъэгъу дэтхэнэми и гуэныхьыр, щхьэж
хуэфащэ хьэкъми хуэгъэзэж, сыту жыпIэмэ Уэращ зылъагъур
цIыхум и гум щыщIэр, Уэ зыращ цIыхугум щыхъэм щыгъуазэр.
[40] ИтIанэ уи шынагъэр абыхэм яIыгъынущ, ди адэжьхэм къепта
щIыгум тепсэухьыхукIи къыпфIэлIыкIынущ.

[41-42] Уи лъэпкъыу ИсрэIил и щIэблэм щымыщу щIыпIэ жыжьэ
щыпсэухэм уи цIэ лъапIэм и гугъур зэхахынущ, уи лъэкIыны-
гъэшхуэмрэ уи зэфIэкIымрэ яхэIуэнущ. Уи цIэм и хьэтыркIэ
къакIуэу мы Унэм и гупэр къыхуигъазэу апхуэдэ цIыхум и тхьэ-
лъэIур къыпхуигъэшмэ, [43] уздэщыIэ щIыпIэм, узэрыт уафэщIхэм
ар зэхэпхыу зыщIэлъэIу псори къыхуэпщIэну сынолъэIу. Къа-
щIэнущ итIанэ щIылъэм лъэпкъыу тетым уи цIэр, уи лъэпкъыу
ИсрэIил и щIэблэм хуэдэу, ахэри къыпфIэлIыкIынущ, мы Унэ
пхуэсщIам уи цIэр зэрызэрихьэм и хъыбарри яхэIуэнущ.

[44] Уи лъэпкъыр и бийхэм езэуэнэу щыкIуэкIэ, дэнэ щIыпIэ
ар Уэ йумышажьэми, Уэ къыхэпха къалэм, уи цIэм и хьэтыркIэ
сщIа Унэм и гупэр къыхуигъазэрэ тхьэлъэIухэр пхуигъэшу хуе-
жьэмэ, [45] уафэщIхэм уздитым зыщIэлъэIур зэхэх, и лъэIуфэхэр
къыхуэщIэ, хеящIи къыхуэхъу.

[46] Уи лъэпкъым уи губжьыр и щхьэм къыхуихьыжу уи па-
щхьэ гуэныхь къыщихьын, апхуэдэ гуэр зыIэщIэмыкI зыри
щыIэкъым-тIэ, къыхукъуэкIыну бийм ар IэщIэплъхьэу гъэры-
пIэм, ар жыжьэми благъэми, щебгъэхун зэман къэкIуэнущ.
[47] Бийм и щIым егъэзыгъэкIэ къыщыхутэну уи лъэпкъым Iич-
рам къыщихьыжкIэ, щIегъуэжынурэ уи гущIэгъум лъыхъуэу:
„Гуэныхь къэтхьащ, бзаджагъэ длэжьащ, къуаншагъэ зетхьащ"
жаIэнущ. [48] ГъэрыпIэм здитым къыгурыIуэжрэ гурэ псэкIэ
зыкъыпхуигъэзэжмэ, и адэжьхэм къепта щIыгум, къыхэпха
къалэм, уи цIэм и хьэтыркIэ сщIа Унэм гупэ зыкъыхуищIрэ
тхьэлъэIухэр пхуигъэшу хуежьэмэ, [49] уздэщыIэ щIыпIэм, уздит
уафэщIхэм зэхэхи, и лъэIуфэхэр къыхуэщIэ, хеящIи къыхуэхъу.

[50] Уи пащхьэ гуэныхь къыщцызыхьа уи лъэпкъым къыхуэгъэгъу.
КъыпкIэлъызэрихьа щIэпхъаджагъэ псори къахуэгъэгъу,
гъэр зэтезыщIахэми гущIэгъу къыхуащIыну я гум къилъхьэ.
[51] Ар – уи лъэпкъщ, зиунагъуэрэ, Мысырым къипшыжаращ,
абы и хьэку жьэражьэм къыхэпшыжаращ.
[52] Сэрэ уи лъэпкъыу ИсрэIил и щIэблэмрэ ди лъэIуфэхэр
ныщыпхуэдгъазэкIэ, сыт щыгъуи дызэхэпхыну, ди тхьэ-
лъэIухэми уи нэIэ тебгъэтыну сынолъэIу. [53] Уэращ, ТХЬЭУЭ
Тепщэныгъэ ЗиIэ, щIылъэм тет адрей лъэпкъхэм ахэр къа-
хэбгъэщхьэхукIыу уи Iэмыщ1э изылъхьари къыхэзыхари. Ди
адэжьхэр Мысырым къипшыжа нэужь, уи жыIэщIэу щыта
Мусэ ахэр къыжезыIар Уэращ».

## *Сэлмэн Тхьэм и нэфIыр ИсрэIилым къыщыхуэну тхьэ зэрелъэIуар*

[54] ТХЬЭМ хуигъэза тхьэлъэIухэмрэ лъэIуфэхэмрэ иуха нэужь,
къурмэнщIыпIэм и пащхьэм зи Iэхэр уафэмкIэ дэIэтеярэ лэгуажьэмы-
щхьэкIэ иса Сэлмэн къызэфIэувэжащ. [55] Абы иужькIэ и макъыр Iэта-
уэ исрэIил лъэпкъым щыщу къызэхуэсахэм пащтыхьыр ехъуэхъуащ:
[56] «Къызэригъэгугъам хуэдэу, и лъэпкъыу ИсрэIил и щIэ-
блэм ТХЬЭМ гупсэхугъуэр къритащи, фIыщIэри щытхъури
ейщ! И жыIэщIэу щыта Мусэ къыжриIа псалъэфIхэм ящыщу
мызэщIауэ зыгуэри къэнакъым. [57] Ди адэжьхэм зэращIыгъуам
хуэдэу, дэри дрегъусэ ТХЬЭР, ди Тхьэр! Дремыбгынэ икIи
дыкъызэрыремынэкI! [58] Игъэнэхуа гъуэгухэм дыдэмыхыу ды-
тетын, ди адэжьхэм яхуищIа унафэхэмрэ къахуигъэна щIапхъэ-
хэмрэ ди щIыб яхуэдмыгъэзэн хуэдэу, дигухэр Езым и деж
ирегъазэ! [59] Сэрэ и лъэпкъыу ИсрэIил и щIэблэмрэ махуэ къэс
хей захуэр тхуищIэн хуэдэу, ТХЬЭМ сызэрелъэIуа мы псалъэ-
хэр Абы и пащхьэ имыкIыу жэщи махуи лърeIэс! [60] КъащIэнщ
итIанэ мы щIылъэм лъэпкъыу тетым ТХЬЭР зэры-Тхьэр, Абы
хуэди зэрыщымыIэр. [61] Иджыпсту хуэдэу, ищIа унафэхэмрэ
къигъэува щIапхъэхэмрэ фытету фыпсэун щхьэкIэ, фигухэр
зэрыщыту ТХЬЭМ ета ирехъу».

### *Тхьэм и Унэм Сэлмэн къурмэн зэрыщищIар*

62 Абы иужькIэ пащтыхьми исрэIил лъэпкъым щыщу абдеж
къэрихьэлIахэми ТХЬЭМ къурмэн хуащIу хуежьащ. 63 ЗэфIыж
къурмэн папщIэу Сэлмэн ТХЬЭМ Iэщ пIащэ къудейуэ щхьэ мин
тIощIрэ тIу, Iэщ цIыкIуу щхьэ минищэрэ тIощIрэ къурмэн хуищIащ.
Апхуэдэ щIыкIэкIэ пащтыхьымрэ исрэIилхэмрэ ТХЬЭМ и Унэр
яумэхъащ*.
64 А махуэ дыдэм пащтыхьым ТХЬЭМ и Унэм и гупэкIэ къит
пщIантIэкур иумэхъри, абдеж дыдэм тыхь гъэсынхэри, гъавэ тыхь-
хэри ТХЬЭМ щыхуищIащ, зэфIыж къурмэну ищIа Iэщхэм я щэри
ТХЬЭМ къыщыхуихьащ. А псор ТХЬЭМ и Унэм и пащхьэ ит
гъуаплъэ къурмэнщIыпIэм техуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым.
65 ПщыIэтесхэм я махуэщIыр Сэлмэн Iэтауэ игъэлъэпIащ.
Лэухьэмэт щегъэжьауэ Мысыр гъунапкъэм деж щыIэ псыхъуэм
нэс щыпсэу исрэIилхэм ящыщу зы цIыху къэмынэу абы хэтащ.
ТХЬЭМ, ди Тхьэм, и пащхьэ а махуэщIыр тхьэмахуитI псокIэ
Iэтауэ щагъэлъэпIащ. 66 КъыкIэлъыкIуэ махуэм Сэлмэн цIыху-
бэр зэбгриутIыпщыкIыжащ. ТХЬЭМ и жыIэщIэу щыта Даутрэ и
лъэпкъыу ИсрэIил и щIэблэмрэ къахуищIа фIыгъуэ псом щхьэкIэ
гуфIэрэ нэжэгужэу, пащтыхьым ехъуэхъухэу щхьэж и унэ кIуэжащ.

## ЕБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэр Сэлмэн къызэрыхуэкIуар*

**9** 1 Сэлмэн ТХЬЭМ и Унэри, пащтыхь сэрейри, ищIыну зыхуея
нэгъуэщI куэдри ухуэн иуха нэужь, 2 Джэбэн къызэрыщы-
хуэкIуэгъам хуэдэу, ТХЬЭМ абы етIуанэуи зыкъригъэлъэгъуащ.
3 КъыжриIащ ТХЬЭМ Сэлмэн:
«Уи тхьэлъэIуи уи лъэIуфи зэхэсхащ. Си цIэр игъащIэкIэ
щыIун хуэдэу, схуэпщIа Унэр сыумэхъащ. СытеплъэкъукIы-
нукъым абы зэикI, си нэIэ сыт щыгъуи тетынущ. 4 Уи адэ
Даут хуэдэу, уэри гурэ псэкIэ укъызбгъэдэтмэ, пэжым уте-
мыкIыу утетмэ, унафэу пхуэсщIар бгъэзащIэмэ, псалъэрэ

хабзэу згъэувахэр IэщIыб умыщIмэ, 5 „Уи щIэблэм игъащIэкIэ
ИсрэIилым и тахътэр яIэщIэсхынукъым“ жысIэу уи адэ Даут
зэрызгъэгугъам тету, узытес пащтыхь тахътэр мыуэжу игъа-
щIэкIэ щызгъэтынущ.
6 Ауэ фэрэ къыфщIэхъуэ щIэблэмрэ фи щIыб къысхуэвгъазэ-
мэ, фхуэсщIа унафэхэмрэ фхуэзгъэнэхуа щIапхъэхэмрэ фымы-
гъэзащIэу фытекIмэ, нэгъуэщIытхьэхэм захуэвгъазэу щхьэщэ
яхуэфщIмэ, 7 еста щIыгум ИсрэIилыр тезгъэкIуэдыкIынущ, си
цIэр игъащIэкIэ щыIуну сыумэхъа Унэри хъатэ пэмыхьэ сщIы-
нущ. Лъэпкъыу щыIэм и хъыбарыр зэпрадзыжу ИсрэIилыр
щIэнэкIалъэу къэзгъэнэнущ. 8 Мы Унэр зэхэуэжынущ[a], абдеж
хэт блэмыкIми, илъагъум и гур ирихынущ, Iумпэм ищIуи „Сыт
щхьэкIэ ТХЬЭМ мы хэгъэгуми мы Унэми мыр къарищIа?“
жиIэнущ. 9 ЩIэупщIэхэми мыпхуэдэу жраIэнущ: „Абыхэм я
адэжьхэр Мысырым къизышыжа ТХЬЭР, я Тхьэр, ябгынэри,
нэгъуэщIытхьэхэр къащтащ, щхьэщэ хуащIу икIи хуэлIыщIэу
хуежьащ. Мис ращ ТХЬЭМ абыхэм апхуэдэ тхьэмыщкIагъэр
къащIыхуихьар“ жаIэу».

### *Сэлмэнрэ Хъурамрэ зэрызэгурыIуар*

10 ТХЬЭМ и Унэмрэ пащтыхь сэреймрэ я щIыным Сэл-
мэн илъэс тIощI тригъэкIуэдащ. 11 А пIалъэм къриубыдэу, Сур
пащтыхь Хъурам Сэлмэн зыхуейм хуэдиз къурш уэздыгъей,
шыкIуртIымщэху, дыщэ къыхуригъэшащ. Ухуэныгъэхэр зэфIэкIа
нэужь, пащтыхь Сэлмэн Хъурам Джалил щIыналъэм ит къалэ
тIощI иритащ. 12 АрщхьэкIэ Сэлмэн ирита къалэхэм еплъыну Сур
икIыу кIуа Хъурам илъэгъуар игу ирихьакъым. 13 «Сытым щыщ, си
къуэш, мы къызэпта къалэхэр?!» – жриIащ абы Сэлмэн мыарэзыуэ.
Абдежым Хъурам Джалил щIыналъэм Къуэбыл[b] фIищащ – нобэр
къыздэсми ращ а щIыпIэм зэреджэр. 14 Хъурам пащтыхьым дыщэ
тIэлатищэрэ тIощIрэ[c] хуригъэшауэ щытат.

---

[a] 9:8 Е: «Мы Унэр сыт хуэдизу мытелъыджэлажьэми».
[b] 9:13 Мы фIэщыгъэм «зыми щымыщ» мыхьэнэр иIэнкIэ хъунущ.
[c] 9:14 ТонниплIым нэблагъэ хъунущ.

### *Сэлмэн и лъэхъэнэм ИсрэIилым зэрызиужьар*

[15] ТХЬЭМ и Унэр щаухуэм, пащтыхь сэрейр щащIым, быдапIэхэр
къызэрыщIыхьа мывэ лъабжьэхэр щагъэтIылъым, ерусэлим мывэ-
хъунэхэр щыдращIейм, Хьэзур, Мэджыдэ, Джэзэр къалэхэр къыща-
щIыхьым Сэлмэн щхьэхуимыту игъэлIыщIахэм мыращ я хъыбарыр.
[16] Мысырым и пащтыхь фирхьэуныр Джэзэр къалэм теуэри зэтригъэ-
схьауэ щытат, хьэнэней лъэпкъхэм ящыщу къалэм дэсхэри зэтриукIэ-
гъат. А къалэр и пхъум, Сэлмэн щхьэгъусэ хуэхъуам, дыщасэ папщIэу
иритыгъат. [17] Сэлмэн Джэзэри, Бэтхъуран Ищхъэрэри, [18] БэIэлэтIи,
пшахъуэщIым ит Тадмури зэригъэпэщыжащ, [19] гъавэ хъумапIэхэр
здыдэтыну, хьэкуэстыгу гъэувыпIэхэр здэщыIэну, шуудзэр здэщысы-
ну къалэхэри зэфIигъэувэжащ. Ерусэлими, Ливан щIыналъэми, и Iэ
илъ щIыпIэхэми Сэлмэн щищIыну зыхуей ухуэныгъэ псор дищIыхьащ.

[20] ИсрэIилым амэрейхэр, хьетхэр, пэризейхэр, хъыуийхэр,
еусейхэр щыпсэурт. Ахэр исрэIилхэм ящыщтэкъым. [21] ИсрэIилхэм
яхузэтемыукIэу къэна лъэпкъхэм къащIэна щIэблэт ахэр. Сэлмэн
щхьэхуимыту игъэлIыщIари ахэращ. Нобэр къыздэсми ар апхуэдэу
йокIуэкI. [22] Ауэ Сэлмэн исрэIилхэр пщылIыпIэм иригъэувакъым.
Абыхэм зауэлIхэр, Iуэхузехьэхэр, къулыкъущIэхэр, дзэпщхэр,
хьэкуэстыгузехуэхэмрэ шуудзэмрэ я пашэхэр къахишырт. [23] Абы
къищынэмыщIауэ, Сэлмэн лэжьыгъэу екIуэкIым я кIэлъыплъа-
кIуэуи игъэувыр исрэIилхэрат. ЦIыху щитхурэ щэ ныкъуэрэ хъу
кIэлъыплъакIуэхэр щхьэхуимыту ягъэлIыщIэхэм ящхьэщытт.

[24] Фирхьэуным и пхъур Даут и Къалэм дэкIыжу хуащIа унэм
Iэпхъуэжа нэужь, Сэлмэн быдапIэхэр къызэрыщIыхьа мывэ лъа-
бжьэхэр игъэтIылъащ.

[25] Сэлмэн илъэсым щэ тыхь гъэсынхэмрэ зэфIыж къурмэнхэмрэ
ТХЬЭМ и цIэкIэ игъэува къурмэнщIыпIэм деж щищIырт, мэ дахэ
къызыпих мыстхъэхэр ТХЬЭМ абдеж щыхуигъэсырт. Апхуэдэх-
хэурэ, пащтыхьым Унэр и кIэм нигъэсащ.

[26] Пащтыхь Сэлмэн кхъухьхэр Едумей щIыналъэм ит ЕлэтI
къалэм пэмыжыжьэу щыс, Къамылыхым[a] и Iуфэм Iус Езунджэбэр

[a] 9:26 Мыбдеж зи гугъу ищIыр Хы Плъыжьым и АкIабэ псыдэуапIэрщ.

щищӀырт. [27] Хъурам хым и пӀалъэ фӀыуэ зыщӀэ и хылӀхэр, Сэлмэн
и цӀыхухэр я гъусэу, а кхъухьхэм ису иригъэжьащ. [28] Ахэр кхъухь
тедзапӀэм къыӀусыкӀри, ӀуфыркӀэ[a] яунэтӀащ. Абы дыщэ тӀэлат
щиплӀрэ тӀощӀрэ[b] кърашри, пащтыхьым къыхуашауэ щытащ.

## ЕПЩӀАНЭ ӀЫХЬЭ

### *СэбэӀ-гуащэр Сэлмэн деж къызэрыкӀуар*

**10** [1] СэбэӀ пащтыхьыгъуэм[c] и гуащэм ТХЬЭМ и цӀэм епхауэ
Сэлмэн и щытхъуу яӀуатэр щызэхихым, упщӀэ гугъухэр
иритурэ игъэунэхуну къыхуэкӀуащ. [2] ЦӀыхушхуэ и гъусэу па-
щтыхь гуащэр Ерусэлим къеблэгъащ. Мэ дахэ къызыпих удз
зэмылӀэужьыгъуэхэр, дыщэ куэдыкӀейр, мывэ лъапӀэхэр къэзышэ
махъшэ чырэр щӀыгъут абы. Сэлмэн деж къекӀуалӀэри, зыхуейуэ
хъуамкӀэ пащтыхь гуащэр абы пкърыупщӀыхьащ. [3] Сэлмэни ар
къызэреупщӀа псоми япидзыжын иӀэт: щыӀэтэкъым пащтыхьым
зыхимыщӀыкӀрэ жэуап зримытыжыфын упщӀэрэ. [4] СэбэӀ-гуащэм
Сэлмэн и Ӏущагъ псор щигъэунэхум, иухуа пащтыхь сэрейр щи-
лъагъум, [5] и Ӏэнэм къытрагъэувэ шхынхэр, и блыгущӀэтхэр абы
зэрыпэрытӀысхьэм хэлъ хабзэхэр, и Ӏэнэзехьэхэм я Ӏуэху щӀэ-
кӀэр, абыхэм зэрызахуапэ щӀыкӀэр, и фадащхьэтетхэр зыхуэдэр,
ТХЬЭМ и Унэм щищӀ тыхь гъэсынхэр зыщыщыр и нэгу щыщӀэ-
кӀым, и гур щиубыдыкӀащ. [6] «Ӏуэхуу бгъахъэхэмрэ уи Ӏущагъым-
рэ теухуауэ си хэкум щаӀуатэхэр пэжщ, – жриӀащ СэбэӀ-гуащэм
пащтыхьым, – [7] а псор си нитӀкӀэ слъагъухункӀэ си фӀэщ хъуатэ-
къым. АрщхьэкӀэ, пэжым и ныкъуэри къызжамыӀауэ къыщӀэкӀащ:
Ӏущыгъэу пхэлъымрэ беигъэу ббгъэдэлъымрэ куэдкӀэ нэхъыбэщ
зэхэсхам нэхърэ. [8] ЕхъулӀащ уи цӀыхухэр! ЕхъулӀащ уи Ӏущагъым
щӀэдэӀуу сыт щыгъуи уи пащхьэ ит уи блыгущӀэтхэр! [9] КъыпхуэфӀу

[a] **9:28** ӀуфыркӀэ зэджэ щӀыпӀэр Хьэрып щӀыналъэм и ипщэ лъэныкъуэхэмкӀэ щыӀауэ хуэбгъэфащэ хъунущ.

[b] **9:28** Тонн пщыкӀутхум нэблагъэ хъунущ.

[c] **10:1** СэбэӀ пащтыхьыгъуэр Хьэрып щӀыналъэм и ипщэ лъэныкъуэхэмкӀэ щыӀащ.

ИсрэӀилым и тахътэр къыпхуэзыгъэфэща ТХЬЭМ, уи Тхьэм, фӀыщӀэри щытхъури ейщ! ТХЬЭМ ИсрэӀилым къыхуиӀэ фӀылъагъуныгъэ мыухыжым и хьэтыркӀэ Абы уэ пащтыхь уищӀащ, пэжым утетын, захуагъэр зепхьэн щхьэкӀэ».
10 СэбэӀ-гуащэм пащтыхьым дыщэ тӀэлатищэрэ тӀощӀрэ[a] тыгъэ
хуищӀащ, мэ дахэ къызыпих удз зэмылӀэужьыгъуэ куэди, мывэ лъапӀэхэри иритащ. СэбэӀ пащтыхьыгъуэм и гуащэм Сэлмэн къыхуиша удзхэм хуэдиз зэикӀ ИсрэӀилым къэрашатэкъым.
11 Хъурам и кхъухьхэмкӀэ дыщэр Ӏуфыр къызэрырашам хуэдэу,
жыгплъыжьи мывэ лъапӀи абы куэд дыдэ къэрашат. 12 Пащтыхьым
жыгплъыжьым ТХЬЭМ и Унэмрэ пащтыхь сэреймрэ яхуищӀа пхъэшыкъухэр къыхихащ, макъамэ ӀэмэпсымэхэмЗ пшыналъэ къизыгъэкӀхэм щхьэкӀэ пшынэдыкъуакъуэхэмрэ пшынэкъуаншэхэмрэ къыхищӀыкӀащ. ИпэкӀи иужькӀи апхуэдиз жыгплъыжь къэрашэлӀауэ зыми илъэгъуакъым.
13 Езым и пащтыхь жумартыгъэкӀэ иритар хэгъэкӀауэ, СэбэӀ-
гуащэр зыхуеи къызыщӀэлъэӀуи зы къимыгъанэу Сэлмэн абы тыгъэ хуищӀащ. Абы иужькӀэ, къыдэкӀуа цӀыху къомыр и гъусэу, гуащэр и хэку кӀуэжащ.

### *Сэлмэн и беягъыр*

14 Сэлмэн илъэс къэс къыӀэщӀыхьэ дыщэм тӀэлат щихрэ тӀо-
щӀищрэ хырэ[b] къишэчырт. 15 Абы хыхьэртэкъым щэхуакӀуэхэмрэ сатуущӀэхэмрэ, хьэрып пащтыхьхэмрэ щӀыналъэтетхэмрэ ирагъэщӀ хэхъуэр.
16 Пащтыхьым дыщэзэрылэкӀэ щӀэгъэнауэ мэӀу* щитӀ ищӀащ.
Дэтхэнэ зы мэӀуми дыщэ шэкӀэл щих[c] ихьащ. 17 Абы къищынэмы-
щӀауэ, Сэлмэн иджыри нэхъ цӀыкӀуу мэӀу щищ ищӀащ, дэтхэнэри дыщэзэрылэкӀэ щӀэгъэнауэ. МэӀу къэс минэ щырыщ[d] кӀуащ. Пащтыхьым ахэр псори Ливан мэз сэрейм щӀигъэзэгъащ.

a 10:10 ТоннииплӀым нэблагъэ хъунущ.
b 10:14 Тонн тӀощӀрэ щым нэблагъэ хъунущ.
c 10:16 Килограммиблым нэблагъэ хъунущ.
d 10:17 Зы килограммрэ грамм щиблым нэблагъэ хъунущ.

18 Пащтыхьым тахътэшхуэ ищIри, пыл къупщхьэр трилъхьащ, дыщэ-
зэрылэкIи щIигъэнащ. 19 Тахътэм дэкIуеипIих екIуалIэрт. Тахътэ джабэм
и щхьэр хуэзэпэхъурейуэ щIат, тетIысхьэпIэм и бгъуитIымкIэ Iэ телъхьэ-
пIэхэр иIэт, абыхэми аслъэн теплъэ зиIэ скъар зырыз къабгъурытт. 20 Ап-
хуэдэ аслъэн скъару дэкIуеипIихым я гъунэ къэс зы хуэзэу пщыкIутI
тетт. Абы ещхь гуэри нэгъуэщI зы пащтыхьыгъуи щащIатэкъым.
21 Пащтыхь Сэлмэн зэрыфыкI Iэгубжьэхэр зы къэмынэу дыщэм
къыхэщIыкIат. Ливан мэз сэрейм хьэкъущыкъуу щIэтри зэрыщыту
къызыхэщIыкIар дыщэ плъыжьт. Дыжьыным къыхэщIыкIа зыри
щыIакъым, сыту жыпIэмэ Сэлмэн и лъэхъэнэм дыжьыным апхуэ-
дэу пщIэ иIакъым.
22 Хым тету щIыпIэ жыжьэхэм кIуэ кхъухь зыбжани[a] пащтыхьым
иIэт. Хъурам и кхъухьхэм я гъусэу ежьэрти, абыхэм илъэсищ къэс
зэ дыщи, дыжьыни, пыл къупщхьи, номини, дыщэджэди къашэрт.
23 Сэлмэн беигъэу бгъэдэлъымрэ Iущыгъэу хэлъымкIэ щIылъэм
пащтыхьу тетым ящхьэпрыкIыжат. 24 Тхьэм Сэлмэн игу кърилъхьа
Iущыгъэм щIэдэIун щхьэкIэ, ар зрагъэлъагъуну дунейм цIыхуу
тетыр пабгъэрт. 25 Абы деж хэт къэмыкIуэми, тыгъэхэр къы-
хуихьырт – дыжьынымрэ дыщэмрэ къыхэщIыкIа хьэпшыпхэри,
щыгъынхэри, Iэщэ-фащэхэри, мэ дахэ къызыпих удз зэмылIэужьы-
гъуэхэри, шыхэри, къыдырхэри. Илъэс къэси арат зэрекIуэкIыр.
26 Сэлмэн и хьэкуэстыгухэмрэ ишхэмрэ я бжыгъэр хигъахъуэ
зэпытт. Хьэкуэстыгу къудейуэ минрэ щиплIрэ иIэт Сэлмэн. Шэщ-
хэм щIэту пащтыхьым шы мин пщыкIутIи иIэт. Ахэр абы хьэкуэ-
стыгутедзапIэ ищIа къалэхэмрэ езыр зыдэс Ерусэлимрэ щиIыгът.
27 Пащтыхьыр тетыхункIэ дыжьыныр мывэ къызэрыгуэкIым нэхъ-
рэ нэхъ лъапIакъым, къурш уэздыгъейри апхуэдизкIэ пэрыхьэтти,
Ехьудейм и бгы жьэгъухэм къыщыкI ахъуэ жыгхэм я пэбжт. 28 Сэл-
мэн ишхэр Мысырми Къуеуей хэгъэгуми кърахурт[b]. Пащтыхьым и

---

[a] 10:22 Е: «Таршыш кIуэ зэпыт кхъухь зыбжани». Таршыш кхъухь тедзапIэр а лъэхъэнэм нэхъ жыжьэ дыдэхэм ящыщу къалъытэу щытащ.

[b] 10:28 Е: «Музырми Къуеуей хэгъэгуми кърахурт». МузыркIэ зэджэр иджырей Тырку щIыналъэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIа Чылычей хэгъэгум хыхьэ зы щIыпIэщ. Еплъ апхуэдэу 10:29. Къуеуейр Чылычей хэгъэгуу къэзылъытэхэри щыIэщ.

сатуущӀэхэм ахэр Къууей къыщащэхурт. [29] Дыжьын шэкӀэл щих[a] и
уасэ хьэкуэстыгухэр Мысырым кърашырт, шыуэ кърахуми дыжьын
шэкӀэлищэрэ щэ ныкъуэрэ[b] щӀатырт. Пащтыхь сатуущӀэхэм ахэр
хьетхэмрэ арэмейхэмрэ я пащтыхьхэми иращэрт.

## ЕПЩЫКӀУЗАНЭ ӀЫХЬЭ

### *Сэлмэн и щӀыбыр ТХЬЭМ зэрыхуигъэзар*

**11** [1] Фирхьэуным и пхъум къищынэмыщӀауэ, пащтыхь Сэлмэн
хамэ щӀыпӀэхэм кърищауэ, мэуабейхэм, амонейхэм, едумей-
хэм, саидейхэм, хьетхэм ящыщу цӀыхубз куэд щхьэгъусэ ищӀащ,
фӀыуи илъэгъуащ. [2] «Абыхэм япхъу къэвмышэ, фипхъуи явмыт, фы-
дашэхынурэ, фи гур я тхьэхэм драгъэхьэхынущ», – жиӀэу ТХЬЭМ
исрэӀилхэм зи гугъу яхуищӀа лъэпкъхэрат ахэр къызыхэкӀар. Ахэрат
Сэлмэни фӀыуэ илъэгъуар. [3] Сэлмэн пащтыхь лъэпкъхэм яшыщу
щхьэгъусэ щиблрэ жэщгъуэлъ цӀыхубз щищрэ иӀащ. Абыхэм ар
гъуэгу захуэм дашэхащ. [4] Сэлмэн жьы щыхъум, и щхьэгъусэхэм
хамэ лъэпкъхэм я тхьэхэм драгъэхьэхыу хуежьащ. И адэ Даут ещхь
хъужакъым ар, и кӀэм нэсу ТХЬЭМ, и Тхьэм, хуэмыпэжу къыщӀэ-
кӀащ. [5] Сэлмэн саидейхэм я тхьэнэпцӀ Аштэрэти• амонейхэм я тхьэ
гущыкӀыгъуэ Мылкъуми щхьэщэ яхуищӀу хуежьащ.
[6] Сэлмэн ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу щӀидзащ.
И адэ Даут ещхь хъужакъым ар, и кӀэм нэсу ТХЬЭМ хуэмыпэжу
къыщӀэкӀащ. [7] Ерусэлим и къуэкӀыпӀэ лъэныкъуэмкӀэ щыӀэ Ӏуа-
щхьэм Сэлмэн мэуабейхэм я тхьэнэпцӀ цӀапӀэу КӀэумышрэ амоней-
хэм я тхьэнэпцӀ гущыкӀыгъуэу Мэлэхъурэ[c] я цӀэкӀэ тхьэлъэӀупӀэхэр
щигъэуващ. [8] Ар дыдэр яхуищӀащ хамэ хэку кърища цӀыхубз

---

a **10:29** Килограммиблым нэблагъэ хъунущ.

b **10:29** Зы килограммрэ грамм щиблым нэблагъэ хъунущ.

c **11:7** «Мэлэхъу» жыхуаӀэр «Мылкъум» нэгъуэщӀу зэреджэу щыта цӀэуэ щытынкӀэ хъунущ (еплъ 11:5). КӀэумыш хуэдэу, Мэлэхъуи сабийхэр тыхь хуащӀу щытащ. Тэурэт Хабзэм ипкъ иткӀэ, Мэлэхъу щхьэщэ хуэзыщӀа исрэӀилхэм я унафэр укӀт.

къомым, я тхьэхэм я пащхьэ мэ дахэ къызыпих мыстхъэхэр щагъэсын, къурмэн щыхуащӀын папщӀэ.

[9] Арати, ТХЬЭР, ИсрэӀилым и Тхьэр, Сэлмэн щӀэгубжьащ, и
гур Езым къызэрыбгъэдихам щхьэкӀэ. ТХЬЭМ тӀэуней Сэлмэн
зыкъригъэлъэгъуа пэтми, [10] хамэтхьэхэм захуимыгъэзэну быдэу
жриӀа пэтми, ар Абы и унафэм ебэкъуащ. [11] ТХЬЭМ Сэлмэн къыжриӀащ: «ПщӀэнур арамэ, зэдэтщӀа Ӏуагъэм узэрыхуэмыпэжам, пхуэзгъэнэхуа щӀапхъэхэм уи щӀыб зэрахуэбгъэзам щхьэкӀэ, Сэри пащтыхьыгъуэр фӀэкӀ имыӀэу пӀэщӀэстхъынурэ, уи блыгущӀэтхэм
ящыщ зым естынущ. [12] Ауэ уи адэ Даут и хьэтыркӀэ, упсэууэ дунейм утетыху ар уи нэгу щӀэзгъэкӀынукъым. Уи къуэращ пащтыхьыгъуэр зыӀэщӀэсхынур. [13] Абыи зэрыпащтыхьыгъуэу ӀэщӀэсхынукъым. Си жыӀэщӀэу щыта Даут и хьэтыркӀэ, псоми яхэсӀэтыкӀа Ерусэлим щхьэкӀэ, зы лӀакъуэм и унафэр абы къыӀэщӀэзнэнущ».

## *Сэлмэн и бийхэр*

[14] ТХЬЭМ Сэлмэн бий къыхукъуигъэкӀащ. Ар Едумей пащтыхь
унагъуэм къыхэкӀа Хьэдадэт. [15] Даут Едумей щӀыналъэм щригъэкӀуэкӀа зауэм[a] хэкӀуэдахэр щӀилъхьэжыну дзэпщ Йоуаб щыкӀуам
щыгъуэ, цӀыхухъуу а щӀыпӀэм исыр зэтриукӀауэ щытащ. [16] Едумейм
цӀыхухъуу исыр джатэщхьэщӀэкӀ ящӀыхункӀэ, Йоуабрэ исрэӀилхэмрэ
мазихкӀэ а щӀыналъэм къикӀакъым. [17] Ауэ Хьэдадэ (абы щыгъуэ ар
иджыри цӀыкӀут) Мысырым щтапӀэ ихьэжат и адэм и блыгущӀэтхэм ящыщ цӀыху зыбжанэм я гъусэу. [18] Мидан щӀыналъэр къызэранэкӀа
нэужь, ахэр Пэран пшахъуэщӀым кӀуат. Пэран щыщ цӀыху зыбжанэ зыщӀагъури Мысырым фирхьэуным деж кӀуащ. Фирхьэунми Хьэдадэ зыщӀэсын уни, шхыни, уеблэмэ зытепсэукӀын щӀыгуи иритащ.

[19] Фирхьэуныр апхуэдизкӀэ Хьэдадэ къыхуэфӀти, и щыкъу хъыджэбзыр, Тэхьпэнэс-гуащэм и шыпхъур, абы щхьэгъусэу иритащ. [20] Тэхьпэнэс-гуащэ и шыпхъум Хьэдадэ къуэ къыхуилъхуащ.
Абы ГуэнбэтӀ фӀащащ. Гуащэм ар фирхьэун сэрейм щипӀащ. ГуэнбэтӀи фирхьэуным и бынхэм я гъусэу къэхъуащ.

---

[a] **11:15** Мы зауэм и гугъур 2 Пащт. 8:13-14 деж къыщыхощ.

21 Мысырым здэщыIэм, Хьэдадэ зэхихащ Даут и адэжьхэм я
пащхьэ зэрихьэжам и хъыбарри дзэпщу щыта Йоуаб зэрыщы-
мыIэжым и гугъури. Мис абы щыгъуэщ Хьэдадэ фирхьэуным
щелъэIуар: «СутIыпщыж, си хэку сыкIуэжыну сыхуейщ», – жиIэу.
22 «Зыгуэр ухуэзгъэныкъуэрэ си деж уздэщыIэм, сыт апхуэдизу
уи хэку бгъэзэжыну ущIеIэр?» – еупщIащ абы фирхьэуныр.
«Хьэуэ, зыми сыхуэныкъуэкъым! – пидзыжащ абы Хьэдадэ. –
Ауэ, дапхуэдэу щымытми, сутIыпщыж!»
23 Тхьэм Сэлмэн нэгъуэщI зы бии къыхуигъэкIуащ. Ар и зиус-
хьэну Зубэхь къалэм и пащтыхь Хьэдадэзэр къыIэщIэкIыу щтапIэ
ихьэжыгъа ЕлэIэд и къуэ Арзуант. 24 Даут Зубэхь къалэм и дзэр
зэтрикъута нэужь, абы щыщу псэууэ къэнахэр зы хъунщIакIуэ гупу
Арзуан зэригъэуIури я пашэ хъуащ. Ахэр кIуэри Щам дэтIысхьащ,
къалэм и унафэри ящI хъуащ. 25 Сэлмэн дунейм тетыху, Арзуан
ИсрэIилым ебиящ. Хьэдадэ хуэдэу, абыи зэпымычу ИсрэIилым и
ягъэ иригъэкIыу екIуэкIащ. Ар Арэмей хэкум щытепщэт, ИсрэIил-
ри дунейм трилъагъуэ хъуртэкъым.

### *Тхьэм Йорэбэхьэм къызэригъэгугъар*

26 НэбатI и къуэ Йорэбэхьэми пащтыхьым зыкъыпиIэтащ.
Ар Сэлмэн и блыгущIэтхэм ящыщ зыт. Езыр Зэрэдэхь щыщт,
ЕфрэIим и лIакъуэм къыхэкIат. Йорэбэхьэм и анэр ЗэруахькIэ зэ-
джэ фызабэ гуэрт.
27 Йорэбэхьэм пащтыхьым зыкъыпиIэтын хуей щIэхъуам хъыбар
иIэщ. Сэлмэн быдапIэхэр мывэ лъабжьэкIэ къищIыхьырт, и адэ
Даут и Къалэм къыдекIуэкI мывэ сэрейм* пхыуда гъуанэри игъэ-
быдэжырт. 28 Йорэбэхьэм куэд зыхузэфIэкI лэжьакIуэт. Пщэрылъ
къыщащIыр хъарзынэу зэригъэзащIэм Сэлмэн гу лъитэри, Исуф и
лIакъуэм[a] щыщу лэжьыгъэ хьэкъ зыхьхэм ящхьэщигъэуващ.
29 Зэгуэрым Йорэбэхьэм Ерусэлим къыдэкIын хуей хъури, здэ-
кIуэм абы Шылэу щыщ Ахъия бегъымбарыр къыхуэзащ. Ахъия

---

[a] 11:28 ЕфрэIимхэмрэ минащхэмрэ Исуф и щIэблэу зыкъалъытэжырт. ТIури ищхъэрэ исрэIил лIакъуэхэм ящыщщ.

щыгъын щIыIутелъыщIэ щыгът. Езы тIум фIэкIаи губгъуэ нэщIым
зыри иттэкъым. [30] Ахъия и щыгъын щIыIутелъыщIэр иубыдри, Iыхьэ
пщыкIутIу ичэтхъащ. [31] Абы иужькIэ Йорэбэхьэм зыхуигъазэри жри-
Iащ: «Къащтэ мы щыгъын чэтхъахуипщIыр. ТХЬЭМ, ИсрэIилым и
Тхьэм, жиIар мыращ: „Сэлмэн пащтыхьыгъуэр къыIэщIызотхъыж,
уэри ураIэщхьэтетыну исрэIил лIакъуипщIыр узот. [32] Ауэ си жыIэщIэу
щыта Даут и хьэтыркIэ, исрэIил лIакъуэхэм яхэсIэтыкIа Ерусэлим
къалэм щхьэкIэ, зы лIакъуэр абы къыхуэзгъэнэнущ. [33] ИсрэIилхэм
я щIыб къысхуагъазэу саидейхэм я тхьэнэпцI Аштэрэт, мэуабейхэм
тхьэнэпцI КIэумыш, амонейхэм я тхьэнэпцI Мылкъум щхьэщэ зэры-
хуащIам, яхухэсха гъуэгум текIыу схуэмыфащэ зэралэжьам, Сэлмэн
и адэ Даут хуэмыдэу, яхуэсщIа унафэхэмрэ яхуэзгъэнэхуа щIапхъэ-
хэмрэ зэребэкъуам щхьэкIэщ апхуэдэу щIэсщIэнури.

[34] Ауэ зэрыпащтыхьыгъуэу къыIэщIэсхынукъым Сэлмэн. СщIа
унафэхэмрэ яхуэзгъэнэхуа щIапхъэхэмрэ тету цIыхум яхэсIэтыкIа,
си жыIэщIэу щыта Даут и хьэтыркIэ, Сэлмэн псэуху тетыгъуэр
езгъэIыгъынущ. [35] Ауэ и къуэм пащтыхьыгъуэр къыIэщIэсхыну-
рэ, уэ лIакъуипщIыр уэстынущ. [36] Си цIэр щыIун хуэдэу, псоми
яхэсIэтыкIа Ерусэлим си жыIэщIэу щыта Даут и жьэгу пащхьэ
мафIэр зэхэмыкIыжу си пащхьэ щыблэн хуэдэу, Сэлмэн и къуэм зы
лIакъуэр къыхуэзгъэнэнущ. [37] Уэ ИсрэIилым и пащтыхьу утезгъэ-
увэнущ, уи гум зэрыжиIэ дыдэм хуэдэуи, тетыгъуэр щызепхьэнущ.
[38] Си жыIэщIэу щыта Даут хуэдэу, унафэу пхуэсщIхэр бгъэзащIэмэ,
згъэнэхуа гъуэгум утемыкIмэ, схуэмыфащэ умылэжьмэ, псалъэрэ
хабзэу згъэувахэми уи щIыб хуумыгъазэмэ, сыпщIыгъунущ. Даут
зэрыхуэсщIам хуэдэу уэри уи унагъуэм и тетыгъуэр згъэбыдэнущ,
ИсрэIилри уи Iэ къисльхьэнущ. [39] Ныбжьрей тезыр мыхъуми, Даут
и щIэблэм и плIэр сыухуэнущ“».

[40] Сэлмэн Йорэбэхьэм иукIыну хэтащ, арщхьэкIэ ар щтапIэ
ихьэжри, Мысырым и фирхьэун Шушакъ[a] деж екIуэлIащ. Сэлмэн
дунейм ехыжыху, Йорэбэхьэм абы деж щыIащ.

---

[a] 11:40 Зи гугъу ищIыр Шушакъ Езанэрщ, ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ X лIэ-
щIыгъуэм Мысырым тетыгъуэр щызыIыгъа фирхьэунырщ.

### *Сэлмэн дунейм зэрехыжар*

[41] Сэлмэн и тетыгъуэм нэгъуэщӀ хъугъэщӀагъэу къэхъуам, игъэ-
хъам, бгъэдэлъа Ӏущыгъэм ятеухуа хъыбархэр «Сэлмэн и тхыдэ
тхылъым» итщ. [42] Сэлмэн ИсрэӀил псом и пащтыхьу Ерусэлим
илъэс тӀощӀитӀкӀэ дэсащ. [43] И уахътыр къэсри, Сэлмэн и адэжь-
хэм я пащхьэ ихьэжащ, и адэ Даут и Къалэми щыщӀалъхьэжащ.
И къуэр, Арбэхьэм, абы иужькӀэ пащтыхь хъуащ.

## ЕПЩЫКӀУТӀАНЭ ӀЫХЬЭ

### *ИсрэӀилыр пащтыхьыгъуитӀу гуэша зэрыхъуар*

**12** [1] Арбэхьэм Шэчэм къалэ кӀуащ. Абдеж щызэхуэсат ар
пащтыхьыгъуэм тезыгъэхьэну исрэӀилхэр[a]. [2] А хъыбарыр
НэбатӀ и къуэ Йорэбэхьэми зэхихащ. Йорэбэхьэм Сэлмэн зыщи-
гъэпщкӀуу иджыри Мысырым щыпсэурт. [3] Ауэ абы кӀэлъагъа-
кӀуэри кърагъэшащ, исрэӀилхэм ар зыщӀагъури, псори Арбэхьэм
деж кӀуащ. ИсрэӀилхэм Арбэхьэм зыхуагъазэри: [4] «Уи адэм бжьы
хьэлъэм дыщӀигъэувэгъат. Абы хьэкъ тщищӀауэ щыта лэжьыгъэ
хьэлъэр уэ тщыгъэпсынщӀэ, дызыщӀэт бжьыри ттехыж, итӀанэ уи
унафэм дынызщӀэувэнщ», – жраӀащ.

[5] «ФызэбгрыкӀыжи, махуищ дэкӀмэ, си деж фыкъекӀуэлӀэж!» –
яжриӀащ абыхэм Арбэхьэм.

ЗэрыжиӀам хуэдэу, цӀыхур зэбгрыкӀыжащ. [6] И адэ Сэлмэн
щыпсэум и упщӀэжакӀуэу щыта тхьэмадэхэм пащтыхь Арбэхьэм
еупщӀащ: «Мы цӀыху цӀыкӀум сыт яжесӀэжмэ хъуну жыфӀэрэ?»

[7] «Нобэ абыхэм уахуэӀурыщӀэмэ, – иратыжащ тхьэмадэхэм абы
жэуап, – зыхуейр яхуэпщӀэрэ дахэу уайпсэлъылӀэмэ, сыт щыгъуи
уи жыӀэщӀэу щытынущ».

[8] АрщхьэкӀэ тхьэмадэхэм кърата чэнджэщым Арбэхьэм еувэлӀэн
аркъудей идакъым. ЖаӀар хъатэ пэмыхьэ ищӀу, абы захуигъэзащ

---

[a] **12:1** Мыбдеж щегъэжьауэ «ИсрэӀил» / «исрэӀилхэр» жиӀэу текстым къыщыхэ-
хуэкӀэ, нэхъыбэм зи гугъу ищӀынур ищхъэрэ лӀакъуипщӀырщ.

езым къыдэхъуа и щауэгъу* щӀалэу упщӀэжэгъу* ищӀахэм. 9 «Фэ
сыт жыфӀэн? – еупщӀащ абыхэм Арбэхьэм. – „Уи адэ дызыщӀи-
гъэувэгъа бжьы хьэлъэр тщыгъэпсынщӀэ“ жызыӀэ мы лъэпкъым
сыт яжесӀэмэ нэхъыфӀ?»
10 Арати, къыдэхъуа и щауэгъу щӀалэхэми абы упщӀэж кърахьэ-
лӀэ* хуэдэу: «„Уи адэ бжьы хьэлъэм дыщӀигъэувэгъат, ауэ а хьэлъэр
уэ тщыгъэпсынщӀэ“ къыбжезыӀэ мы лъэпкъым „Си Ӏэпхъуамбэжьа-
кӀэр си адэ и бгым нэхърэ нэхъ пӀащэщ“ жыӀи, яжеӀэ. 11 „Си адэм
бжьы хьэлъэр къыфтрилъхьауэ щытамэ, сэ ар нэхъ хьэлъэж фщы-
сщӀынущ. Си адэм щӀопщ накӀэлъакӀэ фищӀу щытамэ, сэ бэджеи-
кӀэкӀэ фызэпрысхулэкӀынущ“ жыӀэ», – жаӀащ.
12 «Махуищ дэкӀмэ, си деж фыкъекӀуэлӀэж», – жиӀэу пащтыхьым
унафэ трищӀэу игъэнэхуа пӀалъэр къыщысым, Йорэбэхьэми, зэры-
исрэӀил жылэуи Арбэхьэм деж къыщызэхуэсащ. 13 Пащтыхьыр
цӀыхум пхъашэу къахэпсэлъащ. Тхьэмадэхэм я псалъэр къимыщтэу
лъэныкъуэ иригъэзри, 14 нэхъ щӀалэхэм кърата чэнджэщым тету
жиӀащ: «Си адэм бжьы къыфтрилъхьар фэркӀэ хьэлъэу щытамэ, сэ
ар нэхъ хьэлъэж фщысщӀынущ. Си адэм щӀопщ накӀэлъакӀэ фищӀу
щытамэ, сэ гъущӀычыр фи щӀыб щызгъэджэгунущ».
15 Арати, пащтыхьыр цӀыхубэм жаӀэм щӀэдэӀуакъым. Ар
ТХЬЭМ и Ӏэмыркӏэ къэхъуа Ӏуэхущ, апхуэдэу щӀищӀари Шылэу
щыщ Ахъия бегъымбарым НэбатӀ и къуэ Йорэбэхьэм хуригъэ-
Ӏуэхуа и псалъэр зэщӀэн щхьэкӀэщ. 16 ИсрэӀилхэм псоми я жыӀэ
пащтыхьыр зэрыщӀэмыдэӀуар я нэгу щӀэкӀати, жраӀащ:

«Даут ди Ӏыхьэ хэлъкъым,
худиӀуэху щыӀэкъым Ашэй и къуэм!
ФызэбгрыкӀ ИсрэӀилыр, щхьэж и унэ фыкӀуэж!
ИрещӀыж Даут зыщыщ лъэпкъым и унафэ!»

Ар жаӀэри, исрэӀилхэр щхьэж и унэ зэбгрыкӀыжащ. 17 Ехьудей
хэкум ит къалэхэм щыпсэу исрэӀилхэрат иджы Арбэхьэм зи па-
щтыхьыр.
18 Арбэхьэм лэжьыгъэ хьэкъыр зыхьхэм я унафэщӀ Адонирэм
исрэӀилхэм лӀыкӀуэ яхуищӀат, арщхьэкӀэ абыхэм ар мывэуэхь
къащӀри яукӀащ. Арбэхьэм ерагъкӀэ хьэкуэстыгум зридзэри,

Ерусэлим щIэпхъуэжащ. 19 Абы щегъэжьауэ нобэр къыздэсым
исрэIилхэм Даут и щIэблэм зыкъызэрыпаIэтам хуэдэу йокIуэкI.
20 ИсрэIилхэм Йорэбэхьэм къызэригъэзэжар щызэхахым, кIэ-
лъагъакIуэри, я зэIущIэм кърагжащ. Абдеж ар ИсрэIилым пащты-
хьыгъуэр щызэрихьэну щагъэнэхуащ. Ехьуд и лIакъуэм и закъуэщ
Даут хуэпэжу къэнар.
21 ИсрэIилым езауэу пащтыхьыгъуэр зыIэригъэхьэжын папщIэ,
Сэлмэн и къуэ Арбэхьэм Ерусэлим къызэрысыжу ехьудейхэмрэ
бенаминхэмрэ[a] ящыщу зауэлI нэхъыфI дыдэу цIыху минищэрэ тIо-
щIиплIрэ къахишащ.
22 Ауэ Тхьэм и цIыху Щэмэяхь Тхьэм и псалъэр къыхуэкIуащ:
23 «Ехьудейм и пащтыхь Сэлмэн и къуэ Арбэхьэми, ехьудейхэ-
ми, бенаминхэми, абыхэм яхэс исрэIилхэми я деж кIуэи яжеIэ:
24 „Мыращ ТХЬЭМ къиIуэхур: 'ФымыкIуэ зэуакIуэ, фи къуэш
исрэIилхэм фемызауэ! ФызэбгрыкIыжи, щхьэж и унэ фыкIуэж,
сыт щхьэкIэ жыпIэмэ мы псор си Iэмырщ къызэрыхъуар!'" жыIи».
Ахэр ТХЬЭМ къахуиIуэхум щIэдэIухэри, къазэрыжриIам тету,
щхьэж и унэ зэбгрыкIыжащ.

## *Йорэбэхьэм и дыщэ танэхэр*

25 Йорэбэхьэм ЕфрэIим бгылъэм ит Шэчэм къалэр зэригъэпэ-
щыжри дэтIысхьэжащ. Абы иужькIэ Йорэбэхьэм ПэнрэIил къалэр
къигъэбыдыхьащ.
26 Зэгуэрым Йорэбэхьэм егупсысащ: «Пащтыхьыгъуэр Даут
и щIэблэм яIэрыхьэжынкIэ хъунущ. 27 ТХЬЭМ и Унэм къурмэн
щащIын щхьэкIэ цIыхухэр Ерусэлим кIуэмэ, Ехьудейм и пащтыхьу
я зиусхьэн Арбэхьэм деж загъэзэжынкIэ хъунущ. Апхуэдэу
хъумэ, абыхэм саукIынурэ, Ехьудейм и пащтыхь Арбэхьэм деж
ебэжынущ». 28 Арати, чэнджэща нэужь, пащтыхьым танэ теплъэ
зиIэ скъаритI дыщэм къыхищIыкIри, цIыхубэм захуигъэзащ:

---

a **12:21** Бенамин и лIакъуэр ИсрэIил хэгъэгумрэ Ехьудей хэкумрэ я зэхуакум щы-
псэурт. Мыбдеж зи гугъу ищI хъугъэщIагъэхэм ирихьэлIэу бенаминхэр Ехьуд
и лIакъуэм хэшыпсыхьыжагъэнкIэ хъунущ.

«Ирикъунщ Ерусэлим фызэрыкIуар. Мыхэращ, ИсрэIил, Мы-
сырым фыкъизышыжа фи тхьэхэр», – жиIэри.
29 Абы зыр БэтIэл, адрейри Дан къалэм щигъэуващ[a]. 30 Ар гуэ-
ныхьым и къежьапIэ хъуащ: цIыхухэр тIум язым деж кIуэуэ яублащ, уе-
блэмэ Дан нэси къахэкIырт. 31 Йорэбэхьэм тхьэлъэIупIэ унэхэр ищIащ,
абыхэм лэбийхэм[b] ящымыщу цIыхубэм къахиша гуэрхэр тхьэпщуи
щIигъэувэжащ. 32 Еянэ мазэм и епщыкIутхуанэ махуэр, Ехьудейм зэры-
щащIым хуэдэу, махуэщIу игъэнэхуащ[c]. Йорэбэхьэм БэтIэл щигъэува
къурмэнщIыпIэм дежт къурмэнхэр щищIыр, зыхуищIри и IэкIэ ищIа
танэ теплъэ зиIэ скъархэрт. Йорэбэхьэм игъэува тхьэлъэIупIэ унэхэм
щIэт тхьэпщхэм ящыщт абдеж тхьэпщ хьэкъыр щезыхьэкIхэри.

## *Ехьудейм щыщ бегъымбарым Йорэбэхьэм зэригъэмысар*

33 Йорэбэхьэм, еянэ мазэм и епщыкIутхуанэ махуэм, щхьэзы-
фIэфIагъ хилъхьэу исрэIилхэм щхьэкIэ махуэщIу игъэнэхуа мазэм,
БэтIэл щигъэува къурмэнщIыпIэм кIуащ, мэ дахэ къызыпих мыс-
тхъэхэр абдеж щигъэсын щхьэкIэ.

## ЕПЩЫКIУЩАНЭ IЫХЬЭ

13 1 Мэ дахэ къызыпих мыстхъэхэр игъэсыну Йорэбэхьэм
къурмэнщIыпIэм здыбгъэдэтым, ТХЬЭМ и псалъэкIэ
Ехьудей хэкум къикIри, БэтIэл къалэ Тхьэм и цIыху гуэр къэкIуащ.
2 Абдежым ар, ТХЬЭМ и псалъэкIэ, къурмэнщIыпIэм щIэкIиящ:
«Уа, къурмэнщIыпIэ! Уа, къурмэнщIыпIэ! Мыращ ТХЬЭМ жиIэр:
„Даут и унагъуэм Йощий и цIэу зы щIалэ къралъхуэнущ. Мэ дахэ

---

a 12:29 Апхуэдэ щIыкIэкIэ, щIэуэ къэунэхуа ИсрэIилым е Ищхъэрэ пащтыхьы-
гъуэм я тхьэлъэIупIэ нэхъыщхьитIым язып хэгъэгум и ипщэ лъэныкъуэмкIэ,
адрейри абы и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ хъуат.

b 12:31 Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, тхьэпщхэр лэбийхэм ящыщын хуейт.

c 12:32 Ехьудейхэм ебланэ мазэм и епщыкIутхуанэ махуэм ягъэлъапIэ ПщыIэ-
тесхэм я махуэщIыр Йорэбэхьэм зы мазэкIэ нэхъ кIасэу ягъэмахуэшхуэну
унафэ ищIат.

къызыпих мыстхъэхэр иджыпсту уи гущIыIум щызыгъэс тхьэпщ-
хэр зэгуэр абдеж къурмэн а щIалэм щищIыжынущ, цIыху къуп-
щхьэхэри щигъэсыжынущ[a]“».
³ А махуэ дыдэми Тхьэм и цIыхум абыхэм телъыджэлажьэ я нэгу
щIигъэкIащ: «ТХЬЭМ ар къызэриIуэхуам мыр и щыхьэтыгъэщ:
мы къурмэнщIыпIэр зэгуэзынущ, сахуэу телъри къелъэлъэхынущ».
⁴ Тхьэм и цIыхум бэтIэл къурмэнщIыпIэм зыхуигъазэу жри-
Iар абы бгъэдэт Йорэбэхьэм щызэхихым, и Iэр ишийри: «Фубыд
мор!» – жиIащ.
Ауэ Йорэбэхьэм абы деж ишия и Iэр асыхьэту пыгъукIри, хуэ-
мыгъэхъеиж хъуащ. ⁵ ТХЬЭМ и унафэкIэ Тхьэм и цIыхум къихьа
псалъэри нахуэ хъуащ: къурмэнщIыпIэр зэгуэзащ, сахуэу телъри
къелъэлъэхащ.
⁶ Апхуэдэу щыхъум, Йорэбэхьэм абы елъэIуащ: «ТХЬЭМ, уи
Тхьэм, гущIэгъу къысхуищIу, си Iэр зэрыщытауэ ищIыжыну схуе-
лъэIу», – жиIэри. Ар ТХЬЭМ елъэIури, пащтыхьым и Iэр зэры-
щытам хуэдэу хъужащ.
⁷ Абы иужькIэ пащтыхьым Тхьэм и цIыхум жриIащ: «НакIуэ,
неблагъэ си унэ, тIэкIу узэIурыунщ, сэри фIыщIэтынхэр уэстынщ».
⁸ АрщхьэкIэ абы имыдэу пащтыхьым жриIащ: «ХъугъуэфIыгъуэу
ббгъэдэлъым и ныкъуэр къызэптыну ухуежьэми, уи унэ сынихьэну-
къым, мы щIыпIэм щIакхъуэ тыкъыри щысшхынукъым, псы Iубы-
гъуи щисфынукъым. ⁹ „Абдеж ущемышхэ икIи ущемыфэ, узэрыкIуа
гъуэгумкIи укъэмыкIуэж“ жиIэу унафэ къысхуэзыщIар ТХЬЭРАЩ».
¹⁰ Арати, Тхьэм и цIыхур БэтIэл къызэрыкIуа гъуэгумкIэ мы-
кIуэжу, нэгъуэщI гъуэгукIэ ежьэжащ.

## *Тхьэм и цIыхур зэрымыдэIуар*

¹¹ И ныбжьыр хэкIуэтауэ БэтIэл зы бегъымбар гуэр дэст. Абы и
къуэхэр и деж къэкIуэжри, Тхьэм и цIыхум а махуэм игъэхъахэр хуа-
Iуэтэжащ. Апхуэдэу абы пащтыхьым жриIахэми я адэр щагъэгъуэзащ.

---

[a] **13:2** Еплъ 4 Пащт. 23:15-20. Тхьэм и псалъэр зэрызэщIам и хъыбарыр абдеж къыщыIуэтащ.

[12] «Сыт хуэдэ гъуэгу ар зэрыкIуэжар?» – щIэупщIащ щIалэхэм я
адэр. ЩIалэхэми Ехьудей хэкум щыщ Тхьэм и цIыхур зэрыкIуэжа
гъуэгур ирагъэлъэгъуащ.
[13] «Шыдым уанэр схутефлъхьэ», – яжриIащ абы и къуэхэм.
Шыдым уанэр зэрытралъхьэу шэсри, [14] Тхьэм и цIыхум кIэлъежьащ.
Ар жыгей щIагъ гуэрым щIэсу ирихьэлIащ. «Уэра Ехьудей хэкум къи-
кIа Тхьэм и цIыхур?» – щIэупщIащ бегъымбарыр. «Сэращ!» – щыжи-
Iэм, [15] «НакIуэ, неблагъэ си деж, узэIурыунщ», – жриIащ.
[16] «Сэ нэзгъэзэжи, мы щIыпIэм сыщешхи, сыщефи хъунукъым.
[17] „Абдеж ущемышхэ икIи ущемыфэ, узэрыкIуа гъуэгумкIи укъэ-
мыкIуэж“ жиIэри, ТХЬЭМ и унафэ къыслъэIэсащ».
[18] АрщхьэкIэ бегъымбарым тригъэчыныхьу хуежьащ: «Сэри,
уэ пхуэдэу, сыбегъымбарщ. „Къегъэгъэзэжи уи унэ къегъэблагъэ,
егъашхэ икIи егъафэ“ жиIэу ТХЬЭМ и псалъэр мелыIычым къыс-
хуихьащ». (Ауэ ар пцIыт.) [19] Арати, Тхьэм и цIыхум игъэзэжри,
бегъымбарым и унэ щешхащ икIи щефащ.
[20] Ахэр иджыри Iэнэм къэмытэджыжауэ бгъэдэст, Тхьэм и
цIыхум къезыгъэгъэзэжа бегъымбарым ТХЬЭМ и псалъэр къы-
щылъэIэсам. [21] Ехьудей хэкум къикIа Тхьэм и цIыхум зыхуигъазэ-
ри, бегъымбарым зимыщIэжу жриIащ: «Мыращ ТХЬЭМ жиIэр:
„ТХЬЭМ, уи Тхьэм, и псалъэм уедэIуакъым, къыпхуищIа унафэми
уебэкъуащ. [22] Бгъэзэжри, ‘ущемышхэ икIи ущемыфэ’ жыхуэсIа
щIыпIэм ушышхащ икIи ущефащ. Абы щхьэкIэ уи хьэдэр уи адэжь-
хэр зыщIэлъ кхъэм щыщIалъхьэжынукъым“».
[23] Тхьэм и цIыхум шхэн иухыу, псы ефэжа нэужь, абы къезы-
гъэгъэзэжа бегъымбарым шыдым уанэр хутрилъхьащ. [24] Тхьэм
и цIыхур ежьэжащ, арщхьэкIэ аслъэныр и гъуэгупэ къихуэри ар
илIащ. Шыдымрэ аслъэнымрэ зыщхьэщыт абы и хьэдэр гъуэгу-
щхьэм къытенауэ телът. [25] Гъуэгум телъ хьэдэмрэ хьэдэм бгъэдэт
аслъэнымрэ абдеж къыблэкI цIыхухэм ялъэгъуащ. Ахэр бегъымбар
лIыжьыр зыдэс къалэм къакIуэри, ялъэгъуар щагъэхъыбаращ.
[26] Абы къезыгъэгъэза бегъымбарым ар щызэхихым, жиIащ: «Ар
ТХЬЭМ и унафэм емыдэIуа Тхьэм и цIыхуращ. ТХЬЭМ абы къы-
зэрыжриIам тету, аслъэным пэщIигъахуэри зэпкърыригъэтхъащ».

[27] Бегъымбарым и къуэхэм шыдым уанэ тралъхьэну яжриIащ.
ЩIалэхэми уанэр шыдым хутралъхьащ. [28] Ар ежьэри, гъуэгум телъ
хьэдэр къигъуэтыжащ. Абы шыдымрэ аслъэнымрэ зэрыбгъэдэтт.
Аслъэныр хьэдэм еIусатэкъым, шыдри зэпкъритхъатэкъым. [29] Бе-
гъымбарым хьэдэр къиIэтщ, шыдым трилъхьэри зыдэс къалэм игъэ-
зэжащ, игъейуэ щIилъхьэжыну. [30] Езым и кхъэм щыщIилъхьэжри,
«еуей мыгъуэ, си къуэш!» – жиIэурэ къыхэгуоукIыурэ игъеижащ.
[31] Ар щIилъхьэжа нэужь, бегъымбарым и къуэхэм уэсят яхуи-
щIащ: «СылIа нэужь, си хьэдэр Тхьэм и цIыхур зыщIэлъ кхъэм щы-
щIэфлъхьэж, си къупщхьэхэри абы и къупщхьэхэм бгъурыфлъхьэж.
[32] БэтIэл къурмэнщIыпIэмрэ Щэмэрей[a] къалэхэм дащIыхьа тхьэ-
лъэIупIэ унэхэмрэ теухуауэ ТХЬЭМ абы къыхуиIуэхуа псалъэхэр
фIэкI имыIэу зэщIэнущ».

### *Йорэбэхьэм и ерыщагъыр*

[33] Апхуэдизыр и нэгу щIэкIа пэтми, Йорэбэхьэм зытет гъуэгу
пхэнжым текIакъым. Аргуэрыххэти, тхьэлъэIупIэ унэхэм цIыху-
бэм къахиша гуэрхэр тхьэпщу щIигъэувэжырт. Хэтуи щрет, хуейр
а IэнатIэм хуигъэнахуэрти, тхьэлъэIупIэ унэхэм тхьэпщ хьэкъыр
щрахьэкIыну яхуигъэфащэрт. [34] Мис апхуэдэ гуэныхь бгъэдэлът
Йорэбэхьэм и унагъуэм. Зыгъэунэхъуу, щIы щхьэфэм ар тезыгъэ-
кIуэдыкIыжыпари аращ.

## ЕПЩЫКIУПЛIАНЭ IЫХЬЭ

### *Йорэбэхьэм и къуэр зэрылIар*

**14** [1] Абы ирихьэлIэу Йорэбэхьэм и къуэ Абий сымаджэ хъуащ.
[2] Йорэбэхьэм и щхьэгъусэм зыхуигъазэри жриIащ: «Узэ-
рызищхьэгъусэр къамыщIэн хуэдэу, уи щыгъыныр зэблэхъуи,

[a] **13:32** Мыбдеж ЩэмэрейкIэ зэджэр ИсрэIилырщ е Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэрщ. ИпэжыпIэкIэ жыпIэмэ, мы фIэщыгъэр ИсрэIилым щигъуэтар нэхъ иужьыIуэкIэщ, къызытекIари хэгъэгум и щыхьэрым зэрихьэ цIэрщ. «Щэмэрей» фIэщыгъэм къеджьапIэ хуэхъуам и гугъур 16:24 деж къыщыхощ.

Шылэу кIуэ. Мы лъэпкъым и пащтыхь сыхъуну жызыIауэ щыта
Ахъия бегъымбарыр абы дэсщ. [3] ЩIакхъуипщI, хьэлу зыбжанэ,
фо кхъуэщын зыдэщти, кIуэ абы деж. ЩIалэм и щхьэ кърикIуэнур
абы къыбжиIэнущ».
[4] Йорэбэхьэм зэрыжиIам хуэдэу, и щхьэгъусэм ищIри, Ахъия
бегъымбарым деж Шылэу кIуащ. Ахъия зыри илъагъужыртэ-
къым – жьыгъэм къыхэкIыу нэф хъуат. [5] Ауэ ТХЬЭМ Ахъия
бегъымбарым къригъэщIат: «Йорэбэхьэм и щхьэгъусэр сымаджэ
хъуа и къуэм и щхьэ кърикIуэнум иригумэщIу къокIуэ. Мы узы-
хуэзущийхэр абы жеIэ. КъыщыкIуэкIи, абы нэгъуэщI цIыхубз гуэру
зыкъыпфIигъэщIынущ», – жиIэри.
[6] Ахъия бегъымбарым, бжэIупэмкIэ къэIу цIыхубзым и Iэуэлъауэ
макъыр щызэхихым, жиIащ: «КъыщIыхьэ, Йорэбэхьэм я гуащэр.
Сыт уэрмыра хуэдэу зыщIэпщIыр? УэркIэ хъыбар дахэ сиIэкъым.
[7] КIуэжи, ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, жиIэ мы псалъэхэр
Йорэбэхьэм деж нэхьэсыж: „ЦIыху цIыкIум уакъыхэсIэтыкIри си
лъэпкъым, ИсрэIилым, и гъуазэ усщIат. [8] Даут и унагъуэм къы-
IэщIэстхъри, пащтыхьыгъуэр уэ уэстат. Ауэ си унафэхэр зыгъэ-
защIэу гурэ псэкIэ си ужь ита, схуэфащэ фIэкIа нэгъуэщI мыхъун
зымылэжьа, си жыIэщIэу щыта Даут ещхь аркъудей ухъуакъым.
[9] Уи япэ итахэм нэхърэ нэхъ бзаджащIэу укъыщIэкIащ. НэгъуэщIы-
тхьэхэм я скъар гъэжахэр бгъэуври сэ IэщIыб сыпщIащ, си губжьыр
къызэщIэбгъэплъащ. [10] Абы щхьэкIэ Йорэбэхьэм и унагъуэм
бэлыхьлажьэр къыхуэсхьынущ. И унагъуэм зы цIыхухъуи къизнэ-
нукъым, унэIутри цIыху щхьэхуитри згъэкIуэдынущ. ПхъэнкIийр
зэрагъэкIуэдым хуэдэу, Йорэбэхьэм и унагъуэм псэ зыIут къизмы-
нэу лъапсэкIуэдыр къыхуэзгъэкIуэнущ. [11] Йорэбэхьэм и унагъуэм
щыщу къалэм щылIэр хьэм яшхыжынущ, губгъуэм щылIэр бзум
яуIужынущ“. Аращ ТХЬЭМ жиIэр!
[12] Иджы гъэзэж! Уи лъапэр укъызыдэкIа къалэм зэрыдэпшиеу,
щIалэ цIыкIум и псэр хэкIынущ. [13] Зэры-ИсрэIилу ягъеинурэ
щIалъхьэжынущ ар. Аращ Йорэбэхьэм и унагъуэм щыщу кхъэм
щIалъхьэнур, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ а зы закъуэращ ТХЬЭМ,
ИсрэIилым и Тхьэм, фIы гуэр зыхилъэгъуар.

[14] ТХЬЭМ ИсрэIилым пащтыхь хуэхъунур игъэнэхуэнурэ, абы
Йорэбэхьэм и унагъуэм лъапсэкIуэдыр къыхуигъэкIуэнущ. Ар
къыщыхъунури нобэщ, уеблэмэ иджыпсту дыдэщ[a]. [15] ТХЬЭМ
ИсрэIилым удын ирихынущи, псы уэрым ирилъэщIэх псылъэдзэхум
ещхьу зэщIэсысэнущ. Ашэрэхь• и пкъохэр хуагъэувурэ ТХЬЭР
зэрагъэгубжьам къыхэкIыу, абыхэм я адэжьхэм ярита мы щIыгу-
фIым ИсрэIилыр ирихынурэ, Фэрат псыежэхым адрыщIкIэ щы-
зэбгрипхъынущ. [16] ИсрэIилхэр драгъэхьэхыу Йорэбэхьэм къихьа
гуэныхьхэм я ягъэкIэ, ТХЬЭМ ИсрэIилыр ибгынэнущ».
[17] Йорэбэхьэм и щхьэгъусэр ежьэжри, Тырзэхь кIуэжащ. И унэ
бжэщхьэIум зэребакъуэуи, щIалэ цIыкIум и псэр хэкIащ. [18] Ар
щIалъхьэжащ, ТХЬЭМ и жыIэщIэ Ахъия бегъымбарым къызэры-
жриIам тету, зэры-ИсрэIилуи щIалэ цIыкIур ягъеижащ.

## *Йорэбэхьэм дунейм зэрехыжар*

[19] Йорэбэхьэм и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуам –
зауэу иригъэкIуэкIахэмрэ пащтыхьыгъуэр зэрызэрихьамрэ – ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ.
[20] Йорэбэхьэм илъэс тIощIрэ тIукIэ пащтыхьыгъуэр зэрихьэри, и
адэжьхэм я пащхьэ ихьэжащ. Абы иужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ Нэдэбщ.

## *Ехьудейм и пащтыхь Арбэхьэм*

[21] Ехьудей хэкум щыпащтыхьыр Сэлмэн и къуэ Арбэхьэмт. Арбэхьэм пащтыхь щыхъуам илъэс тIощIитIрэ зырэ и ныбжьт. ТХЬЭМ и
цIэр щагъэлъэпIэн хуэдэу, исрэIил лIакъуэхэм яхиIэтыкIыу къахиха
Ерусэлим къалэм ар илъэс пщыкIублкIэ унафэ зэрихьэу дэсащ. Арбэхьэм и анэм и цIэр НэIэмэт, ар лъэпкъкIэ амонейхэм ящыщт.
[22] ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр ехьудейхэм ялэжь хъуащ.
Абыхэм къахьа гуэныхьыр я адэжьхэм ейм апхуэдизкIэ ебэкIырти,
ТХЬЭМ и губжьыр нэхъ иныжу къызэщIагъэплъат. [23] Ехьудейхэм

---

[a] **14:14** *Ар къыщыхъунури нобэщ, уеблэмэ иджыпсту дыдэщ* – Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым.

Iуащхьэшхуэ къэси жыг къудамэбэ къэси тхьэлъэIупIэхэр щагъэ-
увырт, мывэскъархэр щыхатIэрт, Ашэрэхь и пкъохэр щагъэувырт.
24 Ар щыгъэтауэ, тхьэхуэщIэ къэхьпагъи[a] хэгъэгум къыщыунэхуат.
ТХЬЭМ исрэIилхэм ябгъэдихуа лъэпкъхэм хабзэ гущыкIыгъуэу
зэрахьэхэри зы къэмынэу къащтат.

25 Арбэхьэм пащтыхь тахътэм зэрыдэкIуейрэ илъэс етхуанэр екIуэ-
кIырт, Мысырым и фирхьэун Шушакъ Ерусэлим щытеуам. 26 ТХЬЭМ
и Унэми пащтыхь сэрейми хъугъуэфIыгъуэу ярылъыр щIихри, зэры-
щыту ихьащ. Зыри къигъэнатэкъым, уеблэмэ пащтыхь Сэлмэн ищIа-
уэ щыта дыщэ мэIухэри ихьат. 27 Абыхэм я пIэкIэ Арбэхьэм гъуаплъэ
мэIухэр ищIри, пащтыхь сэрейм и дыхьэпIэм деж щыт щхьэхъумэхэм
я Iэщхьэтетхэм яритащ. 28 Пащтыхьыр ТХЬЭМ и Унэм кIуэху къэс,
хъумакIуэхэм мэIухэр яIыгъыу кIэлъыкIуэрт. КъыщагъэзэжкIи, мэIухэр
щхьэхъумэхэм я унэм къахьыжырти щызэтралъхьэжырт.

29 Арбэхьэм и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ
игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей пащтыхьхэм я тхыдэ
тхылъым» итщ. 30 Арбэхьэмрэ Йорэбэхьэмрэ зэпымычу зэзэуащ.
31 И уахътыр къэсри, Арбэхьэм и адэжьхэм я пащхьэ ихьэжащ,
абыхэм хуэдэу, Даут и Къалэм щыщIалъхьэжащ. Арбэхьэм и анэм
и цIэр НэIэмэт, амонейхэм ящыщт. Абы иужькIэ пащтыхь тахътэм
дэкIуеяр и къуэ Абиемщ.

## ЕПЩЫКIУТХУАНЭ IЫХЬЭ

### *Ехьудейм и пащтыхь Абием*

15 1 ИсрэIилым и пащтыхь НэбатI и къуэ Йорэбэхьэм те-
тыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс епщыкIуиянэр екIуэкIыу,
Абием Ехьудейм и пащтыхь хъуащ. 2 Абием илъэсищкIэ унафэ

[a] 14:24 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэхэм къарыкIыр гурыIуэгъуэ дыдэкъым. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, зи гугъу ищIыр тхьэлъэIупIэхэм деж къэхьпагъэ щызэрахьэу Iута цIыхухъухэмрэ цIыхубзхэмрэщ. ИсрэIилхэр къэзыухъуреихьу щыта лъэпкъхэм я диным апхуэдэ хабзэ хэлъу щытащ. Тэурэтым аркъудей идэркъым (еплъ Хабзэ 23:17-18).

зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. Абием и анэм и цӀэр МэӀэхут, ар Аби-
шэлам и пхъурылъхут[a].
[3] Абием гуэныхькъэхьу псэуа и адэм и гъуэгум текӀакъым. Ар
и адэжь Даут ещхьакъым, игури ТХЬЭМ, и Тхьэм, зэрыщыту ета-
уэ щытакъым. [4] Ара пэтми, Даут и хьэтыркӀэ, ТХЬЭМ, и Тхьэм,
Абием и жьэгу пащхьэ мафӀэр Ерусэлим щызэхигъэкӀыжакъым,
и къуэр пащтыхьыгъуэм тригъэхьащ, езы Ерусэлими нэхъ лъэщ
ищӀащ. [5] Хьет лъэпкъым щыщ Iурей и Iуэхур хэбгъэкӀмэ[b], Даут
ТХЬЭМ хуэмыфащэ илэжьакъым, псэухуи Абы и унафэхэм те-
кӀакъым. Аращ ТХЬЭМ апхуэдэу щӀищӀар.
[6] Абием псэуху, Арбэхьэмрэ Йорэбэхьэмрэ я зэхуаку дэлъа
зауэр увыӀакъым. [7] Абием и тетыгъуэм нэгъуэщӀ хъугъэщӀагъэу
къэхъуамрэ игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей пащтыхьхэм
я тхыдэ тхылъым» итщ. Абиемрэ Йорэбэхьэмрэ зэпымычу зэзэуащ.
[8] И уахътыр къэсри, Абием и адэжьхэм я пащхьэ ихьэжащ, Даут
и Къалэми щыщӀалъхьэжащ. Абы иужькӀэ пащтыхь тахътэм дэ-
кӀуеяр и къуэ Асэщ.

### *Ехьудейм и пащтыхь Асэ*

[9] ИсрэӀилым и пащтыхь Йорэбэхьэм тетыгъуэр зэрыӀэщӀыхьэрэ
илъэс етӀощӀанэр екӀуэкӀыу, Асэ Ехьудейм и пащтыхь хъуащ. [10] Ар
илъэс тӀощӀитӀрэ зыкӀэ унафэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. Абы и анэ-
шхуэм и цӀэр МэӀэхут, ар Абишэлам и пхъурылъхут.
[11] И адэжь Даут ещхьу, Асэ ищӀэри илэжьри ТХЬЭМ хуэфа-
щэ защӀэт. [12] Абы тхьэхуэщӀэ къэхьпагъэр хэкум щигъэкӀуэдащ, и
адэжьхэм ягъэувыгъа скъархэри зэтрикъутащ. [13] Хэбгъэзыхьмэ,
Ашэрэхь и пкъо гущыкӀыгъуэр зыщӀа и анэшхуэ МэӀэхуи пащтыхь
гуащэнанэ цӀэри трихащ. Асэ Ашэрэхь и пкъор ириупщӀыкӀри,
Къидрун псы жапӀэм деж щигъэсыжащ. [14] ТхьэлъэӀупӀэхэр ирамы-
хыжа пэтми, псэуху Асэ гурэ псэкӀэ ТХЬЭМ етауэ дунейм тетащ.
[15] Апхуэдэуи Асэрэ и адэмрэ Тхьэм и цӀэр зытраӀуа дыжьынхэри,

---

[a] **15:2** Е: «ипхъут». Апхуэдэу еплъ 10-нэ ездыгъуэм.
[b] **15:5** Еплъ 2 Пащт. 11.

дыщэхэри, хьэкъущыкъу зэмылӀэужьыгъуэхэри ТХЬЭМ и Унэм щӀилъхьэжащ.
[16] Асэрэ ИсрэӀилым и пащтыхь БэӀэшрэ тетыгъуэр яӀыгъыхункӀэ
зэзэуащ. [17] ИсрэӀилым и пащтыхь БэӀэш Ехьудей хэкум къихьэ-
ри, Арэмэхь къалэр къигъэбыдыхьу хуежьащ, Ехьудей хэкум и
пащтыхь Асэ дежи зыгуэри имыгъэкӀуэн, къикӀри блимыгъэкӀын
хуэдэу. [18] Апхуэдэу щыхъум, Асэ ТХЬЭМ и Унэмрэ езым и па-
щтыхь сэреймрэ я хъугъуэфӀыгъуэщхэм дыжьынрэ дыщэу къинар
кърихщ, и блыгущӀэтхэм яритри, Бэрхьэдадэ[a] деж лӀыкӀуэ ищӀащ.
Бэрхьэдадэ Табримум и къуэт, Табримум Хъизуан и къуэт. Асэ
Арэмей хэкум и пащтыхьу Щам дэс Бэрхьэдадэ деж лӀыкӀуэхэм
яригъэӀуэхуащ: [19] «Ди адэхэм я зэхуаку дэлъа зэгурыӀуэныгъэм
уэри сэри дытегъэт. Мы дыжьынымрэ дыщэмрэ тыгъэу ныпхузо-
гъэхь. ИсрэӀилым и пащтыхь БэӀэш си ужь икӀын хуэдэу, ебухылӀа
зэгурыӀуэныгъэр къутэж».
[20] Бэрхьэдадэ Асэ жиӀэм арэзы техъуащ. Абы и дзэпщхэм
исрэӀил къалэхэр къазэуну игъэкӀуащ. Абыхэм Ӏиуэн, Абэл-Бэт-
мэӀэху, Дан, Чынэрэт щӀыналъэр зэрыщыту, Нэхуталий хэкур
яубыдащ. [21] БэӀэш ар щызэхихым, Арэмэхь къалэм и къэгъэбыды-
хьыным иужь икӀыжри, Тырзэхь игъэзэжащ. [22] МыдэкӀэ, Ехьудей
хэкум псэ зыӀуту исым Асэ унафэ яхуищӀащ Арэмэхь къалэм БэӀэш
ухуэныгъэу щригъэкӀуэкӀам мывэрэ пхъэуэ хилъхьар къыхахыжы-
ну. Ахэр абы Бенамин щӀыналъэм хиубыдэ Джыбэхьрэ Мызпэхьрэ
иригъэшащ а къалэхэр къигъэбыдыхьыну.
[23] Асэ и тетыгъуэм нэгъуэщӀ хъугъэщӀагъэу къэхъуам, игъэ-
хъам, лӀыгъэщӀагъэу зэрихьам, къалэхэр къызэригъэбыдыхьам
ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ.
И ныбжьыр щыхэкӀуатэм, Асэ лъакъуэ узым къыхигъэзыхь хъуат.
[24] И уахътыр къэсри, Асэ и адэжьхэм я пащхьэ ихьэжащ, и адэжь
Даут и Къалэми щыщӀалъхьэжащ. Абы иужькӀэ пащтыхь тахътэм
дэкӀуеяр и къуэ Йощэфатщ.

---

[a] **15:18** Зи гугъу ищӀыр Бэрхьэдадэ Езанэрщ, хуэгъэфэщауэ, ди лъэхъэнэр къи-
хьэным ипэ 900 гъэм щегъэжьауэ 860 гъэм нэс Арэмей хэкум (нэгъуэщӀу жыпӀэмэ – иджырей Щамым) пащтыхьыгъуэр щызезыхьарщ.

## *ИсрэIилым и пащтыхь Нэдэб*

[25] Ехьудейм и пащтыхь Асэ тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
етIуанэр екIуэкIыу, Йорэбэхьэм и къуэ Нэдэб ИсрэIилым и
пащтыхь хъуащ, илъэситIкIи хэгъэгум тетыгъуэр щиIыгъащ.
[26] Нэдэб ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къекIуэ-
кIащ, ИсрэIилыр гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха и адэм и гъуэгуми
текIакъым.
[27] Ищэхъар и лIакъуэм щыщ Ахъия и къуэ БэIэш Нэдэб и лъа-
бжьэр къитIу хуежьащ. Нэдэбрэ исрэIилыдзэмрэ фылистей къалэ
ДжыбэтIыуэн къатIысыхьауэ щаIыгъ гуэрым иригъэхьэлIэри, Бэ-
Iэш пащтыхьыр иукIащ. [28] Абы щыгъуэм Ехьудейм и пащтыхь Асэ
тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс ещанэр екIуэкIырт. БэIэш абы
иужькIэ ИсрэIилым и пащтыхь хъуащ.
[29] Пащтыхьыгъуэр зэрыIэщIыхьэу, БэIэш Йорэбэхьэм и уна-
гъуэм щIапIэкIуэдыр къыхуигъэкIуащ. ТХЬЭМ и жыIэщIэ Ахъия
бегъымбарым, Шылэу щыщым, къызэрыжриIам тету, Йорэбэхьэм
и лъапсэм псэууэ зы цIыху къримынэу зэтриукIащ. [30] Йорэбэхьэм
гуэныхьщIэным исрэIилхэр зэрыдригъэхьэхам, ТХЬЭМ, ИсрэIи-
лым и Тхьэм, и губжьыр къызэщIигъаплъэ зэпыту зэрекIуэкIам
къыхуихьар аращ абы.
[31] Нэдэб и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ
игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхьхэм я тхыдэ
тхылъым» итщ. [32] Асэрэ ИсрэIилым и пащтыхь БэIэшрэ тетыгъуэр
яIыгъыхункIэ зэзэуащ.

## *ИсрэIилым и пащтыхь БэIэш*

[33] Ехьудейм и пащтыхь Асэ тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
ещанэр екIуэкIыу, Ахъия и къуэ БэIэш ИсрэIилым и пащтыхь
хъуащ. Ар илъэс тIощIрэ плIыкIэ унафэ зэрихьэу Тырзэхь дэсащ.
[34] Абыи ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къекIуэкIащ,
ИсрэIилыр гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха Йорэбэхьэм и гъуэгуми
текIакъым.

## ЕПЩЫКІУХАНЭ ІЫХЬЭ

**16** 1 ТХЬЭМ деж къикІри, БэІэш теухуа псалъэ Хьэнэний и
къуэ Йыхъу къыхуэкІуащ:
2 «ТхьэмыщкІэхэм уакъыхэсшри, БэІэш, си лъэпкъым, ИсрэІи-
лым, и гъуазэ усщІат. Арщхьэкlэ Йорэбэхьэм зэрыкІуа гъуэгу
пхэнжыращ уэри къыхэпхар, си губжьыр къызэщІэбгъаплъэу
ИсрэІилыр гуэныхьым дебгъэхьэхыу уекІуэкІащ. 3 Аращи, НэбатІ
и къуэ Йорэбэхьэм и унагъуэм зэресщІам хуэдэу, уэри уи унагъуэми
щІапІэкІуэдыр къыфхуэзгъэкІуэнущ. 4 Уи унагъуэм щыщу къалэм
щылІэр хьэм яшхыжынущ, губгъуэм щылІэр бзум яуІужынущ».
5 БэІэш и тетыгъуэм нэгъуэщІ хъугъэщІагъэу къэхъуам, игъэ-
хъам, лІыгъэщІагъэу зэрихьам ятеухуа хъыбархэр «ИсрэІил па-
щтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ. 6 И уахътыр къэсри, БэІэш и
адэжьхэм я пащхьэ ихьэжащ, Тырзэхь щыщІалъхьэжащ. Абы
иужькІэ пащтыхь тахътэм дэкІуеяр и къуэ Елэхьщ.
7 Ауэ БэІэшрэ и унагъуэмрэ теухуа ТХЬЭМ и псалъэр Хьэнэний
и къуэ Йыхъу бегъымбарым къылъэІэсагъэххэт. БэІэш ТХЬЭМ
хуэмыфащэ зэрырипэсам, Йорэбэхьэм и унагъуэм дэплъейуэ, и
губжьыр къызэщІэзыгъаплъэ Іуэхугъуэхэр зэрилэжьам пэкІуэ
унафэр ТХЬЭМ ищІакІэт. Йорэбэхьэм и лъэпкъым лъапсэрыхыр
къызэрыхуигъэкІуари хэтт а тезырым.

### *ИсрэІилым и пащтыхь Елэхь*

8 Ехьудейм и пащтыхь Асэ тетыгъуэр зэрыІэщІыхьэрэ илъэс
тІощІрэ еханэр екІуэкІыу, БэІэш и къуэ Елэхь ИсрэІилым и па-
щтыхь хъуащ. Ар илъэситІкІэ унафэ зэрихьэу Тырзэхь дэсащ.
9 И блыгущІэтхэм ящыщ Зымыр, хьэкуэстыгухэм и зэхуэди-
тІыр зи Іэмыщlэ илъым, Елэхь и лъабжьэр къитІу хуежьащ. Елэхь
Тырзэхь дэсу, пащтыхь сэрейтет Арзэ и унэ зимыщІэжу ефауэ зди-
лъым, 10 Зымыр щІыхьэри ар иукІащ. Мыр къыщыхъуар Ехьудейм
и пащтыхь Асэ тетыгъуэр зэрыІэщІыхьэрэ илъэс тІощІрэ ебланэр
щекІуэкІырщ. Елэхь иужькІэ Зымыр ИсрэІилым и пащтыхь хъуащ.
11 Пащтыхьыгъуэр ІэщІыхьэу тахътэм зэрыдэкІуейуэ, Зымыр
БэІэш и унагъуэр зэрыщыту зэтриукІащ. БэІэш и Іыхьлыуэ ирехъу,

и ныбжьэгъуу щрет, – псэууэ зы цIыхухъу къимыгъанэу джатэ-
щхьэщIэкI ищIащ. [12] ТХЬЭМ Йыхъу бегъымбарым къызэрыжри-
Iам тету, Зымыр БэIэш и лъапсэм псэууэ зы цIыхухъу къримынэу
игъэкIуэдащ. [13] Гуэныхьу къахьахэми, а псом исрэIилхэр зэры-
драгъэхьэхами, ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, и губжьыр къызэ-
щIэзыгъаплъэ тхьэнэпцIхэм я скъархэр ягъэуву къызэрекIуэкIами
БэIэшрэ абы и къуэ Елэхьрэ текIуэдэжащ.

[14] Елэхь и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ игъэ-
хъамрэ ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхьхэм я тхыдэ тхы-
лъым» итщ.

## *ИсрэIилым и пащтыхь Зымыр*

[15] Ехьудейм и пащтыхь Асэ тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
тIощIрэ ебланэр екIуэкIыу, Зымыр ИсрэIилым и пащтыхь хъуащ.
Ауэ абы махуибл къудейщ Тырзэхь унафэр зэрыщызэрихьар.
ИсрэIилыдзэм ДжыбэтIыуэн филистей къалэр къитIысыхьат.
[16] Зымыр пащтыхьым и лъабжьэр къитIу зэриукIам и хъыбарыр
дзэ пщыIэм тес исрэIилхэм я деж щынэсым, абыхэм а махуэ дыдэм
дзэпщ Iумыр пащтыхьу хахащ. [17] Абы иужькIэ Iумыррэ исрэIи-
лыдзэмрэ ДжыбэтIыуэн къыIукIыжри, Тырзэхь къатIысыхьащ.
[18] Зымыр къалэр къызэраштар къыщилъагъум, пащтыхь сэрейм хэт
быдапIэ унэм щIыхьэщ, мафIэ щIидзэри зэрыщыту зэтригъэсхьащ,
езыми зыхигъэсхьэжащ. [19] ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр
зэрилэжьам, Йорэбэхьэм зэрыкIуа гъуэгу пхэнжым зэрытетам,
гуэныхьу ар зыхэтам ИсрэIилри зэрыдригъэхьэхам Зымыр и щхьэр
хилъхьащ.

[20] Зымыр и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ
хъуагъэщагъэу зэрихьамрэ ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхь-
хэм я тхыдэ тхылъым» итщ.

[21] ИсрэIил цIыхубэр тIу ищIыкIащ: языныкъуэм ДжынэтI и къуэ
Тибний пащтыхьу трагъэувэну хуейт, языныкъуэри Iумыр и щIыб
къыдэтт. [22] Iумыр и дарэгъухэр ДжынэтI и къуэ Тибний къыкъуэт-
хэм нэхърэ нэхъ лъэщу къыщIэкIащ. Тибний зэхэуэм хэкIуадэри,
Iумыр пащтыхь хъуащ.

## *ИсрэIилым и пащтыхь Iумыр*

[23] Ехьудейм и пащтыхь Асэ тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
щэщIрэ езанэр екIуэкIыу, Iумыр ИсрэIилым и пащтыхь хъуащ.
Iумыр тетыгъуэр илъэс пщыкIутIкIэ IэщIэлъащ, абы щыщу
илъэсихкIэ Тырзэхь унафэ щищIащ. [24] Щэмэр деж дыжьын тIэ-
латитIкIэ[a] Щэмэрей Iуащхьэр къыщищэхури, абы и щыгум къалэ
трищIыхьащ. Iуащхьэр зейуэ щыта Щэмэр и цIэкIэ къалэм Щэ-
мэрейкIэ еджащ[b].
[25] Iумыр ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьащ, уеблэ-
мэ япэ итахэм нэхърэ нэхъ бзаджащIэуи къыщIэкIащ. [26] НэбатI
и къуэ Йорэбэхьэм тхьэнэпцIхэм я скъархэр игъэувурэ ТХЬЭМ,
ИсрэIилым и Тхьэм, и губжьыр къызэщIигъаплъэу, зэры-ИсрэIилу
гуэныхьыщIакIуэ ищIу зэрыщытам хуэдэ дыдэт Iумыри.
[27] Iумыр и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуам, игъэ-
хъам, лIыгъэщIагъэу зэрихьам ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил па-
щтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ. [28] И уахътыр къэсри, Iумыр и
адэжьхэм я пащхьэм ихьэжащ, Щэмэрей щыщIалъхьэжащ. Абы
иужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ Iэхьэбщ.

## *ИсрэIилым и пащтыхь Iэхьэб*

[29] Ехьудейм и пащтыхь Асэ тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
щэщIрэ еянэр екIуэкIыу, Iумыр и къуэ Iэхьэб ИсрэIилым и па-
щтыхь хъуащ. Ар илъэс тIощIрэ тIукIэ унафэ зэрихьэу Щэмэрей
дэсащ. [30] Iумыр и къуэ Iэхьэб ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэ-
хэр лэжьынкIэ япэ итахэм нэхърэ нэхъ гуащIэжу* къыщIэкIащ.
[31] НэбатI и къуэ Йорэбэхьэм гуэныхьу къиихьам Iэхьэб и щхьэкIэ
зэрыхэтыр фIэмащIэу, саидей пащтыхь ЕтIбэIэл ипхъу Iизэбэл
щхьэгъусэу къишащ, БэIэли• щхьэщэ хуищIу хуежьащ. [32] Iэхьэб
БэIэл и цIэкIэ Щэмэрей щиухуа унэм къурмэнщIыпIи хущIи-
гъэувэжащ. [33] Абы къищынэмыщIауэ, Iэхьэб Ашэрэхь и пкъор
игъэуващ, ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, и губжьыр нэхри

*a* **16:24** Килограмм блыщIым нэблагъэ хъунущ.
*b* **16:24** Щэмэрей къалэр Тырзэхь и пIэкIэ Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэм и щыхьэ-
рыщIэ хъуащ.

къызэщӀигъаплъэу, и бзаджэщӀагъэкӀэ ИсрэӀилым тетыгъуэр щы-
зыӀыгъахэм ящхьэпрыбэкъукӀыжу.
[34] Ӏэхьэб и тетыгъуэрщ БэтӀэл щыщ ХьэӀил Йэрыхъуэ къалэ
щызэфӀигъэувэжар. Къалэм и лъабжьэр щигъэтӀылъым, ХьэӀил
и пэлъху щӀалэр, Абирам, дунейм ехыжащ, дыхьэпӀэхэр щыхи-
гъэувэжым и къуэ нэхъыщӀэ Сэгъуб фӀэкӀуэдащ. А щӀыкӀэм тету
ТХЬЭМ къыбгъэдэкӀыу Нун и къуэ Йушэ деж къэкӀуауэ щытыгъа
псалъэр зэщӀа хъуащ[a].

## ЕПЩЫКӀУБЛАНЭ ӀЫХЬЭ

### *Иляс уэгъу зэрыхъунур Тхьэм къызэрыхуиӀуэхуар*

**17** [1] ДжылыӀэдейм хыхьэ Тыщбы щыщ Иляс Ӏэхьэб жриӀащ:
«СызыхуэжыӀэщӀэ ТХЬЭМ, ИсрэӀилым и Тхьэм, и цӀэкӀэ
соӀуэ, жызмыӀауэ мы илъэсхэм уэсэпси къызэремыхынур, уэшхи
къызэремышхынур».
[2] ТХЬЭМ и псалъэр Иляс къыхуэкӀуащ: [3] «Мы щӀыпӀэм икӀи,
къуэкӀыпӀэ лъэныкъуэмкӀэ кӀуэ. Ӏурдын и къуэкӀыпӀэмкӀэ щыӀэ
ЧэрытӀ псыхъуэм деж зыщыгъэпщкӀу. [4] Псыежэхым узэфэн псыр
къыхэпхынщ, къуалэжьхэм пшхын ерыскъыр къыпхуахьыну унафэ
яхуэсщӀакӀэщ».
[5] Арати, Иляс ТХЬЭМ къызэрыжриӀам хуэдэу ищӀащ. Ӏур-
дын и къуэкӀыпӀэмкӀэ щыӀэ ЧэрытӀ псыхъуэм кӀуэри, абдеж
къыщынащ. [6] Пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ къуалэжьхэм
Иляс щӀакхъуэрэ лырэ къыхуахьырт, зэфэну псыри псыежэхым
къыхихырт.

---

*a* **16:34** Нун и къуэ Йушэ Йэрыхъуэ къалэр къызэризэуамрэ ар зэфӀэзыгъэувэжыну иужь ихьэм триӀуа гыбзэмрэ я хъыбарыр Нун и къуэ Йушэ и тхылъым итщ, еплъ 6:1-26. ХьэӀил и къуэхэм я кӀуэдыкӀэ хъуам и гугъур текстым зыщӀыпӀэ дежи къыщыхэщыркъым. ИсрэӀилхэм я хъуреягъкӀэ щыса хамэ лъэпкъхэм зэрахабзэу, ХьэӀил ахэр тхьэнэпцӀхэм къурмэн яхуищӀагъэнкӀи хъунущ.

## *Илясрэ ЗэрэфэтI щыщ фызабэмрэ*

[7] Зы тIэкIу дэкIри, хэгъэгум уэшх къызэрыщемышхым къыхэкIыу,
псыхъуэр игъущыкIащ. [8] Абы хэту Иляс ТХЬЭМ и псалъэр къыхуэ-
кIуащ: [9] «Иджы Саидей хэкум ит ЗэрэфэтI къалэм[a] кIуэи дэтIысхьэ.
Зы фызабэ гуэрым уигъэшхэну унафэ хуэсщIащ», – жиIэри.
[10] Иляс ЗэрэфэтI тридзэри кIуащ. Къалэ дыхьэпIэм щынэ-
благъэм, пхъэ зэхуэзыхьэс фызабэр къилъэгъуащ. Бзылъхугъэм
къеджэри, кхъуэщыным иту псы тIэкIу къыхущIихыу иригъэфэну
елъэIуащ.
[11] Псы къыхущIихыну ар щежьэм, щIакхъуэ бзыгъэ къыхуихьы-
нуи елъэIуащ.
[12] «ТХЬЭМ, уи Тхьэм, и цIэкIэ соIуэ, – жриIащ абы фызабэм, –
щIакхъуэ зи цIэ симыIэ, ауэ чейм къинэжауэ зы хьэжыгъэ Iэбжьыб
хуэдиз щыIэжщ, кхъуэщынми дагъэ мащIэ дыдэ итыжщ. Пхъэ
дакъитI-щы схьыуэ, си щIалэмрэ сэрэ а хьэжыгъэм тшхын къыхэ-
сщIыкIынуращ. ИтIанэ гъуэлъи, лIэ, жыхуаIэращ».
[13] АрщхьэкIэ Иляс абы жриIащ: «Умышынэ! КIуэжи, зэрыжып-
Iам хуэдэу щIы. Ауэ япэщIыкIэ уиIэм сэ жьэгурыжьэ щIакхъуэ
цIыкIу къысхухэщIыкIи къысхуэхь. ИтIанэ уэрэ уи щIалэмрэ
щхьэкIэ зыгуэр пщэфI. [14] Мыращ ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм,
жиIэр: „ТХЬЭМ щIыгум уэшх къытригъэшхэхункIэ, уи чейм илъ
хьэжыгъэм хэщIынукъым, кхъуэщыным ит дагъэри иухынукъым“».
[15] Фызабэр кIуэжри, Иляс къызэрыжриIам хуэдэу ищIащ. Ап-
хуэдэу, езыми, Иляси, унагъуэм исхэми махуэ къэс яшхын яIэ
хъуащ. [16] ТХЬЭМ и унафэу Иляс къылъэIэсам тету, чейм илъ хьэ-
жыгъэми кхъуэщыным ит дагъэми хэщIыртэкъым.

## *Иляс фызабэм и къуэр къызэригъэпсэужар*

[17] Тэлай дэкIауэ унагъуэр зей унэгуащэм и къуэр сымаджэ
хъуащ. КIуэ пэтми нэхъыкIэ хъуурэ, щIалэм и псэр хэкIащ. [18] Ара-
ти, егиящ ар Иляс: «Уа, Тхьэм и цIыху, сыт мыгъуэ къэзбгъэIуэтэну

[a] **17:9** ЩIыкурытыхым и Iуфэм Iуса фынык1ей къалэхэм языхэзщ ЗэрэфэтI. Ар зытеса щIыгур иджырей Ливан щIыналъэм хеубыдэ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, Иляс ИсрэIил хэгъэгур къибгынэн хуейуэ арат.

узыхуейр? Си гуэныхьхэр сигу къэбгъэкIыжу, си щIалэр бгъэлIэн
щхьэкIэт укъыщIысхуэкIуар?» – жиIэри.
[19] «Мыдэ къызэтыт уи къуэр», – къыфIигъэкIакъым абы нэгъуэщI.
Бзылъхугъэм IэщIэлъ щIалэр Иляс къыIэщIихщ, езыр зытес
ищхьэ унэм дрихьейри и пIэм ирилъхьащ. [20] ТХЬЭМ зыхуигъазэри
жиIащ: «Уа, ТХЬЭ, си Тхьэ! Зи унэ сис фызабэм и къуэр IэщIэ-
пхыу апхуэдэ гуIэгъуэ хэбдзэну ара?»
[21] ЩIалэ цIыкIум и гущIыIум щэней зытришащIэурэ, Иляс
ТХЬЭМ елъэIуащ: «Уа, ТХЬЭ, си Тхьэ! Къыхэлъхьэж мы щIалэ
цIыкIум и псэр!» – жиIэурэ.
[22] ТХЬЭМ зэхихащ Иляс и лъэIур. ЩIалэ цIыкIум и псэр хи-
лъхьэжри къэпсэужащ. [23] Иляс ар IэплIэкIэ къиштэри кърихьэ-
хыжащ. «Плъагъурэ, уи къуэр псэущ!» – жиIэри, щIалэ цIыкIур и
анэм иритыжащ.
[24] «Иджы, – жиIащ бзылъхугъэм Иляс зыхуигъазэри, – ипэжы-
пIэкIэ сощIэ уэ Тхьэм узэрицIыхур, уэ къыбжьэдэкIыр ТХЬЭМ и
псалъэу зэрыщытри хьэкъщ».

## ЕПЩЫКIУИЯНЭ IЫХЬЭ

### *Иляс ИсрэIил хэгъэгум зэригъэзэжар*

**18** [1] Зыкъом дэкIауэ, уэгъу зэрыхъурэ илъэс ещанэр екIуэкIыу,
Иляс ТХЬЭМ и псалъэ къыхуэкIуащ. «КIуэи, Iэхьэб зы-
къегъэлъагъу! ЩIыгум уэшх тезгъэшхэнущ».
[2] Арати, Иляс Iэхьэб зыкъригъэлъагъуну ежьащ.
Щэмэрей• къалэр гъаблэшхуэм иIыгът. [3] Iэхьэб пащтыхь сэрей-
тет Iэбэдей къриджащ. (Iэбэдей ТХЬЭМ лъытэныгъэ хуэзыщI
и цIыху пэжт. [4] Iизэбэл ТХЬЭМ и бегъымбархэр щызэтриукIэм,
Iэбэдей абыхэм ящыщу цIыхуищэ зриубыдылIэщ, щэ никъуэ-щэ
никъуэу игуэшри, бгъуэнщIагъитIым щигъэпщкIуат. Шхынрэ псы-
рэ щимыгъащIэу абы щиIыгъащ ахэр Iэбэдей.) [5] Iэхьэб къриджа
Iэбэдей жриIащ: «Дегъажьи, щIыпIэм псынащхьэрэ псы кIуапIэу
итыр къэдгъэплъыхь. ПщIэну щыткъым, шыхэмрэ къыдырхэмрэ

ебгъэшх хъуну зыщIыпIэ деж удз гуэр къыщыдгъуэтыфынкIэ хъунущ, итIанэ ахэр фIэдбзын хуей хъунутэкъым».

[6] КъызэхакIухьыну щIыгур тIу иращIыкIри, зы лъэныкъуэмкIэ Iэхьэб ежьащ, адреймкIэ Iэбэдей иунэтIащ.

[7] Iэбэдей здэкIуэм, Иляс и гъуэгупэ къихуащ. Iэбэдей ар къицIыхури, щIым нэсу щхьэщэ хуищIри еупщIащ: «Мы слъагъур уэра, си зиусхьэн Иляс?»

[8] «Сэращ, – жиIащ Иляс. – КIуэи, мыбы сызэрыщыIэр уи зиусхьэным жеIэ».

[9] «Сыт хуэдэ къуаншагъэ збгъэдэлъу, – къэгузэващ Iэбэдей, – Iэхьэб сиукIын хуейуэ и Iэмыщ1э сиплъхьэрэ? [10] ТХЬЭМ, уи Тхьэм, и цIэкIэ соIуэ, зы лъэпкъи зы пащтыхьыгъуи къимыгъэна уи лъыхъуакIуэ абы здимыгъэкIуа. Уамыгъуэту жаIэхукIэ, уи щхьэ зэрытемыплъамкIэ Iэхьэб тхьэлъанэ абыхэм яригъэщIырт. [11] Иджы уэ мыбдеж узэрыщыIэр си зиусхьэным жезбгъэIэну ухэтщ. [12] СызэрыббгъэдэкIыжу, уздэкIуар сымыщIэу ТХЬЭМ и Псэм зыщIыпIэ уIуихынущ. Уи хъыбар зыхуэсхьыну Iэхьэб къакIуэрэ уимыгъуэтыжмэ, сиукIынкIэ тIэу еплъынукъым. Сэращи, си щIалэгъуэм щегъэжьауэ ТХЬЭМ лъытэныгъэ хузощI. [13] Iизэбэл ТХЬЭМ и бегъымбархэр щызэтриукIэм, сщIар къыбжаIэжакъэ, си зиусхьэн? Абыхэм ящыщу цIыхуищэ зэзубыдылIэри, щэ ныкъуэ-щэ ныкъуэу гуэшауэ бгъуэнщIагъитIым щызгъэпщкIуат. Шхынрэ псырэ щызмыгъащIэуи абы щысIыгъащ. [14] Иджы уэ мыбы узэрыщыIэр си зиусхьэным деж сыбгъакIуэу жезбгъэIэну ухэтщ. СиукIынущ, тIэуи еплъынукъым!»

[15] «Зи пащхьэ сит ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмытым• и цIэкIэ соIуэ, нобэ фIэмыкIыу Iэхьэб зыкъызэрезгъэлъагъунур», – жиIащ Иляс.

## *Илясрэ БэIэл и бегъымбархэмрэ зэрызэпэщIэувар*

[16] Iэбэдей Iэхьэб пежьэри, зэхихар хуиIуэтэжащ. Iэхьэби Иляс деж къежьащ. [17] Иляс къыщилъагъум, Iэхьэб ар игъэикIэу хуежьащ: «А-а-а, ИсрэIилым тхьэмыщкIагъэу щыIэр къыхуэзыхьара ар?» – жиIэри.

[18] «Хьэуэ, сэракъым ИсрэIилым мы тхьэмыщкIагъэр къытезы-
гъэпсыхар, – жиIащ Иляс, – уэрэ уи унагъуэмрэщ ар зи лажьэр.
ТХЬЭМ унафэу ищIам фи щIыб хуэвгъазэри, БэIэл фыхуэпщылIу
фежьэжащ. [19] Уи хъыбарегъащIэхэр хэгъэхьи, ИсрэIилым цIыхуу
исыр Къармэл Iуащхьэм деж къыщызэхуегъэшэс. Iизэбэл и Iэнэгум
тешхыкIыу БэIэл и бегъымбар цIыху щиплIрэ щэ никъуэмрэ, Ашэ-
рэхь и бегъымбар цIыху щиплIымри абдеж къешалIэ».

[20] Iэхьэб хъыбарегъащIэхэр зэбгриутIыпщыкIри, исрэIил цIыху-
бэмрэ тхьэнэпцIхэм я бегъымбархэмрэ Къармэл Iуащхьэм деж щы-
зэхуишэсащ. [21] Иляс цIыхум яхыхьэри яжриIащ: «Зэ адэкIэ зывдзу,
зэ мыдэкIэ зыкъэвдзыжу сыт хуэдизрэ екIуэкIыну? Фи Тхьэр
ТХЬЭРАМЭ, абы и ужь фиувэ, БэIэлу щытмэ, абы и ужь фиувэ».

АрщхьэкIэ зыми зы псалъэ къыпидзыжакъым. [22] Апхуэдэу щы-
хъум, Иляс жиIащ: «ТХЬЭМ и бегъымбархэм ящыщу къэнэжар
си закъуэщ, БэIэл бегъымбару цIыху щиплIрэ щэ никъуэрэ щыIэщ.
[23] ГуууитI мыбдеж кърырехулIэ. БэIэл и бегъымбархэм а тIум
зыхуейр къыхрахи, Iыхьэ-Iыхьэу зэпкърырах. Абыхэм лыр къур-
мэнщIыпIэм телъ пхъэм трырагъэзагъэ, ауэ мафIэ щIрамыщIыхь.
Сэри адрей гуур зыхуей хуэзгъэзэнщи пхъэм теслъхьэнщ, мафIи
щIэсщIыхьынкъым. [24] Абы иужькIэ фэ фи тхьэм и цIэкIэ феджэнщ,
сэри сызыхуэпщылIым и цIэкIэ седжэнщ. Ди джэ макъым мафIэкIэ
къыпэджэжым и Тхьэращ Тхьэ пэжыр».

«ЖыпIэр захуагъэщ!» – жаIэри, цIыху цIыкIур Иляс и псалъэм
еувэлIащ.

[25] Иляс БэIэл и бегъымбархэм захуигъазэри яжриIащ: «Апхуэди-
зу куэд фыщыхъукIэ, гуууитIым языр къыхэфхи, фэ япэу ар зыхуей
хуэвгъазэ. Фи тхьэм и цIэкIи феджэ, ауэ мафIэ зэщIэвмыгъэст».

[26] Арати, ирата гуур абыхэм зыхуей хуагъэзащ. Пщэдджыжьым
щегъэжьауэ шэджагъуэ пщIондэ БэIэл и цIэкIэ еджэу кIуащ. «Бэ-
Iэл, къытпэджэж!» – жаIэурэ кIийрт ахэр. АрщхьэкIэ къапэджэжаи
щыIэкъым, жэуапи зыми къитакъым. Ягъэува къурмэнщIыпIэм и
хъуреягъым ахэр дэлъей-къелъыхыурэ къекIуэкIырт.

[27] Махуэр и бгым щынэсым, Иляс ящIэнакIэу хуежьащ: «Нэхъ
иныIуэу фыгуоу! – къызэщIигъаплъэрт ахэр абы. – Ар фи тхьэщ,

зиунагъуэрэ! ТемыгупсысыкIауэ пIэрэ ар, хьэмэрэ хущIэмыхьэу
Iуэху иIэу арауэ пIэрэ? Е ежьауэ къэту пIэрэ? Е жейуэ пIэрэ, къэ-
гъэушын хуей хъункIи хъунущ-тIэ!»
[28] Арыххэти, мохэр нэхъ иныжу зэщIэгуауэу щIадзащ, зэра-
хабзэуи, лъыпсыр къапыжу джатэрэ бжыкIэ зызыхауIыхьыжу
хуежьащ. [29] Шэджагъуэри блэкIащ, ауэ БэIэл и бегъымбархэм
пщыхьэщхьэ къурмэнщIыгъуэм нэблагъэхукIи апхуэдэу дунейр
якъутэжащ. АрщхьэкIэ къапэджэжаи щыIэкъым, жэуапи зыми
къитакъым – даущыншэщ.
[30] Мис абы щыгъуэрщ Иляс цIыхубэр езым деж екIуэтэлIэну щы-
жиIар. Ахэр абы екIуэтэлIащ, Иляси ТХЬЭМ и къурмэнщIыпIэу
зэхакъуэтауэ щытар зэригъэпэщыжу хуежьащ. [31] ТХЬЭМ ИсрэIил
цIэр зрита Екъуб• къытекIа лIакъуэхэм я пэбжу Иляс мывэ пщыкIутI
къищтащ. [32] Абы а мывэхэр зэтрилъхьэри, ТХЬЭМ и цIэкIэ щытыну
къурмэнщIыпIэр къыдрищIеящ, гуэдз пщалъитI[a] ихуэну и хъуреягъ-
кIэ щIытIи дитIыкIыжащ. [33] ИтIанэ пхъэр къурмэнщIыпIэм тригъэ-
загъэри, Iыхьэ-Iыхьэу зэпкъриха гуур абы и гущIыIум трилъхьэжащ.
[34] А псом иужькIэ унафэ ищIри: «КхъуэщынышхуиплIым псыр ярыз
фщIыи, тыхь гъэсынымрэ пхъэмрэ тефкIэ», – жиIащ. «Иджыри
зэ къытевгъазэ!» – жиIащ Иляс. ЗэрыжиIам хуэдэуи ящIащ. «Ар
дыдэр ещанэуи фщIы!» – къытригъэзащ аргуэру и унафэм. Ещанэ
гуэрми ар дыдэр ящIащ. [35] Псыр къурмэнщIыпIэм къежэхырт, уеблэ-
мэ и хъуреягъкIэ дэтIыкIа щIытIым илъадэурэ из хъуат.
[36] Пщыхьэщхьэ къурмэнщIыгъуэр къыщыблагъэм, Иляс бегъым-
барыр къурмэнщIыпIэм бгъэдыхьэри жиIащ: «Уэ ТХЬЭУЭ, Ибрэ-
хьим, Исхьэкъ, ИсрэIил сымэ я Тхьэ, ИсрэIилым узэрыри-Тхьэри, сэ
сызэрыуижыIэщIэри, мы псори уи псалъэкIэ зэрысщIари ирехъу нобэ
нахуэ! [37] Къыпэджэж, уэ, ТХЬЭ, си тхьэлъэIум, мы лъэпкъым Уэ узэ-
ры-Тхьэри я гур уи деж зэрыбгъэзэжри къащIэн хуэдэу къыпэджэж!»
[38] Абдежым ТХЬЭМ и мафIэр къехри, тыхь гъэсынри, пхъэ-
ри, мывэри, щIыгулъри, щIытIым илъэдауэ ит псыри зэщIибзеящ.

---

*a* **18:32** *Журт.* «сэIаитI». СэIа жыхуаIэр пасэрей журт пщалъэщ; еплъыкIэ зэ-мыщхь щыIэхэм япкъ иткIэ, зы пщалъэр литриблым щегъэжьауэ литр пщы-кIутхум нэс хъунущ.

39 Ар зи нэгу щIэкIа цIыхубэм зэуэ щIым зытрадзэри зэщIэгуоуащ:
«ТХЬЭРАЩ Тхьэ пэжыр! ТХЬЭРАЩ Тхьэ пэжыр!» – жаIэурэ.
40 Абы хэту Иляс унафэ яхуищIащ абыхэм: «БэIэл и бегъым-
бархэр зы къэмынэу фубыд! Зы цIыху закъуи зыIэщIэвмыгъэкIыу
фубыд!» – жиIэри. ЦIыхухэм ахэр зы къэмынэу яубыдащ. Иляс
ахэр КIушэн псыхъуэм дишэри, абдеж щызэтриукIащ.

## *Уэгъур зэрыувыIар*

41 Иляс Iэхьэб зыхуигъазэри жриIащ: «Мес, уэшхышхуэм и Iэуэ-
лъауэ макъри къоIу, кIуэ, иджы ешхэ икIи ефэ».
42 Iэхьэб ешхэну икIи ефэну ежьащ, Иляс Къармэл Iуащхьэм и
щыгум дэкIащ. Абдеж абы щIым нэс зигъэщхъри, и щхьэр и куэм
ирилъхьащ.
43 «КIуэт, – жриIащ абы IуэхутхьэбзащIэу щIыгъу щIалэм, – хы
лъэныкъуэмкIэ плъэт». ЩIалэр кIуэщ, плъэри, зыри зэрыщымыIэр
Иляс жриIащ.
«Иджыри зэ плъэт!» – жиIэурэ абы щIалэр блэней плъакIуэ
игъэкIуащ.
44 Еблано кIуэгъуэм щIалэм хъыбар къыхуихьащ: «Iэгуфэ нэхъ
ин мыхъу зы пшэ хым щхьэщытщ», – жиIащ.
«Iэхьэб деж кIуэи, – жриIащ Иляс и IуэхутхьэбзащIэ щIалэм, –
уэшхым зыхыумыгъэубыдэу уи хьэкуэстыгур зэщIэщIи гъэзэж, жыIэ».
45 АпщIондэхукIэ пшэхэм уафэр зэщIагъэуфIыцIащ, жьыр къы-
къуэури, уэшхышхуэ къригъэжьащ. Iэхьэб хьэкуэстыгум итIыс-
хьэжри, ИзрэIэл къалэмкIэ иунэтIащ. 46 ТХЬЭМ и гуащIэр Иляс
къыпкърыхьэри, и щыгъын щIыIутелъым и кIэкъуащIэр ибг ди-
упщIэщ аби, Iэхьэб ипэ иту жэрыгъэ защIэкIэ ИзрэIэл нэс кIуащ.

# ЕПЩЫКIУБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

## *Иляс зэрыщIэпхъуэжар*

19 1 Iэхьэб Иляс цIыхум я нэгу щIигъэкIар къанэ щымыIэу
Iизэбэл хуиIуэтэжащ, БэIэл и бегъымбархэм ящыщ псэууэ

зы цIыху къимыгъанэу зэрызэтриукIари жриIэжащ. [2] Iизэбэл Иляс
лIыкIуэ хуигъэкIащ: «Тхьэхэм я ней къысщыхуэ, пщэдей мыпхуэдэ
пIалъэм ирихьэлIэу БэIэл и бегъымбархэм епщIар сэ уэзмыщIэжу
щытмэ», – жиIэри.

[3] Абы шынэ иригъэщIри, Иляс и щхьэр ирихьэжьэжащ. Ехьудей
хэкум ит Бэршабэ нэсщ, и Iуэхутхьэбзащ1э щIалэр абдеж къыщи-
нэри, [4] езыр махуэ гъуэгу хуэдизкIэ абы пэIэщIэу пшахъуэщIым зы
щIыпIэ кIуащ. Уэкъуло* чыцэм и щIагъым щIэтIысхьэри лIэныгъэ
щIэлъэIуу хуежьащ. «Ирикъунщ къэзгъэщIар, ТХЬЭ, – лъаIуэрт
ар, – сыткIэ си адэжьхэм нэхърэ сынэхъыфI, сызэшэлIэж».

[5] Абы иужькIэ ар уэкъуло чыцэ щIагъым щIэгъуалъхьэри щы-
жеящ. Абдежым МелыIычыр къытеIэбэри, тэджу шхэну къы-
жриIащ. [6] Иляс къызэщыууэ зыщиплъыхьым, и щхьагъым илъ
жьэгурыжьэ щIакхъуэмрэ псы кхъуэщын щытымрэ къилъэгъуащ.
Абдежым ар шхэщ, псы ефэри, жеину зигъэукIуриижащ.

[7] ТХЬЭМ и МелыIычыр иджыри зэ Иляс деж къакIуэри къы-
теIэбащ, итIанэ жриIащ: «Тэджи шхэ, гъуэгу хьэлъэ къыпщIэлъщ».

[8] Иляс тэджри шхащ икIи ефащ. ЗэIурыуа нэужь, ежьэри махуэ
тIощIитIрэ жэщ тIощIитIкIэ гъуэгу тетащ. Тхьэ Iуащхьэу Хъуры-
бкIэ зэджэм[a] щынэсым, [9] зы бгъуэнщIагъ гуэрым щIыхьэри жэщыр
щрихащ.

### *Тхьэр Иляс къызэрыхуэкIуар*

Арати, ТХЬЭМ и псалъэр Иляс къыхуокIуэ: «Сыт, Иляс, мыбы
щыпщIэр?» – жиIэу.

[10] «ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмытым и Iуэхумрэ и
пщIэмрэ хуабжьу яужь ситат. Ауэ исрэIилхэм къыбдащIа Iуагъэр
Iэщ1ыб ящIащ, уи къурмэнщIыпIэхэр зэхакъутащ, уи бегъымбархэр
джатэщхьэщIэкI ящIащ. Къэнар сэ зы закъуэращи, сэри саукIыну
си ужь итщ», – иритащ абы ТХЬЭМ жэуап.

---

[a] 19:8 Зи гугъу ищIыр Тхьэм исрэIилхэр Мысырым кърищыжа нэужь, абыхэм за-
къыщыхуигъэнэIуа бгыращ. Мусэ абы дэкIри, махуэ тIощIитIрэ жэщ тIощIитI-
кIэ къемыхыжу и щыгум итат. Бгым СэнаI IуащхьэкIи йоджэ.

[11] «КъыщIэкIи, – жиIащ ТХЬЭМ, – си пащхьэ Iуащхьэ щыгум
къыщыув. Иджыпсту сыбблэкIынущ!»
Арати, жьапщае бзаджэ къыкъуэури, ТХЬЭМ и пащхьэ бгыхэр
щызэгуигъэзащ, къуршхэри щызэхигъэщэщащ, ауэ жьапщэм ТХЬЭР
хэтакъым. Жьапщэм иужькIэ щIыр зэщIэхъеящ, ауэ щIыхъейми
ТХЬЭР хэтакъым. [12] ЩIыхъейм иужькIэ мафIэм зыкъиIэтащ, ауэ
мафIэми ТХЬЭР хэтакъым. МафIэм иужькIэ Iущащэ макъ щабэ гуэр
къэIуащ. [13] Ар щызэхихым, Иляс и щIыIутелъ щыгъынымкIэ и нэкIур
щIиуфэри, бгъуэнщIагъ щIыхьэпIэм деж уващ. Абдежым зы макъ гуэр
къэIури, абы къеупщIащ: «Сыт, Иляс, мыбы щыпщIэр?» – жиIэри.
[14] «ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмытым и Iуэхумрэ
и пщIэмрэ хуабжьу яужь ситат. Ауэ исрэIилхэм къыбдащIа Iуагъэр
IэщIыб ящIащ, уи къурмэнщIыпIэхэр зэхакъутащ, уи бегъымбархэр
зэрыщыту джатэщхьэщIэкI ящIащ. Къэнар сэ зы закъуэращи, сэри
саукIыну си ужь итщ», – иритащ абы ТХЬЭМ жэуап.
[15] «УкъызэрыкIуа гъуэгумкIэ гъэзэжи, – къыжриIащ абы
ТХЬЭМ, – Щам пшахъуэщIым кIуэ. Абы унэса нэужь, Арэмей
хэкум щыпащтыхьыну згъэнэхуа ХъызрэIил и щхьэфэм дагъэр
щыхуэ*. [16] ИсрэIилым и пащтыхьыну Нымщий и къуэ Йыхъуи и
щхьэфэм дагъэр щыхуэ. Абэл-Мыхуэлэ щыщу уи ужькIэ бегъым-
барыну къыхэсха Щэфат и къуэ Iэлисэхьи и щхьэфэм дагъэр щыхуэ.
[17] ХъызрэIил и джатэм псэууэ хэт IэщIэкIми, Йыхъу екIуэдылIэнущ,
Йыхъу и джатэм хэт къелми, Iэлисэхь иукIынущ. [18] БэIэл и пащхьэ
лъэгуажьэмыщхьэ зыхуизымыгъэуауэ, абы и мывэскъархэми емы-
бэуауэ ИсрэIилым щыщ цIыху минибл псэууэ къэзгъэнащ».

## *Iэлисэхь Иляс и гъэсэн зэрыхъуар*

[19] Иляс а щIыпIэм икIыжщ, Абэл-Мыхуэлэ кIуэри Щэфат и къуэ
Iэлисэхь къигъуэтащ. Вы тIощIрэ плIыр тIурытIурэ зыщIэщIа пхъэ-
IэщэмкIэ вэуэ ар вагъэм хэтт. Езыр иужьрей витIым я ужьым иту
кIуэрт. Иляс блэкIрэ пэт, и щыгъын щIыIутелъыр абы тридзащ.
[20] Апхуэдэу щыхъум, Iэлисэхь выхэр къигъанэри, Иляс кIэлъы-
щIэпхъуащ. «Си адэмрэ си анэмрэ зэ саIуплъэжыну хуит сыщI, –
елъэIуащ ар Иляс. – ИтIанэ уи ужь сыниувэнущ».

«КІуэ, гъэзэж! – хъуащ арэзы Иляс. – Сэ усІыгъкъым!»
[21] Іэлисэхь игъэзэжщ, витІ тридзэри фІибзащ. Лыр игъэвэн
щхьэкІэ, пхъэІэщэри бжьыри пхъэгъэсын ищІащ. Лыр игъэва нэ-
ужь, цІыхухэм яхуигуэшри яригъэшхащ. ИтІанэ Іэлисэхь гъуэгу
техьащ, Иляс и ужь иувэн, абы и дэІэпыкъуэгъу хъун щхьэкІэ.

## ЕТІОЩІАНЭ ІЫХЬЭ

### *Арэмейхэр ИсрэІилым зэребгъэрыкІуар*

**20** [1] Арэмей хэкум и пащтыхь Бэрхьэдадэ[a] дзэ зэхуишэсащ.
Яшхэмрэ я хьэкуэстыгухэмкІэ зэгъэпэщауэ абы пащтыхь
щэщІрэ тІурэ щІыгъут. Бэрхьэдадэ къежьэри, Щэмэрей къа-
лэр къитІысыхьащ, езауэуи хуежьащ. [2] Бэрхьэдадэ и лІыкІуэхэр
ИсрэІилым и пащтыхь Іэхьэб деж къалэм игъакІуэри, мыр хури-
гъэІуэхуащ: [3] «Мыращ Бэрхьэдадэ къыбжиІэр: „Уи дыжьынри
уи дыщэри сысейщ. Уи щхьэгъусэхэм я нэхъ дахэри уи бынхэм я
нэхъыфІри сысейщ“».
[4] ИсрэІилым и пащтыхьми жэуап иригъэхьыжащ: «ЗэрыжыпІэм
хуэдэу ирехъу, зиусхьэну си пащтыхь, сэри сиІэ псори уейщ».
[5] АрщхьэкІэ лІыкІуэхэм иджыри къытрагъазэри жаІащ: «Мыращ
Бэрхьэдадэ къыбжиІэр: „Уи дыжьыни, уи дыщи, уи щхьэгъусэхэри,
уи бынхэри къызэт, жысІэри нэзгъэкІуат. [6] Ауэ, пщэдей мы пІалъэ
дыдэм ирихьэлІэу. си цІыхухэр нэзгъэкІуэнурэ, уи пащтыхь сэрейри
уи блыгущІэтхэм я унэхэри щІезгъэщыкІынущ. Абыхэм лъапІэны-
гъэ епту уиІэм щыщ къамыгъанэу къыщІахынурэ яхьынущ“».
[7] ИсрэІил пащтыхьым хэку тхьэмадэхэр къриджэри: «Мы лІыр
екІэ ди ужь къихьащ, феплъыт ищІэм! Си щхьэгъусэхэмрэ си бын-
хэмрэ, си дыжьынымрэ дыщэмрэ къыщыкІэлъигъакІуэм, хьэуэ
къыхэзгъэкІатэкъым», – жиІащ.

---

[a] 20:1 Зи гугъу ищІыр, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкІэ, ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 860 гъэм щегъэжьауэ 841 гъэм нэс Арэмей хэкум (нэгъуэщІу жыпІэмэ – иджырей Щамым) пащтыхьыгъуэр щызезыхьа Бэрхьэдадэ ЕтІуанэрщ. Ар Бэрхьэдадэ Езанэм е и къуэт, е и къуэрылъхут. Еплъ 15:18.

[8] Арати, ИсрэIилым и тхьэмадэхэми и цIыхухэми псоми пащтыхьыр бийм емыдэIуэну икIи димычыхыну къыхураджащ.

[9] Апхуэдэу щыхъум, Iэхьэб Бэрхьэдадэ и лIыкIуэхэм яжриIащ: «Зиусхьэну си пащтыхьым мыр жефIэж: „Япэ си деж къыщыбгъэкIуам къыспэбубыдахэр сщIэнущ, ауэ мыдрей къэпIуэхуам сеувэлIэфынукъым“ жыфIи».

ЛIыкIуэхэр кIуэжри, пащтыхьым жиIар Бэрхьэдадэ хуаIуэтэжащ.
[10] Абыи губжьауэ Iэхьэб хуиIуэхужащ: «Тхьэхэм я ней къысщыхуэ, си цIыхухэм я Iэгум из хъун сабэ Щэмэрей къыхэзнэмэ», – жиIэри.

[11] «Iэщэр къэзыщтэм нэхърэ, зауэр иуха нэужь ар зыгъэтIылъыжыр зыщретхъуж», – яритыжащ абыхэм жэуап Iэхьэб.

[12] Бэрхьэдадэрэ пащтыхьхэмрэ я дзэ пщыIэм ефэу щызэхэст а псалъэхэр и деж къыщысам. Асыхьэту и цIыхухэр зауэм хузэщIэтэджэну Бэрхьэдадэ унафэ ищIащ. Мыдрейхэми къалэм зэребгъэрыкIуэнум зыхуагъэхьэзыру хуежьащ.

### *Арэмейхэр япэу зэрыхагъэщIар*

[13] Абы хэту Исрэилым и пащтыхь Iэхьэб деж бегъымбар гуэр кIуэри жриIащ: «Мыращ ТХЬЭМ жиIэр: „Плъагъурэ мы дзэ фIыцIэр? Нобэ ар уи Iэмыщiэ нислъхьэнурэ, Сэ сызэры-ТХЬЭР къэпщIэнущ“».

[14] «Хэт ар зыхузэфIэкIынур?» – щIэупщIащ Iэхьэб.

«Мыращ ТХЬЭМ жиIэр: „ЩIыналъэ Iэщхьэтетхэм я зауэлIхэм“», – пидзыжащ абы бегъымбарым.

«Хэт-тIэ зауэр зыублэнур?»

«Уэращ!» – жиIащ бегъымбарым.

[15] Арати, Iэхьэб щIыналъэ Iэщхьэтетхэм я зауэлIхэр къриджащ.
Ахэр цIыху щитIрэ щэщIрэ тIурэ хъурт. Абы иужькIэ исрэIилыдзэр
зэрыщыту къызэхуишэсащ – ахэр цIыху минибл ирикъурт. [16] Дзэр
шэджагъуэм къежьащ. Абы щыгъуэм Бэрхьэдадэрэ и IуэгъущIэгъу
пащтыхь щэщIрэ тIумрэ зэрегъэфауэ я дзэ пщыIэм тест. [17] ЩIыналъэ Iэщхьэтетхэм я зауэлIхэр къалэм нэхъапэ къыдэкIащ. Бэрхьэдадэ иутIыпща тIасхъэщIэххэм исрэIилыдзэр Щэмэрей къызэрыдэкIым и хъыбарыр хуахьащ.

[18] «Мамырыгъэм щӀэлъэӀуу къежьами, – ищӀащ унафэ Бэрхьэ-
дадэ, – зэуэну хуейуэ къакӀуэми, псэууэ фубыд!»
[19] ЩӀыналъэ Ӏэщхьэтетхэм я зауэлӀхэр япэ иту, исрэӀилыдзэр
абыхэм я ужь иту къалэм къыдэкӀащ. [20] Зауэр яублэри, исрэӀил за-
уэлӀхэм дэтхэнэми къапэщӀэт бийр хагъэщӀащ. Арэмейхэр икӀуэты-
жу щыхуежьэм, я ужьыр исрэӀилхэм яхуу щӀадзащ. Арэмей хэкум
и пащтыхь Бэрхьэдадэ шым шэсри, нэгъуэщӀ шухэм ящӀыгъуу
и щхьэр зэуапӀэм Ӏуихащ. [21] ИсрэӀилым и пащтыхьыр якӀэлъы-
кӀуатэурэ, бийм ишхэмрэ хьэкуэстыгухэмрэ хьэлэчыр яхилъхьащ,
арэмейхэми хэщӀыныгъэшхуэ яритащ.
[22] ИсрэӀилым и пащтыхьым деж бегъымбарыр кӀуэри жриӀащ:
«Зыкъэгъэбыдыхь, пщӀэн хуейхэм еплъ, сыт щхьэкӀэ жыпӀэмэ Арэ-
мей хэкум и пащтыхьыр аргуэрым гъатхэ къакӀуэ къыптеуэнущ».

### *Арэмейхэр етӀуанэу зэрыхагъэщӀар*

[23] Абы хэту Арэмей хэкум и пащтыхьым и блыгущӀэтхэр къе-
ущиеурэ къыжраӀащ: «ИсрэӀилхэм я Тхьэр бгылъэ щӀыпӀэхэм
я Тхьэщ. Аращ ахэр дэ къыщӀыдэлъэщэкӀыр. Ауэ тафэм деж
дащезауэмэ, фӀэкӀыпӀэ имыӀэу щыхэдгъэщӀэнущ. [24] Мыращ
пщӀэнур: пащтыхьхэр зы къэмынэу тегъэкӀи, абыхэм я пӀэкӀэ
дзэпщхэр тегъэувэ. [25] Шым и пӀэ шыр иувэу, хьэкуэстыгум и пӀэ
хьэкуэстыгур иувэу пфӀэкӀуэда дзэм хуэдэ зэгъэпэщыж. Ахэр
бийм тафэщӀым деж щрезауэ – фӀэкӀыпӀэ имыӀэу хэдгъэщӀэнущ
дэ исрэӀилхэр». Бэрхьэдадэ абыхэм едаӀуэри, къызэрыжраӀам
хуэдэу ищӀащ.
[26] КъыкӀэлъыкӀуэ гъатхэм Бэрхьэдадэ арэмейхэр зэхуишэсри,
АфэкъкӀэ ежьащ, ИсрэӀилым езэуэн щхьэкӀэ. [27] ИсрэӀилхэри, зэ-
хуашэсу гъуэмылэкӀэ къызэрагъэпэща нэужь, абыхэм къапежьащ.
И хъуреягъыр арэмейхэм щауфэбгъум, исрэӀилхэр, бжэн хъушэ
цӀыкӀуитӀ фӀэкӀа умыщӀэну, абыхэм я пащхьэм щигъуэлъыкӀащ.
[28] Тхьэм и цӀыхур ИсрэӀилым и пащтыхьым деж кӀуэри жриӀащ:
«Мыращ ТХЬЭМ жиӀэр: „ТХЬЭР бгылъэхэм я Тхьэрэ тафэхэм
ямы-Тхьэу арэмейхэм щыжаӀэкӀэ, абы я дзэ фӀыцӀэр уи ӀэмыщӀэ
ислъхьэнущ, Сэри сызэры-ТХЬЭР къэфщӀэнущ“».

[29] Махуиблыр зэпэщIэту екIуэкIащ. Ебланэ махуэм зауэр яублащ.
ИсрэIилхэм а зы махуэм арэмей лъэсыдзэм щыщу зауэлI минищэ ха-
гъэщIащ. [30] Адрей къэнэжа зауэлI мин тIощIрэ блыр Афэкъ къалэм
щыдэлъэдэжым, мывэхъунэр уэри, ахэр абы щIэкIуэдащ. Бэрхьэда-
ди къалэм дэлъэдэжри, быдапIэ унэм зыщигъэпщкIуащ.

[31] «КъыдэдаIуи, – жраIащ абы и блыгущIэтхэм, – исрэIил па-
щтыхьхэм гущIэгъу яхэлъу зэхэтхащи, щыгъын къурэхэр тщыгъуу,
ди щхьэм кIапсэр фIэпхыкIауэ абы деж дыкIуэну хуит дыщI. ПщIэ-
ну щыткъым, гущIэгъу къыпхуищIынкIи мэхъу».

[32] Щыгъын къурэхэр ящыгъыу, я пщэм кIапсэр ищIауэ ахэр
ИсрэIилым и пащтыхьым деж кIуэри: «Уи жыIэщIэ Бэрхьэдадэ
умыукIыну уи лъэIуакIуэщ», – жраIащ.

«Ар псэууэ ара? – игъэщIэгъуащ пащтыхьым. – Ар си къуэщ[a]».

[33] ЛIыкIуэхэм абы фIы халъагъуэри, и псалъэхэр къапхъуэтащ:
«Пэжщ, Бэрхьэдадэ уи къуэщ!» – жаIэри.

«ФыкIуэ, къысхуэфшэ ар!» – яхуищIащ абыхэм пащтыхьым уна-
фэ. Бэрхьэдадэ абы деж къыщыщIэкIым, Iэхьэб ар и хьэкуэстыгум
иригъэтIысхьащ.

[34] «Си адэм уи адэм триха къалэхэр уэстыжынущ, – жиIащ Бэр-
хьэдадэ. – Щэмэрей си адэм сату щIыпIэхэр къызэрыщызэIуихам
хуэдэу, уэри Щам къали къыщызэIупхыну ухуитщ».

«Апхуэдэу дызэгурыIуэмэ, – жиIащ Iэхьэб, – узутIыпщыжынущ».
Арати, Iэхьэб абы зэгурыIуэныгъэ ирищIылIэри, иутIыпщыжащ.

## ***Бегъымбарыр Iэхьэб зэрегияр***

[35] Абы хэту, ТХЬЭМ и псалъэкIэ бегъымбархэм ящыщ зыр
адрейм елъэIуащ: «СынолъэIу, сыубэрэжь», – жиIэри. АрщхьэкIэ
абы идакъым.

[36] «ТХЬЭМ жиIэм узэремыдэIуам щхьэкIэ, дызэрызэбгъэдэ-
кIыжу аслъэным уIэщIэкIуэдэнущ», – жиIащ бегъымбарым. Зэ-
рызэбгъэдэкIыжыуи, аслъэным пэщIэхуэри илIащ.

*a* **20:32** «Къуэш» жаIэу зыр зым зыхуигъэзэныр зэгурыIуэныгъэ зэзыщIылIэ лIыщхьэхэм зэрахьэ хабзэхэм ящыщт, а щIыкIэмкIи ахэр тетыгъуэрэ лъэкIыныгъэкIэ зэрызэхуэдэр къагъэлъагъуэрт.

[37] Бегъымбарым нэгъуэщI лIы гуэр къигъуэтри елъэIуащ: «Сыно-
лъэIу, сыубэрэжь», – жиIэри. Абы ар фэбжьауэ ищIу иубэрэжьащ.
[38] Арати, бегъымбарым и нэр къыщIэплъ къудейуэ и щхьэм
хъыдан кърипхэкIри, кIуэри гъуэгубгъум уващ, пащтыхьыр щы-
блэкIынум пэплъэу.
[39] Пащтыхьыр абдеж щыблэкIым, бегъымбарыр егуоури жиIащ:
«Ди пащтыхь, зауэм и курыкупсэм сыздыхэтым, гъэр къищIар къы-
збгъэдишэри, зы зауэлI гуэр къызбгъэдыхьащ, „Мы цIыхум сху-
кIэлъыплъ. ПIэщIэкIыу щытмэ, абы и гъащIэм пэкIуэу уи гъащIэр
птынущ е дыжьын тIэлат[a] къызэптыжынущ“ жиIэри. [40] АрщхьэкIэ
зэм зы Iуэхум, зэм адрейм сыхэтурэ, гъэрым зигъэбзэхыжащ».
«Аращ-тIэ, уи щхьэ кърикIуэнур уэ езым жыпIэжащ», – жиIащ
пащтыхьым.
[41] И щхьэм кърепхэкIа хъыданыр зэуэ къыщыфIитхъым, ИсрэIи-
лым и пащтыхьым ар бегъымбархэм зэращыщыр къыгурыIуащ.
[42] Бегъымбарми пищащ: «Мыращ ТХЬЭМ жиIэр: „Хьэдэгъуэшэр*
зытезгъэпса си бийр[b] зэрыбутIыпщыжам щхьэкIэ, уи гъащIэр абы
и гъащIэм пэкIуэу птынущ, уи лъэпкъри абы и лъэпкъым и пIэкIэ
кIуэдынущ“», – жиIэри.
[43] Зэхэуфарэ губжьым иIыгъыу ИсрэIилым и пащтыхьыр Щэ-
мэрей кIуэжащ.

## ТIОЩIРЭ ЕЗАНЭ IЫХЬЭ

### *НэбутI и жызум хадэр*

**21** [1] Тэлай дэкIри, мыхэр къэхъуащ. ИзрэIэл къалэ щыщ
НэбутI жызум хадэ иIэт. Щэмэрей хэкум и пащтыхь Iэхьэб
ИзрэIэл дэт и уардэ унэм бгъурылът ар.

---

*a* **20:39** Килограмм щэщIрэ плIым нэблагъэ хъунущ.

*b* **20:42** ИсрэIилхэм хьэкъыу я фIэщ хъурт Тхьэр абыхэм я дзакIуэпашэу зэуапIэм зэрыIухьэр. Къуентхъым щыщу Тхьэм къылъыс Iыхьэр, ар цIыхууи ирехъу, хьэпшыпуи щрет, къанэ щымыIэу Абы хуэгъэкIуэдын хуейт.

[2] «ХадэцIыкIу щысщIэну пащтыхь сэрейм къыбгъурылъ уи
жызум хадэр къызэт, – жриIащ Iэхьэб НэбутI. – Абы и пIэкIэ
нэгъуэщI жызум хадэ уэстыжынщ, нэхъыфIу, е, ухуеймэ, и уасэр
уэстынщи, къызэщэж».
[3] Арщхьэк Iэ НэбутI идакъым: «ТХЬЭМ къысхуимыхькIэ си
адэжьхэм я щIэиныр уэстыну[a]», – жиIэри.
[4] ИзрэIэл щыщ НэбутI «Си адэжьхэм я щIэиныр уэстынукъым»
къызэрыжриIар щхьэкIуэ щыхъуауэ, Iэхьэб зэхэуфарэ губжьауэ и
унэ игъэзэжащ. Гъуэлъри зигъэзащ, шхынми хэIэбэн идакъым. [5] И
щхьэгъусэ Iизэбэл абы деж щIыхьэри еупщIащ: «Щхьэ узэхэуфа?
УщIэмышхэри сыт?» – жиIэри.
[6] «„Уи жызум хадэр къызэщэ, е, ухуеймэ, абы и пIэкIэ нэгъуэщI
уэстынщ“ жысIэри ИзрэIэл щыщ НэбутI зыхуэзгъэзати, – хуи-
Iуэтэжащ къекIуэкIар Iэхьэб и щхьэгъусэ Iизэбэл, – „Си жызум
хадэр уэстынукъым“ жиIэри идакъым».
[7] «Дауи урипащтыхь уэ ИсрэIилым абы иужькIэ? – жиIащ Iизэ-
бэл. – Тэджи шхэ! Уи гур фIы щIыж! Сэ къыпIэрызгъэхьэнщ а
ИзрэIэл щыщ НэбутI и жызум хадэр».
[8] Iэхьэб и цIэкIэ итха тхыгъэхэм и мыхъурыр тригъэуэжри,
Iизэбэл ахэр НэбутI зыдэс къалэм и тхьэмадэхэмрэ лъэкIыныгъэ
зиIэхэмрэ яхуигъэхьащ. [9] А тхыгъэхэм мырат итыр:

«ЩIыхур нэщIын хуейуэ зы махуэ тевухуэ. Фыщызэхуэс-
кIи, фи жьантIапщэм дэфши, НэбутI вгъэтIыс. [10] Ауэ и гупэкIэ
цIыху бзаджащIитI къивгъэтIысхьэ. Къреув ахэр щыхьэту,
НэбутI Тхьэмрэ пащтыхьымрэ яхуэмыфащэ ярипэсауэ жаIэу.
Абы иужькIэ ар дэфши, и псэр хэкIыху мывэкIэ феуэурэ фукI».

[11] НэбутI зыдэс къалэм и тхьэмадэхэмрэ лъэкIыныгъэ зиIэхэм-
рэ Iизэбэл къигъэхьа тхыгъэхэм зэритым хуэдэу ящIащ. [12] ЩIыхур
нэщIын хуейуэ зы махуэ хахри, щызэхуэсым, НэбутI жьантIа-
пщэмкIэ дашэри ягъэтIысащ. [13] БзаджащIитIыр къакIуэри, абы и
гупэкIэ къитIысхьащ. ЦIыху цIыкIум я пащхьэ иту «НэбутI Тхьэм-
рэ пащтыхьымрэ яхуэмыфащэ ярипэсащ» жаIэри, а тIур щыхьэту

[a] 21:3 Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, щIыгур къызыхуэнэн хуейр ар япэу зеям и щIэблэрт.

къэуващ. Арати, НэбутI къалэ щIыбымкIэ яшэри, и псэр хэкIыху
мывэкIэ еуэурэ яукIащ. [14] Абы иужькIэ Iизэбэл деж яIуэхури,
НэбутI и псэр хэкIыху мывэкIэ еуэурэ зэраукIар жраIащ.

[15] Iизэбэл, НэбутI и хъыбарыр зэрылъэIэсу, Iэхьэб зэрихуэу хуе-
жьащ: «ИзрэIэл щыщ НэбутI къыуищэну зыхуэмея и жыг хадэр
щIэхыу къэщтэж. ЩыIэжкъым НэбутI, лIащ ар», – жиIэри.

[16] НэбутI зэрыщымыIэжыр щызэхихым, абы и жызум хадэр
къищтэжыну Iэхьэб ежьащ.

## *Иляс Iэхьэбрэ Iизэбэлрэ яжриIар*

[17] Тыщбы щыщ Иляс ТХЬЭМ и псалъэр къыхуэкIуащ: [18] «Щэ-
мэрей хэкум унафэ зэрихьэу дэс ИсрэIилым и пащтыхь Iэхьэб деж
кIуэ. НэбутI и жызум хадэр зыIэщIиубыдэну хэтщи, абы щыIэщ.
[19] ЖепIэнуращ: „Мыращ ТХЬЭМ жиIэр: ЦIыхур букIауэ, иджы и
мылъкур зыIэщIэплъхьэжыну ухэту ара?“ ИтIанэ мыпхуэдэу жеIэ:
„Мыращ ТХЬЭМ жиIэр: НэбутI и лъыр хьэхэм здыщабзея щIы-
пIэм деж уэри уи лъыр щызэщIабзеежынущ“ жыIи».

[20] Иляс ежьэри Iэхьэб къигъуэтащ. «Арати, – жиIащ Iэхьэб, ар
къыщилъагъум, – си жагъуэгъум сыкъэбгъуэтащ».

«ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджэщIагъэхэм зептащи, – пидзыжащ
абы Иляс, – укъэзгъуэтащ. [21] Мыращ ТХЬЭМ жиIэр: „Узыхэмы-
кIыжын бэлыхь ухэздзэнущ. Укъэзгъэсэхыжынущ, уи лъапсэми
цIыхухъуу исыр, унэIутри цIыху щхьэхуитри згъэкIуэдынущ.
[22] Си губжьыр къызэщIэбгъаплъэу, ИсрэIилыр гуэныхьым зэры-
дебгъэхьэхам щхьэкIэ, НэбатI и къуэ Йорэбэхьэмрэ Ахъия и къуэ
БэIэшрэ я унагъуэм есщIар ууейми есщIэнущ“. [23] Мыращ ТХЬЭМ
Iизэбэл теухуауи жиIэр: „ИзрэIэл мывэхъунэм деж Iизэбэл и хьэдэр
хьэхэм щашхыжынущ“. [24] Уи унагъуэм щыщу къалэм щылIэр хьэм
яшхыжынущ, губгъуэм щылIэр бзум яуIужынущ».

[25] (Iэхьэб хуэдэу ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджэщIагъэхэм зе-
зыта зэикI къэхъуатэкъым. Ар къызэщIэзыгъэстри и щхьэгъусэ
Iизэбэлт. [26] ТХЬЭМ исрэIилхэм ябгъэдихуа амэрейхэм хуэ-
дэу, Iэхьэб скъархэм щхьэщэ яхуищIурэ Iуэху гущыкIыгъуэхэр
илэжьырт.)

[27] Иляс и псалъэхэр пащтыхьым щызэхихым, и щыгъыныр
зэхичатхъэщ, щыгъын къурэхэр къызыщитIагъэри, нэщIу щIи-
дзащ. А щыгъын пхъашэжьхэр зэрыщыгъыу гъуэлъырт, зэхихам
хуабжьуи игъэхыщIэрт.
[28] Тыщбы щыщ Иляс ТХЬЭМ и псалъэр къыхуэкIуащ: [29] «Плъэгъуа
Iэхьэб си пащхьэ Iэсэ зэрыщыхъуар? Апхуэдэу си пащхьэ Iэсэ зэрыщы-
хъуам къыхэкIыу, езыр псэууэ гузэвэгъуэ хэздзэнукъым. Ауэ и къуэм и
тетыгъуэм Iэхьэб и лъэпкъым бэлыхьыр къыхуэзгъэкIуэнущ».

## ТIОЩIРЭ ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Мэхъей бегъымбарым Iэхьэб жриIар*

**22** [1] Арэмей хэкумрэ ИсрэIил хэгъэгумрэ я зэхуаку зауэ къы-
дэмыхъуэу илъэсищкIэ екIуэкIащ. [2] Илъэс ещанэм щыхы-
хьэм, Ехьудей хэкум и пащтыхь Йощэфат ИсрэIилым и пащтыхьым
деж кIуащ. [3] Абы и къэкIуэгъуэм хуэзэу, ИсрэIилым и пащтыхьыр
и блыгущIэтхэм захуигъазэри еупщIащ: «ДжылыIэдейм ит АрмэтI
къалэр дыдейтэкъэ? АтIэ, сыт ар Арэмей хэкум и пащтыхьым къы-
щIыIэщIэдмыхыжыр?» – жиIэри.
[4] «АрмэтI къалэр къэдзэужыну дыщыкIуэкIэ, – еупщIащ ар Йо-
щэфат, – уныддэкIуэну?»
«Уэ уи щхьэ кърикIуэр сэри си щхьэ кърикIуэнщ, – еувэлIащ
Iэхьэб жиIэм Йощэфат, – си лъэпкъыр уи лъэпкъщ, сишхэр уишщ.
[5] Ауэ, – къыпищащ и псалъэм Йощэфат, – япэщIыкIэ ТХЬЭМ
къыджиIэнур зэдгъэгъащIэ».
[6] ИсрэIилым и пащтыхьым бегъымбархэр – псори зэгъусэу нэ-
рыбгэ* щиплI хъурт – зэхуишэсри еупщIащ: «АрмэтI къалэр къэз-
зэужыну сыкIуэ хъуну, хьэмэрэ мыхъуну?» – жиIэри.
«КIуэ, – жаIащ бегъымбархэм, – Тепщэныгъэ ЗиIэм ар уи
IэмыщIэ кърилъхьэнущ».
[7] Ауэ Йощэфат иджыри зэ кIэлъыгъуэзэжащ: «ТХЬЭМ и бе-
гъымбархэм ящыщу нэгъуэщI щымыIэу пIэрэ иджыри дызэупщI
хъун?» – жиIэри.

8 ИсрэIилым и пащтыхьыр къэпсалъэри Йощэфат жриIащ:
«ТХЬЭМ зыхуигъэзэфыну иджыри зы цIыху щыIэщ. Ауэ ар
слъагъу хъуркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сэ стеухуауэ сыт къимы-
псэлъми, зыфI хэлъкъым, псори Iей защIэщ. Ар Йымлэхь и къуэ
Мэхъейщ».
«Апхуэдэу жумыIэ, пащтыхь», – идакъым Йощэфат.
9 Апхуэдэу щыхъум, ИсрэIилым и пащтыхьым и Iуэхутхьэбза-
щIэхэм ящыщ зы бегъымбарым деж игъэкIуащ: «КIуэи, Йымлэхь
и къуэ Мэхъей щIэхыу къашэ!» – жиIэри.
10 Пащтыхь фащэр зыщыгъ Iэхьэбрэ Йощэфатрэ Щэмэрей къа-
лэм и дыхьэпIэм пэмыжыжьэу щыт хьэмым деж щхьэж и тахътэ
тесу бегъымбархэм къахэплъэрт. УкъызэщIэзыIэтэ псалъэхэр жа-
Iэу бегъымбархэри пащтыхьхэм я пащхьэ къитт. 11 Чэнан и къуэ
Садыкъей гъущIым бжьакъуэхэр къыхищIыкIри жиIащ: «Мыращ
ТХЬЭМ жиIэр: „Мы бжакъуэхэмкIэ арэмейхэр зэтебукIэнущ,
лъапсэкIуэдри къахуэбгъэкIуэнущ“».
12 Адрей бегъымбархэми ар дыдэрат жаIэр: «АрмэтI къалэр
къэбзэужыну кIуэ, текIуэныгъэр ууейщ, ТХЬЭМ ар уи Iэмыщ Iэ
кърилъхьэнущ».
13 Абы ирихьэлIэу Мэхъей къишэну кIэлъагъэкIуа лIыкIуэм абы
жриIащ: «Мо зэ къызэдаIуэт. Бегъымбархэм псоми зыжьэу пащты-
хьыр Iуэхум зэрехъулIэнур къыжаIэ. Уэри уи псалъэр абыхэм жаIэм
трырехуэ, уэри фIы къэпсэлъ».
14 АрщхьэкIэ ар Мэхъей идакъым: «ТХЬЭМ и цIэкIэ соIуэ,
Абы и псалъэм фIэкIа пащтыхьым сэ нэгъуэщI зэхезмыгъэхы-
ну», – жиIэри.
15 Бегъымбарыр къыщысым, пащтыхьыр еупщIащ: «Мэхъей,
АрмэтI къалэр къэдзэужыну дыкIуэ хъуну, хьэмэрэ мыхъуну?» –
жиIэри.
«КIуэ, – иритащ абы жэуап пащтыхьым, – текIуэныгъэр ууейщ!
ТХЬЭМ ар фIэкIыпIэ имыIэу уи IэмыщIэ кърилъхьэнущ».
16 АрщхьэкIэ пащтыхьыр Мэхъей иджыри зэ еупщIащ: «ТХЬЭМ
и цIэкIэ пэж фIэкIа нэгъуэщI жумыIэну сыт хуэдиз тхьэлъанэ
уэзгъэщIын хуей?» – жиIэри.

[17] Арати, адрейми къыпидзыжащ: «Мэлыхъуэр зыпэрымыт
хъушэм ещхьу, исрэIилхэр зэбгрыпхъауэ бгым зэритыр слъагъур-
ти, ТХЬЭМ къиIуэхуащ: „Абыхэм пашэ яIэкъыми, щхьэж и унэ
мамыру ирегъэзэж“ жиIэри».
[18] ИсрэIилым и пащтыхьым Йощэфат деж зигъазэри жриIащ:
«БжесIатэкъэ мыбы сэ стеухуауэ Iей фIэкIа фIы зыри зэрыжимы-
Iэнур?»
[19] «КъедаIуэ-тIэ ТХЬЭМ и псалъэм, – къригъэжьащ Мэхъей. –
И тахътэм тес ТХЬЭРИ и ижьырабгъумкIи и сэмэгурабгъумкIи
Абы къеувэкIауэ щыт уафэгу дзэри слъэгъуащ. [20] „Хэт Iэхьэб
игъэщхьэрыуэн, ар АрмэтI къалэ кIуэуэ щыхэкIуэдэн хуэдэу?“
щIэупщIащ ТХЬЭР. Зым зыр жиIэху, адрейми нэгъуэщI къыхи-
лъхьэху, [21] зы псэ гуэр къахэувыкIри, езым зэригъэщхьэрыуэнур
ТХЬЭМ и пащхьэ щыжиIащ. „Дапхуэдэу ар зэрыпщIынур?“
еупщIащ абы ТХЬЭР. [22] „СыкIуэнурэ, абы и бегъымбархэм псоми
IуэпцIышэу сажьэдэхуэнщ“ жиIащ псэм. „ФIы дыдэщ, къохъулIэ-
нущ уэ ар, – хъуащ арэзы абы жиIамкIэ ТХЬЭР. – КIуэ, зэрыжы-
пIам хуэдэуи щIы“. [23] Аращи, ТХЬЭМ и Iизынкlэ, псэр IуэпцIышэу
яжьэдэхуауэ уи бегъымбархэр зыгъэпсалъэр аращ, уэри ТХЬЭМ
къыпхуиухар щIагъуэкъым».
[24] Абы хэту Чэнан и къуэ Садыкъей Мэхъей къыбгъэдыхьэ-
ри къенэпэфэуащ. «ТХЬЭМ сэ сибгынэу уэ къопсэлъэныр дауэ
хъуа?» – еупщIащ ар Мэхъей щIэнакIэу.
[25] «БыдапIэ унэм зыщыщыбгъэпщкIуну махуэм къэпщIэнщ
ар», – жиIащ Мэхъей.
[26] «Мэхъей фубыди, – ищIащ унафэ пащтыхьым, – къалэтет
Амунрэ пащтыхь щауэ ЙоIэшрэ я деж фшэ. [27] Пащтыхьым и
унафэщ, жыфIи, тIуми мыпхуэдэу яжефIэ: „Мы лIыр лъэхъуэщым
ивдзи, бэIутIэIу къыхэмыкIыу къэзгъэзэжыху, псымрэ щIакхъуэмрэ
тевгъэс“».
[28] «БэIутIэIуншэу къэбгъэзэжмэ, – жиIащ Мэхъей, – сэ ТХЬЭР
къызэмыпсэлъауэ аращ». Мыри къыпигъэхъуэжащ: «Псоми зэхрах
мы жысIар!»

## *Iэхьэб и кIуэдыкIэ хъуар*

[29] ИсрэIилым и пащтыхьыр Ехьудей хэкум и пащтыхь Йощэфат
и гъусэу АрмэтI къалэр къаззэужыну ежьащ.
[30] «СыкъамыцIыхун хуэдэу, си щыгъынхэр зэсхъуэкIынурэ зауэм
сыхыхьэнущ, – жиIащ ИсрэIилым и пащтыхьым, Йощэфат зыхуи-
гъазэри. – Уэ пащтыхь фащэхэр зыщумыхыу зыщыгъагъ». Iэхьэб
и щыгъынхэр зэрихъуэкIри зэуапIэм Iухьащ.
[31] Арэмей хэкум и пащтыхьым хьэкуэстыгузехуэхэм я пашэ
щэщIрэ тIум унафэ яхуищIащ: «ЦIыкIуи ини зыми фемызауэ,
ИсрэIилым и пащтыхьращ зи ужь фитынур», – жиIэри.
[32] Хьэкуэстыгузехуэ пашэхэм Йощэфат къыщалъагъум, ар
ИсрэIилым и пащтыхьырауэ ягугъащ. Абы теуэн гуращэ яIэу къа-
гъэзат, арщхьэкIэ Йощэфат ину гуоуащ. [33] Дзэзешэхэм ар ИсрэIи-
лым зэримыпащтыхьыр къагурыIуэри и ужьым икIыжащ.
[34] Ауэ зыгуэрым иутIыпща шабзэм зэрымыщIэкIэ ИсрэIилым и
пащтыхьыр, щыгъ зауэлI фащэм и зэпыдзапIэм деж пхыкIри иуIащ.
«Нэгъазэ, зэуапIэм сыIушыж, уIэгъэ сыхъуащ», – жиIэри, па-
щтыхьым хьэкуэстыгузехуэм унафэ хуищIащ.
[35] АрщхьэкIэ зауэр кIуэ пэтми къызэщIэплъэрт. Пащтыхьыр
хьэкуэстыгум зэфIэту иту арэмеидзэм пэщIэтын хуей хъуащ. Пщы-
хьэщхьэм Iэхьэб и псэр хэкIащ. И уIэгъэм лъыуэ къижам хьэкуэ-
стыгу лъащIэр щIигъэнат. [36] Дыгъэр щетIысэхым ирихьэлIэу джэ
макъышхуэ къэIуащ: «Щхьэж и къалэ ирекIуэж, зыщыщ хэкуми
ирегъэзэж!» – жиIэу.
[37] Дунейм ехыжа пащтыхьыр Щэмэрей яшэжри щыщIалъхьэ-
жащ. [38] И хьэкуэстыгур цIыхубз къэхьпэхэм зыщагъэпскI Щэмэрей
псыIыгъыпIэ гуэрым деж щатхьэщIыжащ, ТХЬЭМ къиIуэхуа пса-
лъэм тету, абы и лъыр хьэхэм ябзеижащ.
[39] Iэхьэб и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуам,
игъэхъам, и уардэ унэр пыл къупщхьэкIэ къызэрырищIыкIам,
къалэхэр къызэригъэбыдыхьам ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил
пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ. [40] Iэхьэб и адэжьхэм я па-
щхьэ ихьэжащ. Абы иужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ
Ахъзиящ.

## *Ехьудейм и пащтыхь Йосафат*

[41] ИсрэIилым и пащтыхь Iэхьэб тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
еплIанэр екIуэкIыу, Асэ и къуэ Йосафат Ехьудейм и пащтыхь
хъуащ. [42] Йосафат пащтыхь тахътэм щыдэкIуеям и ныбжьыр илъэс
щэщIрэ тхум итт, илъэс тIощIрэ тхукIэ унафэ зэрихьэу Ерусэлим
дэсащ. И анэм и цIэр Iэзубэт, ар Щылыхь ипхъут. [43] Йосафат и
адэр зэрыкIуа гъуэгу захуэм текIакъым, ищIари илэжьари ТХЬЭМ
хуэфащэ защIэщ. Ауэ тхьэлъэIупIэхэр Iуахыжатэкъым, цIыху цIы-
кIур абыхэм кIуэурэ иджыри къурмэнхэр щащIырт, мэ дахэ къы-
зыпих мыстхъэхэр щагъэсырт[a]. [44] Абы ущыфIэкIыжым, Йосафат
ИсрэIилым и пащтыхьми мамырыгъэ ирищIылIат.
[45] Йосафат и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуам, абы
лIыгъэщIагъэу зэрихьам, зэуапIэм щигъэхъам ятеухуа хъыбархэр
«Ехьудей пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ.
[46] И адэ Асэ и тетыгъуэм щыгъуэ тхьэлъэIупIэхэм щызэрахьэу
щыта тхьэхуэщIэ къэхьпагъэм къыхэнэжари Йосафат игъэкIуэдащ.
[47] Едумей щIыналъэм пащтыхь иIэтэкъым, унафэр зыIэщIэлъыр
тетырт. [48] Iуфыр кIуэцIрыкIыурэ дыщэ кърашын хуэдэу, Йосафат
щIыпIэ жыжьэхэм кIуэ кхъухьыжьэ зэригъэпэщащ. Арщхьэкiэ
ахэр IусыкIыну хунэмысу, Едумей щIыналъэм ит Езунджэбэр
кхъухь тедзапIэм деж щызэхэкъутэжащ. [49] Iэхьэб и къуэ Ахъзия
Йосафат зыкъыхуигъэзат: «Си цIыхухэмрэ уи цIыхухэмрэ зэгъусэу
ирекIуэ мы кхъухьхэмкIэ», – жиIэри. Ауэ ар Йосафат идатэкъым.
[50] И уахътыр къэсри, Йосафат и адэжьхэм я пащхьэ ихьэжащ,
абыхэм хуэдэу, Даут и Къалэм щыщIалъхьэжащ. Абы иужькIэ па-
щтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ Йорамщ.

## *ИсрэIилым и пащтыхь Ахъзия*

[51] Ехьудейм и пащтыхь Йосафат тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ
илъэс епщыкIубланэр екIуэкIыу, Iэхьэб и къуэ Ахъзия ИсрэIилым
и пащтыхь хъуащ. Абы илъэситIкIэ пащтыхь унафэр Щэмэрей

[a] **22:43** Еплъ 3:2. Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, Тхьэм и Унэр Ерусэлим дащIыхьа нэужь, Абы къурмэн нэгъуэщI щIыпIэхэм щыхуэпщI хъужынутэкъым. Еплъ абы теухуауэ Хабзэ 12:1-14.

щызэрихьащ. [52] Ахъзия ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр
илэжьу къекIуэкIащ, и адэ-анэмрэ ИсрэIилыр гуэныхьым дезыгъэ-
хьэхыгъа НэбатI и къуэ Йорэбэхьэмрэ зэрыкIуа гъуэгу пхэнжми
текIакъым. [53] Ахъзия БэIэл хуэпщылIу, щхьэщэ хуищIу, и адэм
хуэдэуи, ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, и губжьыр къызэщIигъа-
плъэу щытащ.

# Пащтыхьхэм я еплIанэ тхылъыр

### Пэублэ псалъэ

Пащтыхьхэм я еплIанэ тхылъым ИсрэIил хэгъэгумрэ Ехьудей хэкумрэ ятеухуа хъыбархэм къыпащэ. Абыхэм къызэщIаубыдэ ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ IX лIэщIыгъуэм и кум къыщегъэжьауэ VI лIэщIыгъуэм и щIэдзапIэм нэс дэлъ далэр. Тхылъым къыщыгъэлъэгъуащ журт пащтыхьыгъуэхэм я гуащIэр мащIэ-мащIэурэ зэрыщIэужьыхэр, апхуэдэххэурэ кIуэдыпIэ зэрихьэр. Тхылъыр Iыхьит|у бгуэш хъунущ. Щэмэрей къалэр ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 722-нэ гъэм ащурейхэм къазэухункIэ ИсрэIил хэгъэгумрэ Ехьудей хэкумрэ къыщыхъуа Iуэхугъуэхэр япэ Iыхьэм къыщыIуэтащ (1-17). Ерусэлим къалэр ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 586 гъэм бабылейхэм зыIэщIалъхьэхункIэ Ехьудейм щекIуэкIахэр етIуанэ Iыхьэм къыщыкIуащ (18-25).

Тхьэм Даут къызэригъэгугъам тету, Ехьудейм и унафэр зыIэщIэлъа пащтыхьхэр къанэ щымыIэу зы унагъуэм щыщт. Ауэ ИсрэIил хэгъэгум пIалъэ кIэщIым къриубыдэу щызэблэкIа пащтыхьхэр псори унагъуэ зэщымыщхэм къыхэкIат, теубыдауэ зым темытыныр, лъы гъэжаныр я къэрал зехьэкIэм нэщэнэ хуэхъуат. Пащтыхьхэм я нэхъыбэм Тхьэм и унафэхэр ягъэзащIэртэкъым, тхьэнэпцIхэм щхьэщэ хуащIырт. Тхылъыр зи Iэдакъэ къыщIэкIар IейкIэ зытемыпсэлъыхьыр мажусиигъэм

пэщӀэта ехьудей пащтыхьитӀым – ХъызэкӀейрэ Йощийрэ – я тетыгъуэ къудейрщ (18-20, 22-23).

Тхылъыр зытепсэлъыхьыр пащтыхьхэм я закъуэкъым. Мыбы къыщыкӀуащ бегъымбархэм ятеухуа хъыбархэм – ущрихьэлӀэнущ Илясрэ абы и гъэсэн Ӏэлисэхьрэ (2-19, 13), ущыхуэзэнущ Ещай (19-20) сымэ. Ахэр псори Тхьэм хуэлажьэрт, и телъыджэхэр цӀыхубэм ирагъэлъагъуу, и псалъэхэм пащтыхьхэр щӀагъэдаӀуэу.

Апхуэдэу щыт пэтми, пащтыхьыгъуитӀри, икӀэм-икӀэжым, къызэтекъутащ, цӀыхухэри гъэрыпӀэм ихуащ. Тхылъым къызэрыхэщымкӀэ, исрэӀилхэр Тхьэм зэрепцӀыжам а гузэвэгъуэр къыхэкӀащ. Тхьэм Ӏэджэрэ и бегъымбархэмкӀэ къеущият исрэӀилхэм, ауэ абыхэм зыри зэхахакъым. Ерусэлим къалэр зэрызэтракъутамрэ ехьудейхэм я нэхъыбэр гъэр зэтращӀэу Бабылей зэрахуамрэ журт тхыдэм и къэхъукъащӀэ курыххэм ящыщ зыщ.

## ЯПЭ ЫХЬЭ

### *Иляс бегъымбарымрэ ИсрэӀилым и пащтыхь Ахъзиярэ*

**1** [1] Ӏэхьэб дунейм ехыжа нэужь, ИсрэӀилым и тетыгъуэр ямыдэу мэуабейхэм зыкъаӀэтащ.

[2] Зэгуэрым, ищхьэ унэм и щхьэгъубжэм къыщхьэдэхуэхри,
ИсрэӀилым и пащтыхь Ахъзия фэбжь игъуэтащ. Мыр къыщыхъуар
Щэмэрейт•. «Акурэнытхьэ[a] БэӀэлзэбуб деж фыкӀуи, сыхъужынумэ
феупщӀ», – жиӀэри пащтыхьым лӀыкӀуэхэр иутӀыпщащ.
[3] АрщхьэкӀэ, ТХЬЭМ• и МелыӀычым Тыщбы щыщ Иляс унафэ
хуищӀащ щэмэрей пащтыхьым и лӀыкӀуэхэм япыкъуэкӀыну. «ИсрэӀи-
лым Тхьэ имыӀэу арат, Акурэнытхьэ БэӀэлзэбуб деж фыупщӀэну
фыщӀежьар? – яригъэупщӀащ ар лӀыкӀуэхэм МелыӀычым. – [4] Арауэ

[a] **1:2** Акурэн къалэр фылистей щыхьэрхэм ящыщ зыщ.

щытмэ, ТХЬЭМ жиӀэр мыращ: Узыхэлъ пӀэм укъикӀыжынукъым, фӀэкӀыпӀэ имыӀэуи улӀэнущ!» Ар яжриӀэри, Илляс ежьэжащ.
[5] ЛыкӀуэхэм къыщагъэзэжым, пащтыхьыр абыхэм еупщӀащ: «Сыту щӀэхыу къэвгъэзэжа?» – жиӀэри.
[6] «ДыздэкӀуэм лӀы гуэр къытхуэзэри, – жаӀащ абыхэм: – „ФыкъэзыутӀыпща пащтыхьым деж вгъэзэжи: 'Мыращ ТХЬЭМ жиӀэр: ИсрэӀилым Тхьэ имыӀэу арат, Акурэнытхьэ БэӀэлзэбуб деж упщӀакӀуэ щӀэбутӀыпщар? Мис абы щхьэкӀэ узыхэлъ пӀэм укъикӀыжынукъым, фӀэкӀыпӀэ имыӀэуи улӀэнущ!' жефӀэ" жиӀащ».
[7] «КъыфпыкъуэкӀыу а псор къывжезыӀа лӀым сыт и шыфэлӀыфэ?» – щӀэупщӀащ пащтыхьыр.
[8] «Ар цыбэт[a], фэ бгырыпхи щӀэпхат», – жаӀащ лыкӀуэхэм.
«Тыщбы щыщ Иллясщ ар», – къыгурыӀуащ пащтыхьым.
[9] Ахъзия цӀыху щэ ныкъуэ хъу дзэ пакӀэм* и пашэмрэ зауэлӀхэмрэ Иляс деж игъэкӀуащ. ДзэкӀуэлӀ пашэр Ӏуащхьэ щыгум тес Иляс деж дэкӀуейри: «Уа, Тхьэм и цӀыху, пащтыхьым мы Ӏуащхьэм укъехыну къыбжеӀэ», – жриӀащ.
[10] «Сэ Тхьэм срицӀыхур пэжмэ, уафэм мафӀэр кърырехи, уэри уи цӀыхухэри ирырес!» – жриӀащ абы Иляс. Асыхьэтым уафэм мафӀэр къехри, дзэкӀуэлӀ пашэри цӀыху щэ ныкъуэ хъу дзэ пакӀэри хисхьащ.
[11] Апхуэдэу щыхъум, пащтыхьым Иляс деж нэгъуэщӀ зы дзэкӀуэлӀ пашэрэ цӀыху щэ ныкъуэ хъу дзэ пакӀэрэ игъэкӀуащ. Абыи бегъымбарым пиубыдащ: «Уа, Тхьэм и цӀыху, мы Ӏуащхьэм икӀэщӀыпӀэкӀэ укъехыну пащтыхьым къыбжеӀэ», – жиӀэри.
[12] «Сэ Тхьэм срицӀыхур пэжмэ, – пидзыжащ абы Иляс, – уафэм мафӀэр кърырехи, уэри уи цӀыхухэри ирырес!» Асыхьэтым уафэм мафӀэр къехри, дзэкӀуэлӀ пашэри цӀыху щэ ныкъуэ хъу дзэ пакӀэри хисхьащ.
[13] Пащтыхьым ещанэ дзэкӀуэлӀ пашэмрэ цӀыху щэ ныкъуэ хъу дзэ пакӀэрэ Иляс кӀэлъигъэкӀуащ. ДзэкӀуэлӀ пашэр Ӏуащхьэ щыгум тес Иляс деж дэкӀри и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу зыщридзыхри елъэӀуащ: «Уа, Тхьэм и цӀыху, сынолъэӀу, сэри мы уи жыӀэщӀэ дзэ

[a] 1:8 Е: «Мэлыфэм къыхэщӀыкӀа щыгъыныгъуэ щыгът».

пакIэм хэт цIыху щэ ныкъуэми ди псэр умыгъэн! [14] Ди япэ иту уи
деж къэкIуа дзэ пакIитIым я пашэхэмрэ я гъуса зауэлIхэмрэ уафэм
къеха мафIэм хисхьакъэ-тIэ. Умыгъэн си псэр!» – жиIэри.
[15] ТХЬЭМ и МелыIычым Иляс къыжриIащ: «КIуэ, ех и гъусэу,
ущымышынэ». Арати, Иляс къежьэри, дзэ пакIэ пашэм и гъусэу
пащтыхьым деж кIуащ.
[16] Иляс пащтыхьым зыхуигъазэри: «Мыращ ТХЬЭМ жиIэр:
„ИсрэIилым Тхьэ имыIэу арат, уеупщI мыхъуну? Акурэнытхьэ
БэIэлзэбуб деж упщIакIуэхэр бутIыпщащ! Абы щхьэкIэ узэрылъ
пIэм укъикIыжынукъым, фIэкIыпIэ имыIэуи улIэнущ!“» – жриIащ.
[17] Иляс къыжьэдэкIа ТХЬЭМ и псалъэм тету ар дунейм ехыжащ.
Ахъзия къуэ иIакъым. Ехьудейм и пащтыхь Йощэфат и къуэ Йорам
тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс етIуанэр екIуэкIыу, Ахъзия и пIэ-
кIэ абы и къуэш Йохъурэм ИсрэIилым и пащтыхь хъуащ. [18] Ахъзия и
тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ игъэхъамрэ ятеухуа
хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ.

## ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Иляс бегъымбарыр уафэм зэрыдрахьеижар*

**2** [1] ТХЬЭМ Иляс бегъымбарыр гъуэжькуиийм* хэту уафэм зэры-
дрихьеижар мыпхуэдэущ.
Иляс бегъымбарымрэ Iэлисэхьрэ Джылджэл къикIыжырт. [2] «Уэ
мыбдеж укъыщынэну сынолъэIу, – жиIащ Иляс бегъымбарым. –
Сэ ТХЬЭМ БэтIэл сегъакIуэ».
АрщхьэкIэ Iэлисэхь идакъым: «ТХЬЭМ и цIэкIи уэ уи цIэкIи
соIуэ укъызмыгъэнэну!» Арати, ахэр зэгъусэу БэтIэл кIуащ.
[3] БэтIэл дэс бегъымбархэр Iэлисэхь къыбгъэдыхьэри: «ТХЬЭМ
уи зиусхьэныр нобэ уафэм зэрырихьэжынур пщIэрэ?» – жаIэри
къеупщIащ.
«СощIэ, – жиIащ Iэлисэхь. – Ауэ фэ зыри жывмыIэ».
[4] «Iэлисэхь, уэ мыбдеж укъыщынэну сынолъэIу, – жиIащ Иляс. –
Сэ ТХЬЭМ Йэрыхъуэ сегъакIуэ».

АрщхьэкIэ Iэлисэхь идакъым: «ТХЬЭМ и цIэкIи уэ уи цIэкIи соIуэ укъызмыгъэнэну!» Арати ахэр зэгъусэу Йэрыхъуэ кIуащ.
5 Йэрыхъуэ дэс бегъымбархэр Iэлисэхь къыбгъэдыхьэри: «ТХЬЭМ уи зиусхьэныр нобэ уафэм зэрырихьэжынур пщIэрэ?» – жаIэри къеупщIащ.

«СощIэ, – жиIащ Iэлисэхь. – Ауэ фэ зыри жывмыIэ».
6 «Iэлисэхь, уэ мыбдеж укъыщынэну сынолъэIу, – жиIащ Иляс. – Сэ ТХЬЭМ Iурдын псыежэхымкIэ сегъакIуэ».

АрщхьэкIэ Iэлисэхь идакъым: «ТХЬЭМ и цIэкIи уэ уи цIэкIи соIуэ укъызмыгъэнэну!» Арати ахэр зэгъусэу адэкIэ кIуащ.
7 Iурдын псыежэхым нэсу къыщыувыIэм, цIыху щэныкъуэ хъу
бегъымбар гупыр къакIуэри, абыхэм япэмыжыжьэу лъэныкъуэкIэ
къэуващ. 8 Абдежым Иляс и щыгъын щIыIутелъыр зыщихщ, зэ-
кIуэцIишыхьри абыкIэ псым хэуащ. Асыхьэтым псыр зэгуэкIри,
къыщIэща щIы щхьэфэ гъущэм Илясрэ Iэлисэхьрэ ирикIуащ.
9 Псым зэпрыкIа нэужь, Иляс: «СыббгъэдамышыжщIыкIэ, жыIэ,
сыт пхуэсщIэну узыхуейр?» – жиIэри еупщIащ Iэлисэхь.

«Адрей бегъымбархэм ялъыбгъэс уи къарум нэхърэ хуэдитIкIэ нэхъыбэ къызэптыну сынолъэIу[a]», – лъэIуащ Iэлисэхь.
10 «УзыщIэлъэIур гъэзэщIэгъуейщ, – жиIащ Иляс. – Сызэрыббгъэдашыжыр уи нэгу щIэкIмэ, узыщIэлъэIур къыбдэхъунущ, армырамэ – къохъулIэнукъым».
11 Ахэр псалъэу гъуэгум здрикIуэм, мафIэм къыхэщIыкIа
хьэкуэстыгумрэ* шыхэмрэ уащхъуэдэмыщхъуэу къабгъэдэхутэри
зэбгъэдихащ, Иляси гъуэжькуий къыкъуэуам хэту уафэм ихьэжащ.
12 «Уэ си адэ! Уэ си адэ! – кIийрт Iэлисэхь ину абы еплъурэ. – Уэ
ИсрэIилым и хьэкуэстыгу! Уэ ИсрэIилым и шуудзэ![b]» Iэлисэхь,

---

[a] 2:9 Iэлисэхь апхуэдэ щIыкIэкIэ къигъэлъэгъуащ Иляс бегъымбарым и гъэсэн нэхъыщхьэу щытыну зэрыфIэфIыр. Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, щIэинхыыж нэхъыщхьэм (къуэ нэхъыжьым) адрей щIэинэгъуххэм къалъыс Iыхьэм хуэдэу тIу къылъос.

[b] 2:12 «Уэ ИсрэIилым и щыжакIуэ лъэщ!» мыхьэнэр къикIыу мы жыIэгъуитIыр Иляс бегъымбарым ехьэлIауи къыбгурыIуэ хъунущ.

зыри имылъагъужу псори щыкӀуэдыжым, и щыгъынхэм епхъуэри
тӀууэ зэгуитхъащ.
[13] Иляс къыӀэщӀэхуа щӀыӀутелъыр къиштэжри, Ӏэлисэхь Ӏурдын
псыежэхымкӀэ игъэзэжащ. Абдеж къыщекӀуэлӀэжым, [14] ар Иляс и
щӀыӀутелъымкӀэ псым хэуащ: «Дэнэ иджыпсту здэщыӀэр ТХЬЭР,
Иляс и Тхьэр?» – жиӀэурэ. Псым зэрыхэуэу, ар зэгуэкӀащ, Ӏэлисэ-
хьи къызэпрыкӀыжащ.
[15] «Иляс и къарур Ӏэлисэхь къыхуэнащ», – жаӀащ абы ищӀар
зылъэгъуа, Йэрыхъуэ къикӀа бегъымбархэм. Ахэр Ӏэлисэхь къы-
пежьэри, щӀым нэсу щхьэщэ къыхуащӀащ. [16] «Уи жыӀэщӀэхэм
бэшэч защӀэу цӀыхухъу щэ никъуэ къытхэтщ, – жаӀащ абыхэм. –
Хуит дыкъэщӀи, ахэр уи зиусхьэным и лъыхъуакӀуэ дыгъэгъакӀуэ.
ПщӀэну щыткъым, ТХЬЭМ и Псэм ар бгыхэм языхэзым
щридзыхагъэнкӀэ е къуакӀэ гуэрым дидзагъэнкӀэ хъунущ».
«Хьэуэ, хуейкъым, – идакъым Ӏэлисэхь. – Зыри зыщӀыпӀи
фымыгъакӀуэ».
[17] АрщхьэкӀэ бегъымбархэм трагъэчыныхьу хуежьащ. ЩыщӀа-
мычэххэм, Ӏэлисэхь арэзы хъуащ: «Хъунщ-тӀэ, ирекӀуэ», – жиӀэри.
Бегъымбархэм Иляс и лъыхъуакӀуэ цӀыху щэ никъуэ яутӀы-
пщащ. Ахэр махуищкӀэ Иляс лъыхъуа щхьэкӀэ, ягъуэтакъым.
[18] Йэрыхъуэ иджыри дэмыкӀыжауэ дэс Ӏэлисэхь деж абыхэм
къыщагъэзэжым: «ВжесӀатэкъэ фымыкӀуэ жысӀэри?» – яжриӀащ.

## *Ӏэлисэхь телъыджэ игъэлъэгъуахэр*

[19] Йэрыхъуэдэсхэр Ӏэлисэхь къыхуэтхьэусыхащ: «Зиус-
хьэн, зэрыплъагъущи, къалэм и тӀысыпӀэр Ӏейкъым, ауэ и псыр
щӀагъуэкъым, щӀыгуми бэв къиткъым», – жаӀэри.
[20] «ФалъэщӀэ къысхуэфхьи, – жиӀащ Ӏэлисэхь, – шыгъу ифкӀутэ
абы». Апхуэдэуи ящӀащ.
[21] Ӏэлисэхь псыщхьэм кӀуэри шыгъур абы хидзащ: «Мыращ
ТХЬЭМ жиӀэр: „Мы псым псэ хэслъхьэжащ. ДяпэкӀэ абы зыри
игъэлӀэжынукъым, гъавэншагъи щыӀэжынукъым“», – жиӀэурэ.
[22] Абы щегъэжьауэ нобэр къыздэсым Ӏэлисэхь псым зэрытриӀуам
хуэдэу йокӀуэкӀ.

23 Iэлисэхь а къалэм къыдэкIыжри БэтIэлкIэ иунэтIащ. Гъуэгу
тету здэкIуэм, къалэм щIалэ цIыкIу гуп къыдэкIри бегъымбарым
щIэнакIэу хуежьащ. «Зегъэхь, щхьэфэкъу! – зэрыгъэкIийрт ахэр. –
Зегъэхь, щхьэфэкъу!»
24 Iэлисэхь абыхэм къахуеплъэкIри, ТХЬЭМ и цIэкIэ къахэбгащ.
Щыбгэм, мэзым мыщэбзитI къыхэкIри, гупым щыщу щIалэ цIыкIу
тIощIитIрэ тIурэ зэпкъратхъащ. 25 Абы иужькIэ Iэлисэхь Къармэл
Iуащхьэм дэкIащ, абы икIри Щэмэрей игъэзэжащ.

## ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

### *ИсрэIилым и пащтыхь Йохъурэм*

3 1 Ехьудейм и пащтыхь Йощэфат тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
епщыкIуиянэр екIуэкIыу, Iэхьэб и къуэ Йохъурэм ИсрэIилым
и пащтыхь хъуащ. Абы илъэс пщыкIутIкIэ пащтыхь унафэр Щэ-
мэрей щызэрихьащ. 2 Йохъурэм ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр
илэжьу къекIуэкIащ, ауэ и адэ-анэм хуэдэ дыдэтэкъыми, Iэхьэб БэIэл-
хуигъэуvауэ щыта мывэскъарыр ирихыжат. 3 Апхуэдэу щыт пэтми,
Йохъурэм ИсрэIилыр гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха НэбатI и къуэ
Йорэбэхьэм и гъуэгум текIакъым, уеблэмэ абы къыпыIукIуэтакъым.

### *Мэуабей щIыналъэр зэрыхагъэщIар*

4 Мэуабей пащтыхь Мыщэ мэл гъэхъуным пылът. Абы щынэ ми-
нищэрэ тIы минищэм къытрищыкIа цырэ ИсрэIилым и пащтыхьым
хьэкъулэу* хуригъэшэн хуейт. 5 Iэхьэб дунейм ехыжа нэужь, мэуа-
бей пащтыхьым ИсрэIилым и пащтыхьым зыкъыпиIэтащ. 6 Арати,
Йохъурэм Щэмэрей къыдэкIащ, зэрыисрэIилыдзэу зэщIигъэуIуэри.
7 Йохъурэм Ехьудей хэкум и пащтыхь Йощэфат деж лIыкIуэхэр
иIуэхуащ: «Мэуабей щIыналъэм и пащтыхьым зыкъыспиIэтащи,
гъусэ укъысхуэхъуу абы зэуакIуэ уныздэкIуэн?» – жиIэри.
«СынэкIуэнущ, – еувэлIащ Йохъурэм жиIэм Йощэфат. – Уэ
уи щхьэ кърикIуэр сэри си щхьэ кърикIуэнщ. Си лъэпкъыр уи
лъэпкъщ, сишхэр уишщ».

[8] «Сыт хуэдэ гъуэгу дызэрыкIуэнур?» – къыпищащ и псалъэм Йощэфат.
«Едумей пшахъуэщIымкIэ дыкIуэнщ», – жиIащ Йохъурэм.
[9] ИсрэIилым и пащтыхьыр Ехьудей хэкумрэ Едумей щIыналъэмрэ я пащтыхьхэм я гъусэу гъуэгу техьащ. Мэуабейм къыпакIухьу махуиблгъуэгу якIуа нэужь, дзэми Iэщу ящIыгъуми псыр яIэщIэухащ.
[10] «Дыунэхъуащ! – къэгумэщIащ исрэIил пащтыхьыр. – ТХЬЭМ пащтыхьищыр зэуIу дыщIищIар Мэуабейм и IэмыщIэ дрилъхьэн щхьэкIэщ!»
[11] «ТХЬЭМ едгъэупщIын хуэдэу и бегъымбархэм ящыщ щымыIэу пIэрэ мыбдеж?» – щIэупщIащ Йощэфат.
ИсрэIил пащтыхьым и блыгущIэтхэм ящыщ зым Йощэфат зыщIэупщIам жэуап иритащ: «Щэфат и къуэ Iэлисэхь щыIэщ. Ар Иляс бегъымбарым и дэIэпыкъуэгъуу щытащ».
[12] «Абы ТХЬЭМ и псалъэр къылъоIэс», – жиIащ Йощэфат. Арати, исрэIил пащтыхьыр, Йощэфат, едумей пащтыхьыр зэщIыгъуу Iэлисэхь деж кIуащ.
[13] «Сыт ди Iуэхуу зэхэлъыр? – жриIащ Iэлисэхь исрэIил пащтыхьым. – КIуэ уи адэрэ уи анэрэ я бегъымбархэм деж».
«Хьэуэ, – идакъым исрэIил пащтыхьым, – Мэуабейм и IэмыщIэ дрилъхьэн щхьэкIэ пащтыхьищыр зэуIу дызыщIар ТХЬЭРЩ».
[14] «ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмыту• сызыхуэпщылIым и цIэкIэ соIуэ, – жиIащ быдэу Iэлисэхь, – Ехьудей хэкум и пащтыхь Йощэфат пщIэ хуэсщIу щымытатэмэ, сыноплъыххэтэкъым, гу плъыстэххэтэкъым. [15] Иджы пшынэдыкъуакъуэ еуэ гуэр къысхуэфшэ».
Пшынэдыкъуакъуауэм пшыналъэр кърригъэкIыу хуежьа нэужь, Iэлисэхь ТХЬЭМ и гуащIэм* зэщIиубыдэри жиIащ: [16] «Мыращ ТХЬЭМ жиIэр: „Мы псыхъуэм и кIыхьагъкIэ щIытI дэфтIыкI!“ [17] Ар ТХЬЭМ щIыжиIэращ: „Жьы къепщи уэшхи флъагъунукъым, ауэ мы псыхъуэм псыр дэз хъунущ, фэри, фи Iэщми, адрей фи псэущхьэхэми псыкIэ зывгъэнщIыжынущ“. [18] Ар ТХЬЭМ зыуи къыщымыхъуу ищIэфынущ, Абы Мэуабейри фи IэмыщIэ кърилъхьэнущ. [19] БыдапIэхэмрэ къалэшхуэхэмрэ псори

зыӀэщӀэфлъхьэнущ, жыг лъэпкъыфӀэхэр ивупщӀыкӀынущ, псы кӀуапӀэхэр вгъэгъущынущ, губгъуэ бэвылъэхэр мывэкӀэ вгъэсеинущ».

[20] КъыкӀэлъыкӀуэ пщэдджыжьым, къурмэнщӀыгъуэм ирихьэлӀэу, Едумей лъэныкъуэмкӀэ псыр къикӀыу хуежьащ. ЩӀыгум псыр изыбзэ хъуащ. [21] Пащтыхьхэр къезэуэну къызэрыкӀуэм и хъыбарыр мэуабейхэм щызэхахым, Ӏэщэ зыӀыгъыфыну щӀыналъэм исыр зэхуашэсри гъунапкъэм кърашэлӀащ. [22] Пщэдджыжьым жьыуэ зыщаужьым, дыгъэм и бзийхэр зытридзэ псыр мэуабейхэм лъым хуэдэу плъыжьу къалъэгъуащ.

[23] «Мор лъыщ! – зэрыгъэгуоуащ мэуабейхэр. – Пащтыхьхэр зэзауэурэ зэрыукӀыжагъэнущ. ЗыӀэт, Мэуабей, къуентхъыр* зэщӀэкъуэ!»

[24] Мэуабейхэр исрэӀилыдзэр щитӀысыкӀа щӀыпӀэм къекӀуэлӀащ. ИсрэӀил зауэлӀхэм зыкъаӀэту яхэуэу щыхуежьэм, мохэр икӀуэту щӀадзащ. ЩыщӀэпхъуэжми, исрэӀилыдзэр абыхэм я ужь итурэ кӀуэрт, зыкӀэлъэщӀыхьэр яукӀыурэ. [25] ИсрэӀилхэм къалэхэр зэхакъутащ, губгъуэ бэвылъэхэм мывэ зырыз хадзэурэ ягъэсеящ, псы кӀуапӀэхэр ягъэгъущащ, жыг лъэпкъыфӀэхэри ираупщӀыкӀащ. Къырхъэрэсэт къалэм и закъуэт зи мывэхъунэхэр* ямыгъэуэу къэнар. Ауэ ари мывэдзхэм* къаухъуреихьри, мэвэкӀэ хэуэу хуежьащ.

[26] Мэуабей пащтыхьым зэрыхагъащӀэр къыщыгурыӀуэм, джатэ гъэбзэным хуэӀэзэ цӀыху щибл гъусэ ищӀри, Едумей пащтыхьыр здэщыӀэ лъэныкъуэмкӀэ пхритхъыну еӀащ, арщхьэкӀэ къехъулӀакъым.

[27] Апхуэдэу щыхъум, мэуабей пащтыхьым и пэлъхур, езым иужькӀэ пащтыхьыгъуэм техьэну и къуэр, къалэ мывэхъунэм и щхьэм дишри къурмэн щищӀащ.

Тхьэм и губжь иныр исрэӀилхэм къалъэӀэсащ[a] – ахэр зэщӀэкӀуэжри* я хэку ягъэзэжащ.

---

[a] 3:27 Е: «Ар исрэӀилхэм апхуэдизкӀэ гущыкӀыгъуэ къащыхъуати». Пасэрей журтыбзэкӀэ тха Ӏэрытхым къыщыкӀуэ псалъэхэм къарыкӀыр нахуэкъым. Тхьэм и губжьыр къызыхэкӀа щхьэусыгъуэр гурыӀуэгъуэ дыдэкъым. ЯзынЫкъуэ щӀэныгъэлӀхэм къызэралъытэмкӀэ, ар къызыхэкӀар исрэӀилхэм жыгхэр щраупщӀыкӀым икӀи щӀыгухэр Ӏисраф щыщӀым, Тэурэт Хабзэм къыщыкӀуа зэуэкӀэ хабзэхэр къызэрызэпаударщ (еплъ Хабзэ 20:19-20).

## ЕПЛІАНЭ ІЫХЬЭ

### *Іэлисэхьрэ фызабэ тхьэмыщкІэмрэ*

4 [1] Бегъымбархэм ящыщ зым къыщІэна фызабэ гуэр Іэлисэхь деж
кІийрэ гъуэгыу къакІуэри къыжриІащ: «Уи жыІэщІэу щыта си
щхьэгъусэр дунейм ехыжащ. Ар ТХЬЭМ фІэлІыкІыу зэрыщытам
ущыгъуазэщ. Иджы тхьэмыщкІэм щІыхуэ къызыІихауэ щытар
къэкІуауэ си щІалэ цІыкІуитІыр пщылІ ищІыну хэтщ».
[2] «Сыт пхуэсщІэфынур? – еупщІащ абы Іэлисэхь. – КъызжеІэт,
уи унэ сыт илъ?»
«Зыри сиІэкъым, – жиІащ фызабэм, – зейтун дагъэ иту зы
кхъуэщын закъуэ щІэтщ».
[3] «Гъэзэжи, – жриІащ цІыхубзым Іэлисэхь, – уи гъунэгъуухэм
я кхъуэщын нэщІхэр къыуатыну елъэІу. НэхъыбэІуэ зэхуэхьэс.
[4] Абы иужькІэ уэрэ уи къуэхэмрэ унэм фыщІыхьэжи бжэр къы-
хуэфщІ. Кхъуэщын къэпхьахэм а зейтун дагъэр игъахъуэ, из пщІыр
лъэныкъуэкІэ егъэувэкІ».
[5] ЦІыхубзыр кІуэжщ, и къуэхэм я гъусэу унэм щІыхьэжри бжэр къы-
хуащІыжащ. ЩІалэхэм цІыхубзым кхъуэщын нэщІхэр къыбгъэдахьэрт,
езым абыхэм дагъэр яригъахъуэрт. [6] Кхъуэщынхэр псори из хъуа нэужь,
цІыхубзым и къуэм жриІащ: «Къащтэ иджыри зы кхъуэщын». Кхъуэ-
щын зыри зэрыщымыІэжыр щІалэм щыжиІэм, дагъэри зэпыуащ.
[7] Фызабэр Тхьэм и цІыхум деж кІуэри, къэхъуар псори хуиІуэтэ-
жащ. Бегъымбарми цІыхубзым чэнджэщ иритащ: «КІуэ, дагъэр
щэи, щІыхуэр тыж. Адрей къанэм уэри уи къуэхэри фрипсэу».

### *Іэлисэхьрэ Шунэм щыщ бзылъхугъэмрэ*

[8] Зэгуэрым Іэлисэхь Шунэм къалэм блэкІрэ пэт къыщыувыІащ.
А къалэм зы бзылъхугъэ хуэщІа щыпсэурт. Ар тригъэчыныхьу
Іэлисэхь елъэІуат, и унэ блэмыкІыну, къыщыувыІэу и ерыскъы
зыІуигъэхуэну. Абы лъандэрэ Іэлисэхь а щІыпІэм щыблэкІкІэ, зэ-
Іурыуну бзылъхугъэм деж къыщыувыІэрт.
[9] «КІэщІ-кІэщІурэ ди деж къакІуэ лІыр Тхьэм зэри-
цІыху лъапІэр сощІэ, – жриІащ цІыхубзым и щхьэгъусэм

зыхуигъазэри. – [10] Дегъауи, абы унащхьэм зы пэш цIыкIу щыхуэдгъэщI, гъуэлъыпIэ, Iэнэ, шэнт, уэздыгъэ хущIэдгъэгъэувэж. ИтIанэ, дапщэщ къэмыкIуэми, ар абдеж къыщыувыIэ хъунущ».

[11] Зэгуэрым, Iэлисэхь а щIыпIэм къэкIуауэ, а пэшым дэкIуейри зыщигъэукIуриящ. [12] «Шунэм бысымгуащэм къысхуеджэ», – жриIащ Iэлисэхь и Iуэхутхьэбзащ1э Джэгъазий. Абы бзылъхугъэр къриджащ, мыдрейри бегъымбарым деж къэкIуащ.

[13] Iэлисэхь и псалъэхэр цIыхубзым жриIэну Джэгъазий унафэ хуищIащ: «Сыт щыгъуи укъытхуэгумащIэщ, жыIэ. Сыт пхуэтщIэмэ хъун? Пащтыхьым е дзэпщым уэр папщIэ псалъэ гуэр жетIэн?»

«Сэ си Iыхьлыхэм сахэсыжщ», – жиIащ цIыхубзым.

[14] «Дунейм сыт хуэтщIэфын абы?» – егупсысащ Iэлисэхь.

«Къуэ иIэкъым цIыхубзым, – жиIащ Джэгъазий, – и щхьэгъусэм и ныбжьри хэкIуэтащ».

[15] «Къеджэ бысымгуащэм», – Iэлисэхь Джэгъазий унафэ хуищIащ. Джэгъазий цIыхубзыр къриджащ, ари къакIуэри бжэм деж къэуващ.

[16] «ЕтIанэгъэ, мы пIалъэ дыдэм, – жриIащ абы Iэлисэхь, – уи бгъафэм уи къуэр щIэлъу урихьэлIэнущ».

«Хьэуэ, си зиусхьэн, – и фIэщ хъуакъым цIыхубзым. – Уи жыIэщIэм гугъэ нэпцIхэр иумыгъэщI, Тхьэм и цIыху!»

[17] Iэлисэхь зэрыжиIам хуэдэу, цIыхубзыр лъэщыджэ хъури, къыкIэлъыкIуэ илъэсым, а пIалъэ дыдэм ирихьэлIэу, щIалэ къыхуэхъуащ.

## *Шунэм щыщ бзылъхугъэм и къуэр Iэлисэхь лIахэм къазэрыхигъэтэджыкIыжар*

[18] ЩIалэ цIыкIур къыдэкIуэтеящ. Зэгуэрым ар мэшыххэм я гъусэу губгъуэм ит и адэм деж дэкIащ.

[19] «Си щхьэр! – хуэтхьэусыхащ ар и адэм, тIэкIу дэкIа нэужь. – Си щхьэр мэуз!»

«Хуэхьыж мыр и анэм», – адэм и лIыщIэм унафэ хуищIащ.

[20] ЛIыщIэм щIалэ цIыкIур къищтэри и анэм хуихьыжащ. Сабийр анэм и куэщIым шэджагъуэ пщIондэ илъри, и псэр хэкIащ. [21] Анэм

ар Тхьэм и цӀыхур къыщыувыӀэ пэшым дрихьейри и пӀэм ирилъхьащ.
ЦӀыхубзыр пэшым къыщӀэкӀыжри бжэр къыхуищӀыжащ. 22 Абы
иужькӀэ цӀыхубзым и щхьэгъусэр кърилджэри: «Тхьэм и цӀыхум деж
псынщӀэу сыкӀуэу къэзгъэзэжын хуэдэу, лӀыщӀэхэм ящыщ гуэр гъусэ
къысхуэпщӀыну, зы шыди къызэптыну сынолъэӀу», – жриӀащ.

23 «Сыт абы деж нобэ ущӀэкӀуэнур? – еупщӀащ лӀыр и щхьэ-
гъусэм. – Нобэ мазэщӀэ тхьэлъэӀукъым*, щэбэт махуэщӀкъым».

«Псори фӀы хъунущ», – жиӀащ цӀыхубзым.

24 ЦӀыхубзым шыдым уанэ трилъхьэри лӀыщӀэм жриӀащ: «Неуэ.
БжесӀэхункӀи укъэмыувыӀэ».

25 Апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ ар ежьэри, Тхьэм и цӀыхум деж Къармэл
Ӏуащхьэ къекӀуэлӀащ. Жыжьэу къаплъэу цӀыхубзыр къыщилъагъум,
Тхьэм и цӀыхум Джэгъазий жриӀащ: «Модэ плъэт! Шунэм щыщ
бысымгуащэращ ар! 26 ПсынщӀэу пежьи еупщӀ: „Уузыншэ? Уи
щхьэгъусэр фӀыкъэ? Уи къуэри хъарзынэкъэ?“ жыӀи».

«Псори дыфӀщ», – жриӀащ абы къыпкърыупщӀыхьа Джэгъазий.

27 ЦӀыхубзыр Тхьэм и цӀыхум деж Ӏуащхьэм дэкӀщ, бгъэдыхьэри
и лъакъуэхэр фӀиубыдыкӀащ. Бгъэдишыжын гуращэкӀэ Джэгъазий
абы щыбгъэдыхьэм, Тхьэм и цӀыхум идакъым: «И гугъу умыщӀ!
Абы иджыпсту гуауэшхуэ егъэв. Ауэ ТХЬЭМ къэхъуам сыщигъэ-
гъуэзакъым, зыри къызжиӀакъым».

28 «Къуэ къызэт жысӀэу сынолъэӀуа мыгъуэт, си зиусхьэн? –
жиӀащ цӀыхубзым гуӀэу. – Гугъэ нэпцӀхэр сумыгъэщӀ бжесӀа
мыгъуэтэкъэ?»

29 «Уи щыгъын щӀыӀутелъым и кӀэкъуащӀэр уибг дэупщӀэ, –
жриӀащ Ӏэлисэхь Джэгъазий, – си башыр зыдэщти ежьэ. Хэт
къыпхуэмызэми, фӀэхъус-сэлам йумыхыу блэкӀ, уэ къыуахми, зыри
пумыдзыж. Узэрынэсу, си башыр щӀалэ цӀыкӀум и нэгум телъхьэ».

30 АрщхьэкӀэ: «ТХЬЭМ и цӀэкӀи уэ уи цӀэкӀи соӀуэ, уэрыншэу
унэм сымыгъэзэжынкӀэ», – жиӀащ и фӀэщу сабийм и анэм.

ЦӀыхубзым апхуэдэу щыжиӀэм, Ӏэлисэхь къэтэджри, абы и
гъусэу ежьащ.

31 Джэгъазий ипэ иту кӀуати, нэсу башыр щӀалэ цӀыкӀум и
нэгум трилъхьа щхьэкӀэ, макъи тӀакъи къигъэӀуакъым. Джэгъазий

Іэлисэхь деж къигъэзэжри, щІалэ цІыкІур къызэрызэщымыужыр
жриІащ.
[32] Іэлисэхь унэм къэсри щІыхьащ. Псэ зыІумытыж щІалэ
цІыкІур и пІэм илът. [33] Ар пэшым щІыхьэщ, бжэр къыхуищІри
ТХЬЭМ елъэІуащ. [34] Абы иужькІэ зыкъиІэтыжри, и Іупэр, и
нэхэр, и Іэхэр щІалэ цІыкІум и Іупэм, и нэхэм, и Іэхэм ялъэІэсу
щхьэщыгъуэлъхьащ. Ар апхуэдэу абы щыщхьэщыгъуалъхьэм,
щІалэ цІыкІум и Іэпкълъэпкъыр къэхуэбэжащ. [35] Іэлисэхь къэтэ-
джыжри унэ кІуэцІым адэкІэ-мыдэкІэ кърикІукІ-нрикІукІыу итащ.
Абы иужькІэ иджыри зэ пІэм дэкІуейри сабийм щхьэщыгъуэлъхьащ.
ЩІалэ цІыкІур блэнейрэ къепсри и нэхэр къызэтрихащ.
[36] Іэлисэхь Джэгъазий къриджэри, шунэм бзылъхугъэр къишэну
унафэ хуищІащ. Абыи къыхуащІа унафэр игъэзэщІащ. ЦІыхубзыр
къыщыщІыхьэм: «Къэщтэж уи къуэр», – жриІащ абы Іэлисэхь.
[37] Ар пэшым щІыхьэщ, бгъэдыхьэри и пащхьэ зыщридзыхащ,
щІым нэсу щхьэщи хуищІащ. ИтІанэ и къуэр къищтэри къыщІэ-
кІыжащ.

## *Щхъухь зыхэлъ хьэнтхъупсыр*

[38] Абы иужькІэ Іэлисэхь Джылджэл игъэзэжащ. А щІыпІэр
гъаблэм зэщІиштат. Бегъымбар гупыр къетІысэкІауэ здэщысым,
Іэлисэхь и Іуэхутхьэбзащ1эр къриджэри: «Лэгъупышхуэр зэфІэдзи
мы гупым щхьэкІэ хьэнтхъупс гъавэ», – жриІащ.
[39] Абыхэм ящыщ гуэр яхэкІри губгъуэм ихьащ, шхынхэлъхьэ удзхэр
къырихыну. Абдеж здитым, ар губгъуэкъэбхэм ярихьэлІащ. И щыгъын
кІэкъуащІэм из къищыпри къигъэзэжащ. Ахэр абы иупщІатэри, зи-
щІысыр зыми имыщІэми, хьэнтхъупсыр щагъавэ лэгъупым хикІутащ.
[40] Хьэнтхъупсыр цІыхухэм я фалъэм кърагъахъуэу шхэн щыхуе-
жьэм, ящыщ гуэрхэр къыхэкІиикІащ: «Уэ Тхьэм и цІыху, лэгъупым
узыгъэлІэнщ итыр!» – жаІэри. Фалъэм итми хэІэбэн ядэжакъым.
[41] «Хьэжыгъэ къэфхьыт», – ищІащ Іэлисэхь унафэ. Іэлисэхь
хьэжыгъэр лэгъупым хигъэщащэри: «Мис иджы яхуигъахъуэ
хьэнтхъупсыр цІыхухэми, ирешхэ», – жиІащ. Лэгъупым ит хьэн-
тхъупсым щхъухь зыри къыхэнатэкъым.

### *Iэлисэхь цIыхуищэм я мэжалIэр зэрыригъэкIар*

[42] БэIэлшалыш щыщ лIы гуэр Тхьэм и цIыхум деж къэкIуащ.
Гъаващхьэм къыхихри, абы хьэ хьэжыгъэм къыхэщIыкIа щIа-
кхъуэ тIощIрэ щхьэмыжым кIуэцIылъ гуэдзыщIэрэ къэпым илъу
къыхуихьащ. Ар цIыхухэм яриту яригъэшхыну Iэлисэхь и Iуэху-
тхьэбзащIэм жриIащ.
[43] «Дауэ сэ мыбыкIэ цIыхуищэ зэрызгъэшхэнур?» – хузэ-
гъэзэхуакъым Iуэхутхьэбзащlэм.
«ЦIыхухэм ет, ирашх, – тригъэчыныхьащ Iэлисэхь. – Мыращ
ТХЬЭМ жиIэр: „Яхурикъунущ икIи къайлыжынущ“».
[44] Арати, Iуэхутхьэбзащlэм ахэр игуэшри, цIыхухэр шхащ,
ТХЬЭМ и псалъэм тетуи, къайлыжащ.

## ЕТХУАНЭ IЫХЬЭ

### *Iэлисэхь фаджэ узыр зэфыкI Нэхьмэн зэригъэхъужар*

**5** [1] Нэхьмэн арэмей пащтыхьым и дзэпщт. Ар и зиусхьэным
лъагэу иIэтахэм, пщIэ зыхуищIхэм ящыщт, сыт щхьэкIэ жы-
пIэмэ ТХЬЭМ арэмейхэм текIуэныгъэ къащIритар абы и фIыгъэт.
Нэхьмэн зауэлI пхъашэт, ауэ фаджэ уз[a] ефыкIырт.
[2] Арэмейхэр ИсрэIилым зэгуэр щытеуам щыгъуэ хъыджэбз
цIыкIу гъэр къащIауэ щытат. Ар Нэхьмэн и щхьэгъусэм и Iуэху-
тхьэбзащIэт. [3] Зэгуэрым хъыджэбз цIыкIум и зиусхьэнгуащэм жри-
Iащ: «Щэмэрей дэс бегъымбарым зиусхьэныр хуэзэфакIэщэрэт!
КъефыкI фаджэ узыр игъэхъужынут абы».
[4] Ар щызэхихым, Нэхьмэн и пащтыхьым деж кIуэри, ИсрэIилым
щыщ хъыджэбз цIыкIум жиIар хуиIуэтэжащ. [5] «Дауи, укIуэнщ, –
тригъэгушхуащ ар арэмей пащтыхьым. – ИсрэIил хэгъэгум* и па-
щтыхьым тхьэмпэтхылъ хуэстхынщи, пхьынщ».

---

[a] 5:1 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэр щIыфэ уз зэмылIэужьыгъуэхэр къызэщIэзыубыдэ фIэщыгъэщ.

Нэхьмэн дыжьын тӀэлатипщӀ[a], дыщэ шэкӀэл миних[b], щыгъын
зэблэхъугъуипщӀ къыздищтэри ежьащ. [6] «Мы тхьэмпэтхылъыр
къыпхуэзыхьыр дзыхь зыхуэсщӀ си Ӏуэхутхьэбзащ Ӏэ Нэхьмэнщ, –
итт абы исрэӀил пащтыхьым къыхуигъэхьа тхыгъэм. – Абы къе-
фыкӀ фаджэ узыр бгъэхъужын щхьэкӀэ ныпхузогъакӀуэ».
[7] ИсрэӀил пащтыхьыр тхьэмпэтхылъым еджа нэужь, и щыгъы-
ныр зэхичатхъэри жиӀащ: «Сэ сы-Тхьэ, цӀыхур згъэлӀэн е
къэзгъэхъужын хуэдэу? „Фаджэ узыр гъэхъуж" жиӀэу сыт си
деж ар къыщӀигъакӀуэр абы? КъывгурыӀуэркъэ, мыр къысфӀэнэну
фӀэгъэнапӀэ лъыхъуэу аращ».
[8] Тхьэм и цӀыху Ӏэлисэхь ИсрэӀилым и пащтыхьым и щыгъынхэр
зэрызэхичэтхъар щызэхихым, абы деж и Ӏуэхутхьэбзащ Ӏэр
игъэкӀуащ: «Сыт уи щыгъыныр щӀызэхэпчэтхъар? КъэгъакӀуэ а
лӀыр си деж, къищӀэнщ ИсрэӀилым бегъымбар зэрисыр».
[9] Нэхьмэн ишхэмрэ и хьэкуэстыгухэмрэ щӀыгъуу къежьэри, Ӏэ-
лисэхь и унэ бжэӀупэм деж къыщыувыӀащ. [10] Ӏэлисэхь и Ӏуэхутхьэ-
бзащӀэр игъакӀуэри хуригъэӀуэхуащ: «КӀуэи Ӏурдыныпсым блэней
зыщӀэгъэмбрыуэ. Уи щӀыфэм узыр хэкӀыжынущ, уэри къабзэ
ухъужынущ», – жиӀэри.
[11] АрщхьэкӀэ Нэхьмэн къэгубжьри, къыӀукӀыжащ абдеж: «Езыр
си деж къыщӀэкӀыну къысфӀэщӀат, си пащхьэ къиувэу ТХЬЭМ,
и Тхьэм, и цӀэр къриӀуэм, къызэуз щӀыпӀэм и Ӏэр иригъакӀуэурэ,
къызэфыкӀ фаджэ узыр сщхьэщихын си гугъат. [12] ИсрэӀил хэгъэгум
и псыежэх псом нэхърэ нэхъыфӀкъэ Щам[c] къалэм и Ӏэгъуэблагъэм
щежэх Ӏэуанрэ Фэрфэррэ? Зызгъэкъэбзэжынумэ, сыкӀуэфыртэкъэ
сэ абы?» Нэхьмэн губжьауэ зигъазэри, абдеж къыӀукӀыжащ.
[13] АрщхьэкӀэ и ӀуэхутхьэбзащӀэхэр Нэхьмэн бгъэдыхьэри
еущияш: «Уэ ди адэ, бегъымбарым гугъу къыпщыхъун нэгъуэщӀ
гуэр къыбжиӀатэмэ, пщӀэнутэкъэ? „Псым хыхьи, къабзэ ухъужы-
нущ" жиӀэу ара къудейщ мыбы».

[a] 5:5 Килограмм щищрэ тӀощӀитӀым нэблагъэ хъунущ.
[b] 5:5 Килограмм блыщӀым нэблагъэ хъунущ.
[c] 5:12 Щам къалэр Арэмей хэкум и щыхьэру щытащ.

14 Арати, Тхьэм и цIыхум къызэрыжриIам хуэдэу, Нэхьмэн Iур-
дыныпсым кIуэри, блэней зыщIигъэуащ, и щIыфэри сабий цIыкIум
ейм ещхьу къабзэ хъужащ. 15 Нэхьмэн, и Iуэхутхьэбзащ Iэхэр
щIыгъуу, Тхьэм и цIыхум деж къигъэзэжащ. И пащхьэ иувэри жи-
Iащ: «ИсрэIилым и Тхьэм хуэдэ зэрыщымыIэр мис иджы хьэкъыу
спхыкIащ. СынолъэIу, мы къыпхуэсхьа тыгъэхэр сIых».
16 «СызыхуэпщылI ТХЬЭМ и цIэкIэ соIуэ, зыри къыпIызмы-
хыну», – идакъым бегъымбарым.
Тыгъэхэр къыIихыну Нэхьмэн тригъэчыныхьа пэтми, Iэлисэхь
жиIам текIакъым.
17 «Ар мыхъуну щытмэ, – жиIащ Нэхьмэн, – сынолъэIу, къы-
дыритIым яхуэхьын щIыгулъ къызырырат. ТХЬЭМ фIэкIа
нэгъуэщI тхьэ гуэрми зэикI тыхь гъэсынрэ къурмэнрэ яхуэсщIыжы-
нукъым[a]. 18 Зы Iуэху закъуэ ТХЬЭМ уи жыIэщIэм къыхурегъэгъу:
си зиусхьэныр Армун[b] и тхьэлъэIупIэ унэм щхьэщэ щищIыну
щыщIыхьэкIэ, зыкъыстрегъащIэ, абдеж сэри зызухуэн хуей мэхъу.
Армун и тхьэлъэIупIэ унэм щхьэщэ щыщысщIкIэ, ар уи жыIэщIэм
ТХЬЭМ къыхурегъэгъу».
19 «Гъуэгу махуэ Тхьэм утригъэувэ, уи гур гъэIэси, гъэзэж!» –
ехъуэхъуащ Iэлисэхь Нэхьмэн.
Нэхьмэн зэрежьэжрэ зы тIэкIу дэкIауэ, 20 Тхьэм и цIыху Iэлисэхь
и Iуэхутхьэбзащ Iэ Джэгъазий егупсысащ: «Арэмей хэкум къикIа
Нэхьмэн къихьа тыгъэхэм щыщ зыри къыIримыхыу си зиусхьэным
иутIыпщыжащ. ТХЬЭМ и цIэкIэ соIуэ, сыкIэлъыжэнщи, зыгуэр
къеIысхынщ!» – жиIэри. 21 Джэгъазий Нэхьмэн кIэлъыщIэпхъуащ.
Ар къызэрыкIэлъыжэр Нэхьмэн къыщилъагъум, хьэкуэстыгум
къикIри къыпежьащ. «Зыгуэр къэхъуа?» – еупщIащ Нэхьмэн абы.
22 «Зыри къэхъуакъым, – жиIащ Джэгъазий. – Си зиусхьэным
уи деж сыкъиIуэхуащ: „ЕфрэIим бгылъэхэм къикIри бегъымбар

a 5:17 А лъэхъэнэм псэуа цIыхухэм яIа фIэщхъуныгъэм ипкъ иткIэ, сыт хуэдэ тхьэми щхьэщэ щыхуэпщI хъунур ар щытепщэ щIыпIэрт е щIыгурт (еплъ 1 Пащт. 26:19). Нэхьмэн щыпсэу унэм пэмыжыжьэу ИсрэIилым и Тхьэм къурмэнщIыпIэ щыхуигъэувынути, щIыгулъыр ИсрэIилым щIришар аращ.

b 5:18 Армун уафэгъуагъуэм и тхьэу арэмейхэм къалъытэу щытащ.

щIалитI си деж къэкIуащи, зы дыжьын тIэлатрэ[a] щыгъын
зэблэхъугъуитIрэ абыхэм къептыну сынолъэIу“ жиIэри».
[23] «НтIэ, нтIэ! КхъыIэ, дыжьын тIэлатитIу къащтэ», – елъэIуащ
абы Нэхьмэн.

Нэхьмэн къэпитIым из дыжьын тIэлатитIрэ щыгъын зэблэхъу-
гъуитIрэ Джэгъазий здихьыну къигъэдэIуащ. А псор и Iуэхутхьэ-
бзащIитIым яритри, Джэгъазий ипэ иту ирахьэжьащ. [24] Къалэр
зытес Iуащхьэм Джэгъазий къыщыблэгъэжым, ахэр Нэхьмэн и
IуэхутхьэбзащIэхэм къаIрихыжри, унэм щигъэпщкIуащ. Джэгъазий
цIыхухэр иутIыпщыжащ. Ахэр ежьэжа нэужь, [25] и зиусхьэн Iэли-
сэхь деж щIыхьэри, и пащхьэ иуващ.
«Дэнэ уздэщыIар, Джэгъазий?» – еупщIащ абы Iэлисэхь.
«ЗыщIыпIи сыщыIакъым, си зиусхьэн», – пцIы иупсащ Джэгъазий.
[26] «А лIыр хьэкуэстыгум къикIыу къыщыппежьам, си гур
уи ужьым иту накIуэртэкъэ? Зыгуэрым дыжьын е щыгъын
зребгъэтыну иджыпсту и чэзут? ЗейтункIыпIэхэмрэ жызумщIы-
пIэхэмрэ, хъушэхэмрэ гуартэхэмрэ, унэIут цIыхухъухэмрэ унэIут
цIыхубзхэмрэ къеIыпхыну иджыпсту игъуэт? [27] Абы щхьэкIэ Нэхь-
мэн ефыкIа фаджэ узыр уэрэ уи щIэблэмрэ игъащIэкIэ фпкърымы-
кIыжыну къыфхурекIуэкI!» – жиIэри бгащ Iэлисэхь.

Джэгъазий Iэлисэхь деж къыщыщIэкIыжам, и фэр уэсым хуэдэу
хужь хъуауэ фаджэ узым зэщIиштакIэт.

## ЕХАНЭ IЫХЬЭ

### *Уэщыщхьэр псым къызэрыхахыжар*

**6** [1] Зэгуэрым бегъымбархэм Iэлисэхь зыхуагъазэри: «Уди-
пашэу дыздэщыIэ мы щIыпIэр къыдэзэвэкI хъуащ. [2] Хуит
дыкъэщIи Iурдыныпсымкiэ дыгъакIуэ. Абдеж ентIыр* зырыз
щызэдгъэпэщынщи псэупIэ щыдухуэнщ», – жраIащ. Iэлисэхь хьэуэ
къыхигъэкIакъым.

---

[a] **5:22** Килограмм щэщIрэ плIым нэблагъэ хъунущ.

3 «Хъунумэ, – жиIащ абыхэм ящыщ зым, – уэри ди гъусэу на-
кIуэ». Iэлисэхь абыхэм ядэкIуэну арэзы хъуащ.
4 Апхуэдэ щIыкIэкIэ Iэлисэхь бегъымбархэм я гъусэу кIуащ.
Iурдын къэсри, жыгхэр ираупщIыкIыу хуежьащ. 5 Бегъымбархэм
ящыщ зым жыгыр щигъауэм, и уэщым уэщыщхьэр къыфIэпкIри
псым хэхуащ. «Еуей, си зиусхьэн, – къыхэкIиикIащ бегъымбарыр
гуIэу. – Хьэхуу къеIысха мыгъуэт ар».
6 «Дэнэ деж уэщыщхьэр здыхэхуар?» – еупщIащ абы Тхьэм и
цIыхур. ЩIыпIэр щригъэлъагъум, Iэлисэхь жыг гуэрым и къудамэр
къыгуиупщIыкIри псым хидзащ. Зэрыхидзэуи, уэщыщхьэр псым
къыдридзеижащ. 7 «КIуэи уэщыщхьэр псым къыхэхыж», – жиIащ
Iэлисэхь. Лыр Iэбэри уэщыщхьэр псым къыхихыжащ.

### *Iэлисэхь арэмейхэр къызэрызэтригъэувыIар*

8 Арэмей пащтыхьым ИсрэIилым зауэ къращIылIащ.
И блыгущIэтхэм ечэнджэщри, дзэр зы щIыпIэ гуэрым игъэкIуэну
триубыдащ.
9 Тхьэм и цIыху Iэлисэхь ИсрэIилым и пащтыхьым хуи-
Iуэхуащ: «МыпхуэдэщIыпIэм къыпэкIуэхь, абдеж арэмейхэр щы-
зэхуос», – жиIэри. 10 ИсрэIилым и пащтыхьми Тхьэм и цIыхум
къыхуигъэлъагъуэ щIыпIэм лIыкIуэ игъакIуэрти, абдеж щыпсэухэр
сакъыну хъыбар яритырт. Зэкъым икIи тIэукъым Iэлисэхь апхуэдэ
щIыкIэкIэ пащтыхьыр шынагъуэм зэрыщихъумар.
11 Арэмей пащтыхьыр абы иризэгуэпу хуежьащ. И блыгущIэтхэр
къриджэри яхэупщIыхьащ: «ЖыфIэ, хэт фэ фщыщу ИсрэIилым и
пащтыхьым дэщIыр?»
12 «Зыри дыдэщIкъым, зиусхьэну ди пащтыхь, – жиIащ
блыгущIэтхэм ящыщ зым. – Ар псори зи ягъэр ИсрэIилым и
бегъымбар Iэлисэхьщ. Уи лэгъунэм щыжыпIэхэри исрэIил пащты-
хьым хуэзыIуэтэжыр аращ».
13 «ФыкIуи ар здэщыIэр зэвгъащIэ, – ищIащ унафэ пащты-
хьым. – Си цIыхухэр згъэкIуэнурэ езгъэубыдынущ».
«Iэлисэхь Дутан щыIэщ», – къыхуахьащ абы хъыбар и тIасхъэ-
щIэххэм.

14 Арати, арэмей пащтыхьым Дутан шыхэмрэ хьэкуэстыгухэмрэ
игъэкӀуащ, дзэшхуи иутӀыпщащ. Ахэр жэщу къалэм къекӀуалӀэри
къатӀысыхьащ.
15 Пщэдджыжьым жьыуэ Тхьэм и цӀыхум и ӀуэхутхьэбзащӀэр
зиужьу къыщыщӀэкӀым, къалэр шырэ хьэкуэстыгукӀэ зэщӀэузэ-
да дзэм къызэритӀысыхьар къилъэгъуащ. «Еуей, си зиусхьэн, сыт
тщӀэнур?» – жиӀащ абы гузавэу.
16 «Уи гур умыухыж, – идакъым бегъымбарым. – Дэ ди гъусэхэр
нэхъыбэщ, абыхэм я гъусэхэм нэхърэ». 17 ИтӀанэ Ӏэлисэхь тхьэ елъэ-
Ӏуащ: «Ди ТХЬЭ, гъаплъэ мыбы и нэхэр, щӀэгъэкӀ и нэгу екӀуэ-
кӀыр!» ТХЬЭМ ӀуэхутхьэбзащӀэм и нэхэр игъаплъэри, Ӏуащхьэм
тет Ӏэлисэхь мафӀэм къыхэщӀыкӀа шыхэмрэ хьэкуэстыгухэмрэ
къызэраухъуреихьар кърigъэлъэгъуащ.
18 Арэмеидзэр къыщежьэм, Ӏэлисэхь ТХЬЭМ елъэӀуащ: «Я нэм
имылъагъужу щӀы!» – жиӀэри. Ӏэлисэхь зэрылъэӀуам хуэдэу, дзэм
хэтхэр нэф хъуащ.
19 «Мыр фызэрыкӀуэн хуей гъуэгуракъым, мыри а къалэра-
къым, – яжриӀащ абыхэм Ӏэлисэхь. – Си ужь фыниуви фынакӀуэ,
сэ къэфлъыхъуэм деж фысшэнщ». Апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ Ӏэлисэхь
арэмеидзэр Щэмэрей къиишащ.
20 Ахэр къалэм дыхьа нэужь, Ӏэлисэхь тхьэ елъэӀуащ: «Ди
ТХЬЭ, мы цӀыхухэм я нэр къэгъэплъэж», – жиӀэри. ТХЬЭМ ахэр
къигъэплъэжащ, Щэмэрей зэрыщыӀэри къалъэгъуащ.
21 Ахэр къыщилъагъум, ИсрэӀилым и пащтыхьыр Ӏэлисэхь
еупщӀащ: «ЗэтезукӀэн мыхэр, ди адэ? ЗэтезукӀэн?»
22 «Хьэуэ, умыукӀ! – идакъым Ӏэлисэхь. – Джатэрэ шабзэкӀэ
гъэр къэпщӀахэр зэтебукӀэнут уэ? Яшхынрэ ирафынрэ къахуэхьи
ирешхэ икӀи ирефэ, итӀанэ я зиусхьэным деж ирекӀуэж».
23 Арати, исрэӀил пащтыхьым абыхэм ефэ-ешхэшхуэ къахузэ-
ригъэпэщащ. Ар зэрызэфӀэкӀыу псори яутӀыпщыжри я зиусхьэ-
ным деж ягъэзэжащ. Абы иужькӀэ арэмейхэр ИсрэӀил хэгъэгум
теуэжакъым.

### Щэмэрей къалэм гъаблэ къызэрыщыхъуар

24 Тэлай дэкIри, Арэмей хэкум и пащтыхь Бэрхьэдадэ[a] дзэ зэ-
хуишэсщ, Щэмэрей екIуалIэри къитIысысхьащ. 25 Абы къыхэкIыу
къалэм гъаблэшхуэ къыщыхъеящ. Щэмэрей къалэр къэзыухъуреи-
хьа бийр IумыкIыжурэ апхуэдизкIэ кIыхьлIыхь хъуати, шыдыщхьэр
дыжьын шэкIэл тIощIиплIкIэ[b] ящэу хъуат, Iэбжьыыб хуэдиз хъу[c]
тхьэрыкъуэ вейми дыжьын шэкIэлитху[d] и уасэт.

26 Зы махуэ гуэрым, ИсрэIилым и пащтыхьыр къалэ мывэхъунэм
ирикIукIыу здытетым, цIыхубз гуэр къегуоуащ: «КъыздэIэпыкъу,
зиусхьэну си пащтыхь!» – жиIэри.

27 «ТХЬЭР къыбдэмыIэпыкъумэ, сэ сыт пхуэсщIэфын? – жи-
Iащ пащтыхьым. – Хьэмым къытесхын сиIэкъым, санэщIэхухэми
зыри ярыткъым».

28 Абы иужькIэ пащтыхьыр къэхъуамкIэ цIыхубзым еупщIащ.

«Мо бзылъхугъэр къызбгъэдыхьэри, – къригъэжьащ цIы-
хубзым, – „Уи къуэр нобэ дыгъэшх, пщэдей сысейр тшхыжынщ“
къыщызжиIэм, 29 сысейр дгъавэри тшхащ. КъыкIэлъыкIуэ махуэм:
„ИIэ, иджы уи къуэр дыгъэшх“ щыжесIэм, ар игъэпщкIуащ».

30 ЦIыхубзым жиIэр пащтыхьым щызэхихым, епхъуэри и щыгъын
щIыIутелъыр зэхичэтхъащ. Езыр мывэхъунэм и щхьэм ирикIукIыу
зэрытетым къыхэкIыу, щыгъын щIыIутелъым и лъабжьэм къыкIэ-
щIэлъ щыгъын къурэр цIыхухэм къалъэгъуащ. 31 «Щэфат и къуэ
Iэлисэхь и щхьэр нобэ фIэзмыхмэ, ТХЬЭМ и нейр къысщыхуэ!» –
жиIэри, 32 пащтыхьым и блыгущIэтхэм ящыщ зы абы кIэлъигъэкIуащ.

Тхьэмадэхэр къетIысэкIауэ Iэлисэхь абы щыгъуэ и унэм щIэст.
ЛыкIуэр къэмыс щIыкIэ, Iэлисэхь тхьэмадэхэм яжриIащ: «Си
щхьэр фIригъэхыну а лIыукIыкъуэм цIыху къызэригъакIуэр

---

[a] **6:24** Зи гугъу ищIыр, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 860 гъэм щегъэжьауэ 841 гъэм нэс Арэмей хэкум (нэгъуэщIу жыпIэмэ – иджырей Щамым) пащтыхьыгъуэр щызезыхьа Бэрхьэдадэ ЕтIуанэрщ. Еплъ 3 Пащт. 20:1.

[b] **6:25** Зы килограммым нэблагъэ хъунущ.

[c] **6:25** Журт. «зы къаум и Iыхьэ плIанэ хуэдиз хъу». Къаур пасэрей журтхэм яIа зэралъытэ пщалъэщ.

[d] **6:25** Грамм щэ ныкъуэрэ тхум нэблагъэ хъунущ.

фщIэрэ? Фысакъ, си деж къаутIыпщахэр лIыкIуэр къыщысскIэ, бжэр вгъэбыди унэм къыщIэвмыгъэхьэ. Ауэ, фыдаIуэт, абы и зиусхьэным имылъэбакъуэ макъыу пIэрэ я ужь иту къэIур?»

[33] Ар жиIэн имыух щIыкIэ, езы пащтыхьыр[a] къэсащ. «Мы тхьэмыщкIагъэр къытхуэзыхьар ТХЬЭРАЩ! Сыт щхьэкIэ Абы адэкIэ сыщыгугъыжын?» – жиIащ абы.

## ЕБЛАНЭ IЫХЬЭ

7 [1] АрщхьэкIэ Iэлисэхь жиIащ: «КъедаIуэ мыдэ ТХЬЭМ и псалъэм. Мыращ ТХЬЭМ жиIэр: „Пщэдей, иджы хуэдэм, Щэмэрей и къалэ дыхьэпIэм деж хьэжыгъэфI пщалъэр[b] зы дыжьын шэкIэлкIэ[c], хьэ пщалъитIри[d] апхуэдиз дыдэкIэ щащэнущ“».

[2] ИсрэIил пащтыхьым дзыхь зыхуищI и блыгущIэтыр къэпсалъэри, Тхьэм и цIыхум жриIащ: «Уафэ лъащIэхэр зэгуигъэзу ТХЬЭМ гъавэр къригъэщэщэхыну щытми, апхуэдэ къэхъункIэ Iэмал иIэкъым!»

«Уи нитI къаплъэмкIэ ар уи нэгу щIэкIынущ, – жиIащ Iэлисэхь, – ауэ уэ абы щыщ пIухуэнукъым».

### *Арэмейхэр зэрызэщIэкIуэжар*

[3] Къалэ дыхьэпIэм деж фаджэ уз зэфыкI цIыхуиплI щыст. «Дыщылъэнум дыпэплъэу мыбдеж дыщыскIэ сыт и пэрмэн? – ирипсалъэрт ахэр я Iуэху зыIутым. – [4] Къалэм дыдыхьэнщ жытIэми, гъаблэщи, дыдэлIыхьынущ. Мыбдеж дыкъыщынэми, дылIэнущ. Арэмейхэр здитIысыкIа щIыпIэм дывгъакIуи, зыдывгъэт. ГущIэгъу къытхуащIрэ дамыукIмэ, дыпсэунщ, къытхуамыщIрэ – дылIэнщ».

[5] Пшапэр зэрызэхэуэу, ахэр арэмейхэм я дзэр здитIысыкIа щIыпIэм кIуащ. Дзэ пщыIэ гъунэм нэсщ, зэщIэдэIукIри, зы псэ

---

*a* **6:33** Е: «лIыкIуэр».

*b* **7:1** Журт. «зы сэIа». СэIар пасэрей журтхэм яIа зэралъытэ пщалъэщ; еплъыкIэ зэмыщхь щыIэхэм япкъ иткIэ, зы пщалъэр литриблым щегъэжьауэ литр пщыкIутхум нэблагъэ хъунущ. Апхуэдэу еплъ 16, 18-нэ едзыгъуэхэм.

*c* **7:1** Грамм пщыкIузым нэблагъэ хъунущ.

*d* **7:1** Журт. «сэIаитI». Апхуэдэу еплъ 16, 18-нэ едзыгъуэхэм.

щыдымыртэкъым. [6] КъызэрыщIэкIамкIэ, Тепщэныгъэ ЗиIэм арэмейхэм хьэкуэстыгухэм, шыхэм, дзэшхуэм я Iэуэлъауэ макъыр зэхах хуэдэу къафIигъэщIат. «ИсрэIилым и пащтыхьым хьетхэмрэ мысырхэмрэ я пащтыхьхэр пщIэ яритри кърищжауэ аращ, къыдигъэзэуэн щхьэкIэ», – зэжраIэрт биидзэм хэтхэм гужьеяуэ. [7] Пшапэр зэрызэхэуэу, шэтырхэри, шыхэри, шыдхэри къагъанэри арэмеидзэр щIэпхъуэжат. ЗдитIысыкIа щIыпIэр ябгынэри, псоми я щхьэр ирахьэжьэжат.

[8] Фаджэ уз зэфыкIхэр дзэ пщыIэм и гъунэм нэс кIуэри шэтыр гуэрым щIыхьащ. Абдеж ахэр щешхащ, щефащ, дыжьынуи, дыщэуи, щыгъынуи щIэлъыр къыщIахри ягъэпщкIуащ. Аргуэрым къагъэзэжщ, нэгъуэщI шэтыр гуэрым щIыхьэри зыгуэрхэр къыщIахащ, ахэри яхьри ягъэпщкIуащ.

[9] «Мы тщIэр хъунукъым, – зэжраIащ абыхэм икIэм-икIэжым. – Мы махуэр хъыбарыфIым и махуэрэ пэт, ар зыми жетIэркъым. Нэху щыным дыпэплъэмэ, дызыхэмыкIыжын бэлыхь дыхэхуэнщ. Иджыпсту занщIэу дывгъакIуи хъыбарыр пащтыхь сэрейм дэсхэм ялъэдывгъэгъэIэс».

[10] Арати, къагъэзэжри, къалэ дыхьэпIэм деж щыт бжэхъумэхэр кърaджэри: «Арэмеидзэр здэщыс щIыпIэм дыщыIат. Ауэ абдеж цIыхупсэ щыдымыркъым, ихъуреягъкIи даущыншэщ. Шыхэмрэ шыдхэмрэ епхауэ зэрыкIэрытщ, шэтырхэри зэрыщытщ», – жраIащ.

[11] Бжэхъумэхэм хъыбарыр пащтыхь сэрейм нагъэсащ. [12] Пащтыхьыр жэщым къэтэджыжри и блыгущIэтхэм яжриIащ: «Арэмейхэм ящIар зищIысыр сэ нывжесIэнщ. Абыхэм гъаблэм дызэрихьыр ящIэ. Арэмейхэр дзэ пщыIэм текIри, губгъуэм зыщагъэпщкIуауэ аращ, къалэм дыщыдэкIкIэ псэууэ даубыду езыхэр къыдыхьэн щхьэкIэ».

[13] Пащтыхьым и блыгущIэтхэм ящыщ зым жиIащ: «Еуи, цIыху зыбжанэ къыхэдгъэш, къалэм къыдэна шыхэм ящыщу тхум ирешэси, къэхъуар зэхагъэкIыну ирекIуэ. Зыгуэр къащыщIу щытми, адрей исрэIилхэм я щхьэ кърикIуам нэхърэ нэхъыкIэ хуэзэнукъым. ТIум щыгъуэми, мыбдеж къащыпэплъэр ажалщ».

[14] ХьэкуэстыгуитIым шыхэр щIащIа нэужь, пащтыхьым ахэр арэмеидзэм я ужь иригъэхьащ. «ФыкIуи, – яхуищIащ абы хьэкуэстыгузехуэхэм унафэ, – Iуэхур зыIутыр зэвгъащIэ».

[15] Хьэкуэстыгузехуэхэр арэмеидзэм и ужьым иту Іурдыныпсым
нэс кІуащ. Арэмейхэр щхьэхь-псэхьу зэрыщІэпхъуэжар къапщІэу
гъуэгур зэрыщыту я хьэпшыпхэмкІэ сеят. Хьэкуэстыгузехуэхэм
къагъэзэжри, ялъэгъуар псори пащтыхьым жраІэжащ. [16] ЦІыхухэр
къалэм къыдэкІри, арэмейхэм я дзэ пщыІэр зэрапхъуащ. ТХЬЭМ
зэрыжиІа дыдэм тету, хьэжыгъэфІ пщалъэр зы дыжьын шэкІэлкІэ,
хьэ пщалъитІри апхуэдиз дыдэкІэ ящэу хуежьащ.
[17] Пащтыхьым дзыхь зыхуищІ и блыгущІэтыр къалэ дыхьэ-
пІэм деж Іуигъэуват, арщхьэкІэ цІыхухэм ар абдеж щапІытІащ.
ИсрэІилым и пащтыхьыр Тхьэм и цІыху Іэлисэхь деж унэм кьы-
щыкІуам щыгъуэ абы жриІауэ щытыгъар къэхъуащ – блыгущІэтыр
лІащ. [18] «Пщэдей, иджы хуэдэм, Щэмэрей и къалэ дыхьэпІэм деж
хьэжыгъэфІ пщалъэр зы дыжьын шэкІэлкІэ, хьэ пщалъитІри ап-
хуэдиз дыдэкІэ щащэнущ», – жиІэу Тхьэм и цІыхум пащтыхьым
щыжриІэм, [19] а блыгущІэтым абы зыхуигъазэри: «Уафэ лъащІэхэр
зэгуигъэзу ТХЬЭМ гъавэр къригъэщэщэхыну щытми, апхуэдэ къэ-
хъункІэ Іэмал иІэкъым!» – жриІэгъат. Мыдреіми ар и нэгу зэрыщІэ-
кІынур, ауэ абы щыщ зэрыІумыхуэнур жиІауэ щытыгъат. [20] Аращ
зэрыхъуари: цІыхухэм ар къалэ дыхьэпІэм деж щапІытІри лІащ.

## ЕЯНЭ ІЫХЬЭ

### *Шунэм щыщ бзылъхугъэм и щІыгухэр къызэрыратыжар*

**8** [1] Іэлисэхь зи къуэ къигъэхъужауэ щыта цІыхубзым зэгуэр
жриІэгъат: «Уэри уи унагъуэри фыдэкІи, фызыщыпсэуфын
щІыналъэ гуэр фыкІуэ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ ТХЬЭМ мы хэгъэгум
гъаблэ кърилъхьэнурэ, ар илъэсиблкІэ екІуэкІынущ». [2] ЦІыхубзми
Тхьэм и цІыхум къызэрыжриІам хуэдэу ищІат. И унагъуэр и гъусэу
дэкІри, фылистей щІыналъэм илъэсиблкІэ щыпсэуащ.
[3] Илъэсибл дэкІа нэужь, цІыхубзыр фылистеищІым къикІыжащ,
и унэмрэ и щІымрэ къритыжыну лъэІуакІуэ пащтыхьым деж кІуащ.
[4] Абдежым ирихьэлІэу пащтыхьым Тхьэм и цІыху Іэлисэхь игъэхъа

Iуэхушхуэхэм ятеухуа хъыбархэр абы и Iуэхутхьэбзащ̆Iэ Джэгъазий
кърикъуэIуэтэжырт. [5] Iэлисэхь лIар къызэригъэтэджыжам и гугъур
пащтыхьым здыхуиIуэтэжым, зи къуэ къигъэхъужа цIыхубзыр
и унэмрэ и щIымрэ щIэлъэIуну къыIухьащ. «Мис, зиусхьэну си
пащтыхь, зи гугъу сщIа цIыхубзыр, – жиIащ Джэгъазий, – мыри
Iэлисэхь къигъэхъужа абы и къуэращ».

[6] Пащтыхьыр цIыхубзым къыщеупщIым, адрейми къэхъуар
псори абы хуиIуэтэжащ. Абдежым пащтыхьым и блыгущIэтым
унафэ хуищIащ цIыхубзым и Iуэхум хэплъэну. «Мыбы мылъкуу
иIар зэрыщыту ефтыж, хэкур ибгынэн хуей щыхъуа махуэм
щегъэжьауэ нобэ къэсыхукIэ и щIым хэхъуэу кърикIыну щытари
хухэфлъхьэж», – жиIащ пащтыхьым.

## *Iэлисэхь ХъызрэIил Арэмей хэкум и пащтыхь зэрыхъунур зэрыжриIар*

[7] Iэлисэхь тридзэри Щам къалэм кIуащ. Арэмей хэкум и пащтыхь
Бэрхьэдадэ а лъэхъэнэм сымаджэт. «Тхьэм и цIыхур къэкIуауэ мы-
бы щыIэщ», – жаIэу хъыбар щратым, [8] ХъызрэIил унафэ хуищIащ:
«Тыгъэр пIыгъыу Тхьэм и цIыхум пежьэ. Мы си узыфэр хъужынрэ
мыхъужынрэ ТХЬЭМ еупщIу къысхуищIэнуи схуелъэIу».

[9] ХъызрэIил Iэлисэхь пежьащ, тыгъэр къыздищтэри: Щам
къалэм нэхъ лъапIэу сыт щыIэми зэхилъхьэри, махъшэ тIощIи-
тIым тригъэзэгъащ. КъакIуэщ, Iэлисэхь и пащхьэм къиувэри
жриIащ: «Арэмей хэкум и пащтыхь Бэрхьэдадэ пщIэ къыпхуэ-
зыщIым уи деж сыкъиIуэхуащ: „Мы си узыфэр хъужыну пIэрэ?“
жиIэу къоупщIу».

[10] «Гъэззэжи Iэмал имыIэу зэрыхъужынур жеIэ, – жиIащ Iэли-
сэхь. – Ауэ ар зэрылIэнур пэж дыдэу ТХЬЭМ къызигъэщIащ».

[11] Iэлисэхь и нэр ХъызрэIил къытригъэкIакъым ар укIытэхукIэ.
Тхьэм и цIыхур абдеж къэгъащ.

[12] «Сыт си зиусхьэныр ущIэгъыр?» – еупщIащ абы ХъызрэIил.
«ИсрэIилхэм къахуэпхьыну тхьэмыщкIагъэр зыхуэдэр сощIэ-
ри аращ сыщIэгъыр, – жиIащ Iэлисэхь. – Абыхэм я быдапIэхэр
бгъэсынущ, я щIалэхэр джатэщхьэрыкIуэ пщIынущ, я сабий

цIынэхэр мывэхэм ебудэкIыурэ букIынущ, цIыхубз лъэщыджэхэм я ныбэхэр зэгуэбгъэунущ».

[13] «Хьэ псэхэлIэм сыхуэдэщ, дауэ апхуэдэ Iуэхушхуэ зэрысщIэфынур?» – жиIащ ХъызрэIил.

«Арэмей хэкум и пащтыхь узэрыхъунур ТХЬЭМ къызигъэщIащ», – жриIащ абы Iэлисэхь[a].

[14] Апхуэдэу къыщыжриIэм, ХъызрэIил Iэлисэхь къыбгъэдэкIыжри и зиусхьэным деж игъэзэжащ.

«Сыт Iэлисэхь къыбжиIар?» – еупщIащ абы Бэрхьэдадэ.

«ФIэкIыпIэ имыIэу узэрыхъужынур къызжиIащ», – иритащ абы пащтыхьым жэуап.

[15] АрщхьэкIэ къыкIэлъыкIуэ махуэм ХъызрэIил шхыIэныр къищтэщ, псыф ищIщ, ар пащтыхьым и нэгум ириубыдэри итхьэлащ. ХъызрэIил абы иужькIэ пащтыхь хъуащ.

## *Ехьудейм и пащтыхь Йорам*

[16] ИсрэIилым и пащтыхь Iэхьэб и къуэ Йохъурэм тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс етхуанэр екIуэкIыу, Йощэфат и къуэ Йорам Ехьудейм и пащтыхь хъуащ. [17] Йорам пащтыхь щыхъуам и ныбжьыр илъэс щэщIрэ тIурэ хъууэ арат, илъэсийкIи унафэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. [18] Йорам гуэныхькъэхьу псэуа исрэIил пащтыхьхэм щапхъэ ятрихыу щытащ, Iэхьэб и пхъур щхьэгъусэу къызэришам къыхэкIыу, абы и унагъуэм щызэрахьэ хабзэхэри къищтат. Абы ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къекIуэкIащ. [19] Ауэ ТХЬЭМ Ехьудей хэкур игъэкIуэдыну хуейтэкъым и жыIэщIэу щыта Даут и хьэтыркIэ. ТХЬЭМ Даут къигъэгугъат абы и жьэгу пащхьэ мафIэр мыужьыхыу и щIэблэр игъащIэкIэ щигъэIэну.

[20] Йорам и лъэхъэнэм едумейхэм зыкъаIэтащ Ехьудейм унафэ къазэрыхуищIыр ямыдэу, уеблэмэ езыхэм пащтыхь къыхахри трагъэуващ. [21] Арати, Йорам и хьэкуэстыгухэр щIыгъуу ЗэIир къалэ кIуащ. АрщхьэкIэ абдеж ар едумейхэм къаухъуреихьащ.

---

a 8:13 НэхъапэкIэ Тхьэм Иляс къыхуиIуэхуауэ щыта псалъэхэрщ мыбдеж Iэлисэхь щыжиIэр. Еплъ 3 Пащт. 19:15.

Пащтыхьымрэ хьэкуэстыгузехуэхэм я пашэхэмрэ едумеидзэм жэ-
щым теуэри къаІэщІэкІащ. Ауэ Йорам и дзэр зэбгрыжри, щхьэж
и унэ игъэзэжащ. [22] Абы лъандэрэ едумейхэр Ехьудейм и унафэ
щІэткъым. Лиунэ къалэм зыкъыщиІэтари а лъэхъэнэ дыдэхэрщ.
[23] Йорам и тетыгъуэм нэгъуэщІ хъугъэщІагъэу къэхъуамрэ
игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей пащтыхьхэм я тхыдэ
тхылъым» итщ. [24] И уахътыр къэсри, Йорам и адэжьхэм я пащхьэ
ихьэжащ, Даут и Къалэми щыщІалъхьэжащ. Абы иужькІэ пащтыхь
тахътэм дэкІуеяр и къуэ Ахъзиящ.

### *Ехьудейм и пащтыхь Ахъзия*

[25] ИсрэІилым и пащтыхь Іэхьэб и къуэ Йохъурэм тетыгъуэр зэ-
рыІэщІыхьэрэ илъэс епщыкІутІанэр екІуэкІыу, Йорам и къуэ Ахъ-
зия Ехьудейм и пащтыхь хъуащ. [26] Ахъзия пащтыхь щыхъуам и
ныбжьыр илъэс тІощІрэ тІурэ хъууэ арат, унафэ зэрихьэу Ерусэлим
зэрыдэсари зы илъэсщ. И анэм и цІэр Атэлыхьт, ар ИсрэІилым и
пащтыхь Іумыр и къуэрылъхут. [27] Іэхьэб и унагъуэм щыщ цІыхубз
щхьэгъусэ зэрищІам къыхэкІыу, абы и унагъуэм щызэрахьэ хабзэхэр
къиштат, ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэри илэжьу къекІуэкІащ.
[28] Ахъзия ИсрэІилым и пащтыхь Йохъурэм и гъусэу Арэмей
хэкум и пащтыхь ХъызрэІил езэуэну ежьащ. ДжылыІэдейм ит
АрмэтІ къалэр къаштэну щебгъэрыкІуэм, арэмейхэм Йохъурэм
къауІащ. [29] И уІэгъэхэм иригъэІэзэн щхьэкІэ, Йохъурэм ИзрэІэл
къалэм игъэзэжащ. Ахъзия ИзрэІэл кІуащ, уІэгъэ хъуа Йохъурэм
щІэупщІэн щхьэкІэ.

## ЕБГЪУАНЭ ІЫХЬЭ

### *Йыхъу ИсрэІилым и пащтыхьыну къызэрыхахар*

**9** [1] Іэлисэхь бегъымбарым и гъэсэнхэм ящыщ зыр къриджэри:
«Уи щыгъын щІыІутелъым и кІэкъуащІэр уибг дэупщІэ, –
жриІащ, – дагъэ зэрыт мы кхъуэщыныр здэщти, ДжылыІэдейм ит
АрмэтІ къалэ кІуэ. [2] Унэса нэужь, Нымщий и къуэ Йощэфат и къуэ

Йыхъу къэгъуэт. Абы деж кIуэи, зыбгъэдэс и ныбжьэгъухэм къахэ-
ши унэ кIуэцIым щIэшэ. 3 Мы кхъуэщыныр абдеж къыщыгъэIэгъуэ,
ит дагъэр и щхьэм щыхуи: „Мыращ ТХЬЭМ жиIэр: 'ИсрэIил
хэгъэгум урипащтыхьыну дагъэр уи щхьэ щызохуэ'" жыIэ. Абы
иужькIэ бжэр Iухи, псынщIэу къыщIэпхъуэж, зумыIэжьэ!»
4 Арати, бегъымбар щIалэщIэр ДжылыIэдейм ит АрмэтI къа-
лэм кIуащ. 5 ЗдэкIуэнум нэса нэужь, зэгъусэу щыс дзэзешэхэр
къилъэгъуащ.

«Уэ дзэзешэ, уи деж сыкъэIуэхуащ», – жиIащ лIыкIуэм.

«Дэ тщыщу хэт укъызыхуаIуэхуар?» – щIэупщIащ Йыхъу.

«Уи дежщ сыкъыздагъэкIуар, дзэзешэ», – иритащ абы жэуап
бегъымбар щIалэм.

6 Йыхъу къэтэджри унэм щIыхьащ. Бегъымбарым абы и щхьэм
дагъэр щихуэри: «Мыращ ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, жиIэр:
„Си лъэпкъым, ИсрэIил и щIэблэм, урипащтыхьыну уи щхьэм
дагъэр щызохуэ. 7 Уи зиусхьэн Iэхьэб и лъапсэр бгъэкIуэдынущ.
Апхуэдэ щIыкIэкIэ Iизэбэл яригъэукIа си жыIэщIэ бегъымбархэмрэ
си псалъэ тIэужыIэ зымыщI цIыхухэмрэ ялъ сщIэжынущ[a]. 8 Iэхьэб
и лъэпкъыр зэрыщыту кIуэдынущ. И лъапсэми цIыхухъуу исыр,
унэIутри цIыху щхьэхуитри, згъэкIуэдынущ. 9 Iэхьэб и унагъуэм
есщIэнущ НэбатI и къуэ Йорэбэхьэмрэ Ахъия и къуэ БэIэшрэ я
унагъуэм есщIар[b]. 10 ИзрэIэл щIыгум Iизэбэл и хьэдэр хьэхэм ща-
шхыжынущ, зыгуэрми ар щIилъхьэжынукъым"», – жиIащ. Абы
иужькIэ бегъымбар щIалэм бжэр Iуихри щIэпхъуэжащ.

11 Йыхъу унэм къыщIэкIыу зыбгъэдэса дзэзешэхэм къащыхы-
хьэжым, абыхэм ящыщ зыр къеупщIащ: «Псори хъарзынэ? Сыт а
Iулэр уи деж къыщIэкIуар?»

«Флъэгъуакъэ ар зыхуэдэр? Сыт мыгъуэ абы жиIэфынур?!» –
къыфIигъэкIакъым Йыхъу.

12 «Пэжкъым! – трагъэчыныхьу хуежьащ щысхэм. – КъыджеIэж».

---

[a] 9:7 ИсрэIилым и пащтыхьу щыта Iэхьэб и щхьэгъусэт Iизэбэл. Ар нэгъуэщI лъэпкът къызыхэкIар, икIыхьагъкIи исрэIилхэр Тхьэ пэжым къызэрыбгъэдишынум иужь итащ. Еплъ 3 Пащт. 16:31; 18:4; 19:1-2.

[b] 9:9 Еплъ 3 Пащт. 14:10-11; 16:3-4.

Арати Йыхъу зэхихар иIуэтэжащ. «„Мыращ ТХЬЭМ жиIэр: ‘ИсрэIилым урипащтыхьыну уи щхьэм дагъэр щызохуэ’“ къызжи-Iащ», – иухащ и псалъэр Йыхъу.

13 Ар зэрызэхахыу, къыщылъэтхэри я щыгъын щIыIутелъыр Йыхъу зытет дэкIуеипIэм хутраубгъуащ. Абы иужькIэ гъуор ягъаджэри: «Йыхъу пащтыхь хъуащ!» – жаIэу кIий-гуоууэ хуежьащ.

## *Йохъурэм и кIуэдыкIэ хъуар*

14-15 Абы хэту Нымщий и къуэ Йощэфат и къуэ Йыхъу Йохъурэм и лъабжьэр къитIу хуежьащ. Абы щыгъуэ Йохъурэм ИзрэIэл къалэм щыIэт. Йохъурэм ИзрэIэл игъэзэжауэ арат, ДжылыIэдейм ит АрмэтI къалэ деж арэмей пащтыхь ХъызрэIил къридза уIэгъэхэм яригъэIэзэн щхьэкIэ. «КъыздэфIыгъмэ, – яжриIащ Йыхъу и гъусэхэм, – хъыбарыр ИзрэIэл щамыIуэтэн хуэдэу, АрмэтI къалэм зыри дэвмыгъэкI».

16 Йыхъу хьэкуэстыгум итIысхьэри, ИзрэIэлкIэ, и уIэгъэхэр игъэхъужу абы щыIэ Йохъурэм деж, ежьащ. Ехьудейм и пащтыхь Ахъзияи щIэупщIакIуэ кIуауэ щыIэт абы. 17 ИзрэIэл плъырыпIэм ит зауэлIым Йыхъу и цIыхухэр гъунэгъу къызэрыхъур къыщилъагъум: «ЦIыху гуп солъагъу», – жиIэри ину кIияш.

«Шу гуэр утIыпщи, – ищIащ Йохъурэм унафэ, – Iуэхухэр псори хъарзынэмэ щIреупщIэ».

18 Шур Йыхъу пежажьэри: «Пащтыхьым псори хъарзынэу пIэрэ жеIэри щIоупщIэ», – жиIащ.

«Сыт абы уи Iуэхуу хэлъыр? – пидзыжащ Йыхъу шум. – Си ужьым къиуви, накIуэ».

ПлъырыпIэм ит зауэлIым пащтыхьым хъыбар иритащ: «Шур абыхэм я деж нэсащ, ауэ къигъэзэжыркъым», – жиIэри.

19 Апхуэдэу щыхъум, пащтыхьым етIуанэ шури япригъэжьащ. Щабгъэдыхьэм: «Пащтыхьым псори хъарзынэу пIэрэ жеIэри щIоупщIэ», – жиIащ.

«Сыт абы уи Iуэхуу хэлъыр? – пидзыжащ абыи Йыхъу. – Си ужьым къиуви, накIуэ».

20 ПлъырыпIэм ит зауэлIым аргуэру пащтыхьым хъыбар иритащ: «Шур абыхэм я деж нэсащ, ауэ ари къэкIуэжыркъым.

Хьэкуэстыгузешэр Нымщий и щIэблэм щыщ Йыхъу ещхьщ – и
нэр къыщхьэрипхъуауэ къожэ», – жиIэри.
21 «Си хьэкуэстыгур зэщIэфщIэ!» – ищIащ унафэ Йохъурэм.
Хьэкуэстыгур зэщIащIащ. ИсрэIилым и пащтыхь Йохъурэми Ехьу-
дейм и пащтыхь Ахъзияи щхьэж и хьэкуэстыгум ису къыдэкIхэри
Йыхъу пежьащ. ИзрэIэл щыщ НэбутI и щIыгуу щытам деж ахэр
Йыхъу щыIущIащ.
22 Йохъурэм Йыхъу къыщилъагъум: «Псори хъарзынэ?» – жиIэ-
ри еупщIащ.
«Уи анэ Iизэбэл и тхьэнэпцIхэм щхьэщэ яхуэщIыныр щIимычэу,
удыгъэ зэрихьэхэри багъуэу, – къыхуилъащ абы Йыхъу, – сыт
хъарзынэ зи гугъу пщIыр?»
23 Асыхьэтым Йохъурэм и хьэкуэстыгум къригъэгъэзащ.
«ГъэпцIапIэщ дызэрыхуар, Ахъзия!» – егуоуащ ар здэжэм Ахъзия.
24 Йыхъу шабзэр зэIуидзэри Йохъурэм еуащ. Шабзэшэр абы и
блэгъукIэ зэхуакум пхыкIащ, игуми хыхьащ. Абдежым Йохъурэм
хьэкуэстыгум иукIуриящ. 25 Йыхъу и блыгущIэтым, Быдэкъарэ,
зыхуигъазэри: «Мыр къащти, ИзрэIэл щыщ НэбутI и щIыгуу
щытам деж щидзыж. ПщIэжрэ, Йохъурэм и адэ Iэхьэб и ужьым
уэрэ сэрэ диту, хьэкуэстыгухэм дису дыздэкIуэм, ТХЬЭМ абы
теухуауэ жиIар? 26 „НэбутIи абы и къуэхэми я лъыр дыгъуасэ
слъэгъуащ, ар пхуэзгъэгъунукъым, абыхэм ялъ мы щIыпIэм дежи
щысщIэжынущ“ жиIэу ТХЬЭМ Iэхьэб теухуауэ къиIуэхуати...
Аращи, ТХЬЭМ зэрыжиIам хуэдэу, къащти а щIыгу дыдэм деж
щыхыфIэдзэж»[a].

## *Ехьудейм и пащтыхь Ахъзия зэраукIар*

27 Къэхъуар къыщилъагъум, Ехьудейм и пащтыхь Ахъзия
Бэтхэгъэн къалэм и лъэныкъуэкIэ щIэпхъуащ. «ФукI мыри!» –
кIийрт абы кIэлъыщIэпхъуа Йыхъу. ЕблэIэм къалэм пэмыжыжьэу
ит Гъур Iуащхьэм щыкIэрыхьэ дыдэм хьэкуэстыгум ису жэ Ахъзия

[a] 9:26 Пащтыхь Iэхьэб НэбутI ирищIамрэ абы и унагъуэм Тхьэм трилъхьа тезырымрэ я хъыбарыр 3 Пащт. 21 деж къыщыIуэтащ.

къеуэри къауІащ. Ахъзия Мэджыдэ къалэм дэлъадэри, абдеж и
псэр щыхэкІащ. [28] Ар хьэкуэстыгум илъу Ерусэлим яшэжри, Даут и
Къалэм дэт и адэжьхэм я кхъэлэгъунэм щыщІалъхьэжащ. [29] Іэхьэб
и къуэ Йохъурэм тетыгъуэр зэрыІэщІыхьэрэ илъэс епщыкІузанэр
екІуэкІыу, Ахъзия Ехьудей хэкум и пащтыхь хъуат.

## Іизэбэл зэраукІар

[30] Абы иужькІэ Йыхъу ИзрэІэл кІуащ. Ар Іизэбэл щызэ-
хихым, и нэхэм сырымэ щІилъхьэщ, и щхьэцхэр дахэу зэщІикъуэ-
ри щхьэгъубжэм къыдэплъу уващ. [31] Йыхъу къалэ дыхьэпІэхэм
къыщыблэкІым, Іизэбэл абы егуоуащ: «Зи зиусхьэныр зыукІыжа
Зымыр, псори хъарзынэ?»[a] – жиІэри.

[32] Йыхъу щхьэгъубжэмкІэ дэплъейри: «Хэт къызгуэтыр, хэт?» –
жиІэри и макъыр Іэтауэ джащ. Щхьэгъубжэм ІуэхутхьэбзащІитІ е
щы къыдэплъащ. [33] «Къыдэвдз мор щхьэгъубжэм!» – яхуищІащ
Йыхъу абыхэм унафэ. Абыхэми Іизэбэл щхьэгъубжэм къыдадзащ,
и лъыр блынджабэми шыхэми ириутхащ. Йыхъу хьэкуэстыгумкІэ
абы и хьэдэм телъадэри зэхипІытІащ.

[34] Йыхъу пащтыхь сэрейм дыхьэри ешхащ икІи ефащ. «Мы
Тхьэм и нейр зыщыхуар зыхуей хуэвгъази щІэфлъхьэж, сыт хуэдэу
щымытми ар пащтыхьыпхъущ», – жиІащ итІанэ Йыхъу. [35] Хьэдэр
щІалъхьэжыну кІэлъыкІуахэм абы и щхьэ къупщхьэмрэ Іэпкъынэ-
лъэпкъынэхэмрэ фІэкІа зыри ягъуэтыжакъым. [36-37] Къагъэзэжри
Іуэхур зыІутыр Йыхъу жраІэжащ.

Абдежым Йыхъу жиІащ: «ТХЬЭМ Тыщбы щыщ и жыІэщІэ
Иляс къыхуигъэкІуауэ щыта и псалъэр зэщІащ: „ИзрэІэл щІыгум
Іизэбэл хьэхэм щашхыжынущ, и хьэдэри куэншыбым ещхьу аб-
деж хэфыхьыжынущ. ‘Мыр Іизэбэлщ’ жиІэуи зыми къиц Іыху-
жынукъым“».

[a] 9:31 Мыбдеж Іизэбэл щІагъыбзэкІэ Йыхъу ириІуэкІыр и пащтыхь Елэхьрэ абы и лъэпкъымрэ зыукІыжа дзэпщ Зымыр и щхьэ кърикІуа Іуэхугъуэхэрщ. Зымыр пащтыхь тахътэр зыІэщІиубыда щхьэкІэ, махуибл нэхъыбэ абы темысу яукІыжыгъат. Еплъ 3 Пащт. 16:9-20.

## ЕПЩIАНЭ IЫХЬЭ

### *Iэхьэб и щIэблэм лъапсэрыхыр къызэрыхуагъэкIуар*

10 [1] Iэхьэб и щIэблэм щыщу цIыху блыщI Щэмэрей дэст.
Йыхъу тхьэмпэтхылъхэр игъэхьэзырри, къалэ унафэщI-
хэм, тхьэмадэхэм, Iэхьэб и щIэблэм кIэлъыплъ гъэсакIуэхэм
Щэмэрей яхуигъэхьащ. [2] «Фи пащтыхьым къытехъукIыжа
щIалэхэр фщIыгъущ, хьэкуэстыгухэмрэ шыхэмрэ фиIэщ, къалэ
зэщIэгъэбыдыхьамрэ Iэщэмрэ фIэщIэлъщ, – итхырт Йыхъу. –
Апхуэдэу щыхъуакIэ, мы тхьэмпэтхылъыр къызэрыфIэрыхьэу,
[3] фи зиусхьэным и щIэблэм фахэплъи, нэхъыфI дыдэр, зыхуэ-
фащэу къэфлъытэр къахэфх, и адэжьым и тахътэм дэвгъэкIуеи
тевгъэтIысхьэ. ИтIанэ фи зиусхьэным и лъэпкъым щхьэкIэ
фызауэ!»
[4] Арщхьэкlэ абыхэм шынэ къащтэри: «ПащтыхьитIыр пэщIэты-
факъым абы, дэ сыт хуэдэ щIыкIэкIэ дыпэлъэщын?» – жаIащ.
[5] Пащтыхь сэрейм и кIэлъыплъакIуэм, къалэм и тетым, тхьэма-
дэхэм, гъэсакIуэхэм Йыхъу лIыкIуэ хуащIащ: «Дэ дурижыIэщIэщ,
жыпIэр псори тщIэнущ. Зыри пащтыхьу тедгъэхьэнукъым, уэ пфIэ-
захуэр щIэ», – жаIэри.
[6] Арати, Йыхъу етIуанэ тхьэмпэтхылъыр игъэхьэзырри абыхэм
яхуигъэхьащ. «Сэ си лъэныкъуэр фIыгъыу икIи фызижыIэщIэу
щытмэ, – итхырт абы, – фи зиусхьэным къытехъукIыжа и щIэблэр
зэтевукIи, я щхьэр къысхуэфхь, пщэдей, иджы хуэдэхэм ирихьэ-
лIэу, си деж ИзрэIэл фыкъакIуэ».
Пащтыхь щауэхэр цIыху блыщI хъурт. ЦIэрэ щхьэрэ яIэу
къалэм дэс цIыхухэрат ахэр зыгъасэр. [7] Тхьэмпэтхылъыр къа-
щыхуэкIуэм, абыхэм пащтыхь щауэхэр яубыдри яукIащ, я щхьэр
матэм иралъхьэри, Йыхъу деж ИзрэIэл ирагъэхьащ. [8] ЛIыкIуэр
Йыхъу деж къакIуэри, пащтыхь щауэхэм я щхьэхэр къызэрихьар
жриIащ.
«Къалэ дыхьэпIэм деж самитIу щызэтефлъхьи, – ищIащ унафэ
Йыхъу, – пщэдджыжь пщIондэ щывгъэлъ».

[9] КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым Йыхъу къыщIэкIри цIыхубэм
я пащхьэ къиуващ.

«Фэ лажьэ фиIэкъым, – жиIащ абы. – ЗыкъыпэзыIэту си зиус-
хьэныр зыукIар сэращ. Ауэ хэт мыхэр зэтезукIар? [10] Iэхьэб ехьэлIа-
уэ ТХЬЭМ жиIа псалъэхэм ящыщ гуэри зэрымыкIуэдынур, псори
зэрызэщIэнур зэвгъащIэ. ТХЬЭМ и жыIэщIэ Иляс къыхуиIуэхуа-
уэ щыта псалъэхэр зэрыщыту зэщIа хъуащ».
[11] Йыхъу Iэхьэб и лъэпкъым щыщу ИзрэIэл къыдэнэжахэми, и
блыгущIэтхэми, и ныбжьэгъухэми, и тхьэпщхэми лъапсэкIуэдыр
къахуигъэкIуащ, зы цIыхуи псэууэ къигъэнакъым.

### *Ахъзиярэ Iэхьэбрэ я Iыхьлыхэр Йыхъу зэригъэкIуэдар*

[12] Абы иужькIэ Йыхъу Щэмэрей ежьащ. БэтэкIэдкIэ зэджэ
хъупIэм щынэсым, [13] ар Ехьудейм и пащтыхь Ахъзия и унэкъуэщ-
хэм абдеж щахуэзащ. «Хэт фыхъуну?» – жиIэри Йыхъу абыхэм
еупщIащ.

«Дэ Ахъзия дриунэкъуэщщ, – жаIащ абыхэм, – пащтыхьым и
къуэхэмрэ пащтыхь анэм и къуэхэмрэ я деж лъагъунлъагъу докIуэ».
[14] «Псэууэ фубыд мыхэр!» – ищIащ унафэ Йыхъу.

Ахэр асыхьэтым яубыдри, БэтэкIэд псыкъуиймдеж щаукIащ:
цIыху тIощIитIрэ тIу хъу гупым щыщу зы цIыхуи псэууэ Йыхъу
къигъэнакъым.
[15] Йыхъу адэкIэ ежьэжащ. ЗдэкIуэм, Архьэб и къуэ Йонэдэб
къыIущIащ. Йыхъу абы фIэхъус ирихри еупщIащ: «Сэ си гур зэры-
пхуэпэжым хуэдэу, уэри уи гур къысхуэпэжу пIэрэ?» – жиIэри.

«НтIэ, сэри си гур пхуэпэжщ», – жиIащ Йонэдэб.

«Абы щыгъуэм, къащтэ уи Iэр», – хуишиящ Йыхъу и Iэр абы.

Йыхъу Йонэдэб къиIэтри, и хьэкуэстыгум иригъэтIысхьащ.
[16] «НакIуэ си гъусэу, – жриIащ абы Йыхъу. – ТХЬЭМ и Iуэхум си
фIэщу сызэрыщIэбэныр плъагъунщ». Апхуэдэ щIыкIэкIэ Йыхъу и
хьэкуэстыгум исуар адэкIэ ишащ.
[17] Йыхъу Щэмэрей къэкIуа нэужь, Iэхьэб и лъэпкъым щыщу
абы къыдэнам лъапсэкIуэдыр къахуигъэкIуащ. ТХЬЭМ

Иляс къызэрыжриIам тету, абыхэм яцыщу зы цIыхуи псэууэ къимыгъанэу зэтриукIащ.

### *БэIэл хуэлIыщIэхэр Йыхъу зэрызэтриукIар*

[18] Абы иужькIэ Йыхъу цIыхухэр зэхуишэсри яжриIащ: «Iэхьэб БэIэл зэрыхуэпщылIар мащIэщ. Йыхъу ирикъун хуэдизкIэ хуэпщылIынущ. [19] Аращи, БэIэл и бегъымбархэм, и Iумэтым итхэм*, и тхьэпщхэм псоми фыкъеджэ. БэIэл къэмыхъуауэ къурмэнышхуэ хуэсщIынущи, зы цIыху къэмынэу кърекIуэ. КъэмыкIуэм къыпэплъэр ажалщ».

БэIэл хуэпщылIхэр зэтриукIэн щхьэкIэ, Йыхъу бзаджагъэ зэрихьэу арат.

[20] «БэIэл и цIэкIэ махуэщI зэIущIэ зэрытщIынум и хъыбарыр вгъэIу», – жиIащ Йыхъу.

Арати, хъыбарыр ягъэIуащ. [21] Йыхъу хъыбарыр зэры-ИсрэIилу зэбгритыкIащ. БэIэл щхьэщэ хуищIу хэгъэгум ис зы цIыху къэмынэу зэIущIэм кърихьэлIащ. Ахэр БэIэл и тхьэлъэIупIэ унэм къыщызэхуэсри, лъэ теувапIэ имыIэжу щIэз щызэрыгъэхъуащ.

[22] «БэIэл хуэпщылIхэм щатIэгъэну щыгъын щIыIутелъхэр къахуэхь», – жриIащ Йыхъу щыгъынхъумэм.

Ар кIуэри щыгъынхэр къахущIихащ.

[23] Абы иужькIэ Йыхъурэ Архьэб и къуэ Йонэдэбрэ БэIэл и тхьэлъэIупIэ унэм щIыхьащ. Йыхъу БэIэл щхьэщэ хуэзыщIхэм захуигъазэри: «ТХЬЭМ и жыIэщIэхэм яцыщ къыфхэтмэ, зыфплъыхьи зэвгъащIэт. БэIэл хуэпщылIхэм къищынэмыщIа, нэгъуэщI мыбы щIэт хъунукъым», – жиIащ.

[24] Абы хэту къурмэнхэмрэ тыхь гъэсынхэмрэ ящIыну хуежьащ. Йыхъу тхьэлъэIупIэ унэм и щIыбкIэ цIыху тIощIиплI нэхъапэкIэ кърaгъэувэкIат. «Фи IэмыщIэ ислъхьэ мы цIыхухэм яцыщу, – жиIат абы быдэу, – зы закъуэ псэууэ зыIэщIэкIым, абы и псэр щIитынущ».

[25] Йыхъу тыхь гъэсынхэр ищIын зэриухыу, хъумакIуэхэмрэ дзэзешэхэмрэ яжриIащ: «ФыкъыщIыхьи, псэ Iуту зы цIыху къэвмыгъанэу зэтевукIэ мыхэр».

Ахэр къыщIыхьэри, тхьэлъэIупIэ унэм щIэтхэр псори джатэ-
щхьэщIэкI ящIащ. Хъумак Iуэхэмрэ дзэзешэхэмрэ абыхэм я хьэдэр
щIыбым къыщIадзри, БэIэл и тхьэлъэIупIэ унэм хэт лъапIэщым
щIыхьащ. 26 Абы щIэт мывэскъархэр къыщIахри мафIэм хадзащ.
27 БэIэл и мывэскъарыр зэхагъэщэщащ, тхьэлъэIупIэ унэр зэха-
къутащ, абдежри щIыб икIыпIэ ящIауэ нобэр къыздэсым апхуэдэу
къогъуэгурыкIуэ.
28 Мис апхуэдэу Йыхъу БэIэл щхьэщэ хуэщIыныр ИсрэIил
хэгъэгум щигъэкIуэдащ. 29 Ауэ езыр ИсрэIилыр гуэныхьщIэным
дезыгъэхьэха НэбатI и къуэ Йорэбэхьэм и гъуэгум текIакъым –
БэтIэлрэ Данрэ щагъэува дыщэ танэхэм щхьэщэ яхуищIырт.
30 «Сэ игъуэу къэслъытэр зыхуейуэ хуэзэу зэрыбгъэзэщIам, Iэхьэб
и лъэпкъым сызэрыхуеуэ хуэдэу уазэрыдызекIуам папщIэ, – къы-
жриIащ ТХЬЭМ Йыхъу, – лIэужьиплIкIэ уи щIэблэр ИсрэIилым
щыпащтыхьынущ».
31 АрщхьэкIэ Йыхъу ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, и хабзэхэм
тетыну гурэ псэкIэ хущIэкъуакъым. ИсрэIилыр гуэныхьщIэным
дезыгъэхьэха Йорэбэхьэм и гъуэгум ар текIакъым.

## *Йыхъу дунейм зэрехыжар*

32-33 ИсрэIилым иIыгъ щIыгухэр ТХЬЭМ щигъэмащIэ
лъэхъэнэт. ХъызрэIил исрэIилхэр хигъащIэри, Iурдыныпсым и
къуэкIыпIэмкIэ щыIэ щIыгухэр къищтат: Джад, Рэбил, Минащ
щIыналъэхэр хиубыдэу абы ДжылыIэдеймрэ Бэшанрэ зыIэщIи-
лъхьат, уеблэмэ Арнэн псыежэхым деж щыт Арэр къэли нэсат.
34 Йыхъу и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуам,
игъэхъам, лIыгъэщIагъэу зэрихьам ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил
пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ.
35 И уахътыр къэсри, Йыхъу и адэжьхэм я пащхьэм ихьэжащ,
Щэмэрей щыщIалъхьэжащ. Абы иужькIэ пащтыхь тахътэм дэ-
кIуеяр и къуэ Йохъуэжьщ. 36 Йыхъу илъэс тIощIрэ икIэ ИсрэIилым
и унафэр ищIу Щэмэрей дэсащ.

## ЕПЩЫКIУЗАНЭ IЫХЬЭ

### *Пащтыхь гуащэ Атэлыхь пащтыхьыгъуэр зэрызыIэщIиубыдар*

**11** [1] Ехьудей пащтыхь Ахъзия зэрыщымыIэжыр и анэ
Атэлыхь къыщищIэм, пащтыхь унагъуэм щыщу псэ зыIут
къимыгъанэу зэтриукIэну хуежьащ. [2] Ауэ пащтыхь Йорам ипхъу
Йощабэ, ар икIи Ахъзия и шыпхъут, зи унафэр укIкIэ ящIа пащтыхь щауэхэм ЙоIэш къахидыгъукIащ. ЙоIэш Ахъзия и къуэт.
Йощабэ пащтыхь щауэмрэ абы и дэгызэмрэ лэгъунэ гуэрым
щигъэпщкIуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ абы щIалэр Атэлыхь щихъумэри, ямыукIыу къэнащ. [3] Атэлыхь пащтыхьыгъуэм унафэ зэрихьэу
тетыхукIэ, ЙоIэшрэ и дэгызэмрэ ТХЬЭМ и Унэм гъэпщкIуауэ
илъэсихкIэ щыпсэуащ[a].

### *Атэлыхь цIыхухэм зыкъызэрыпаIэтар*

[4] Атэлыхь тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс ебланэр екIуэкIыу,
Йодай-тхьэпщым пащтыхь щхьэхъумэхэмрэ[b] сэрей хъумакIуэхэмрэ
я пашэхэм якIэлъигъакIуэри, ТХЬЭМ и Унэм къригъэшащ. Йодай
абыхэм зэгурыIуэныгъэ ярищIылIащ. ТХЬЭМ и Унэм тхьэлъанэ
щаригъэщIри, пащтыхь щауэр яригъэлъэгъуащ.
[5] Абдеж Йодай абыхэм унафэ яхуищIащ: «Мыращ зэрыфщIынур. Щэбэтым и IэнатIэ пэрыхьэнухэм я зы Iыхьэ щанэм пащтыхь сэрейр ирахъумэ. [6] ЕтIуанэ Iыхьэ щанэр Сур дыхьэпIэм
деж щрет. Къэна Iыхьэ щанэри пащтыхь сэрейр зыхъумэхэм я
щIыбагъкIэ щыIэ дыхьэпIэм хуресакъ. Пащтыхь сэрейм псэ зыIут къевгъэкIуалIэ хъунукъым. [7] Щэбэтым и IэнатIэм пэрыкIыж
дзэ пакIитIыр ТХЬЭМ и Унэм деж къыIунэн хуейщ, пащтыхьыр

[a] **11:3** 2 Тхыдэжьхэр 22:11 къызэрыхэщымкIэ, Йощабэ Йодай-тхьэпщым и щхьэгъусэт. Аращ абы ЙоIэш цIыкIу ТХЬЭМ и Унэм, езым деж, щIыщигъэпщкIуфар.

[b] **11:4** Журт. «къэрейхэр». Зи гугъу ищIыр хамэщI къикIа, пащтыхьым и щхьэхъумэу пщIэкIэ къулыкъу зыщIэу щыта гуп гуэрщ. Апхуэдэу еплъ 19-нэ едзыгъуэм.

яхъумэн щхьэкIэ. [8] Дэтхэнэми и Iэщэр иIыгъыу абы и хъуреягъым
къреувэкI. Хэту щытми, къыбгъэдыхьэну хуежьэр иреукI. Пащты-
хьыр дэнэ мыкIуэми, ирегъусэ».

[9] Дзэ пакIэ пашэхэм Йодай-тхьэпщым къажриIар псори ягъэзэ-
щIащ. Дэтхэнэми и цIыхухэр – щэбэтым и IэнатIэ пэрыувэхэри
пэрыкIыжхэри – къашэри Йодай-тхьэпщым деж къекIуэлIащ.
[10] Йодай-тхьэпщым ТХЬЭМ и Унэм щIэлъ, зэгуэр Даут ейуэ
щыта бжыхэмрэ мэIухэмрэ* пашэхэм яхуигуэшащ. [11] ТХЬЭМ и
Унэм и ипщэ лъэныкъуэм къыщегъэжьауэ и ищхъэрэ лъэныкъуэм
нэсыхукIэ, къурмэнщIыпIэм дежи сэрейм дежи пащтыхьыр яхъумэн
щхьэкIэ, и хъуреягъкIэ Iэщэ зыIыгъ хъумакIуэхэр къеувэкIащ.

[12] Йодай-тхьэпщым пащтыхьыкъуэр къыщIишри, тажыр щхьэри-
тIэгъащ, Тхьэм и унафэхэр зэрыт тхылъыр[a] IэщIилъхьэри пащтыхьу
тригъэхьащ. И щхьэм дагъэр щыщихуэм: «ИугъащIэ пащты-
хьым!» – жаIэурэ цIыхухэр зэрыгъэгуоурт, Iэгу еуэрт.

[13] ХъумакIуэхэмрэ цIыхухэмрэ я макъыр щызэхихым,
Атэлыхь абыхэм я деж ТХЬЭМ и Унэм кIуащ. [14] Ар плъэри, мыр
къилъэгъуащ: пкъощIэсэм* деж, хабзэм къызэригъэувым хуэдэу,
пащтыхьыр щытт! Абы дзэ пакIэ пашэхэмрэ накъырапщэхэмрэ
бгъурытт. Накъырапщэхэм зыдащIу цIыхубэр гуфIэрт. Атэлыхь
и щыгъыныр зэхичатхъэри, и макъ къызэрихькIэ кIиящ: «Къыдэ-
пцIыжащ! КъыдэпцIыжащ!» – жиIэу.

[15] Йодай-тхьэпщым дзэ пакIэ пашэхэм унафэ яхуищIащ: «Мыр
Iуфши хъумакIуэхэм я IэмыщIэ ифлъхьэ. И ужь хэт къимыувэми,
джатэкIэ фукI». ТХЬЭМ и Унэр зыдэт пщIантIэм Атэлыхь дэ-
букIыхь зэрымыхъунур тхьэпщым къыгурыIуэрт.

[16] Ар яубыдщ, шыхэр щызэхэзекIуэ дыхьэпIэмкIэ пащтыхь сэ-
рейм дашэри щаукIащ.

[17] Йодай-тхьэпщым пащтыхьымрэ цIыхухэмрэ ТХЬЭМ хуэ-
пэжыну Iуагъэ* яригъэщIащ. Абы къищынэмыщIауэ, тхьэпщым
пащтыхьымрэ цIыхубэмрэ зэгурыIуэныгъэ зэраригъэщIылIащ.
[18] Зэрылъэпкъыу кIуэри, БэIэл и тхьэлъэIупIэ унэр зэхакъутащ.

[a] 11:12 Е: «пащтыхь дамыгъэхэр».

Абыхэм къурмэнщIыпIэхэмрэ мывэскъархэмрэ зыри къыхамынэу
зэхагъэщэщащ, БэIэл и тхьэпщ Мэтани абдеж щаукIащ.
Абы иужькIэ Йодай-тхьэпщым ТХЬЭМ и Унэм кIэлъыплъыну-
хэр игъэнэхуащ. [19] Йодай-тхьэпщым, дзэ пакIэ пашэхэр, пащты-
хьым и щхьэхъумэхэр[a], пащтыхь сэрейм и хъумакIуэхэр, цIыху-
бэр гъусэ ищIри, ТХЬЭМ и Унэм пащтыхьыр къыIуишыжащ,
ХъумакIуэхэм я дыхьэпIэмкIэ пащтыхь сэрейм ишэжащ. Абдеж
ЙоIэш пащтыхь тахътэм дэкIуейри тетIысхьащ. [20] ЦIыхуцIэ зиIэм
я гуфIэгъуэшхуэт. Пащтыхь сэрейм Атэлыхь джатэкIэ даукIыхьа
нэужь, къалэри пыIэжащ.
[21] ЙоIэш тетыгъуэр щыIэщIыхьам и ныбжьыр илъэсиблым итт.

## ЕПЩЫКIУТIАНЭ IЫХЬЭ

### *Ехьудейм и пащтыхь ЙоIэш*

**12** [1] ИсрэIилым и пащтыхь Йыхъу тетыгъуэр зэрыIэщIы-
хьэрэ илъэс ебланэр екIуэкIыу, ЙоIэш Ехьудейм и па-
щтыхь хъуащ. Ар илъэс тIощIитIкIэ унафэ зэрихьэу Ерусэлим
дэсащ. И анэм и цIэр Зибайт, ар лъэпкъкIэ Бэрщабэ щыщт.
[2] ЙоIэш псэуху ТХЬЭМ хуэмыфащэ илэжьакъым, Йодай-тхьэ-
пщыр къызэреущиехэми текIакъым. [3] Апхуэдэу щыт пэтми,
ЙоIэш тхьэлъэIупIэхэр• ирихыжакъым, цIыхухэм а щIыпIэхэм
къурмэнхэр иджыри щащIырт, мэ дахэ къызыпих мыстхъэхэр*
щагъэсырт.

### *Тхьэм и Унэр ЙоIэш зэфIигъэувэжыну иужь зэрихьар*

[4] Зэгуэрым ЙоIэш тхьэпщхэм яжриIащ: «Тхьэм и цIэр траIуэу
ТХЬЭМ и Унэм кърахьэлIэ дыжьыныр зэрыщыту абдеж къы-
щызэхуэфхьэс – хьэкъулэу къыхэкIри, щхьэщэхужыпщIэу къы-
хахри, ТХЬЭМ и Унэм псапэхуэщIэу кърахьэлIэри. [5] А псор фи

[a] 11:19 Еплъ 11:4 и еIуэлIапхъэм.

мылъкум и тетхэм[a] къеIыфхи, ТХЬЭМ и Унэр зэгъэпэщыжыным
тевгъэкIуадэ».
[6] Арщхьэк1э пащтыхь ЙоIэш тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
тIощIрэ ещанэм щыхыхьэми, ТХЬЭМ и Унэм щыщIэныгъэу иIэр
тхьэпщхэм иджыри а зэрызэрамыгъэпэщыжам хуэдэт. [7] Пащтыхь
ЙоIэш Йодаи адрей тхьэпщхэри къриджэри: «Сыт ТХЬЭМ и
Унэр зыхуей щIыхуэвмыгъазэр? – еупщIащ. – Фи мылъкум и
тетхэм афIэкIа дыжьын зыри къеIывмых, щыIэр ТХЬЭМ и Унэр
зэгъэпэщыжыным хэвмылъхьэнумэ». [8] Тхьэпщхэр цIыхубэм
дыжьын къеIыхыныр щыгъэтын зэрыхуейми, ТХЬЭМ и Унэр
зэгъэпэщыжыным я унафэ зэрыхамылъхьэнуми арэзы техъуащ.
[9] Йодай-тхьэпщым зы пхъуантэ къищтэщ, и щхьэм гъуанэ
хуищIри, къурмэнщIыпIэм и ижьырабгъумкIэ игъэуващ. ТХЬЭМ
и Унэм и щIыхьэпIэр яхъумэу Iут тхьэпщхэм цIыхубэм дыжьыну
кърахьэлIэр а пхъуантэм иралъхьэрт. [10] Пхъуантэм из хъуауэ
зэралъагъуу, пащтыхьым и тхакIуэмрэ тхьэпщ пашэмрэ къа-
кIуэрт. Абыхэм ТХЬЭМ и Унэм дыжьыну кърахьэлIар къа-
лъытэрти, къэпхэм ирагъэзагъэрт. [11] Дыжьыныр яшэча нэужь,
ТХЬЭМ и Унэр зэрагъэпэщыжыну зи пщэ иралъхьахэм я тетхэм
иратырт. Абыхэми ар ТХЬЭМ и Унэм щылажьэу щIэт пхъа-
щIэхэм, ухуакIуэхэм, [12] блынджабэхэр дэзыщIеижхэм, мывэхэр
джафэу зыIущIэхэм лэжьапщIэу иратыжырт. Абы къищынэ-
мыщIауэ, ТХЬЭМ и Унэр зэрагъэпэщыжын щхьэкIэ зыхуеину
пхъащхьэмрэ мывэ упсахэмрэ къащэхурт, нэгъуэщI зыхуэны-
къуэхэми трагъэкIуадэрт.
[13] Ауэ дыжьын фалъи, уэздыгъэку сахуэхэр къызэрыпах лэ-
нысти, лэджэни*, накъыри, дыщэмрэ дыжьынымрэ къыхэщIыкIа
нэгъуэщI хьэкъуэщыкъуи ТХЬЭМ и Унэм кърахьэлIэмкIэ къащэ-
хуакъым. [14] Дыжьыныр зратыр Унэр зэзыгъэпэщыжхэрт. [15] Абы-
хэми, пэжагъ зэрахэлъым къыхэкIыу, дыжьыныр зэрызэрагъэкIуэкI
щIыкIэм зыри еупщIэжыртэкъым. [16] ГъэзэкIуэж тыхьымрэ

[a] 12:5 Е: «фи дэIэпыкъуэгъухэм». Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ псалъэм къикIыр нахуэкъым. Апхуэдэу еплъ 7-нэ едзыгъуэм.

къабзэщIыж къурмэнымрэ къапэкIуэ дыжьыныр ТХЬЭМ и Унэм
щIахьэртэкъым – ахэр тхьэпщхэм къахуэнэжырт.

### *ЙоIэш Ерусэлим къалэр ХъызрэIил зэрыщихъумар*

[17] А лъэхъэнэм Арэмей хэкум и пащтыхь ХъызрэIил Джат къалэм
теуэри къищтат. Абы иужькIэ ХъызрэIил Ерусэлим ебгъэрыкIуэну
триухуащ. [18] Апхуэдэу щыхъум, ЙоIэш Ехьудейм и пащтыхьу щы-
та Йощэфат, Йорам, Ахъзия сымэ ТХЬЭМ и цIэр траIуэу Абы и
Унэм щIалъхьа хьэпшып лъапIэхэри езым тыгъэ ищIу абыхэм яхи-
лъхьэжахэри зэхуихьэсащ. ТХЬЭМ и Унэмрэ пащтыхь сэреймрэ
я хъугъуэфIыгъуэщхэм дыщэу илъыр зэрыщыту кърихщ, а псор
хилъхьэжри, ХъызрэIил хуригъэшащ. Абы иужькIэ арэмей пащты-
хьыр икIуэтыжри, Ерусэлим и Iэгъуэблагъэхэр ибгынащ.

### *ЙоIэш дунейм зэрехыжар*

[19] ЙоIэш и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ
игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей пащтыхьхэм я тхыдэ
тхылъым» итщ. [20] ЙоIэш и блыгущIэтхэм зыкъыпаIэтщ, щэхуу
зэгурыIуэхэри, Силэ ухуэзышэ гъуэгум, Бэтмылэ деж щаукIащ.
[21] И блыгущIэтхэм яцыщу пащтыхьыр зыукIар Шымат и къуэ Йо-
зэкъаррэ Шумэр и къуэ Йохъузэуадрэщ[a]. ЙоIэш Даут и Къалэм
яшэжри, и адэжьхэр зыщIэлъ кхъэлэгъунэм щыщIалъхьэжащ. Абы
иужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ Амэзейщ.

## ЕПЩЫКIУЩАНЭ IЫХЬЭ

### *ИсрэIилым и пащтыхь Йохъуэжь*

**13** [1] Ехьудейм и пащтыхь Ахъзия и къуэ ЙоIэш тетыгъуэр
зэрыIэщIыхьэрэ илъэс тIощIрэ ещанэр екIуэкIыу, Йыхъу
и къуэ Йохъуэжь ИсрэIилым и пащтыхь хъуащ. Ар илъэс

a **12:21** Е: «Йозэуадрэ».

пщыкIублкIэ унафэ зэрихьэу Щэмэрей дэсащ. [2] Йохъуэжь
ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къекIуэкIащ, ИсрэIи-
лыр гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха НэбатI и къуэ Йорэбэхьэм
зэрыкIуа гъуэгу пхэнжым текIакъым, гуэныхьщIэнми и щIыб
хуигъэзакъым. [3] Арыххэуи, ТХЬЭМ и губжьыр ИсрэIилым къы-
трикъутащ, пIалъэ кIыхькIи Арэмей хэкум и пащтыхь ХъызрэIилрэ
абы и къуэ Бэрхьэдадэрэ я Iэмыщ Iэ ирилъхьащ.

[4] Йохъуэжь ТХЬЭМ гущIэгъу къыхуищIыну елъэIуащ. ТХЬЭМ
арэмей пащтыхьым исрэIилхэр гущIэгъуншэу зэрыдикъузэр
илъагъурти, ар зыщIэлъэIур зэхихащ. [5] Абы ИсрэIилым щхьэхуитщIы-
жакIуэ къыхуигъакIуэри, Арэмейм и бжьым къыщIишыжащ. ИсрэIил-
хэми, ипэм зэрыщытам хуэдэу, мамыру псэун ирагъэжьэжащ. [6] Ауэ
ИсрэIилыр гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха Йорэбэхьэм и лъэпкъыр
зэрыкIуа гъуэгу пхэнжым ахэр текIакъым, пэIэщIи зыхуащIакъым.
Ар къэгъэнауэ, Ашэрэхь• и пкъор ирамыхыжауэ Щэмэрей зэритт.

[7] Йохъуэжь и дзэр арэмей пащтыхьым апхуэдизкIэ лъэрыщIыкI
ищIати, шу щэ ныкъуэ, хьэкуэстыгуипщI, цIыху минипщI хъу
лъэсыдзэ фIэкIа къыхэнатэкъым.

[8] Йохъуэжь и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуам,
игъэхъам, лIыгъэщIагъэу зэрихьам ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил па-
щтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ. [9] И уахътыр къэсри, Йохъуэжь
и адэжьхэм я пащхьэм ихьэжащ, Щэмэрей щыщIалъхьэжащ. Абы
иужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ ЙохъуIэшщ.

## *ИсрэIилым и пащтыхь ЙохъуIэш*

[10] Ехьудейм и пащтыхь ЙоIэш тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
щэщIрэ ебланэр екIуэкIыу, Йохъуэжь и къуэ ЙохъуIэш ИсрэIилым и
пащтыхь хъуащ. Ар илъэс пщыкIухкIэ унафэ зэрихьэу Щэмэрей дэ-
сащ. [11] ЙохъуIэш ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къекIуэ-
кIащ, ИсрэIилыр гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха НэбатI и къуэ Йорэбэ-
хьэм зэрыкIуа гъуэгу пхэнжым ар текIакъым, пэIэщIи зыхуищIакъым.

[12] ЙохъуIэш и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуам,
игъэхъам, Ехьудейм и пащтыхь Амэзей щезауэм лIыхъужьыгъэу зэри-
хьам ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ.

[13] И уахътыр къэсри, Йохъуlэш и адэжьхэм я пащхьэм ихьэ-
жащ. Абы иужькlэ пащтыхь тахътэм дэкlуеяр и къуэ Йорэбэ-
хьэмщ. Езы Йохъуlэш исрэlил пащтыхьхэр щlэлъу Щэмэрей щыlэ
кхъэлэгъунэм щыщlалъхьэжащ.

### *Iэлисэхь дунейм зэрехыжар*

[14] Iэлисэхь зыгъэлlэну узыр къеуэлlауэ сымаджэт. Исрэlилым и
пащтыхь Йохъуlэш абы деж щlэупщlакlуэ кlуащ. «Уэ си адэ! Уэ си
адэ! – жиlэурэ тегъэрт ар Iэлисэхь. – Уэ Исрэlилым и хьэкуэстыгу!
Уэ Исрэlилым и шуудзэ!»
[15] «Шабзэмрэ шабзэшэхэмрэ къащтэ», – хуищlащ абы уна-
фэ Iэлисэхь. Йохъуlэш шабзэмрэ шабзэшэхэмрэ къигъэlэгъуащ.
[16] «Иджы шабзэр къэгъэпс», – жриlащ Iэлисэхь исрэlил пащты-
хьым. Къызэрыжриlам хуэдэу шабзэр щишэщlым, Iэлисэхь и Iэр
пащтыхьым и Iэм трилъхьащ.
[17] «Къуэкlыпlэ лъэныкъуэмкlэ гъэза щхьэгъубжэр къыlух», –
жиlащ бегъымбарым. Щхьэгъубжэр къыщыlуихым, Iэлисэхь
абы шабзэшэр иригъэкlыну унафэ хуищlащ. Йохъуlэш шабзэшэр
иригъэкlащ. «ТХЬЭМ текlуэныгъэр а шабзэшэмкlэ къехь, Арэ-
мейр а шабзэшэмкlэ хегъащlэ! – къыхэгуоукlащ Iэлисэхь. – Арэ-
мейхэм Афэкъ къалэ деж щызэтебукlэху уащезэуэнущ».
[18] «Шабзэшэхэр къащтэ», – жиlащ бегъымбарым. Исрэlил па-
щтыхьым шабзэшэхэр къыщищтэм, Iэлисэхь абыхэмкlэ щlы щхьэ-
фэм еуэну унафэ хуищlащ. Йохъуlэш шабзэхэмкlэ щlы щхьэфэм щэ
еуэри къэувыlэжащ. [19] Тхьэм и цlыхур къэгубжьри: «Щlы щхьэфэм
тхуэ е хэ уеуэн хуеящ, мис итlанэ Арэмейр хэбгъэщlэпэнут. Иджы
абыхэм щэ къудейщ уазэрытекlуэнур», – жиlащ.
[20] Iэлисэхь дунейм ехыжри щlалъхьэжащ.
Къыкlэлъыкlуэ илъэсым и гъатхэм мэуабей хъунщlакlуэхэр
хэгъэгум теуэу хуежьащ. [21] Дунейм ехыжа гуэрым и хьэдэщlэ-
лъхьэм хэтхэм мэуабей хъунщlакlуэхэр гъунэгъу къазэрыхуэхъур
щалъагъум, хьэдэр пlащlэу Iэлисэхь и кхъэлэгъунэм щlадзэри
зэбгрыжыжат. Хьэдэр Iэлисэхь и къупщхьэхэм щылъэlэсым, къэ-
хъужри къызэфlэувэжауэ щытащ.

### Iэлисэхь иужьрейуэ жиIа псалъэр зэрызэщIар

[22] Йохъуэжь и тетыгъуэм Арэмей хэкум и пащтыхь Хъыз-
рэIил исрэIилхэр зэпымычу дикъузэрт. [23] Ауэ ТХЬЭМ ахэр
фIэпсэкIуэд хъурт, гущIэгъу къахуищIырт, Ибрэхьим, Ис-
хьэкъ, Екъуб• сымэ яриухылIа Iуагъэм и хьэтыркIэ и гулъытэ
щигъащIэртэкъым. Ар иджыпстуи хуейтэкъым ахэр игъэкIуэдыну
икIи зыпыIуигъэкIуэтыну.
[24] Арэмей хэкум и пащтыхь ХъызрэIил щылIэм, пащтыхь
тахътэм абы иужькIэ дэкIуеяр и къуэ Бэрхьэдадэщ. [25] ХъызрэIил
Йохъуэжь зауэкIэ IэщIигъэкIауэ щыта къалэхэр абы и къуэ Йохъу-
Iэш Бэрхьэдадэ къытрихыжащ. ЙохъуIэш ар щэней хигъащIэурэ
исрэIил къалэхэр къыIэщIихыжащ.

## ЕПЩЫКIУПЛIАНЭ IЫХЬЭ

### Ехьудейм и пащтыхь Амэзей

**14** [1] ИсрэIилым и пащтыхь Йохъуэжь и къуэ ЙохъуIэш тетыгъуэр
зэрыIэщIыхьэрэ илъэс етIуанэр екIуэкIыу, ЙоIэш и къуэ
Амэзей Ехьудейм и пащтыхь хъуащ. [2] Амэзей пащтыхь щыхъуам и
ныбжьыр илъэс тIощIрэ тхурэ хъууэ арат, илъэс тIощIрэ бгъукIи уна-
фэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. И анэм и цIэр ЙоIэданэт, ар лъэпкъкIэ
Ерусэлим щыщт. [3] Амэзей ТХЬЭМ хуэмыфащэ илэжьакъым, ауэ и
адэжь Даут хуэдэтэкъым. Ар сыткIи и адэ ЙоIэш ещхь хъужат. [4] Абы
тхьэлъэIупIэхэр ирихыжатэкъым, цIыхухэм а щIыпIэхэм къурмэнхэр
иджыри щащIырт, мэ дахэ къызыпих мыстхъэхэри щагъэсырт.
[5] Амэзей пащтыхьыгъуэм зыщигъэбыда нэужь, и адэ пащты-
хьыр зэкIуэдылIауэ щыта блыгущIэтхэр иукIыжащ. [6] Ауэ Амэзей
а лIыукIхэм я быныр игъэкIуэдакъым, ТХЬЭМ Мусэ итхыжа
Хабзэм унафэ зэрыщищIам хуэдэу ищIащ: «Я быным щхьэкIэ адэ-
анэхэр, я адэ-анэхэм щхьэкIэ бынхэр укIкIэ бгъэпшынэ хъунукъым.
Щхьэж и гуэныхьым теухуауэ укIкIэ жэуап ирехьыж».
[7] ЦIыху минипщI хъу едумеидзэр Шыгъупкъэ лъахэкIэ зэджэ
щIыпIэм деж щызэхэзыкъутари, Сэла къалэр къизэууэ къищта

нэужь, и цIэр ЙокътэIилкIэ зэзыхъуэкIари Амэзейщ. А къалэм нобэр къыздэсым зэреджэри апхуэдэущ.

## *Амэзейрэ ЙоIэшрэ зэрызэзэуар*

[8] Амэзей ИсрэIил хэгъэгум и пащтыхь, Йыхъу и къуэ Йохъуэжь и къуэ ЙохъуIэш деж лIыкIуэ хуищIри: «КъыдэкI! Дызэхуэгъази дызэгъэзауэ!» – жригъэIащ.
[9] Арщхьэкlэ ИсрэIилым и пащтыхь ЙохъуIэш Ехьудейм и пащтыхь Амэзей жэуапу къыхуригъэхьыжар мыращ: «Зэгуэрым ливан бгылъэхэм къыщыкI ежьужьудзым къурш уэздыгъейм деж лIыкIуэ игъэкIуащ: „Уи пхъур си къуэм щхьэгъусэу къет“ жиIэри. Ауэ ливан губгъуэхэм щыпсэу псэущхьэр абдеж блэкIрэ пэт ежьужьудзыр зэхиутащ. [10] Едумейр зэрызэхэпкъутам уи щхьэр игъэунэзащ. ТекIуэныгъэ къэпхьам иригушхуэ, ауэ уи унэ исыжи нэхъыфIщ! Уэ ущыкIуэдкIэ, Ехьудейри кIуэдын хуэдэу, сыт щхьэкIэ уи щхьэ бэлыхьлажьэр къыхуэплъыхъуэрэ?»
[11] Ауэ абы жиIар Амэзей хъымпIар ищIакъым. Арати, ИсрэIилым и пащтыхь ЙохъуIэш дзэр къришажьэри къежьащ. ЙохъуIэшрэ ехьудей пащтыхь Амэзейрэ зэзауэурэ Ехьудей хэкум ит Бэтшэмэш деж натIэкIэ щызэIууащ. [12] ИсрэIилхэм зэхакъута ехьудеидзэм хэтхэр щхьэж и унэ щIэпхъуэжащ. [13] ИсрэIил пащтыхь ЙохъуIэш Ехьудей хэкум и пащтыхь Амэзей Бэтшэмэш деж гъэр къыщищIащ. Пащтыхь Амэзей Ахъзия и къуэ ЙоIэш и къуэт. Амэзей гъэр къищIа нэужь, ЙохъуIэш ЕрусэлимкIэ кIуэри, ЕфрэIим дыхьэпIэмрэ Къуапэ дыхьэпIэмрэ яку дэт мывэхъунэр зэхикъутащ. Абы IэфракIэ щиплI[a] и кIыхьагът. [14] ТХЬЭМ и Унэм дыщэуи, дыжьынуи, нэгъуэщI фIыгъуэу къыщагъуэтари, пащтыхь сэрейм и хъугъуэфIыгъуэщым илъу кърахари зэрыщыту ЙохъуIэш дишащ. Абы къищынэмыщIауэ, шэсыгъухэр[b] иубыдри Щэмэрей игъэзэжащ.

---

*a* **14:13** Метрищэрэ тIощIиплIым нэблагъэ хъунущ.
*b* **14:14** Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, зи гугъу ищIыр пащтыхь унагъуэм щыщхэрщ. КъуэкIыпIэ пащтыхьхэм я сэрейм хагъащIа пащтыхьым и Iыхьлыхыр щаIыгъыу куэдрэ къэхъурт: абы гугъэ къаритт зытекIуар нэхъ IурыщIэу щытыну.

### *Йохъуlэш дунейм зэрехыжар*

[15] Йохъуlэш и тетыгъуэм нэгъуэщl хъугъэщlагъэу къэхъуам,
игъэхъам, Ехьудейм и пащтыхь Амэзей щезауэм лlыхъужьыгъэу
зэрихьам ятеухуа хъыбархэр «Исрэlил пащтыхьхэм я тхыдэ тхы-
лъым» итщ. [16] И уахътыр къэсри, Йохъуlэш и адэжьхэм я па-
щхьэм ихьэжащ, исрэlил пащтыхьхэр щlэлъу Щэмэрей щыlэ
кхъэлэгъунэми щыщlалъхьэжащ. Абы иужькlэ пащтыхь тахътэм
дэкlуеяр и къуэ Йорэбэхьэмщ.

### *Амэзей дунейм зэрехыжар*

[17] Ехьудейм и пащтыхь Амэзей Исрэlил хэгъэгум и пащтыхь
Йохъуlэш иужь илъэс пщыкlутхукlэ псэуащ. [18] Амэзей и тетыгъуэм
нэгъуэщl хъугъэщlагъэу къэхъуам ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей
пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ.
[19] И лъабжьэр Ерусэлим щыщ гуэрхэм къатlу щыхуежьэм, Амэ-
зей щlэпхъуэжри Лахъыш къалэм зыщигъэпщкlуащ. Ауэ и бийхэр
кlэлъагъакlуэри, Амэзей а къалэм щаукlащ. [20] Абы и хьэдэр шыкlэ
Ерусэлим яшэжри, Даут и Къалэм дэт и адэжьхэм я кхъэлэгъунэм
щыщlалъхьэжащ.
[21] Абы иужькlэ ехьудейхэм зи ныбжьыр илъэс пщыкlух фlэкlа мыхъу
lузий[a] яшэри, и адэ Амэзей зытеса пащтыхь тахътэм драгъэкlуеящ.
[22] Амэзей и адэжьхэм я пащхьэ ихьэжа нэужь, Елэтl кхъухь тедзапlэр
зэригъэпэщыжу Ехьудейм и lэмыщlэ изылъхьэжар lузийщ.

### *Исрэlилым и пащтыхь Йорэбэхьэм Етlуанэр*

[23] Ехьудейм и пащтыхь Йоlэш и къуэ Амэзей тетыгъуэр зэрыlэ-
щlыхьэрэ илъэс епщыкlутхуанэр екlуэкlыу, Йохъуlэш и къуэ Йо-
рэбэхьэм Исрэlилым и пащтыхь хъуащ. Ар илъэс тlощlитlрэ зыкlэ
унафэ зэрихьэу Щэмэрей дэсащ. [24] Йорэбэхьэм ТХЬЭМ хуэмы-
фащэ бзаджагъэхэр илэжьу къекlуэкlащ, Исрэlилыр гуэныхьыщlэным
дезыгъэхьэха Нэбатl и къуэ Йорэбэхьэм зэрыкlуа гъуэгу пхэнжми

---

*a* **14:21** Пасэрей журтыбзэкlэ тха lэрытхым къыщыкlуэр «Азэрей» фlэщыгъэрщ, пащтыхь lузий и цlэм иlэ нэгъуэщl жыlэкlэрщ. Ди зэдзэкlыгъэм хэтыр Фlыцlагъэ Лъапlэм нэхъыбэрэ узыщрихьэлlэ жыlэкlэ лlэужьыгъуэращ.

текIакъым. [25] Лэухьэмэт щегъэжьауэ Хы Шыугъэм нэс кIуэуэ ИсрэIи-
лым иIа гъунапкъэхэр зэфIэзыгъэувэжар Йорэбэхьэмщ. Апхуэдэ
щIыкIэкIэ ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, и жыIэщIэ Амытей и къуэ
Инус къыжриIа псалъэр зэщIа хъуащ[a]. Инус бегъымбарыр Джат-
хьэпэр къалэ щыщт. [26] ТХЬЭМ илъагъурт ИсрэIилым щыпсэухэм
псоми – унэIутми, цIыху щхьэхуитми – бэлыхьышхуэ зэрателъыр,
дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуни зэрыщымыIэр. [27] ТХЬЭМ исрэIилхэр мы
уафэм и щIагъым щIигъэкIуэдыкIыжыну зэрыжимыIам къыхэкIыу,
ЙохъуIэш и къуэ Йорэбэхьэм и IэкIэ ахэр къригъэлащ.
[28] Йорэбэхьэм и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэ-
хъуам, игъэхъам, щызауэм лIыгъэщIагъэу зэрихьам, зэгуэр
Ехьудейм и IэмыщIэ илъа Щамрэ ХьэматIрэ ИсрэIил хэгъэгум
къызэрыхигъэхьэжам ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхьхэм я
тхыдэ тхылъым» итщ.
[29] И уахътыр къэсри, Йорэбэхьэм ИсрэIилым и пащтыхьу щыта
и адэжьхэм я пащхьэм ихьэжащ. Абы иужькIэ пащтыхь тахътэм
дэкIуеяр и къуэ Зэчрейщ.

## ЕПЩЫКIУТХУАНЭ IЫХЬЭ

### *Ехьудейм и пащтыхь Iузий*

**15** [1] ИсрэIилым и пащтыхь Йорэбэхьэм тетыгъуэр зэрыIэ-
щIыхьэрэ илъэс тIощIрэ ебланэр екIуэкIыу, Амэзей и къуэ
Iузий[b] Ехьудейм и пащтыхь хъуащ. [2] Iузий пащтыхь щыхъуам и
ныбжьыр илъэс пщыкIух хъууэ арат, илъэс щэ ныкъуэрэ тIукIэ уна-
фэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. И анэм и цIэр Йохулэхьт, ар лъэпкъ-
кIэ Ерусэлим щыщт. [3] Iузий, и адэ Амэзей хуэдэу, ТХЬЭМ хуэ-
мыфащэ илэжьакъым. [4] Ауэ абыи тхьэлъэIупIэхэр ирихыжакъым.

---

a **14:25** Инус бегъымбарым и псалъэу мыбдеж къыщыкIуэхэм хуэдэ ФIыцIагъэ ЛъапIэм зыщIыпIи ущрихьэлIэркъым.

b **15:1** Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ «Азэрей» фIэщыгъэр пащтыхь Iузий и цIэм иIэ нэгъуэщI жыIэкIэщ. Ди зэдзэкIыгъэм хэтыр ФIыцIагъэ ЛъапIэм нэхъыбэрэ узыщрихьэлIэ жыIэкIэ лIэужьыгъуэращ.

ЦIыхухэм а щIыпIэхэм къурмэнхэр иджыри щащIырт, мэ дахэ
къызыпих мыстхъэхэр щагъэсырт.
[5] ТХЬЭМ Iузий фаджэ уз къригъэуалIэри, дунейм ехыжыху ар
абы ефыкIыу икIи унэ щхьэхуэ щIэсу псэуащ. Пащтыхь сэрейм и
Iуэхур зезыгъакIуэри хэку унафэр зезыхьэри и къуэ Йотэмт.
[6] Iузий и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ
игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей пащтыхьхэм я тхыдэ тхы-
лъым» итщ. [7] И уахътыр къэсри, Iузий и адэжьхэм я пащхьэ ихьэ-
жащ, Даут и Къалэм дэт и адэжьхэм я кхъэлэгъунэм щыщIалъхьэ-
жащ. Абы иужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ Йотэмщ.

## *ИсрэIилым и пащтыхь Зэчрей*

[8] Ехьудейм и пащтыхь Iузий тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
щэщIрэ еянэр екIуэкIыу, Йорэбэхьэм и къуэ Зэчрей ИсрэIилым
и пащтыхь хъуащ. Ар мазихкIэ унафэ зэрихьэу Щэмэрей дэсащ.
[9] И адэжьхэм хуэдэу, Зэчрей ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр
илэжьу къекIуэкIащ, ИсрэIилыр гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха
НэбатI и къуэ Йорэбэхьэм зэрыкIуа гъуэгу пхэнжми текIакъым.
[10] Абэш и къуэ Щалум Зэчрей и лъабжьэр къитIу хуежьащ.
ЦIыхуцIэ зиIэм ялъагъуу абы Зэчрей иукIри[a], пащтыхь тахътэм
дэкIуеящ. [11] Зэчрей и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэ-
хъуам ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым»
итщ. [12] Апхуэдэ щIыкIэкIэ ТХЬЭМ: «ЛIэужьиплIкIэ уи щIэблэр
ИсрэIилым щыпащтыхьынущ», – жиIэу Йыхъу къыжриIауэ щыта
псалъэр зэщIа хъуащ.

## *ИсрэIилым и пащтыхь Щалум*

[13] Ехьудейм и пащтыхь Iузий тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
щэщIрэ ебгъуанэр екIуэкIыу, Абэш и къуэ Щалум ИсрэIилым и
пащтыхь хъуащ. Ар зы мазэкIэ унафэ зэрихьэу Щэмэрей дэсащ.
[14] Джадий и къуэ Минхьэм Тырзэхь къикIри, Щэмэрей ебгъэрыкIуэу
хуежьащ. Абы Щалум Щэмэрей щиукIри, пащтыхьыгъуэр иубыдащ.

---

[a] 15:10 Е: «Абы Зэчрей ЕблэIэм къалэм щиукIри».

15 Щалум и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ
хъуагъэщагъэу зэрихьамрэ ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхь-
хэм я тхыдэ тхылъым» итщ.
16 Абы ирихьэлIэу Минхьэм Тырзэхь къикIри, ТIифсахь теуащ
икIи зэрипхъуащ. Къалэ дыхьэпIэр къыхуIуахыу зэрыдамыгъэхьам
щхьэкIэ, Минхьэм къалэм дэсхэри Iэгъуэблагъэм щыпсэухэри псо-
ри зэтриукIащ[a]. ЦIыхубз лъэщыджэхэми я ныбэр зэгуигъэхуащ.

## ИсрэIилым и пащтыхь Минхьэм

17 Ехьудейм и пащтыхь Iузий тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
щэщIрэ ебгъуанэр екIуэкIыу, Джадий и къуэ Минхьэм ИсрэIилым и
пащтыхь хъуащ. Ар илъэсипщIкIэ унафэ зэрихьэу Щэмэрей дэсащ.
18 Минхьэм дунейм тетыху ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр
илэжьу къекIуэкIащ, ИсрэIилыр гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха
НэбатI и къуэ Йорэбэхьэм зэрыкIуа гъуэгу пхэнжми текIакъым.
19 Ащурей пащтыхь Пул[b] ИсрэIил хэгъэгум къыщытеуэм, щыжа-
кIуэ* къыхуэхъун, и тетыгъуэр игъэбыдэн щхьэкIэ Минхьэм абы
дыжьын тIэлат мин[c] иритащ. 20 Апхуэдиз дыжьыныр Минхьэм
исрэIилхэм лъэщыгъэкIэ къаIэщIигъэкIат. Ащурей пащтыхьым ира-
тын щхьэкIэ, хуэщIауэ псэу цIыху къэс дыжьын шэкIэл щэ някъуэ[d]
къитын хуейуэ хьэкъ иIэт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ащурей пащтыхьыр
икIуэтыжри, ИсрэIил хэгъэгум икIыжащ.
21 Минхьэм и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ
игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхьхэм я тхыдэ
тхылъым» итщ. 22 И уахътыр къэсри, Минхьэм и адэжьхэм я

---

a 15:16 Е: «Абы ирихьэлIэу Минхьэм ТIифсахь теуэри, къалэ дыхьэпIэр къы-
зэрыхуIуамыхам щхьэкIэ, къалэдэсхэми Тырзэхь нэс Iэгъуэблагъэм щыпсэу-
хэми ящыщ къимыгъанэу зэтриукIащ».

b 15:19 Ащурей пащтыхьым и цIэр 29-нэ едзыгъуэм Тыкъулътыпэлъщэруи къы-
щокIуэ. Зи гугъу ищIыр Тыкъулътыпэлъщэр Ещанэрщ, ди лъэхъэнэр къихьэ-
ным ипэ 745 гъэм щегъэжьауэ 727 гъэм нэс Ащурей хэкум пащтыхьыгъуэр
щызезыхьарщ.

c 15:19 Тонн щэщIрэ плIым нэблагъэ хъунущ.

d 15:20 Грамм щихым нэблагъэ хъунущ.

пащхьэ ихьэжащ. Абы иужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ
ПакIэхъейщ.

## *ИсрэIилым и пащтыхь ПакIэхъей*

[23] Ехьудейм и пащтыхь Iузий тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
щэ ныкъуэр екIуэкIыу, Минхьэм и къуэ ПакIэхъей ИсрэIилым и
пащтыхь хъуащ. Ар илъэситIкIэ унафэ зэрихьэу Щэмэрей дэсащ.
[24] ПакIэхъей ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къе-
кIуэкIащ, ИсрэIилыр гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха НэбатI и къуэ
Йорэбэхьэм зэрыкIуа гъуэгу пхэнжми текIакъым. [25] ПакIэхъей и
дзэпщ Армэлей и къуэ ПэкIыхь абы и лъабжьэр къитIу хуежьащ.
ДжылыIэдейм щыщ цIыху щэ ныкъуэ гъусэ ищIщ, ПакIэхъей, абы
щIыгъуа Аргубрэ Арейрэ ятеуэри, Щэмэрей щыIэ пащтыхь сэрейм
дэт быдапIэ унэм щиукIащ. ПакIэхъей иукIа нэужь, ПэкIыхь па-
щтыхь тахътэм дэкIуеящ.
[26] ПакIэхъей и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуам-
рэ игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхьхэм я тхыдэ
тхылъым» итщ.

## *ИсрэIилым и пащтыхь ПэкIыхь*

[27] Ехьудейм и пащтыхь Iузий тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
щэ ныкъуэрэ етIуанэр екIуэкIыу, Армэлей и къуэ ПэкIыхь ИсрэIи-
лым и пащтыхь хъуащ. Ар илъэс тIощIкIэ унафэ зэрихьэу Щэмэрей
дэсащ. [28] ПэкIыхь ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къе-
кIуэкIащ, ИсрэIилыр гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха НэбатI и къуэ
Йорэбэхьэм зэрыкIуа гъуэгу пхэнжми текIакъым.
[29] ИсрэIилым и пащтыхь ПэкIыхь и тетыгъуэрщ ащурей пащтыхь
Тыкъулътыпэлъщэр къебгъэрыкIуэу Iиуэн, Абэл-БэтмэIэху, Йа-
ныхъу, Къуэдыщэ, Хьэзур къалэхэр, ДжылыIэдей хэкур, Джалил
щIыгур, Нэхуталий лъахэр зэрыщыту щиубыдар, цIыхухэри Ащурей
гъэру щришар. [30] Елэхь и къуэ Уэщий Армэлей и къуэ ПэкIыхь и
лъабжьэр къитIу хуежьащ. Уэщий ПэкIыхь теуэри иукIащ. Iузий и
къуэ Йотэм тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс етIощIанэр екIуэкIыу,
Уэщий пащтыхь тахътэм ПэкIыхь и пIэкIэ дэкIуеящ.

[31] ПэкIыхь и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «ИсрэIил пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ.

### *Ехьудейм и пащтыхь Йотэм*

[32] ИсрэIилым и пащтыхь Армэлей и къуэ ПэкIыхь тетыгъуэр зэ-
рыIэщIыхьэрэ илъэс етIуанэр екIуэкIыу, Iузий и къуэ Йотэм Ехьу-
дейм и пащтыхь хъуащ. [33] Йотэм пащтыхь щыхъуам и ныбжьыр
илъэс тIощIрэ тхурэ хъурт, илъэс пщыкIухкIи унафэ зэрихьэу Еру-
сэлим дэсащ. И анэм и цIэр Йэрушэт, ар Садыкъ ипхъут. [34] Йотэм,
и адэ Iузий хуэдэу, ТХЬЭМ хуэмыфащэ илэжьакъым. [35] Ауэ абы
тхьэлъэIупIэхэр ирихыжакъым. ЦIыхухэм а щIыпIэхэм къурмэн-
хэр иджыри щащIырт, мэ дахэ къызыпих мыстхъэхэри щагъэсырт.
ТХЬЭМ и Унэм и Ищхьэ дыхьэпIэр зыщIар Йотэмщ.
[36] Йотэм и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ
игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей пащтыхьхэм я тхыдэ
тхылъым» итщ. [37] А лъэхъэнэхэм ТХЬЭМ Ехьудей хэкум арэмей
пащтыхь Арзэнрэ Армэлей и къуэ ПэкIыхьрэ къригъэхьэу хуежьат.
[38] И уахътыр къэсри, Йотэм и адэжьхэм я пащхьэ ихьэжащ, Даут
и Къалэм дэт и адэжьхэм я кхъэлэгъунэм щыщIалъхьэжащ. Абы
иужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ Iэхьэзщ.

## ЕПЩЫКIУХАНЭ IЫХЬЭ

### *Ехьудейм и пащтыхь Iэхьэз*

**16** [1] Армэлей и къуэ ПэкIыхь тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс
епщыкIубланэр екIуэкIыу, Йотэм и къуэ Iэхьэз Ехьудейм и
пащтыхь хъуащ. [2] Iэхьэз пащтыхь щыхъуам и ныбжьыр илъэс тIощI
хъурт, илъэс пщыкIухкIэ унафэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. Ар и
адэжь Даут хуэдэтэкъым, ТХЬЭМ, и Тхьэм, хуэфащэр илэжьа-
къым. [3] Iэхьэз гуэныхькъэхьу псэуа исрэIил пащтыхьхэм щапхъэ
ятрихыу щытащ, ар щыгъэтауэ, ТХЬЭМ исрэIилхэм ябгъэдихуа
лъэпкъхэм зэрахьэ хабзэ гущыкIыгъуэм тету, и къуэр мафIэкIэ

къурмэн ищIауэ щытащ. [4] Абы тхьэлъэIупIэхэми, Iуащхьэшхуэ-
хэми, дэтхэнэ зы жыг къудамэбэми къурмэнхэр щищIырт, мэ дахэ
къызыпих мыстхъэхэр щигъэсырт.

## *Iэхьэз ащурейхэм дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуну зэрелъэIуар*

[5] Арэмей хэкум и пащтыхь Арзэнрэ ИсрэIилым и пащтыхь
Армэлей и къуэ ПэкIыхьрэ Ехьудейм зауэ къращIылIащ. Абы-
хэм Iэхьэз зыдэс Ерусэлим къалэр къатIысыхьат, арщхьэкIэ пэ-
лъэщакъым. [6] Абы щыгъуэщ арэмей пащтыхь Арзэн ЕлэтI къалэр
Арэмейм щыхигъэхьэжар, щыпсэу ехьудейхэри къыщыдихуар.
Арэмейхэр[a] ЕлэтI дэтIысхьауэ нобэр къыздэсым щопсэу.
[7] Iэхьэз ащурей пащтыхь Тыкъулътыпэлъщэр деж лIыкIуэхэр
игъэкIуащ. «Сэ сурижыIэщIэщ икIи сурикъуэщ, – хуиIуэхурт абы
ащурей пащтыхьым. – Арэмеймрэ ИсрэIилымрэ я пащтыхьхэр
къыстеуащи, къакIуи къысщыж».
[8] Iэхьэз ТХЬЭМ и Унэми пащтыхь сэрейм и хъугъуэфIыгъуэщми
дыщэрэ дыжьыну илъыр зэрыщыту кърихри, ащурей пащтыхьым
тыгъэу хуригъэшащ. [9] Ащурей хэкум и пащтыхьым Iэхьэз и лъэIур
хуищIащ: Щам[b] теуэри къищтащ, и цIыхухэр гъэр ищIри Къер[c]
ихуащ, Арзэни иукIащ.

## *Тхьэм и Унэр Iэхьэз нэгъуэщIу зэрищIыжар*

[10] Пащтыхь Iэхьэз Ащурейм и пащтыхь Тыкъулътыпэлъ-
щэр зыIуигъэщIэну Щам кIуащ. Абдеж дэт къурмэнщIыпIэр
къыщилъагъум, сурэт трыригъэщIыкIщ, зэращIыну щапхъэхэр
зэпкърыхауэ трыригъэхри Iурей-тхьэпщым хуигъэхьащ. [11] Па-
щтыхь Iэхьэз Щам кърыригъэха щапхъэхэм иригъуазэурэ,
Iурей-тхьэпщым къурмэнщIыпIэр ищIащ. Пащтыхьыр къэ-
мыкIуэж щIыкIи ар хьэзыр хъуащ. [12] Iэхьэз Щам къикIыжа

---

*a* **16:6** Е: «Едумейхэр».

*b* **16:9** Щам къалэр Арэмей хэкум и щыхьэру щытащ.

*c* **16:9** Къер щIыналъэр зыхуэзэр дэнэ щIыпIэми нахуэкъым. Ауэ, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ар Ащурейм хиубыдэу щыта хэгъэгущ.

нэужь, къурмэнщIыпIэр зригъэлъэгъуащ, бгъэдыхьэри къурмэн
щищIащ: 13 тыхь гъэсынри, гъавэ тыхьри, санэ тыхьри къыщи-
хьащ, зэфIыж къурмэным и лъыр къурмэнщIыпIэми трикIащ.
14 ТХЬЭМ и пащхьэ ит гъуаплъэ къурмэнщIыпIэр щIэуэ ящIамрэ
ТХЬЭМ и Унэмрэ я кум дэт хъуат. Iэхьэз гъуаплъэ къурмэнщIы-
пIэр ТХЬЭМ и Унэ щIыхьэпIэм къыбгъэдигъэкIуэтри, щIэуэ
иригъэщIам ищхъэрэкIэ игъэуващ.
15 Абы иужькIэ пащтыхь Iэхьэз Iурей-тхьэпщым унафэ хуищIащ:
«Пщэдджыжь тыхь гъэсынымрэ пщыхьэщхьэ гъавэ тыхьымрэ
мы къурмэнщIыпIэшхуэм щыщI. Пащтыхьым и тыхь гъэсынымрэ
гъавэ тыхьымрэ, цIыхубэм я тыхь гъэсынхэмрэ гъавэ тыхьхэмрэ,
санэ тыхьри ящIыгъуу, мыбдеж щыщI. Тыхь гъэсынымрэ адрей
къурмэнхэмрэ я лъыр къурмэнщIыпIэм текIэ. Гъуаплъэ къурмэн-
щIыпIэр си щхьэм щхьэкIэ зесхьэнщ[a]». 16 Iурей-тхьэпщым унафэ
къызэрыхуащIа дыдэм хуэдэу ищIащ.
17 Пащтыхьым шэрхъхэр зыщIэт тегъэувапIэхэм я зэфIэбдзэ-
хэм* ит джабэхэр къыгуищIыкIащ, тета лэгъупхэри къытрихащ.
Абы гъуаплъэ гуухэм я тхым тета псылэгъупышхуэр кърихьэхри,
мывэ лъэгум тригъэуващ[b]. 18 Апхуэдэу Iэхьэз ТХЬЭМ и Унэм хэт
Щэбэт жьауапIэмрэ Унэм хуэкIуэ Пащтыхь лъагъуэмрэ Iуихыжащ,
ащурей пащтыхьым и гуапэ ищIын щхьэкIэ.

## *Iэхьэз дунейм зэрехыжар*

19 Iэхьэз и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ
игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей пащтыхьхэм я тхыдэ
тхылъым» итщ. 20 И уахътыр къэсри, Iэхьэз и адэжьхэм я пащхьэ
ихьэжащ, Даут и Къалэм дэт и адэжьхэм я кхъэлэгъунэм щы-
щIалъхьэжащ. Абы иужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ
ХъызэкIейщ.

---

a 16:15 Е: «Гъуаплъэ къурмэнщIыпIэр мэгъу Iуэхухэм щхьэкIэ зесхьэнщ», е: «Гъуаплъэ къурмэнщIыпIэм есщIэнум и унафэр сэ сщIынщ».

b 16:17 Мы едзыгъуэм зи гугъу щищI хьэпшыпхэр Тхьэм и Унэм и пщIантIэм дэтащ, тхьэпщ хуэIухуэщIэхэми щызэрахьэу щытащ. Еплъ 3 Пащт. 7:23-39.

## ЕПЩЫКIУБЛАНЭ IЫХЬЭ

### *ИсрэIилым и иужьрей пащтыхь Уэщий*

**17** [1] Ехьудейм и пащтыхь Iэхьэз тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэ-
рэ илъэс епщыкIутIанэр екIуэкIыу, Елэхь и къуэ Уэщий
ИсрэIилым и пащтыхь хъуащ. Ар илъэсибгъукIэ унафэ зэрихьэу
Щэмэрей дэсащ. [2] Уэщий ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр
илэжьу къекIуэкIащ, ауэ езым ипэкIэ тетыгъуэр ИсрэIилым щызе-
зыхьа пащтыхьхэм хуэдэу, гуэныхьщIэным и гур етауэ щытакъым.
[3] Ащурей пащтыхь Щэлмэнщэр[a] Уэщий зауэ ирищIылIащ. Ар
абы и бжьым щIэхуащ, хьэкъулэри ирит хъуащ. [4] Ауэ ащурей па-
щтыхьым гу лъитащ Уэщий къызэрепцIыжам – абы Мысырым и
фирхьэун Щэу[b] деж лIыкIуэхэр игъакIуэрт, илъэс къэс иритын хуей
хьэкъулэри иримыгъашэу зэпигъэуат. Аращ Щэлмэнщэр Уэщий
иубыду лъэхъуэщым щIридзар.

### *Гуэныхьхэм я ягъэкIэ ИсрэIилыр гъэр зэращIар*

[5] Ащурей пащтыхьым зэры-ИсрэIилу иубыдащ, Щэмэрей къа-
лэм екIуалIэри къитIысыхьащ, илъэсищкIи апхуэдэу иIыгъащ. [6] Уэ-
щий тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс ебгъуанэр екIуэкIыу, ащурей
пащтыхьым[c] Щэмэрей къищтащ, исрэIилхэри гъэр зэтрищIэри
Ащурей хэкум ишащ. Ащурей пащтыхьым ахэр Хьэлэхъу щIыпIэм
деж щигъэтIысащ, Хьэбур псыежэхым и Iуфэм Iус Гъуэзан къалэм
дигъэтIысхьащ, Мыд хэкум ит къалэхэри псэупIэ яхуищIащ.
[7] Мы псор къызыхэкIар исрэIилхэм ТХЬЭМ, фирхьэуным къы-
IэщIэзыхыжу Мысырым къизышыжа я Тхьэм, и пащхьэ гуэныхьхэр

---

*a* **17:3** Щэлмэнщэр Етхуанэр Тыкъулътыпэлъщэр Ещанэм и къуэщ, абы и пIэ иувари аращ. Щэлмэнщэр Етхуанэм ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 727 гъэм щегъэжьауэ 722 гъэм нэс Ащурей хэкум пащтыхьыгъуэр щызэрихьащ.

*b* **17:4** Зи гугъу ищI фирхьэуныр хэтми нахуэ дыдэу щыткъым. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, ар Ащэркъан ЕплIанэрщ. НэгъуэщI еплъыкIэ щыIэм ипкъ иткIэ, Щэу жыхуаIэр фирхьэун ТIэхунахътэ и уардэ унэр зыдэта ЩэIищ къалэрщ.

*c* **17:6** Ащурей тхыгъэжьхэм къазэрыхэщымкIэ, Щэмэрей къалэр къэзыщтар Щэлмэнщэр и пIэ иува Щэргуанэ ЕтIуанэрщ.

щалэжьу зэрыхъуарщ. Абыхэм хамэтхьэхэм щхьэщэ хуащIырт,
[8] ТХЬЭМ ябгъэдихуа лъэпкъхэм зэрахьэ хабзэхэм тетт, ИсрэIилыр
гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха пащтыхьхэм я гъуэгуми текIыртэ-
къым. [9] ИсрэIилхэм ТХЬЭМ, я Тхьэм, хуэмыфащэ бзаджагъэхэр
щэхуу ялэжьырт. Дэнэ къали, я нэхъ цIыкIум къыщегъэжьауэ
нэхъ иным деж щыщIэкIыжу, абыхэм тхьэлъэIупIэхэр щащIырт.
[10] Апхуэдэу, абыхэм мывэскъархэмрэ Ашэрэхь и пкъохэмрэ Iуа-
щхьэшхуэ къэс трагъэувэрт, жыг къудамэбэ къэси щIагъэувэрт.
[11] ТХЬЭМ абыхэм ябгъэдихуа лъэпкъхэм зэрахабзэу, тхьэлъэIупIэ-
хэм мэ дахэ къызыпих мыстхъэхэр щагъэсырт. ТХЬЭМ и губжьыр
къызэщIагъаплъэу исрэIилхэм Абы хуэмыфащэ бзаджагъэхэр
апхуэдэу ялэжьырт. [12] ИсрэIилхэм скъархэм щхьэщэ хуащIырт,
ТХЬЭМ апхуэдэу фымыщIэ жиIарэ пэт.

[13] ТХЬЭМ бегъымбархэмрэ усэрэжхэмрэ псоми яIурилъхьа
псалъэхэмкIэ ИсрэIилымрэ Ехьудеймрэ шынагъуэм щихъумэну
хэтт: «Фызытет гъуэгу пхэнжым фыкъытекI! Хабзэм къыщы-
кIуа си унафэхэмрэ щIапхъэхэмрэ фытемыкIыу фытет. Ахэращ фи
адэжьхэм ягъэзэщIэну яхуэзгъэувар, ахэращ фэри си жыIэщIэу
бегъымбархэмкIэ къыфхуэзгъэкIуар».

[14] АрщхьэкIэ ахэр дэIуакъым, ТХЬЭР, я Тхьэр, зи фIэщ мыхъуу
щыта я адэжьхэм хуэдэуи ерыщт. [15] Тхьэм игъэнэхуа щIапхъэ-
хэм исрэIилхэм я щIыб хуагъэзащ, я адэжьхэм Абы къариухылIа
Iуагъэм епцIыжащ, хуэсакъыну къызыхуриджа Iуэхугъуэхэри
зыщагъэгъупщащ. ИсрэIилхэр тхьэнэпцI купщIэншэхэм яужь
иувэри, езыхэри купщIэнэф хъуащ. ИсрэIилхэр я хъуреягъкIэ щыс
гъунэгъу лъэпкъхэм ядэплъей хъуащ, абыхэм щапхъэ трамыхыну
ТХЬЭМ унафэ яхуищIа пэтми.

[16] ИсрэIилхэм ТХЬЭМ и унафэхэм я щIыб хуагъазэри, танэ
теплъэ зиIэ скъаритI дыщэм къыхагъэжыкIащ, Ашэрэхь и пкъор
ягъэуващ. Абыхэм уафэ къэгъэщIыгъэхэм[a] зыхуагъэщхъырт,
БэIэли щхьэщэ хуащIырт. [17] Я къуэхэмрэ япхъухэмрэ мафIэкIэ

[a] **17:16** Дыгъэм, мазэм, вагъуэхэм щхьэщэ хуэщIыныр КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэу лъэпкъхэм я деж убгъуауэ къыщекIуэкIыу щытащ.

къурмэн ящӀырт, удыгъэ зэрахьэрт, Ӏэзэхэр ягъаплъэрт. ТХЬЭМ и губжьыр къызэщӀагъаплъэу хуэмыфащэ бзаджагъэхэм исрэӀилхэм зратат.
[18] ТХЬЭР ИсрэӀилым хуабжьу щӀэгубжьэри зыбгъэдихуащ. Къигъэнар Ехьуд и лӀакъуэм и закъуэщ. [19] Ауэ Ехьудей дыдэми ТХЬЭМ, и Тхьэм, и унафэхэр игъэзащӀэртэкъым, ари ИсрэӀилым къищта хабзэхэм тетт. [20] Аращ ТХЬЭМ ИсрэӀил и щӀэблэр псори ӀэщӀыб щӀищӀар, тезыр щӀатрилъхьар, хъунщӀакӀуэхэм я ӀэмыщӀэ щӀрилъхьар. ИкӀэм-икӀэжым, ТХЬЭМ ахэр зыбгъэдихуащ.
[21] ТХЬЭМ ИсрэӀилыр Даут и щӀэблэм щыӀэщӀихым, исрэӀилхэм НэбатӀ и къуэ Йорэбэхьэм пащтыхь тахътэм драгъэкӀуеят. Йорэбэхьэм ИсрэӀилыр ТХЬЭМ и гъуэгум тришри, гуэныхьышхуэм хишат. [22] ИсрэӀилхэр Йорэбэхьэм зэрыкӀуа гъуэгу пхэнжым текӀакъым, пэӀэщӀи зыхуащӀакъым. [23] Апхуэдэу екӀуэкӀащ ТХЬЭМ ахэр, и жыӀэщӀэ бегъымбархэм къазэрыхуригъэӀуэхуам тету, зыбгъэдихухункӀэ. Апхуэдэ щӀыкӀэкӀэ исрэӀилхэм я щӀыгур ирагъэбгынащ, Ащурей хэкум гъэру яхуауэ нобэр къыздэсым щыӀэщ.

## *Щэмэрей хэкум хамэ лъэпкъхэр къызэритӀысхьар*

[24] Ащурей пащтыхьым Бабылей, Къутэ, Абэ, ХьэматӀ, Сэфарэуим дэсхэр къыдишри, исрэӀилхэр зыдигъэӀэпхъукӀа щэмэрей къалэхэм дигъэтӀысхьащ. Абыхэм Щэмэрей хэкур яубыдащ, и къалэхэри псэупӀэ ящӀащ. [25] Ахэр Щэмэрей къыщыӀэпхъуагъащӀэм ТХЬЭМ шынагъэ зыри хуаӀэу щытакъым. Арат ТХЬЭМ абыхэм аслъэнхэр къаригъэуэсауэ щӀызэтригъалӀэр. [26] «Щэмэрей къалэхэм бгъэӀэпхъуэу дэбгъэтӀысхьа цӀыхухэм а хэкум и Тхьэм къапиубыдыр ящӀэркъым. Абы и ухыгъэкӀэ аслъэнхэр къатебанэурэ цӀыхухэр ялӀ. А хэкум и Тхьэм цӀыхухэм къапиубыдыр зэрамыщӀэращ ар къызыхэкӀыр», – жраӀащ ащурей пащтыхьым Ӏуэхур зытетыр.
[27] Апхуэдэу щыхъум: «Щэмэрей гъэр щытщӀу къидгъэӀэпыхъукӀа тхьэпщхэм ящыщ зы вгъакӀуэ абы, – ищӀащ ащурей пащтыхьым унафэ. – Щрепсэу ар абдеж, а хэкум и Тхьэм цӀыхухэм

къапиубыд хабзэхэми щрегъэгъуазэ». 28 Арати, Щэмэрей гъэру
къраша тхьэпщхэм ящыщ зы БэтIэл кIуащ, ТХЬЭМ шынагъэ хуи-
Iэным къикIыр а щIыналъэм щыпсэухэм яригъэщIэну.

29 Апхуэдэу щыт пэтми, лъэпкъ къэс езым и тхьэхэм я мывэ-
скъархэр щыпсэу къалэхэм щигъэувырт, щэмэрейхэм яухуауэ щы-
та тхьэлъэIупIэ унэхэм ихьурэ щIигъэувэрт. 30 Бабылей къикIахэр
СэкъуэтбэнатIэ хуэпщылIырт, Къутэ щыщхэм – Нэрджэл, ХьэматI
къыдэкIахэм – Ашым щхьэщэ хуащIырт. 31 Абэ къалэ щыщхэм
Ныухьэзрэ Тартакърэ я мывэскъархэр ящIат, Сэфарэуим къыдэ-
кIахэм я тхьэхэм – Адрэмэлэчрэ Анэмэлэчрэ – я сабийхэр мафIэкIэ
къурмэн хуащIырт. 32 Апхуэдэ дыдэу абыхэм ТХЬЭМИ щхьэщэ
хуащIырт, езыхэм къахэкIа я лъэпкъэгъухэр тхьэпщ ящIырти,
тхьэлъэIупIэ унэхэм къурмэн щащIыну щIагъэувэрт. 33 Абыхэм
ТХЬЭМ щхьэщэ хуащIырт, ауэ къыздикIа щIыпIэхэм щыпсэу
лъэпкъхэм я хабзэхэм тету я тхьэхэми хуэпщылIырт. 34 Нобэр къы-
здэсым а лъэпкъхэм япэрей хабзэхэр зэрахьэ. Абыхэм ТХЬЭМ
и шынагъэр нэсу зыхащIэркъым, ИсрэIил зыфIища Екъуб и щIэ-
блэм щIапхъэрэ дауэдапщэу къахуигъэнэхуахэри хабзэрэ унафэу
къахуигъэкIуахэри ягъэзащIэркъым.

35 ТХЬЭМ исрэIилхэм Iуагъэ щадищIым, яхуищIа унафэр
мыращ: «ФымыгъэлъапIэ нэгъуэщIытхьэхэр, щхьэщэ яхуэ-
вмыщI абыхэм, фахуэмыпщылI, къурмэни яхуэвмыщI. 36 Мы-
сырым зи лъэкIыныгъэшхуэрэ зи зэфIэкIкIэ фыкъизышыжар
ТХЬЭРАЩ – Аращ вгъэлъэпIэн хуейр. Абы щхьэщэ хуэфщI,
Абы къурмэн хуэфщI. 37 Сыт щыгъуи вгъэзащIэ Абы тхыгъэкIэ
щIапхъэрэ дауэдапщэу къыфхуигъэнэхуахэр, хабзэрэ уна-
фэу къыфхуигъэкIуахэр. ФымыгъэлъапIэ нэгъуэщIытхьэхэр.
38 ВдэсщIа Iуагъэр зыщывмыгъэгъупщэ, фымыгъэлъапIэ
нэгъуэщIытхьэхэр. 39 ТХЬЭР, фи Тхьэр, флъытэ, Аращ фи бий-
хэм факъыIэщIэзыхыжынур».

40 АрщхьэкIэ ахэр дэIуакъым, япэрей хабзэхэри ябгынакъым.
41 ТХЬЭР ягъэлъапIэ пэтми, ахэр тхьэнэпцIхэм я мывэскъархэ-
ми хуэпщылIырт. Нобэр къыздэсым абыхэм я бынхэми, абыхэм я
лъхужхэми аращ ящIэр, я адэжьхэм я хабзэхэр IэщIыб ящIыркъым.

## ЕПЩЫКIУЯНЭ IЫХЬЭ

### *Ехьудейм и пащтыхь ХъызэкIей*

18 [1] ИсрэIилым и пащтыхь Елэхь и къуэ Уэщий тетыгъуэр
зэрыIэщIыхьэрэ илъэс ещанэр екIуэкIыу, Iэхьэз и къуэ
ХъызэкIей Ехьудейм и пащтыхь хъуащ. [2] Ар пащтыхь щыхъуам
и ныбжьыр илъэс тIощIрэ тхурэ хъууэ арат, илъэс тIощIрэ бгъукIи
унафэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. И анэм и цIэр Абийт, ар Зэчрей
ипхъут. [3] И адэжь Даути хуэдэу, ХъызэкIей ТХЬЭМ хуэмыфащэ
илэжьакъым. [4] Абы тхьэлъэIупIэхэр ирихыжащ, мывэскъархэр
зэхигъэщэщащ, Ашэрэхь и пкъохэр къриупщIыкIащ. Мусэ ищIауэ
щыта гъуаплъэ блэри[a] цIыкIу-цIыкIуу зэхиупщIэтащ абы. Иджыри
къэсыхукIэ НэхущтэнкIэ[b] зэджэ а блэм и пащхьэ исрэIилхэм мыс-
тхъэхэр щагъэсу къекIуэкIащ.

[5] ХъызэкIей ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, щыгугъырт. Ипэ-
кIи иужькIи щыIа ехьудей пащтыхьхэм абы хуэдэ яхэтакъым. [6] Ар
ТХЬЭМ гукIи псэкIи етат, и гъуэгуми текI имыIэуирикIуэрт,
ТХЬЭМ Мусэ кърита унафэхэр псори игъэзащIэрт. [7] ТХЬЭ-
РИ щIыгъут абы: сыт хуэдэ Iуэху иужь имыхьэми, къехъулIэрт.
ХъызэкIей ащурей пащтыхьым зыкъыпиIэтри, и унафэм къы-
щIэкIащ. [8] ХъызэкIей фылистейхэр• зэтриукIащ. Джазэрэ абы и
Iэгъуэблагъэхэмрэ нэсри, къалэ цIыкIухэм къыщегъэжьауэ нэхъ
ин дыдэхэм деж щыщIэкIыжу зыIэщIиубыдащ.

### *Ащурейхэм Щэмэрей хэкур зэраубыдар*

[9] ХъызэкIей тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс еплIанэр екIуэ-
кIыу, ИсрэIилым и пащтыхь Елэхь и къуэ Уэщий тахътэм зэры-
дэкIуейрэ илъэс ебланэм хыхьауэ, ащурей пащтыхь Щэлмэнщэр
Щэмэрей къалэм екIуалIэри къитIысыхьащ. [10] ИлъэсищкIэ
апхуэдэу яIыгъа нэужь, ХъызэкIей тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ
илъэс еханэр екIуэкIыу, ИсрэIилым и пащтыхь Уэщий тахътэм

a 18:4 Еплъ Бжыгъэхэр 21:4-9.
b 18:4 Мы фIэщыгъэм и IукIэр «гъуаплъэ», «блэ» мыхьэнэхэр зиIэ пасэрей журт псалъэхэм ещхьыфэщ.

зэрыдэкIуейрэ илъэс ебгъуанэм хыхьауэ, ащурейхэм къалэр къа-
щтащ. [11] Ащурей пащтыхьым исрэIилхэр гъэр ищIри, Ащурей
хэкум ихуащ. Ахэр абы Хьэлэхъу щIыпIэм деж щигъэтIысащ,
Хьэбур псыежэхым и Iуфэм Iус Гъуэзан къалэм дигъэтIысхьащ,
Мыд хэкум ит къалэхэри псэупIэ яхуищIащ. [12] Мы псор къызы-
хэкIар ахэр ТХЬЭМ, я Тхьэм, зэремыдэIуарщ, Iуагъэ ядищIам
зэребэкъуарщ – ТХЬЭМ и жыIэщIэ Мусэ къахуищIа унафэ-
хэр зэрамыгъэзэщIарщ. Ахэр икIи дэIуакъым, икIи а унафэхэри
ягъэзэщIакъым.

### *Санхьэриб Ерусэлим зэригъэшынар*

[13] ХъызэкIей тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс епщыкIуплIанэр
екIуэкIыу, Ащурейм и пащтыхь Санхьэриб[a] Ехьудейм и быдапIэхэм
ятеуэри къищтащ. [14] Ехьудейм и пащтыхь ХъызэкIей ащурей па-
щтыхьым деж лIыкIуэ Лахъыш къалэ игъэкIуащ: «Сыкъуэншащ! –
жиIэрт абы. – СкIэрыкIыжи, къыстеплъхьэр уэстынщ». Ащурей
пащтыхьым Ехьудейм и пащтыхь ХъызэкIей хьэкъулэ къытри-
лъхьэри, дыжьын тIэлат щищрэ дыщэ тIэлат щэщIрэ[b] иритын
хуейуэ игъэуващ. [15] ХъызэкIей ТХЬЭМ и Унэми пащтыхь сэрейм
и хъугъуэфIыгъуэщми дыжьыну илъыр зэрыщыту кърихри абы
иритащ. [16] Абы щыгъуэщ Ехьудейм и пащтыхь ХъызэкIей ТХЬЭМ
и Унэм хэлъ бжэхэмрэ бжэблыпкъхэмрэ ятеIулIа дыщэр къатри-
тхъыжу ащурей пащтыхьым щритар.

[17] Ауэ, абы щхьэкIэ къимыгъанэу, ащурей пащтыхьым
Лахъыш кърригъэкIри и дзэпщыр, и блыгущIэтхэм я пашэр, и
чэнджэщэгъу нэхъыщхьэр, дзэшхуэ я гъусэу, пащтыхь ХъызэкIей
деж Ерусэлим къигъэкIуащ. Ахэр Ерусэлим екIуалIэри, Ищхьэ
псыIыгъыпIэм къыхэкI псы жапIэм, ЖьыщIакIуэхэм я губгъуэм
хуэкIуэ гъуэгум деж, къыщыувыIащ. [18] Абыхэм пащтыхьыр къы-
щраджэм, Хьэлкъей и къуэ Елэчым, ЩэбнаI, Ащэф и къуэ Йэхъу

---

a **18:13** Санхьэриб Щэргуанэ ЕтIуанэм и къуэщ, абы и пIэ иувари аращ. Санхьэ-
риб ди лъэхъэнэм къихьэным ипэ 705 гъэм щегъэжьауэ 681 гъэм нэс Ащурей
хэкум пащтыхьыгъуэр щызэрихьащ.

b **18:14** Дыжьын тоннипщIрэ дыщэ тоннрэ нэблагъэ хъунущ.

сымэ къыдэкIащ. Елэчым сэрейтетт, ЩэбнаI тхакIуэт, Йэхъу
тхыдэтхыжт.
[19] Санхьэриб и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэр къэпсалъэри жиIащ:

«Пащтыхьышхуэм, Ащурейм и пащтыхьым, къыбжи-
Iэр мыращ жыфIи, ХъызэкIей деж мы псалъэхэр нэвгъэс:
„Сыт апхуэдизу укъызыкъуэгушхукIыр? [20] Зыри къызэры-
мыкI псалъэхэм зэуапIэм текIуэныгъэ къыщыуагъэхьыну
къыпфIэщIу ара е нэхъ лъэщ уащIыну къыпщыхъуу ара?
Сэ зыкъыщыспэпIэтым, хэт узыщыгугъар? [21] Псылъэдзэху
башым хуэдэу зэфIэщIыкIа Мысырым ущогугъ, ауэ абы хэт
зытримыгъащIэми, и Iэм пхыкIыу къыхэуэнущ! Мысырым и
пащтыхь фирхьэуным дежкIэ еплъэкI псоми ярищIэр аращ.
[22] 'ТХЬЭМ, ди Тхьэм, дыщогугъ' къызжефIэу щытмэ, Абы
и тхьэлъэIупIэхэмрэ къурмэнщIыпIэхэмрэ армырауэ пIэрэ
ХъызэкIей зэхикъутар, Ерусэлим дэт къурмэнщIыпIэм деж
фIэкIа ехьудейхэмрэ ерусэлимдэсхэмрэ нэгъуэщIыпIэ щхьэщэ
щыфщI мыхъуну жиIэу?[a]
[23] Аращи, Ащурейм и пащтыхь си зиусхьэным
угурыIуэм нэхъыфIщ! Сэ шы минитI уэстыфынщ, ауэ абы-
хэм шэсын бгъуэтыну уэ? [24] Си зиусхьэным и жыIэщIэ-
хэм ящыщ зым упэлъэщыну уэ, ар дзэзешэ нэхъ къаруу-
ншэ дыдэрауэ ирехъуи? Мысырым и хьэкуэстыгухэмрэ
шухэмрэ узыщыгугъыр? [25] Мы щIыпIэм лъапсэкIуэдыр
къыхуэзгъэкIуэну сыкъызэрыкIуар ТХЬЭМ и Iэмыркъэ?
Мы хэгъэгум сыкъихьэу лъапсэкIуэдыр къыхуэзгъэкIуэну
къызжезыIар езы ТХЬЭРАЩ“».

[26] Арати, Хьэлкъей и къуэ Елэчым, ЩэбнаI, Йэхъу сы-
мэ чэнджэщэгъу нэхъыщхьэм елъэIуащ: «КхъыIэ, арэмеибзэр[b]

---

*a* **18:22** Тэурэт Хабзэм Ерусэлим фIэкIа нэгъуэщIыпIэ Тхьэм къурмэн щыхуэпщIу зэримыдэм ащурей пащтыхьым хищIыкIыу къыщIэкIынутэкъым. Еплъ Хабзэ 12:11-14.

*b* **18:26** Арэмеибзэр а лъэхъэнэм хамэ къэрал Iуэхухэр зэрызэфIах бзэуэ щытащ.

къыдгуроIуэри, абыкIэ къыдэпсалъэ. ЦIыхуцIэ зиIэр мывэхъунэм тету
къодаIуэ, абыхэм зэхахыу журтыбзэкIэ укъыдэмыпсалъэ», – жаIэри.
27 АрщхьэкIэ чэнджэщэгъу нэхъыщхьэр абыхэм къахуилъащ:
«Си зиусхьэным сыкъызыхуиIуэхуар фи зиусхьэнымрэ фэрэ
фи закъуэкъым. Абы и псалъэхэр мо мывэхъунэм тетхэми, фэр
хуэдэу зи бзаджэр зышхыжу зи гъутхьэпсыр изыфыжынухэм,
яхуэгъэзащ».
28 Чэнджэщэгъу нэхъыщхьэм и макъым зригъэIэтри, журтыбзэ-
кIэ ину жиIащ:

«Фыкъуэдауэ пащтыхьышхуэм, Ащурейм и пащтыхьым, и
псалъэм! 29 Мыращ пащтыхьым къывжиIэр: Зевмыгъэгъапц Iэ
Хъызэк Iей! Абы фысщихъумэфынукъым. 30 „ТХЬЭМ фIэ-
кIыпIэ имыIэу дыкъихъумэнущ, мы къалэр ащурей пащтыхьэм
и IэмыщIэ ирилъхьэнукъым“ жиIэу Хъызэк Iей ТХЬЭМ фи
гугъапIэр ирипхыну Iэмал евмыт. 31 ФемыдаIуэ Хъызэк Iей!
Ащурей пащтыхьым мыращ къывжиIэр: Зыкъэфтрэ фы-
къыдэкIмэ, хэти и жызумеймрэ ахъуэ* жыгхэмрэ къапыкIэр
ишхыжынущ, и псы хъумапIэм кърих псыми ефэжынущ.
32 ИтIанэ сыкъэкIуэнурэ мы фи щIыгум хуэдэ щIыналъэ,
гъавэмрэ санэмрэ щыпэрыхьэт, щIакхъуэмрэ жызумщIы-
пIэхэмрэ щыхъуей, зейтун жыгхэмрэ фомрэ щыкуэд щIыпIэ
фысшэнущ. Абдеж фыщыпсэунущ, фыщылIэнукъым! Фемы-
даIуэ Хъызэк Iей! „ТХЬЭМ дыкъихъумэнущ“ жиIэурэ абы
фегъэщхьэрыуэ. 33 НэгъуэщI лъэпкъхэм я щIыгухэр я тхьэхэм
ащурей пащтыхьым щахъумэфа? 34 Дэнэ щыIэ ХьэматIрэ Ар-
падрэ я тхьэхэр? Сэфарэуим, Хьэнэ I, Абэ къалэхэм я тхьэхэр
дэнэ щыIэ? Абыхэм ящыщ гуэрым сщихъумэфа Щэмэрейр?
35 Мы щIыналъэхэм я тхьэхэм ящыщу дэтхэнэра я щIыгур
сщызыхъумар? Дауэ ТХЬЭМ Ерусэлим къызимыгъащтэу
зэрысщихъумэнур?»

36 Ауэ цIыхухэр щымт, зы псалъи абы падзыжакъым. Пащты-
хьым абыхэм унафэ къахуищIат жэуап ирамытыну.

[37] Сэрейтет Елэчым, тхакIуэ ЩэбнаI, тхыдэтхыж Йэхъу сымэ
гуIэгъуэм зыIэщIиубыдарэ я щыгъынхэр зэхэчэтхъауэ Хъызэкlей
деж къэкIуэжащ, чэнджэщэгъу нэхъыщхьэм къажриIахэри хуа-
Iуэтэжащ.

## ЕПЩЫКIУБГЪУАНЭ IЫХЬЭ

### *Ерусэлим къызэрызэтенэнум теухуауэ Ещай бегъымбарым жиIар*

19 [1] Ар Хъызэкlей щызэхихым, и щыгъынхэр зэхичатхъэщ,
щыгъын къурэхэр зыщитIагъэри ТХЬЭМ и Унэм кIуащ.
[2] Хъызэкlей сэрейтет Елэчыми, тхакIуэ ЩэбнаIи, тхьэпщ
нэхъыжьхэри щыгъын къурэхэр ящыгъыу Амэз и къуэ Ещай
бегъымбарым деж игъэкIуащ. [3] «Мыращ Хъызэкlей къыбжи-
Iэр: „Нобэ ди гуIэгъуэщ, тезырымрэ емыкIумрэ я махуэщ; зи
къэхъугъуэ сабийр дунейм къызэрытригъэхьэн къару зимыIэж
бзылъхугъэм дыхуэдэщ. [4] ТХЬЭМ, уи Тхьэм, чэнджэщэгъу
нэхъыщхьэм жиIахэр зэхихыну, ар къэзыгъэкIуа и зиусхьэну
ащурей пащтыхьым Тхьэ Закъуэм икIагъэу ирипэсахэм щхьэкIэ
хуэфащэри иригъэгъуэтыжыну сыщогугъ. МыдэкIэ, псэууэ къэ-
нахэм щхьэкIи тхьэ тхуелъэIу“», – жраIащ абыхэм бегъымбарым.
[5] Пащтыхь Хъызэкlей и блыгущIэтхэр Ещай бегъымбарым
деж кIуэри ахэр жраIащ. [6] Ещай бегъымбарми абыхэм жэуап къа-
ритыжащ: «Фи зиусхьэным жефIэж: „Мыращ ТХЬЭМ жиIэр:
Ащурей пащтыхьым и блыгущIэтхэм сагъэикIэу зэхэпха псалъэ-
хэм гухэ уримыхъу. [7] И хэку имыгъээзэжмэ мыхъуну щытыкIэ
иригъэувэу Сэ абы зы хъыбар зэхезгъэхынущ. Мис абдеж абы
джатэр трезгъэгъэбзэнущ“».

### *Санхьэриб Ехьудей хэкур зэригъэгузэвамрэ Хъызэкlей и тхьэлъэIумрэ*

[8] Чэнджэщэгъу нэхъыщхьэм ащурей пащтыхьым деж щигъээзэжым,
ар Лахъыш дэкIыжауэ, Лиунэ къалэри къытIысыхьауэ ирихьэлIэжащ.

[9] Ащурей пащтыхьым Куш пащтыхь Тэхъарыкъуэ[a] къеззэуэну
къызэрежьам и хъыбарыр зэхихащ. Зауэм дэкIын ипэ къихуэу,
абы аргуэрым ХъызэкIей деж лIыкIуэхэр игъэкIуащ. [10] Мыращ абы
Ехьудейм и пащтыхь ХъызэкIей хуиIуэхуар: «Узыщыгугъ Тхьэм
„Ерусэлим ащурей пащтыхьым IэщIыхьэнукъым“ щыжиIэм деж,
зумыгъэгъапцIэ. [11] Ащурей пащтыхьхэм адрей щIыналъэхэм зыри
къыхамынэу зэрызэрапхъуар зэхэпхакъэ-тIэ? Уэ сыт, укъелыну
ара? [12] Си адэжьхэм щIапIэщIэкIуадэр къызыхуагъэкIуа нэгъуэщI
лъэпкъхэр я тхьэхэм кърагъэлыфа? Дэнэ щыIэ Гъуэзан, Хьэран,
Арзэф къалэхэм щыпсэуахэр, Телэщар дэса Едэн и жылэр? [13] Дэнэ
щыIэ иджы ХьэматI, Арпад, Сэфарэуим, ХьэнэI, Абэ къалэхэм я
пащтыхьхэр?»

[14] ХъызэкIей лIыкIуэхэм къахьа тхьэмпэтхыгъэр къариIыхри
еджащ. Абы иужькIэ ТХЬЭМ и Унэм кIуэри, ар Абы и пащхьэ
къыщызэкIуэцIихащ. [15] «Уэ ТХЬЭ, ИсрэIилым и Тхьэ, зи тахътэр
дамабгъуэхэм• ящхьэщыт[b]! Уэ зыращ щIылъэм пащтыхьыгъуэу
тетым я Тхьэр. Уэращ уафэри щIылъэри къэзыгъэщIар. [16] Уэ
ТХЬЭ, къэдаIуи къызэхэх, уи нэр къызэтехи къаплъэ; Тхьэ Закъуэр уигъэикIэу Санхьэриб къригъэхьа псалъэхэр къызэхэх! [17] Уэ
ТХЬЭ, ипэжыпIэкIэ, ащурей пащтыхьхэм лъэпкъыбэхэр зэтраукIащ, щIыналъэхэри зэрапхъуащ, [18] абыхэм я тхьэхэм я скъархэр
мафIэм пэрадзэри ягъэсащ. Ауэ ахэр тхьэтэкъым, атIэ цIыхум
и IэщIагъэт – пхъэм къыхэупсыкIат, мывэм къыхэIущIыкIат. Аращ
ахэр абыхэм щIагъэкIуэдыфар. [19] Уэ ТХЬЭ, ди Тхьэ, сынолъэIу,
дыкъыIэщIэх ащурей пащтыхьым, щIылъэм пащтыхьыгъуэу тет
псоми, уэ ТХЬЭ, узэры-Тхьэ закъуэр кърыращIэ!»

*a* **19:9** СуданыщIым и зэхуэдитIымрэ Мысыр щIыналъэм и ипщэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ щIыгухэмрэ зыхыхьэ хэкум зэреджэу щытар Кушщ. А лъэхъэнэм Куш и пащтыхьхэр Мысырым и фирхьэунуи щытащ. Пасэрей мысыр тхыгъэжьхэм къазэрыхэщымкIэ, Тэхъарыкъуэ ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 689 гъэм щегъэжьауэ 663 гъэм нэс Кушрэ Мысырымрэ тетыгъуэр щызэрихьащ.

*b* **19:15** Тхьэм и Пхъуантэ ЛъапIэм дамэ зытет уафэгу псэущхьэхэм я теплъэр зиIэ дыщэ пкъыгъуитI тещIыхьат. ДамабгъуэкIэ зэджэ а псэущхьэхэм я дамэ зэхуакухэр Тхьэм и щIыгу тахътэу къалъытэу щытащ.

## *Санхьэриб зэрыхагъэщІэнум теухуауэ Ещай бегъымбарым жиІар*

[20] Амэз и къуэ Ещай ХъызэкІей деж иригъэІуэхуащ: «Мыращ
ТХЬЭМ, ИсрэІилым и Тхьэм, жиІэр: Ащурей пащтыхь Санхьэриб
теухуауэ укъызэрызэлъэІуар зэхэсхащ. [21] Абы ехьэлІауэ мыращ
ТХЬЭМ жиІэр:

Хъыджэбзыпӏэ ит Зиуан и пхъур
къыпщІонакӏэ, къыпщодыхьэшх,
Ерусэлим и пхъум[a]
нэмыплъ къыуиту и щхьэр уи щІыбкӏэ щегъэсыс.
[22] Хэт уэ узыщІэнэкӏар? Хэт бгъэикӏар?
Хэт уи макъым зыщІебгъэІэтар?
Хэт уи напщІэри зыхудэпшеяр?
ИсрэІилым и ЛъапІэу Лъагэращ!
[23] КъэпІуэхуа уи лӏыкӏуэхэмкӏэ
Тепщэныгъэ ЗиІэр бгъэикӏащ,
„Хьэкуэстыгубэр сщІыгъуу
бгыщхьэхэм сыдэкӏащ,
ливан къурш тхыцІэ жыжьэхэми сынэсащ.
Къурш уэздыгъей лъагэхэр изупщІыкӏащ,
шыкуртІымщэхухэм я нэхъыфІыр исхащ.
ЩІыпӏэ пхыдзахэм сынэсащ,
мэз зэхэкӏэжахэми сапхрыкӏащ.
[24] Хамэ щІыгухэм псыкъуийхэр къыщыстӏащ,
къыщыщІэзгъалъэурэ псыи сыщефащ.
Си лъэгухэмкӏэ
мысыр псыхъуэхэр псори згъэгъущащ“ жыпӏащ.

[25] Зэхэпхатэкъэ уэ
мыр ухыгъэ зэрысщӏауэ щытыгъар,

---

[a] **19:21** Пасэрей журт усыгъэм щІэх-щІэхыурэ ущрихьэлӏэ «Зиуан ипхъу хъыджэбзыпӏэ итыр», «Ерусэлим и пхъум» псэлъафэхэмкӏэ зи гугъу ящІыр Ерусэлим къалэмрэ абы щыпсэухэмрэщ.

куэд дыдэ лъандэрэ сызэригуращэр?
Згъэзэщ҆Iащ иджы ар:
быдапIэхэр зэхозгъэкъутащ,
мывэ Iуащхьэуи зэтозгъэгъэщэщащ.
26 Абыхэм щыпсэу цIыхухэм я лъэр щIэхуащ,
шынэм иIыгъщ, щхьэкIуэм ешх.
Губгъуэм ит удзым хуэдэщ ахэр,
удз щхъуантIэ къыхэкIагъащIэм ещхьщ,
унащхьэм къытекIа удзым хуэдэщ ахэр,
къэмыкI щIыкIэ дыгъэм ижьэж фIэкIа пщIэнкъым.
27 Ауэ ущытIысри ущытэджри сощIэ,
ущыщIэкIми ущыщIыхьэми сыщыгъуазэщ,
уи гур къызэрысхуэплъри солъагъу.
28 Апхуэдэу укъызэрыспэщIэтым щхьэкIэ,
зи хъыбар зэхэсх уи пагагъэм щхьэкIэ,
уи пэгъуанэм си хъурджанэр* исщIэнущ[a],
уи жьэми си шхуэIур пщIэхэслъхьэнущ,
укъызэрыкIуа гъуэгум утету уэзгъэгъэзэжынущ,
укъыздикIам узгъэкIуэжынущ.

29 Мыр нэщэнэ пхуэхъунущ, ХъызэкIей: мы гъэм фшхынур
езыр-езырурэ къэкIыр щ, етIанэгъэ шхыныгъуэ фхуэхъунур щIым
къыхэкIыкIыжырщ, ауэ ещанэгъэ хэфси къэфхыж, жызумейхэр
вгъэтIыси, къапыкIэр фшхы.
30 Ехьуд и лъэпкъым щыщу псэууэ къанэм къуэпсхэр ядзыжынущ,
я щхьэкIэми пыкIэ къищIынущ. 31 Къэна тIэкIур Ерусэлим къыдэкIы-
жынущ, къела мащIэр Зиуан Iуащхьэ къехыжынущ. ТХЬЭУЭ зи
Лъэщагъым ЩIэ ЩIэмытым и фIылъагъуныгъэ лъэщым ар ищIэнущ.

32 Аращ ТХЬЭМ ащурей пащтыхьым теухуауэ мыр щIыжиIэр:

---

a 19:28 Аращ ащурейхэм гъэрхэм иращIэу щытари: я пэгъуанэм е я нэкIущхьэм гъущI хъурджанэхэр иращIэрти, кIапсэкIэ зэпхауэ гъэрыпIэм яхурт.

Къыдыхьэнукъым ар мы къалэм,
и шабзэшэхэри къэсынукъым мыбы,
мэIур иIыгъыу къекIуэлIэнукъым мы щIыпIэм,
ихъуреягъкIэ щызэтритхъуэнукъым къуэтIыхьхэр.
33 Къызэрыкlуа гъуэгум тету игъэзэжынущ,
къыдыхьэнукъым ар мы къалэм –
Сэ сы-ТХЬЭЩ, быдэу ар жызоIэ.
34 Си хьэтыркIи си жыIэщIэ Даут и хьэтыркIи мы къалэм сыкъы-
щыжынущ икIи къезгъэлынущ».

### *Ащуреидзэр зэрыхагъэщIар*

35 А жэщ дыдэм ТХЬЭМ и МелыIычыр ащуреидзэр здитIы-
сыкIа щIыпIэм кIуэри, цIыху минищэрэ тIощIиплIрэ тхум я псэр
игъэнащ. КъыкIэлъыкIуэ пщэдджыжьым цIыхухэр къызэщIэта-
джэри, адэкIэ-мыдэкIэ щылъ хьэдэхэр къалъэгъуащ. 36 Ащурейм и
пащтыхь Санхьэриб щыIукIыжар абы иужькIэщ. Ащурей пащты-
хьым Нинуй игъэзэжри, абы щыпсэуащ.
37 Зэгуэрым, ар и тхьэ Нысрэхъу и унэм щхьэщэ ищIу здыщIэ-
тым, и къуэхэр – Адрэмэлэхъурэ Сэрэзаррэ – абы джатэкIэ еуэри
яукIащ, езыхэр Арэрэт хэгъэгум щтапIэ ихьэжащ. Абы иужькIэ
пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ Ащэрхъэданщ.

## ЕТIОЩIАНЭ IЫХЬЭ

### *ХъызэкIей зэрысымэджамрэ зэрыхъужамрэ*

20 1 А лъэхъэнэм ХъызэкIей зыгъэлIэну узыр къеуэлIауэ сы-
маджэт. Амэз и къуэ Ещай бегъымбарыр абы деж кIуэри:
«Мыращ ТХЬЭМ жиIэр: „Уэ ухъужынукъым, куэд къыпхуэнэжа-
къым, уи унагъуэм уэсят яхуэщIыж“», – жриIащ.
2 ХъызэкIей блынджабэмкIэ зигъазэри ТХЬЭМ елъэIуащ: 3 «Уэ
ТХЬЭ, сызэрыпхуэпэжар, гурэ псэкIэ сызэрыббгъэдэтар, пхуэ-
мыфащэ зэрызмылэжьар уигу къэбгъэкIыжыну сынолъэIу!» Ар
жиIэри ХъызэкIей гуащIэу къэгъащ.

[4] Ещай бегъымбарыр ику ит пщӀантӀэм дэкӀыжатэкъым
ТХЬЭМ и псалъэр къыщылъэӀэсам: [5] «Гъэзэжи си лъэпкъым
и гъуазэ ХъызэкӀей жеӀэ: „Мыращ ТХЬЭМ, уи адэжь Даут и
Тхьэм, жиӀэр: Зэхэсхащ уи тхьэлъэӀур, уи нэпсри слъэгъуащ.
УкъызэфӀэзгъэувэжынущ. Ещанэ махуэми ТХЬЭМ и Унэм укӀуэнущ.
[6] Уи гъащӀэм иджыри илъэс пщыкӀутху къыщӀызгъунущ. Уэри
мы къалэри ащурей пащтыхьым фыщысхъумэнущ. Си хьэтыркӀи си
жыӀэщӀэ Даут и хьэтыркӀи мы къалэм сыкъыщыжынущ“ жыӀи».
[7] «Ахъуэм къыхэщӀыкӀа хущхъуэщыхуэр пащтыхьым къыхуэфхь»,
– жиӀащ Ещай бегъымбарым. ЖыхуиӀар къахьщ,
гуэрэфым щахуэри, пащтыхьыр нэхъыфӀ хъууэ хуежьащ.
[8] «ТХЬЭМ сыкъызэрызэфӀигъэувэжынуми ещанэ махуэм
и Унэм сызэрыкӀуэнуми я нэщэнэу сыт сыбгъэлъагъунур?» –
еупщӀащ ХъызэкӀей Ещай.
[9] «ТХЬЭМ жиӀар зэригъэзэщӀэжынум мыр и нэщэнэщ, – жиӀащ
Ещай. – ЖыӀэ, дэра къыхэпхыр: ныбжьыр дэкӀуеипӀипщӀкӀэ нэхъ
лъахъшэу ехынра е абы дэкӀуеипӀипщӀкӀэ нэхъ лъагэу зиӀэтынра?[a]»
[10] «Ныбжьыр дэкӀуеипӀипщӀкӀэ нэхъ лъахъшэу ехыным зыри
хэлъкъым, – жиӀащ ХъызэкӀей. – Ауэ кърегъэзэжи дэкӀуеипӀипщӀкӀэ
нэхъ лъагэу зреӀэт».
[11] Ещай бегъымбарыр ТХЬЭ елъэӀури, Ӏэхьэз и дэкӀуеипӀэм
лъахъшэу къеха ныбжьыр зэщӀэкӀуэжри, дэкӀуеипӀипщӀкӀэ нэхъ
лъагэу зиӀэтыжащ.

### *ХъызэкӀей ӀэщӀэщӀа щыуагъэр*

[12] А лъэхъэнэм бабылей пащтыхь Бэлэдан и къуэ Мэрдэкъубэлэдан[b]
ХъызэкӀей зэрысымаджэр зэхихри, тхьэмпэтхыгъэхэмрэ
тыгъэхэмрэ хуигъэхьащ. [13] ХъызэкӀей лӀыкӀуэхэр иригъэблэгъащ, и
хъумапӀэхэм дыжьынуи, дыщэуи, мэ дахэ къызыпих удзыуи, дагъэ

---

[a] **20:9** Дыгъэ сыхьэтхэм ещхьу, мы дэкӀуеипӀэхэмкӀэ далэр здынэсар къащӀэу щытагъэнущ.

[b] **20:12** Мэрдэкъубэлэдан ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 721 гъэм щегъэжьауэ 710 гъэм нэс Бабылейм пащтыхьыгъуэр щызэрихьащ. Абы иужькӀи тахътэр 703 гъэм иубыдащ. Мы Ӏыхьэм зи гугъу щищӀ Ӏуэхугъуэхэр 18-нэ, 19-нэ Ӏыхьэхэм къыщекӀуэкӀхэм ипэкӀэ къэхъуащ.

лъапІэуи ярылъыр, и Іэщэ гъэтІылъыпІэр, и хъугъуэфІыгъуэщхэм щихъумэ псори яригъэлъэгъуащ. Пащтыхь сэрейм дэлъи пащтыхьыгъуэм илъи яримыгъэлъэгъуа зыри къэнакъым.
14 Ещай бегъымбарыр пащтыхьым деж кІуэри: «Сыт мы цІыхухэм къыбжаІар? Дэнэ къикІыу къыпхуэкІуа ахэр?» – еупщІащ.
«ЩІыпІэ жыжьэ къикІащ, – жиІащ ХъызэкІей. – Бабылей хэгъэгум къикІащ».
15 «Сыт абыхэм уи пащтыхь сэрейм щалъэгъуар?» – щІэупщІащ бегъымбарыр.
«Си сэрейм сыт дэлъми, – жиІащ ХъызэкІей, – си хъугъуэфІыгъуэщхэм сыт ярылъми псори язгъэлъэгъуащ».
16 Абдежым Ещай ХъызэкІей жриІащ: «КъедаІуэ ТХЬЭМ и псалъэм: 17 Уи сэрейм дэлъри иджыри къэс уи адэжьхэм зэхуахьэсари зэрапхъуэу Бабылей щашэн лъэхъэнэ къэхъунущ. Зы къэмынэу! – жеІэ ТХЬЭМ. – 18 КъыпщІэхъуэну уи щІэблэм щыщ гуэрхэр гъэру ирашынурэ, бабылей пащтыхьым и сэрейм къулыкъу щрагъэщІэнущ».
19 «ТХЬЭМ и псалъэу къысхуэпхьахэр фІы защІэщ», – жриІащ абы ХъызэкІей. «Хъарзынэщ, сыпсэуху мамырыгъэр щыІэмэ, шынагъуэ къэмыхъумэ аращ», – и щхьэ хужиІэж щІыкІэу егупсысащ езыр.

### *ХъызэкІей дунейм зэрехыжар*

20 ХъызэкІей и тетыгъуэм нэгъуэщІ хъугъэщІагъэу къэхъуам, лІыгъэщІагъэу зэрихьам, псыІыгъыпІэр зэрищІам, къалэм псы къызэриша псы жапІэр зэриухуам ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ.
21 И уахътыр къэсри, ХъызэкІей и адэжьхэм я пащхьэ ихьэжащ. Абы иужькІэ пащтыхь тахътэм дэкІуеяр и къуэ Минащщ.

## ТІОЩІРЭ ЕЗАНЭ ІЫХЬЭ

### *Ехьудейм и пащтыхь Минащ*

21 1 Минащ пащтыхь щыхъуам и ныбжьыр илъэс пщыкІутІым итт, илъэс щэ никъуэрэ тхукІи унафэ зэрихьэу Ерусэлим

дэсащ. И анэм и цӀэр ХьэпцӀэбэхьт. 2 Минащ ТХЬЭМ исрэӀилхэм
ябгъэдихуа лъэпкъхэм я хабзэ гущыкӀыгъуэхэм щапхъэ ятрихыу,
Абы хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къекӀуэкӀащ. 3 Минащ и адэ
ХъызэкӀей зэхикъутауэ щыта тхьэлъэӀупӀэхэр ищӀыжат, БэӀэл и
къурмэнщӀыпӀэхэр игъэувыжат, Ашэрэхь и пкъори хитӀат – псомкӀи
исрэӀил пащтыхь Ӏэхьэб ещхьт. Абы уафэ къэгъэщӀыгъэхэм щхьэщэ
яхуищӀырт икӀи яхуэпщылӀырт.

4 Ар къэгъэнауэ, ТХЬЭМ и Унэм и пащхьэ тхьэнэпцӀ-
хэм щхьэкӀэ къурмэнщӀыпӀэхэр щигъэуват, ТХЬЭМ «Ерy-
сэлим си цӀэр щызгъэӀунущ», – жиӀарэ пэт. 5 Минащ уафэ
къэгъэщӀыгъэхэм я цӀэкӀэ къурмэнщӀыпӀэхэр ТХЬЭМ и Унэм и
пщӀантӀитӀми щигъэуват. 6 Абы и къуэр мафӀэкӀэ къурмэн ищӀа-
уэ щытыгъат; удыгъэ зэрихьэрт, Ӏэзэхэр игъаплъэрт, хьэдэхэр
къэзыгъэпсалъэхэмрэ мэгъухэмрэ пэшэгъу ищӀырт. ТХЬЭМ и
губжьыр къызэщӀигъаплъэу хуэмыфащэ бзаджагъэ куэд илэжьу
къекӀуэкӀащ.

7 Минащ Ашэрэхь и пкъор ищӀри, ТХЬЭМ и Унэм
щӀигъэуващ. ТХЬЭМ зи гугъу ищӀар а Унэрат, Даутрэ абы
и къуэ Сэлмэнрэ мыпхуэдэу щажриӀэм: «Мы Унэмрэ исрэӀил
лӀакъуэхэм яхэсӀэтыкӀа Ерусэлимрэ си цӀэр игъащӀэкӀэ щыӀу-
нущ. 8 ИсрэӀилхэм унафэу яхуэсщӀар къанэ щымыӀэу ягъэзащӀэ
къудеймэ, си жыӀэщӀэ Мусэ къеста Хабзэм тетмэ, я адэжьхэм
еста щӀыгур езгъэбгынэнукъым». 9 АрщхьэкӀэ ахэр дэӀуакъым.
Минащ ехьудейхэр игъэщхьэрыуэри, гъуэгу захуэм тришащ. Ахэр
ТХЬЭМ исрэӀилхэм ябгъэдихуу зэтриукӀа лъэпкъхэм нэхърэ
нэхъ бзаджащӀэу къыщӀэкӀащ.

10 Арати, ТХЬЭМ и псалъэр и жыӀэщӀэу бегъымбархэм цӀыху-
хэм къахуигъэхьащ: 11 «Ехьудейм и пащтыхь Минащ гущыкӀыгъуэ
куэд илэжьащ. Ар мы щӀыгум нэхъапэ щыпсэуа амэрейхэм
нэхърэ нэхъ бзаджащӀэу къыщӀэкӀащ, и скъархэмкӀэ Ехьудейр
гуэныхьщӀэнми дригъэхьэхащ. 12 Ащ ТХЬЭМ, ИсрэӀилым
и Тхьэм, мыпхуэдэу щӀыжиӀэр: Ерусэлимрэ Ехьудеймрэ Сэ зы
гузэвэгъуэ хэздзэнущи, абы и хъыбарыр зэхэзыхым гуӀэгъуэр
къыщӀэзэрыхьынущ. 13 Щэмэрей хуэзгъэфэща тезырым хуэдэ

Ерусэлим тезгъэхуэнущ, Iэхьэб и унагъуэм есщIари есщIэнущ.
Фалъэр ялъэщIу зэраIубыжым ещхьу, Ерусэлим зэщIэслъэщIэну-
рэ сIубыжынущ. 14-15 Я адэжьхэр Мысырым къыщисшыжа махуэм
щегъэжьауэ нобэр къыздэсым гуэныхьщIэным зэрыхэмыкIам, си
губжьыр къызэрызэщIагъэплъам къыхэкIыу, си лъэпкъым щыщу
псэууэ къэнам си щIыбыр хуэзгъэзэнущ, бийм и IэмыщIи islъхьэ-
нущ, и жагъуэгъухэм зэрезгъэпхъуэнущ икIи езгъэхъунщIэнущ».
16 Ехьудейр гуэныхьщIэным дригъэхьэхыу Тхьэм хуэмыфащэ
бзаджагъэхэр зэрыригъэлэжьам ищIыIужкIэ, Минащ лажьи хъати
зимыIэ цIыхухэм я лъыр уэру Ерусэлим щигъэжат.
17 Минащ и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуам,
игъэхъам, гуэныхьу къиxьам ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей па-
щтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ. 18 И уахътыр къэсри, Минащ
и адэжьхэм я пащхьэ ихьэжащ, Iузэ и жыг хадэкIэ еджэу езыр
щыпсэуа пащтыхь сэрейм хэтым щыщIалъхьэжащ. Абы иужькIэ
пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ Амунщ.

## *Ехьудейм и пащтыхь Амун*

19 Амун пащтыхь щыхъуам и ныбжьыр илъэс тIощIрэ тIум итт,
илъэситIкIи унафэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. И анэм и цIэр Мэ-
шулэмэтт. Ар Йотбэ къалэ щыщ Хьэруз ипхъут. 20 Амуни, и адэ
Минащ ещхьу, ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къе-
кIуэкIащ. 21 Ари и адэр зытета гъуэгум текIакъым, ар зыхуэлIыщIэу
щыта скъархэми щхьэщэ яхуищIу щытащ. 22 ТХЬЭМ, и адэжьхэм я
Тхьэм, и щIыбыр хуэгъэзауэ псэуащ ар, Абы и гъуэгуми тетакъым.
23 Амун и блыгущIэтхэм зыкъыпаIэтщ, щэхуу зэгурыIуэхэри,
и сэрейм даукIыхьащ. 24 Ауэ пащтыхь Амун зыкъыпэзыIэтахэр
ехьудейхэм яубыдри яукIыжащ, абы иужькIэ пащтыхь тахътэм и
къуэ Йощий драгъэкIуеящ.
25 Амун и тетыгъуэм игъэхъахэм ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей
пащтыхьхэм я тхыдэ тхылъым» итщ. 26 Амун Iузэ и жыг хадэкIэ
зэджэм ит и кхъэлэгъунэм щыщIалъхьэжащ. Абы иужькIэ пащтыхь
тахътэм дэкIуеяр и къуэ Йощийщ.

## ТIОЩIРЭ ЕТIУАНЭ IЫХЬЭ

### *Ехьудейм и пащтыхь Йощий*

22 1 Йощий пащтыхь щыхъуам и ныбжьыр илъэсийм итт,
илъэс щэщIрэ зыкIи унафэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ.
И анэм и цIэр Едидэхьт. Ар лъэпкъкIэ Бозкъат щыщ Адай ипхъут.
2 Йощий ТХЬЭМ хуэмыфащэ илэжьакъым, ижькIи сэмэгукIи ди-
мыдзыхыу и адэжь Даут и гъуэгумирикIуащ.

### *Тхьэм и Унэм Хабзэр зэрыт тхылъыр къызэрыщагъуэтыжар*

3 Пащтыхь Йощий тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс епщыкIу-
иянэр екIуэкIыу, и тхакIуэ Щэфан ТХЬЭМ и Унэм игъэкIуащ.
Мэшуламэ и къуэ Азэлей и къуэт Щэфан. 4 «Тхьэпщ па-
шэ Хьэлкъей деж кIуэи, – хуищIащ пащтыхьым абы унафэ, –
ТХЬЭМ и Унэм цIыхухэм кърахьэлIэурэ бжэхъумэ тхьэпщхэм
зэхуахьэса дыжьыныр къызэхилъытэжыну жеIэ. 5-6 Ар ТХЬЭМ
и Унэр зэрагъэпэщыжыну зи пщэ иралъхьахэм я тетхэм ирырат.
Абыхэми ар ТХЬЭМ и Унэм щылажьэу щIэт пхъащIэхэм, ухуа-
кIуэхэм, мывэхэр джафэу зыIущIхэм лэжьапщIэу ирырат. Абы
къищынэмыщIауэ, ТХЬЭМ и Унэр зэрагъэпэщыжын щхьэкIэ
зыхуеину пхъащхьэмрэ мывэ упсахэмрэ къращэху. 7 Ауэ, пэжагъ
зэрахэлъым къыхэкIыу, дыжьыныр зэрызэрагъэкIуэкI щIыкIэм
зыри щIремыупщIэж».
8 Тхьэпщ пашэ Хьэлкъей Щэфан зыхуигъазэри: «ТХЬЭМ и
Унэм Хабзэр зэрыт тхылъыр[a] къыщызгъуэтыжащ», – жриIащ.
Хьэлкъей ар Щэфан иритащ, ари тхылъым еджащ. 9 Абы иужькIэ
Щэфан пащтыхьым деж кIуэри Iуэхур зэрыщыт псори хуиIуэтэжащ:
«Уи жыIэщIэхэм ТХЬЭМ и Унэм кърахьэлIа дыжьыныр зы къэмы-
нэу ар зэзыгъэпэщыжхэм я тетхэм иратащ». 10 Абы иужькIэ Щэфан

---

a 22:8 Тхьэм и Унэм къыщагъуэтыжа тхылъым, хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, итар Тэурэтырщ (Мусэ бегъымбарым итхыжа тхылъитхурщ) е абы щыщ Iыхьэ гуэрщ. Нэхъыбэм къызэралъытэмкIэ, абы итар Тэурэтым и иужьрей тхылъырщ.

Хьэлкъей-тхьэпщым зы тхылъ къызэрыритар пащтыхьым жриIащ.
Арыххэу, Щэфан пащтыхьым а тхылъым итым къыхуеджащ.
11 Пащтыхьым тхылъым къраджыкI псалъэхэр щызэхихым,
и гум щIыхьэри, и щыгъынхэр зэхичэтхъащ. 12 Абдежым абы
Хьэлкъей-тхьэпщым, Щэфан и къуэ Ахъыкъамэ, Мыхъей и къуэ
Ахъборэ, тхакIуэ Щэфан, и блыгущIэт Ащей сымэ унафэ яхуи-
щIащ: 13 «Иджы фыкIуи, мы къыкъуэкIыжа тхылъым итым те-
ухуауэ тщIэн хуейр сытми, сэр щхьэкIи жылэмрэ Ехьудей хэкумрэ
щхьэкIи ТХЬЭМ феупщI. Ди адэжьхэр мы тхылъым ит псалъэхэм
зэремыдэIуам, абы итхар зэрамыгъэзэщIам къыхэкIыу, ТХЬЭМ и
губжь къытлъэIэсар къызэрымыкIуэу инщ».
14 Арати, Хьэлкъей-тхьэпщри, Ахъыкъами, Ахъбори, Щэ-
фани, Ащеи кIуащ ХулдэкIэ зэджэ бегъымбар гуащэм деж. Ар
щыгъынхъумэ Щалум и щхьэгъусэт. Щалум Хьэрхэс и къуэ
Тыкъуэ и къуэт. Хулдэ езыр Ерусэлим къалэм, Хьэблэщlэм щы-
псэурт. Абыхэм ар Iуэхур зыIутым щагъэгъуэзащ.
15 Бегъымбар гуащэм къыхуэкIуахэм къажриIащ: «ТХЬЭМ,
ИсрэIилым и Тхьэм, жиIэр мыращ: фыкъысхуэзыгъэкIуа цIыхум
жефIэж: 16 „ТХЬЭМ къиIуэхур мыращ: щIэх дыдэ мы щIыпIэмрэ
абы щыпсэухэмрэ бэлыхьлажьаер къахуэзгъэкIуэнущ; ехьудей
пащтыхьыр зэджа тхылъым итыр къанэ щымыIэу зэщIэнущ[a].
17 Абыхэм я щIыб къызэрысхуагъэзам, мэ дахэ къызыпих мыс-
тхъэхэр нэгъуэщIытхьэхэм я пащхьэ зэрыщагъэсам, ящIэ псомкIи
си губжьыр къызэрызэщIагъэплъам щхьэкIэ, мы щIыпIэм лъэщу
сыхуэгубжьащ, щIэхи сыужьыхыжынукъым“. 18 Ауэ ТХЬЭМ деж
упщIакIуэ фыкъэзыгъэкIуа ехьудей пащтыхьым жефIэж: „Мыращ
ТХЬЭМ, ИсрэIилым и Тхьэм, мы тхылъым къыпхураджыкIа пса-
лъэхэм теухуауэ жиIэр: 19 Мы щIыпIэмрэ абы щыпсэухэмрэ бэлыхь-
лажьэр къазэрыхуэзгъэкIуэнур, ахэр зэрызэрезгъэпхъуэнур икIи
гыбзафэкIэ зэрызэщIэзгъэсеенур быдэу щыжысIэм, уи гур щабэ
хъуащ, ТХЬЭМ и пащхьи зыщыбгъэцIыкIуащ. Уи щыгъынхэр

[a] 22:16 Тхьэм и унафэхэр ямыгъэзащIэу IэщIыб ящIмэ, ИсрэIил и щIэблэм я щхьэ кърикIуэну бэлыхьлажьэхэр Тэурэт Хабзэм къыщебжэкIащ. Еплъ Хабзэ 28:15-68.

зэхэпчатхъэри си пащхьэ ущыгъащ. Мис абы щхьэкIэщ Сэри ущIызэхэсхар, – жеIэ ТХЬЭМ. – [20] Абы щхьэкIэ гуныкъуэгъуэ уимыIэу уи адэжьхэм я пащхьэ уизгъэхьэжынущ, уи кхъэлэгъунэми мамыру ущыщIезгъэлъхьэжынущ. Мы щIыпIэм къытезгъэпсыхэну бэлыхьлажьэр уи нэгу щIэзгъэкIынукъым“».

Арати, жэуапыр пащтыхьым деж нагъэсыжащ.

## ТIОЩIРЭ ЕЩАНЭ IЫХЬЭ

### *Тхьэм дащIа Iуагъэр Йощий къызэригъэщIэрэщIэжар*

**23**
[1] Пащтыхьым Ехьудеймрэ Ерусэлимрэ я тхьэмадэхэр и
деж къыщызэхуишэсащ. [2] Ар ТХЬЭМ и Унэм кIуащ,
Ехьудей хэкум цIыхуу исри, Ерусэлим щыпсэухэри, тхьэпщхэри,
бегъымбархэри и гъусэу – лъэпкъым щыщу цIыкIуи ини къэмы-
нэу щIыгъут абы. Йощий абыхэм ТХЬЭМ и Унэм къыщагъуэта
ЗэгурыIуэныгъэм и тхылъым[a] итым зыри къримынэу макъкIэ
къахуеджащ. [3] ПкъощIэсэм деж щыту Йощий ТХЬЭМ Iуагъэ
дищIащ Абы и гъуэгум темыкIыу ирикIуэну, игъэува хабзэхэмрэ
ищIа унафэхэмрэ гукIи псэкIи игъэзэщIэну, а тхылъым итхэм и
щIыб яхуимыгъэзэну псалъэ быдэ итащ. ЦIыхуу къызэхуэсари а
Iуагъэм арэзыуэ еувэлIащ.

### *Йощий мажусий диным зэребэнар*

[4] Пащтыхьым Хьэлкъей-тхьэпщ пашэми, тхьэпщ къуэдзэ-
хэми, бжэхъумэ тхьэпщхэми унафэ яхуищIащ БэIэл, Ашэрэхь,
уафэ къэгъэщIыгъэхэм я цIэкIэ ящIу ТХЬЭМ и Унэм щIалъхьа
хьэпшыпхэр псори кърахыжыну. Йощий ахэр Ерусэлим щIыбым,
Къидрун псы жапIэм деж щагъэсыжыну, сахуэри БэтIэл яхьы-
жыну быдэу яжриIащ. [5] Йощий Ехьудей къалэхэмрэ Ерусэлим

[a] 23:2 Тхьэм исрэIилхэр Мысырым къришыжа нэужь, абыхэм зэраухылIа зэгурыIуэныгъэм тегъэщIапIэ ищI Iуэхугъуэхэрщ а тхылъым къызэщIиубыдар.

и Iэгъуэблагъэхэмрэ щыIэ тхьэлъэIупIэхэм мэ дахэ къызыпих
мыстхъэхэр щагъэсын папщIэ, ехьудей пащтыхьхэм щIагъэува
мажусий* тхьэпщхэр тригъэкIащ. Абыхэм мэ дахэ къызыпих мыс-
тхъэхэр зыхуагъэсыр БэIэлт, дыгъэрт, мазэрт, вагъуэбынхэрт, уафэ
къэгъэщIыгъэхэрт. 6 Абы ТХЬЭМ и Унэм щIэт Ашэрэхь и пкъор
къыщIихри, Къидрун псы жапIэм деж щаригъэгъэсыжащ, и сахуэр
зэхригъэубэжри, кхъэм щызэбгригъэпхъыжащ. 7 ТХЬЭМ и Унэм
деж щыт тхьэхуэщIэ къэхьпэхэмрэ Ашэрэхь кърапхъух тепхъуэхэр
зэIузыщэ цIыхубзхэмрэ я унэхэри зэхригъэкъутащ.

8 Йощий тхьэпщхэр къанэ щымыIэу ехьудей къалэхэм къыдишри,
Ерусэлим ишащ. Абы къищынэмыщIауэ, Йощий мэ дахэ къызыпих
мыстхъэхэр щагъэсу Джыбэхь щегъэжьауэ Бэрщабэ щыщIэкIы-
жу[a] ит тхьэлъэIупIэ унэхэм цIыху емыкIуэлIэжын хуэдэу иуфIеящ.
Къалэтет Йушэ и дыхьэпIэкIэ зэджэм деж щыта тхьэлъэIупIэри
Йощий зэхикъутащ. Ар къалэ дыхьэпIэм и сэмэгурабгъу лъэны-
къуэмкIэ щытащ. 9 ТхьэлъэIупIэхэм щIэта тхьэпщхэр Ерусэлим
дэт ТХЬЭМ и Унэм и къурмэнщIыпIэм бгъэдагъэхьэртэкъым,
ауэ щIакхъуэ мыкIумыпщыр[b] абдеж Iуэху щызыщIэ тхьэпщхэм
дашхыну хуитт.

10 Зыгуэрым и къуэ е ипхъу мафIэм хидзэу Мэлэхъу[c] къур-
мэн хуримыгъэщIын щхьэкIэ, Йощий Тэуфэт и къурмэнщIыпIэм
цIыху емыкIуэлIэжыну иуфIеящ. Ар ХьинэмкIэ зэджэ къуэм[d]
дэтащ. 11 Йощий ТХЬЭМ и Унэм и дыхьэпIэм деж щыта шыхэр
Iуригъэшащ. Ехьудей пащтыхьхэм дыгъэм и цIэр зытраIуэгъа
шыхэр пащтыхьым и блыгущIэт Нэтанмэлэч и къулыкъущIапIэм
пэмыжыжьэу пщIантIэм щаIыгъыу щытащ. Абы иужькIэ Йощий

*a* 23:8 НэгъуэщIу жыпIэмэ, Ехьудей хэкум и ищхъэрэ гъунапкъэхэм (Джыбэхь) щегъэжьауэ ипщэ гъунапкъэхэм (Бэрщабэ) нэс.

*b* 23:9 Зи гугъу ищIыр гъавэ тыхьым щыщу тхьэпщхэм къахуэнэрщ.

*c* 23:10 «Мэлэхъу» жыхуаIэр амонеитхьэ «Мылкъум» нэгъуэщIу зэреджэу щыта цIэуэ щытынкIэ хъунущ (еплъ 23:13). Мэлэхъу сабийхэр тыхь хуащIу щытащ. Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, Мэлэхъу щхьэщэ хуэзыщIа исрэIилхэм я унафэр укIт.

*d* 23:10 Зи гугъу ищIыр Ерусэлим и щIыбкIэ, ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIа къуэщ.

дыгъэ тхьэлъэIухэм щхьэкIэ зэрахуэу щыта хьэкуэстыгухэр[a] мафIэм хидзэри игъэсащ.

12 Йощий ехьудей пащтыхьхэм Iэхьэз и унащхьэм тращIыхьа
къурмэнщIыпIэхэри, ТХЬЭМ и Унэм и пщIантIитIым Минащ
щигъэува къурмэнщIыпIэхэри Iуихащ. Ахэр абы цIыкIу-цIыкIуу
зэхикъутэщ, зэхигъэщащэри, сабэр Къидрун псы жапIэм дикIутэжащ.
13 Пащтыхь Сэлмэн Ерусэлим и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ,
КIуэдыпIэм и Iуащхьэ[b] зэджэм ипщэкIэ, щыIэ лъагапIэхэм саидейхэм я тхьэ гурымыхьу Аштэрэт, мэуабейхэм я тхьэнэпцI цIапIэу
КIэумыш, амонейхэм я тхьэнэпцI гущыкIыгъуэу Мылкъум я цIэкIэ
трищIыхьауэ щытыгъа тхьэлъэIупIэхэми цIыху емыкIуэлIэжын хуэдэу Йощий иуфIеящ. 14 Абы мывэскъархэр зэхигъэщэщащ, Ашэрэхь и пкъохэр кърииупщIыкIащ, ахэр здэщыта щIыпIэхэми цIыху
къупщхьэлъапщхьэхэр трикIутэжащ[c].

15 Ар къэгъэнауэ, абы БэтIэл дэт къурмэнщIыпIэм, ИсрэIилыр
гуэныхьщIэным дезыгъэхьэха НэбатI и къуэ Йорэбэхьэм игъэува
тхьэлъэIупIэм хэтым, щыщ къыхимынэу зэтрикъутащ. Пащтыхьым тхьэлъэIупIэ унэм мафIэ иридзри, сахуэ фIэкIа къыхимынэу
игъэсащ. Ашэрэхь щхьэкIэ ягъэуvауэ щыта пкъори игъэсащ. 16 Абы
иужькIэ Йощий и хъуреягъыр къыщиплъыхьым, Iуащхьэ джабэм
кIэрыт кхъащхьэхэр къилъэгъуащ. Пащтыхьым ахэр къатIэщIыну унафэ ищIщ, хьэдэ къупщхьэхэр кърыригъэхри, къурмэнщIыпIэм и щIыIум щигъэсыжащ, цIыху емыкIуэлIэжын хуэдэуи иуфIеящ. Арыххэуи, ТХЬЭМ зэгуэрым и цIыхум къыхуиIуэхуауэ щыта псалъэр зэщIащ[d].

---

a 23:11 Дыгъэр шыхэр зыщIэщIа хьэкуэстыгум ису уафэгум щызэхэзекIуэу я фIэщ хъууэ щытащ Пасэрей КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэууэ щыта лъэпкъхэм.

b 23:13 Пасэрей журтыбзэкIэ тха Iэрытхым къыщыкIуэ «КIуэдыпIэм и Iуащхьэ» жыIэгъуэр и къэпсэлъыкIэкIэ щIагъуэ темыкIыу «Зейтун Iуащхьэ» фIэщыгъэм тохуэ. Тхылъыр зи IэдакъэщIыкIыр Ерусэлим къалэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ Зейтун Iуащхьэм апхуэдэу щIеджэр абдеж тхьэнэпцIхэм щхьэщэ щыхуащIу зэрыщытарщ.

c 23:14 Апхуэдэ щIыкIэкIэ а щIыпIэхэм тхьэхуэIухуэщIэхэр щебгъэкIуэкIыж мыхъуну Йощий ищIащ.

d 23:16 Еплъ 3 Пащт. 13:1-2.

[17] «Хэт зи мывэсыныр мы слъагъур?» – щIэупщIащ пащтыхьыр.
«Ар Ехьудей хэкум къикIыу къэкIуауэ щытыгъа Тхьэм и цIыхум и кхъащхьэщ. Арат мы бэтIэл къурмэнщIыпIэм епщIар къызэрыхъунур жызыIауэ щытар», – жаIащ къалэдэсхэм.
[18] «ФемыIусэ абы и кхъащхьэм, – жиIащ Йощий, – и хьэдащхьэри фымыгъэпIейтей».
Апхуэдэ щIыкIэкIэ абырэ Щэмэрей хэкум къикIа бегъымбарымрэ я хьэдэ къупщхьэхэр хъума хъуащ[a].
[19] Абы къищынэмыщIауэ, Йощий щэмэрей къалэхэм дэт тхьэлъэIупIэ унэхэри зэхикъутащ – ТХЬЭМ и губжьыр къызэщIагъаплъэу ахэр зыгъэуващ щытар исрэIил пащтыхьхэрт. БэтIэл тхьэлъэIупIэхэм зэрарищIам хуэдэу, Йощий абыхэми лъапсэрыхыр къахуигъэкIуащ. [20] Йощий а тхьэлъэIупIэхэм щIэта тхьэпщхэр къурмэнщIыпIэхэм деж щызэтриукIащ, хьэдэ къупщхьэ куэди щигъэсащ. А псом иужькIэ абы Ерусэлим игъэзэжащ.

## IутIыжыр къызэрагъэщIэрэщIэжар

[21] «ЗэгурыIуэныгъэм и тхылъым зэритым хуэдэу, ТХЬЭМ, фи Тхьэм, папщIэ IутIыжыр[b] вгъэмэхуэщI», – яхуищIащ пащтыхьым цIыхухэм псоми унафэ. [22] ИсрэIилым пашэу иIа гъуазэхэм я лъэхъэнэм къыщегъэжьауэ ИсрэIил хэгъэгуми Ехьудей хэкуми я пащтыхьхэм деж къэсыжу мы IутIыжым хуэдэ махуэщI зэрамыIаращ Йощий апхуэдэ унафэ ищIын хуей щIэхъуар. [23] Пащтыхь Йощий тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс епщыкIуиянэр екIуэкIыу, ТХЬЭМ и цIэкIэ IутIыжыр Ерусэлим щагъэмэхуэщIащ.

## Йощий и пащтыхьыгъуэм теухуауэ

[24] Хьэлкъей-тхьэпщым ТХЬЭМ и Унэм къыщигъуэта тхылъым ит унафэхэр гъэзэщIа хъун папщIэ, Йощий хьэдэхэр къэзыгъэпсалъэхэмрэ удыгъэ зезыхьэхэмрэ зэтриукIащ,

---

a **23:18** Ехьудей щыщ Тхьэм и цIыхумрэ абы дыщIалъхьэжа щэмэрей бегъымбарымрэ я хъыбарыр 3 Пащт. 13 къыщокIуэ.

b **23:21** Тхьэм исрэIилхэр Мысырым къызэрыришыжам и фэеплъу илъэс къэс абыхэм ягъэгъэлъэпIэн хуей махуэщIым аращ зэреджэр. Еплъ МысырикIыж 12.

нысхъапэу[a], скъару, нэгъуэщI цIапIагъэу Ехьудей хэкумрэ Ерусэ-
лим къалэмрэ къыщигъуэтар зэрыщыту кIуэдыкIейуэ игъэкIуэдащ.
25 Йощий хуэдэу ТХЬЭМ гукIи псэкIи зыхуэзыгъэза, Мусэ итхы-
жа Хабзэр зэрифIэщкIи зыгъэзэщIа пащтыхь ипэкIи щыIакъым,
иужькIи къэхъуакъым.

26 Апхуэдэу щыт пэтми, ТХЬЭМ Ехьудейм хуищIа и губжь
иныр, Минащ Абы ирипэса икIагъэхэм иужькIэ къызэщIэплъар,
ужьыхакъым. 27 «ИсрэIилыр зэрызыбгъэдэсхуам хуэдэу, Ехьудей-
ри зыбгъэдэсхунущ, – жиIащ ТХЬЭМ, – къыхэсхауэ щыта мы
Ерусэлим къалэри, „Си цIэр щыIунущ“ жысIэу хэсIэтыкIауэ щыта
Унэри IэщIыб сщIынущ».

## *Йощий дунейм зэрехыжар*

28 Йощий и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ
игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей пащтыхьхэм я тхыдэ
тхылъым» итщ.

29 Йощий унафэр щыIэщIэлъ лъэхъэнэм Мысырым и пащтыхь
фирхьэун Нэхъу[b] ащурей пащтыхьым зауэ ирищIылIэну Фэрат псы-
ежэх лъэныкъуэмкIэ ежьат. Пащтыхь Йощий абы езэуэну пэуват, ар-
щхьэкIэ Нэхъу абы Мэджыдэ щрихьэлIэри, еуэри иукIащ. 30 Йощий
и блыгущIэтхэм абы и хьэдэр Ерусэлим къашэжри, и кхъэлэгъунэм
щыщIалъхьэжащ. Абы иужькIэ цIыхухэм Йощий и къуэ Йохъуэжь
и щхьэм дагъэр щахуэри, пащтыхь тахътэм драгъэкIуеящ.

## *Ехьудейм и пащтыхь Йохъуэжь*

31 Йохъуэжь пащтыхь щыхъуам и ныбжьыр илъэс тIощIрэ щым
итт, мазищкIи унафэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. И анэм и цIэр
Хьэмуталт, ар лъэпкъкIэ Лиунэ щыщ Ерэмей ипхъут. 32 И адэжь-
хэми хуэдэу, абы ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къе-
кIуэкIащ.

---

a 23:24 Журт. «терафим». Тхьэ пэлъытэу зэрахьэу щыта цIыху теплъэ зиIэ пкъыгъуэхэм аращ зэреджэр. И пащхьэ тхьэ щелъэIуу унэм щызэрахьэу щытащ.

b 23:29 Зи гугъу ищIыр Мысырым ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 610 гъэм щегъэжьауэ 595 гъэм нэс пащтыхьыгъуэр щызезыхьа Нэхъу ЕтIуанэрщ.

33 Фирхьэун Нэхъу ХьэматI хэгъэгум ит Арыблэ къалэм деж
Йохъуэжь щиубыдри, Ерусэлим щымыпащтыхьыжын хуэдэу,
гъэр ищIауэ щытащ. Абы иужькIэ Нэхъу Ехьудейм хьэкъулэ три-
лъхьэри, дыжьын тIэлатищэрэ зы дыщэ тIэлатрэ[a] иритын хуейуэ
игъэуващ. 34 Фирхьэун Нэхъу пащтыхь тахътэм Йощий и къуэ
Елэчым дригъэкIуейри, и цIэр ЙочымкIэ зэрихъуэкIащ. Фирхьэу-
ным Йохъуэжь Мысырым ишэри, ар абдеж дунейм щехыжащ.
35 Йочым фирхьэун Нэхъу хьэкъулэу къатрилъхьа дыжьыным-
рэ дыщэмрэ хэгъэгу псом къыщыхихри абы иритащ. Щхьэж и
мылъкум елъытауэ, хузэфIэкIынур цIыхум ятрилъхьэри, Йочым
фирхьэуным иритыну хьэкъулэр зэригъэпэщащ.

### *Ехьудейм и пащтыхь Йочым*

36 Йочым пащтыхь щыхъуам и ныбжьыр илъэс тIощIрэ тхум итт,
илъэс пщыкIузкIи унафэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. И анэм и цIэр
Зэбудэт, ар лъэпкъкIэ Аурым щыщ Пэдей ипхъут. 37 И адэжьхэм
хуэдэу, абы ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къекIуэкIащ.

## ТIОЩIРЭ ЕПЛIАНЭ IЫХЬЭ

**24** 1 Йочым и тетыгъуэм бабылей пащтыхь Нэбыхъунэщыр[b] за-
уэ кърищIылIэри, илъэсищкIэ и IэмыщIэм иригъэлъащ. Ауэ
итIанэ Йочым Нэбыхъунэщыр зыкъыпиIэтащ. 2 ТХЬЭМ абы Бабы-
лейми, Арэмейми, Мэуабейми, Амонейми щыщ хъунщIакIуэхэр ири-
утIыпщащ. ТХЬЭМ и жыIэщIэ бегъымбархэм къаригъэIуэхуа и пса-
лъэм тету, Ехьудейр яригъэгъэкIуэдыну арат ахэр къыщIытригъауэр.
3 Дауи, ТХЬЭМ Ехьудейр зыбгъэдихун щхьэкIэщ а псор абы и щхьэ
кърикIуэну щIиухар, къызыхэкIари Минащ къихьа гуэныхьхэмрэ
зэрихьа икIагъэхэмрэщ, 4 хейм* илъ игъэжари хэту. Абы Ерусэлим
щигъэжа лъы хейр ТХЬЭМ игъэгъуну хуеякъым.

---

*a* **23:33** Дыжьын килограмм минищрэ щиплIрэ дыщэ килограмм щэщIрэ плIырэ нэблагъэ хъунущ.

*b* **24:1** Нэбыхъунэщыр ЕтIуанэм ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 605 гъэм щегъэжьауэ 562 гъэм нэс Бабылейм пащтыхьыгъуэр щызэрихьащ.

[5] Йочым и тетыгъуэм нэгъуэщI хъугъэщIагъэу къэхъуамрэ
игъэхъамрэ ятеухуа хъыбархэр «Ехьудей пащтыхьхэм я тхыдэ тхы-
лъым» итщ. [6] И уахътыр къэсри, Йочым и адэжьхэм я пащхьэ ихьэ-
жащ. Абы иужькIэ пащтыхь тахътэм дэкIуеяр и къуэ Йохъучынщ.
[7] Зэгуэр мысыр пащтыхьым IэщIэлъу щыта щIыгухэр – Мы-
сыр псыхъуэм къыщегъэжьауэ Фэрат псыежэхым нэс – бабылей
пащтыхьым зыIэщIиубыдащ. Езы мысыр пащтыхьыр абы фIэкIа
и хэгъэгум къикIыжакъым.

## *Ехьудейм и пащтыхь Йохъучын*

[8] Йохъучын пащтыхь щыхъуам и ныбжьыр илъэс пщыкIуийм
итт, мазищкIи унафэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. И анэм и цIэр Нэ-
хущтэт, ар лъэпкъкIэ Ерусэлим щыщ Елнэтан ипхъут. [9] И адэм хуэ-
дэу, абыи ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къекIуэкIащ.
[10] А лъэхъэнэм бабылей пащтыхь Нэбыхъунэщыр и дзэпщхэр
Ерусэлим къебгъэрыкIуэри къатIысыхьащ. [11] Езы Нэбыхъунэщыр
къалэм къыщекIуэлIар и дзэпщхэм къалэр къащтэу щыхуежьарщ.
[12] Ехьудейм и пащтыхь Йохъучыни, и анэми, и блыгущIэтхэми,
и дзэзешэхэми, и чэнджэщэгъухэми абы и IэмыщIэ зралъхьащ.
Бабылей пащтыхьым тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс еянэр екIуэ-
кIырт[a] Йохъучын гъэру щиубыдам.
[13] ТХЬЭМ зэрыжиIам хуэдэу, Нэбыхъунэщыр ТХЬЭМ и Унэ-
ми пащтыхь сэрейми я хъугъуэфIыгъуэщхэм ярылъа мылъкур псори
иришащ. Абы щыщу ИсрэIилым и пащтыхь Сэлмэн ТХЬЭМ и
Унэм щхьэкIэ ищIауэ щытыгъа дыщэ хьэкъущыкъухэм зыри къа-
химынэу зэхикъутащ. [14] Апхуэдэу абы зэры-Ерусэлиму гъэр ищIащ:
дзэзешэхэмрэ зауэлIхэмрэ, IэщIагъэлIхэмрэ гъукIэхэмрэ ящыщ
къигъэнакъым – псори зэгъусэу цIыху минипщI хъун иришащ.
Къигъэнар зыри зыхузэфIэмыкI цIыху тхьэмыщкIэхэрщ.
[15] Нэбыхъунэщыр Бабылейм гъэру ишащ Йохъучын. Ерусэлим
дишри, пащтыхьым и анэри, и щхьэгъусэхэри, и блыгущIэтхэри,
хьэIусыпэ зрату хэкум исхэри Бабылей ишащ. [16] Абы

---

*a* **24:12** НэгъуэщIу жыпIэмэ, ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 597 гъэм.

къищынэмыщӀауэ, пащтыхьым зэуэным хуэщӀарэ лъэщ защӀэу зауэлӀ минибл, ӀэщӀагъэлӀрэ гъукӀэу цӀыху мин хуэдиз Бабылей игъэкуэшащ*. 17 Нэбыхъунэщыр пащтыхь тахътэм Йохъучын и адэ къуэш Мэтэней дригъэкӀуейри, и цӀэр СадыкъейкӀэ зэрихъуэкӀащ.

### *Ехьудейм и пащтыхь Садыкъей*

18 Садыкъей пащтыхь щыхъуам и ныбжьыр илъэс тӀощӀрэ зым итт, илъэс пщыкӀузкӀи унафэ зэрихьэу Ерусэлим дэсащ. И анэм
и цӀэр Хьэмуталт, ар лъэпкъкӀэ Лиунэ щыщ Ерэмей ипхъут.
19 Йочым хуэдэу, абы ТХЬЭМ хуэмыфащэ бзаджагъэхэр илэжьу къекӀуэкӀащ. 20 ТХЬЭР Ерусэлимрэ Ехьудей хэкумрэ щыпсэухэм апхуэдизкӀэ яхуэгубжьати, имыдэжу зыбгъэдихуащ.

Абы хэту Садыкъей бабылей пащтыхьым зыкъыпиӀэтащ.

## ТӀОЩӀРЭ ЕТХУАНЭ ӀЫХЬЭ

### *Бабылейхэм Садыкъей тезыр зэрытралъхьар*

25 1 Садыкъей тетыгъуэр зэрыӀэщӀыхьэрэ илъэс ебгъуанэр екӀуэкӀыу, епщӀанэ мазэм и епщӀанэ махуэм[a], бабылей пащтыхь Нэбыхъунэщыр и дзэр зэрыщыту къришажьэри Ерусэлим къекӀуэлӀащ. Къалэр и хъуреягъкӀэ къитӀысыхьри, къуэтӀыхьхэр щызэтритхъуащ. 2 Садыкъей и тетыгъуэр илъэс епщыкӀузанэм хыхьэху, къалэр а къызэрытӀысыхьауэ екӀуэкӀащ.

3 ЕплӀанэ мазэм и ебгъуанэ махуэм[b] гъаблэм къалэр зэщӀищтащ, цӀыхухэми яшхын зыри къахуэнэжакъым. 4 Абы щыгъуэщ мывэхъунэри щыпхаудар. Бабылеидзэм къалэр къитӀысыхьа пэтми, пащтыхьымрэ и дзэмрэ ар жэщым ябгынэри щӀэпхъуэжащ. Ахэр пащтыхь жыг хадэм пэблагъэ мывэхъунитӀым хэлъ дыхьэпӀэм

a 25:1 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 588 гъэм щӀышылэ мазэм и 15-м.
b 25:3 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 586 гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 18-м. Пасэрей журтыбзэкӀэ тха Ӏэрытхым «мазэм и ебгъуанэ махуэм» жиӀэу къыщокӀуэ. ЕплӀанэ мазэр къыщӀыхэщым и тегъэщӀапӀэр Ерэмей бегъымбарырщ. Еплъ Ерэмей 52:6.

дэкIри, Iурдын губгъуэмкIэ яунэтIащ. [5] АрщхьэкIэ бабылеидзэр пащтыхьым кIэлъыпхъэрри, Йэрыхъуэ къыпэщылъ Iурдын губгъуэм деж щыкIэлъэщIыхьащ. Пащтыхьым и закъуэ къагъанэри, и дзэр щхьэж и занщIэр и гъуэгуу зэбгрыжыжащ. [6] Арыххэуи, ар Iэрыубыд ящIащ. Садыкъей Арыблэ къалэ дэс бабылей пащтыхьым деж къашэри, абдеж и унафэ щащIащ. [7] Садыкъей и къуэхэр и пащхьэ щаукIри, езым и нэхэр иращIащ, гъуаплъэ лъэхъухэр иралъхьэри Бабылей яшащ.

## *Ерусэлим къалэмрэ Тхьэм и Унэмрэ зэрызэхакъутар*

[8] Бабылей пащтыхь Нэбыхъунэщыр тетыгъуэр зэрыIэщIыхьэрэ илъэс епщыкIубгъуанэр екIуэкIыу, етхуанэ мазэм и ебланэ махуэм[a], пащтыхь хъумакIуэхэм я Iэтащхьэ Нэбузэрэдан, бабылей пащтыхьым и блыгущIэтыр, Ерусэлим кIуащ. [9] Абы ТХЬЭМ и Унэми, пащтыхь сэрейми, Ерусэлим псэуалъэу дэтми мафIэ ящIидзэри игъэсащ. Апхуэдэу игъэсащ унэшхуэу къалэм дэтари. [10] Пащтыхь хъумакIуэхэм я Iэтащхьэм и унафэм щIэт дзэм Ерусэлим къэзыухъуреихь мывэхъунэхэри игъэуащ. [11] Нэбузэрэдан Ерусэлим къыдэна тIэкIум ящIыгъуу, бабылей пащтыхьым и лъэныкъуэкIэ еутэкIахэри хэгъэгум щыпсэу цIыхубэри гъэр зэтрищIащ. [12] Ауэ жызум хадэхэмрэ губгъуэхэмрэ ящIэн щхьэкIэ, пащтыхь хъумакIуэхэм я Iэтащхьэм Ехьудейм щыпсэу цIыху тхьэмыщкIэхэм ящыщ гуэрхэр иримышу къигъэнащ.

[13] БабылейхэмТХЬЭМ и Унэм деж щыта гъуаплъэ пкъощIэсэхэри, шэрхъ зыщIэт гъуаплъэ тегъэувапIэхэри, гъуаплъэ псылэгъупышхуэри зыри къыхамынэу якъутэри, гъуаплъэр Бабылейм яшащ. [14] Здрашащ шыуанхэри, хьэкутхъухэри, уэздыгъэку сахуэхэр къызэрыпах лэныстэхэри, Iэгубжьэхэри – тхьэхуэIухуэщIэхэм щызэрахьэ гъуаплъэ IэщIагъэ гуэри къагъэнакъым. [15] Пащтыхь хъумакIуэхэм я Iэтащхьэм дыщэмрэ дыжьынымрэ къыхэщIыкIа мыстхъалъэхэмрэ* лэджэнхэмрэ зы къэмынэу иришащ.

---

[a] 25:8 Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 586 гъэм шыщхьэуIу мазэм и 14-м.

16 ТХЬЭМ и Унэм щхьэкIэ Сэлмэн ищIауэ щыта пкъощIэси-
тIыр, псылэгъупышхуэр, шэрхъ зыщIэт тегъэувапIэхэр къызыхэ-
щIыкIа гъуаплъэр яшэчыфынум нэхърэ нэхъыбэ хъууэ къыщIэ-
кIащ. 17 ПкъощIэсэ къэс и лъагагъыр IэфракIэ пщыкIуий[a] хъурт.
ПкъощIэсэм тегъэуvауэ тет щхьэгутесым IэфракIищ[b] и лъагагът, и
хъуреягъыр гъуаплъэм къыхэщIыкIа хъархэмрэ нары* пыкIэхэмкIэ
гъэщIэрэщIат. Адрей пкъощIэсэри апхуэдэ дыдэу гъэщIэрэщIат.

18 Пащтыхь хъумакIуэхэм я Iэтащхьэм Сэрэхь-тхьэпщ пашэри,
абы къыкIэлъыкIуэ Щэфэней-тхьэпщри, бжэхъумэ тхьэпщищри
гъэр къищIащ. 19 Къалэм къыдэнахэм ящыщу абы зауэлIхэм я уна-
фэр зыIэщIэлъу щыта блыгущIэтри пащтыхь чэнджэщакIуитхури
Iэрыубыд ищIащ. Абы къищынэмыщIауэ, Нэбузэрэдан иубыдащ
дзэм хыхьэнухэр зытхыу щыта тхакIуэ пашэр, Ехьудейм щыщу Еру-
сэлим абы щыгъуэ дэса цIыху цIэрыIуэу нэрыбгэ* тIощIищ хуэдизи
гъэр къищIащ. 20 Пащтыхь хъумакIуэхэм я тет Нэбузэрэдан ахэр
бабылей пащтыхьым деж Арыблэ ишащ. 21 Бабылейм и пащтыхьым
ахэр ХьэматI хэгъэгум ит Арыблэ къалэм деж щригъэукIащ.
Мис апхуэдэ щIыкIэкIэ ехьудейхэр я щIыгум ираша хъуащ.

### *Бабылейхэм Джэдалий Ехьудейм и Iэщхьэтет зэращIар*

22 Бабылей пащтыхь Нэбыхъунэщыр Ехьудейм къэрина цIыху-
бэм Щэфан и къуэ Ахъыкъамэ и къуэ Джэдалий Iэщхьэтету*
ящхьэщигъэуващ. 23 Бабылей пащтыхьым хэкум и Iэщхьэтету
Джэдалий зэригъэувар ехьудеидзэм и дзэзешэ къэнахэмрэ абыхэм
я цIыхухэмрэ щызэхахым, абы деж Мызпэхь кIуащ. Ахэр Нэтаней
и къуэ Исмэхьил, КIэрэхъ и къуэ Йохьэнан, НэтIэуэф щыщ Тэн-
хъумэт и къуэ Сэрэхь, зи адэр МэIэху щыщ Йазаней сымэт, я
цIыхухэр я гъусэу.

24 Абыхэмрэ я цIыхухэмрэ зэтриуIэфIэн щхьэкIэ, Джэдалий
тхьэ яхуиIуащ: «Фащымышынэ бабылей унафэщIхэм, – жиIащ

a 25:17 Метрибгъум нэблагъэ хъунущ.
b 25:17 Зы метррэ ныкъуэм нэблагъэ хъунущ.

абы. – Фыщыпсэу мы хэкум, фыхуэжыIэщIэ бабылей пащтыхьым,
фи Iуэхухэми мыхъун къыхэкIынукъым».

[25] Арщхьэкlэ пащтыхь лъэпкъым щыщ Елэщам и къуэ Нэтаней
и къуэ Исмэхьил ебланэ мазэм цIыхуипщI и гъусэу Джэдалий деж
кIуэри, ари, абы щIыгъуу Мызпэхь щыIа ехьудейхэри, бабылейхэри
иукIащ. [26] Абы иужькIэ, зэрылъэпкъыу бабылейхэм я шынагъэр
къащхьэрыхьэри, цIыкIуи ини, дзэзешэхэм ящIыгъуу, Мысырым
щтапIэ ихьэжащ.

## *Йохъучын щхьэхуит къызэращIыжар*

[27] Ехьудейм и пащтыхь Йохъучын гъэр зэращIрэ илъэс щэщIрэ
ебланэр екIуэкIыу, IэуэлмэрдэкъуI[a] Бабылейм и пащтыхь хъуащ.
Абы епщыкIутIанэ мазэм и тIощIрэ ебланэ махуэм[b] Йохъучын
щхьэхуит къищIыжащ. [28] Ар абы гуапэу хущытт, нэгъуэщI хэкухэм
я пащтыхьу Бабылей къыдыщыIэхэми яхиIэтыкIат. [29] Йохъучын
лъэхъуэщым здисым щыгъа щыгъынхэр зыщихыжащ, къыхуэнэжа
и гъащIэми пащтыхьым и Iэнэм тIысрэ абы дэшхэу къекIуэкIащ.
[30] Йохъучын зыхуэныкъуэр пащтыхьым махуэ къэс къриту дунейм
ехыжыху псэуащ.

---

*a* **25:27** Iэуэлмэрдэкъу Нэбыхъунэщыр ЕтIуанэм и къуэщ, ди лъэхъэнэр къи-
хьэным ипэ 561 гъэм щегъэжьауэ 560 гъэм нэс Бабылейм пащтыхьыгъуэр
щызэрихьащ. Абы нэгъуэщIу IэмалмэрдэкъукIи йоджэ.

*b* **25:27** Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ 561 гъэм удзыпэ мазэм и 2-м.

# ГУЭДЗЭНХЭР

## ФIыцIагъэ ЛъапIэм узыщрихьэлIэ фIэщыгъэхэм я псалъалъэ

***Ашэрэхь*** – КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэуа лъэпкъхэм ягъэлъапIэу щыта тхьэгуащэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ, уеблэмэ ар тхьэнанэуи къалъытэрт. Жыгым е пхъэ пкъом и теплъэр иIэущ ар пасэрей цIыхухэм къагъэлъагъуэу зэрыщытар.

***Аштэрэт*** – КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэуа лъэпкъхэм ягъэлъапIэу щыта тхьэхэм ящыщщ, лъагъуныгъэм, бэвыгъэм, зауэм я тхьэгуащэу къалъытэрт. Алыджыбзэк Iэ «Астартэ» жыхуаIэращ.

***БэIэл*** – КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыпсэуа лъэпкъхэм ягъэлъапIэу щыта тхьэ лъэщхэм ящыщщ, щIыуэпсыр и Iэ илъу, бэвыгъэм, лъхугъэм и тепщэу къалъытэрт.

***Дамабгъуэ*** – Журт. «керуб». Дамабгъуэхэр зи теплъэр гуиих, дамэхэр зытет уафэгу псэущхьэщ. Тхьэм и тахътэр яхъумэу бгъэдэт мелыIыч лъэпкъыгъуэщ.

***Екъуб*** – Ибрэхьим и къуэ Исхьэкъ и къуэщ. И цIэр Тхьэм ИсрэIилу зэрихъуэкIауэ щытащ (УблапIэ 32:29). ИсрэIил лъэпкъым и лIакъуэ пщыкIутIыр къызытепщIыкIыжар аращ.

***Лэбийхэр*** – Екъуб и къуэ Лэбий и щIэблэщ, исрэIил лъэпкъым и лIакъуэ пщыкIутIым ящыщщ. Мусэ и лъэхъэнэм Тхьэм лэбийхэм ящыщ Хьэрунрэ абы и щIэблэмрэ тхьэпщ хьэкъыр и пащхьэ щрахьэкIыну къыхихат, а къудамэм щымыщ лэбийхэм тхьэпщ къуэдзэу щытыныр къахуиухат.

***МазэщIэ тхьэлъэIу*** – Мазэм теухуа махуэгъэпсым иригъуазэ исрэIилхэм мазэщIэр къэунэху къэс Тэурэт Хабзэм тету мазэщIэ тхьэлъэIу ящIу щытащ.

***Мывэскъащхэр*** – Тхьэм исрэIилхэм къахуищIа унафэхэр зытет, Пхъуантэ ЛъапIэм дэлъу яхъумэ мывэбгъуухэрщ.

***Пхъуантэ ЛъапIэ*** – Тхьэм Мусэ унафэу хуищIам тету Пхъуантэ ЛъапIэр дыщэпсыр зытегъэлъэда пхъэм къыхэщIыкIат, Тхьэм и псалъэхэр зытетха, мывэскъащкIэ зэджэ мывэбгъуитIри абы дэлъу яхъумэрт. Пхъуантэ ЛъапIэм дамабгъуэкIэ зэджэ уафэгу псэущхьэхэм я теплъэр зиIэ дыщэ пкъыгъуитI тещIыхьат. А псэущхьэхэм я дамэ зэхуакухэр Тхьэм и щIыгу тахътэу къалъытэрт. Тхьэм и щыIэныгъэр исрэIилхэм нахуэ щащищIу щытар абдежщ.

***Сур*** – ЩIыкурытыхым и Iуфэм Iуса, къэрал гъэпсыкIэ зиIа фыныкIей къалэшхуэщ, ИсрэIил хэгъэгум и ищхъэрэкIэ щыIа хэгъэгущ.

***ТХЬЭ*** – Хьэрфышхуэ защIэкIэ тхауэ ди зэдзэкIыгъэм узыщрихьэлIэ «ТХЬЭ» псалъэм къигъэлъагъуэр журтыбзэ текстхэм хьэрфиплIу зэхэту къыщыкIуэ «ЙХВХ» псалъэращ. Тхьэм Муси исрэIилхэми закъызэрыригъэцIыхуауэ щытар а цIэмкIэщ. Езы псалъэр «щыIэн» мыхьэнэр зиIэ пасэрей журт псалъэм къытекIыу къыщIэкIынущ. И IукIэ дыдэр нахуэу щымытми, щIэныгъэлэжьхэм ар «Яхве» къэпсэлъыкIэм нэхъ пэблагъэу хуагъэфащэ.

***ТхьэлъэIупIэ*** – Къалэ щIыбхэм ущрихьэлIэ лъагапIэхэм тращIыхь, цIыхубэр екIуалIэрэ тхьэлъэIу хуэIухуэщIэхэр щызэрахьэу щыта ухуэныгъэ лIэужьыгъуэщ. Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, Тхьэм и Унэр Ерусэлим дащIыхьа нэужь, Абы къурмэн нэгъуэщI щIыпIэхэм щыхуэпщI хъужынутэкъым. Еплъ абы теухуауэ Хабзэ 12:1-14.

***Тхьэпщ*** – ТхьэхуэIухуэщIэхэр зэфIэзыгъэкI, а хьэкъыр зи пщэ дэлъ цIыхущ. Тэурэт Хабзэм ипкъ иткIэ, тхьэпщыр Мусэ и къуэш Хьэрун и щIэблэм щыщын хуейщ. Абыхэм тхьэпщ

хьэкъыр япэщӀыкӀэ Шэтыр ЛъапӀэм щрахьэкӀащ, иужькӀэ я къалэныр Тхьэм и Унэм щагъэзащӀэу хуежьащ. Абыхэм я пщэ дэлът тхьэхуэӀухуэщӀэ Ӏуэхугъуэхэр зэрагъэкӀуэну, къурмэн ящӀыну, дауэдапщэхэр зэрекӀуэкӀым кӀэлъыплъыну. Тхьэпщхэм ядэӀэпыкъурт лэбийхэр.

***Тхьэпщ кӀэпхын*** – Журт. «ефод». БгыщӀэпхэ щӀэпхауэ тхьэпщым зыӀуилъхьэу щыта кӀэпхын лӀэужьыгъуэм зэреджэр аращ. Тхьэм и унафэр зыхуэдэр кърашӀэну зэрахьэу щыта щыгъыныгъуэщ.

***ТХЬЭУЭ зи Лъэщагъым ЩӀэ ЩӀэмыт*** – Журт. «Яхве Саваот». Журтыбзэм къыщыкӀуэ «саваот» псалъэм мыхьэнэ зыбжанэ иӀэщ: 1. ӀэщэкӀэ зэщӀэузэда дзэр; 2. Тхьэм къигъэщӀа псэущхьэу нэм имылъагъухэр, псалъэм щхьэкӀэ, мелыӀычхэр; 3. Уафэм ит къэгъэщӀыгъэхэр, псалъэм щхьэкӀэ, вагъуэхэр, мазэр, дыгъэр. А псор къызэщӀэпкъуэжмэ, мы дунейр зэрыщыту Тхьэм и Ӏэ зэрилъым и гугъу зэрищӀыр нахуэщ.

***Уримрэ тумимрэ*** – Тхьэм и унафэр зыхуэдэр къащӀэн щхьэкӀэ тхьэпщхэм зэрахьэ кӀэнхэм арат зэреджэр. ФӀыцӀагъэ ЛъапӀэм зыщӀыпӀэ дежи нахуэу къыщыхэщкъым а унафэр къызэращӀэу щыта щӀыкӀэр, ауэ, зэрыхуагъэфащэмкӀэ, тхьэпщ кӀэпхыным дыщэ лэрыпскӀэ епха бгъэӀулъым илъ кӀэн лъапӀэхэр кърахырти ядзырт, Тхьэм и унафэр зыхуэдэри абыкӀэ къащӀэрт. «Урим» псалъэм «нэху», «тумим» псалъэм «нэгъэса», «дагъуэ зимыӀэ», «сыт и лъэныкъуэкӀи зэпэщ» жиӀэу аращ къикӀыр.

***Фылистейхэр*** – Ди лъэхъэнэр къихьэным ипэ XII лӀэщӀыгъуэм ЩӀыкурытыхым и Ӏуфэр, ИсрэӀил хэгъэгум ипщэ-къухьэпӀэ лъэныкъуэр къэзызэуа лъэпкъщ. КъызэралъытэмкӀэ, ахэр иджырей Алыдж щӀыналъэм къиӀэпхъукӀа жылэщ. Фылистейхэм къэрал гъэпсыкӀэ зиӀэ Джазэ, Ашкъэлэн, Ашдэд, Джат, Акурэн къалэхэр яухуауэ щытащ. Пащтыхь Даут зэхикъутэху, исрэӀилхэмрэ фылистейхэмрэ зэбий кӀэуфӀыцӀу къэгъуэгурыкӀуащ.

***Шэтыр ЛъапIэ*** – Мусэ исрэIилхэр Мысырым къришыжа нэужь, Тхьэм и унафэм тету игъэува шэтырщ. Ар Тхьэм и псэупIэу, уафэмрэ щIылъэмрэ я зэблэкIыпIэу къалъытэу щытащ. Тхьэмрэ исрэIилхэмрэ я зэIущIапIэр здэщыIэри мыбдежт. Пащтыхь Сэлмэн Ерусэлим къалэм Тхьэм и Унэр дищIыхьыху, Шэтыр ЛъапIэр исрэIилхэм къадэгъуэгурыкIуащ.

***Щэмэрей*** – ИсрэIилым е Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэм и щыхьэрщ. Къалащхьэм и мызакъуэу, пащтыхьыгъуэм апхуэдэу еджэуи урохьэлIэ.

***И щхьэфэм дагъэ щыхуэн*** – Зейтун дагъэр цIыхум и щхьэфэм текIэныр е щыхуэныр Тхьэм ар Iуэхугъуэ пыухыкIахэм зэрыхуигъэнэхуар къэзыгъэлъагъуэ нэщэнэт. Апхуэдэ хабзэ кIэлъызэрахьэрт Тхьэм къыхиха пащтыхьхэм, бегъымбархэм, тхьэпщхэм, тхьэхуэIухуэщIэм щызэрахьэ Iэмэпсымэхэм.

## Псалъэ гурыIуэгъуейхэм я псалъалъэ

***Ахъуэ*** – кхъужьIэрысэ теплъэ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ жыг хъурей-баринэ, «инжир» жыхуаIэращ.

***АIуудз*** – зи щхьэкIэм гъэгъа зыбжанэ къызыпидзэ удз лIэужьыгъуэ, «лилия» жыхуаIэращ.

***БжыкI*** – бжым икI, абы и убыдыпIэ.

***ГуащIэ*** – къару, зэфIэкIыныгъэ; лъэщагъ, бланагъэ; пхъашэ, ябгэ; щхьэмыгъазэ, къикIуэт зымыщIэ.

***Гудзэ*** – гу шэрхъым и гупхъэтIэкIумрэ гулъэгумрэ зэрызрагъэубыд Iэдийхэр.

***Гулъэгу*** – гу шэрхъым щыщу уэрдыхъур зытракъуэ.

***Гулъэмыж*** – гу шэрхъхэр зыфIалъхьэ Iэдий.

***ГупхъэтIэкIу*** – гу шэрхъым щыщу гудзэ дакъэхэр зыхаукIэ пкъыгъуэ къэгъэжыхьа хъурей.

***Гухьэ-гужь*** – гужьгъэжь, гуращэ бзаджэ.

***Гъэкуэшын*** – гъэIэпхъуэн, нэгъуэщIыпIэ гъэкIуэн.

***Гъэмысэн*** – зыгуэр гъэкъуэншэн.

***ГъэщIэхъун*** – зыгуэрым и лъэIу хуэмыщIэн.

***Гъуэжькуий*** – жьы кӀэрахъуэ ин.

***ЕнтӀыр*** – зи щхьэкӀэхэр пыупщӀа, зи къудамэхэр теухъунщӀыкӀа жыг лъэдий гъум.

***ЗэфӀэбдзэ*** – бдзыгъэ зиӀэ зэрыгъэубыдыпӀэ, зэрыгъэувапӀэ.

***ЗэщӀэкӀуэжын*** – икӀуэтын, къобгъэрыкӀуэм упэщӀэмытыфу щӀыбкӀэ кӀуэтэн.

***И Ӏумэт итын*** – зыгуэрым и жьауэм щӀэтын, зыгуэрым и унафэм едэӀуэн.

***Къуентхъ*** – зауэ, теуэ, зекӀуэ хуэдэхэм деж бийм къыӀэщӀах мылъку, Ӏэщэ-фащэ.

***КъулъшэуапӀэ*** – псэупӀэ, хэщӀапӀэ; зыгъэпщыкӀупӀэ.

***Лэджэн*** – фалъэшхуэ; тас.

***Мажусий*** – тхьэ закъуэныгъэр зымыщӀэ, тхьэ нэпцӀхэр зыгъэлъапӀэ цӀыхухэм, лъэпкъхэм зэрахьэ дин.

***МэӀу*** – бжы, сэшхуэ хуэдэхэм пэщӀадзу зэрызрахъумэ гъущӀ пӀащӀэ хъурей е плӀимэ; пшапэӀудз.

***Мывэ сэрей*** – унэр, пщӀантӀэр, хадэр, къалэр лъагэу къызэрыхухьа блын.

***Мывэдз*** – мывэ зэрадз Ӏэмэпсымэ.

***Мывэхъунэ*** – хадэ, пщӀантӀэ, щӀыхьэпӀэ, къалэ сыт хуэдэхэр къызэрыхухьа мывэ блын.

***Мыстхъалъэ*** – мэ дахэ къызыпих пкъахуэхэр щагъэс фалъэ.

***Мыстхъэ*** – мэ дахэ къызыпих, тхьэхуэӀухуэщӀэхэм щызэрахьэ пкъахуэ лъэпкъыгъуэхэр (дагъэ, мэзыш, бод, н.къ.).

***Нары*** – хьэдзэ цӀыкӀухэр Ӏуву зэкӀэщӀэсу зрищӀэ пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь хъуреишхуэ къызыпыкӀэ жыг лъахъшэ цӀыкӀу е гъурц, «гранат» жыхуаӀэращ.

***Нэрыбгэ*** – Щхьэ бжыгъэр къыщабжкӀэ «цӀыху» мыхьэнэр иӀэу къагъэсэбэп псалъэ.

***ПакӀэ*** – куэд хъу гуэрым и Ӏыхьэ нэхъ мащӀэ.

***ПкъощӀэсэ*** – щӀэгъэкъуэну, щӀэсэну ягъэув пхъэ е бетон гъэжа кӀыхь.

***ПсэзэпылъхьэпӀэ*** – хуабжьу шынагъуэ, узыхэкӀуэдэнкӀэ хъуну Ӏуэху.

***Уэкъуло*** – фэкӀэ хужьу, плъыжьу, пшэплъыфэу, гъуэжьыфэу гъэгъахэр щхьэ хъурейуэ щхьэкӀэм къызыпыкӀэ чыцэ лӀэужьыгъуэ, «ракитник» жыхуаӀэращ.

***Уэхьий*** – бегъымбархэм къахуех Тхьэм и псалъэ е и унафэ

***Умэхъын*** – тхьэхуэӀухуэщӀэ дауэдапщэхэмкӀэ зыгуэрым лъапӀэныгъэ ехын.

***УпщӀэж ехьэлӀэн*** – Ӏуэхум чэнджэщ хэлъхьэн; зыгуэрым чэнджэщ етын.

***УпщӀэжакӀуэ*** – упщӀэжэгъу, чэнджэщэгъу; чэнджэщакӀуэ.

***УпщӀэжэгъу*** – чэнджэщэгъу; упщӀэжакӀуэ, чэнджэщакӀуэ.

***ФтыӀупс бзаджэ*** – цӀыхухъу укӀытапӀэм ефыкӀ узыфэ лӀэужьыгъуэ, «гонорея» жыхуаӀэращ.

***Хэгъэгу*** – хэку, лъахэ, щӀыпӀэ, щӀыналъэ.

***Хей*** – къуаншагъэ зыбгъэдэмылъ цӀыху.

***ХеящӀэ*** – хеяжьэ; къуаншэмрэ мысэмрэ зэхэзыгъэкӀ цӀыху.

***Хьэдэгъуэшэ тегъэпсэн*** – и уахътыр къэсын.

***Хьэкуэстыгу*** – шы зыщӀащӀэ, шэрхъитӀ зыщӀэт гу.

***Хьэкъулэ*** – къэралым лъысу цӀыхухэмрэ ӀуэхущӀапӀэхэмрэ я мылъкум, хэхъуэм къыхагъэкӀ Ӏыхьэ.

***Хъурджанэ*** – кӀапсэ, гъущӀыч хуэдэхэр зрагъэубыд гъущӀ тхьэкӀумэ хъурей.

***Хъыжьэ*** – хахуэ, гушхуэ зыкӀуэцӀылъ;
гуащӀэ, пхъашэ.

***Чэтэн*** – пхъашэу зэӀуща щэкӀ Ӏув лъэпкъыгъуэ

***ЧыцӀыбжьей*** – пхъэщхьэмыщхьэ тӀатӀэ къызыпыкӀэ, занщӀэу дэкӀей жыг лӀэужьыгъуэ, «финиковая пальма» жыхуаӀэращ.

***ШыкӀуртӀымщэху*** – щӀымахуи гъэмахуи щхъуантӀэу езыхьэкӀ жыг лӀэужьыгъуэ, «кипарис» жыхуаӀэращ.

***Щауэгъу*** – ныбжэгъугъэкӀэ къыппыщӀа, узыпыщӀа цӀыху.

***ЩыжакӀуэ*** – зыгуэрым къыщхьэщыж, зыгуэрым къыдэщӀ; щхьэщыжакӀуэ.

***ЩӀишэн*** – и щхьэр егъэужэгъун, бэлыхь тегъэлъын, хьэзабыр егъэшэчын, гугъуехь хэгъэтын.

***Ӏэщхьэтет*** – унафэщӀ, нэхъыщхьэ, тет, Ӏэтащхьэ.

***Iуагъэ*** – зыгуэрым жиIар зэрыпэжымкIэ шэсыпIэ зэриувэ псалъэ, тхьэрыIуэ, тхьэлъанэ.
***Iуж*** – унэ гупэм IуащIыхь щIыхьэпIэ.

## Пащтыхьхэм я тхылъхэм узыщрихьэлIэ цIыхухэр

Нэхъ Iэрыхуэ хъун папщIэ, адыгэ жыIэкIэм къидгъэтIэса цIэхэм тегъэщIапIэу яIа пасэрей журтыбзэ щапхъэхэри къызэкIэлъыдогъэкIуэж:

***Абиджэл***
אֲבִיגַיִל Авигаил
Даут и щхьэгъусэщ, Нэбэл и фызабэщ.
***Абишэлам***
אַבְשָׁלוֹם Авшалом
Даут и къуэщ.
***Абишей***
אֲבִישַׁי Авишай
Даут и шыпхъум и къуэщ.
***Адоней***
אֲדֹנִיָּה Адония
Даут и къуэщ.
***Амнун***
אֲמִינוֹן Аминон
Даут и къуэщ.
***Арбэхьэм***
רְחַבְעָם Рехав'ам
Сэлмэн и къуэщ, Ехьудей хэкум, Ипцэ пащтыхьыгъуэм, и япэ пащтыхьщ.

***Аунир***
אַבְנֵר Авнер
ТӀалутӀ и адэ къуэшым и къуэщ, абы и дзэпщщ.
***Ахъыш***
אָכִישׁ Ахиш
Фылистей пащтыхьщ; Даут щтапӀэ здихьэжар абы дежщ.
***Бэрхъэдадэ***
בֶּן-הֲדַד Бен-Хадад
Арэмей хэкум и пащтыхьщ.
***Бэтщабэ***
בַּת־שֶׁבַע Бат-Шеба
Даут и щхьэгъусэщ, Iурей и фызабэщ.
***Даут***
דָּוִד Давид
ИсрэӀил хэгъэгум и пащтыхьщ.
***Иляс***
אֵלִיָּה / אֵלִיָּהוּ Элияху / Элия
Бегъымбарщ.
***Ишбошэт***
אִישְׁבֹּשֶׁת Ишбошет
ТӀалутӀ и къуэщ; пӀалъэ кӀэщӀкӀэ ИсрэӀил хэгъэгум и зы Ӏыхьэм и пащтыхьу щытащ.
***Йонэтан***
יוֹנָתָן Йонатан
ТӀалутӀ и къуэщ, Даут и ныбжьэгъу гъунэгъущ.
***Йорэбэхьэм***
יָרָבְעָם Яров'ам
ИсрэӀил хэгъэгум, Ищхъэрэ пащтыхьыгъуэм, и япэ пащтыхьщ.
***Йоуаб***
יוֹאָב Йоав
Даут и шыпхъум и къуэщ, дзэпщщ.

***Йохъучын***

יְהוֹיָכִין / יְכָנְיָה Йехояхин / Иехония

Бабылей хэгъэгум гъэру яхуа Ехьудей хэкум и пащтыхьщ.

***Йощий***

יֹאשִׁיָּהוּ Иошияху

Ехьудей хэкум и пащтыхьщ.

***Мэфбошэт***

מְפִיבֹשֶׁת Мефивошет

Йонэтан и къуэщ, ныкъуэдыкъуагъэ бгъэдэлъащ.

***Минащ***

מְנַשֶּׁה Менашше

Ехьудей хэкум и пащтыхьщ.

***НэбутI***

נָבוֹת Навот

ЖызумщIапIэр зи IэмыщIа илъа цIыхущ, пащтыхь Iэхьэб IэщIэкIуэдащ.

***Нэтан***

נָתָן Натан

Даут чэнджэщэгъуу иIа бегъымбарщ.

***Садыкъ***

צָדוֹק Цадок

Тхьэпщщ, Даут и лъэныкъуэгъуущ.

***Садыкъей***

צִדְקִיָּה / צִדְקִיָּהוּ Цидкияху / Цидкия

Ехьудей хэкум и иужьрей пащтыхьщ.

***Сэлмэн***

שְׁלֹמֹה Шломо

Даутрэ Бэтщабэрэ я къуэщ.

***Тэмарэ***

תָּמָר Тамар

Даут ипхъущ.

***ТIалутI***

שָׁאוּל Шаул

ИсрэIил хэгъэгум и япэ пащтыхьщ.

***Хъанэ***

חַנָּה Ханна

Щамел и анэщ.

***ХъызэкIей***

חִזְקִיָּהוּ Хизкияху

Ехьудей хэкум и паштыхьщ.

***Хъурам***

חִירָם Хирам

Сур къалэм и паштыхьщ, Даутрэ Сэлмэнрэ я дарэгъущ.
(А цIэ дыдэр зезыхьэ, Сур щыщ гъуаплъащIэ Паштыхьхэм я тхылъхэм ущрохьэлIэ).

***Хъушей***

חוּשַׁי Хушай

Даут и ныбжьэгъущ икIи и упщIэжэгъущ.

***Щамел***

שְׁמוּאֵל Шмуэл

Бегъымбарщ, ИсрэIил хэгъэгум и иужьрей гъуазэщ.

***Щэмей***

שִׁמְעִי Шим'и

ТIалутI и Iыхьлыщ.

***Iэлисэхь***

אֱלִישָׁע Элиша'

Бегъымбарщ, Иляс и гъукIэгъэсэнщ.

***Iэхьэб***

אַחְאָב Ахав

ИсрэIил хэгъэгум, Ищхъэрэ паштыхьыгъуэм, и паштыхьщ.

***Iизэбэл***

אִיזֶבֶל Изевел

Iэхьэб и щхьэгъусэщ.

***Iилэ***

עֵלִי Эли

Шылэу къалэм щыщ тхьэпщщ.

***Iурей***

אוּרִיָּה Урия

Бэтщабэ и щхьэгъусэщ, Даут и дзэм къулыкъу щищIащ.

# Тхьэм и Унэ


Къухьэпӏэ
Ищхъэрэ
Ипщэ
Къуэкӏыпӏэ
Тхьэм и Унэ
(60×20×30)
Пхъуантэ
Лъапӏэ
Щӏыпӏэ Лъапӏэ
(40×20×30)
Лъапӏэщ
(20×20×20)
Къурмэнщӏыпӏэ
Дамабгъуэхэр
Уэздыгъэхэр
Гъуаплъэ
тегъэувапӏэхэр
Дыщэ
тыхьыщӏыпӏэ
Дыщэ
ӏэнэ
Псылэгъупышхуэ


пыщӏыхьхэр
Щӏыпӏэ
Лъапӏэ
ӏуж
Лъапӏэщ





Тхьэм и Унэ

Гъуаплъэ псылэгъупышхуэ



Пхъуантэ ЛъапIэ

# Исрэlилымрэ Ехьудеймрэ я пащтыхьхэр

(Илъэсхэр псори хуэгъэфэщащ)

## ИСРЭIИЛ – ЗЫУЭ ЩЫТ ПАЩТЫХЬЫГЪУЭР

| | |
|---|---|
| **Тlаутl** | 1050–1010 |
| **Даут** | 1010–970 |
| **Сэлмэн** | 970–930 |

### ЕХЬУДЕЙ ПАЩТЫХЬЫГЪУЭР

| | |
|---|---|
| **Арбэхьэм** | 931–913 |
| **Абием** | 913–911 |
| **Асэ** | 911–870 |
| **Йощэфат** | 870–848 |
| **Йорам** | 848–841 |
| **Ахъзия** | 841 |
| **Атэлыхь** (пащтыхь гуащэ) | 841–835 |
| **ЙоIэш** | 835–796 |
| **Амэзей** | 796–767 |
| **Iузий** | 767–740 |
| **Йотэм** | 740–732 |
| **Iэхьэз** | 732–716 |
| **ХьызэкIей** | 716–687 |
| **Минащ** | 687–643 |
| **Амун** | 643–640 |
| **Йощий** | 640–609 |
| **Йохъуэжь** | 609 |
| **Йочым** | 609–597 |
| **Йохъучын** | 597 |
| **Садыкъей** | 597–587 |

### ИСРЭIИЛ ПАЩТЫХЬЫГЪУЭР

| | |
|---|---|
| 931–910 | **Йорэбэхьэм** |
| 910–909 | **Нэдэб** |
| 909–886 | **БэIэш** |
| 886–885 | **Елэхь** |
| 885 | **Зымыр** |
| 885–874 | **Iумыр** |
| 874–853 | **Iэхьэб** |
| 853–852 | **Ахъзия** |
| 852–841 | **Йохъурэм** |
| 841–814 | **Йыхъу** |
| 814–798 | **Йохъуэжь** |
| 798–782 | **ЙохъуIэш** |
| 782–753 | **Йорэбэхьэм II** |
| 753–752 | **Зэчрей** |
| 752 | **Щалум** |
| 752–742 | **Минхьэм** |
| 742–740 | **ПакIэхъей** |
| 740–732 | **ПэкIыхь** |
| 732–722 | **Уэщий** |

ДИ ЛЪЭХЪЭНЭР КЪИХЬЭНЫМ ИПЭ



Исрэlил
лlакъуэхэм
я щlыгухэр
Саидэ
Щам
Сур
ДАН
АЩИР
НЭХУТАЛИЙ
Хьэзур
Щlыкурытых
Джалилеих
ЗАБЛУН
ИЩЭХЪАР
МИНАЩ
Іурдын
МИНАЩ
Шэчэм
Шылэу
ДЖАД
ЕФРЭIИМ
ДАН
БЕНАМИН
Ерусалим
РЭБИЛ
Хы Шыугъэ
ЕХЬУД
Хъэуран
Бэрщабэ
ШАМХЬУН
МЭУАБЕЙ
ЕДУМЕЙ
0
20
40
60
80
100
км
©UBS, 1999


ТӀалутӀ, Даут, Сэлмэн
я пащтыхьыгъуэхэр
Фэрат
ТӀифсахь
ХьэматӀ
Щыкурытых
ФЫНЫКІЕЙ
Саидэ
Щам
Сур
Дан
Хьэзур
АрмэтӀ
Ашдэд
Ерусалим
Арбэхь
ФЫЛИСТЕЙ
Бэтлахьым
Джазэ
Хъэуран
Бэрщабэ
Хы Шыугъэ
МЭУАБЕЙ
ЕДУМЕЙ
Езунджэбэр
ТӀалутӀ и пащтыхьыгъуэр
Даут и пащтыхьыгъуэр
Сэлмэн и пащтыхьыгъуэр
0
50
100
150
200
250
км
Хы Плъыжь


Исрэlилымрэ
Ехьудеймрэ
я пащтыхьыгъуэхэр
Исрэlилым и щlыналъэр
Ехьудейм и щlыналъэр
Саидэ
ФЫНЫКIЕЙ
Щам
АРЭМЕЙ
Дан
Сур
Хьэзур
Джалилеих
Щыкурытых
Мэджыдэ
Бэтшан
ИСРЭIИЛ
Армэтl
Щэмэрей
Шэчэм
Iурдын
АМОНЕЙ
Шылэу
Ашдэд
Бэтlэлф
Йэрыхъуэ
Арбэхь
Ерусалим
Ашкъэлэн
Бэтлахьым
Джат
Джазэ
Хъэуран
Хы Шыугъэ
ЕХЬУДЕЙ
Бэрщабэ
ФЫЛИСТЕЙ
МЭУАБЕЙ
ЕДУМЕЙ
0
20
40
60
80
100
км


Хы ФIыцIэ
ЛУД
Хы Къарс
МЫД
Дадж҆лат
Къырхъымыщ
Нинуй
Фэрат
Арыблэ
Ахъмэт
Щыкурытых
Щам
КЪЭЖЭР
Щэмэрей
Ерусалим
Бабылей
БАБЫЛЕЙ
Шушан
Моф
ХЬЭРЫП
Къэжэр хыжьэ
МЫСЫР
Аныл
Хы Плъыжь
Бабылей пащтыхьыгъуэ

## Псалъэщхьэхэр

Хэзыгъэгъуазэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5

Пащтыхьхэм я япэ
тхылъыр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9

Пащтыхьхэм я етIуанэ
тхылъыр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 87

Пащтыхьхэм я ещанэ
тхылъыр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 155

Пащтыхьхэм я еплIанэ
тхылъыр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 236

Гуэдзэнхэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 317

# **Пащтыхьхэм я тхылъхэр**

Книги 1-4 Царств на кабардино-черкесском языке

The books of 1-2 Samuel & 1-2 Kings
in Circassian (Kabardian) (ISO: kbd)

Институт перевода Библии
101000 г. Москва, Главпочтамт, а/я 360
www.ibt.org.ru; ibt_inform@ibt.org.ru

Подписано в печать 01.07.2025. Формат 60×84 1/16.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 19,53.
Тираж 500 экз. Заказ №

Отпечатано в АО «Первая Образцовая типография»
Филиал «Чеховский Печатный Двор»
142300, Московская обл., г. Чехов, ул. Полиграфистов, д.1
Сайт: www.chpd.ru,
E-mail: sales@chpd.ru, тел. 8(499)270-73-59